This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at
vayvault.com

vaynakh
the vault

# АХЬМАДАН МУСА

# 3




АХЬМАДАН
3
МУСА

# АХЬМАДАН МУСА

Гулдина йозанаш

5 жайнехь

3-гIа жайна

Драматурги

Соьлжа-гIала
«ДОШ»
2008

**«Нохчийн литература» серин редколлеги:**
Абдулаев Л.Ш., Ахмадов М. М. (председатель), Бексултанов М. Э., Джамбеков О. А., Минкаилов Э. С., Шамсудинов Б. Ш., Юнусов Хь. И. (жоьпаллин секретарь), Яндаров А.Д.

# ШИНА ДЕКЪЕХЬ ПЬЕСАШ АЛДАРА УШУРМА

**Алдара Ушурма**[1]

Шина декъехь драма

Д а к ъ а л о ц у р ш :

У ш у р м а
А н у - ц у ь н а н н а н а
Ч е ч а У ш у р м и н з у д а
I у м а р-Х ь а ь ж а
I е л а м с о л т а
Н о г I а м и р з а
Д е н и
Б а т а ш
К ъ а р и б а т
М е с а ш
Ш а й л а г I а з
Б а р з а
К и р и ш к а
Б и р к ъ и ш
В о к к х а с т а г
Й о к к х а с т а г
Ж и м а с т а г
1 - р а т I е м а л о
2 - г I а т I е м а л о
1 - р а ж и м а к I а н т
2 - г I а ж и м а к I а н т
Ж и м а й о I
Т и л л а - т о б а н а н д е к ъ а ш х о й.
Н а х.
Хилам дIабоьдуНохчийчохь XVIII-чубIешеран 2-чу эхехь

## ХЬАЛХАРА ДАКЪА

### I сурт

Ушурма волчохь. Ушурма а, Дени а.

Д е н и. ...ТIаьххьарчу хенахь, Ушурма, суна-м вайн аренан дола дина гIебартойн, гIумкийн элий дагабаьхкина. Уьш кхузахь болуш мелла а цхьана гурахь дара адам.

У ш у р м а. Цкъа цхьана хенахь вайн дайша тхуна юкъара бакъ-харц къастош, тхуний, оьрсийн паччахьний юккъехь юкъарачалла леладе аьлла кхайкхина балийнера и элий. Амма хан хене мел ели хьал-бахам стамбелла, сонталла, куралла сов а яьлла, халкъана коьшкала ховша гIоьртира уьш. И бахьанехь вайнаха гIевттина хIаллакбира.

Д е н и. Дела ву-кха теш, нахана а, суна а моьттура, уьш дIа ма бевлли, вайн дахар толур ду. ХIетахь дуьйна иттех шо а даьлла, амма толуш хIумма а дац. Мелхо а галдаьлла, зуламаш алсамдевлла: нах идор, уьш бохкар, къоланаш, беллачеран декъий дохкар, осалалла. Ца хаьа, Ушурма, суна-м, хIун дича бакъахьа ду а. Буйна доллал бен доцу нохчийн къам хIаллакдеш лаьтта-кх гIеранаша.

У ш у р м а. Цхьана хенахь, и элий кхайкхале, вовшашца лерам болуш, тайпано шен стагана тIехь дола а деш, дика гIуллакх динчух «къонах» а олуш, осалваьлларг махках а воккхуш Iийна нах, халкъа юкъара гIуллакхаш Мехкан кхиэло къеста а деш. ХIинца иза а дац, я бусалба дино вайна тIедуьллу низам а дац вайца. Вай юкъаметтехь дисна... Суна цхьа некъ го, Дени, Делан дошКъуръан Iамор, вайна кIелхьарадовла некъ цу чохь лахар.

Д е н и. Iилма долуш нах кIезиг бу-кх вайна юккъехь.

У ш у р м а. Цунах ду вай карзахаллин боданехь тиладелла лелар... Iилма массара а ца Iамадахь а, дукххаболчара Iамо деза. ХIора а шашена тIера дIаволавала веза.

Iеламсолта я НогIамирза волчу гIой, хьайна Iилма хьехийта ахьа а, Дени...

Д е н и. Ушурма, ахь хьехахьа суна... Сан даго тIелоцуш хьо вар-кха кху юьртахь...

У ш у р м а. Со суо а Iемаш ма ву, Дени. Ас хьахийначара къа алсам ма хьегна дин Iамош, царах пайда алсам хир бу хьуна...

Д е н и. Дика ду, Ушурма, къинтIера вала хьайн хан яйарна. Хьоьца къамел дича, мелла а синхьаам хуьлу суна... Цундела схьагIерта со. Iодика йойла.

У ш у р м а. Iодика Дала йойла.

Дени дIавоьду. Ушурма ша ву. ДогIий, б е р а ш хIуьтту

Ушурмина хьалха. Уьш кхоъ ду: ши кIант, цхьа йоI. Массо а тиша, беркъа духар дуьйхина. Воккхачун – 10 шо, вукхеран – 9, 7 шераш.

1 - р а ж и м а к I а н т. Ваши, ваши... ЛадогIахьа тхоьга.

У ш у р м а. Шу хьенан ду? Шу мичара ду?

1 - р а ж и м а к I а н т. Оха хIинцца дуьйцур ду хьуна.

Кхаа еро илли олу.

Кийрара тхайн бала оха дIабалхийча,
ГIа-буц а ца йолуш дуьсур ду хIар дуьне.

Кийрара тхайн гIайгIа оха дIаялхийча,
Тхан къина доьлхур ду и лекха лаьмнаш.
Тхо дехаш ма дара сирлачу хIусмашкахь,
Тхан нана ма яра, тхан дада ма вара...
Тхан эса ма дара, тхан етт а ма бара, Тхан цициг ма дара, тхан говр а ма яра...
И дерриг цхьана дийнахь, тIепаза дIадайра...
ГIерано лачкъийра, тхан дада вожийна...
И велча тхан нана дукха ца ехира...
Тхан дуьне доьхна ду, хIай дика адамаш,
СагIийна хIума луо, хIай дика адамаш...
Аш сагIа ца лахь, бохамаш сов бевр бу,
Аш сагIа ца лахь, юрт хи чу гIура ю,
Къематде деача, Iазапехь шу хир ду,
СагIийна хIума ло, хIай дика адамаш...
Илли олий, совцу.
У ш у р м а. Ой, лур ю дера сагIийна хIума а. Схьадуьйла, охьаховша. СадаIа шайна, хIума а яа... Цкъа хьалха куьйгаш а дила...
Хи дохьу царна.
Ж и м а й о I. Ваши, ваши, ахьа-м тхуна дов а ца до, ахьа-м тхо лахка а ца лохку...
У ш у р м а. Ахь хIун дуьйцу? Шу муха лохку?..
2 - г I а ж и м а к I а н т. Ваши, ваши, цхьана зудчо тхуна тIаьхьа жIаьлеш хийцира хьуна.
У ш у р м а (воккхачуьнга). Бакъ дуй иза?
1 - р а ж и м а к I а н т. Бакъ ду, бакъ ду, со дуьхьал вирзира жIаьлешна... Ас уьш сайн карара гIаж а етташ, совцийра, ткъа хIара шиъ комара тIе делира...
У ш у р м а (воьлу). И ма дика дагадеана шуьшинна.
Ж и м а й о I. Суна дагадеара иза, суна!
2 - г I а ж и м а к I а н т. Суна дагадеара, суна!
1 - р а ж и м а к I а н т. ДIасацийша ший а... Ас элира шуьшинга дитта тIе дала.
У ш у р м а. Шу дика бераш хилла... И илли хьан
Iамийна шуна?..
Ж и м а й о I. Иза Вавас Iамийна.

У ш у р м а. Вава мила ву?
1 - р а ж и м а к I а н т. Сох олу цу шимма иза... Тхан лулахь ехаш Баба яра... ХIинца елла иза, цо Iамийра... Тхо сагIа деха арадовлуш... Ваши, со гуттар хир вац хьуна сагIа доьхуш... Со воккха хилча, цкъа хьалха тхайн да вийнарш лохур бу ас... ТIаккха Теркал дехьа бежнаш дало гIур ву со... ТIаккха бацойн махка уьстагIий дало... Уьш дерриш а тхо санна долчу берашна дIадоькъур ду ас...
2 - г I а ж и м а к I а н т. Ваши, ваши, со воккха хилча, ас тхайна даккхий-даккхий цIенош дийр ду... Етт а балор бу... Шура хилийта.
Ж и м а й о I. Ваши, ваши, со йоккха хилча... сан жима а волуш кIант хир ву... Иза ас агана чу а виллина, нанас санна йиш локхур ю:
ДIадижалахь, нанин кIорни,
ДIадижалахь, нанин кIорни...
У ш у р м а. Дукха даха шу! Ма дика бераш а ду!
Коьртах куьг хьокху.
2 - г I а ж и м а к I а н т. Ваши, ваши, хьан куьг ма кIеда а ду...
Ж и м а й о I. Ваши, тхуна наний, дадий цкъа а гур а дац?
У ш у р м а. Гур ду, шу дика лелахь, аш дика гIуллакхаш дахь, ламаз дахь, КъорIан дешахь...
Ж и м а й о I. Маца гур ду? Маца?..
У ш у р м а. Дуккха а хан яьлча, шух дика адамаш хилахь, ялсаманехь...
2 - г I а ж и м а к I а н т. И хIун ю?
У ш у р м а. Иза Дала, ша боххург деш ваьхча, луш цхьа хаза, дика меттиг ю...
1 - р а ж и м а к I а н т. Цигахь цкъа а шийла а ца хуьлу?
У ш у р м а. Ца хуьлу.
2 - г I а ж и м а к I а н т. Цигахь шортта яа хIума а хуьлу?
У ш у р м а. Хуьлу, хьуна еззарг, шурин татолаш хуьлу, стоьмаш...
Ж и м а й о I. Цигахь тайнигаш а хуьлу?
У ш у р м а. Массо хIума а хуьлу.
Ж и м а й о I. Суна цига дIаяха лаьа.
У ш у р м а. Амма цига кхача къахьега деза.
1 - р а ж и м а к I а н т. Къахьоьгур ду-кх, хIун дан деза оха?
У ш у р м а. Цкъа хьалха аш дуьтур ду дуьйладелла лелар.
2 - г I а ж и м а к I а н т. Тхо мичахь Iийр ду? Тхан цIа даьгна.

У ш у р м а. Шаьш санначу берашца, хьуьжарехь...
1 - р а ж и м а к I а н т. Оха хIун юур ю?
У ш у р м а. И сан гIуллакх ду, цунна са ма гатде.
Ж и м а й о I. Ткъа оха хIун дийр ду?
У ш у р м а. Шуна деша Iамор ду. Къуръан деша...
1 - р а ж и м а к I а н т. Тхоьга Iамалур дуй иза?
У ш у р м а. Iамалур ду, къахьегчахьана. ХIинца паргIат хила. Чечас эр ду шуьга хIун дан деза.
Эццахь мохь хеза: «Орца дала! Ва-а, орца дала!» Ушурма дIахьодумохь беттачу.

**II сурт**

Малхбузу хан. Хеза орца дохучу зудчун мохь. Ушурма дIакхочу мохь беттачу.
У ш у р м а. ХIей, мила вара кхузахь орца дохуш?
Вистхила! ХIей!
Узар хеза цIийна тIехьара. Ушурма цига хьоду. Йоьжна
Iуьллуш йоккха стаг карайо.
Къарибат... хьуна хьан дина хIара?..
К ъ а р и б а т (халла). Ушурма... Хьо цхьаъ вели-кх... хIокху йоккхачу юьртахь суна орцах... Сан йоI... Сан Месаш, ма йигийтахьа иза...
У ш у р м а. Хьан йиги иза...
К ъ а р и б а т. Киришка... Тилла-тоба...
У ш у р м а. Мича агIор баха уьш?
Къарибата пIелг хьажабо. Ушурма цу агIор дIахьоду.
ХIей, Киришка! ХIей, Биркъиш! Схьа гучудовла! Шаьш къонахий делахь! Схьа гучудовла! КIиллой! Ас наьIалт боху шуна! Со кхаьрда шух! Цхьалхачу йоккхачу стагана ницкъ бан бен, кхин хьуьнар дац шун?!. Со цхьаъ ву шуна, схьа гучудовла! ХIей, жIаьлеш!
К и р и ш к а (цхьанхьара гучу а волуш). Схьадаьхки-кх тхо, Ушурма!..
У ш у р м а. ДIахеца оцу йоккхачу стеган йоI!
К и р и ш к а. Хоьцур яц, цуьнан къона, таьллинг санна, сетта дегI Истамал-гIалахь хир ду масех де даьлча.
У ш у р м а. Ас ло шуна аш боху даьхни.
К и р и ш к а. Хьан дац тхуна оьшург. Ахь елча, мезех юьзна ши-кхо шинар лур ю... Хонкар-паччахьан цIен деши ду.
У ш у р м а. Ас деши а вовшахтухур ду хьуна!

К и р и ш к а. ХIан-хIа! Тхан бекхаман кхиэл цкъа а хийца йишяц.
У ш у р м а. Хьанна-хIун бекхам беш ду шу?
К и р и ш к а. Кхуьнан нанна. Шена ган ца оьшург гина цунна, хаза ца оьшург – хезна. Цо лар хьехна, даьхнин дай тIаьхьакхиъна тхуна...
У ш у р м а. Лергаш долчунна – хеза, бIаьргаш долчунна - го. Вуьшта, адамана кхиэл ян охIла Дела бен вац.
К и р и ш к а. Ву со-м. Со – уггар лакхара кхиэлахо!
У ш у р м а. Хаддаза йолчу цIергахь вага хьаьхна-кх хьуна.
К и р и ш к а. Хьо-м вац со ваго дагахь...
У ш у р м а. ХIан-хIа, и Делан кхиэл хир ю, хьо велча.
К и р и ш к а (воьлуш). Хьа-хьа-хьа... Велча. Велча хIун хуьлу суначул дика цхьанна а ца хаьа... Дакъа цкъа хьалха дахкало... ТIаккха лаьттах дIаоь, цхьа даьIахкаш юьсу Iахка, Iаьржачу лаьттахь кIайчу кIомсарех къега...
У ш у р м а. Ас юьйцург чарх яц, ас дуьйцург Са ду. Са цкъа а ца ле.
К и р и ш к а. И хIун ю? Хийла стаг шен ден мершка дIавахийтина ас. Амма цкъа а и Са боху хIума гина вац со.
У ш у р м а. Хьуна гур дац иза, хьо аьрта кхетам болуш стаг ву.
К и р и ш к а. Тхайна ца гуш долчуьнца тхан бала а бац. Малх тхуна гуш бу. Оха хастам бо Малхана... Бутт тхуна гуш бу, оха хастам бо Баттана. Бода а тхуна гуш бу, оха къаьсттина хастам бо цунна. Мох тхуна хаало, оха хастам бо цунна а... Цундела уьш массо а тхоьгахьа ву.
Бодано дуьне Iарждо, тхуна даьхни, адамаш лечкъо аьтто беш. ТIаккха тхайн хIонц эцна тхо лаьмнашкахьа таьIча, и кхераме некъ тхуна серлабоккхуш гучуболу Бутт. КIад а делла, тхо садаIа хевшича, лахенцара хьалахьоькхучу мохо хазадо тхуна тIаьхьадогIучу орцанан говрийн бергаш лаьттах еттаялар. Цул тIаьхьа тхо кхин а лакхадовлу. Iаннашкахула, адамаш ца лелачу къаххашкахула дIабоьду тхан некъ. Сатоссуш тIада а дина, шел а делла, кIад а делла, тIулгийн тархаш тIе тхо дIаэгча, тхо дохдеш, тхо хьостуш схьакхета хастам хиларг – Малх...
У ш у р м а. Шен ненах доьзалхо къастор доккха къа ду-кх АллахI цIе йолчу, Веза хилла волчу Далла хьалха. И тайпа зулам дечарна ша гечдийр дац аьлла-кх СийлахьВеза Волчо.

К и р и ш к а (воьлуш). Вахь-хьа-хьа. Боккъал а гечдийр дац! Сайна цкъа а гина воцчу, хаалуш а воцчу хьан
Дала бохург дан деза-кх ас? Ма цахиндерг дара иза.
У ш у р м а. Делах даьлла адам-йилбаз! Баттара даккха герз! Котам-кIорнина урс хьаькхна а, хIуманан са даьккхина вацар-кха со тахханалц, амма хьо боьхачу жIаьлина ас макъара тIекхаччалц, хаза а хеташ, йохуьйтур ю болатан шаьлта.
Шаьлта баттара йоккху.
К и р и ш к а. ХIай-хIай! ХIинца товш ву хьо суна. Хьан и леткъамаш къонахчуьнгахь товш ма бац... «Дала аьллий, Дала бохий...». Оцу Iаьрбийн гомачу йозанаша шайна Iамийнарш а дуьйцуш, хIара берриге нах миска бохуш лаьтта аш. ХIумма а дац, тхуна бацо а, хIаллакбан а атта хир бу. Тоьлларш, дегнашцa чIогIанаш бен бехар бац нохчийн махкахь. Лата лууш ву хьо?!. ЦIогарчий деха къорза шайтIанаш, гучудовла!
(МаьI-маьIера гучубуьйлуш, Ушурмина го бо тилла-тобанан декъашхоша).
Цецваьллий хьо? Гой хьуна, мел бу тхан вирда-вежарий? Ткъа хьан Деле боьлхучу мисканех, йоккхачу стага оццул мохь хьекххарх, оцу йоккхачу юьртара цунна орцахвала стаг ца хилира, цхьа хьо воцург. Уьш стенна Iийра хаьий хьуна? Миска ойла ю церан коьртехь ехаш: «Сох ца хьакхалуш тIехдер дацара теша... Со Iадда вуьтур вацара-теша». Вуьтур вац! Цхьа а вуьтур вац. Тхан Iалашо – массарна а къола дар, массарна а талор дар, массо а тхайн вирде ваккхар.
У ш у р м а. Аш хIун леладо? ХIара сирла, хIара хаза дуьне хийцина аш зуламийн, осаллин уьшалх? Шайн синош гуттаренна а къизачу Iазапе доьхки-кх аш. Ма юьхьIаьржо ю иза! Ма юьхьIаьржо ю! Шу бахьанехь Дала хIара дерриге а къам хIаллакдаран кхерам бу-кх. Тийналла хIутту цхьана ханна.
Б и р к ъ и ш
(Киришкин лере а таьIаш). И хабарш дIаьвше ду вайн тобанна.
(ЧIогIа)
Киришка, и хIун ю цо юьйцурш?!. Хьа-хьа-хьа.
Ти лла -тоба тIаьхьара елало.
Б и р к ъ и ш. Ушурма, ахь тхан дегнийн наьIарш ма етта – уьш цкъа а еллалур яц. Уьшалахь дехаш а ма ду дийнаташ: пхьидаш, текхаргаш,

кхиерш. Царна массо а хIуманал хьоме а, гергара а ю шайн уьшал, царна хьан екъа меттиг, я бацо дукъдина ирзо а, я хIурдан гIайре а ца оьшу. Царна шайн уьшал еза. Иштта тхуна а еза уьшал.

К и р и ш к а. МуцIар!

М у ц I а р. ХIо-вай, хIай!

К и р и ш к а. Ушурма ву лата лууш, схьа юкъавала!

У ш у р м а. Ас хьоьга кхайкхина лата, хIокху стагаца сан хIумма а дац.

К и р и ш к а. Дац? ДIаала цуьнга, МуцIар!

М у ц I а р. Со тхьамдин куьйгаш ду. Цунна аьлларг суна аьлла, цунна тоьхнарг суна тоьхна.

К и р и ш к а. Иштта декъна ду тхан гIуллакхаш, Ушурма. Асий, хIокху Баргалой

(Биркъишан белша тIе куьг туху) ойланаш йо, вукхара болх бо, шайга де аьлларг а деш.

У ш у р м а. Къонахчо ойла а, гIуллакх а ша дан деза.

К и р и ш к а. Юкъаяла, МуцIар! ХIаллакве мисканиг...

Ушурма, тхан эшнарг вуьтушвац хьуна, тхан эшнарг вуьйш ву...

МуцIар!

Ушурма тIамна кечам бина а валале чухьаьддачу

МуцIара аьрру белшах яй чов йо цунна. ЦIий гучудолу.

Маьхьарий довлу тилла-тобане.

А ь з н а ш: «Iа! ТIетоха!» «Iа! Кхин цхьаъ а ялийта!»

«Iа-а! Лом! Лом ду МуцIар!»

Ушурмас шаьлта баттара йоккху. Латар гIеххьа дахло, эххар а аьтто болий, шаьлта тухий, МуцIаран герз карахь йолу куьг доккху. Дуьне Iадо санна мохь болу МуцIаре.

Лаьттахула керча иза.

М у ц I а р. Iа-а-а! Ва-а! Ва-а, Дела!

К и р и ш к а. И хьаьнга кхойкхуш ву! Хьо эхь! Вей дIаваккха и, Ушурма.

У ш у р м а. Дела дагавеана хьуна, жIаьла! ХIан-хIа, ас вуьйр вац хьо! Сан бакъо яц хьан са даккха. Дала хьо кхоьллина хилча, хьайн цхьа маьIна долуш, хьайн цхьа некъ болуш ву хьо а. Делан бен бакъо яц и некъ хадо.

К и р и ш к а. Схьалаца иза!

Маьхьарий девлла, тIехьаьвддачу т и л л а – тобанхош а, схьалоций, ирх ойуУшурма.
Цо чIогIа йийцинчу уьшал чу ветта иза. ХIай-хIай!
Иштта! Иштта!
Ушурма уьшала чу ветта тилла-тобанхош а.
ХIинца оцу дIогарчу диттах дIавехка! Хьежа а беш, хатташ бетта цунна! Юьхь тIе кхеттачунна совгIат - кхеххкийна уьстагIан когаш.
Ушурма дIа а воьхкий, цунна хатташ бетта.
Б и р к ъ и ш. ХIай-хIай! Иштта! Ма кхоабе хатт. Дукха цIена чекхвала гIерташ вара иза, шех цхьа цуьрг а хатт а ца хьакхаболуьйтуш. Вай дохий цуьнан и нигат! Хьахьа-хьа! Ма хаза а ду!
К и р и ш к а. Тоьар ду! ХIинца верриге а хоттах хьалавуьзна иза. ХIинца когашхьалха диттах хьалаолла иза, вайна нийсалгIа герз кхийса гIакх хир ду иза.
Тилла-тобанхой тIехьовду. Барза эккха царна дуьхьал.
Б а р з а. Собар! Собар!
(Вуьйш совцу).
Собарде цкъа, со вистхилла валлалц! Киришка! ХIара Ушурма вер пайдехьа дац вайна.
К и р и ш к а. Стенна боху ахь, ва Берзан цIога?
Б а р з а. ХIокху йоккхачу юьртахь орца даьккхича орцахвала доьналла долуш стаг хIара цхьаъ бен вац. ХIара вай вехь, цхьа а дуьхьало йоцуш, дукха атта хир бу-кх вайн толамаш. Ткъа цо артдийр ду вайн бIаьрса, лераса, артйийр ю вайн мIара, гIелбийр бу ницкъ.
К и р и ш к а. ТIедола суна, Берзан цIога!
Барза тIевоьду. Киришка вехха хьоьжуБарзин бIаьргаш чу.
Тилла-тобанан дуй биъний ахь?
Б а р з а. Биъна.
К и р и ш к а. Биънехь а, цIийх-тIамарх дIа ца боьлла хьуна иза. Вита ша волччохь! Я виэ ма виэ, я схьа а ма васта. Акхарошна кхача хир цунах, я хьуьнха веанчо схьавостур. ДIалакха вайн йир.
Тилла-тобано йир локху.
Тилла-тоба, тоба-тилла,
Дуьхьалваьлларг, тохий, вилла!
Ницкъ ца тоахь, дийр духIилла,
Тхайца воцург вуьтуш Iилла.

Іуьйт! Іуьйт!
Б и р к ъ и ш. ЦІоькъа-лоьмаш! ХІун ю вайн цІе?
А ь з н а ш. Тилла-тоба! Тилла-тоба!
К и р и ш к а. ХІун ду вайн бакъдерг?
А ь з н а ш. Вайн бакъдерг харцдерг ду!
К и р и ш к а. Вайн Іаьржаниг хІун ю?
А ь з н а ш. Пенах тухучу киранал Іаьржа хІума дац!
Б и р к ъ и ш. Вайн кІайниг хІун ю?
А ь з н а ш. Дечиг даьгча тІаьхьабуьсучу кІоранал кІайн хІума дац кху дуьненахь!
К и р и ш к а. ХІинца вай вешан дуй буур бу. Оха массо дезачу хІуманах дуй буу – и схьакхеттарг малх боцуш, можачу ахьаран сискал ма ю, Соьлжа хи чохь хьозанна кхосса тІулг ма бац, Органан чІожахь старана тоха сара а ма бац!
Аьзнаша тІаьхьара а олуш, и дуй буу.
М е с а ш. ...Сан ваша а, шича а вац... Цхьа нана ю сан... Аш со дІаяхийтахь, аш боху мах аса а, сан нанас а вовшахтухур бара... ДІаяхийтийша со (йоьлхуш). Къа ца хета шуна со бен кхин хІума доцучу ненах? Къинхетам бейша...
К и р и ш к а. Къинхетам? И хІун ю? Вахь-хьа-хьа.
Ерриге а тилла - тоба йоьлу: «Къинхетам тов!» - бохуш, маьхьарий детташ.
Б и р к ъ и ш. ХІун бу вайн къинхетам?
А ь з н а ш. Вайн къинхетам - и къизалла ю! Къизалла!
К и р и ш к а. Хьо иштта дІаяхийта йиш яц. Хьох тилла-тобанан хІусамнана хила еза.
М е с а ш. ХІу-ун?.. Цхьаъ тІе ма гІорталаш суна...
Стаг вер ву шуна сан чІир эца... ГІа-бацо эцна а, сан чІир оьцур ю шуна...
К и р и ш к а. Мила ву хІара зудчун дарже яккха?
М а ь х ь а р и й. Со ву! Со ву! Со ву!
К и р и ш к а. МуцІар! Лергаш! Йиэ кхунах тиллатобанан хІусамнана!
Б а р з а. Собарде! Аш хІун до? Вайца товш дац иза!..
ЙоІана гІоьнна чухьоду, амма иза масехамма хІума тухий, вожаво.
К и р и ш к а. Мила ву иза?
А з. Барза.

К и р и ш к а. Борз-м дера яцара иза, жІаьлин цІога дукх! ХІун дан гІерта хьо?
Б а р з а. Йита и йоІ!
К и р и ш к а. Къинхетам боьссина хьоьга?
ГІера йоьлу. Киришкас куьг а ойий, гІовгІанаш совцу.
К и р и ш к а. Со хьоьга ца лоь?!. Къинхетам боьссина хьоь?
Б а р з а. ЙоІана ницкъ бар къонахийн гІуллакх дац.
К и р и ш к а. ХІун? ХІун бохура ахь? Вахь-хьа-хьа.
Цунна тІаьххье ерриге а гІера йоьлу.
Б и р к ъ и ш. Тилла-тобанан дуй ца биъна ахь?
Б а р з а. Биъна.
К и р и ш к а. Биънехь, стенна до ахь и хеттарш? Цкъа а виц ма лолахь. Хьуна буьйса де ду хьуна, Іаьржаниг кІайн ду хьуна... Шеконаш Іадда йита, ца йитахь чангІалкхаша текхор ду хьан дакъа!
Б а р з а. Аш со вехь а, хІаллаквахь а, ас сайн дагахь дерг эр ду.
К и р и ш к а. Ала ахь! ХІун ду хьан дагахь?
Б а р з а. ХІара дерриге а вай стенна лелош ду, дийцахьа.
К и р и ш к а. ХІинца а ца кхетта хьо цунах?
Б а р з а. Ца кхетта.
К и р и ш к а. Дуза, даха, сакъера леладо-кх!
Б а р з а. Вай дуза а дуьзна, са а къийрина. ТІаккха...
К и р и ш к а. Массо а хІума хаа лаьа хьуна?
Б а р з а. Лаьа.
К и р и ш к а. Лаахь, хуур ду хьуна, хаа деза хан тІекхаьчча. Ткъа хІинца хьо мотт ца хуу хьайба ду! Хьайба! Хьайга диэ аьл-аьлларг деш, доладелла лела муьтІахь хьайба!
Б а р з а. И ца хиндерг ду.
А ь з н а ш. ХІун? ХІун элира цо?
Чухьовду тилла - тобанан декъашхой. Барза кІегар оьху.
Б а р з а. ТІе ма гІорталаш суна. Ас цаца бийр бу шух.
К и р и ш к а. Вита. Жимма лелийта. ДІавахийта. Кхерамо садууш, хьер вер ву и. Ца валахь, дІакарчор ву.
Б а р з а (гІеххьа гена ваьлча). Эхь ду шуна оцу малхах можачу ахьаран сискал ца яхь! Эхь ду шуна шайна хетарг а ца дахь!
Хьуьна чохь къайлаволу.

К и р и ш к а. Хьакха! Кхаа дийнахь лелийта иза, хьайн жIаьлеш тIаьхьа а дахий, цаьрга кIесаркIаг чу са а доьIуьйтуш. ТIаккха хьайн херсешка кIомсарш тохийтий, тIекIел эккхийта...
А ь з н е х ц х ь а ъ. Дика ду, хилла ду! Дика ду, хилла ду!
М е с а ш. Ва-а, Дела! Ва-а, орца дала!
ДIахьоду, амма маьхьарий хьоькхуш, тIехьаьвддачу тилла - тобанан декъашхоша такхайой хьуьн чу хьо
Месаш.
А ь з н а ш. IуьйтI! IуьйтI! IуьйтI!
Б и р к ъ и ш. Тилла-тоба, дIасаяржа дуьненчухула.
Цергаш тоха дуьненах!
К и р и ш к а. Схьаяккха вайна йогIург дуьненах!
Тилла - тоба дIасаяьржа, тIаккха къайлайолу. Ушурма ша вуьсу есачу сцени тIехь вихкинчохь латта. ГIеххьа хан йолу.
У ш у р м а. Шул къиза экха а дац-кха суна тIекхача.
Везандела, хIумма а хила йиш яц-кха хьан лаам боцуш.
Со реза ву-кх хьан кхиэлана.
(Оцу хенахь Барза кхочу цига. ХIумма а ца олуш, Ушурма схьаваста хIутту иза).
Хьо мила ву?
Б а р з а. Барза ю-кх сан цIе.
У ш у р м а. Тилла-тобанехь вац хьо?
Б а р з а. Вара. ХIинца вац.
У ш у р м а. Стенна маршавоккху ахь со?
Б а р з а. Ца хаьа. Иштта лаам бу-кх сан.
Ушурма схьа а востий, Б арза дIавоьду. Серло йов.

**III сурт**

Ушурмин цIа. Чу вогIу Ушурма. Аьрру белшах йина яйн чов ю цуьнан.
У ш у р м а. ХIей, хезий хьуна! Мичахь ю хьо?
Ч е ч а. Кхузахь ю (гучуйолуш). Хьуна хIун дина?
У ш у р м а. Доккха хIума ца дина. Схьада туьха, кIадин аса а.
Ч е ч а. Цкъа хьалха хица йила еза чов.
Эццахь йогIий чуэккха Ану.
А н у. Ва-а Дела, ма доккха хIума ду хIара! Ма доккха хIума ду-кх хIара! Ма доккха хIума...
Ушурмин белша тIехь цIий а гой, ша йолччохь сацало.

У ш у р м а. ХIун хилла вайна, нана! ХIун хилла?
А н у. Хьуна хIун дина? Вай, нана яла хьан, Ушурма!
Мила ву хьуна и чов йинарг?
Елха йолало.
У ш у р м а. ДIаяла, гIовгIа ма е, нана! Нах кхардор бу ахь. Суна хилла хIумма а дац.
А н у. Хьажийтал со, хьажийтал (човне хьожуш). Чеча, схьада хи а, чов дIаехка хIума а.
Чеча схьайогIу, чов дIаехка гIирс а бахьаш. Ушурма лохачу гIанта охьалахло. А н у чов йила йолало тIадийначу кIадин цуьргаца.
А н у. Мичахь, хьан йина хьуна хIара чов?
У ш у р м а. Цхьа чангIалкхаш яьржина-кх вайна, нехан дIалаьллина бежана, уьстагI ца дуьтуш. ХIинца адамаш лечкъо а юьйлаелла. Царах цхьа тоба Къарибатан йоI Месаш лачкъийна йоьдуш яра. Орцах ваьллачу суна хIара болх би-кх цара...
А н у. Делан наьIалт церан соврана. Доккха хIума ду-кх церан эвхьазабовлар. Сийсара эвлайистерчу Элахин хIусам чу а лилхина, иза вийна, хIусамнана хьийзийна...
Даьхни дигна... Ва-а везандела, хьо орцах валахьа! Ва Малх, хьо муха хьоьжу, царах чим ца беш?!. Ва-а Механ нана, хьо муха кхерста дуьненчухула, уьш тIепаза ца бойуш? Ва-а Хинана, хьомуха Iа хIара къила яхана юрт хIаллак ца еш... Ва-а...
У ш у р м а. Ма е гIовгIа. АллахI деле собар деха, къинхетам а беха вайна массарна а... Iеса цIунаш ма хьехабе. Цундела ду дерриге а.
А н у. Муьлш хилла уьш, керистанийн гIера хилла я вайнехан курхалчаш?
У ш у р м а. Керистанаш бацара. Вайн мотт буьйцуш бара. Царна юккъехь-м астагI Киришка а вара.
А н у. ОстопируллахI... Ши де хьалха йисина Iачу Банун етт-эсий дигна. Цхьалхачу Тимин ши сту а лачкъийна... И стенна дуьйцу, адамаш лечкъо долийна. Царах бол боккхуш. Айса хIун дийр ду хууш яц-кха со. Хьох ийзалуш дуьту-кх вай а, и вайн лулахо СегIират а...
Дуьйцу хезна хIума а дац. ХIун дича бакъахьа дара техьа?
У ш у р м а. СагIийна хIума ло. Деле деха нах нийсачу новкъахь нисбар. Ламаз де.
А н у. Сан хIун яра сагIийна яла, халла тасаелла йоллучу.

Чов йоьхкий йолу.
У ш у р м а. ОстопируллахI! Нехан хIун бехк бу, хьан дог а иштта хилча... Хьайна ца юуш а, дIало... Сискалан юьхк, туьхан цинц. СагIано бен бухатухур бац бала а, бохам а.
А н у. Ахь дуьйцучух-м ца кхетара со. Эрна хьоь ладоьгIучул, ШайлагIаз йолчу гIур ю со. Цунна хуур ду, пал тесча... ХIун хила доллу техьа?.. ШайлагIазна хуур ду дерриге а.
Арайолу.
У ш у р м а. Пал тасийта... Пал хилла кху дерригенах а.
Серло йов. Серло леташ, цхьа кIира дIадаьлла. Ушурмин чов дIайирзина. Хьалхалерра чоь.
У ш у р м а. Ойланаш. Ойланаш кхийда-кх, сан лааме ца хьуьйсуш, гена, ца оьшучу... ХIун хилла теша уггар хьалха? Дуьне а, Iалам а, седарчий а, хIаваъ а доцучу хенахь, уггар хьалха хIун хилла... И уггар хьалха хилларг мичара?.. ХIара хIун ду-те, хIара малх? ХIара дуьне? ХIара боккъал дуй-техьа? Я гIан ду-техьа тхуна гург? ГIан дацахь, хIун маьIна ду тхан дахаран? ОстопируллахI, веза хилла волу Дела! Гечделахь суна! Ларвелахь со тиларчу вахаран балех!
Тийна Iа.
Серло йов. Серло летча, гучудовлу б ераш.
УьшцIена, къегина, тIехь хаза духарш долуш духIинца.
Карахь хIораннан а цхьацца джуз ду.
1 - р а ж и м а к I а н т. БисмиллахIиррохь-маниррохьийм!
КъулхIуваллохIу ахьад (иза АллахI ву, Ша цхьаъ),
ОллохIу самад
(АллахI цхьаннах возуш а вац, массара а лоруш а ву), Лам ялид (иза доьзалхо хуьлуш вац), Ва лам юлад (иза цхьамма а вина а вац), Ва лам якуллахIу куфуван ахьад (цуьнца нисвала цхьа а вац). Ваши, хезирий хьуна? Ас къулхьа деша а Iамийна хьуна... Тхо дика
Iаш а ду хьуна, ваши.
2 - г I а ж и м а к I а н т. Со элпаш Iамийна ваьлла хьуна: «Алиф, бэ, тэ, жима, хьа, хо, дела, зела...»
Ж и м а й о I. Ваши, ваши, суна а хаьа хьуна элпаш:
«Ро, зай, сина, шина...»
2 - г I а ж и м а к I а н т. Ваши, ваши, суна сихха воккха хила лаьа хьуна.

Ж и м а й о I. Ваши, ваши, суна сихха ялсамане дIаяха лаьа хьуна. Серло йов. Серло летча, гучуйолу Ану.
А н у. Дакъаза ма вала хьо, сан кIант. Iаьрбийн йозанаш Iамош ца ваьхнера хьан да а, цуьнан да а, хьан ворхIе да а. Уьш вуонехь а, диканехь а болуш, къонахий гулбеллачохь а хуьлуш, Теркал дехьахь ногIийн, гIалмакхойн аренашка реманаш лахка а оьхуш, уьш мискачарна дIаса а йоькъуш, баьхнера... Ткъа хьо, оьпа санна, ор чу вола гIерташ ву...
У ш у р м а. Нана! Сан дайша лелийнарг шайн некъ бу, ткъа суна хьалха лаьттарг – кхин некъ. Сан йиш яц вайн, вайн цIийнан сий лардичхьана, паргIат а ваьлла Iен... Суна боккха бала го. Дуьненнал боккха бала, вайн къомана тIебогIуш. Цуьнан хIуо хIинцале схьакхаьчна кхуза: цкъа а ца хиллачу кепара юкъадевлла вайна талораш, нах байарш, осалалла, айкхалла... Цхьацца вайн ярташ а ягош, вайна юкъа гIерта Теркал дехьара мостагIийн гIеранаш.
А н у. Нах лартIехь латто ницкъ оьшу, ницкъ... Болатан тур оьшу осалалла сацо... Стенна лоьлуьйту и астагI жIаьла
Киришка нехан керташка кхийсадолуьйтуш?
У ш у р м а. И вийча, хIумма а нислур дац, цул а оьшург коьртах вер ву. Сацо дезарг ун ду, нехан дегнашкахь, кхетамехь даьржина ун...
А н у. Ткъа муха сацо воллу хьо и ун?
Уш у р м а. Далла Iамал еш, ойла цIанъеш, Деле вилхича, Дала хьоьхур бу некъ.
А н у (цхьа хан яьлча). Ткъа уьстагIашна, бежнашна хIун до ахь? Хьо чу ма сецци, тIепаза дойур ма ду уьш.
У ш у р м а. Уьш дажа дIа а гIур ду, цIа а догIур ду.
Царна стаг а, я экха а тIе а кхевдар дац...
ЧуйогIу ШайлагIаз.
Ш а й л а г I а з. Де дика а дойла шун. Ану, со схьакхечи-кх, ахь ма аллара.
А н у. Схьайоьллахь, ШайлагIаз, схьайоьллахь. Алмазийн хIуо кхетта моьтту суна, алмазийн хIуо... Ор чу а воьлла, Iаьрбийн маттахь жайнаш доьшуш воллу, къуьданан серлонехь... Мегар ма вац иза. Хьажахьа, ШайлагIаз, хьайн хIун хуьлу. КIур тоьхча гIуллакх хир дацара техьа? ШайлагIаз, цхьацца хичаш еш, хьийза.
Ш а й л а г I а з. Алмазийн хIуо дац кху чохь, Ану...

А н у. Дацахь, хIун хилла кху кIантана? Цхьамма холмач йоьллина?
Ш а й л а г I а з. Холмач а ца йоьллина. Со кхеташ хIума дац хIара, со кхеташ хIума дац, дIайоьду со-м.
ШайлагIаз дIайоьду. Серло йов. Серло летча, итт де дIадаьлла. Ушурма халбатахь ву.
У ш у р м а. ЛаилахIа иллаллахI, Мохьаммада РасулуллахI. Везандела, хьоьга кхойкху со, тхан некъах тилларш новкъа бахалахь, тхан генахь бисинарш герга балабелахь, иманах боьхнарш иманехь нисбелахь, бодано хьекъал артдинарг серлонга ваккхалахь, зуламна гIеттинарг ка йоцуш виталахь, диканна гIеттинчун Ахь аьтто белахь. Кху махкахь питанаш, зуламаш лелочарна хьайн нийса кхиэл а яй, царах хIара мохк паргIатбаккхий, мискачу нахана иманехь, маьрша дахар лолахь, я АллахI Дела!
Къинхетамечу, комаьршачу АллахIан цIарца,
Берриге хастам бу АллахIана,
Дерриге а дуьненийн Эла волчу,
Комаьршачу, къинхетамечу,
Кхиэлан дийнан Эла волчу,
Хьуна цхьанна корта туху оха,
Хьоьга цхьаьнга кхойкху тхо, гIо доьхуш,
ХIиттаде тхо нийсачу новкъа,
Айхьа оьгIазло йина боцчийн а,
Тилла лелаш боцчийн а новкъа.
Серло йов. Серло летча, Ану ю гуш, ша йолччохь доIа деш.
А н у. ХIай Дела, хIай стигланийн, Iаьршийн да Села, хIай Хинана, хIай сийлахь Малх, цуьнан йоI Аьзни – шу орцах довлийша, оьпа санна, Iуьрга а воьлла, хIаллакьхуьлуш лаьттачу кху кIантана. ЦIанвейша иза вочу хIонах, кIелхьара ваккхийша тиларчу вахаран кхерамах.
Юуш хIума а йоцуш, гуш дуьне а доцуш, хIаллакьхуьлуш лаьттачу...
Ас шун сийнна ЦIечу коьртехь, Iаьржачу боргIална урс а хьокхуш, цIийн сагIа а доккхур дара; хIай сийлахьнаш, хIай ницкъ берш, хIай серлонан, боданан, механ, хин эланаш, шу орцах довлийша.
(ДIатоь. Шена тIехIоьттина лаьтташ Чеча а гой). Стенна хьоьжу хьо? Ахьа а деха и хьайн цIийнада меттавалаве, алий. Ца го хьуна иза хIаллакьхуьлуш?

Ч е ч а. Ца го... Ойланца цIанлуш го, сица лакхаволуш.
А н у (цецйолий). ХIа-а... Хьох а кхетта и хIуо? Сийлахьчу малхор, гал ма яьлла хIара а. Iаьржа боргIал...
Iаьржа боргIал ен еза ЦIен коьртехь, цIийн сагIа даккха деза, Iуьйранна гIоттучу Малхана а гойтуш.
ДIайоьду.
Серло леташ, шовзткъа де-буьйса дIадаьлла. Ушурмин цIийна хьалха гулбелла дуккха а нах. ТIеюьйхина тайптайпана хIуманаш: беркъа, гIеххьа мегар йолуш а. Нахах жимма къаьсташ ларьтта дешна нах, молланаш. Юьстахо къуй, юккъехь Киришка а волуш.
К и р и ш к а. Шовзткъа де-буьйса тов! ХIума а ца юуш. Хьа-хьа-хьа. Вала а ца лешший? Адам делахь-м, велла. Адам хьовха, экха а лийр ду.
Б и р к ъ и ш. Аьшпаша Iехор бац нах. Ушурмина а атта лаьа нахах шен леш бан.
К и р и ш к а. ХIета-хIета, мукадахкка санна, Iуьрга вуоларх, кхунах Iехабала нах бац.
Б у ь й л у. Нахах дIаоь. Дехьа - Iеламнехан тоба.
I е л а м с о л т а. Халбата хаарх тоьий, Iилманах цхьа хьаьрк хууш а ца хилча.
Н о г I а м и р з а. Цунна-м КъорIан деша а халла бен ца хаьа. Дешна ца хилча, хир вуй дакъа долуш?
I е л а м с о л т а. Делан каламца, элчанан хьадисашца бен хила йиш-м яц нуьре серло.
I у м а р - Х ь а ь ж а. Сихаллехь гIийбаташ летор дац вай... Делан къайленаш яккхий ю... Ткъа Ушур-ма дика
КъорIан деша хууш а ву...
Оцухенахь гIовгIанаш йовлу: «ВогIуш ву! ВогIуш ву!»
«И ма хийцавелла». «Духар ма тамашийна ду цуьнан».
«Худавелла дIаваьлла». «Вуьзна Iийначух тера вац»...
Ушурма, вист ца хуьлуш, вехха лаьтта, нехан гIовгIанаш дIателлац.
У ш у р м а. БисмиллахIиррохьманиррохьийм! Делан езачу цIарца доладо ас. Нах, хIума ган бIаьрса делла вайна, хIума хаза лераса делла вайна, вистхила – мотт, кховдо – куьг, баккха – ког; вайна делла, ялта дуьйш, рицкъа даккха аьлла, хIара Iаьржа латта; вайна елла догIанца, лайца Делан беркат тIеделхош йолу и сийлахь Iаьршаш; вайна делла де а, дийнахь кхета малх а, шен йовхонца дерриге а дендолуьйтуш болу;

вайна елла буьйса а, бодане хорам ца байта, седарчий а латийна, оьздачу адамийн синойн серлонца лепа бутт а кхетийтина. И дерриге а вайна
АллахI цIе йолчу Дала делла, оцу Делера охьа а доьссина,
Къуръан а ду вайгахь, Далла дукхадезна гIиллакхаш вайна хьоьхуш, Iамош.
Ииштта доллушехь, и дерриге а диццдина, харцонца нийсо хийцина, хьарамца хьанал хийцина, мискачунна, гIийлачунна ницкъ беш, цIенаниг, боьханиг къастош доцуш, деха вай, кхана догIучу къематан дийнах, Делан нийсачу кхиэлах ца кхоьруш. ХIун ала воллу хьо, мискачу нехан лечкъийначу даьхнех хьайна бахам биллинарг, Адаман зуьрет маьхьшаре кхайкхина, хIораннан къа-бала оза мизан-терза дIахIоттийча? ХIун дика дилла воллу хьо оцу терзан тIе?
Хьо, осала некъ юьхьарлаьцнарг, хьайн дегIана там лоьхуш, шайтIа дендинарг, Делан цIена дин а, цо бен бехкамаш а бицбинарг, муха яйа воллу хьо, нехан хьеш а кхехкош, герга балийна малх болчу дийнахь хьайга йоьссина хьогалла, мичара дер ду хьуна и яйа хи?
ХIей, хьо лаьттарг, хьайн къена да-нана тесна дитинарг, къеначийн сий ца дийриг, хьуна хаьий цу къематан дийнахь, тхов тIехь чIогIа ког баьккхина а, шен да-нана реза ца динарг ялсамане ваха йиш йоций, цигахь, эхартахь, дерригенал а деза леринарг гIиллакх, оьздангалла юй?
ХIей, хьо, цкъа а сагIийна хIума кховдоза верг, цкъа а пIерасканан буьйсанан йозалла ца евзинарг, хьо муха вала воллу туьран диттал ира долчу суьртан тIайх? Хьенан гIоьнца? Дац я хьуна а, я хьуна а, я цхьанна а кхача гIо, шух хIора а тахханехь, тоба а дина, нийсачу новкъа ца валахь.
Тахана кхузахь, кху майданахь, вай вовшашна массарна а дехка деза зуламаш, харцонаш, хьарамлонаш. ХIаъ, дуйнаца дехка деза къоланаш, осала леларш, зударий идор...
Иштта, вовшийн къинтIера а довлуш, вай йита еза вовшашна юккъера чIираш, маслаIат деш дерзо деза девнаш...
Нагахь и вай ца дахь, вайна тIебуьссур бу буьйцу а ца хезна баккхий баланаш. Вай стенна дуьйцу, тахана вай лело харцонаш, зуламаш, вовшашца осала, эхь-бехк доцуш хилар бахьанехь вайна тIаьхьа тIе йогIучу тIаьхьенийн а дезар ду баккхий баланаш лан.

Тийналла лаьтта ехха.
К и р и ш к а (юккъера схьа a волуш). ЛадогІалаш, нах, ладогІалаш. Шовзткъа дийнахь-бусий тоьли чохь ваьллича эвлаяъ хуьлуш хилча, вайх хІора а тахханехь ор даккха хІуттур вара. Мила ву и лаьтта Ушурма? Вай дерг вукх. ХІинццалц схьа шен уьстагІ-бежана а лелош ваьхна а ву-кх. Амма хІинца цунна иштта ваха ца лаьа. Цунна вайна тІехь олалла дан лаьа. Цундела цо кхерамаш туьйсу вайна, хинболу бохамаш буьйцуш. И бохамаш хир болуш белахь, уггар хьалха пханар тІе хьоьжуш волчу Байсина хуур дара, я пал тосуш йолчу ШайлагІазна хуур дара, я дол дуьллуш йолчу Кахина хуур дара. Шуна хиъна хІумма а дуй?
Нахана юккъера аьзнаш: «Дац!» «Дац!».
Хьовсал, цхьанна а хиъна дац. Ткъа бусалба дешар дешна, Іеламсолтел дукха мила ву вайна юккъехь? Цхьа а вац. Хьуна хааделлий, Іеламсолта, хІумма а?
І е л а м с о л т а. Нахе барт а ца хоьттуш, хьайн къамел дей вала! ТІаьнчакх!
К и р и ш к а. Кхин дийца хІумма а дац сан-м. ХІара Ушурма, мостагІий вайн ярташна тІелетачу заманахь, вайга ламаз де бохуш ву. И муха хета шуна?
Нахана юкъахь вов. Тийналла лаьтта.
У ш у р м а. АллахІана гІуллакх даро цкъа а новкъарло йийр яц мостагІашна дуьхьал латта. Амма мостагІий хьовха, цхьа гІера эшо а вайна оьшу Далла муьтІахь хилар, дегнашца цІандалар, барт...
Б и р к ъ и ш. ЛадогІалаш, ладогІалаш, нах. Шу долчохь дош олу-м вацара со...
І е л а м с о л т а. Вацахь, ІаддаІе!
Б и р к ъ и ш. Делахь а эр ду ас, юкъаваьллачуьра. Вай нохчийн гуттар а хилла рема лоллуш, даьхни далош, дуьненах катухуш. ХІинца вайга Ушурмас вайн амал хийца боху. Муьжги хила боху, тийна-таьІна, амма кІентий суй боккхуш хила беза. Хила йишюй берзалой цергаш йоцуш? Вай цІоькъалоьмаш ду, вайх цкъа а уьстагІий хир дац. Вай цІоькъалоьмаш ду ижу лохуш лела, вай къийгаш яц, къен елла хІумнаш юуш юьйлаелла лела.
М а ь х ь а р и й. ЦІоькъалоьмаш! ЦІоькъалоьмаш!

І е л а м с о л т а. ДІавала! ДІавала цу хьалхара. Нехан хуьскаш идийча хуьлуш вац суй боккхуш.
Б и р к ъ и ш. Шена луъург вистхила йиш яц кхузахь?
Б а т а ш. Тоьар ду хьан вистхилар... Шена луъ-луъург хьалха кхийсалуш, дага деъ-деънарг ма дийца. Баккхийчаьрга, Іеламнахе ладогІа. Вистхила хьо, Іеламсолта.
І е л а м с о л т а. Ушурма, хьо халбата хиъна, ахь хьайн дегІана ницкъ беш Далла гІуллакх дар Дала къобал дойла. Амма хьоьга хатта цхьа хІума дара сан. Цкъа хьалха Къуръанан маьІна а Іамийна, жайнаш, маьхьаллаш, жаллаш а дешна, Іилманехь кІарг а велла, ХьаьжицІа вахана хьаж а дина, стенна ца хиира хьо халбата? ТІаккха ахьа дуьйцучух болу тешам алсам хир бара хІокху нехан.
У ш у р м а. Іеламсолта, хІораннан а шен-шен бу некъ.
Айса и некъ стенна хаьржина ца хаьа суна. Иштта синхьехам хилирхха суна... Тахана хІара къамел шуьца кхузахь ца дан йиш яцара, иза суна гІена-кхоьлах тІедиллина ду Веза-сийлахь волчо.
К и р и ш к а (нахана юккъера схьа). Вай кхузахь эрна хан йойу аьлла, синхьехам хилла-кх суна.
Цхьацца беларшлелха нахана юкъахь.
І е л а м с о л т а. ГІовгІанаш ма е, нах! Ушурма, гІенакхоьлах хьуна тІе ца дуьллуш, тхох цхьанна, хьажошна, пхийтта, ткъа, ткъе пхиъ шерашкахь бусалба дешар доьшуш лелачарна стенна ца диллина иза тІе?
У ш у р м а. Цунна дала жоп дац сан.
Б а т а ш. И ала атта ду. Нах Іехо а ца гІерташ, Іадда
Іехьа. Суна ма хаьа хьо хІун дан гІерта, хІара нах муьтІахь а бина, бацо. Вайн нохчех эла хила гІоьртинарг веха ца веха хьуна.
У ш у р м а. Сох эла хир вац, Баташ. Сан некъ кхин бу.
Хьо хьуо а ца теша айхьа дуьйцучух. Хьан сагатдийриг хьарам а, хьанал а ахь вовшахтоьхна хьан даьхни ду. Хьарам хьуна каракхаьчнарг хайраза довр ду хьуна. Вукхарна тІера закат даккха а ма вицло, царах а изза хилале...
Б а т а ш. И хІун ду ахь дуьйцург? ЛадогІал аш, соьга, цо диъначу ахьарал туьха диъначу соьга цо дуьйцучуьнга?
Б и р к ъ и ш. Вай кхузахь гулделла лаьтташехь, ламчуьра охьаяьллачу гІерано вайн даьхнех, ялтех катухуш ю шуна.

Нах: «ХIейтI, дуьйлалолаш!» «Иза хир а духьуна».
«Ушурмин туьйранашка ла ца доьгIча, кхин дан хIума дац вайн?» - маьхьарий детташ, майданара дIахьолху.
Д е н и. Собарде, духадерза. ЛадогIа шайга дечу цIенчу къамеле. Ма гIо дIа. Вайн кху юьрта ян хIуттур йолуш цхьа а гIера яц, ша вайн вешан гIеранаш ца ягIахь.
Б и р к ъ и ш. ДIавала хьалхара! Хьан санна, туьйранашка ладегIа йиш яц нехан. Сиха мур бу.
Д е н и. Собарде, нах! ДIахьовса, нах, оцу Биркъишан сибате, цуьнан басе... Адаман бос ма бац иза. Йилбазан бос бу. Кхуо дуьйцучух а тешна, дIадоьлху шу, шайга дечу цIенчу къамеле ла а ца дугIуш? Амма адам, цуьнга ла ца дугIуш, дIадоьду. Хеза
Киришкин аз: «Синхьехам хилла тов! Шовзткъа дийнахь-бусий Iуьргахь ваьллича, цхьаъ ца хилча долий?» «Хьахьа-хьа», - цунна тIаьххье буьйлуцхьаберш.
Д е н и. Ма гIо дIа, нах! Собарде! Дохкодевр ду шу...
У ш у р м а. ...Дени, догIанаша дестийначу хина дуьхьал ма хIоттахьа, и сацалур дац хьоьга. Хи хьаъалц собарде. Дуьне лесто долийча хуур царна...
Б а т а ш. Эш-ш, кхин хьан карахь-м дац и лестор?
ДIабоьлху. Цхьана юкъана тийналла льатта еса йисинчу майданахь. Оцу майданахь латта вуьсуУшурма а, Дени а, Iумар-Х ьаьжа а. Уьш, бист а ца хуьлуш, льатта дикка.
I у м а р - Х ь а ь ж а. Доккха хIума ду ахь дIадолийнарг,
Ушурма. Атта тIелоцур долуш хIума а дац, хIунда аьлча, дIакхехьа хала долу дела. Сийлахь хIума муьлхха а ду хала. ХIетте а таханлера хьан къамел а эрна ца хилла хьуна. Тахана тхо шиъ виси хIокху майданахь, ахь дуьйцург дагах кхетта. Кхана алсам хир бу. Дала декъала бойла,
Ушурма, хьан некъ. Тахана дуьйна сан некъ а бу-кх иза.
Серло йов. Серло летча, береш гучудовлу, карахь джузаш а долуш. Доьшу цара.
БисмиллахIиррохьманиррохьийм!
Иза зулзилатил ардзу зилзалахIа
(Латта лестош, дего доладелча),
Ва ахрожатил ардзу аскъолахIа

(Шен кийрара бала гучу а боккхуш),
Вакъолал инсану малахIа
(ТIаккха адам цецдер ду: «ХIун хуьлуш ду лаьттах?»),
Йовмаизин тухьаддису ахбарохIа
(Цу дийнахь цо шен хаам бийр бу),
Бианна раббана овхьалахIа
(АллахIан дашехь болу хаам),
Йовма изийййас дуруннасу аштата. Лийуров аIмалахIум
(Адам долалур ду къаьстинчу тобанашца),
ФамайййаIмал мискъола зарратин хойройййарохI
(Мискъала зарратал дика динчунна шен дика а гур ду),
Ва майййаIмал мискъола зарратин шарройййарохI
(Мискъала зарратал вуон динчунна и вуон а гур ду).
СадакъаллохIул Iазийм.

**V сурт**

Ушурмин цIахь. Чеча а, Ану а. Ушурма суьлхьанаш хьийзош Iа.

А н у. Иза цара дийр дуйла ма хаьара суна. Нах ца бевза хьуна? Нахе диталур ма дац шайна Iеминарг. Къола дечо къола а дуьтур дац, харцахьа леларг бакъахьа лела а волалур вац... Гома дечиг нислур ма яц. Серах ца бина хIоз хьокханах хир бац. Цундела нах Iадда бита. Хьайн цхьана дегIах, хьайн цхьана доьзалх жоп даладелча-м хьаха тоьар дара.

Хан йолу. Ушурмас, суьлхьанаш хьовзийна а волий, доцца доIа деш, юьхьах куьйгаш хьокху.

У ш у р м а. ХIаъ, гома дечигаш дукха ю вайн хьуьнхахь, нана. Амма сайна гина серло оцу хьуьнчу йига ца гIуртуш Iен бакъо яц сан. Iахь, цул доккха къа а ма дац.

Ткъа нах муха нислур бу соьга, нана, хьоьга Дала хьайна тIедиллина пхи ламаз дайта а сан ницкъ ца кхаьчча?

А н у. Ас-м дийр ду, цхьацца деш, ца ларош лела-кх.

Хьоьга иза тIех ца деттийта а дийр ду...

У ш у р м а. Цундела ма де. АллахIа, массо адамашна санна, хьайна а тIедиллина дела де.

А н у. Дийр ду, дера дийр ду. Аса а ца дича ахь бохург, нехан хIун бехк бу... Сан ях ма ю нахаца... ХIинцца ламаз оьцур ду...

Арахьоду.

У ш у р м а. ОстопируллахI, остопируллахI.
Жайнаш тIе хьожу. ТIаккха сонехь лаьттачушен зудчуьнга вистхуьлу.
ХIун ала гIерта хьо?
Ч е ч а. Дукха доккха ду-кх ахь хьайна тIеэцна декхар... Со кхоьру...
Тийналла.
У ш у р м а. Стенах кхоьру хьо?
Ч е ч а. Гулбеллачу нахах. Уьш гулбелча, церан хьекъал дIаоьцуш санна хета-кх суна. ХIун хаьа, царна хIун дагадогIу.
У ш у р м а. ХIуманан тидам беш хилла хьо-м, Чеча...
Тийналла.
Малхбузу хан хилла вайна...
Эццахь мохк бего болабо. Мохк бегор чIагIло. Нехан маьхьарий, берийн делхарш, узамаш, хьайбанийн Iехарш, чуетталучу гIишлойн гIовгIанаш. Серло йов. Серло летча, чекхдолумохк бегор. Нах Ушурмин цIийна хьалха гуллуш бу...
Д е н и. Нах! КIира хьалха Ушурмас дуьйцучух ца тешнарш, цунах ца бешаш дIабахнарш, шу хIунда гулделла кхузахь? ДIадовла! Шуна ца лиира динехь нисдала!
ЦIеналлехь нисдала!
А ь з н а ш. «Тхо дохкодевлла!» «Дохкодевлла!»
«ОстопируллахI!» «ОстопируллахI!» «Гучувала, тхан устаз!»
Д е н и. Дала оьгIазло тIеелхийча, дохкодевлла!
ТIаьхьа ду!
Ушурма гучуволу. Нахе белхарш довлу, маьхьарий:
«ВогIуш ву устаз!» «Дала сий де хьан!» «Цо ала ма элира: «Дуьне лесто доладелча...» «КъинтIера вала тхуна, къинтIера вала!».
У ш у р м а. Со къинтIера вели шуна массарна а, со санна, Дела къинтIера волийла шуна! Дени, шена дагадеъанарг дийца мегар дац! Кху дуьненахь тоба дан тIаьхьа дац цхьанна а, тобанан неIарш къематан дийнахь къовлур ю, бузехьара малх кхетча.
Й о к к х а с т а г. Тхо дохкодевлла. Тхо ца тийшира кIира хьалха ахь аьллачух. Тхаьш Iеса хиларна. Ахь ала ма элира дуьне лесто долийча... КъинтIера вала тхуна! Дала цIанйойла хьан къайле!
А ь з н а ш. Дала цIанйойла хьан къайле!
Б а т а ш. ЛадогIал, нах! ЛадогIал! Iовдал нах бу вай нохчий. Шайна цхьа хIума тарлахь, и хIун ду ца хьовсуш, бажа санна, тIаьхьа хьовду

вай! ХIинца хIара Ушурма ваьшна коча хаош а дохку вай, кхуьнан ца хууш цхьа дош нисделла бохуш.
А ь з н а ш. Сацийта! ДIавала! Ма дийца мунепикъан къамелаш!
Б а т а ш. Собарде! Со дIааьлла валлалц, собарде.
Нагахь санна шена мохк бегор буй хууш хилча, цо иштта билггал схьаала дезара. Хийла да лазий, чуетталучу лаппагIашна кIел а висина, хийла даьхний хIаллакьхили!
Шена хуъушехь, хуьлучу бохамах дерг нах кхетош схьа ца алар дац ткъа зулам?
А ь з н а ш. Элира! Элира! Вайна ца хезира. Элира!
Д е н и. Элира, Баташ, хьо къора вара хIетахь. Хьан лергашкахь потт яра, кхечеран а санна.
Б а т а ш. Собарде! Собарде!
А ь з н а ш. ДIавала! Мунепикъ! ХIаллакве! Вей, дIаваккха!
Баташ волчу хьовдунах.
У ш у р м а. Собарде, нах! Вайн цхьаьннан а йиш яц стеган дахар хадо. Иза вай кхоьллина а дац, вайн сацо йиш а яц. ХIораннан а бакъо ю шена луъург ала. Баташ а кхетар ву цхьа хан яьлча, хIинца шайтIанан лааме вирзина ву.
Дала гIо дойла цунна оцу балех вала. Аш хIорамма а ойла йича, хуур ду шуна, мел хала хIума ду, дийнна халкъ стенна дуьйцу, масех стаг шена тIаьхьа хьеха. Цкъа а ас сайна тIелоцур долуш хIума дацара шуна хьалха валар, нагахь гIена-кхоьлах сайна хIара Веза-сийлахь Волчо тIедиллина ца хилча.
Н о г I а м и р з а. ЛадогIал, нах, ладогIал! Сан ду кху
Ушурме ала дош. Ушурма, ахь боху нахе вовшийн юкъаметтигаш цIанъе, хьаьгIнаш дIаяха, чIираш йита... Нахе и де бохучо, цкъа хьалха ша масал гайтича бакъахьа даракх. Дукха хан ю, Ушурма, шун цIийнах болчу наха а, Коврнакъин некъех болчара а вовшашца мостагIалла, чIир лелош... Чкъурера чкъуре йолуш схьайогIу иза... И чIир ахь дIа а яьккхина, и бехк боцу стаг аш хьалха витича, ахь дуьйцучух тешаш болу нах алсамбевр бара.
I у м а р - Х ь а ь ж а. НогIамирза, иза хьаштдоцуш хьехадо ахь... Тхан некъех цара виъ вийна, оха дIа кхоъ бен ца вийна... Тхайн стаг дIа а вийна, и хьесап дIа а нисдина, цхьаъ дийр ду оха...

Н о г І а м и р з а. Іумар-Хьаьжа, со хьоьга хІумма доьхуш, хІумма хоьттуш а вац... Со Ушурме вистхуьлуш ву... Ша ненан карахь кхолла а валале хиллачунна бехке а вина, чІир тІейожийна и Довка, шух уьдуш, хьуьнхахула леларна йовхарийн цамгар а кхетта, бала хьоьгуш воллу... Нагахь аш ца витахь, ша шуьга вейтина а, и чІир шен кІантана тІехь ца йита нигат долуш а ву...
І у м а р - Х ь а ь ж а. Хьо соьга луьйш вацахь а, оцу
Довкин дас Іадис вийнарг сан да ву, хІокху Ушурмин дешича бен вац...
У ш у р м а. Іумар-Хьаьжа, ма товш дацара иза хьоьгахь, ма ца моьттура суна ахь иштта и эр ду... Хьо-х дикка дешна а ву. Веза-сийлахь волчу Дала доьхкуш ду-кх шен сийлахьчу Къуръан чохь куьг-бехке воцург чІирана вер...
Ткъа куьгбехке верг хьалха витинчунна мел йоккха ял юьйцу Къуръан чохь. Юьртахой! Бусалба нах! Тахана шу теш а долуш, Веза-сийлахь волчу АллахІан дуьхьа, ас чІирах хьалха вуьту и Іадин Довка!.. Нагахь, Іумар-Хьаьжа, хьо сан даша тІехь соцуш вацахь, со вуьйр ву ахь, ас сайна тІелаьцна хьуна оцу Довкин бехк!..
І у м а р - Х ь а ь ж а. Ма алахьа, Ушурма, иштта.
Сайна мукха хетахь а, ахь тоьхна доза доххол Іовдал а ма вац со.
У ш у р м а. Хезирий шуна, нах! Оха, тхан цІийнах болчу наха массара а, тахана дуьйна, Веза-сийлахь волчу
АллахІан дуьхьа, чІирах хьалха вуьту и Іадин Довка!..
М а ь х ь а р и й.
– Дала сий де шун!
– Дела реза хуьлда!
– Дела къинтІера волийла шуна!
У ш у р м а. Мичахь ву Довка? Кхузахь вуй иза?
Н о г І а м и р з а. Кхузахь ву иза-м, марчо юкъа а хьарчийна схьавалийна.
Наха ойий тІевохьу. Ушурмас, уллорчу цхьаьнгара шаьлта а оьций, хададо «марчо». Ша гІо а деш, хьалагІаттаво Довка.
У ш у р м а. Тахана дуьйна сан бусалба ваша ву-кх хьо.
Мара кхета. Нахе белхарш довлу: «Дала сий де хьан!»
«Эвлаяо бен дийр долуш хІума дац иза».
У ш у р м а. Схьавола, Іумар-Хьаьжа, мара кхета хьайн бусалба вешина.

Іумар-Хьаьжа маракхета.
У ш у р м а. ХІинца юьхь тІе урс хьокхуш, маж яша кхуьнан.
Н о г І а м и р з а. Дала сий де шун, Дела реза хуьлда шуна... Аш тахана сан а, хІокху нехан а йина юьхь Дала йойла шун... Тахана дуьйна хьан новкъахь тешаме накъост ву-кх со...
В о к к х а с т а г. Пурба ло хьайна тІаьхьаваза, сан устаз...
Й о к к х а с т а г. Дела реза хуьлда, Ушурма, ма цІена къамел дар-кха ахь динарг.
У ш у р м а. Дела реза хуьлда массо а бусалба стагана... Юьртахой, тахана вай дІаболочу некъана тІера сагІа доккхур ду вай, Деле вайна гІо доьхуш... Дени, схьабалабе вайн шина старах тоьлларг... Урс а хьаккхий, вайн юьртахошна дІасабекъа иза... Амма вай цул хьалха дан дезаш кхин цхьа хІума а ду. Уггар хьалха вай къасто дезарг вуой, дикий ду. Дика динчунна – баркалла, вуо диначунна наьІалт кхайкхо деза. Харцо толийна лелачарна дІахІиттае кІарлагІаш!
І е л а м с о л т а. Иштташарна кІарлагІаш хІиттаяхь, кху нохчийн арахь барз боцуш меттиг юьсур яц. Дукха бехделла къам.
У ш у р м а. Баьрзнех зен дер дац вайна, Іеламсолта, мостагІийн герзех лечкъа дуьхьало хир ю. ДІахІоттае кІарлагІа Биркъишна а, Киришкина а!
Б а т а ш. Стенна хІоттош ю иза? ХІун дина цара?
В о к к х а с т а г. Сан алаша а, етт а бигна.
Д е н и. Элаха вийна... Даьхни дигна...
У ш у р м а. Тилла-тоба а кхоьллина, цкъа а вайнахана юккъехь ца хилла ун даржийна цушимма. Харцонан, тешнабехкан, осаллин ун. Делан неІалт хуьлда царна!
Лаьттара оьций, тІулг кхуссу. «Делан неІалт хуьлда!»
«Делан неІалт хуьлда!» - бохуш, тІулгаш кхуьйсуш, наха кІарлагІа дІахІоттайо.
У ш у р м а. ХІуй кхайкхош, юьртах ваккха Киришка а,
Биркъиш а. Хийрачу махкахь ойла цІанъяла а тарло церан.
В о к к х а с т а г. Юьртах ца бохуш, хІаллакбан беза уьш.
У ш у р м а. Мегар дац и дан. ДІавахийта, юьртах ваккхий, кІарлагІин барз хІоттийча а тоьар ду. Церан синошна Іазап латтор ду кІарлагІаша дуьненахь. Нагахь дохко а бевлла, Іамал еш, шайна гечдар доьхуш,

Далла боьлхуш уьш хIинца дуьйна дIабуьйлалахь, шайн синош эхартан Iазапах кIелхьарадаха а тарло цара.
Й о к к х а с т а г. Некъ гайта тхуна, устаз! ТIедахкарш де тхуна! Иштта цхьа а хIума а тIе а ца дуьллуш, дIаса ма даржийта тхо.
В о к к х а с т а г. Диканиг, уггаре а диканиг хьеха тхуна.
У ш у р м а. Шуна хьеха, шуна тIедилла кхин хIумма а дац, Дала вайна массарна, бусалба нахана, тIедехкина парзаш-декхарш бен: «ЛаилахIа иллаллахI, Мухьаммада расулуллахI!» - аьлла, Дела цхьаъ вар, Мухьаммад-пайхамар (Делан салам хуьлда цунна) бакъвар; пхи ламаз дар – ойла цIанъеш, дийнахь пхоьазза Далла дуьхьал хIоттар; шен доьзална тоьъна, совдаьллачу рицкъанах уьтталгIа долу дакъа мискачарна дIадалар - закат даккхар; сагIийна хIума ялар; мархин бутт кхабар; ницкъ кхачахь, Хьаьжин цIа вахар а.
В о к к х а с т а г. Иза а дийр ду оха, хала хIума а дац и парзаш кхочушдар... Ахь тхо Теркал дехьарчу керистанашна дуьхьал дига, уьш вайн махкана гена бохуш, Ийдалал дехьа кхийсийта вайга.
Ушурма ойла еш лаьтта. ГIеххьа яхло тийналла.
У ш у р м а. Делан парзаш кхочушдар иштта атта хIума а дац, воккха стаг, нагахь уьш суртана доцуш, сица, ойланца цIанлуш делахь. Теркал дехьа довла сихлур дац вай. Вайн цIахь ду дан дезаш дуккха а. Ткъа цаьрца, муьжгашца, гIалагIазкхашца барт лаха хьовсур ду вай...
I е л а м с о л т а. Ушурма, цара хIора денна санна талораш до, вайн ярташ йохош, ялташ, бошмаш ягош.
Нагахь имамаллин дукъ хьуо тIеэца дагахь велахь, хьалха вала. Бига хIара нах, хьайх тешаш, хьайга ладоьгIна бала кийча болу хIара нах гIазотан тIаме... Кхийса уьш
Ийдалал дехьа.
Б а т а ш. ХIай-хIай, схьагайта тIамехь хьайна Дала белла ницкъ. Хьуна цIий-чов доцуш гIазот деза хир дара иза хир дац.
I е л а м с о л т а. Сацийта! Сацийта! Ма кхийссало сан къамелана юкъа.
У ш у р м а. Iеламсолта, хьайн ка йоцчу тIамах ларло баьхна-кх вайн дайша. Вай цаьрца барт бан хьовсур ду: шу схьа а ма гIерта, тхо дIа а гIертар дац. Вай нисдан дезаш вай ваьш ду. ХIинца а цхьа а дин доцуш, малхана, лаьмнашна, хишна суждане оьхуш беха вайн цхьаболу нах.

Иштта Iеса я кериста дин лелош беха гIалгIай, хIирий, дин лелорца гIийла бу чергазий, гIебартой... Ткъа хIинца дIасадоха, кхочушде шайна Дала тIедехкина парзаш... Ма вита тховса пхьор доцуш миска стаг, ма дита цхьа а хьайба а шен цIа кхачаза арахь, ма кховда цхьа а нехан хIуманна тIе, нагахь охьайоьжна караяхь а, дIало шен йолчуьнга, я новкъахь гуччохь охьайилла – шен да тIекхаьчча дIаоьцур ю шуна; сагIа ло доггах, хьарам хIума хьакхаялаза, шаьш къахьегна даьккхинчу рицкъанах... СагIано дIаойъу бала. ХIинца массо юьрта йистте сагIе гIуо...
Iумар-Хьаьжа, ахь урс хьакха старана.
Нах назманца дIасабуху. Серло йов.

**VI сурт**

Iеламсолтин чохь. Iеламсолтий, Баташший.
I е л а м с о л т а. Ушурма жима ву, дуьне хIинца а девзаш вац. Шен гIенех Iехавелла лела.
Б а т а ш. Цо лелориг-м хаьара суна. Атта ваха лууш,
Iовдал нах а Iехош.
I е л а м с о л т а. Цунах атта вахар-м хьаха хир дац.
Зулам хир ду-кх цунна шена а, нахана а...
Б а т а ш. Иза муха сацо веза-м хаьара суна.
I е л а м с о л т а. Вайн гIуллакх дац и сацо. Далла хьалха бехке ца хиллал, ас аьлла цуьнга сайна хетарг.
Б а т а ш. Вай сацо везаш вац иза-м, нехан наха сацор ву.
I е л а м с о л т а. Муьлш бу и нехан нах?
Б а т а ш. Теркал дехьара гIалагIазкхий а, салтий а.
I е л а м с о л т а. Цаьрца зIе ю хьан?
Б а т а ш. Цаьрца гергарло долчаьрца ю сан зIе.
I е л а м с о л т а. Тилла-тобанца?
Б а т а ш (озалуш Iеламсолтех шен цаьрца долу гергарло гучудаккха). ХIан-хIа...
I е л а м с о л т а. Ткъа муьлш бу уьш?
Б а т а ш. Дуйнаца чIагIо йина ас цхьаьнгга а ца хьахо.
I е л а м с о л т а. Дуйнаца йина?
Б а т а ш. ХIаъ.
I е л а м с о л т а. Делахь соьга ладогIалахь хIинца. Ас а йо хьуна, Делан къамелаца - КъорIанца дуй а бууш, чIагIо, нагахь суна хаалахь

хьо, Баташ, Ушурмина, я кхечу нохчочунна дуьхьал гІалагІазкхашца барт беш, ас сайн куьйга са доккхур ду хьан.

Б а т а ш. Со-м хьох дагавуьйлуш ву. Хьан пурбанца бен со-м вац хІумма а деш а, я дийр долуш а. Делахь а мила ву а ца хууш, мегарг Къуръан деша а ца хуу элистанжахо Ушурма хуьлучул, хьо хилча бакъахьа хетара суна нахана хьалха ваьлла, вайн тайпанах стаг хилча бакъахьа ма вара иштта...

І е л а м с о л т а. Хьо кхийтирий ас аьллачух?.. Нахана хьалха вала гІерташ ца лелла со цкъа а. Суна эхь хета хьо тайпа стаг Хьаьмби некъех кхиарна... Къайлавала сан бІаьргашна хьалхара. Къайлавала. Ас аьлларг диц а ма де, со хьан тидам беш ву хьуна!

Б а т а ш. Хьох дагавала... Со-м вац сайггара хІумма а дан гІерташ... Араволу. Іеламсолта вехха Іа, суьлхьанаш а хьийзош, цхьана метта а хьоьжуш.

І е л а м с о л т а. ВаллахІ вац и соцур. Мичара Іалур ву, цкъа вохкавелла стаг Іийр вац хьуна. Дукха хан яра со цунах шек волу... Ас дуй а ма бии, и къарбан йиш а ма яц, хьашт доцуш веа-кх иза сан коча. Къанвеллачу дийнахь...

## ШОЛГІА ДАКЪА

### VII сурт

Хьуьнан хотехь, тІе латта тесна яьккхина тоьла ларъеш льатта цхьа тилла-тобанхо. Барзас, тебий тІе а воьдий, коьртах хІума тухий, вожаво иза. Тоьлин неІ а йоьллий, чуволу Барза.

Б а р з а. Месаш, ва Месаш!

М е с а ш. Мила ву соь кхойкхург?

Б а р з а. Со ву, со... Со дага ца вогІу хьуна?

М е с а ш. Дагавеа... Сан гІо лаца гІоьртира хьо цу дийнахь... Амма хьан аьтто ца хилира, дукха бара уьш...

Б а р з а. Со хІинца хьо дІайига веана... Собар, ас дІадосту хьан куьйгаш...

М е с а ш. Мича йига веана хьо?..

Б а р з а. ЦІа йига...

М е с а ш. ХІан-хІа, дика стаг, сан юьхь яц сайн нанна дуьхьал хІотта... Елла дІаяллалц цІанлур йоцуш, юьхьІаьржонан уьшалахь керчийна со... ДІагІо, жима стаг...

Б а р з а. Иштта дІаваха ца веана со, Месаш, хьо дІайига веана...

М е с а ш. Месаш яц, йийна Месаш. Са чохь елахь а, цуьнан сий дайина, цуьнан оьздангалла хIаллакйина... Хьуо дика болх бан гIертахь, со боккъал а ехьа...
Йоьлху.
Тоьпан хIоъ тохий... Суна ца лаьа яха! Суна ца лаьа маьлхан серло ган... И Соьлжа хи тIедоьттича а цIанлур яц-кха со.
Б а р з а. Месаш, Месаш... Суна а моьттура хьуна иштта, хIокху боданан жIаьлешна тIаьхьа а ваьлла лелаш...
Амма Ушурма схьа гича, цуьнан къамел хезча, иза цхьалхачу хьуна орцах а ваьлла, вала кийча хилча... Хийцаелира сан ойла... Со ваханера и волчу, бусалба стеган тоба дан...
Цо хIун боху хаьий хьуна: цкъа а тIаьхьа дац стагана тоба дан... ша вала вижале кхиъчахьана... Цкъа а тIаьхьа дац керла дахар доло... Хьуна а тIаьхьа дац, хьо жима ю.
М е с а ш. ХIан-хIа, дика стаг, хьуна мелла а атта ду...
Хьо къонах ву... Со йоI ю... Сан сий дайина...
Б а р з а. Месаш, Месаш... Ушурмас хIун боху хаьий хьуна: цхьаьнгга а дайалур дац кхечу стеган сий, боху...
Стеган сий дайа гIертачо дойург шен сий ду, боху... Иза
Далла а, нахана а хьалха юьхьIаьржа хир ву, боху...
М е с а ш. Наха юьтур яц со... ХIокху маьлхан дуьненахь сох ца кхаьрдаш стаг хир вац-кха, цхьа сан нана йоцург...
Б а р з а. Бакъдац хьуна... Ву хьуна хьо хьашт йолуш, хьо оьшуш стаг...
М е с а ш. Мила ву иза?
Б а р з а. Хьо ца кхетта хIинца а?.. Со ву-кх, со. Цу дийнахь ахьий, Ушурмассий хийцира сан дог-ойла, хийцира сан са... Со воккхаве, со кхана лийр велахь а, суна хьо гина, ас Ушурмин бакъ даше ла а доьгIна... Суна серло гина... Яло, дIадоьду вайша...
М е с а ш. Суна томана дуьйцу ахь, хьайн дагахь доццушехь...
Б а р з а. Ца дуьйцу, Месаш, ца дуьйцу... Сан кхидIа долу дахар маьIне дац, хьо соьца ца хилахь...
М е с а ш. Наха вуьтур ма вац хьо, дика стаг, тIехбеттамаш беш...
Б а р з а. Ас тIаьххьарчу хенахь нехан кIезиг ойла йо,
Месаш. Суна нах реза бан ца лаьа, суна Дела реза ван лаьа. Цундела цара хIуъу аьлча а, бен дац. Дела ву сан дог-ойлий гуш. Яло, Месаш...

М е с а ш. Дела реза хуьлда хьуна, дика стаг, ахь юхаерзий суна дегайовхо... Со гуттар а декхар ю хьуна хьалха... Со кийча ю хьоьца дуьненан маьIIе ян а.
Б а р з а. Вайша Ушурма волчу гIур ду. Цуьнга вайн барт бусалба динехь чIагIбайта. Дала декъалъе хьо,
Месаш!
М е с а ш. Дала декъалве хьо, дика стаг!
ДIадоьду.

**VIII сурт**

Серло йов. Серло летча, Ушурмин чохь: Іумар-Хьаьжа,
НогIамирза, кхиберш.
У ш у р м а. Іумар-Хьаьжа, дIаязде ахь: «Вежарий, лаьмнийн мехкашкахь беха нах! Цхьа мотт, цхьа гIиллакхаш долуш, цхьана орам тIера схьадогIуш цхьа вежарий ду вай. Цундела со шуьга кхойкху: бусалба дине дерза. Делан дезчу дашо – Къуръано бохург де, АллахI цIе йолу Дела цхьаъ ве, Мохьаммад пайхамар (Делан салам хуьлда цунна) бакъве. Дала тIедехкина парзаш кхочушде... Делан цIенчу динца шун дегнашка юссур ю къинхетаман серло, шун доьзалшка – барт, керташка – беркат, шуьга шайга – иман а дуссур ду. Нагахь шу хIинца а има ца дуьллуш, бакъ новкъа ца довлуш Іахь, шу гуттаренна а дуьсур ду дуьненчохь дехаш Іесаллин боданехь тиладелла лела, ткъа эхартахь – жоьжахатин цIергахь дага.
Со, Ушурма, гIена-кхоьлах сайна тIедилларца, векал вина шуьга и дIаала. Нагахь шу тIе ца дерзахь, со, Алдара Шабазан кIант Ушурма, шун махка вогIур ву тIамца, цIарца шуьга дийнал-ислам тIеэцийта».
І у м а р - Х ь а ь ж а. ДIаязди.
Н о г I а м и р з а. Дукха кIеда-м дац техьа иза. Нах, къаьсттина Іеса нах, кхето ондда кхерам оьшу.
У ш у р м а. Оццул аьлча тоьар ду. ХIинца, ІумарХьаьжа, гIебартошка, чергазашка, эдагашка, гIумкашка кечде кехаташ...
Н о г I а м и р з а. Ушурма, бакъдоллуш, кху аренцара нохчийн нах хьан хьехамаш бахьанехь, дикачу агIор хийца а белла, хIинца арахь йоьжна йисина хIума схьа а ца оьцуш, гуччохь охьа а юьллу. Ахь ма аллара, хIора биъ некъ къаьстачохь ялтех дуьзна сайреш дIахIиттийна, наха шайн хьашташна совъевлла хьаьжкIаш а, кIа а, мукх а чу а духкуш. Денна а совъюьйлушю уьш. Хьоьгара масал а оьцуш, куьг

бехке воцург маьрша вуьтуш, куьг бехке верг а, цуьнгара и ца хууш даьллехь, маьрша вуьтуш, табелла богIу нах. Амма и цхьана юкъана бен дац хьуна. Кхана-лама шаьш хиллачул а чIогIа галбевлла дIабуьйлалур бу. Цундела нах тахханехь цхьана хорша берзо беза.
У ш у р м а. НогIамирза, билггала хIун ду вай дан деза аьлла, хьуна хеташ?
Н о г I а м и р з а. Ушурма, Iедал хIотто деза нахана тIехь, хIора юьртана да хIотто веза. ХIора итт кIуьрана – цхьацца верас. ХIора кIуьрах ял яккха еза. Мехкан юкъара гIуллакхаш кочушдан оьшу Iедал кхолла деза. БIо вовшахтоха беза, пхийтта шо кхаьчна верг бIаьхо хила хьакъ ву... Дуккха а ду-кх уьш, Ушурма, халкъ низамехь латто дан деза хIуманаш. ХIуманан кеп хила еза, Ушурма, ца хилахь, ахь мел дуьйцург эрна дов.
У ш у р м а. НогIамирза, халкъ хорша дерзо даьхни ма дац, я кепа тоха поппар а бац.
Н о г I а м и р з а. Бу хьуна халкъ поппар, шех йиннарг хуьлуш. Кепа тохар стенна дуьйцу ахь, хьайна лаахь оцу поппарх кхийра пхьегIаш а ян йиш ю-кх хьан. Куьркахь ятта а йоттуш...
У ш у р м а. ХIан-хIа, ас бийр бац халкъах поппар а, я поппарх пхьегIаш а.
Н о г I а м и р з а. И ца дахь, ахь долийначух гIуллакх-м хир дац.
У ш у р м а. Со и дан гIоьртича а хир дац гIуллакх.
Нохчийн къомо ахьа дуьйцу Iедал тIе ца эцна хIинццалц схьа. ХIетте а вовшашна юккъехь нийсонан терза а латтош, вовшех летта хIаллак а ца хуьлуш, осал, акха а ца долуш, даьхна.
Н о г I а м и р з а. Цундела ду-кх вай иштта декъаза.
Цхьана агIор – ницкъ, вукху агIор – дин, шарI тIетаIийча, цхьана кепе догIур ду нохчийн къам. Дукха къинхетаме хила ца оьшу доккхачу гIуллакхна аравальлларг.
У ш у р м а. Хьо бакъ хила а тарло, НогIамирза. Амма сан кхин некъ бу: сан герз – дош ду, дашца Къуръан а,
Делан Элчанан (Делан салам хуьлда цунна) хьадисаш адамашна довзуьйтуш, церан кхетам, синош цIандалийта гIо дар. Суна гIена-кхоьлах Дала тIедиллинарг, бусалба нехан лаамца доцург, нуьцкъала цунна коча долла гIуртур вац со. Има диллинчу нахана цхьа а къизалла

гайта гІуртур вац со... Делан цІенчу динна дуьхьал бевллачу нахана бен тур ойбур дац ас.
Н о г І а м и р з а. Доккхачу хиэ ша догІуш шена дуьхьал нисъелла дечиг, кол, кхийолу хІума хІаллакьярх цецвийла ца оьшу.
І у м а р - Х ь а ь ж а. НогІамирза, хьайниг тІедаккха ма гІертахьа, хьайниг. Ушурмин шен некъ бу, Дала цунна гайтина...
Чуволу Дени.
Д е н и. Ассаламу-Іалайкум!
Н о г І а м и р з а. Ва Іалайкум салам!
У ш у р м а. Хьо лаа вуй?
Д е н и. Лаа ву... Вай бина бехкам бохош, Теркал дехьарчу гІалагІазкхийн говраш лаьхкина Бурсага...
У ш у р м а. Бурсаг?! Хьенан мила ву и?
Д е н и. Іамархин кІант ву.
Н о г І а м и р з а. Тилла-тобанах ву моьтту суна иза а.
Д е н и. Волчух тера ду...
У ш у р м а. Говраш мичахь ю?
Д е н и. И хууш стаг вац. Эвла йистерчу хьуьнха яхана говрийн лар.
Н о г І а м и р з а. Дерриге а хІуманаш хаа лергаш хила деза нахана юкъахь.
У ш у р м а. Дени, и говраш схьа а лехна, юхаерзо еза.
Іумар-Хьаьжа, дІаязде сардале кехат. Вайн гІалагІазкхашца а, муьжгашца а хІумма а дац ала. Тхуна шуьца барт оьшу ала. Аша тхо Іадда дитчахьана, аша ярташ ца ягийчахьана, шуьца цхьа а мостагІалла дац. Мелхуо а хьошалла а, гергарло а ду. Ткъа шун говраш лечкъор цхьана хьекъал доцчу стеган карахь ду. И говраш оха тахана-кхана шайн дега дІакхачор ю. И бахьанехь вайна юккъера барт ма иэгІабе. Иштта яздай, кехат эций, катоххий геланча вахийта. Вайн йиш яц цаьрца барт иэгІо. ТІаккха вайн гІуллакх некъан юьххьехь духур ду. Катоххий дІакхачаде и кехат.
Д е н и. Дика ду. Ас Барза хьажор ву цига. ТІахъаьлла стаг ву иза. Серло йов.

**IX сурт**

МаьркІаже. Теркан йист.
Ба р з а (ша-шега). ХІара ю-кх соь йийцина меттиг.
Кхуззахь хила еза-кх гила-кеманца Терках вала меттиг.

ДІо дехьа берда йистехь гуш цхьа нах а ма бу.
(Мохь тухуш). ХІе-хІей, гІалагІазкхий! ХІей!
Т е р к а л д е х ь а р а м о х ь. ХІей, нохчо! ХІун боху ахь?!.
Б а р з а. Суна Кола оьшура.
Т е р к а л д е х ь а р а м о х ь. ХІунда оьшура хьуна иза?
Б а р з а. Кехат ду сан, цуьнга сардале дІадалийта.
Т е р к а л д е х ь а р а м о х ь. Жимма собарде.
ХІинцца схьакхойкху оха Коле.
Оцу хенахь Хьакха гучуволушен накъосташца – тилла-тобанан декъашхошца.
Х ь а к х а (тІе герзаш лоцуш). Меттах ма ваьллахь.
Тилла-тобанхоша гуо бо. Барза дІавада тохало. Амма тилла-т обанхоша тухий, вожаво.
Мича даха гІерта хьо, жІаьлин цІога. Тхо жимма хьеделлехь, хьо-м Теркал дехьа даьлла доьдуш хилла. Хьовса цуьнан дегІах.
Тилла - тобанхоша, Барзин дегІах хьовсий, герз а, кехат а схьаоьцу.
Х ь а к х а. ХІара хІун кехат ду?
Барза вист а ца хуьлу. Хьакхас доьшу кехат.
Х ь а к х а. Ушурмас – сардале! ХІара бежаІу а ву-кх цхьаъ хила гІерташ!
ИэтІадо кехат.
Х ь а к х а. Цул а тоьлашханиг Іеламстага Баташа яздина.
Четара кхин кехат схьадоккху.
Б а р з а. Баташ?.. Иза а ву шуьца?
Х ь а к х а. Ву аьлла къонах массо а ву. Хьо, жІаьлин цІога, дІадахарх, тхан тоба юхур яц... Дистхила хьо, жІаьлин цІога! Дистхила! Цхьа а лаам бац хьан валале хьалха.
Б а р з а. Шу боьха хІуманаш дика евза суна. Аш кхочушбан цхьа а лаам а бац-кха сан.
Х ь а к х а. Зуда-м хьайна хьакъ ерг кхаьчнера хьуна.
Хьо дІакарчийча, юха а тилла-тобанан хІусамнана йийр ю оха цунах.
Б а р з а. Боьха хІума! Дуьненахь жІаьла хилла веха хьо, велча жоьжахатахь а вогур ву хьо хаддаза.
Х ь а к х а. Велча, цигахь хІун ду а ца хаьа. Ткъа дийна волуш ас хьуна иштта хІума туху.
Тоьпан бух тухий, вожаво.

Б а р з а. Хьо боданан лай хилла веха, дуьненчохь серло ю-яц а ца хууш... Ткъа суна гина и серло...
Х ь а к х а. ТӀетоха цунна!
Тилла - тобанхоша етта Барзина.
ХӀинца тоьар ду, ши ког, ши куьг лаций, Терка чу кхосса и жӀаьлин цӀога.
Тилла - тобанхоша хи чукхуссу Барза.
Х ь а к х а. ХӀара дика дӀанислуш ду. И Кола боху гӀалагӀазкхи схьа макхеччи, хӀара Баташа яздина кехат дӀаделчахьана, дерриге а дика хир ду.
Т е р к а л д е х ь а р а м о х ь. ХӀе-хӀей, нохчо!
Схьавеъна Коля.
Х ь а к х а. ХӀара кехат ду-кх тхан баьччас Ушурмас шун сардале доуьйтуш.
Т е р к а л д е х ь а р а а з. Кехат дохьуш хьо схьавогӀу, я со дехьа волу.
Х ь а к х а. Гила-креманца хьо дуьхьал вола, ас сайн геланча дӀавоуьйту хьуна кехатца. Терка юккъехь вовшахкхетар шуьшиъ... Цул сов, цу кехата тӀехь хӀуъа делахь а, шайн сардале дӀаала мегар ду хьуна... Тхан баьчча Ушурма ву шуна кестта шу Ийдалал дехьа кхийса вогӀур волуш... Ткъа оха ши де хьалха лаьхкина шун говраш тхо шух цуьрриг дешаш цахиларан билгало ю шуна... Вахьа-хьа!
Воьлу. Серло йов.

**X сурт**

Эвла йистерчу хьуьнхахь цхьана айинчу меттехь лаьтта нах, оьрсийн салташа цӀераш тесначуАлда а хьуьйсуш.
Д е н и. Маржа Алда! Дедайша хьаннаш хедош, ирзош дохуш йиллина хьо сийначу цӀаро дӀалеци... Маржа нохчийн оьзда хӀусамаш яӀ! Ма къиза хьоьшу-кх шу дог доцчу мостагӀчо. Баккхийчу наха гӀиллакх, оьздангалла йийцина юьртан пхьоьханан майда, къорзачу эпсарша, хама боцуш, юьзи-кх хьо.
Н о г І а м и р з а. Вайн барт хиларх кхоьру уьш...
Ушурма волчу хӀокху шина хӀорда юккъерчу халкъех болу нах схьататтабелча, хӀинца-м барт хуьлуш боллу кхеран аьлла, и ца хилийта тӀелетта... Говраш ца лачкъийнехь а, кхин бахьана карор дара. Яа дагадеъча, шен кӀорни ченала хьакхийна чано.
Ушурмас ден шабарш хезий, къамелаш совцадо.

У ш у р м а. Веза-сийлахь хилла волу Дела! ГІо делахь тхуна тешнабехкаца, ямартлонца тхан хІусамаш, ялташ дагош, адамаш, даьхни дойуш тІелеттачу мостагІчуьнгара бекхам эца...
Дехьо-о, тоба а йина, лаьтта Баташ а, Іеламсолта а, кхиболунах а.
Б а т а ш. ВаллахI, хІаллак-м яйти хІара нана-Алда оцу Ушурмас, и туьйранаш а дуьйцуш, и нах вовшах а бетташ. ХІинца хІунда лаьтта хІара кху гу буьххье а хІоьттина, юрт хІаллакйойтуш, хІинца гайта беза-кх Дала шена белла ницкъ. Іовдал нах Іехош санна атта ма дац мостагІий эшо.
І е л а м с о л т а. ДІавала кхузара! ДІавала! Делан неІалт цу хьан маттана! ДІавала кхузара.
В о к к х а с т а г (цІеххьана мохь болуш). Вай хІун деш лаьтта, сийначу цІарах йогуш вайн юрт а йолуш. Бац техьа царах летта белла дІабовла нах? Со ца Іело! Я
АллахI, гІо делахь!
Чухьоду. Юьстахо лаьтта зударий, бераш.
1 - р а й о к к х а с т а г. ХІун деш лаьтта хьо,
Ушурма? Хьалхавала нахана, бига уьш тІаме. Ца го хьуна хьешана тешаме лаьттина вайн оьзда хІусамаш сийначу цІарах ягош, вайн шуьйра уьйтІешшайн шалго бергашца хьоьшуш юьйлаелла лела и къорза хьакхарчий?!. Бига хІара нах Дала къобалдинчу дезчу гІазоте.
У ш у р м а. Дела собар динчуьнгахьа ву. Цкъа уьш шаьш дийриг дина бовлийта.
Ушурма шен накъосташца дехьа волу.
2 - г І а й о к к а с т а г. Хьо хІун ала гІерта, ва
КІозарш, Дала къайле еллачу шайхе? Хьан хІун хьехам бу цунна бан?
1 - р а й о к к а с т а г. Сан бІаьргаш ду нана-Алдахь хуьлуш дерг ган. И ду ас дуьйцург...
2 - г І а й о к к а с т а г. Хьан бІаьргашна а, вайн массеран бІаьргашна а ца гург а го хьуна Ушурмина, Дала гІо дойла цуьнан.
Церан къамел а хезаш, лаьтта Ануй, Чечий.
А н у. Юрт ягийча а, цунах шеквала кийча верг, цо хьоьху некъ а битина, кхечу новкъа вала веза.
Гу лекхачохь кегийрхойн тоба.
1 - р а т І е м а л о. ГІазотана вала лууш верг цхьаьнгга а хьежа а, хетта а оьшуш дац.

2 - г I а т I е м а л о. Бакъду-кх иза. Дуьло, кIентий!
2 - г I а в о к к х а с т а г. Совца, бераш. Баккхийчара боххург де.
1 - р а т I е м а л о. ХIан-хIа, воккха стаг. Тхан ворхIаннан сацам хилла баьлла. Тхо дийна оцу тIамера духадовла йиш яц.
2 - г I а т I е м а л о. Юьртахой! Оха ворхIамма тIелеци шуна тIера къинош, аш и дан тхо векал дахь.
1 - р а т I е м а л о. Векал дин аш тхо, шайн къинош тхайна тIе а лаьцна, гIазотан цIергахь дагадайта?
А ь з н а ш. Векал ди! Реза ду!
2 - г I а т I е м а л о. Делахь, дуьло, кIентий! Дела а,
Делан Элча а ву-кх вайн накъост.
А ь з н а ш. Дала къобал дойла шун гIазот! Дала декъала дойла шу!
ВорхI кIант яьхначушаьлтанашца юьрта чухьоду. Дехьа маьIIехь лаьтта Ушурма а, цуьнан накъостий а.
Д е н и. ХIинца аьтта, ягийна бевли уьш вайн юрт.
I у м а р - Х ь а ь ж а. ХIинца бухабоьрзуш бу, шайна юьртахь карийна даьхни хьалха а лаьхкина.
Д е н и. Хьуьнчу булуш лаьтта.
У ш у р м а. ХIинца тIекхаьчна вайн зама. Дела теш ву-кх, сан лаамехь дацар-кха хIара цIий Iанор. Дуьло!
АллахI Делан цIе багахь а, дагчохь а йолуш, тIаме хIуьттур вай! Дала аьтто бойла вайн!
БIаьхошна хьалха а волий, тIаме чухьоду. Цунна тIаьххье чухьовду бIаьхой а, нах а. ТIом. Тоьпийн татанаш.
Маьхьарий. Узарш.
А ь з н а ш. – Я АллахI! ГIо делахь!
– Ведча а ма валийталаш цхьа а!
– Улло нисбелларш шаьлтанашца бара!
– Шайн накъостийн декъий а дитина, уьдуш бу...
– Соьлжа йисте гIуо цхьа тоба!
– Цхьаъ дехьа ма валийталаш уьш Соьлжах!
– Церан цIийх цIийдалийта Соьлжа-хи.
– Я АллахI! Хьо орцах вала!
– Же ям, кIентий! Тохалаш! Iотталаш!
– ОллохIу Акбар! ОллохIу Акбар!
Масех минотехь бахло тIом. И дIасецча назманан аз хеза.

Серло йов. Серло летча, юьртан майда. ТIамехь лазийнарш, белларш схьакхоьхьуш, майдана охьабохкуш бу. Нах бу гуллуш.
А ь з н а ш. – Муха вара Ушурма тIамехь?
– Ша Турпал-Iела санна.
– Цо ластийна тур дахлора...
– Цо цкъа тоьхча иттех вужура...
– Цуьнан тур лаьттах кхетча, боьра хIуттура.
– И борз санна каде вара.
– ВогIуш ву Ушурма. ВогIуш ву.
– Нур гIуьтту цунна тIера...
Адам Ушурмина, цуьнан куьг лаца, цунах дIахьакхадала гIерташ, тIетаттало.
1 - р а в о к к х а с т а г. ХIай, нах, хIай! Иштта вай тIететтадаларх гIуллакх хир дац. МогIа бай, дIахIитта.
Шайхан куьг лаьцначун куьг лаьцча а, цуьнан шен куьг лаьцча санна, мел хир бу. Иштта шолгIа волчунна а кхочур ду изза дакъа, бIолгIа волчунна а.
Нах, могIа а бой, дIахIуьтту.
Н о г I а м и р з а. ЛадогIал, нах, ладогIал! Вай массо а теш ву тахана хиллачун. Хетарехь, цхьанна а шеко яц Дала вайна дика дина хиларх, хIара Ушурма вайна юккъера валийтина. ТIехь Iу воцу бажа бара вай тахханалц. Тахана вайна тIехь Iу ву - и лаьтта Ушурма. Цуьнан хьекъал, майралла, доьналла бахьанехь вай кот а девли1 къизачу мостагIел. Дерриге а Соьлжа хи дIалаьцнера церан лаба йолчу куйнаша. Оццул хIаллакбира вай уьш. Тахана дуьйна дIо лаьттачу оцу Ушурмин цIе – шайх Мансур ю шуна.
Мансур толамхо, тоьлларг бохург ду.
А ь з н а ш. – Шайх Мансур!
– Шайх Мансур!
– Дала сий дойла хьан, шайх Мансур!
– Дала аьтто боккхийла хьан кериста эшо.
Куьг ойий, нехан гIовгIанаш а совцайой, Ушурма вист хуьлу.
У ш у р м а. Бусалба нах! Нохчий! Тахана Дала вайн аьтто бин мостагIел тола.
I у м а р - Х ь а ь ж а. ЛадогIал, нах, ладогIал!

У ш у р м а. Аьтто бин вайн бехк цахиларна, уьш тешнабехкаца, къизаллица вайна тIелетта дела, цара тIом вайца бина ца Iаш, мотт ца хуучу хьайбанашца а, Делан дезачу ялтица а, Iаламца а бина дела. Оцу сийлахь хиллачу
Далла бу-кх хастам, вайн аьтто бинчу. Аш дуьйцу цхьадолу хIуманаш, хIай бусалба нах, тарделла ду шуна. Ас цкъа тур тоьхча кхоъ а ца вужура, я сан тур лаьттах кхетча боьра а ца хIуттура...
В о к к х а с т а г. Дала сий де хьан, хьайн оьздангалла ю-кх ахь лелориг. Хьан йиш ма яц иштта ца ала...
У ш у р м а. ХIинца, кхуза а хIиттина, къамелаш дечохь дац вайн гIуллакх. ЛадогIа аш массара а, сема ладогIа аш.
Тийналла хIутту. Оцу тийналлехь хеза зударийн тийжам.
У ш у р м а. Хезий шуна и нанойн тийжам? Баккхий нах, иманан дешнашца дог эца церан. Беха вайн тIамехь эгнарш Деле. Дала къобал дойла церан кIайн гIазот! Лазийначеран чевнаш ехка, кхайкхa царна Нохчийчуьра уггаре а говза дарбанчаш. Дала декъала йойла церан чевнаш!
Д е н и. Вай йийсаре балийна а бу чевнаш хилла нах...
Вуьшта, чов хилаза, шайн лаамехь карабаьхкинарш а бу...
У ш у р м а. Дархой, чевнаш дIа а ехкий, Соьлжал дехьа а бахий, дIало. Вуьйш цкъадолчунна вайца бита.
Бусалба дин а, вайн гIиллакхаш а тIеэца уьш реза хилахь, вайн вежарий бу-кх уьш. Реза ца хилахь, шайн лаамехь а буьтур бу-кх вай уьш. Ткъа хIинца вайн гIазотан тIамехь эгнарш дIаберзо кечам бе.
Гучудовлу бераш. Цара назма олу:
Ахь доссийна КъорIан лоруш,
Хьуна езна амалш ларъеш,
Дийнал-ислам синойл дезна,
Беллачарна, Дела, гечде.
Тоьллачарал тоьлла хилла,
Делан гIазот дезаш хилла,
Мерза дуьне хийра хилла,
Беллачарна, Дела, гечде.
Нах назманца дIабоьлху.

## XI сурт

Ушурма волчохь гулбелла нах: Iумар-Хьаьжа,

НогIамирза, Дени.
Н о г I а м и р з а. Адам хьох чIогIа тешна, Ушурма.
Хьошайца хилчахьана, хIуъу толам шаьш боккхур бу моьттуш.
Цундела гулбелла уьш арахь. Хьоьга шаьш ГIизларгIала яккха дига бохуш.
У ш у р м а. НогIамирза, дукхахдерг нахана сох тарделла, моттаделла хIума ду. Вай кийча дац ГIизларе яккха. Вай ца тулу долу тIом бан ца лаьа суна. Цу тIе сан некъ а, сан Iалашо а кхин яра – хIокху шина хIордан юккъерчу адамашна юккъехь дийнал-ислам чIагIдар. ТIаккха вайна кхераме хир вацара цхьа а мостагI.
Н о г I а м и р з а. Нахана чIогIа дагчу дижина иза...
Нах Iийр бац хьо ГIизларе ца веъча. Амма цига ваха новкъа валале нахана юккъехь низам хIотто деза, чIогIа низам. И ца хилахь, доьхна ду вайн гIуллакх.
I у м а р - Х ь а ь ж а. Муьлхха а сацам айхьа тIеэцале нахаца къамел дича бакъахьа ду аьлла, хета суна,
Ушурма.
У ш у р м а. Иштта бакъахьа хир ду. Нагахь ас къамел дича а, уьшшайна хетачунна тIера буха ца бовлахь... ХIун дийр ду? ГIур ду-кх вай ГIизлара а... Кху нахах ваьлла ваха меттиг яц сан-м.
Уьш арабовлу. Арахь гулбелла нах. Тайп-тайпанчу герзашца.
А ь з н а ш. – ВогIуш ву, Дала къайле цIанъяриг!
– Дала сий де хьан!
– Далла бу хастам, хьо тхуна веллачу!
У ш у р м а. Бусалба нах! Вежарий! Со ладугIуш ву-кх аш соьга дечу къамеле.
В о к к х а с т а г. Дала сий де хьан, шайх Мансур.
Кхузахь вистхила-м вацара со, делахь а наха суо векал вича, церан лаам кхочушбо-кх. Хьуна ма гарра, кхузахь дукха нах бу: нохчийн аренцарчу ярташкара а, Нохчмахкара а, ламчуьра а, ГIумкичуьра а, Суьлиймахкара а,
Iаьндара а, ГIебартара а, эдагийн махкара а. Уьш массо а хьох бIаьрг тоха, хьан даше ладогIа, хьуна тIаьхьа а хIиттина, гIазотан тIаме хIитта баьхкина кхуза, шортта совгIаташ а дахьаш: даьхни, говраш, ялта, деши, ахча...

ХIорда тIера хIорда тIе кхаччалц даьржина-кх хьан сий а, хьан цIе а. Кхузахь гулделлачу дерриге а халкъана лаьа ахь ша керистана дуьхьал тIаме дуьгийла. ТIулгийн пенашца къевлина цхьацца баннаш а дина, вайна гобаьккхина гонаха охьахевшина мостагIий, шайн аьтто мосазза болу цу чуьра ара а буьйлуш, вайн адамаш а дойуш, вайн яртех цIераш а туьйсуш хьийзаш бу, шайгара бекхам эца стаг а воцуш. И баннаш дохийна, аьтта дIадаха деза. ТIамо бен буха ца туху тIом. Тхуна гина хьо тIамехь - хьо шайх хилла ца Iаш, турпал а ву, ахь цкъа тур ластийча иттех вужура, ахь ластийна тур дахлора, мостагI мел гена хиларх цунна тIе а кхочуш, хьан тур лаьттах кхеттачохь боьра хIуттура... Дига тхо ГIизлар-ГIала, дига сийлахьчу гIазотан тIаме.
А ь з н а ш. – ГIизлар-гIопе!
– ГIизлар-гIопе!
– Ва шайх! Ва Мансур! Дига тхо ГIизлар-гIопе!
У ш у р м а. Бусалба нах! Хьеший, шу марша а догIийла! Ас боху хьоьга, Дени, хIокху хьешаша деана совгIаташ, хьайца хьайна оьшу накъостий а эций гIой, мискачу, цхьалхачу нахана, жоьрахь бисначу зударшна дIало.
Нах! Цхьа некъ, цхьа ойла, цхьа харш доцуш стаг а, я къам а хила йиш яц. Вайн генара дай а ца Iийна и дерриге а доцуш. Вайн дайн оьзда Iадаташ хилла церан дахар гурахь латтош. Дала вайх бина къинхетам а боллушехь, вай хIинца а ца деха КъорIано а, Элчанан хьадисаша а мабоххура, я ура-атталла вайн генарчу дайн Iадаташца а ца деха вай. Дицдо мискачунна закат дала, аьшпаш бутту, ца къастадо бакъдерг харцонах, кIайниг Iаьржачух, вай лелайо хьагI, цуьнца хийцина вайн дайшкара дуьйна схьаеъна сийлахь ях, вай ца къастадо хьанал-хьарам, вайна сихха бицло Дала вай метта дахкийта вайна тIебиссабо сингаттамаш. Бутт бац мохк а бегийна, хIокху майданахь гул а делла, вай дуй бууш чIагIо йина, хIума ца лачкъо, осала ца лела... Дукха а бевлла вайна юкъара и дуй бохийнарш.
Тахана АллахI цIе йолчу вайн везачу Дала вай толий харцонца вайна тIевеначу мостагIал, иза герзаца а, тIом баран говзаллица а вайл дукха а тоьлашха воллушехь. Амма и толам вайга Дала вай Iехадалийта ца кхачийна. Вай дегнашца, синошца, гIуллакхашца цIандалийта, хьаьгIнаш, весаш, харцонаш, осалбийларш, къоланаш гуттаренна а дIа а дохуш, цIандалийта кхачийна. Нагахь вай и дахь,

ламазца, АллахIа тIедехкинчу кхечу парзашца нислахь, вай ницкъ болуш хир ду, вайн ярташ, хьаннаш хедош, бусалба дин сийсаздеш вайн махка гIертачу Делах бевллачу мостагIел.
ТIаккха вай царна дуьхьал хIиттича, ма луъу, дIа мосазза ластий дахлур ду вайн тарраш, вай буйнаца схьаэцна латта тохахь а, уьш цунах хIаллакьхир бу, ткъа церан молханах латта хир ду, церан герз вайх летар дац. ТIаккха вай лохкур бу уьш кху махкара, лаьхкина Ийдалал дехьа бохур бу уьш... Оцу доккхачу хи тIе кхаьчча, вайн говраша и мелча, вайна некъана оьшург вай катташца схьаэцча, гIаш дехьа а довлалур долуш жимлур ду и хи... Иза хиндерг ду, нагахь вайх хIора а цIанвелла, бусалба динехь нисвелла, хьагI-вас йоцуш, цхьабарт болуш дIа аравалахь. Стаг новкъа валале гулвала веза, шен ойланашца, шен тобанца чIагIлуш. Иштта гулдала деза къам а, ша цхьана новкъа далале, халчу новкъа далале. Тахана вай даьржина ду, гулделла дац. Иштта долчу халкъана хьалхавала, иза цхьанхьа кхайкха сан бакъо яц. ГIена-кхоьлах суна тIедиллинарг
- вайнах Делан цIенчу динехь нисбаларе кхайкхар ду, нисвала луучунна гIо дар ду.
А ь з н а ш.
– Тхо цIанделла дегнашца.
– Тхан массеран а цхьабарт хилла.
– Оха кхочушдийр ду Делан дерриге а парзаш...
– Дига тхо ГIизлар-гIопе...
– ГIизлар-гIопе!
– ГIизлара!
В о к к х а с т а г. КъинтIера ваьллахь, шайх Мансур, со шолгIа а хьайга вистхиларна... Нах тешна-кх, хьо шайца хилчахьана, шаьш къизачу мостагIел тоьлур бу аьлла... Вай вохийна мостагI меттавале бига и майра кIентий
ГIизлар-гIопе... БIаьрга даьлла дитт санна, бале яьлла-кх и гIап нохчийн нахана! АллахI Делан цIе багахь а, дагахь а йолуш вай тIелетча, тIулгашюхадевр дар-кха вайн даръеллачу берзалойх, озаделла.
А ь з н а ш.
– ГIизлар-гIала!
– Тхан устаз, дига тхо ГIизлара!

– Оха доьху хьоьга, хьалха вала!
– Дала сий де хьан, шайх Мансур.
– Вайн махкана гена бахийта и мостагIий.
Н о г I а м и р з а. Нах Iийр бац, Ушурма. Царна
Iаьткъина керистанаша шайна тIехь латтийна харцонаш.
У ш у р м а. Нах! Ас шуьга аьлларг сайна хетарг дара.
Нагахь шуна иштта лаахь, шун лаамна муьтIахь ца хилла ваха меттиг бац-кха сан. ГIур ду-кх вай ГIизлар-гIала.
А ь з н а ш. - Дала сий де хьан, шайх Мансур!
– Далла бу-кх хастамаш, хьо тхуна веллачу!
– Дига тхо ГIизлара, тхан сийлахь устаз.
Хеза назма. Серло йов.

**XII сурт**

Кирхьа дIадаьлча, Ушурмин чохь. Чеча ю доIа деш.
Ч е ч а. Веза хилла волу, АллахI цIе йолу тхан Дела!
ГIо делахь цунна оцу халчу, генарчу новкъахь. Аьтту белахь цуьнан.
ХIара шен цIа а, доьзал а битина, нехан юкъарчу гIуллакхана араваьлла, уьшнисбан гIерташ лела хьуна иза, шена хIума оьшуш ца лела. Орцах ваьллахь цунна!
Нехан дегнашна тIера вожарх, тешнабехках, вуочу бIаьргах ларвелахь иза!
НаьIарехь хIоьттина лаьттина Ану дукха хан йоццуш чуеана.
А н у. БIаьргах, вуочу хIонах ларвийр вара иза, ас шена ШайлагIазера еана ченан мIара а, турсан дечиг а цо шен дегIаца лелийнехь.
Ч е ч а. Болх АллахIана тIебиллина цо, и хIумнаш ца лору цо.
А н у. Хьо а ю-кх сол хьекъал долуш, хьо йина а дагадогIуш йолчу сол. Чечас дуьхьал хIумма а ца олу.
ХIун дуьйцу наха? ХитIа яхча хIумма а ца хези хьуна?
Ч е ч а. Зударий сох къехка, нана. Схьа хIума ца бахахь а, реза бац хьан кIантана. Юьрта декъий кхехьа доладелчахьана, берриге а бехк цуьнан хета царна.
А н у. ХIий, хIорш бовдабе чехкачу Механанас... Кху наха вита а ца вуьтуш ма вахара иза цига... Ас ала-м элира, хьан диканах дика а хир дацара кху нахана, хьан серлонах серло а хир яцара, битахь уьш Iадда... Ца Iийр-кха.

ХIорш хIаллакбе Хинанас!.. Вер-ваккхар ца хуьлуш, толам беза кхарна... Нана яла хьан, сан кIант! Нана яла хьан!
ХIун идош лела хьо, букъ тоха накъост воцчу, батто гIум къегочу паначу арахь. Ларвелахь иза, веза хилла волу
Дела!..
Тийналла.
А н у. Цхьа сингаттам хила боллу-кх! Даго хьоьху суна.
Даго хьоьху. Ва-а, со яла хьан, сан кIант! Ва-а, со яла хьан!
Йоьлху. Жимма хан яьлча, йоьлхучуьра саца а соций,
Чече йистхуьлу.
А н у. Хьан бехк бу, Чеча. Хьан бехк бу. ЦIийнада цIенна тIеверзо веза, цуьнан са акха ца далийта. Доьзална тIеверзо веза! ХIуъу дина а, молханаш лелийна а!
Ч е ч а. ОстопируллахI! ОстопируллахI! Дала ларйойла со оцу хIуманех... Дуьне а даьккхина, эхартах муха ера яра со, нана? Цу тIе хьан кIант соьга хийцалур волуш вац: дуьненан а бала кхочу цуьнан деган, иштта са а ду цуьнан даьржина. Вайн хIусам дукха готта ю цуьнан сина.
А н у. ХIетте а хьуна лиъна, хьуна карор дара дарбанаш. Мел буьрса вара, мел са акха дара цуьнан ден. ХIетте а сан ницкъ кхечира и цIенна тIеверзо.
Ч е ч а. Хьан кIант иштта вац... Стеган дагахь дерг а хаьа цунна.
А н у (йоьлхуш). Шена а, доьзална а воцуш, варжа воллу сан кIант. Дуьненах дакъа доцуш виса воллу. Нана яла хьан, сан кIант! Нана яла хьан!
Жимма хан йолу.
А н у. Нагахь цунна хIума олуш стаг я зуда суна хаалахь, ас юьхь цоьстур ю церан хIокху сайн ирачумIарашца!
Ва-а, нана яла хьан! Оцу паначу махкахь орцах вала стаг воцуш, елха нана йоцуш, товжа йиша йоцуш, хьайн турпала голаш акхароша йожуш, хьайн кIорга бIаьргаш хьаргIанаша муьйлуш виса воллу техьа хьо. Ва-а, нана яла хьан! Хьуо винарг яла хьан!
Серло йов. Серло летча, б е р а ш юкъа довлу. Назма олу.
ХIай Делан цIена дин, ма гIоьнча вац хьан,
Хьо тодеш, кхиадеш да-нана дац хьан,
Хьоьца сакъералуш доттагIий бац хьан,

Ма байлахь диси хьо, я дийнал-ислам...
ДегI доцуш, цIе ю хьан дуьненахь йоккхуш,
Хьан нуьре дегI лоьхуш, орца дац доккхуш,
Хьо сийсаз диначух бехк ма бац боккхуш,
Ма байлахь диси хьо, я дийнал-ислам.
Масане да-нана дуьнено дийна,
Масаммо доттагIа Iехавеш вийна,
Йиш-ваша къестадеш, марзонаш хедда,
Халкъ байлахь диси-кха, я АллахI-дели.
ХIар дуьне даима дуьсур ду моьттуш,
Дуьненах дин духхуш, эхартах буьйлуш,
Ва кхана хиндолчух ойла яр доцуш,
Мунепикъ соввели, я АллахI-дели.
Дела вац аьлла, кериста вели,
Ва цуьнан теш хилла мунепикъ хIоьтти,
Церан юкъ тойина шайтIа ма дели,
Вайн Дала гIо де хьан, я дийнал-ислам.

**XIII сурт**

Сатосу зама. Ану ю цIунийн элгацаш йолчу еана. Ехха хIуттий лаьтта иза. ТIаккха къамеле йолу.

А н у. ХIей, Села - стигланийн эла, хIай Механана, хIай Хиннана, хIай Тушоли, Маьлха-Аьзни!.. Тахана со, Ану, еана кхуза, аш сийлахь леринчу метте, ЦIен берде... Шух дагаюьйлуш, шух тешаш лийли со... Амма тIаьхьарчу хенахь де-дийне мел долу, бIаьста IиндагIехь дижина ло санна, жимлуш, бешаш дIабели сан шух болу тешам. Ткъа тешам а боцуш дагчохь, шу хьехор, шуна суждане эхар доккха къа а ду. Ас урс хьаькхна Iаьржа боргIал еана шуна, шу суна къинтIера довла, соьца чIир лелош суна бекхам бан а ма гIерта. Тахана тIаьххьара ас дIатосу шу... ХIун дуьйцушю со, цкъа а хилла а боцчаьрга, аса а, со санначара а кхоьллинчу бIарлагIашка. Берриге ницкъ шегахь болчу, дерриге – хIума а, адам а, Iалам а, хьайбанаш а, жинаш а кхоьллинчу, веза хилла волчу, къинхетаме волчу Далла АллахIана бен ас корта тухур бац хIинца дуьйна дIа.
Ашшаду алла, илахIа иллаллахI, ва ашхIаду анна МухьаммадаррасуллуллахI. АллахI Дела цхьаъ ву, Мухьаммад-пайхамар бакъ ву.

Хийисте охьа а хуий, ламаз оьцу. Ламаз эцна йолучу хенахь йогIий, схьакхочу ШайлагIаз.
Ш а й л а г I а з. Даго хьоьхур-кха суна, хьо кхузахь хир ю бохуш. Хьо ца хилла, мила хир яра кхузахь. Вайшиъ бен хIокху ЦIечу бердаца а, езачу элгацашца а бала болуш стаг а ца хилча. Со-м и дийца гIерташ ярий, пханар тIе хьаьжнера со. Ушурма дага а лаьцна. Хала некъ беш ву иза. Наха, доцург тIе а кхоьллина, дIатоттур ву иза...
А н у. Со ца теша ахь дуьйцучух, ШайлагIаз.
ШайлагIаз цецъюьйлу цо аьллачух.
Ш а й л а г I а з. Муха? Мацца дуьйна?
А н у. Тахана дуьйна.
ШайлагIаз Iадайой лаьтта.
Ш а й л а г I а з. Хьо муха ца теша сийлахьчу Селех, Механенах, Буоламах, хIокху безачу ЦIечу бердах?
А н у. Дукха хан яра сан са декъаделла, ШайлагIаз.
Шеконаша хьийзайора со. Тахана дIаевли сан шеконаш.
Тахана тIаьххьара Iодика йин ас хIокхуметтиган а. АллахIа тIедеххкина декхарш кхочушдийр ду ас.
Ш а л а г I а з. Ахь хIун дуьйцу? Ахь хIун дуьйцу?..
А н у. ХIаъ, хIаъ. АллахI-дела цхьаъ ву, Мухьаммадпайхамар бакъ ву.
Ш а й л а г I а з. Ткъа вуьйш?
А н у. Вуьйш бан а бац. Вуьйш вай лело суьрташ, моттаргIанаш ю. ХIай, АллахI-дела! Гечделахь суна ас хIинццалц летийначу къиношна.
Ш а й л а г I а з. Ткъа ас тосучу полах а, со пханар тIе хьажарх а ца теша хьо?
А н у. Ца хаьа. Цхьацца хIума нис-м ло хьан...
Ш а й л а г I а з. Цхьацца ца нисло, дерриге а нисло.
Алда яго баьхкинарш хIаллак цхьана хьан кIанта бира моьтту хьуна?
А н у. Ца моьтту. Наха бира.
Ш а й л а г I а з. Наха бира... Ткъа уьш тIелата кечлуш бу аьлла ма хеззи, кху юьртана гуо туьйсуш, мостагIашна некъаш доьхкуш лелларг мила яра?
А н у. Хьо яра, ШайлагIаз.
Ш а й л а г I а з. Ас хьайна елла ченан мIара а, туьрсан дечиг а дIаелирий ахь Ушурме?
А н у. ДIа-м елира ас, цо дIа ца ийцира...

Ш а й л а г I а з. ХIаъ, цунделла хилла цунна некъахьовзам. Цо уьш дегIаца лелийнехь хIумма а хир дацара...
А н у. Суна иштта ца хета, ШайлагIаз. Суна аса а, ахьа а, массара а доггах Ушурмас бохург динехь – АллахIдела цхьаъ хиларх, Мухьаммад-пайхамар бакъ хиларх тешнехь, цара йохор яра муьлхха гIап, – суна хIинца иштта хета.
Ш а й л а г I а з. Ану, суна го хьо: ойла дIахьаьвзина хьан. Кхин сан накъост яц хьо.
Ану дIайоьду. ШайлагIаз цунна тIаьхьа хьоьжуш ларта, и къайлаяллалц. ТIаккха охьа а хуий, кIозарш дIаса а лестош, юьхь тIе мIараш а хьоькхуш, йоьлху.
Ш а й л а г I а з. Ва-а, нана яла сан! Нана яла сан! Суо цхьаъ йиси-кх со, хIара сийлахь ЦIен берде Iалашъян. Суо цхьаъ йиси-кх со ширчу дайша, наноша сийлахь хеташ лелийнарш лело. Ва-а, Села, ва-а Механана, ва-а Буолам, ва-а Малх... Шу орцах довлийша, шуна го-кх соьгара хьал.
Ва-а-а.
Йоьлху.
Серло йов. Серло летча, некъа йисте а хIоьттина, хьаьжа тIе куьг а диллина, некъехьа бIаьрг а бетташ ларта йоккха стаг. АстагIа а лелхаш, шен карарчу гIожа тIе а теIаш, цIехьа вогIушжима стаг го цунна.
Й о к к х а с т а г. Жима къонах, хьо ГIизларера вогIий?
Ж и м а с т а г. Де дика дойла хьан, баба... Цунна уллора-м вогIу.
Й о к к х а с т а г. Дин боцуш, гIаш ма ву хьо.
Ж и м а с т а г. Цу паначу махкахь гуттаренна а Iилла бисина сан дин.
Й о к к х а с т а г. Йоха ца йи аша и ГIизлар-гIап?
ХIаллак ца би аш и къорза эпсарш? Белха ца би аш церан кхахьпа зударий?
Жи м а с т а г. ХIан-хIа, баба. Нохчийн кIентий ГIизларгIопан пенаша совций.
Й о к к х а с т а г. Терсмаймал тарраш дацара шун, и пенаш цеста?
Ж и м а с т а г. Тхан таррашна дуьхьал цара яккхий тоьпаш ехира... Къора тоьхча заза санна, эгийра цара нохчийн кIентий.
Й о к к х а с т а г. Вай, шаьш ца бина нана яла церан, шаьш ца бина нана яла церан.

Цхьанхьара гучуваьлла, Киришка лаьтта цушиннан къамеле ладоьгIуш.
К и р и ш к а. Ушурма вацара шуьца?
Ж и м а с т а г. Вара. Ушурма а вара.
К и р и ш к а. Цо дIа мел ластий дахлуш дацара цуьнан тур?
Ж и м а с т а г. ХIан-хIа.
К и р и ш к а. Цо цкъа тур ластийча итт ца вужура? Цо мостагIийн тоьпийн молханах латта ца динера?
Ж и м а с т а г. ХIан-хIа. Церан тоьпаша дошан дарц деттара тхуна тIе.
К и р и ш к а. Хьа-хьа-хьа. Хила дезарг хилла! Туьйранчина тIаьхьа а девлла ца даханехь, хир дацара. Хаза-м ву шун устаз! Хьа-хьа-хьа! Хьа-хьа-хьа!
Ж и м а с т а г. Сацийта! Хьан хIун дара Ушурмина ала! Ас Далла хастам бо сайна и гарна. Суо цунна тIаьхьа а хIоьттина цига вахарна, ас цигахь сайн цIий Iанорна! Ткъа
ГIизлар-гIап ца йожар, тхо эшна духадерзар цуьнан бехк бац! Хьан бу, Киришка, хьо санначийн а бу! Шу саннарш тхуна юккъехь мел бу, тхо тола йиш а яц! ДIахоийла шуна,
Ушурмина хIума аьлларг сан мостагI ву шуна!
К и р и ш к а. Кхин цкъа а гIуо, и хьалха а ваккхий! Тхо санна кIентий шуьца хиллехь-м, шу иштта юха а догIур дацара. ГIизлар-гIопара кIайн хIонц йохьуш догIур дара...
Хьа-хьа-хьа. Банкера деши а дохьуш... ХIинца шортта декъий а дохьуш догIу! Хьа-хьа-хьа.
Буьйлуш, ирх а кхийсалуш, къайла лелха тилла-тобанан декъашхой. ОьгIазвахана, царна тIаьхьа хьоьжуш лаьтта жима стаг.
Ж и м а с т а г. КIиллой!
Й о к к х а с т а г (жимчу стагана тIе а кхетий, елха а йолалуш). Шаьш ца динарг яла шун, нохчийн кIентий!
Шаьш ца динарг яла шун.

**XIV сурт**

Юьртан майда. Дуккха а гулбелла нах.
К и р и ш к а. ЛадогIал, нах! ЛадогIал! Уггаре а тхо оьшучу хенахь, со а, Биркъиш а, тхан накъостий а юьстах бахийтира Ушурмас. ХIун дара оха деанарг? Вайн дайша лелийнарг: Теркал дехьа а доьлхий, рема лоллур-кха наггахь. И бахьанехь тхо махках а даьхна...

В о к к х а с т а г. И бахьанехь дацара...
Къамелана юкъавала гIерта воккха стаг. Амма цуьнан гIо ца лоцу цхьамма а.
К и р и ш к а. Шуна уггаре а чIогIа гIо оьшучу хенахь, тхоюьстах даьхна, шушаьш дитира. Суна дагадогIу Ушурмас кху майдана дIа а хIоьттина, вайн тур дIа мел лести дахлур ду, вай ластийначу туьрах итт вужур ву, церан молханах латта хир ду бохуш...
В о к к х а с т а г. Бакъ дац! И хир ду цо ца бехира. Ас бехира. Наха бехира.
Киришкас и тергал а ца во.
К и р и ш к а. Хилирий царах хIумма а кхочуш? Ца хилира. Уьш туьйранаш хилла. Бердех деттало Органан хи санна, ГIизлар-гIопах а деттаделла, шайн кортош а дохийна, цIа дирзи шу а...
Б а т а ш. ХIинца тоийтал! Тоийтал, Киришка! Со хир ву вист. Нах! Ас шуьга эр ду, ас хьалха а элира: Ушурма цхьа а шайх а вац, я Дала къайле елла стаг а вац. И бахьанехь вайн юрт а ягий, цул тIаьхьа дуккха а ярташ а ягий.
Дуккхачу нахана зенаш а дин. Нах хIаллак а бин. Иза вай санна болу Iаьржа нах Iехо араваьлла стаг ву, вайна тIехь олалла дан гIерташ...
Цундела боху ас, доцург ду а ца бохуш, нахана зуламе ваьллачуьнга IаддаIе ала деза-кх вай, тхуна хьан хьехамаш а ца оьшу, я тхо хьуна тIаьхьа а хIуьттур дац.
НогIамирза волу гу лекхачу.
Н о г I а м и р з а. Харцлуьйш ву хьо, Баташ. Харцлуьйш! Бутт хьалха иштта вовшах а кхетта, наха аьлча, нехан дош лардина реза хилира Ушурма, вайна хьалха а ваьлла, ГIизлар-гIопе ваха. Амма кечам кIезиг хиларна, вай синошца а, ойланашца а кхоччуш цIанделла цахиларна, вайн ницкъ ца кхечира и мостагIийн бен бохо. Вайн тоьллачу накъостех а къисти вай. И тIамехь эгна, Делан кхиэле бирзина и кегий нах буьззина къонахий бара, вайн нохчаша массара а дозалла дан а мегар долуш. Дала къобалдойла церан гIазот! Дала ша реза хилла собар лойла церан гергарчарна а, церан дакъа мел кхочучарна а.
А ь з н а ш. Амин!..
К и р и ш к а. Ушурмас хIаллакьбира-кх уьш а!
В о к к х а с т а г. Цхьа дакъазалла ю вай, нохчийн,

Дала цунах кIелхьара довла аьтто бойла вайн... Дукха сиха вожаво вай вайх ваьлла стаг, и ког баьккхина а валале цуьнанн болар емалдо. Хала некъ, беха некъ, син цIеналле боьду некъ юьхьарлаьцначуьнга цхьаъ, шиъ, кхоъ, пхиъ, итт, бIе ког баккхийта. Цул тIаьхьа дийца цуьнан болар а, цуьнан некъан аматаш а...
Тилла-тобанан гIовгIанаш.
Б а т а ш. Аматаш дац оха дуьйцург. Цо халкъ хIаллакдар ду, харц новкъа а хьовзийна.
А ь з н а ш. – Бакълуьй!
– Бакълуьй!
ГIовгIанаш чIагIло. Серло йов.

**XV сурт**

Ушурма хIолламийн кешнашкахь. Сатосу хан.
Кхелхинчийн сурташ хIуьттуцунна.
У ш у р м а. Сан ваша, орцахваьлла-кх хьо суна.
КъинтIера ваьллахь... Суна тIехь дукха ду хьан декхарш.
Со хьайл жима воллушехь, цкъа а сан лаамна дуьхьало ца еш, вайн юрт яго баьхкинчу мостагIех леташ вуьйжи хьо...
Сан ницкъ ца кхечира оцу халчу киртигехь хьуна орцахвала. ХIаъ, реза вац хьо суна. Цундела лаьтта хьо, соне а хIоьттина, корта лестош... Сан ваша... Ас сайн ницкъ кхочург дийр ду хьуна дуьхьал юьхькIайн ван... ДIавоьду хьо...
Тийналла.
Хьо мила ву... Хьо?.. ХIаъ, дагавеа суна хьо, жима къонах. Сулим яра хьан цIе. Хьан-х пхийтта шо бен дацара.
ХIетте а тIамехь уггаре а хьалха хуьлура. Стелахаьштиг хилла летира хьо ГIизлар-гIопан пенойх. Амма и тIулгийн пен боха ца луш, цунах кхетта вуьйжира. Хьуо дохко ца ваьлла боху ахь... Дуьненан марзо эца ца кхиънехь а, хIуьрлаIа мехкарийн гонехь ву хьо? Дала къобалде хьан эхарт! Са цIена гила а бу хьоьца? Оцу дийнахь дIаьндарго лаьцна гила бохий ахь? Ма дика ду и. ХIавааца ду хьан вахар-Iер? Дала декъалвойла хьо.
ДIадов суьрташ.
Марша я хьо, Делан Iуьйре! НиIмат ду-кх, бода дIатоттуш, дуьне къагош хьо йогIу Iуьйре. Везандела, хьуна Iамал а еш, лаьттах буьртиг а буьйш, цунах кхуьучу кенах рицкъа а хуьлуш вахарал сов ас

сатийсина кхин хIума дацар-кха. Хьуна го-кха дог-ойла. Амма ахь суна гайтина некъ нахана ца бийца йиш яцара сан, ахь гайтина серло нахана ца яхьа а йиш яцара сан. Со цкъа а шех цIанлур воцуш къа хир дара-кх суна тIехь, и ас динехь. Амма ахь хьехна и некъ бахьа ма беззара дIабахьа сан ницкъ ца кхечи, наха бохучунна тIе а тайна, ца тулу волу тIемаш а бин ас, кхин дуккха а гIалаташ а дийлийти. ЖаллажалалахI, ахь суна гечделахь, ахь тхох массарах а къинхетам белахь!.. Юха а ун даьржина адамийн кхетамехь, дегнашкахь, церан хIинца а чIагIдалаза долу иман духуш ду. Везандела, нисбелахь уьш иманехь.
Ойла еш Iа.
Ямартло йоьссина цаьрга. Со, шайна нийса некъ хьеха гIиртинарг, керистане дIавала а кийча бу уьш.
Когийн татанаш а хезий, ладоьгIуш Iа.
У ш у р м а. Нана, нана, Дала къобалде хьан тоба. Ахь боху стаг хила йиш яц сан. Сан лаамехь хIума дац хIара.
Татанаш дIадовлу.
У ш у р м а. Везандела, ма хала хIума хилла-кх нахана некъ хьехар. Хьуна дагахь а доцург дуьхьал долуш хиллакх. ХIинца цхьаъ хила доллу-кх кхунах аьлла хеттачу хенахь, дерриге а духу. Бакъ хилла-кх назмано бохург:
Гулвала гIертарах гуллур вац хьуна,
Хьо гулдан гIертарах гуллур дац хьуна.
Серло йов. Серло леташ - юьртан майда. Шина декъе екъаелла нехан тоба. Гучуволу Ушурма.
У ш у р м а. Ассалому Iалайкум!
А ь з н а ш. Ва Iалайкум салам!
I е л а м с о л т а. Ва Iалайкум салам! Ушурма, хьо вистхилале хьалха къасто дезаш цхьа хIума дара сан, ахь пурба лахь...
У ш у р м а. Пурба ду-кх хьуна.
I е л а м с о л т а. ЛадогIалаш, нах! Дикка ладогIалаш!
Схьа гучуваьл, Баташ!
Баташ гучуволу.
I е л а м с о л т а. ДагадогIий хьуна, ахь со волчу а веана, Теркал дехьарчу кериста нахаца хьайн уьйраш ю аьлла? Оцу уьйрех пайда а оьцуш, ахь Ушурмина я кхечу нохчочунна дуьхьал ког баккхахь, ас хьо вуьйр ву аьлла,

КъорIанах дуй биъна а дагадогIу-кх хьуна?
Баташ вист ца хуьлуш лаьтта.
I е л а м с о л т а. Ушурмера кехат эцна Денис сардална тIевохуьйту геланча Барза хьан омрица тилла-тобано, лаза а вина, Терка чу кхоьссина.
Б а т а ш. Бакъдац иза!
I е л а м с о л т а. Ткъа ахь хьайгара кехат а хIоттийна,
Ушурмас шух ца вешаш лачкъаяйтина и говраш аьлла, и кехат эцна тилла-тобанера Хьакха вахийтира гIалагIазкхий болчу...
Б а т а ш. Бакъдац иза!
I е л а м с о л т а. Бакъду! Схьа гучуваьл, Барза.
Барза гучуволу. Б а т а ш цецволу.
Б а т а ш. Хьо... хьо... мичара ваьлла?
Б а р з а. Хьан накъосташа Ушурмин кехат дIа а даьккхина, коьртах хIума а тоьхна, Терка чу кхоьссира со.
Амма Делан къинхетам боккха бу-кх.
I е л а м с о л т а. Муха хиира хьуна Баташ тиллатобанца вуйла?
Б а р з а. Хьакхас Ушурмин кехат иэтIийча, Баташа яздинарг дIалур ду олуш хезира суна.
I е л а м с о л т а. Хезаш ду-кх шу. И иштта делахь,
КъорIан тIехь биъна дуй къарбан со Делах ваьхьар вац!
Iеламсолтас тапча тухий, охьавуьллу Б а т а ш.
У ш у р м а. Я АллахI! Зулам ди-кх ахь, Iеламсолта!
I е л а м с о л т а. Хьерадаьллачу жIаьлина и долчо топ туху, Ушурма, нахана цуьнгара зулам ца далийта. Кхин хIокху жIаьлера сингаттам хир бац-кха хьуна а, я цхьанна а.
У ш у р м а. ХIинца дIадоладели-кх со кхийринарг: вай вовшийн хIаллакдар. Дала лардойла-кх вай оцу зуламах.
Дала иманца собар лойла-кх вайна массарна а.
К и р и ш к а. Ахь долийна-кх хIара зулам, хьо ву-кх цунна бехке!
Т и л л а - т о б а н а н а ь з н а ш. Хьо ву! Хьо ву бехке!
У ш у р м а (цецваьлла, алсамъяьллачу тилла-тобане а хьоьжуш).
Везандела, ма доккха хIума ду-кх суна гург. Ма ца моьттура оццул тилла адамаш девлла нохчий цIе лелочу нахах. ХIара доккха хIума ма ду, Дала цхьа къинхетам ца бахь...

ХIоранна а бIаьргаш чу хьоьжуш волало. Амма церан бIаьргаш чохь – Iовдала сонталла бен, хIумма а ца карадо цунна.
Ма эхь ду хIара. ХIун ду аш лелориг? Цхьана ненахдех дуьненчу девлла дац шу? Цкъа а шаьш хьостуш ненан марзо ца хааелла шуна? Цкъа а ла ца доьгIна ашшайн дас дечу хьехаре? Цкъа а ца хезна шуна КъорIанан дозалла дуьйцуш? Муха ца хезна шуна къематан де а, мизан-терза а, хьеш а кхехкош герга балийна малх а, суртан тIай а хьехош?.. Цкъа а сагIийна еллачу хIумано дагна хьаам ца бина шуна? Цкъа ца тергалйина аш Дала дуьненчу йоссуьйту сирла Iуьйре? Цкъа а ца хьаьвсина шу баккхийчу нехан къинхетаме сатуьйсучу, хих лешалучу бIаьргаш чу? Цкъа а ца гина шуна Делан маликийн - берийн цIена амалш? Цхьамма а ца Iоьттина аш бIаьстенца цу Iаьржачу лаьттах дезачу ялтин буьртиг? Цхьамма а ца хаийна аш хан йоцчу хенахь веана сийлахь хьаша комаьршачу шуьне?..
Йоцца тийналла.
К и р и ш к а. Къахьега ца оьшу хьуна. Хьан туьйранех теша кийча нах кIезиг бу хьуна. Аш тхо халкъан мостагIий дина, махках дехира. Ткъа оха мел дийриг, дIа мел боккху ког нохчийн халкъан дуьхьа бу-кх... ХIаъ, хIаъ. Цец ма вийла хьо. Вайн гIелделлачу, беркъадаьллачу, мискачу халкъан дуьхьа. Вайн къам хIаллакдинарг, тилийнарг хIун ду хаьий хьуна? Суна хаьа: къинхетам, гIиллакх, оьздангалла боху мискачийн хабарш... Цара хIаллакдина вайн майра къам. ДIа бIаьрг тоха ахь гонахарчу жил-Iаламе. Гиний хьуна бежана ша юучу бацана доьлхуш, я борз гиний хьуна оцу бежанах къинхетам беш? Ца гина, я гур а дац.
Иштта ду хьуна адам а. Мисканаш, гIийланаш хIаллакьхила хьакъ бу. Баха безарш – ницкъ берш, доьналла дерш, майра берш, лалийна цIаста мелча а хIумма а хир доцуш, могаш берш... Вайн халкъ могаш хила деза, шеца и пайда боцу хIуманаш доцуш: белхарш, тийжамаш, къахетарш. ТIаккха вай эшор ду муьлхха а къам... ТIаккха вай дола дийр ду аренийн а, ламанийн а, адамийн а, хьайбанийн а, акхаройн а, дерриге а дуьненан а. Хьан зама дIаели, Ушурма, хIинца оха кхетор бу хIара нах.
У ш у р м а. ОстопирлуллахI! ОстопируллахI! Ма Iеса къамел ду иза. Ма тилла къамел ду иза. Бусалба нах! Дала шен сийлахьчу КъорIан чохь боху вайга, има диллинчаьрга: «Шуна юккъера цхьа тоба нах

хуьйла, дика дерг де, бохуш, диканиг хьоьхуш; вуониг ма де олуш, вуон хIума доьхкуш. И саннарш декъала а хир бу». Цундела дара ас лелийнарг. Тахана вай юха а цхьа къастам бан беза, нах.
Вай я и тилла-тоба эккхайо махкара, церан тхьамданашна хIиттийна кIарлагIаш метта а хIиттош... Я царна муьтIахь а хилла, кIел совцу? ХIун до вай!
Тийналла.
Дист ма ца хуьлу шу?..
Тилла-тобане маьхьарий довлу: «Халкъ тхоьца ду! Халкъ тхоьца ду!»
У ш у р м а (церан гIовгIанаш къаръеш). Амма дIахаалаш, тилла-тобане ладоьгIуршшаьш тилла бу шуна.
Ма артбайта шайн кхетам цаьрга, цара халкъ цкъа а хьаладер доцчу осаллин, харцонан, девнийн уьшала дуьгур ду шуна. Ма дигийта вайн къам уьшала! Юьстах ма латта,
Iеламнах, шайн Iилманан серло яржае нахана юккъехь.
Сема хила! Мухха делахь а, сан цIе яьржина хIокху лаьмнийн къаьмнашлахь. Со Делан лай ву, сайна цо тIедехкина декхарш кхочушдан гIерташ, уьш ас кхочуш а дийр ду велла дIаваллалц. Цундела, милла велахь а, со – нохчо – аша керистане дIавелча, цIе южур ю-кх вайн нохчийн нехан, ээарнашшерашкахь дуьйна вайн дайша схьаеана оьзда, майра цIе. Ткъа иза дийр ма ду шаьш аьлла, сийсара
Баташ волчохь кхойтта стага дуй биъна. Тахана уьш кхойтта бен вац, кхана кхузткъе кхоъ хир ву. Иштта даьржар ду и ун. Цундела со суо дIавоьду хIокху махкара, вайна тIе и эхь ца даийта. Эдагийн махка. Цигара геланчаш бу со волчу баьхкина, со шаьш долчу кхойкхуш...
Нахах дукхахберш бист ца хуьлуш лаьтта. КIеззигчу тобане маьхьарий, белхарш довлу.
А ь з н а ш. – Тхан устаз, тхо байлахь дита воллу-кх хьо.
– Тхо хьанах тешадо ахь?
Ж и м а с т а г (нахана юккъера схьа а эккхаш).
Шайх, тхан устаз, Дала сий де хьан, стаг вац-кха хьуна хьох пIелг Iотта. Ас а, сан накъосташа а хIу дойур ду-кх церан.
У ш у р м а. Бусалба нах! Ца оьшу со ларван! Соьгахьа – цхьаберш, суна дуьхьал – вуьйш. Иштта халкъ доькъур дац вай. Вай массо а

бусалба динехьа, нийсонехьа хила деза. Суна хаьа, НогӀамирза, хьо сайна реза воций.
Хьо бакъ хила а тарло, тӀеман низам ца хилча, тӀом балур бац. Амма суна ца лиира вайн маьрша халкъ къизачу низаман гура долла. Вай Іемина дац гур лан. Со кху махкара дӀавахарх, со шух дӀакъаьсташ а вац, я къаста йиш йолуш а вац. Со сайга кхайкхича орцах воьдуш ву, цига ца вахча а ца волуш, ткъа сайн доӀанашкахь ас гуттар а доьхур ду вайн халкъ Деле. Нагахь цигахь, эдагийн махкахь сан бӀо вовшахккхетахь, со вогӀур ву кхуза, Дела воцчу мостагӀашка шу хьийза ца дайта. Цигара дӀа Дала тӀедиллина пхоьалгӀа парз кхочушдан Макка, Хьаьжин цӀа ваха дагахь а ву со, Дала мукъалахь.
В о к к х а с т а г. Со хьох къаьстар вац, сан устаз.
Велхарца Ушурмина улло волу.
Ш а й л а г І а з (нахана юккъера схьа а хьодий).
Ушурма, хьан яла хьо ца вина нана! ХІара нана-ДегІаста йита воллу-кх хьо. Турсан дечиг ю хьуна. Хьайца лелаехьа! Хийрачу махкахь бохамах, вуочу бІаьргах...
Ушурмас дІатотту цуьнан куьг.
Со лойла хьан, дІа ца оьцу елахь. Вуочу бІаьргах ларвийр ву хьо, хьайн дегІаца лелае ахь.
У ш у р м а (и дІа а тоттуш). ХІан-хІа, ШайлагІаз, цхьана а дечиго а, тІулго а, малхо-батто а ларвийр вац стаг, ша Дала ца ларвахь.
Ш а й л а г І а з (йоьхна хьаьвзаш). ХІун дийр ду ткъа, хьуна лууш ца хилча?..
БІаьргех хи а долий, юьстах йолу.
У ш у р м а. Шу марша Іойла, юьртахой! ДоьгІнехь, гур ду вай. БІаьрнегІар тухучу юкъана а шу диццдина вац шуна со! Марша Іойла шу. Дела а, Делан Элча а ву-кх шун накъост!
А ь з н а ш.
– Марша гІойла!
– Марша гІойла!
– ЦІа верза хье ма лолахь!
Ушурма дІаволало. Цунна тІаьхьа хІуьтту Іумар-Хьаьжа а, Дени а, Воккха стаг а, эдагийн геланчаш а. Гучудовлу бераш. Цара назма олу.
Шерачу аренашка хьаьжна,
Лекхачу лаьмнашка бІаьрг тоьхна,

Ца езаш ца юьту хьо нана-ДегІаста бохуш,
Ва-а, устаз, хьо волавелча,
И Делан Іаьржа латтанаш
Хьан къина дилхина хиллера,
ХІинца хьо ДегІастана вухавоьхуш
Делха мегар дацара техьа?..
Керистанаша лелочо хьовзийна,
Делан Элча Медина воьдуш,
Элчанна тІаьхьа болабелла арап лам санна,
Ва лекха сийна лам,
Устаз махках волучу дийнахь
Цунна тІаьхьа хІунда ца болабелира хьо?!.
Цу керистанан, мунепикъан дог-ойла хийцаелла,
Устаз ДегІастанахь вуьсур вацара техьа,
ХІетахь ца болабелла, маца болабала боллу хьо,
Ва лекха сийна лам?..
Екхначу суьйранна дІабуза боьду малх санна,
ХІара нана-ДегІаста йитина,
Хьайн баккхий, кегийра муридаш,
Доьзалаш хьайна тІаьхьа белхабеш,
Къайлаваьлла лелаш вериг,
Дала хьайна пурба делла,
Хьуо лелачу махкахь
Буьйса декъал йойла хьан!
Серло йов. Назма гІелло.

К и р х ь а.

1990 шо.

# БЕРЗАЛОЙ

**Берзалой**[2]

Шина декъехь драма

Д а к ъ а л о ц у р ш:

Э н и с а

А ь р з у

Б е р д

Ч о в к а

Т о в с о л т а

Н К В Д - н э п с а р

Н К В Д - н б е л х а л о й

Н а х

Коьрта хилам дIабоьду1945-чушарахь, Iай, нохчийн лаьмнашкахь.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

Цхьана ламанан районан НКВД-н отдел чохь йолчу цIеношна хьалхара майда. ХIиттина лаьтта НКВД-н могIарера салтий, царна дуьхьалвирзина – Эпсар.

Э п с а р. Накъостий! ХIокху халчу хенахь, вайн дерриге а Советски халкъ фашистски Германина тIехь толам баккхархьама, шен ницкъ берг а, боцург а деш доллучу хенахь, турпала Советски эскар, фашизман бен бохон, онддачу боларшца Берлинехьа теIачу хенахь, кхузахь вайн букъа тIехьахь зуламаш деш хьийза «нохчий» бохучу халкъан мостагIех тIаьхьабисина бандиташ. Нохчийн цIий долчу стагах цкъа а партина а, сийлахь-воккхачу баьччина Сталинна а тешаме бIаьхо хирг цахилар дийца ца оьшуш бакъдерг ду. Цундела царна, халкъан уггаре а луьрачу мостагIашна бен бекхам къиза а, къинхетам боцуш а хила беза! Накъостий! Вайн ирс хилла: хIара Кавказан лаьмнаш халкъан мостагIех дIацIандаран сийлахь-доккха исторически гIуллакх кхочушдар вайна тIедиллина. Цундела аша, революцин майрачу лоьмаша, дерриге а дан деза и оьзда декхар дуьззина кхочушдархьама!

С а л т и й. Ура! Ура-а-а!

Эпсаран къамел гIеллучу хенахь гучуволу ламаз деш волуБерд. Хеза илли.

Сан мерза ваша, буьрса дарц далахь,
ПаргІата ца волуш йовххачохь,
Цкъа аравалий, ахьа ладогІалахь
Цу дарцо кхоьхьучу гІовгІане.
И борз яц хьуна, сина даръелла,
Лекхачу цу гу тІехь сел шийла угІуш,
Хьан ваша ву иза, гІайгІанна бІарзвелла,
Декъазчу берзан оьмар дІакхоьхьуш.
Илли гІелдаларцца, хаза долало Бердан доІа.

Б е р д. Веза хилла волу Дела, хьуна хаьа-кх тхоьгара хьал, ас ца дийцича а. Ма доккха къа хила деза-кх оха латийнарг, махках даххал Хьо оьгІазвахийтина хилча. Кегийчу берийн, къеначу нехан ма бацара цхьа а бехк. Церан дуьхьа а, ямартло ца евзаш, оьзда, сацІена, маьрша баьхначу тхайн дайн дуьхьа а юха махка берзабахьара

Ахьа уьш. Оцу шийлачу, хийрачу махкахь хІун леладо техьа цара? Везандела, гІо делахь царна махках къастарна болчу балане хІаллак ца бойтуш, хийрачу мехкан шелоне синош гІора ца дойтуш, адамаш хилла диса. Везандела, со реза ву ахьа динчунна! Чуьркан тІоммал бен айхьа ца леринчу хІокху дуьненахь тайп-тайпанчу баланашца тхо зуьйш ву хьо! Тхан синошка ца лалун баланаш ма лохьа тхуна, Везандела. Хьуна гуш ду-кх хІокху адам-йилбазаша, хІокху жІаьлеша адмашна тІехь хІоттийнарг. Цара хІаллак ма йира ненан цхьаъ бен йоцу, оьздангалла а, хазалла а яхьаш кху дуьненчу еана хилларг. Аьлбика. Маржа Аьлбика. Везандела, атто елахь цуьнан сина, дуьненан марзо эцна ца еъна хьуна иза эхарта. ХІокху йилбазаша дерриге халкъ а дакъазадаьккхи. Везандела, аьтто белахь сан царах хьакъболлу бекхам эца.

Куьйгаш хьала а хьоккхий, дІатоь. Хан йолу.
Ло ду-кх вайна догІуш. Кху шарахь дукха оьху иза…
Ялта дика хир ду.

Т о в с о л т а. Ялта… Ялта хилийта догІуш дац хІара, кху махкана марчо хила догІуш ду-кх.
Тийналла льтта цхьана ханна.
КІира даьлча шо кхочу хІетахь дуьйна.

Б е р д. Ас денош дагар а ца до. Аса жІаьлеш дагардо, айса дайина и жІаьлеш. Денош а, буьйсанаш а суна цхьатерра ду. Іа а, бІаьсте а, аьхке

а, гуьйре а – цхьаъ ю, цхьа бодане хан. Оцу боданехь суна еккъа цхьа сайн Iалашо – жIаьлеш бен хIумма а ца го. ХIинца кхин хIума ган эша а ца оьшу.
Чухула дIасахьоьжу, цхьаъ лоьхуш. Цхьа тиша кхийра кхаба карайо.
Т о в с о л т а. ХIун дан воллу хьо?
Б е р д. Кху чохь ло а деъна, хи кхехко воллу. Кийра бох бан… Араволу.
Т о в с о л т а. Белла мохк. Лайн марчо а хьарчош, дIабуллуш бу… ЧувогIу Берд.
ЦIе йоккха ма латаелахь. ДIахаалахь, йоккха топ тоьхна, хIара цIа кхоьссина дIадохуьйтур ду хьуна.
Б е р д. Кху цIенна йоккха топ еттал комаьрша ду техьа и жIаьлеш.
Т о в с о л т а. Кхунна мича кхоор яра цара иза, цхьанна а новкъа йоцчу, олхазараш бен тIе а ца кхочуш, лома буьххьехь лаьттачу бIаьвнна а тоьхна хилча.
Б е р д. Иза-м новкъа яра царна.
Т о в с о л т а. Стенна?
Б е р д. Иза лекха йолу дела. Шайн ницкъ кхаьчча, хIара лаьмнаш а дIашардийр дара цара, стигал чутухур яра. Иза дан Дала царна ницкъ ца белла.
Т о в с о л т а. Дала… Цара динарг ца тоьа хьуна?
Цхьа хан йолу.
Б е р д. Ахьа стенна ца до ламаз?
Т о в с о л т а. Со реза вац Далла.
Б е р д. ОстопируллахI!
Товсолтийн бIаьра хоьжу.
Т о в с о л т а. Стенна цецвуьйлу хьо? Хьо хьанах догйовха ву? Хьуна гIо дан мила ву? Хьо ор чохь ма ву.
Гой хьуна?! Д1аведча – пен, схьаведча а – пен. ТIулгийн пен! МIараш тийсарх, цергаш йихкарх меттах а бер боцуш.
Б е р д. ХIун де боху ахь соьга?
Т о в с о л т а. ХIумма а… Эрна къа стенна хьоьгу ахь? Ша тулур воцу тIом цабар хьекъал лерина.
Б е р д. Цу тIера дIадаьлла хIара.
Т о в с о л т а. Ломал дехьаваьлча, Гуьржийн мохк бу.
Цигахь цкъа а Iа а ца дулу…

Б е р д. Сан хIун гIуллакх ду Гуьржеха ваха. Со сайн цIахь ву!
Т о в с о л т а. Хьуна ца хаьа…
Б е р д. Хаьа! Суна хьуна ца гинарг а гина. Суна къематде а гина. И лекха ламанаш лестош, лаьттах детташ, дуьне, ластийна, ластийна, кераюкъ санна, шардеш, дуьнен чуьра массо а хIума: адамаш, акхарой, сагалматаш, дитташ, бецаш – хIаллакьеш, хьаькхначу мохана дуьхьал хIоьттина а лаьттина со – Борз. ТIаккха, сайна тIера ерриге цIока махо дIа а яьккхина, лаьтташ, сан ойла хилира:
«Везандела, дерриге а дуьне а шардеш, хьаькхначу мохана дуьхьал латта а сан ницкъ хилча, сан ницкъ хила декхар ма ду сан халкъ шийлачу паналлехула дIасадаржийнчарах бекхам эца а».
Т о в с о л т а. ТIаккха хIун хилира хьан бекхам эцарх?
Хьуна моьттучу кепара эцалур бац бекхам…
Б е р д. ТIаккха цергаш туьйхира ас кху дуьненах, амма уьш цхьана чIогIачу хIуманах тасаелла – мокхаз-тIулг бара техьа иза? – садукълуш дара сан, амма тIаьххьара а сан бIаьргаш можачу бIагоро дIалоцуш, сан ницкъ кхечира мочхалш ваьштадахийта, дуьненах цхьа дакъа йоккхуш, со генна аркъал кхийтира… ТIаккха дIакхеттачохь кхаа дийнахь, кхаа бусий са метта доуьйтуш со Iуьллуш, со кхийтира: гIуллакх хир дац дерриге а дуьненах тасаваларх, жимжима оьцуш эца беза ас бекхам. Хиллачул бIозза сов серладелира сан бIаьрса, ирделира сан лерса. Суна хезара мел гена хиларх жIаьлеша дийриг; буьзна а, бехна а, вай хьешашна леринчу чоьнашкахь паргIат а бевлла, СоьлжагIалара далийнчу кхахьпа заддашца сакъера уьш буьйлабелча, со тIелетара. Багахь жIаьлийн цIий хааделча, бекхам эцаран хьаам кхочура даге…
Т о в с о л т а. Ткъа хьо иштта декъаза йорт идош лелаш, хIун гIо дира хьуна хьо суждане оьхучу Дала?
Б е р д. Вайна тIекхаьчначунна Дела бехке ван ма гIерта. Цунна бехке нах бу.
Т о в с о л т а. Муьлха нах? Г1орасиз, баккхий нах?
Мотт ца хуу бераш?
Б е р д. ХIан-хIа, уьш бац. Вуьйш бу.
Оцухенахь сценин кIорIгенехь гучубовлуНКВД-н
Эпсара, салтий а, цара локхуш маршю:
ГIатта! Нисло! Хьалха таIа!

Дуьне Iадош лакха маIа!
Мохь а тухуш, оха
Массаьрга а боху:
ХIума йоцчух
ХIума йийр ю,
ХIума ериг
ХIаллакйийр ю.
Тоьпийн татанаш, жIаьлийн летарш, цIерпоштан гIовгIанаш, нехан маьхьарий, хьайбанийн Iехарш. И суьрташ гIелдаларца хаза долало илли.
Берд илли олу, жимма хан яьлча, Товсолтас а т1аьхьара олу, тIаьххьара а илли угIаре доьрзу.
И чуьйна болат ма чIогIа ду,
И сенчу цIаро дагадо.
Хьо стенах дина кийрара дог?
Ма чIогIа дина хиллера хьо, кийрара дог.
Ишийла шовданаш гIорийна,
Цу диттийн баххьаш тIе кIац йиллина,
ХIокху нохчийн, гIалгIайн махка
Шийла кхаъ кхаьчча,
Ца дешира, ца дегира кийрара дог,
Хьо стенах дина хилла?
Ма чIог1а дина хиллера хьо.
И къена дай-наной куьйга гIиттабеш,
Шайн нанойн накхошха маликаш къестош,
Вай махках даха гIовттийнчу дийнахь,
Ца дегира, ца дешира кийрара дог.
Хьо стенах дина хилла? –
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Болатан цу багахь сийна цIе летош,
Гомачу новкъа дуткъа дегI сеттош,
И цIеран машенаш юьйлаелча,
Ца дегира, ца дешира кийрара дог.
Хьо стенах дина хилла?
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Тийналла, хьоькхучу дорцан гIовгIа.

Б е р д. Хьуна ма ца хаьа хIара хIун ду! ХIара къематде хилла а ма ца Iа. Вай эзарнаш шерашкахь кхузахь баьхначара Iалашдинарг а ма дайина – хIара латта. Вайнехан адамийн хIу а ма дайина вай. ХIун тайпа тIаьхье хир ю хийрачу махкахь хьалакхиийнчух? Я хир а юй те иза? Вай дерриге а хIаллак ма дайтина адам-йилбазашка…
Арахь гIовгIа йолу.
Т о в с о л т а (эгавеш, коре пIелг а хьежош). И… и… Схьаьеъна хьуна юха а Б е р д. Мила? Собарделахь цкъа.
Топ а оьций, араволу. ЧувогIу, хьалха а яьккхина Човка ялош.
ХIара варий хьуна гинарг?
Т о в с о л т а. ХIаъ… хIара мила ю?
Ч о в к а (и шиъ тергал а ца веш)
ХIара цIе-м дика латийна ашшимма. ЭхI, йовхо! Ма дика а ю йовхо. КIадъелла. Iуьйранна хиира шуьшиъ вогIур вуйла. Цундела айса дIадехкина Iежаш, кхораш дан яханера… Схьавола баа…
Аса…
ТIулгаш охьатуьйсу.
Б е р д (схьа а волуш).
Са ду хьо, я цIий ду хьо?
Ч о в к а. Синош дуккха а ду кху чохь. Цу паднара баьрчехь Iа Куьйрин са…
Б е р д. Мила Куьйра?
Ч о в к а. Бо-бов! Топ а тоьхна вийнарг… Берриш а дIабуьгучу дийнахь…
Товсолта, сехьа а волий, ийзалуш паднара ийсте охьалахло.
Цига ма хаалахь. Цигахь бер ду.
ТIе йоьдий, паднара тIера бехчалгашна юккъе хьерчийиа цхьа хIума схьаоьцу.
Ма делха, ма делха,
Бабин Гаки, ма делха.
Хьаьмцаш арахь тIебевлла.
Лай тIехь цIазамаш евлла.
УьстагI бажа бахана,
Цуьнца газа яхана,
Цуьнца жIаьла дахана.
Ма делха, ма делха,

Бабин Гаки, ма делха.
Б е р д (ц1еххьана и евзий).
Човка! Хьо яц иза?! Ахь хIун леладо? Хьо мичара яьлла? Хьо ма хийцаелла? Хьуна хIун дина?
Ч о в к а. Со елла.
Б е р д. Хьо ма ю иза, Дала къайле цIанъярг. Ахь ца элира стигларчу седарчашка а хъаьжна, цхьа боккха бохам хир бу?…
Ч о в к а. Со яц иза… Со хьоза ду.
Б е р д. Муха яц?
Ч о в к а. ДогIа… ДогIа деара. ТIаккха иза дIайигира.
Б е р д. ХIаъ, хIаъ… Йокъа хIоьттинчу шарахь ахьа,
ЦIечу баса а яхана, доIа дича, шолгIачу дийнахь догIа ма деара… Наха хьоьга хаьттина бен хIумма а ца дора, я гота а ца охура, я ялта а ца доьра.
Ч о в к а
(Iадийча санна Iай, цIеххьана).
МуцIа…
ГIовда… Шуьшиъ ма хьевели… Хьуьнха вахана вара шуьшиъ…
Йоккха яра хьун? Уьшалш яра кIорга? Нана яла шуьшиннан. Кхин цкъа а гIур вац шуьшиъ хьуьнха.
Цкъа а гIур вац… Ашшимма хIун до? Мича воьду шуьшиъ? ДIаваха… ДIаваха…Юха а оцу уьшалш йолчу хьуьнха дIаваха… Нана яла МуцIин, нана яла ГIовдин…
Йоьлху.
Б е р д. Шен ши кIант вуьйцу. Лаьцна цIера дIавигна волу. Бежана санна эсала ши стаг вара, бага биллича пIелг а Iовшур боцуш.
Т о в с о л т а. ДагавогIу суна и шиъ. ДагавогIу.
Ч о в к а. Гаки, Гаки, ма делха,
Газа-гуьзалг цIа йогIур ю.
Цо шура а йохьур ю,
Шура хьуна малор ю.
Гаки, Гаки, ма делха.
Шена тIевогIу Товсолта а гой, хеба. Ма тоха! Ма тоха! Ас кхин дийр дац доIа.
Т о в с о л т а (кьежаш). Нана мича яхана оцу Гакин?
Ч о в к а. Асара яхана.

Т о в с о л т а. Асара? Іаьнан юккъехь! Хьа-Хьа-Хьа.
Хьерваьлча санна воьлу.
Б е р д. Собар! Собар деха хьайн Деле.
Т о в с о л т а. Дела… Мичахь ву иза? ХІара ца гуш Іа иза?
Б е р д. Вайн бехк Далла тІетатта ма гІерта.
Тийналла цхьа хан йолу. Б е р д корах арахьоьжу. Ч о в к а, шен «бер» охьа а диллина, цхьацца деш хьийза.
Б е р д. Дарц дІасецна, екхаш ю вайна. ХІара къемат тІедале, хьалха, молла хила дагахь вара со… ХІора Іуьйранна момсар тІе а волуш, нахе ламазе кхайкха.
Хеза ламазе кхойкхучумоллин аз, тІаккха назма а.
ГІеллуш дІайолу назма.
Ч о в к а. Гаки, Гаки, ма делха,
Нана цІехьа йогІуш ю,
ЦІазамаш а дохьуш ду,
Хьуна цо уьш дІалур ду.
Т о в с о л т а (мохь хьокхуш)
ДІасаца!…
Ч о в к а. Ма… ма… ма яккхалахь сан мІара, ма яккхалахь!
Б е р д. Ма чехае иза.
Ч о в к а. «Іедал дохон деза элирий ахь» – «Ва-а, ца элира! Муха ца элира?» – «Элира», ала! «Ва-а-а, ма яха сан мІараш!» – «Сардамаш доьхкирий ахь». – «Доьхкира» – ала! «Доьхкира!» – «ХІунда доьхкира? Ва-а, ма етта?» – «Дела вац ала! Ву!» – «Ас херхаца хадайо хьо!»
– «Хьо Дажал ю?» – «Ю, Дажал, сан ву хьо, я делан ву?!»
– «Делан ву!» – «Велахь, дІалаца!» – «Ва-а-а».
Охьа а южий, лаьттахула керча.
Т о в с о л т а (мохь хьокхуш).
Сацийта! Сацийта!
ДІаяла уллора!
Б е р д (шекволий). ХІун ду кхо лелориг?
Т о в с о л т а. Ца хаьа.
Б е р д. Хаьа! Ца хаахьара, хьо иштта воьхна а хир вацара?
Т о в с о л т а. Делахь хаьа-кх суна. Цо лелориг хилларш ду.
Б е р д. Муха хилларш? Мичахь хилларш?

Т о в с о л т а. Со хьалха а волуш, ницкъ бира цунна, иштта, цо ма гайттара…
Б е р д. Хьо хьалха волуш йиттира…
Т о в с о л т а. Йиттира…Шен ши кIант лаьцча, Iедална сардам боьллина аьлла. ТIаккха хIара коьртаца телхича, дIахийцира…
Б е р д. Хьуна мичара хаьа иза? Мила ву хьо ван?
Т о в с о л т а. Дуккха а бара уьш…
Ойлане дIавоьду.
Амма и цхьа йоI дагара ца йолу… Лекха яра иза, талл санна, луо санна кIайн дара цуьнан амат…Серло яра цуьнца гуттар а… Ткъа НКВД-н хьаькимо Малцага сан гIоьнца дIаяйира и серло… ХIинца ойла йо аса: и бахьанехь хIоьттина-кх кху махкахь бода… ЦIе а яра цуьнан хаза – Аьлбика…
Б е р д
(1адавой). ХIахI, хIун элира ахьа?
Т о в с о л т а. Аьлбика яра цуьнан цIе.
Б е р д (даге куьг хьо).
Аьлбика-а-а…
Т о в с о л т а. Хъуна хIун хилла? Хьуна а евзара иза?
Оцу хенахь Бердан кхетамехь денлой, гучуйолуАьлбика.
Иза багахь мукьам а беш схьайогIу. Цунна го бо НКВД-н белхахоша. Церан къизачу хелхаро хьошуиза.
Б е р д (жимма метта а вогIуш).
ХIан-хIа, хьо иза вац. Иза кIайчу аматехь вара…
Т о в с о л т а. Ас бечу балхо Iарждина сан са а, амат а…
Б е р д. Боьха хIума! Эхь ца хетий, суна юххе а ваьлла лела!
Т о в с о л т а. Хьо вен ваийтинера со… тIаккха суна мидал лур яра, ткъа туьма ахча а… хьуна хьайх борз таръелла… ткъа ас хьо уьстагI санна…
Б е р д. Ас ден-м хьо дуьйр ду хьуна, боьха жIаьла!…
Топ, юлий, т1елоцу. Амма эццахь, дагах ка а тухуш, охьавоьду, Човкас, дохьий, ло дуьллуцуьнан хьаж тIе….
Т о в с о л т а. ХIаъ, боьха жIаьла… берзан кIезанах даьлла… Стенна ца уьйзи ахь оцу тоьпан лаг?…
Схьа а оьций, топ Човкига дIало.
ХIан дIаэцахьа! Вехьа со, вехьа! Лаг озахьа! ХIун хала ду хьуна?

Ч о в к а. Со хьоза ду, маьрша олхазар.
Т о в с о л т а. Хьо хIуъу елахь а, лаг озахьа оцу тоьпан!
Ч о в к а. Айхьа-хьайна стенна ца туху ахь?
Т о в с о л т а. Стенна боху ахьа соьга? Ца тоьа хьуна аса летийна къинош? Кхин цхьаъ а ма латадайтахьа…
Човкина тIе а кхетий, воьлху. Эххар а и велхар веларе долу. Сценин кIоргенехь гучубовлу дуккха а нах. ГIийла лаьтта уьш, тезетахь санна. Цхьа хан яьлча, уьш къайлабовлу. Аьрзуй, Энисий дуьсу латта.
Б е р д (цхьа хан яьлча).
Са ду хьо, я цIий ду хьо?
А ь р з у. Са а ду, цIий а ду. Тхойшиъ шиъ ду!
Б е р д. ХIун некъ бу аша арабаькkхинарг?
А ь р з у. Декъаза некъ.
Б е р д. Делахь вай цхьаъ ду-кх, схьанехьа довла.
А ь р з у. Дика мел дерш кху чохь!
Т о в с о л т а. ХIун ду кху чохь дика?
А ь р з у. ХIинццалц иштта олуш дар-кха вайн.
Б е р д. Далла дезийла шуьшиъ а.
Т о в с о л т а. ХIара мила ю?
А ь р з у. Вайнехан йоI ю. Эниса ю кхуьнан цIе. Сан цIе
– Аьрзу.
Т о в с о л т а (цецволуш).
Эниса-а? Муха? Мичара?
Б е р д. Охьаховша.
Ч о в к а. Гаки, Гаки, хьан нана цIа еана… ХIан, нана, дIаэца хIара хьайн Гаки.
Э н и с а
(«бер» схьа а оьцуш).
ХIара… хIара хIун ю?…
Ч о в к а. Хьан Гаки. Дузадехьа иза. Тахана чIогIа дилхира иза.
Э н и с а. Муха дилхира?
Ч о в к а. Дилхира… Кхин юхаяха-м ца деза хьан?
Э н и с а. Мича юха?
Ч о в к а. Чекхдаьллий асар?
Э н и с а. Х1ун асар?…
Тийналла.

А ь р з у. Суо цIа кхаьчча, еса хIара меттигаш гича, суна дагадеара: «Со велла-кх, цундела хета суна хIара меттигаш еса. Хьажахьа, иштта хуьлуш хилла-кх веллачул тIаьхьа». Иштта со волавелла лелаш, сайн гергахь эхартахула, Суоруота кхаьчча суна хиира, велларг со а воцуш, вайн мохк буйла… Истангаш Iохкура кетIахь, уьйтIахь а, цIенна тIебоьдучу новкъахь а вайнехан зударша
Iаьнан ехачу буьйсанашкахь, шайн синйовхо ца кхоош дина нохчийн къорза истангаш Iохкура лаьттахь, цIенна гобаьккхина. Истангаш, истангаш…
Т о в с о л т а. Истангаш, истангаш… Суна а гина и истангаш цигахь! Уьш а дитий, хIара йоI мичахь кхетта хьох алахьа?
А ь р з у. Цу истангаш тIе а хевшина, кхеххкийна схьакхоьхьу бежанийн, уьстагIийн меженаш юуш, тIе чорпеш муьйлуш, бета юххехула истангаш тIе а Iенош, буьйлуш, бежаш бара цхьа хийра нах. Сонехь лаьттачу кхунах – Энисех – бIаьрг ма кхийтти хии суна, хIара вайх юйла.
Э н и с а. Кхуо, жана гонаха борз санна хьаьвзина, тIегоргбира уьш. Массо а маьхьарий а хьоькхуш, жижигашна тIе когаш а бетташ, кIон берамаш а Iенош, шуьна юккъе гулбелира.
А ь р з у. ТIаккха со вистхилира кхуьнга, хьайн лаамехь йоьдуш юй хьо кхаьрга маре аьлла.
Э н и с а. Кхарна хьалха хIумма а ма дийцийтахьа соьга аьлла, со кхунна тIаьхьа хIоьттира.
Б е р д. Мухха елахь а, шен хIусам а йолуш, Iийр ма яра хIара. Иштта дахар дIакхехьалур дуй кхуьнга?
Э н и с а. Кхехьалур ду. ЦIерпошта чохь, Сибреха дIаюьгуш…
Б е р д. Цига дIа а кхаьчна хьо? ХIун деш бу цигахь вайнах?
Э н и с а. Леш бу-кх, дужу гIа санна, мацалла, шелонна, сингаттамна. Нана кхелхинчул тIаьхьа, да хьалххехь,
НКВД-с дIавигчахьана суна бIаьрга гина а вац, цIерпоштан некъаца уьдуш, цIерпоштанаш тIе тийсалуш, со юхаеара.
Б е р д. ХIу хедаш ду нохчийн… ХIай, маьлхан дуьне, хьо муха лаьттар ду, хьайна тIехь бехаш вайнах а ца хилча?
Т о в с о л т а. Иштта дIа лаьттар ду-кх, котамаша мIараш а хьоькхуш. Оцу хенахь кхехка болабеллачу ен гIовгIа йолу. Цхьана юкъана массо а дIатоь, и хIун ду а ца хууш.

Б е р д. Кхиххкина-кх хи. адевлла!
Хьала а эккхий, пеша гонаха хьийза.
Э н и с а. Хаий Iе, аса охьахIоттор ду вайн пхьор.
Човке «бер» дIа а лой, чохь карийнчу цхьацца пхьегIи чохь хи а дуттий, дIасало. Массо а хих кьурд а беш Iа.
А ь р з у. Собар. Кху чохь цхьа хIума ма ю сан яа мегар йолуш. ТIоьрмига чу кхевдий, консерван банка хьалайоккху.
Т о в с о л т а. ХIара мичара яьлла хьуна?
А ь р з у. Эццахь, цхьана ирзу тIехь карийра-кх.
Т о в с о л т а. ХIа-а, и ду и…
Схьа а оьций, корах араластайо банка. Массо цецваьлла хьожу Товсолте.
И яа мегар дац… и тайпанаш оха дIовш а тухуш охьакхуьйсура, шу санначаьрга яийта.
Б е р д (энисе).
И иштта хилча, адам-йилбазийн кирхьан тIехьа муха кхаьчнера хьо?
Э н и с а. Мацалла, шелонна гIаддайна, цхьана варшахула схьайогIуш, суна коьллаш юккъера сайга хьоьжуш цхьа бIаьргаш гира, вукху агIор дIаедира – цигахь а – бIаьргаш, гобаьккхина бIаьргаш, цара эккхийна йигна керта чу лаьллира со, хьалха ялта а хIоттийра. Суна ца лаьара вайн коша тIехь хелхарш дечу церан ялта даа. Амма мацделла дегI ца Iийра. Эххар а, сайна чу гIора деъча, ас суо реза ю элира, цара бохург дан…
Б е р д (шен карара пхьегIа, ластайой, пенаха тухуш). Кхахьпа! Массо а дIатоь.
Э н и с а. ХIу-ун? Мила? Стенна?
Б е р д. Адам-йилбазийн доьши тIехь дерстина кхахьпа! ХIара тIе ца кхаьчнехь, хьо-х царна екхар яра, хьуьнахьакха-жаргIа санна.
Э н и с а (мохь болуш).
Бакъ дац иза! Ва-а, Дела, хьо эхь…
А ь р з у (оьгIазе хьала а эккхаш).
Къонах, айхьа дуьйцург цхьана хорша доккхур ду ахьа. Ца даккхахь, ас Делаца дуй буу хьуна: вайшиннах дийна цхьаъ кху чуьра аравер ма вац.
Ч о в к а (цкъа Бердана, юха Аьрзуна тIехьодуш).
ГIовгIа ма ейша, гIовгIа ма ейша, Гаки дIадижна…

Иза цхьаммо а тергал ца йо.
Б е р д. Кхин хIун харш деза хьуна?! Вайн къам хIаллак а дайтина, цуьнан бахам боькъучаьрца и пхьуьйре хиъча?
А ь р з у. Хьо санначара, ги тоьпан хьокха оьллина, базара воьдург а, цигара цIа вогIург а ца вуьтуш лелачара, дина хIара зулам.
Б е р д. И хIун ю ахь юьйцург?!
А ь р з у. Ткъа ахь хIун юьйцу?! Хьайна дуьххьара гуш йолчу йоIана тIе боьха цIе кхолла гIерташ? Къонахалла ю иза?!
Б е р д. Къонаха мила ву-вац къасто меттигаш карор ю вайна.
А ь р з у. Хьо тIаме а ца воьдуш, хьуьнха ма-вахха къаьстина иза-м.
Б е р д. Боьха хIума!
А ь р з у
(Бердана тIекхеташ). Ас дукха хIаллакбина хьо саннарш пронтехь. Товсолтас, тIехьара схьа а лоций, цIийнан соне чутуху.
Т о в с о л т а. ХIан-хIа, и саннарш бина хир бац хьуна ахь цигахь хIаллак.
Ч о в к а (царна юккъе а эккхаш).
Ва-а, ма тохалахь суна, ма тохалахь… Ва-а, сан куьг!. Ма яккхалахь сан мIара!
Т о в с о л т а. Ма е гIовгIа!
Э н и с а (йоьлхуш).
ДIасовцийша! Шуьга вовшашка хIаллакдайта ца еанера-кх со сел генарчу махкара кхуза, цIерпошташ тIаьхьа а тийсалуш, гIайгIанна барзах а угIуш! Ца совцахь, ас Делах дуй буу шуна, со едда бердах эккхар ма ю!
Ч о в к а. Сан бераш…
(Бердана тIейоьдуш).
Сан
МуцIа…
(Аьрзуна тIейоьдуш).
Сан ГIовда… ХIун ду аш къуьйсург?Шаьшшиъ ши ваша хилар дицдина ашшимма…
Воккхачо боххург дичахьана волу жиманиг.
Цкъадолчунна массо а дIатоь.
А ь р з у. Со-м IаддаIа. Амма суна хаа лаьара, маца дуьйна магийна вайн махкахь цхьалха зуда сийсазъяр?

Т о в с о л т а. Хьан ма чIогIа бала кхаьчна кху йоьIан.
Хьо мила ву кхуьнан?
А ь р з у. ХIумма а вац, нохчо хиларал сов.
Т о в с о л т а. Вацахь, IаддаIе! Санчул хьалха кху йоьIан дакъа кхочуш стаг вац шух кху чохь.
А ь р з у. Хьо мила ву? Хьуна мичара евза хIара?
Т о в с о л т а. Кхунна хаьа хьуна со мила ву-м.
Тийналла.
Э н и с а. Суна-м ца вевза хьо.
Цуьна аз дегош ду. Цхьаъ лечкъочух тера ду цо.
Т о в с о л т а. Ши шо хьалха-м ма вевзара хьуна со.
Э н и с а. ХIан-хIа; я хIинца а ца вевза.
Т о в с о л т а. Дагаваийта ахь… Ткъа хьо, жима стаг, хьуо иштта яхь йолуш хилча, хьайн цIахь Iен везаш хиллера. Хьайн къам а лардеш, дуьненан маьIIе немцойх лата а ца воьдуш.
А ь р з у (цецваьлла, оьгIазвахана).
Со даймохк ларбан ваханера къизчу мостагIех… Дуьненчохь мел болчу мискачу нахана ирс, маршо, паргIато…
Т о в с о л т а. Хьа-хьа-хьа… Политзанятешкахь дика ладугIуш хилла моьтту суна ахьа а… Массо а мехкийн дакъазабевлларш, цхьаьнакхета!
Б е р д. Ткъа ларбин ахьа Даймохк? Муха бу хьан
Даймохк, мичахь ду хьан адамаш?
А ь р з у. Сталинна ца хаьа хIара, ас Москох а вахана дIаэр ду!
Т о в с о л т а. Хьа-хьа. Сталинна ца хаьа! Суна а моьттура хьуна иза.
А ь р з у. Со ца теша цунна хIара ма-дарра хаьа аьлча… Дерриге а дуьненан ойлаечу цуьнан ницкъ ца кхочу массанхьа а тидам латто…
Т о в с о л т а. Хьа-хьа…
Б е р д. Доккха хIума ду-кх хIара: шен къоман корта баьккхинчу чаьлтаче сел чIогIа безам хилар…
А ь р з у. Берд!
Б е р д. ХIун элира ахьа? Хьуна мичара хаьа сан цIе?
А ь р з у. Хьо цец а ма вийла ас хьайн цIе яккхарх.
Суна хIинцца вевзи хьо. Шуьйта-гIалахь говраш хоккучохь, шолгIа беара хьан сира дин. Мехкарша эшарш йохура хьох. Иштта цIе яхана яра хьо тIехьийзаш хилла Элболтан Аьлбика а.

Э н и с а. Дера яра Аьлбика хаза йоI, дера яра Аьлбика дика йоI. Тхо массо а хьоьгура цунах.
Церан кхетамехь юха а денлой гучуйолуАьльбика. Хеза цо локху йиш:
Дукха хаза ма валахьа,
Дукха дика ма валахьа,
Вочу нехан бIаьриг хилла,
Хьо валарна кхоьрий со-ма…
Хьайн лекха куй ма тиллалахь,
Шовдан йисте ма хIитталахь,
Сайн нийсархойн бIаьриг хилла
Сайх валарна кхоьрий со-ма…
Б е р д. Хьо гучу моссаза йолу, иштта эшар а лоькхуш дIайоьду. Со ца го хьуна? Я ган йиш яц хьан?. Цул тIаьхьа, хьо цига дIаяханчул тIаьхьа, хьан ненан шийла мохь а хезна, аравелира со, хьан чаьлтачан Малцаган корта чагIалкхашна таса… Амма хIора денна алсамбуьйлу цуьнан бIо, ткъа сан накъостий а, сан ницкъаш а хIора дийнахь оьшуш бу… ХIетте а лела со, борз санна, хIокху лаьмнашкахула йорт идош. Суна ницкъ ло хьох йолчу ойланаша; иштта наггахь йогIий, ахь серладоккху сан бодане дахар. Сел декъаза велахь а, суна суо ирсе хета: хьо гуш, хьо евзаш, хьо езаш хилла-кх со цкъа… Аьлбика… ГучубовлуНКВД-н белхахой. Цара го бо Аьлбикина.
Цуьнга мохь болу, Берде а. Суьрташ къайладовлу.
А ь р з у. Ахь хIун до, Берд?
Б е р д (цхьа хан яьлча). ХIумма а. Кхин цуьнан цIе ма яккхалаш.
А ь р з у. Со и ала гIерташ вацара… Хьан дас Сосланбека, хийла цIий а Iенадойтуш, хийла майра кIант Чахкарахь, ГIойтIахь, Iалхан-юьртахь, кхечухьа хIаллак а войтуш, даьккхина ду-кх хIара Iедал. И лардан ваханера-кх со а!
Т о в с о л т а. Со а вара и лардеш хIинццалц.
Б е р д. Сан дас лехнарг хIара дацара. Сан дас лехнарг вайн къомера дIадаьккхина латтий, маьрша дахаррий дара.
Ткъа тахана хIун ду вайга кхаьчнарг? Мичахь ю вайн маршо? Мичахь ду вайн латта?
Т о в с о л т а. ТIурнене дахана.
Б е р д. Мичахь бу хIара Iедал доккхуш хилларш? Мичахь ву сан да а, цуьнан накъостий а? ДIабаьхна, хIаллакбина. Къонах мел верг аьхна

дIавахийтина, дуьне мел ду дIасадаржийна церан хIу, кхин оьзда тIаьхье лаьттахь ца кхиийта…
Цхьана юкьана тийналла лаьтта.
Ч о в к а
(Энисе).
Нана, Гаки дузийний ахь?. Дузийнехь, делха стенна доьлху иза? Ас дIадижадо хIара.
Гаки, Гаки, дIадижа,
Гаки, Гаки, ма делха.
А ь р з у. Делахь оха, оцу тIамехь хиллачара, лелийнарг эрна ду-кх. ХIан-хIа, бакъдац иза. Сталинна хууш яц хIара харцо.
Т о в с о л т а. Хьа-хьа… Суна а моьттура, жима стаг, иза иштта ду… цхьана дийнахь хIара мохк беса галлац…
А ь р з у. ХIара цхьа доккха гIалат ду… ХIара сан кехаташ дIакхаьччахьана…
Т о в с о л т а. И хIун кехаташ ду?
А ь р з у. Сталиней, Беригий, Ворошиловгий дохьуьйтуш. Ворошилов ма ву вай долчу МартантIехь а хилла…
Т о в с о л т а. Хьа-хьа… Охьадешахьа цхьаъ.
А ь р з у (кехат доьшуш).
«Дуьненчуьрчу массо а къечу къаьмнийн тхьамда, тхан дада Сталин…»
Б е р д (хьалаэккхаш). Тфуй, «дада»! И хIун ю, кIант, ахь юьйцург? Хьан дерриг халкъ хIаллакдинчух хуьлу дада? Цу тIе ахьа иштта, лай а хилла, дехар дича а, хьуна и дала кечвелла мила ву? ТIамо бен буха ца туху тIом.
Дайа деза и жIаьлеш, дайа, цхьаъ ца дуьтуш!.
А ь р з у. Уьш дукха бу. Суна гина хIокху Iедалан мохк – дуьненнал бу. Дукха ду цуьнан эскар а, цкъа а кхачон йиш йоцуш. Ахь бохучух гIуллакх хир дац… Кехаташ яздан деза. Дерриге а Москохарчу хьаькимийн карахь ду…
ХIара кехат дIакхачахь, цара цIа дерзор ду вайн халкъ…
ХIара Iедал доккхуш вайнаха Iенийна цIий, хьегна хало дагаяийта еза царна…
Т о в с о л т а. Хьа-хьа-хьа…
Б е р д. Хьо хьанах воьлу?

Т о в с о л т а. Шуьшиннах а… Ашшимма лелочух хIумма а хир дац. Ший а эрна ду. Шуна ца евза хIара Iедал боху чарх
(Берде).
Ахь кхуьйсу топ чуьрко къовзор санна ца хета цунна.
Б е р д. И мухха делахь а, кхин некъ ца го суна, уьш къинхетам боцуш хIаллакбарал сов. Дала а аьлла бахьана леладе, ас лелориг бахьана ду.
А ь р з у. ХIан-хIа, со ца теша, хIара ма-дарра баьччина хаьа аьлча.
Т о в с о л т а. «Баьчча»… Хьа-хьа-хьа… Суна сайнна ма гина цо вайн халкъ цIера доккхуш йинчу кхиэлана буха таIийна куьг.
Б е р д. Суна хьалххехь хиира… Гота охуш берш гота а йитина, даьхни дажош берш даьхни а дитина, ламаз а, марха а дитина, нах вовшашна айкх бийла, вовшийн хIаллакбан буьйла ма-белли хиира суна цхьа боккха бохам хир буй. Уьш боккъал а тешара, я ялта а ца дуьйш, я даьхни а ца кхобуш, шаьш токх бехар бу, цIена мел дерг, оьзда мел дерг хIаллак а дина, шаьш лаьттахь ялсамани хIоттор ю бохучух. Цара-м Дела а аьшнаш вора, шаьш цкъа а ца бала дуьненчу баьхкина хиларх а тешна. Тамашийна хIума иза дара. Шена уллорнаш гIа санна, леш а, бойуш а боллушехь, ша лийриг хиларх ца тешара цхьа а…Берриге а бехк хехойн бу.
А ь р з у. И хIун хехой бу? Ахь хIун дуьйцу?
Б е р д. Гуттар а сема хила безачу вайн халкъан хехойн бехк бу. Царна хаа дезара вайна тIе бохам богIуш, хьекъал долчу цара лардан дезара вай…
Т о в с о л т а. Хьуна хаьий и хехой вайн боцу дуккха а хан юйла? ХIан-хIа, уьш итт шо, я ткъа шо хьалха а ца бевлла дIа, дуккха а хан ю уьш дIабевлла, Шемалан заманахь, я цул а хьалха хила а мега…
Б е р д. Хехой боцу халкъ, цхьа а юьхь а, эхь а, сийлахь нах а боцуш, бажа бу. Бажа санна ара а бехира… за ненан кийрахь волуш вийна сан денда. Суна наггахь дагадогIу: сан денда ца кхиъна-кх цхьа доккха хIума, вайн халкъана а мехала дерг сан дега ала, тIаккха изза соьга ала ца кхиъна сан да а… Изза хилла кхечарна а. Иштта яйна вайн халкъан къайле, иштта дайна вайн къоман хIайкал, иза массо а баккхийчу бохамех ларден хIайкал. Цундела ваьш мичара муьлш ду а ца хууш, хьаьнгга а, бераш санна, Iеха а дойтуш, деха вай… Шун дена, и санначарна а хаьара моьтту хьуна шаьш хIун леладо, Г1ойтIахь – уре! – бохуш хьийзаш?

Б е р д (чухула дIаса а хьийзаш).
Ткъа хIинца, хIинца хIун дан деза? Массо а хIума хуучу хьуна иза а хаа деза.
Алахьа.
Т о в с о л т а. Боккха лам хаьрцина вайн хьехана тIе, вай чохь а дуьтуш… Вай ахка-м охкур ду латта, амма гена ду вай малхе довла. ОхI-хIай, ма гена ду!…
Ч о в к а (цIенкъахула кера юккъе цхьа хIума схьа а лехьош).
Туьха… Туьха тIе когаш биттира… Туьха ца лерира… Цундела хилира дерриге а… Туьха тIе ког бер бацахьара, Дела лаьтта вуссур вара, дерриге дIанисдан…
Туьха ду лаьтта тIе Iенийна, шортта туьха…
А ь р з у. «Сталинан дуьхьа!» бохуш, яккхийчу тоьпийн биргIанашшайн накхошца юкъуш, хIаллакьхилла нах а Iехабелла хилла-кх?.
Т о в с о л т а. Уьш стенна буьйцу ахь? Дерриге а дуьне а ду кхара Iехийна. Дерриге а. Нахана арахь гуш дерг цхьа дахар ду, ткъа цигахь бухахь, подвалашкахь, – кхин. Цу бухахь харцо юшен къиза кхиэл нахана тIехь еш, уггаре а тоьллачарна тIехь еш. Мел чIогIа и хиларх, стаг, тухий, тухий, кагвой, хьоший, дIавоккху, горгам а йой соне кхуссу…
Човка кхерало.
Б е р д. Цундела эккхийта деза церан лаьтта бухара дуьне, хIаллакдан деза жIаьлеш…
Т о в с о л т а. И далур дац… И дича а, церан метта дIахIитта кечбелла лаьтташ дуккха а нах бу. Дерриге а халкъ ду адамаш охьучу чорха тIехь болх бан кийча, кхана шех а кхечара жарж бийр буйла а ца хууш. И ду уггаре а доьхнарг. Нах шайн сица, хьекъалца хийцабелла, къизалле бирзина, хьере хилла, вовшийн байа, вовшашна мотт тоха шовкъ йоьссина хьийзаш… Нагахь шух цхьаъ адамах горгам еш теш хиллехьара, кхечу кепара гур дара шуна хIара дуьне. ХIара санна (Човкехьа корта тосуш), таIзар динарг хьекъалх телхий ца Iа, и цунна кхел йинарш а, теш хилларш а телха…
(Аьрзуга)
Хьан кехато хуьйцур долуш хIумма а дац, делахьара тоххарехь хийцаделла хир дара. Дукха ихна хьуна и тайпа кехаташ цига –

Москох, дукха ихна Далла тIе а и тайпа аьрзнаш… Ткъа хIун хийцам бу? Бац. ХIара дукха генадаьлла, хIара цхьа вуон шершина доьдуш ду, цхьанхьа бердах дIакхетталц соцур долуш а дац…

А ь р з у. Хьуна ма дика девза хIокху Iедалан гIуллакх…

Т о в с о л т а. Сайн вуьрхIийтта шо кхаьчча дуьйна, кара тапча а елла, халкъан дуьхьа, маршонан дуьхьа бохуш нах бойуш лелла ма ву со, жIаьла санна, йовхачу буьна чохь охьа а вижош, хьалха хьена доьша а дуттуш. Хьан дас шегахьа къийсина маршо схьакхаьчна, – Ура! – и ларъян еза ахь, буьйсанна наб а ца еш. Гуттар а халкъан мостагIашна толлуш, уьш кIелонна тIелоьхкуш…

А ь р з у. Хьо мила ву ван?

Т о в с о л т а. Со обарган Эдилсолтин кIант Товсолта ву.

А ь р з у (цецваьлла).

И ву хьо? Халкъо, махко наьIалт аьлларг?

Т о в с о л т а. ХIаъ!

А ь р з у. Тхан эвларчу Берснакъа бохучу жIаьло бина мотт бахьана а хIоттийна, сан да Олхазар хIаллаквинарг?

Т о в с о л т а. Дукха бара уьш, суна берриш дага а ца богIу.

А ь р з у. Оццу Берснакъин кIантана метта, цаьргара бол а эцна, вуьрхIийтта шо кхачаза волу со тIаме хьажийнарг а хьо ву-кх.

Т о в с о л т а. ХIаъ, со ву.

А ь р з у. Со-м цигахь вала ца вели, цIа веа… Сан чIир йоллу хьох.

Т о в с о л т а. ДIаэца ткъа, яллахь.

ГIодаюкъ дIа а йостий, шаьлтий, доьхкий паднара тIе охьадуьллу. А ь р з ус, схьа а оьций, топ юлу.

Б е р д. Цкъа собар делахь. Ас Делаца дуй буу-кх хьуна, иза Эдилсолтин кIант Товсолта велахь, сол хьалха цуьнгара чIир эца дезаш стаг ма вац!

А ь р з у. Ткъа цо ша ву ма боху.

Б е р д. Баьхча хIун ду? Эдилсолтин кIант кIайчу аматехь а, хьаьрса а ву бохуш хезна суна.

Т о в с о л т а. Сан са а, юьхь-сибат а Iарждела, ас лелийна гIуллакхаш бахьанехь!

Б е р д. Ма тешалахь цунах, иза ша-шена харц цIе кхолла гIерташ ву хьуна.

А ь р з у. Харц цIе ша-шена?… Стенна?

Б е р д. Суна хIун хаьа… Дуьне кIорда а дина.
Т о в с о л т а. ХIа, хIара ду шуна сан удостоверени.
ДIадеша!
А ь р з у. Ван а ма ву. «Эдилсултанов Товсолта Эдилсултанович, НКВД-н уполномоченни…»
(Берде). Ма е суна новкъарло, сайн ден а, кхуо хIаллакбинчу кхечу нехан а чIир эца.
Б е р д. Цу кехатах теша хьо? Кехат хIун ю? Кехат яздан мега. Ткъа и цхьанхьа карийна хилахь?.
Э н и с а. Бакъ ду цо дуьйцург, ву и Эдилсолтин кIант
Товсолта.
Б е р д. ХIинцца-м ма ца вевзара хьуна иза.
Э н и с а. ХIинца дагавеа.
Т о в с о л т а. Дика ду-кх хьуна со дагавеана, хIинца цхьа а хIума хала дац. ир а йитина…
А ь р з у. Ахь хьайна луъург де, ас сайн чIир оьцур ю.
Б е р д. Вай хIаллакдинарг и вовшашца йолу къизалла ю… Делахь хIокху сайн хIусамехь цIий Iано бакъо ца ло хьуна ас!
А ь р з у. Хьан хIунда ю хIара? Хьан санна, сан а ю-кх хIара.
Б е р д. Хьан яц. Хьо тховса бен ца веана кхуза. Ткъа со хIокху лам чуьрчу яртийн да а хилла лела шо кхаьчна.
Цундела шу тховса дерриш а сан хьеший ду. Охьайилла топ, нехан хIусаме а веана, чIир эццал, хьо осала ву аьлла ца хета суна.
А ь р з у (топ соне а хIоттош). Цкъа кху чуьра ара а девр ду вай.
Б е р д (гIеххьа хан яьлча).
Хьо мичара мила ву,
Аьрзу?
А ь р з у. Со Суоратарчу Тараман Iабдуллин кIант вукх…ЧIир йитина нах а бац-кха хьуна уьш хIинццалц схьа.
Б е р д. Ша вала гIерташ волу стаг вийча, хуьлу чIир эцар? Нагахь хIара ша боху Товсолта велахь, кхунна кхин таIзар ца оьшу-кх хьуна, хIара дийна витчахьана.
Т о в с о л т а. Хьо НКВД-л къиза хилла, Берд…
Ч о в к а (ша-шега луьйш санна).
Барт ийгIина хилла цхьана доьзалан ло догIучу цхьана буса. Iуьйранна сатоссуш церан кертара дIадахана Ирс. Лорах тIаьхьавахана воккха

стаг: «ДухадагIахьара хьо». – «ХIан-хIа, ца догIу.
Барт бац шун хIусамехь…» Барт ийгIи тховса кху чохь а, доьзал хир бац кхунах а.
Тийналла лаьтта.
Т о в с о л т а. Иштта шийлачу, ло догIучу цхьана дийнахь, цхьана гена ламчу апраци а вахана, тхайн юьрта со вухавирзича, суна цхьа а стаг а ца карийра… Колхозан даьхни кхобу божал хиллачохь цхьа юкъ а, адамийн даьIахкаш а Iоххура дуккха а…
Эццахь, цхьа татанаш а хезий, массо а дIатоь.
Э н и с а. Цхьаъ ву-кх хIокху цIенна го туьйсуш.
А ь р з у. Мила хир ву кхузахь?
Т о в с о л т а. Иза адаман гIовгIанаш яцара. Адамо ког боккхуш чIогIо хезар дара тата.
Б е р д (топ схьа а оьцуш).
Шу меттах ма довлалаш, со хьаьжна схьавогIу.
Берд араволу. Массо а ладоьгIуш Iа, цIенна гонаха лелачу
Бердан когийн татанаш а хезаш. Цхьа хан яьлча и чувогIу.
Ч о в к а. Жинаш ду уьш.
Э н и с а. Муха? ХIун жинаш?
Ч о в к а. ХIинца дIадаха уьш.
Энисий, Аьрзуй цецдолий 1а. Коре а хIоьттина лаьтта
Товсолта, мохь а болуш, вуха эккха.
Б е р д. Ахь хIун до? Ахь хIун до?
НКВД-н белхалоша цIенна го бошайн хелхаршца. Уьш шайтIанийн хелхарш а ду.
ХIун гира хьуна хIинца?
Ч о в к а. Суна хаьа цунна хIун гина… Кху хIусамден
Куьйрин са гина-кх.
Э н и с а (цецъяьлла)
Са муха го?
А ь р з у. Шен жухаргалла лелош вара хIара-м.
Цхьа хан яьлча, Товсолта салмате вогIу.
Б е р д. Аьрзу, хьайн дикачу дайх эхь дара хьуна хIоккхул долчу халкъо хьайга доьхург ца делча…
А ь р з у. Мичахь ду халкъ? Хьо цхьаннах халкъ хуьлу?

Б е р д. Хуьлу. Кхузахь даьхначу адамийн я сибаташ, церан ойланаш сайн дагца лелош, кху яссаеллачу меттигийн дола дан гІерташ, хІара шовданаш цхьалхаллин шелоне гІора ца дайта, сайн сица дохдеш лела со, халкъ дацахь а, цуьнан цІарах дош ала бакъо йолуш ву. Цундела ладогІа хІоккхул долчу халкъо хьайга дечу дехаре. Цу тІе боккъал и ву-вац хууш а ца хилча. Нагахь ца хилахь, маьрша стаг а вийна, доккха къа а латадо ахь.
Аьрзу корта а оллийна лаьтта, жоп ца луш.
Ца го хьуна иза, кІайн марчо а хьарчийна, хьайна хьалха Іуьллург?
А ь р з у. ХІун марчо ду ахь дуьйцург?
Б е р д. Цунна тІехь а, вайна тІехь а, хІокху берриге а махкана тІехь а дерг… Ло ду-кх вайн лаьттана, вайна массарна а марчо хилла догІуш. ДІахьажахьа гонаха!
Вовшийн хІаллакдечохь дацар-кха вай… Хьуна хезирий цо бохург? Вай хьеха чохь ду, тІе лам а хаьрцина. Ткъа лам охкуш совнаха вац цхьа а, цо хьалха хІуъу лелийнехь а. Цу тІе цунна дика девза хІара Іедал… Вайшинна хІумма а ца хаьа.
А ь р з у. Пайда бац цуьнан хаарех! Цара дуьненах бисна чам а дІабоккху! ХІун хаьа, хІара оцу жІаьлеша леррина вайшиннан иштта дог дохаде аьлла ваийтиний?
ХІахІ? Цундела Делера баркалла бен, хІумма а хир дац хІара верах!
Б е р д. Сацийта! Хьуна хІумма а ца хаьа…
Эццахь Энисас йиш йолайо. Массо а дІатуьй.
Со кхуллучул кхоьлли белира
Бай боцучохь и сийна бай.
ЙоІах хилла бай бу бохуш,
КІентийн тоба соьцур ярий.
Со кхуллучул кхоьлли белира
ТІулг боцучохь и шийла тІулг.
ЙоІах хилла тІулг бу бохуш,
Вайн баккхий нах соьцур барий.
Со кхуллучул кхоьлли делира
Хи доцучохь и шийла хи.
Сан безамна цу хийисте
Сан нийсархой богІур барий.
Тийналла.

А ь р з у. Сох а кхоьлли делира, сан цIаре хьаьжжина, олхазар. ХIокху лаьттарчу харцонна юккъехь а воцуш, цхьана лекхачу ирачу берда буьххьехь бен а бина, Iийр вара.
Б е р д (гIеххьа хан яьлча).
Вай кхоьллинчунна дика хиъна вайх хIун кхолла еза. Вай адамаш ду…
Энисас, хьала а гIоттий, шен коьртара йовлакх тосу
Аьрзуна хьалха.
Э н и с а. Там, товриг хилла ца лела цхьа а. Цундела хьайна луъург дан хьан хIун бакъо ю? Сол хьалха кхуьнгара чIир эца хьакъ долуш стаг вацар-кха…
Т о в с о л т а (мийра тухий, йовлакх дIадохуьйтуш).
Ахь иштта деххал доккха хIума а дац хIара.
Тийналла.
Б е р д. Ма тийна ду-кх вайна… ХIумма а ца хилча санна…
А ь р з у. Ас дукха сатийсинера тийналле. Амма тийналла а хуьлуш хилла-кх хораме.
Б е р д. ХIумма а дац… Хьалаоза оцу чиркхан милт!
Серлаяккха хIара чоь!
Энисас до цо бохург. Чиркх коре хIоттабо.
Тховса дуьйна вай цхьа доьзал бу шуна. Вай вовшийн гIортор хилахь, вай веа стага, хIуъу а дийр ду.
Т о в с о л т а (хораме).
Ас дукха сатийсинера… ДIабаккхахьа и чиркх цу корера…
(БIаьрхиш лечкъош, пенехьа воьрзуш).
Ишта иза коре а хIоттабой, со жима волуш нанас суна дех лаьцна дуьйцура…
Тийналла.
Сох хир вац шуна накъост.
Б е р д. И хIун ду ахь дуьйцург? Кху шина кIиранах суна-м ма хилла хьох накъост. Цу жIаьлех леташ ахь бIаьрнегIар а ца тухура…
Т о в с о л т а. Ас хIуъу дарх, шу гуттар а хьуьйсур ду соьга хьерадаьллачу жIаьле санна… Гуш ца хьежахь а, къайлах. ЖIаьла хьера даьлча, жIаьлин да декхар ву цунна топ тоха… Цундела суна а, шуна а атта хир дара аш цхьамма…
Б е р д. ХIун дуьйцу ахь юха а?!
Т о в с о л т а. Берд, хьуна ца хаьа сан кийрахь дерг.

Б е р д. Хьан кийрахь хIуъу делахь а, и къестон хан ю хIара? Къам махках а даьккхина, тIаьхьадисинчу вайна, декъазчарна, дерриге а дуьне, жIаьла а хилла, лар толлуш тIаьхьадаьллачу хенахь…
Т о в с о л т а. Суна дерриге хIума а бода бу. Серло яц суна цхьанхьа а гуш, сан са малхадала.
Тийналла.
Ч о в к а. ДогIа деха аш, догIа… Вовшах лата а ца гIерташ… Латарх догIа хир дац, цIий хир ду…ДогIа деха аш. Дала догIа дайитахь, лаьмнашкара Iовраш а уьдуьйтуш, уьшмассо а, церан жинаша довдийна, хIорда чу кхуьйсур ду… Бух боцчу хIорда чу…
Тийналла.
Э н и с а. Суна хаьа хIун дан деза. Суна нанас дийцира, кхузахь цхьанхьа, пхеа лома юккъехь, цхьа Iам бу бохуш…
Шена тIе вон стаг веъча, и къайлаболу, диканиг веъча боккха хуьлу. Iуьйранна схьакхетачу маьлхан зIаьнарш цу Iома тIе кхетачу хенахь, цунна йисте дIа а хIоьттина дехначунна Дала жоп ло боху. Нанас элира соьга ша леш, цIа а гIой, и Iам схьа а лахий, Деле доIа де, вайнах ДегIастане берзийта алий. Шуна цхьанна а ца гина и Iам?
Б е р д. ХIан-хIа, пхеа лома юккъера Iам ца гина суна…
И гал дика стаг а хир вац со, хетарехь.
Ч о в к а. Бу шуна и тайпа Iам…Иза дикка лаха беза…
Буьйсанах кхоалгIа дакъа тIаьхьадисинчу хенахь ара а волуш.
Оцухенахь арахь гIовгIанашйовлу, цхьа нах леташ санна.
Маьхьарий, белхарш, тийжарш…
Б е р д. Собарделаш цкъа…
Берд араволу. ГIовгIанаш, жимма лаьттий, дIайовлу Берд чувогIу.
Цу арахь гуш хIумма а дац.
Ч о в к а. Уьш жинаш дара. Вайнахах тIаьхьадисинчарах леташ дара кхуза баьхкинчийн жинаш. Ийши вайнаш, кIезиг дара.
Э н и с а. Цхьамма доIа дейша, уьш генадовлийта.
Берда доIа до. Юха а гIовгIа йолу, самукъане.
Ч о в к а. Вайн мостагIийн жинаш ду, шайн толам базбеш… Вай ловзар дан деза, тIаккха довдур ду уьш.
Тийналла йохайо геннахь даьллачу къорачу татано.
Т о в с о л т а. Кхин цхьа бIов а эккхийти хьуна.

Цунна дуьхьал цхьа а вист а ца хуьлу. Генахь тоьпаш йовлу, жIаьла леташхеза.
Б е р д. Кхуза-м кхочур бацара уьш. Нагахь кхачахь, баккхий а бийр бац.
Г1овгIанаш чIагIло.
Ч о в к а. Жинаш ду. Вай ловзар дича, довдур ду уьш.
(Паднара тIейолий, дIа а хIуттуш).
Со кху ловзаран инарла ву. Гаран ность шийся ская чество, убивайт!
Б е р д. Инарлас боху: шен ненан шай, кетIахь буьна чохь зуддий бен х1умма а дацара.
Ч о в к а. Чество ская шийся ность, сирляйт!
Б е р д. ДIо Iома чуьра шач а йоккхуш, цунах черташ еш, уьш а юхкуш, шай, и зуддий кхобура боху нанас, да мила ву хууш вацара.
Ч о в к а. Шийса ская гаран варан чество винвайт!
А ь р з у. КетIара элхьамчийн ши колл шайн нана йолчу оьхучу кегийчу наха хьекхийна, къажъеллера боху.
Т о в с о л т а. Сацийта! КIордийна суна аш ен Iиттарш, шаьш вехь виэ, ца вехь, ас массо а цхьаъ санна хIаллаквийр шух!
Ч о в к а (кхералой).
Ма тоха!. Суна ма тоха, со хьоза ма ду… дохдала чу деана.
Б е р д. Массо а стенна воь ахь, вайн къоман хIу хадон воллу хьо?
Т о в с о л т а. ХIан-хIа, ас итт зуда, хIан-хIа, ткъа, хIан-хIа, шовзткъе итт зуда ялор ю, цара итт-итт бер дича…
Б е р д. И хьаха хир ю вуон тIаьхье.
Хан йолу. Энисий, Арзуй, ца кхеташ, цецдаьлла Iа.
Т о в с о л т а. И тIаьхье тоьла-кх хьуна шул! ХIун къонахий ду шу?! Хьанна оьшу шун къинхетам? Со санна хила шайн де а доцуш… У-у-у…
Узар а болий, хьаьрчий, сонехь юххе охьавоьду. Тийналла лаьтташ, цхьа хан йолу.
Ч о в к а (ша-шеца къамел дечух). Лаьцна чу а воьллина, ор чу кхоьссинера цхьа стаг. Цхьамма, ор йисте а веана: «ХIума юур ярий ахьа?» – аьлла. «Яра». ХIума еана, ор чу кховдийна. «Хи мер дарий ахьа?» – Хи а, деана, чукховдийна. «ДIаваха лаьий хьуна? Лаахь, хьалавала, некъ маьрша бу хьуна», – Чу лами а хецна, хьала тIе а ваьккхина. «Д1авало», – аьлла. Амма цо ша хьалаваьккхинарг ор чу

теттина. «Стенна?» – «Дукха дика вара хьо, хала дара хьо лан», – аьлла, дIавахана…
Цхьа хан йолу, цхьа а вист ца хуьлуш.
Т о в с о л т а. ЧIирхо витча, ловзар деш ца хуьлу, сагIанаш дохуш хуьлу.
Б е р д. ХIумма а дац, вай ловзар дийр ду. Схьайола,
Човка, инарла хила.
Ч о в к а. Со хьоза ду, ца хуьлу со инарла.
Б е р д. Делахь ас дIадолор ду хIара ловзар-м.
Ламанца лаьллина бажа бу алий,
Хьо Iеха ма лолахь, Далариг ва Моша.
Аренца лаьллина рема ю алий,
Хьо Iеха ма лолахь, Далариг ва Моша.
Дукъе диллина шелиг ду алий,
Хьо Iеха ма лолахь, Далариг ва Моша.
ЦIеххьана соцу.
А ь р з у. Саца стенна сеци хьо?
Хала дуБердана илли ала. Иза дохковаьлла ша хIара долийна а. Амма чуьрчарна и ца тосадалийта гIерта.
Б е р д. Аренца лаьллина и цIоькъа рема
Цхьана беречо йигна карорий-те хьуна?
Дукъе диллинчу шелига чохь
Тевна диллина котам карорий-те хьуна?
Баьрче оьллинчу дуьмина метта
Цхьа наьIар-мача карорий-те хьуна?
ЦIеххаьана сацадо илли.
ГIуллакх хир дац кхунах.
Э н и с а. Стенна ца хуьлу гIуллакх? Со хIунда еара сел генара цIа, вайн ловзарх ловзар хуьлуш а ца хилча, вайн дахарх дахар хуьлуш а ца хилча? Сан хIун бехк бу, со хIокху къематан де хIоьттинчу хенахь дуьненчу яларх? Суна яха лаьа адам санна, зуда санна. Суна кIордийна баларш, тIемаш, мацалла, шело! Суна ца лаьа, цкъа мукъана доггах ловзаргахь а ца Iаш, елла дIаяла. Суна кхуззахь, сайн махкахь, сайн верххIе а да ваьхначохь яха а, доьзал кхион а, цIенана хила а лаьа.
Б е р д. Лаахь, вуон еъна-кх хьо кхуза. Iен езаш хиллера-кх хьо оцу адам-йилбазийн хIусамехь, церан доьши тIехь ерсташ, бос табеш!

Э н и с а. Ма дийца…Оцу генарчу махкара кхуза кхаччалц суна ца карийна моьтту хьуна доьша даа меттиг а, боьршанах а?…Дуккха а карийна – гаттий бӀаьргаш дерш а, сийна бӀаьргаш дерш а, Ӏаьржанаш а… Амма царна тӀе ца товш, царах уьдуш со цӀа еара… Суна хаьара кху бассабеллачу махкана товжа, кхузахь хӀаллакбинчийн синошна елха суо оьшийла; кху шийлачу Ӏаннашкахула боккхачу балийна барзах угӀуш лелачу гӀо дашца, пхьуьйраца, эшарца сайга далун гӀо дан суо оьшийла…Суна ца хаьа стенна доьхна хӀара дуьне вайнахана, стенна хьерадаьлла адам.
Сан хьекъал дац цунах кхета. Амма мухха делахь а, суна иштта яла ца лаьа. Суна дукха гина белларш, кху ДегӀастанара Сибреха кхаччалц, цигахь а… Уьш цхьа а юха цӀа вогӀуш а, юха денлуш а ца гина. Цундела ерриге а гӀайгӀанаш, баланаш дӀатеттина суна яха лаьа, кхузахь, шуьца цхьаьна… Нагахь со Дала дуьненчу яьккхинехь, дахар, дуьне довза яьккхина! Цундела сайга ца лалун мохь сайна тӀе а ца ийзош, со ехар ю. Елха дог хилча йоьлур ю со, иштта – хьа-хьа-хьа! Ас йиш локхур ю, со хелха а ер ю – иштта, иштта…
Йиш лоьккхуш, хелха хьийза, массо а цуьнан хелхаро Ӏадийна лаьтта.
… Беа когана ши мача юьйхина,
Шина а дегӀана цхьа духар дуьйхина,
Гу лекхачу дуьйлуш, юьрте ладоьгӀуш,
Кегийчийн орца кхиарна кхоьруш,
Шерачу дуьйлуш, лаьтте ладоьгӀуш,
Баккхийчийн орца даларна кхоьруш…
Хелхарехь хьийза, шен багара йишца сацош…Ехха хелха юьйлу. Массаьрга хелхаран шовкъ йоьссина. Цхьана юкъана массо а вицвелла бохамна.
… Дедда гӀор вайша, дедда гӀор вайша,
Вайшиннан гӀуллакх вайн дайшца-наношца
Къаноша, мотт говза буьйцуш, къастор ду.
Энисас цӀеххьана хелхар а, йиш а сацайо, иза соне охьа а йоьдий, мохь туххий йоьлху, ша кийрахь мел латтийна гӀайгӀа-бала схьаӀанош. Божарий вовшашна баккъаш дерзийна лаьтта. Иштта дикка хан йолу.
А ь р з у (буйнаш деш, цергаш хьакхаеш). Ма доккха хӀума ду-кх хӀара! Вайн мехкарий боьлхуш, вай, къонахий, дан гӀо доцуш лаьтта!

Т о в с о л т а. ХIун гIо? Вайн карахь хIун дисна? Шу хIинца а ца кхета? Вайна дуьне ма доьхна. Дац кхузахь кхин нохчийн къам, бац къонахий, бац мехкарий! Вай хIаллакьхилла!
Б е р д. Ма дийца иштта. Нохчийн къам хила а хилла, хир а ду кхузахь.
Т о в с о л т а. Мичахь?! ХIинца мичахь ду?!
Б е р д. Кхуззахь ду-кх – со, хьо, иза, хIара.
Т о в с о л т а. Вайх хуьлу къам?. ЖIаьла хиллачу сох, экха санна эккхийна лелачу хьох, заьIапчу салтичух, цхьалхачу йоIах?
Б е р д. Вай хIора дийнахь цхьацца эзар а дуьйш, кхачор ду и жIаьлеш. ТIаккха…
Т о в с о л т а. Ашшимма ла ма дегIалаш цуьнга!
Шаьшшинна даха лаахь, Гуьржеха дIагIо, вайнах бу шуна цигахь. Шайн цIераш а хийций, доьзал а болабай, даха хаа.
А ь р з у. Со цхьанхьа а гIур вац.
Э н и с а. Со а гIур яц.
Т о в с о л т а. Ца гIахь, мацалла, я цхьана тIулга тIехьара схьа тоьпаш тоьхна лийр ду-кх шуьшиъ.
Оцу заманахь цхьамма неI туху. Божарий герзашна тIебеттало. Массо а, вула а велла, неIарехьа хьоьжу.
ГIеххьа хан яьлча, неI дIаеллало.
А ь р з у. НеI а дIаеллаели.
Т о в с о л т а. Гуш хIумма а дац.
Б е р д. ХIей, мила ву цигахь. Чувола, ийза а ца луш, хьо тхо санна, цIа доьхна велахь.
Тийналла, тIаккха жIаьлешлета.
Т о в с о л т а. ЖIаьлеш ду, вайна го беш бу.
Дикка хан йолу.
Б е р д. Жинийн хIуо-м дац техьа?
Ч о в к а. Газа-гуьзалг цIа еана, Гакина шура еана.
Б е р д. Со хьаьжна схьавогIу.
НеIарх араволуАрахь уьстаг1 а, газа а Iохуш хеза. Дукха хан ялале вогIий чуэккха Берд. Цуьнан бIаьргаш догуш ду синкъерамах.
Б е р д. Хьеший баьхкина вайга.
Т о в с о л т а. ХIун хьеший?
А ь р з у. Чу стенна ца богIу уьш?
Б е р д. Уьш и тайпа хьеший бац.

Т о в с о л т а. Мила? Мила ву цигахь?
Б е р д. ХIокху дийнна шарахь хIокху юьртан са а, хIокху юьртан дай а хилла Iийнарш бу-кх.
А ь р з у. Муьлш бу уьш? Схьачудуьйла!
Б е р д. Уьш адамаш дац. Човка бакълуьйш хилла.
Массо а цец а волий, дIатоь.
Ч о в к а. Газа-гуьзалг цIа еана. Гаки, Гаки, ма делха.
Б е р д. Уьш: цхьа газий, цхьа уьстаггIий ду.
Массо а цо дуьйцучух ца тешаш, цуьнга хьоьжуш лаьтта.
Божалан неI дIачIагIйина а йисна, кху чохь буьйсанаш йохуш хилла цара. Тамашийна хIума дар-кха: сох ца къаьхки ший а: газа а, уьстагI а, – тIе а деана, суна хьесталуш, сох схьахьекхалуш дара.
Т о в с о л т а. Вайна шина кIиранах баъал кхача бу-кх делахь, неIара тIе схьа а беана лаьтташ.
Э н и с а. Жижиг-галнаш дийр ду ас.
А ь р з у. Ахьар дуй ткъа?
Э н и с а. Сан хIокху тIоьрмиг чохь бу цхьа цинц.
А ь р з у. Цигахь, тIамтIехь, лаза а вина, со госпиталехь Iуьллуш – чевнаш хиллачарна дарбанаш ден меттиг ю и – суна гуттар а дуьхьалтуьйсура гIенах: суьйранна чугулбелла берриге доьзал, схьадаьккхина боги чохь жижиг, ахьаран галнаш схьайохуш йоллуш нана, арахь чIагIло бода, чухула яьржа саьрамсаькхан хьожа…
БIаьргех хи долий, дIавоьрзу.
Т о в с о л т а. Берд, урс ахьа хьаькхча мерзахо хила тарлора иза. Хьо бусулба дешар дешна а ву, Къилба мича агIор ду а хууш.
Ч о в к а. Ма-ма, ма яйалаш уьш! И уьстагI Элмарзин бу… ДIо ахкал дехьахь Iийначу Элмарзин, генарчу махкахь велла иза, шел а велла.
Цуьнан са цIа а деана, оцу уьстагIца лелаш ду… Газа Куьйрин ю, хIара цIа долчу
Куьйрин. Кху маьлхан дуьненахь кхин дисина цуьнан хIумма а дац, хIара газа йоцург…Ма яйалаш уьш… Синошна вас хир ю.
Массо а тийна лаьтта.
Т о в с о л т а. Кхуо-м шен Iовдал хабарш юьйцура…
Б е р д (меллаша, амма сацам болуш). Суна бакълуьйш санна хета Човка. Иза вайн кхача бац.
А ь р з у. Уьш вай ца яахь а, шаьш а лийр ю мацалла.

Б е р д. Мацалла а ца леш, Іийна уьш дийнна шарахь…
Т о в с о л т а. Цхьана акхароша хІаллакйиийр ю!
Б е р д. Акхаройх а ларлуш, лелла уьш-м дийнна шарахь…
А ь р з у. Дуьне кхоьлличхьана ду-кха адамо хьайбанна урс хьокхуш.
Б е р д. Дуьне кхоьлличхьана… Кху юьртара адамаш дІадахчахьана кху юьртан дай, кху юьртан са а хилла, я адамашна а, я акхарошна а кара ца йоьдуш, дийнна шарахь даьхна и Делан хьайбанаш а диъна, геш ца дузош, вай мацалла лийр ду шуна!
Чохь тийналла хІутту.
Ойла йиний аша, хІун дог хилла хир ду церан юьртах а даьхна дерриге адамаш дІадуьгуш, царна тІаьхьа хьоьжуш?! Уьш хІинца хьайбанаш хилла ца Іа! Адамаша санна, ойланаш ярна – кху юьртах, кхузахь баьхначу нахах, царна сагатдарна, и хьайбанаш шаьш а ду адамаш санна.
Т о в с о л т а. Туьйранаш! Хьан а, хІокху хьераяьллачу стеган а туьйранех вай дузур дац! Цу тІе хьан хьайн хІун бакъо ю бехкамаш бан, кхечарна хІун хета а ца хьожуш?
Б е р д. Хатта ткъа…
Берддий, Товсолтий вукхушингахьа воьрзу. Тийналла лаьтта йоццачухенахь.
А ь р з у. Вай гІелделла а, мацделла а ду… Хьайбанна урс хьакхар Дала адамана диллина а, къилахь лоруш а дац…
Т о в с о л т а. ХІаъ, хІаъ, къилахь лоруш а дац…
А ь р з у. Делахь а хІокху Ч о в к ас бохург цхьа къайле йолуш хІума хета суна, и суна дагах а кхийти. Со реза ву,
Берда бохург а дина, меца Іен.
Тийналла хІутту.
Т о в с о л т а. Делахь шу ле мацалла, со лийр вац! Сан дан дезаш кхин а цхьацца хІуманаш ду!
Ч о в к а. Ма ехьа газа-гуьзалг, хІокху Гакин къа ма ду.
Цо кхунна шура ма ло. Ца го хьуна, Гаки доьлхуш ду. Гаки,
Гаки, ма делха…
Т о в с о л т а. ДІаялахьа суна хьалхара, ешап, хІара хьайн бехчалгийн тайниг а эций!
Човкера схьа а доккхий, лаьттах тухий, дІадохуьйту«бер».

Керчий, дIабоьду бехчалгашюккъехь хилла тIулг. Массо а, цхьа Товсолта воцург, Iадавой вуьсу.
Ч о в к а. Ва-а, дела! Дий-кх цо Гаки… дий-кх цо…
Йоьлху. ТIаккха, хьала а гIоттий, меллаша арайолу. Дикка хан йолу, цхьа а вист а ца хуьлуш.
Б е р д. Човка! Ахь хIун до, Човка?!
Берд араволу. Цунна тIаьхxье – Аьрзуа. Арара чухеза:
«Човка! Во-о, Човка!» – боху Бердан, А ь р з ун аьзнаш.
Уьш генадовлу. Вухахьаьжча, сонехь Iаш Эниса го Товсолтина.
Э н и с а. Боккъал а, уьш а йиъна, вуза гIерташ ву хьо?
Т о в с о л т а. Ву! Ву! Ву! Ца теша хьо? Со иштта ма ву. Я шун цхьаьннан а къинхетам оьшуш а вац! Сан ца деза хьуна хIокху шелехь мацалла вала. Сайна лаахь, хIинцца ваьлла дIавахчахьана, даа а ду, мала а ду, Iедал а ду…
Э н и с а. ГIуо тIаккха, хIунда ца воьду хьо?
Т о в с о л т а (цIеххьана аз а хуьйцуш).
Хьо хIунда еана оцу сенчу Сибрехара цIа, суна къахьделла дуьне кхин тIе а къахьдан?
Э н и с а. Хьо ган ца еана хьуна…
Т о в с о л т а. Стенна? Стенна боху ахь иза? Дог ца Iеба хьан сох? Дуьненчохь хила а хиллий техьа со санна декъаза стаг?… ХIара ахьа делла тешаман йовлакх ас гуттар а сайн дега уллохь леладора…
Э н и с а. Дера, суна хьо хIетахь хьашт а ма вара, хьо веза а ма везара… ЧIогIа товра хьоьгахь и лаба йолу куй, и батянгаш, и хорма… Хьо цхьаннах а тера вацара…
Эниса дагалоьцучухене дIайоьду. Хеза эшарш, кегийчийн аьзнаш.

## ШОЛГIА ДАКЪА

Хьалхарчу декъан декорацеш. Шен ойланашцца яханчу хене дIаяхана Эниса меттайогIу. ДIадовлухIетахьлера суьрташ.
Э н и с а. Нахана ца везара хьо. Шайл тоьлу дела – хетара суна. Амма цуьнан кхин бахьана хиллера… Суна ца хаьара… Хьо цхьаннах а тера вацара… Со хIунда ца хуьлура хьуна реза? Ас йовлакх хьовха, сайн дог а дIаделлера хьуна.

Т о в с о л т а. ТIаккха ткъа?… Ас дуй буу хьуна массо а дезчу хIума нах, хьох лаьцна ойланаш йоцург, со воккхавеш кху лаьттахь хIума ма дац…
Э н и с а. ТIаккха тхан да лецира. Суна моьттура иза цхьа гIалат ду, ахьа иза масех де а далале цIа воуьйтур ву…
Т о в с о л т а. Сан карахь хIума дацара иза.
Э н и с а. Ткъа со йолчу вар дарий хьан карахь? Хьо-х хIетахь дуьйна суна гина а вац, хьалха хIора денна схьахIуьттуш хилла. Суна ма хаьа хьо хIунда Iийна. «Халкъан мостагIчун» йоIана тIехьийзаш ву аларна кхоьруш. КIилло!
Т о в с о л т а. Цунах ца Iийра со…Товш ца хеташ. Оцу буьйсанна шун да дIавига баьхкинчаьрца ма вара со. Цундела даго ца вуьтура…
Э н и с а. Муха? Хьан мотт муха керча и соьга дийца?!
Т о в с о л т а. Омра! Сан йиш яцара омра кхочуш ца дан.
Э н и с а. Омра кхочушдеш хIаллакйира ахьа Хазбикин йоI Аьлбика…
Т о в с о л т а. Ма дийцахьа, Эниса, уьш… Хьуна ца хууш мел ду уьш? Ког биллал меттиг яц хIокху вайн махкахь ас къа латоза. Iехавелла лийлира…Цкъа хьалха айса лелориг цхьа хIума ду моьттуш, тIаьхьа – Iама а Iемина… Вухавала йиш а яцара, Iовраша ядийна чемхалг санна вара со. ХIара берриге а мохк бассабелча кхийтира…
Э н и с а. ТIаьхьа кхетта хьо.
Т о в с о л т а. Хаьа суна. ХIетте а со кхетта! Со кхетта, суо кIоргачу, ас айсса сайна яьккхинчу гIу чохь хиларх. Ткъа яц-техьа сан цу чуьра вала таро? Ас хIора дийнахь сагIанаш даьхча, ламазаш дича, со хIора дийНахь хьайна хьалха гор лаьттича, гечдийр дацара ахьа?
Э н и с а. Сан ницкъ бац хьуна гечдан… Деле деха хьайна гечдар.
Т о в с о л т а. Деле… Цу шийлачу Iуьйранна зударий, бераш, баккхий нах берзинчу когашца лайла ара а баьхна, дIабуьгуш, церан маьхьарий ца хезаш, къарвелла хиллачу, шай хIусамашка тIаьххьара бухахьаьвсинчу церан бIаьргаш чохь дуьненнал йоккха гIайгIа ца гинчу Деле сан деха хIумма а дац!… Ахь гечде суна. Хьан гIоьнца бен сан ницкъ кхочур бац хIокху гIу чуьра хьалавала.
Э н и с а. Сан гIоьне са ма тийсалахь…
Т о в с о л т а. Ас дерриге дийр ду хьо ирс долуш ян.
Ас тIулгаш тIе латта а духкуш, цу тIехь бошмаш а кхиор ю хьан дуьхьа, ас хIуъу а дийр ду хьан дуьхьа… Хьуна лаахь, хIора айса

динчу зуламан цIарах цхьацца и вайна тIаьхьадевлла лелачех жIаьла а дуьйр ду…
Э н и с а. Сан дуьхьа цхьа а ма виэ. Ас гечдарх дIадоьрзуш дац хIара: дукха доккха ду ахьа дина зулам…
Дала гечдойла хьуна…
Т о в с о л т а. Ахь «Дала гечдойла» баха со хIинца а велла вац хьуна. Иштта ма дийца, Ениса…ХIокху Iовдалшца йисахь, мацалла лийр ю хьо, дахар хIун ю а ца хууш.
Массанхьа а яц хьуна мацалла а, шело а, массанхьа а бац тIом а. ДIо лаьмнел дехьа ма велли Гуьржийчоь ю, ялсамане, цкъа а Iа а ца дулуш, цигахь вайнах а бу Iаш. Вайша цига дIа а дахана, цIерш а хийцина, Iийр ду, адамаш санна, жIаьлех уьдуш хIокху гIорийнчу Iаннашкахула а ца лелаш.
Реза яц хьо? И заьIап салти хьуна моьтту Аьрзу дац хьуна, хьо цунна бага хьежахь а. Хьо, цо хIусамнана а йина, охьа а хаор яц цкъа а. Ткъа аса хаор ю. Яло, дIагIо вайша хIинццехь. Ишиъ вита хIокху дакъазбаьллачумахкана дола дан.
Э н и с а. ХIун ду ахьа дуьйцург?!
Т о в с о л т а. Суна хаьа, хьо тIе стенна ца йоьрзу. И
Аьрзу бахьанехь… И хьайх ца кхеттехь, хьо суна тIаьхьара а ер яцара… ХIаъ, хIаъ, со сацо ма гIерта хьо, – иштта ду хьуна. Суна дика девзина адамаш. Суна шен вешина мотт бахьаш веанарг а гина. Ахчанах, белхан меттигах шен дай-наний доьхкинарш гина. Хьеначу доьшанах, хьаькамаллин даржах шен халкъ доьхкинарш а…
Хьой, Берддий, и Iовдал салтий суна маликаш хила а ма гIерта…Шу а дац шуна кхин царал тоьлуш. Аш а дийр дара изза. Шу муьлш ду суна гечдан а, ца гечдан, я суна кхиэл ян?… ХIумма а. Хаза дийцарх гIуллакх ца хуьлу
Нахаца.
(НеI дIакъовлуш).
Хьо вайн Iедалехь, суна кераелла хIума а йолуш, сан зуда ю. Цундела ас хIинца сайн майрачун бакъонаш тIечIагI а йийр ю.
Э н и с а. Осала хIума!
Т о в с о л т а. ХIаъ, сан оьздангалла оьшуш мила ву?
Э н и с а. Цхьа а ца хиларх, стагаца шеца хила еза оьздангалла.
Т о в с о л т а. Оьздий, ца оьздий къесто хан яц хIара.

Хьо реза яцахь а, хир ю хьо сан зуда. Суна хаьа хьуна хIун оьшу, хьуна хьайна а ца хаьа иза. ТIаьхьа кхетар ю хьо, со бакъ хиллий. Хьуна оьшу…
Э н и с а. ХIун оьшу суна?! Суна сайна хаьа хьуна…
ТIевогIуТовсолта а гой, соне дIатаьIа, кхера а луш.
Т о в с о л т а. Хьуна хIусам оьшу, хIусамда а… ХIинца аса… ТIаккха хьо суна, мага а йина, схьалур ю. Ас куьйгаш тоьхча, кхин церан дан хIума а дац. Берда вайшиннан мах бийр бу.
Э н и с а (сонехь лаьтта топ схьаоьцуш).
Ма воьллахь тIе!
Т о в с о л т а. ТIаккха вайшиъ дIагIур ду, ломал тIехьа а даьлла…
Э н и с а. ТIе ма воьллахь суна, ас топ туху хьуна.
Т о в с о л т а. Тоьпах кхералур ву аьлла хета хьуна со.
ХIан-хIа, ма ца вевза хьуна со. Со дукха хьежна хьуна оцу биргIина бIаьра.
Э н и с а. Хьайн делан дуьхьа ма баккхалахь кхин ког схьа!
Т о в с о л т ан (къежаш, тIеоьхуш). Цхьаъ боккхур бу, шиъ боккхур бу…
Э н и с а. Вижа каш ма хуьлда хьуна, кхин ког схьа боккху белахь!
Т о в с о л т а. Вижа каш доцуш-м вуьсур вацара – латта доккха ду.
Э н и с а. Махкахь лоруш хиллачу хьайн дех Эдилсолтех эхь хета.
Т о в с о л т а. Уьш дIадевлла-м дукха хан яра.
Э н и с а. Ас коьртара йовлакх а даькххина, дехар до хьоьга!
Коьртара йовлакх доккху.
Т о в с о л т а. И месаш…
ТIеволало. Илли хеза сценин кIоргенехь гучубовлу
НКВД-н бIаьхой.
Э н и с а (юха а гIуртуш).
Ма… Ма…
Эццахь топ йолу. Товсолта лаьтта охьавоьду.
Т о в с о л т а. Вий-кх ахьа со.
Э н и с а. ХIахI? Ва-а орца дала!
Т о в с о л т а. Ца оьшу… хIинца орца оьшуш а дац.
Э н и с а. Ас вий-кх хьо…
Т о в с о л т а. ХIан-хIа, ас-айсса… Дукха хан яра ас хIара лоьху… къинтIера яьллахь суна. Ас хьанал до хьуна сайн цIий…

Э н и с а. Суна ца лаьара, суна ца лаьара…
Гор а южий йоьлху. Эццахь вогIий, чуэккха Берддий,
Аьрзуй. Илли чIагIло.
Б е р д. ХIун хилла? ХIахI?
Э н и с а (йоьлхуш).
Ас… ца хууш… цо ца йитира…
А ь р з у. Муха? ХIун?
Б е р д. Схьавола, къилбехьа верзаве хIара вайшимма.
Цу шимма кхочуштдо и.
Бисмилла хIиррохьманиррохьиймм. Ясийн валкъурIанил хьа-хьа кийм…
Берда доьшу еса гена далале, Товсолта дIаволу. Берд цуьнан бIаьргаш
дIа а къовлий, хьалагIотту.
Дала гечдойла-кх хьуна.
А ь р з у. Амин.
Цхьана юкъана тийналла лаьтта. Сонехь гIийла йоьлхуш Iа
Эниса.
Б е р д. Дукха хан яра цо хIара лоьху…
А ь р з у. ХIун? Хьан?
Б е р д. Кхуо, Товсолтас, хIара-шен валар… Ас-м ларвора хIара, кхуо
хIуъу дийцича а… ХIокхуьнга… чуьра ара а ваьлла, чувогIучу юкъана
а са ца тохадели…
Э н и с а. И соьца осала вала гIертара…
Б е р д. Дехар дан дезаш хиллера…
Э н и с а. Ас дийхира, дуйнаш кхийлира…
Б е р д. Юха а, юха а деха дезара…
Э н и с а. Дийхира… Цуьнан да а хьахийра… гор а юьйжира, коьртара
йовлакх а даьккхира…
Б е р д. Яда езаш хиллера!
Э н и с а. Цо неI дIакъевлинера.
Б е р д. Чухула ида езаш хиллера, пена тIехула ирх!
Корах араэккха! Адам ден хьуна хьан бакъо елла ткъа?
А ь р з у. Эниса… ахь… муха… соьга дехарш а дина…
Э н и с а. Сан кхин дан хIума дацара…
Б е р д. Вай пхиъ бен ма дацара вайн къомах, хIокху бассабеллачу
махкахь… И мухха хиллехь а, иза вайн халкъан цIийх вара… Вай

вовшийн хIаллакдарх хIун нислур ду… Мелхо а вай вовшийн Iалашдан дезара… Диканиг къагош, вуониг…
ХIан-хIа, эрна ду дерриге а… ГIуллакх хила ца доллу кхунах… Везандела, хIун хилла тхуна, нохчашна?! ХIокху доьхна лаьттачу дуьненахь, къемата дийнахь а, вовшашца ца цIанлуш, вовшийн хIаллакдеш схьадогIу-кх тхо…
ХIунда бац тхуна юккъехь барт, безам? Хьан Iамийна тхо вовшашна айкхдийла, вовшийн хIаллакдан?!
Товсолтина тIе охьа а лахлой, гIийла воьлху.
А ь р з у. ХIара доккха хIума ду. ХIун дича хIун хир дара… Кехат! Кехат яздан деза…
Кехат, къолам хьала а доккхий, охьахуу.
ХIара катоьхна дIакхачон деза Москоха. Уггаре а сийлахь а, уггаре а хьекъале тоба ю ВКП(б). Церан баьчча а, халкъийн тхьамда а хьо ву тхан дада, Сталин!
Б е р д. ХIун элира ахьа? Сийлахьа тоба?! Делан наьIалт хилла тоба!
А ь р з у. Иштта яздан деза. Иштта ца яздича, цара гIуллакх дийр дац. Ленина, мискачу нахана аьлла, даьккхина ма ду хIара Iедал…
Б е р д. Ахь хIун дуьйцу?
(Товсолтина тIе пIел хьажош). Кхуо дийцинарг ца хезира хьуна? Мискачу нехан бала болуш мила ву?
Хьалхара кехат этIа а дой, дIакхуссу.
Схьаэца цIена кехат. ДIаязде ас аьл-аьлларг.
Аьрзус кехат схьаоьцу.
Сталин, аьлча а, зуьдах даьлла зуд!
А ь р з у. Ахь, ахь хIун дуьйцу? Иштта яздан мегар дац.
Б е р д. Мегар ду! Суна хаьа хьуна, жIаьлешца хIун мотт бийца беза! ДIаязде… Хьуо, боьрша велахь, суна цхьа меттиг йилла. Цигахь къастор ду вайшимма, къонах мила ву, къонах мила вац а. Зударий а, бераш а, къанбелла нах а стенна хьийзабо ахьа? Хьуо ламаро а, хьуо стаг а велахь, шайн цIа бухаберзабе уьш. Хьайн къасто хIума делахь нохчашца, тхоьца, къонахашца, къастаде, хьайн нохчех чIир елахь – тхоьгара, къонахашкара, дIаэца. Нагахь тхох цхьамма хьан я хьан ден, я хьан гергарчийн, жа-даьхни дигна, я езар ядийна меттиг белахь, иза а схьаала.

Оха духадерзор ду даьхни а, езар а… Вуьшта тхан хIу дайа ма гIерта. Нагахь ахь ас бохург ца дахь, ас Делаца йина чIагIо ю-кх хьуна, хьо, бIижалгIа дина къутIа…

А ь р з у. ХIан-хIа, ма аьллахь, иштта яздан мегар дац… товш дац…

Б е р д. ДIаязде, суна хаьа хьуна, айса хIун боху – бIижалгIа дина къутIа, хьаьжа юккъе топ а тоьхна, дуьйр ду хьо. Оха, нохчаша, тхешан дош кхочушдо я ца до хьуна хаьа хир ду, Хорачаьрчу Зеламхас хьо тайпанчу жIаьлешна йина кхиэл хьуна хезна а хир ю. ХIара кехат хьоьга яздинарг со, Акхтимаран кIант Берд ву…

А ь р з у. Кхин тIе а тоха…

Оцу хенахь арахь гIовгIанашйовлу. «Сеца ма сеца, яло сихха!» – Эпсаран аз. ЖIаьлийн летарш.

А ь р з у. Берд! Берд! Уьш схьакхаьчна.

Б е р д. ХIун хилла? Муьлш?

А ь р з у. Уьш схьакхаьчна!… Сихха!

Берд, хьалаэккхий, герзаш оьций, хьалхаволу.

Б е р д. Дуьло, кху агIор доьлху вай.

Уьш дIабоьлху. Дукха хан ялале цига, богIий, схьакхочу НКВД-н эпсар, салтий, хьалха а яьккхина ялош Човка а йолуш.

Э п с а р. Схьадийца, хIун деш яра хьо кху цIенна гонаха хьийзаш?

Човкина хIума туху.

Ч о в к а. ХIумма а.

Э п с а р. Ткъа стенна лечкъара хьо?

Ч о в к а. Со хьоза ду, дорцах дIалачкъа тховкIело лоьхуш.

Э п с а р. ХIара хIун ю хьан коьртарниг?

Хурашка схьаоьцу.

Ч о в к а. Ца хаьа.

Э п с а р. Ца хаьа?

(Салташка). Вайн хормица йолу хурашка ю-кх. Вайх цхьаъ вен а вийна, схьаяьккхина ю.

Гой, кхузахь топ кхетта меттиг а йолуш. Мила вийна ахь?

Ч о в к а. Цхьа а ца вийна, сан Гаки дийна…

Э п с а р. И хIун Гаки ду?

С а л т и. Зуда ма ю хIара? Къанъелла, йоккха стаг.

Кхуо муха вуьйр ву стаг?

Э п с а р. Сацийта! Зуда яц, ешап ду, ешап! Ешапо хIуъу а дийр ду.

Чухула волавелча, лаьттахь 1уьллучуТовсолтех ког тасало.
ХIара хIун ю? Схьахьажае панар.
Салташа тIе панар лоцу.
Салтех цхьаъ (цецволий). ХIара? Эдисултанов?
Э п с а р. Тпу, предатель!
(Мийра тухуш).
Хьан вийна хIара?
Ч о в к а. Цо сан Гаки дийна…
Э п с а р. ДIаэций кху чуьра аракхосса хIара, чагIалкхашний, къийгашний даар хилийта. ЖIаьлина – жIаьлин чаккхе.
Салташа Товсолта неIарх аракхуссу.
Э п с а р. Ткъа хьо мичара яьлла? ХIунда яц хьо Сибрехахь?…
Ч о в к а. Со делан олхазар ду, мичча а даха йиш а йолуш.
Э п с а р (тIе тапча лоцуш).
Олхазар ду боху ахьа?
Делахь тIома дала! улг хилла.
Э п с а р. ТIулг бу боху ахь? Кхин а чIогIа тIулг хила лаьий хьуна? ШагатIулг?
Човка, ца кхеташ, «а-а» бохуш, лаьтта.
Лаьа, лаьа, хьан бIаьргашка ма хьаьжжи, хаьа суна, хьуна лууш хилар…
Эццахь Човка, массо а цец а воккхуш, зикар деш хьаьвза.
Ц1еххьана зикар саца а дой, мохь туххуш, доIа дан йолало.
Ч о в к а. Ахь кхоьллина дуьне-Iалам,
Ахь кхоьллина хьайбанаш, адамаш,
Ахь кхоьллина сагалматаш, бецаш, дитташ,
Ахь кхоьллина хиш, Iаьмнаш, шовданаш,
Ахь кхоьллина акхарой, олхазарш,
Ахь кхоьллина массо а хIума балано лаьцна…
Э п с а р. Сацийтта! Сацийтта! ХIинца дагаеа суна хIара: догIа доьхуш хилла шаман. БIаьхой! ЛадогIа сан омране! Кхуьнца дерг катоххий дIа а даккхий, могIаре хIитта! ХIокху ломан кIожехь кхин цхьа серло а хаало суна.
Сихло и хIаллакьян.
Човка ядайой, пена улло дIахIоттайо. Амма салтий цунна тоьпаш тоха ца кхуьу. Берда а, Аьрзус а тIом болабо.

Човка къайлайолу.
КІело йина хилла! Тешнабехк! Сихха духадовла!
Эпсара, салтий а къайлабовлу.
Б е р д. Човка. Суна хезнарг Човкин аз ма дара…
Човка!
А ь р з у. Човка! Човка!
Б е р д. Йий теша цара иза?…
А ь р з у. Цара герз кхуссуш а ма ца хезира суна-м.
Б е р д. Кхузахула Бердах-м ца кхоьссина техьа цара иза?
(Берда йисте а воьдий, чухьожуш).
Човка!
Э н и с а. Човка! Мичахь ю хьо, Човка!
Б е р д (оьгІазаллех вузуш).
Иза а йийна цара. Везандела, хи чуьрчу чІеранчул бен бехк боцу иза а цара йийча, стенна лелуьйту Ахь уьш лаьтта тІехула? Везандела, аьтто белахь сан уьш хІаллакбан, уьш аьтта дІабаха! Ас гатдийр ду царна дуьне! Аьрзу, хІокху йоьІан а, хІокху мехкан а доладар хьуна тІехь ду хьуна. Дала аьтту бойла хьан!
А ь р з у. Со а вогІу хьоьца…
Б е р д. ХІан-хІа, иза дІаІалашве. ЙоІ, хьо суна къинтІера яьллахь.
Эниса дуьхьал йист а ца хуьлу. Берд дІавоьду.
Э н и с а (шабаршца).
Дала аьтто бе хьан!
Энисий, Аьрзуй, Товсолтин дакъа а такхадой, цІа чу доьду.
А ь р з у (чухула, дІаса а хьийзаш).
Юха а ваьшшиъ диси-кх вайшиъ! Массо а дІаваха, хила а ца хилча санна… Я и гІан хилла… ХІара дерриге ду те гІан? О-о, ма дахделла хьо гІан. Маца чекхдер ду хьо? Маца? Сийначу цІарах дага-кх хьо, дуьне, сийна цІарах!
ТІоьрмигах ког тасало, цу чуьра кехаташ схьа а оьций, дІасакхуьйсу. Шайн да велла диса шу а! Шу а эрна хилла. ХІа-а, дІагІо, олхазарш а хилий, кхокхий а хилий, дорцехула, хІаваэхула, дуьне мел ду тхуна орца доьхуш, хІара къематан де массо а адамашка дІадуьйцуш. ДІагІо! Шайн да велла дисарш!
Кехаташ, неІ схьа а йоьллий, хІаваэ аракхуьссу. ТІаккха, кІадлой, ша волччохь охьавоьду. Цхьа хан йолу.

Бехк ма биллалахь суна, Эниса.
Тийналла. ТIаккха чIогIа татанаш довлу, жIаьлийн летарш, цIенна гобечу адамийн гIовгIанаш.
Б е р д. Охьалачкъа лаьтта…
Эццахь корах чу тоьпаш йовлу, кхин цкъа а, кхин цкъа а.
ТIаккха цIенна уллора дIабоьлхучу салтийн татанаш хеза.
Серло йов. ТIаккха ехха тийналла лаьтта.
А ь р з у. Эниса, дийна юй хьо? Йистхила!
Э н и с а. Ю, дийна ю.
А ь р з у. Мича бахара и къуьда?
Энисас къуьда латабо.
Э н и с а. Вайшимма хIун дийр ду?
А ь р з у. Ас кху цIенкъахь каш доккхур ду шаьлтанца.
ТIаккха, хIара дIа а воьллина… дIагIур ду… жIаьлеш тIе ца кхочучу.
Э н и с а. Юй техьа и тайпа меттиг?
А ь р з у. Дера ю… хила-м еза…
Э н и с а. Гуьржеха дIагIур ду вайша?
А ь р з у. ХIан-хIа, кхузахь Iийр ду, дIо акха гезарий бен ца лелалучу лаьмнашка хьала а даьлла…
Э н и с а. Суна ирс долуш хета велларг.
А ь р з у. Массо а велча, ваха мила вехар ву?…
Э н и с а. Ас гIо де хьуна?
А ь р з у. ХIан-хIа, зударша доккхуш ца хуьлу каш…
Тийналла.
Э н и с а. Екхна вайна арахь?
А ь р з у (ахка волалуш).
Беттаса гучудаьллачух тера ду.
Э н и с а. Оцу беттасин серлонехула вайша дIадодахь, цара тоьпаш еттар ю, хьежа а еш…
А ь р з у. Вайша сатаса долалуччу хенахь дIагIур ду…
Оцу хенахь массо а чохь садолу хIума набаро Iехадо…
ХIинца схьайола, хIара хьалаайа гIо де суна.
Э н и с а. Бисмилла а даккхий, хьалаайа.
Цушимма, хьала а ойий, ор чу охьавуьллу Товсолта.
Везандела, къилахь ма ларалахь. Каш а ца хили, хила ма деззара.
Ницкъ кхочург ди-кх.

Э н и с а. Дала гечдойла-кх хьуна.
Тийналла. Аьрзус тIе латта хьокху. Т1аккха доIа до.
Э н и с а. Серлайолуш ю вайна.
А ь р з у. Сатосуш ду.
Эццахь сатасаран тийналла йохайо ламазана кхойкхучу
Берда: «ОллохIу акбар! ОллохIу акбар!»
Э н и с а. И хIун ду, Аьрзу?
А ь р з у. Берд… Маьждиге вахана хилла-кх иза.
Берд хIинца а кхойкхуш ву.
Цо хIун леладо? Цара вуьйр ма ву иза…
Берд хIинца а кхойкхуш ву.
Цо хIун леладо? Цара вуьйр ма ву иза.
Э н и с а (йоьлхуш).
Хьажахьа, хьалха санна ду-кх, хIумма а ца хилча санна.
А ь р з у. Везандела, стенна доьхки ахь тхо кху бале?…
ТIаккха ший а дIатоьй, Бердан кхайкхаре ладоьгIушIа.
Тоьпан тата долу, цкъа, шозза…Бердан аз хеда.
Э н и с а. Вий хьуна цара иза, Аьрзу!
А ь р з у. Вий… Дала гечдойла цунна.
ДоIа до. Хеза къонахаша олуилли.
Вайша дIадаха деза кхузара. Кхана буьйсанна, юха а деана, Берд дIаволла хьожур ду вайша.
Э н и с а. Ткъа даьхнишна хIун до вайшимма?
А ь р з у. Царний? Газий, уьстаггIий дуьйр ду… Бердан, Товсолтин Човкин синошна тIера. СагIа ца доккхуш дита мегар ма дац и кхоъ. Цу тIе махках бевлла, хийрачу махкахь декъаза хан токхучу вайнахана тIера а хир-кха царах сагIа…
(Ара волий).
А ь р з у. Схьайола, гIо де суна.
Э н и с а (йоьлхуш). ХIинцца, хIинцца…
А ь р з у. Корта дIалаца… чIоггIа… Иштта.
БисмиллахIиррохьманиррохьим…Веллачу кхушинна тIера а, хийрачу махкахь мацалла, шелонна леш лаьттачу кху юьртахошна тIера а сагIа хир-кха хьо. Дела, къилах ма ларалахь. ХIинца уьстагI а буьйр бу вайшимма сагIийна. Мича баха иза?
Шимма а цIийна гонаха лоьхууьстагI. Ца карош лела.

Мича баха иза?
Э н и с а. Иза сурт-м ца хилла теша вайна гинарг?
А ь р з у. ХIун сурт? УьстагI ма бара иза.
Э н и с а. Човкас и са ду бохура… Нур а хилла дIадахана хир ду-кх са…
А ь р з у. Цхьа делан къайле ю-кх. ХIара газа тила а йина, дIагIур ду вайша.
Цхьа хан йолу. Уьрсаца болх бечун татанаш хеза.
Э н и с а. СагIа дала стаг а вац.
А ь р з у. Вайшимма пайдаэцча а, хир ду кхунах сагIа.
Вайшиъ дерриге а халкъан метта ма ду кхузахь… Яло, дIадоьду вайшиъ.
ДIадоьду. Дукха хан ялале цуметта схьакхочуНКВД-н белхахой. Уьш ворхI ву, царах цхьаъ – Эпсар. Уьш леррина хьовсуцIийне. ЦIенкъахь дIавоьллинчунна тIеIоттало. Латта дIасакхуссий, гучувоккху. Массо а хьоьжуш лаьтта.
Э п с а р. ХIинца кхеташ ду: хIара дIа а воьллина, маьждиге веана хилла важа. Делахь иза тIаьххьарниг хиллакх.
(ЦIеххьана кехатийн тидам хуьлий). ХIара хIун ю?
(Цхьаъ, схьа а достий, доьшуш). Кехат. Хьажахь, яздан а Iемина-кх кху акхарошна. ХIаа, дикка дрессировка йича, маймалшна а Iема цхьацца хIума. «Дуьненчуьрчу массо а къечу нехан тхьамда, тхан дада Сталин…» Хьа-хьа, шуна-м вац хьуна иза дада. Бандиташ!
(Кехат, лоррий, папки юккъе дIадуьллий, шолгIа кехат деша волалуш). ХIинца хIокху тIехь хIун ду техьа?… «Сталин, аьлча а зуьдах даьлла зуд»… ХIу-ун? Боьха хIуманаш!
(Кхералой, дIасахьожу, шен бат куьйгаца схьа а лоций).
Ас дийр ду шуна дан дезарг.
(Дегочу куьйгашца, сирник а латайой, кехат дагадеш).
Салтий! Эккхийта хIара цIа!
Кхин хIара оьшуш дац. Оцу акхарошна дика гур бара хIара!
Юьстах а волий, сигаьрка а латайой, охьахуу.
ЭккхийтинчуцIийнан гIовгIа йолуТIаккха тийналла лаьтта цхьана юкъана.
Всё. ДIадели хIокху берзалойн гIуллакх а! НКВД-н лакхарчу хьаькиме РАПОРТ

Ас доккхачу хазахетарца хаам бо шуьга:
Тахана, 1945 шеран февраль беттан ткъе цхьоалгIачу дийнахь Малхбален Кавказан лаьмнаш дуьззина дIацIандина «нохчий» бохучу халкъан мостагIех. ХIинца дуьйна дIа сирлачу кханене – коммунизме боьду некъ кхин дуьхьало йоцуш, паргIат дIабаха йиш ю хIокху акхачу, амма исбаьхьчу лаьмнашкахула…
Эццахь хаза долало берзалойн угIар. Эпсара, цуьнан накъостий а, Iадийча санна, лаьтта. УгIар узаме доьрзу.
Аьрзу ву и узам беш:
Да вала хьан делаI,
Малх кхета хьо дуьне,
Хьо дуург ца хилла,
Хетараш ва хилла,
Хьо дуург ца хилла
Бохуриш ва хилла…
Э п с а р. Тьфу, проклятье! Вперёд!
Бовдий, къайлалелха.
Кхин, масех де даьлча, НКВД-н районан отделенин хьалхара майда. ДIахIиттина лаьтта НКВД-н салтий. Царна хьалха къамел деш вуЭпсар.
Э п с а р. Салтий! Революцин лоьмаш! Ас даггара декъал до шу цIечу эскаран дезчу денца! Вайн сийлахь эскар фашистски гIеранаш эшош Берлинехьа теIа. Ткъа вай кхузахь, вешан букъа тIехьара мостагI хIаллакваран сийлахь декхар кхочушдеш дохку. Цуьнца цхьаьна вай доккха дакъа дуьллу фашизм хIалакьярна юкъа. Оцу тIехь вай дикчу кхиамашка а кхаьчна. ХIинца буса дIаараваьлча, эзарнашшерашкахь акхачу аьзнаша декийна лаьмнаш башхачу тийналло дIалаьцна го. Халкъан мостагIийн доьзало латийна цхьа а серло ца хаалуш, дагна хьааме бода лаьтта Органан чIожехь. Иза аша, революцин майрачу лоьмаша, латточу сийлахьчу къийсаман жамI ду. Тахана хIокху дезчу дийнахь ас шуна дIалур ю, хIокху акхачу лаьмнашкара халкъан мостагIийнерриге а цIераш дIаяйарна, тийналла а, бода а хIотторна партин а, правительствон а сийлахь орденаш а, мидалш а…
Марш локху. Эпсаро масех салтичунна хьалхалатайо мидалш а, орденаш а. Юкъа-кара салтийн хазахетаран:
«Ура! Ура!» – хеза.

СовгІаташ далар чекхдаьлча, салташа йир а локху:
ГІатта! Нисло! Хьалха таІа!
Дуьне Іадош лакха маІа!
Мохь а тухуш оха,
Массаьрга а боху:
ХІумма йоцчух
ХІума йийр ю,
ХІума ериг
ХІаллакйийр ю.
Нисбина ког а боккхуш, уьш къайлабовлу.

* * *

БІаьсте яьлла. Эккхийтина цІа долуметтиг. Заза даькххина беш.
ДогІий, гучудолу Аьрзуй, Энисий.
А ь р з у. ХІумма а ца хилча санна бІаьсте ели.
Э н и с а. ХІумма а ца хилча санна заза а даькххи бошмаша.
А ь р з у. ХІумма а ца хилча санна…
КхидІа къамел а ца деш соцу цхьана ханна.
Эниса, нагахь хьеха чохь Іахь, сан хьеханана а, нагахь цІийна чохь Іахь – сан цІийнанана а, нагахь цІе латаяхь, сан цІеранана а хила реза юй хьо?
Э н и с а. Реза а ю со хьан хьехан, хьан цІийнан, хьан цІеран нана хила. Ас гуттар а дІа ца йойтуш, латтор ю хьан кхерчара цІе.
А ь р з у. Со оцу кхерчана тІехь бина тхов хир бу, цу кхерчара цІе догІане, ткъовне, мохе дІа ца яйийта.
Э н и с а. Хьо тхов хилахь, со и тхов латтабен гІортораш хир ю.
А ь р з у. Хьо сан Іаьржа латта ду.
Э н и с а. Хьо сан лекха стигал ю.
А ь р з у. Ас сайн стиглара беркате догІа делхор ду хьуна тІе.
Э н и с а. Ас сайн лаьттах хьала беркате ялта кхиор ду хьуна.
А ь р з у. Ас и ялта хьоккхур ду, орур ду, охьур ду.
Э н и с а. ТІаккха аса цунах деза, сийлахь пхьор дийр ду.
А ь р з у. Вайшимма оьзда хІусам кхуллур ю.
Э н и с а. Цу чохь оьзда доьзал а…
А ь р з у. Мацах Адамий, Хьавассий дІадолийна адамийн зуьрет санна, вайшимма кху махкахь вайн халкъан оьзда тІаьхье дІайолор ю.
Дуьхьал цхьаъ ала тохаеллачохьюьсуЭниса. ГІеххьа хан йолу.

Э н и с а. ТӀаккха вайн халкъ цӀа догӀур ду. Дуй?
А ь р з у. Ду, ду. Ца дан йиш а яц. Дала декъала йойла хьо!
Э н и с а. Дала декъала дойла вайша!
Оццухенахь хеза репродукторо чӀагӀдина НКВД-н эпсаран аз.
Э п с а р а н а з. Адамех хилла ши борз, карайола! Ас
Эпсаран дош ло шуна, шуьшиъ дийна юьтур ю аьлла. Мехкан уггаре а йоккхачу зоопаркехь Ӏалашйийр ю шуьшиъ, вовшах ца къастош, дийнахь доьазза хӀума а луш, уьстагӀан жижиг – цхьана рожехь. Аьчган керта чохь Ӏийр юшуьшиъ, нах хьийса а оьхуш. Карайола! Буьйса яккха йовха хӀусам а, баа кхача а боцуш, тхуна хьалхара уьдучул тоьла шуьшинна – карайола! Нагахь ца ягӀахь, оха къиза хӀаллакйийр юшуьшиъ!
Аьрзуй, Энисий дӀадоьлду. Кхин масех де даьлча.
Э н и с а. Тхов тӀера котаман бен бохий ахь,
Цу тӀе боьду берийн некъ бохий ахь,
Сталин, тхан дахар дохий ахь,
Во-о, Дела вилла хьо яьшки чу.
А ь р з у. И хӀун йиш ю ахь лоькхург?
Э н и с а. И йиш лекхна аьлла цхьа вайнехан йоӀ, пхийтта шо а тоьхна, чуйоьллира цигахь, Сибрехахь. Ткъа цуьнга ладоьгӀуш, бӀаьргех хи даьлла стаг итт шарна цкъа а малх а ца кхетачу, шийлачу махка хьажийра.
А ь р з у. ТӀаккха…
Э н и с а. Кху лаьтте чӀогӀа сатуьйсура наха. Ма чӀогӀа сатуьйсура.
А ь р з у. Вайшимма цхьа хӀума дича?. Ма даъалун хӀара латта даа а диъна, кийрахь латта а эцна, цига дӀадахча, цу лаьттах цигарчу вайнахана дарба хир дара.
(Латта дуу). Иштта хӀара латта а диъна, цига дӀадаха деза вайшиъ. Мел мерза ду.
Эццахь йовхарша хьовза а вой, багара латта охьатосу
Аьрзус. Ша волччохь охьахуу иза. Цхьа хан йолу.
Э н и с а. Халкъ шен лаьтта тӀе цӀа дан деза… Латта дӀадахьалур дац цига.
Э п с а р а н аз. Адамех хилла ши борз! Карайола! Ас дош ло шуна: шуьшиъ зоопаркехь Ӏалашйийр ю…

А ь р з у. Ялолахь, эцца тIулга тIехьа а хIоьттина тIом бийр бу вайшимма оцу жIаьлешна.
Гул тIехьа а долий, тIом болабо.
Кхин масех де даьлча Аьрзу гучуволу, хьалха а ваьккхина валошНКВД-н эпсар а волуш. Цуьнан куьйгаш тIехьа дихкина ду.
А ь р з у. Сеца ма сеца! Сихха!
ДIакхочу. Хьеха чуьра арайолу Эниса.
ХIара вара и вайшиннан лар толлуш лелларг, хIара ву
Берд хIаллаквинарг а, Човка докъаза яйинарг а? Кхин дIа-м лелар вац!
Э н и с а. ХIара – муха?…
А ь р з у. Сакъоьруш бара хIорш, эвла йисте а бевлла…
Э п с а р (гора вужуш). Ма велахь со. Сан цхьа а бехк бац хьуна. Со омра кхочушдеш лелаш ву! Сайн лаамехь а вац, сан цIахь зуда а, бераш а ду.
А ь р з у. Зуда а, бераш а ду?… Ткъа мел зударий, бераш хIаллакдина аш кхузахь? Аш тхан дерриг халкъ дакъазадаьккхина.
Э п с а р. Суна ца хаьа иза. Ас цуьнан ойла а ца йина.
А ь р з у. Дала корта стенна белла а ца хаьа хьуна?.
Э п с а р. Дала хIун лур ю, ша хила а ца хилча?
А ь р з у. Хьуна хIун хаьа иза ву-вац?
Э п с а р. Воцийла-м хаьа. Дин – иза халкъ Iехон хIума ю!
А ь р з у. Дела вацахь, мичара ваьлла хьо?
Э п с а р. Ша-шах хилла-кх. Iалам.
А ь р з у. Ша-шах хилла… Ткъа и корта стенна бу хьан?
Э п с а р. Хурашка лелон?
А ь р з у (тоьпан юьхк а Iуттий, хурашка дIа а кхуссуш). ХIинца ткъа?
Э п с а р. Ма вехьа со, ма вехьа… Сайга де аьлларг дичахьана волуш… Со йоккхачу чорхан цхьа винт бен яц.
А ь р з у. ХIун ю, хIун ю-ю?
Э п с а р. Муха эр дара иза, хьо кхетийта… ХIа-а, дуккха а жа ма гина хьуна. Иштта жа хилча, со оцу жана юккъера цхьа уьстагI бу-кх… Сан карахь хIумма а дац.
Бож ю хьалха яьлла, дIайоьдуш. Цунна бевза некъ.
А ь р з у. Оцу бажо шун уьстагIий цхьана бердах кхийсахь?
Э п с а р. Цо тхо коммунизме, дуьненан ялсамане дуьгуш ду!

А ь р з у. Нах байича хуьлу ткъа ялсамане, я шуна жоьжахатех таръелла ялсамане?
Эпсаро жоп ца ло.
Хьо уьстагI хилла а ца Iа, хьо хье чохь нIаьна бина уьстагI бу.
Э п с а р (цIеххьана).
Сох вела а ца воьлуш, айхьа вехь ве! Ве! Акхарой! Ахь со ца вуьйш дIавахийтахь а, ас гуттар а лар толлуш хIаллакдийр ду шу. Аш со вехь а, изза хир ду шуна. Суна тIаьхьа богIучара цхьа а дечиг ца юьтуш, охьахьокхур ю кхузара хьаннаш. Лаьмнаш а лоьлхуьйтуш дIаюкъур ю массо а хьех, массо а Iуьрг. ТIаккха мича ваха воллу хьо?
А ь р з у. Сан са ма гатде ахь. Суна-м ваха меттиг карор ю хьуна… Цхьаъ алахьа. ХIунда девлла шу тхуна тIаьхьа? Хьанна хIун вуон болх бина оха?
Э п с а р. Шу дуьненчохь хилар бу вуон болх. Шу кIордийна массарна а. Шу кхуззахь (легаш тIе куьг хьош) лаьтта тхуна, дерриге а дуьненна а. Шун шаьш бен дош ца хетара. Цундела дIаэца шайна! Шу вовшашца дукха лераме дара, тIех оьзда дара шун дахар, лелар, ког бакккхар, къамел, шуна шайга кхочуш нах ца хетара лаьттахь. Цундела хила деззарг хили. Къарвала ца луург оха къарвийр ву! Шу массо а хIаллаквийр ву оха! ХIаллак ца вахь а, баьпган дуьхьа вовшийн бухкуш…Шу муьлш ду, нахах ца даша?Шумуьлш ду, бакккхий нах, деланаш санна, сел чIогIа лара?! ТIе мосазза кхечи, вежарий санна, вовшашна мармара беттабала? Шу кхин седарчашна тIера даьхкина-м дац? ХIинца дIадели иза! Аш а аралестор цIа чуьра шайн къанделла дай-наной… Шайниг а, неханиг а ца къастош, юкъара хир бу зударий а…къаьркъанашмийр ду аша, хьакхарчий юур ю…
Аьрзус тоьпан чаппах вовшахтуху. Цунах кхера а лой,
Эпсар юха а горвужу.
Ма вехьа со, со сайн лаамехь лела моьтту хьуна?!
Мичара! Сайн лаам хилча, со цхьанхьа генна, адам тIе ца кхочче вахана, хьуьнхахь Iийр вара. Ахь ца вуьйш витахь, со хьан лай а хир ву хьуна. Ахь боххург деш… Ма велахь со!
А ь р з у. Иштта сел дакъаза а ваьлла, сел пайдабоцчу а ваьлла, дехначу дахарх хIун дан воллу хьо?
Э п с а р. Э-э, сан дахар дита ахь! Иза сан дахар ду.

Суна сайн дахар мухха дехна а дита лаьа. Со турпал вац, дош а къевсина вала. Суна массо дашал а деза ду сайн дахар. Ас хIуъу а дийр ду, кхин цкъа сигаьрканах кIур баккха, чагIар мала… ХIуъу дийр ду! Тийналла. Аьрзу вехха ойлаеш Iа. Эниса, тIулг хилча санна, хIоьттина лаьтта.
А ь р з у. Дика ду. Хьуна сел дукха деза и хьан дахар дуьтур ас. ЖIаьлин дахар.
Э п с а р. ЖIаьлина мел мерза ду хаьий хьуна шен дахар! Иза жIаьлига хатта ахь. Я соьга хатта.
А ь р з у. Ас вуьйр вац хьо. Я хьайн хиллачу накъосташна дуьхьал тIаме а вуьгур вац… Вигча а хьох хIун накъост хир вара?
Э п с а р (цхьа хан яьлча). ХIан-хIа, со дIа а волавалийтина, тIехьара тIетоха воллу хьо.
Гора вужу.
А ь р з у. Со кхин НКВД-н жIаьла ду-м ца моьтту хьуна, тIехьара тIетоха?! Ас зен-зулам доцуш, дIавохуьйтур ву хьо. Амма сан цхьа лаам кхочушбан беза ахь.
Э п с а р. Ахь боххург дийр ду ас.
А ь р з у. Ас Сталиней, Ворошиловгий яздина ши кехат ду. И шиъ Москох дIакхачо деза ахь.
Э п с а р. Ши кехат? Мичахь ду уьш? Дера кхачор ду… Воьддушехь Москох дIагIур ву.
Аьрзус, шен кисанара хьала а доккхий, ши кехат дIакховдадо.
А ь р з у. ХIан, хIорш ду хьуна. Амма ахь суна тешнабехк бахь, сан тешамечу герзо хьо лоцур хилар бакъ а ду хьуна. ХIинца вало. Маьрша ву хьо.
Эпсар дIавоьду.
Э н и с а (цхьа хан яьлча). Эрна вахийтира ахь и дIа.
Дийр дац цо ахь бохург.
А ь р з у. Хьовсур вай цо хIун до. И вийча а дацара кхин талуш хIума. ДIадоьду.
Iуьйре, малх схьакхета хан. Энисий, Аьрзуй цхьана Iома йистехь ду. Чов хилла Аьрзу гIийла ву.
Э н и с а. Мел тIаьхьа а карий-кх вайшинна хIара Iам.
Хезий хьуна, вайшимма шийтта шарахь лехнарг бу хьуна хIара.
А ь р з у (халла).

Боккъал а иза буй хIара?…
Э н и с а. Бу, бу хьуна. Гой хьуна пхи лам? Вайша кхуза кхаьчна хазахеташ, боккха хуьлуш бу хьуна иза.
А ь р з у. Делахь вайша… дика ши адам хилла…
Э н и с а. Хилла. Ца хиллехьара хIара Iам къайлабер бара…Ас хIинца чов юьлур ю хьан кху Iоман хица, цунах дарба ца хила йиш яц…
А ь р з у. Ца оьшу… ца оьшу… цулла доIа де ахь…
Э н и с а. ХIинцца, хIинцца…Цкъа са духа хьакхийтахьа соьга…
Аьрзун чов юьлу. Тийналла. Маьлхан зIаьнарш кхета
Iома тIе.
ХIинцца, маьлхан серлонца дан деза доIа…Веза хилла волу Дела, хьайн возаллин дуьхьа, хьайн сийлаллин дуьхьа, юхадерзийтахьа кху Махка адамаш, тхан кхерчашка
– цIе, тхан керташка – бераш, тхан дежийлашка – даьхни, тхан кхашка – ялта, тхан дегнашка – къинхетам, тхан ярташка – барт, безам, имийберкат… Везандела…
КхидIа доIа ца далуш гор хIуттий лаьтта. Оццухенахь хаза долало цIерпоштан тата. ТIаккха вайнехан аьзнаш.
Аьрзу! Аьрзу! ЦIабоьрзуш бу хьуна вайнах! Жоп дели хьуна Дала сан доIина! Эрна ца хилла вайшимма лелийнарг! Хезий хьуна Аьрзу?! Хьо вист ма ца хуьлу…
Аьрзу чохь садолуш а вац.
Аьрзу! Аьрзу! Аьрзу-у!…
Эниса тIулг хуьлий, йогIалой, юьсу цунна уллохь.Оцу хенахь гучубовлуНКВД-н эпсара, цуьнан салтий.
ТIебогIий, цушинна тIехIуьттууьш. Бехха лаьтта. Эпсар хьоьжуАьрзун синпха бу-бац. ТIаккха, кисанара хьала а доккхий, ши кехат этIадо.
Э п с а р. ДIакхечи хьуна хьан кехаташ Москоха. Всё.
Чекхдели хIара!
Салтий а оьций дIавоьду. Дукха хан ялале, гучуйолу
Човка. Иза Энисиний, Аьрзуний тIехIуттий лаьтта еха.
ТIаккха шабарш дан йолало. Эххар хеза цо дуьйцург.
Ч о в к а. Ца кхиир-кх со орцах, ца кхиира…
Ахь кхоьллина дуьне-Iалам,
Ахь кхоьллина хьайбанаш, адамаш,
Ахь кхоьллина сагалматаш, бецаш, дитташ,

Ахь кхоьллина хиш, Іаьмнаш, шовданаш,
Ахь кхоьллина акхарой, олхазарш, Ахь кхоьллинна массо а хІума
Балано лаьцна,
Хьогалла хІоьттина,
ДогІане сатийса хІоьттина,
Иманах доха герга хилла,
Собарах тилла, хьере хилла,
БІарзделла хьийза.
Ахьа, хьайн къинхетам цкъа а
Кхача ца лучу;
Ахьа, нийсой, маршой массо хІуманел а сийлахь леринчу;
Ахьа, хІара дуьне чуьркан тІоммал
Ца леринчу,
Собар, къонахалла, оьздангалла лолахь
Царна, бІарзбелла хьийзачарна.
Дуьненчу серло яхьаш гІоттучу
Маьлхан а дуьхьа,
Мох-дарц, шелонаш гугтар а шена тІеуьйзуш,
Адамаш, хьайбанаш, сагалматаш
Чилланах лардеш,
Латта ца корчуьйтуш,
Цуьнан терза нисдина лаьттачу
Башломан а дуьхьа,
Тхан дайша сийлахь леринчу
ЦІечу бердан а дуьхьа,
Кегийчу берийн синойн цІеналлин а дуьхьа,
Хьан къинхетаме сатесна,
Диллина хьоь стигла хьуьйсучу
Баккхийчу нехан бІаьргийн а дуьхьа,
Айхьа дуьне деза кхоьллина,
Амма цуьнан мерза чам кхетале
Хенал хьалха харцоно, къизалло
Лаьтта эгочу къонахийн а дуьхьа,
Хьайна деза а, сийлахь а
Хеттачу цІеначу сагІин а дуьхьа, –
Оцу дерригенан а дуьхьа,

ДогIа даийтахьа,
Дерриге а дуьне хих Iабош,
Лаьмнашкара Iовраш уьдуьйтуш,
Оцу Iоврашка цIандойтуш
ХIара лаьмнаш а, кхарал лахара аренаш а,
ХIара къиза адам-йилбазаш
Дуьненан уггаре а кIоргачу
ХIорда чу кхуьйсуьйтуш…
Човкин доIа чекхдаларца йолало назма, догIа долало.
Човка, ша гучу ма-яьллдра къайлла а йолу.
Стигланаш, шу марша Iойла,
Латтанаш, шу марша Iойла,
Марша Iойла, кешнийн охIла,
Тхо-м дIадоьлху ДегIастана.
Iуьйренаш, шу оха йити,
Суьйренаш, шу оха йити,
Оха йити сийна Сибарех,
Кхин ца лела чIагIо йина.
Терзанца оьзна бен рицкъа доцчу,
Эзар волчух бIе ца вогIучохь,
Ва дийца каш доцчу цу сенчу Сибрех,
Дайх-нанойх къаьстина,
ДегIастане сатуьйсуш,
ЖамIате сатуьйсуш, молланаш боьлхуш,
Вешеха ва яьлла йиша йоьлхуш,
Доьзалах ва яьлла нана йоьлхуш,
Тхан рицкъа яздина хиллер-кха
Цу сенчу Сибарех.
Сценин кIоргенехь гучуйовлу цIерпоштан вагонаш, церан корашкахь - нехан яххьаш. Кхуза схьакхаьчна, гу буьххьехь йоьлхуш лаьтта Эниса.
Йорабби, ша байлахьбисина доьзалаш богIу,
Йорабби, вешеха яьлла, де доьхна хийла йиша йогIу,
Екхалохьа нана-ДегIастана, елалой, хьасталой,
Дуьхьал ялахьа хьайн уммат догIуш…
Назма гIелло. Вагонаш чуьрчунахана гоЭниса.
I - р а с т е г а н а з. Хьовсийша борз!

II - г I а с т е г а н а з. Вайна дуьхьал еана и… хьахьхьа…
Зудчун аз. Вай, нана ма яла хьан, къа ду хьуна цуьнан: вайна сагатлуш ма Iийна и иза…
I - р а с т е г а н а з. Хаза цIока хир ю. Схьаял, зуда, и сан шалго топ.
Зудчун аз. ДIавала, топ муха туху цунна? Къа хир ду хьуна…
I - р а с т е г а н а з. Ахь хIун юьйцу, зуда? Къа муха хуьлу барзана топ тоьхча?
З у д ч у н а з. Вай цIадоьрзуш хазахеташ, вайна дуьхьал еана ма ю иза.
II - г I а с т е г а н а з. Ахь схьадийцарехь, уьш кхетам болуш ю-кх. И ду хаза! Уьш акхарой ма ю.
I - р а с т е г а н а з. Вай, дIайолалой яла, зуда… Дала оьгIазло йе хьуна, ядийти-кх цо и борз.
З у д ч у н а з. Дика-м ду и едда!
ЦIерпоштан гIовгIа, назма а, догIа а, Энисин елхар-угIар а чIагIло.
ЦIерпошт соцу, цу чуьра охьабиссинчу наха хьалаюзу сцена.
К и р х ь а.

# МОХК БЕГИЙЧА

**Мохк бегийча**[3]

Шина декъехь драма
Дакъалоцурш:
Орца – юьртсоветан пирсдатал
Цуьнан нана
Заза – юьртсоветан керла секретарь
Кебийрат –
Зазин нана
Беслан –
Зазин майра, студент
Зезаг – йоккха стаг
Махьма – юьртсоветан бухгалтер
Маккхал – мохкбегорехула йолчу комиссин пирсдатал
Чувеънарг, изза – Къиг
Сурхо – жима кӀант
Милцо
Юьртахой
Хилам дӀабоьду XX бӀешеран 80-гӀа шерашюккъе довлуш.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

**I сурт**

Буьйса. Аьхкенан дийнан тов шовданаший, хьаннаший шайна чу а хуьйдина, аьхна ду арахь. Тийналла. ЦӀеххьана цхьа къора гӀовгӀа йолу, иза лаьттаца дӀасаяьржа.
ЖӀаьлеш лета. Бежнаш Ӏоьху. Котамаш ека. НӀаьнеш кхойкху. ЦӀеношкара серлонаш йов. Лаьттах етталуш юхучу пхьегӀийн гӀовгӀанаш. Бераш доьлху. Майдана уьду нах. Уьш ах го а бой, вовшех белшаш а гӀортайой, анайисте хьоьжуш лаьтта…
Латта дӀатоь.
Хьовсархошна тӀедогӀуОрций, Зазий, Сурхой.
З а з а. И дӀо орца тӀехь лаьттачу бӀаьвнна мохк бегийча а хӀумма а хилла хир дац, Орца.
О р ц а. Дера дац, Заза… ЧӀогӀа йоьттина ма ю иза…
С у р х о. И сел даккхий тӀулгаш оцу орца тӀе муха дахаделла, ваши?

О р ц а. Иза цхьана турпало йина ма ю, Сурхо…Турпале хIуъу а ма дало…
З а з а. И йичхьана дIадевлла бIешераш…
О р ц а. ХIетте а лаьтта иза. И шен доттагIчун безамна йина хилла цу турпало. Иза генахь, гуьржийн махкана цхьа бIо тIелетча, гуьржашна гIоьнна вахначохь, тIеман арахь воьжна. И бIов йоьттина ваьлча турпало аьлла: «Хьо лаьттийла даима а, адамашна юкъахь оьздангалла, яхь, сий, безам мел бу. Ткъа уьш дIадовлла йиш а яц-кха, хIара дуьне духуш бен». Иштта ду-кх цу бIаьвнах лаьцна дуьйцу дийцар…

**II сурт**

Iуьйре. Юьртсовет чохь йолчу цIа чохь дезарш деш хьийза йоккха стаг Зезаг.
Багахь мукъам а беш: «Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне…» - куьйгаца горгам хьоькхуш йоллу.
З е з а г. Шувабар тов! Ас хIун до цунах? Хаза а ма хир яра хьуна со, Iабдуллин Зезаг, гIожа буьххье а йоьллина, горгам лестош. Доккха хIума ду-кх хIокху нахехь!
Массо лаьттах къехкаш. Хьалха, вай цIахь долуш, кIиранах кхузза шен куьйгаца горгам хьокхура цIенкъахь. Цундела стаг цомгаш а ца хуьлур-кха, чохь когаш берзина лелахь а. Хьайн куьг тухуш динарг санна ма ца хуьлу гIуллакх.
Шувабар тов! ХIара суна ечул, Махьма, хаза тIекера вала, хIун оьшу хьуна. Дечиг-салаз яйта! Я элан литта. Эхь ду боху, дехьа-сехьара веъна стаг хилахь а, шувабарца хьакха боху. Ца хьокху Iабдуллин Зезага-м.
Да вала хьан делаI,
Малх кхета ва дуьне…
Селхана дуккха а ихи нах. Мачаш а цIанйой ткъа, хIанхIа, шайн хатташца чу богIур бу. Тахана кхин а дукха хила тарло, цхьа ахча хьехош вара Махьмий, Маккхаллий.
НеI туху. И ца хезаш, юха а шен дезарш деш хьийза Зезаг.
Юха а неI туху.
З е з а г. Мила ву техьа сел Iуьйранна вогIург.
О р ц и н а з. Зезаг, хIара неI дIа стенна къуьйлу ахь?
Кху чу ван стаг а вацара.

З е з а г. ВаллахI ца хаьа-кх, Орца, Iемина-кх. Чохь гуттар а неI дIа а къовлий Iа…
О р ц а (чоьхьа а волуш).
Iуьйре дика хуьлда хьан,
Зезаг.
З е з а г. Далла везийла, Орца. Кхузза сехьа коре вала хьо, ас цигара горгам схьахьаккхалц… Кху бешахула лелларг хьо варий?
О р ц а. Вара. Хьайн кетIара лампа ахь дIаяйина-м дуккха а хан ма ю…
З е з а г. Дан дезаш мел ду уьш кертахь. Етт уьйзи, и дIалаьлли. Тийналла хIутту. ХIоьттина тийналла йохош, хаза дуьйлало гIаргIулийн аьзнаш.
Зезаг, шен хьоькхуш йолу горгам а сацайой, ладоьгIуш лаьтта.
О р ц а. Бежана маса ю хьоьгахь, Зезаг?
З е з а г. Шиъ ю-кх. Етт, эсий. СтаргIа дIайоьхкира аса.
О р ц а. Докъарна хIун дина ахь?
З е з а г. ВаллахI ца дина хIумма а, ахь гIо ца дахь.
О р ц а. Дийр ду-кх, колхозе аьлла а.
З е з а г. Стохка-м ахь мангал хьаькхна цхьа литта даькkхира суна… Ахь стенан ойла йо?
О р ц а. Хьалха, шун хенахь муха хуьлура, Зезаг?
З е з а г. Маца хьалха?
О р ц а. Шу кегий долуш. Дийцахьа, Зезаг…
З е з а г. ХIа-а…
(Iийна-а).
Кху хенахь, хIан-хIа, жимма тIаьхьа, хьаьжкIаш тило белхий дIабуьйлалора хIетахь.
Дийнахь кечам бора, гIодмаш хьоькхуш, баьрзнаш деш.
Буьйсанна доккха кхеттачу беттаси кIел а ховший…
О р ц а. Буьйса кхоьлина хилча, яккхий цIераш летайора!
З е з а г. ЦIарна цхьана агIор мехкарий а ховший, вукху агIор кегий нах ховший, сакъоьрура. Ма эшарш лоькхура хIетахь, Орца!
О р ц а. Айхьа сан ден доттагIчунна яьккхинарг дагайогIий хьуна?
З е з а г. ХIан-хIа, йицъелла.
О р ц а. Дагалацахьа.
З е з а г. ДIавалахьа, Орца, дIа ма евлла и хенаш!..

О р ц а. Хаьа суна-м, Зезаг. ХIетте а и зама а, сайн да а, цуьнан доттагIа Нажа а дагавеънера суна.
З е з а г. ХIетахь-м массеран а тIе тидам бахна ши кIант ма вара и шиъ. Ший а учитал а волуш, кога юьйхина калош а йолуш…
ГIеххьа хан йолу. ТIаккха цушинна а хеза Зезаган дагалецамашкара йиш.
О р ц а (цхьа хан яьлча).
Хьанна дагахь дара, Зезаг, хIетахь дуьнен чохь оццул боккха тIом бер бу аьлла…
З е з а г. Хьанна дагахь дара, царах а къаьстина, айса лаьтта тIехь оццул хан йоккхур ю аьлла а. Хастам бу-кх хьуна, Дела! Дика а, вуон а, кIорге а, лакхе а, ирс а, дакъазалла а йолу дахар деллачу, Хьуна бу-кх хастам…
Эццахь корех чу хезначу гIаргIулийн аьзнаша юкъахдоккхукъамел. ТIаккха, уьша къардеш, хеза шедаган мукъам.
Шун лулахойн кIант вуй иза?
О р ц а (коре а воьдий, ара а хьожуш).
Ву моьтту суна.
З е з а г. Доккха хIума ду-кх оцу кIантаца хьан самукъадалар. Хьо хьуо а ву бер санна, ишколехь учитал волчу хенахь а гуттар берашца ловзуш хуьлура хьо, цаьрца хьуьнха а оьхуш…
О р ц а.
Мичахь ву иза?
З е з а г. ДIо басахь. И бIов йолчохь… Орца, оцу вайн керлачу белхалочуьнца, Зазица боху ас, долу гIуллакх ма дисира хьан… ТIехьийзаш ма вара хьо.
О р ц а.
ТIехьийзинехь а, маре кхечуьнга яха иза,
Зезаг.
З е з а г. Цхьа нехан мотт боьллачух тера ду-кх шуьшинна юккъе. ВаллахI, дукха вовшашца ца товш-м дацара хьуна шуьшиъ.
О р ц а.
ХIун дийр ду цунна… ДоьгIна ца хилла-кх…
З е з а г. Суна-м чIогIа хала а хийтира хьуна шуьшиннан и гIуллакх доьхна. ЧIогIа цхьаьна товш дара шуьшиъ.

Гуттар а са ма тесси, бежнаш лахка со йоьдуш, хийистехь лаьтташ гора суна шуьшиъ. Хийла юьстахуо тIехйийлина со, Дала барт цхьаъ биэ шуьшиннан олуш. ДоьгIна ца хилла-кх…
Тийналла.
О р ц а.
Со ишколехь хьехархо волуш…
З е з а г. Дера, цхьа ша тайпа ма дара хьан хьехар а, бераш ишколехьчул а дукха арахь, хьуьнхахь хуьлу бохура хьан.
О р ц а. Мел дукха везара хаьий хьуна со оцу берашна!
З е з а г. ХIинца а ца хуьлу уьшшун кертара дIадовлуш.
Берашна хаьа хьуна догцIена верг а, воцург а.
Дехха шедаге ла а доьгIуш, коре хIоьттина лаьтта.
Юха а гуьйре тIекхечи-кх.
Юха а тийналла хIутту. ГIийла хеза гIаргIулийн аьзнаш.
Тийналла йохайо цIеххьана болх бан йолаеллачурадиос:
«…убрана кукуруза со всех посевных площадей…».
М а х ь м а (чуволуш).
Iуьйре дика хуьлда шун.
З е з а г. Диканца дукха вехийла.
М а х ь м а. Хьо тIаьххьарчу хенахь ма Iуьйрре вогIу,
Орца?..
З е з а г (болх бан дIа а йолалуш).
Хьо а ма веа тахана-м, цкъа а иштта вогIуш а воцуш.
М а х ь м а. Болх дукха бу тахана, Баба.
О р ц а.
Вир-хьостера шовда тодан нах бахийтирий ахь?..
М а х ь м а. ВаллахI, Орца, суна цига ван реза волуш стаг кара-м ца вира. КIезиг хета-кх нахана итт туьма…
О р ц а.
Муха кIезиг? Цхьа а мах боцуш ма тодора наха шовданаш хьалха.
М а х ь м а. ХIинцалера нах кхин ма бу…ХIинца аьхка дIа а воьдий, масех баттахь пхи-ялх бIе туьма схьадохьу.
О р ц а.
Атта ма ца доккху цара иза, суьйре-Iуьйре а ца гуш, бала хIуьттий…
М а х ь м а. Цхьаболчара атта а доккху, бичаш а бацабой…Къаьркъий, яа хIумий елчахьана, тIе итт туьма делча баккхийбеш леларш бац?

Царах бичаш олу.
О р ц а.
И нах, шайн цIахь болх а ца беш, гена дIаэхар вайна юьхьIаьржо юйла ца хаьа хьуна?
М а х ь м а. ЦIахь бан болх бац, Орца.
О р ц а.
Вай хилийта ма беза.
М а х ь м а. Хилийта-м безара… Делахь а вайшинга яхкалур ма яц кху эвлахь акхачу стоьмех сурсаташ доху заводаш, зIакардохнан фермаш, дечиган коьчалш ен фабрикаш, кхин масане ю уьш, кхузахь ян мегарш. ХIетте а ца йо. Вайн колхозан председатель тIевеъна ву, гIалитIахь шинхьа хIусамаш а йолуш, кIиранах цкъа бен гучуволуш а вац юьртахь. Галстук а йихкина хьийзаш ву. Иза кхуза веъчахьана пхеа миллионе хьаладаьлла вайн колхозан декхар.
Нах шайн-шайн гIуллакхаш деш ма бу. ХIан-хIа, ахча ца IаIадо хьуна цара. Деши, жовхIарш, цIенош, машенаш…
Ахча хийцадаларна кхерам ма бу. Цхьа вайшиъ ву-кх, юрт, нах, халкъ бохуш, хабарш дуьйцуш.
О р ц а (ойланех сама а волуш). Со цецвуьйлу-кх…
М а х ь м а. Цец ма вийла хьо. Иштта хилла ду хьуна иза гуттар а.
О р ц а.
Со цунах ца вуьйлу цец. Со нахах, кху юьртахойх, хIара санна йолчу кхечу юьртарчу нахах а цецвуьйлу. Шайн керташ, цIенош, кешнаш дIа а тийсина, дуьне мел ду буьйлабелла лелачарах. Стенна шелбелла церан кху лаьттаца болу безам, стенна туьйсу сел атта дIа хIара латта? Хьайн ворхIе а дас хьацарца Iабош, цIийца лардеш, къинхьегамца хаздеш латтийна хIара латта. Шен беш тидам боцу дела акха ма даьлла хIара. ХIинца, хьалха санна, дIайийнарг хьала а ма ца йолу.
М а х ь м а. Иза а бакъ ду. Амма нахана ахча ма деза.
Кхузахь ахь оццул ахча лахь, даъал дукха дезар ду хьуна хIара латта.
Ца ло. Ца ло дела уьш, дIа а боьлхий, ахча дохьуш…
О р ц а.
Цара ахча деъна ма ца Iа цигара. Цамгарш, эхьцахетар, диццдо гIиллакхаш, оьздангалла…Ткъа уьш ца хилча, цхьа а юрт а, цхьа а халкъ а хила йиш яц. Ваша вешица эвхьаза вуьйлу… Къаьркъанаш

мийлар… Осала лелар… Боьршачу нахах терра зударий лела бевлла тӀаьххьарчу хенахь…
З е з а г (горгам хьокхуш).
Схьавоьл хӀинца цигара сехьа.
М а х ь м а (сехьа а волуш).
Эмансипаци, Орца, цивилизаци. И хӀумнашма дийцалахь. Керлачунна дуьхьал ваьлларг хир ву хьо. Мракобес!
О р ц а.
Со дуьхьал ву иштточу керлачунна. Халкъ хӀаллакдечу…Ахь тидам биний вайн эвлахь хӀора шарахь бераш кӀезиг хиларан. Ишколехь хӀора классехь ворхӀбархӀ бер бен дац… Цхьаъ дан ма деза.
М а х ь м а. Вайшинга хӀумма а далур дац… И шовда а Ӏадда дитича хӀун дара техьа. Стенна оьшу иза? Юьрта йистехь а ду, наха оьцуш пайда а бац.
О р ц а.
Шовда, миччахь хилча а, дайта йиш яц… Ца оьшушшовда дан а дац… Олхазаро, экхано, я цхьана хьайбано пайда ца оьцуш.
М а х ь м а. Иштта-м дара иза.
О р ц а.
Довкина дечиг дӀадахьийтирий ахь?
М а х ь м а. Лара-м ца вира, Орца. Тахана-кхана дийр ду-кх.
О р ц а.
Йоькхана йоллушехьа дан деза.
М а х ь м а. Дан-м хала дацара, дича, кху наха баркалла алахь.
О р ц а.
Баркалла… Ца алахь а дан деза.
М а х ь м а. Дича, вай Ӏовдал хета-кх… Хьох нах ма буьйлу, Орца… ДагадогӀий хьуна ахь поппаран Ӏинехь тӀай тиллича, маьхза. Масийтта метр гӀашлойн тӀай… ХӀун элира наха? Орцас, и бахьана а хӀоттийна, дуккха а ахча шен кисина диллина элира-кх… И баркалла ду-кх хӀинца хьуна аьндерг а…
Стоьла тӀе пӀелг хьокху– чаню-яц.
З е з а г. Хьажа а ца оьшу хьуна…
М а х ь м а. ХӀа-ан, хӀун элира ахь?..
З е з а г. Суна порверка ма ехьа…

М а х ь м а. ОстопируллахI, ма хала нах ду-кх шу нохчий. Хьо хьанна дагайогIу?
З е з а г. Суна ца йича, кхин порверка ян хIума доцуш ву хьо?
М а х ь м а. Ва дIаялахьа, зуда. Сарралц со ма ву кху чохь Iен дезарг, хIара ченаш юуш.
З е з а г. ХIун ченаш? Ахь хIун дуьйцу? Асий, Iабдуллин
Зезагий, ченаш йитиний?
М а х ь м а. Орца, хьо ву юьртда я хIара ю? Ма хьийзавайтахьа со…
З е з а г. Ас стенна хьийзаво хьо?
М а х ь м а. Хьо суна еза стенна еш ю?
З е з а г. ХIун?
М а х ь м а. Хьо сан говро ядийна ялийна-м яц?
З е з а г. Ахь соьга хIун боху?
М а х ь м а. Ахь соьга хIун боху?
З е з а г. Мичахь ю ченаш?
М а х ь м а. Витахьа со!
З а з а (чуйолуш).
Iуьйре дика хуьлда шун!
Вукху шимма тидам а ца бо цуьнан.
З е з а г (болх бечуьра саца а соцуш).
Далла езийла,
Заза. Схьаеан хьо?
О р ц а.
ХIумма а ца деш, нехан баркаллашка хьежа волалахь хIун хир ду хаьий хьуна, Махьма?..
М а х ь м а. Ца хаьа суна-м…
О р ц а.
Шовданаш лаьтта буха гIур ду, некъаш хедар ду Iаннаш тIекхаьчча, дехьа довла тIайш а доцуш…
М а х ь м а. Цуьнан ойла ян-м стаг карор ву хьуна…
М а к к х а л
(Чуволуш).
Оссалам Iалайкум!
О р ц а.
Ва Iалайкум салам.
М а к к х а л. Орца, могашалла муха ю? Ларавой?

О р ц а.
Дика воллу.
М а к к х а л Йоккха стаг ю-кх ирахь?
Оцу хенахь, горгам хьaькхна а йолий, арайолуЗезаг.
О р ц а.
Дика дIалелаш ю нана а… Махьма, делахь, шу и ахча дIадала кечло. Со БайIелий, Эминний волчу воьду… БайIелас керт араозийна аьлла, къовсам хилла церан…ХIинца латта а ца тоьа кхарна…Хьалха, нах лахенга охьабовлале пхи бIе доьзална а тоьара латта. ХIинца бIе гергга бен доьзал а бац – ца тоьа…
М а х ь м а. Иштта ма бу нах…
О р ц а.
Нах-м тайп-тайпана бара, Махьма. Бу-те.
Араволу.
М а х ь м а
(Маккхале).
Тамашийна стаг ву. ХIинца бан а бац и тайпа нах. Музейхь дIахIотто везаш вара. Цкъа цхьана хенахь хилла. Виллина нахана хьалхара вецаш, я цхьамма а олуш баркалла а доцуш…
М а к к х а л. «Юьртан да» ма ву и. Цунах воккхавеш хьийза, миска. Жима ву, дахаро кхетор ву кестта.
М а х ь м а. Юьртан да ца хилла хIун дийр ду цо, кхин берийн да хила цуьнан йиш а ца хилча…
М а к к х а л
(Зазе хьожуш).
Хир ву, шега йоггIург ялаяхь, ца хиндолчуьнга са а ца туьйсуш.
М а х ь м а. Иза дика лартIехь а вац моьтту суна…
ХIинццалц цицигашца, бежнашца къамелаш деш нах хаабеллера суна. ХIара царал а гена ваьлла… Дитташца къамел деш хуьлу…
М а к к х а л. Тахана са ма тесси вара хьуна кху цIенна гонаха ша доьгIначу дитташна улло хьийзаш, цхьацца хабарш а дуьйцуш.
М а х ь м а. Цо синтар лаьтта Iоттаза-м цхьа а меттиг ца йисина хIокху юьртахь… И бахьанехь, малх кхетча а якъа а ца луш, уьшал хуьлуш лаьтта кху меттигах…
Чот етта волало.

Ишколехь волуш хаза вара иза, бераш тIаьхьа а даьхна, туьйранаш дIаяздеш лелаш.
М а к к х а л. ХIетахь со волчу а ма веънера иза.
Шовданийн, ирзойн цIерш йийца шена боху-кх. Оцу шовданашна я ирзошна жалоба яздан-м ца воллу техьа хIара бохуш ма Iий со (воьлуш).
Хьалха-м кхин тидаме ца оьцура и аьрзнаш. Ткъа хIинца пирстройка ю бохуш, газеташ тIе а детта. ХIа-а, ма хIилла долуш ду моьтта хьуна хIара
Iедал. Пирстройка ю аьлла, реза боцурш гучубохуш бу, юьстах баха. Юха а тийналла а, низам а лаьттар ду цхьана 30 шарахь. Хьахь-хьа! Iовдалш! ХIинца дуьххьара Iехош белахьара-м цхьа хIума а дара! Хьахь-хьа! Пирстройках
«тройка» хила мегаш ю. ТIаккха-м…
ДIатуьй, ойлане воьдий.
М а х ь м а. ХIара Орца ма ву, перестройка ю аьлла, хьо пенсе а вахийтина, кхуза хIоттийна.
М а к к х а л. Вита ахь… Вита…
М а х ь м а. Ишколехь «суффикс» Iамо езачу урокехь туьйранаш дуьйцуш хилла иза…Дитташ хедон мегар дац, шовданаш бехдан мегар дац, церан а синош ду бохуш, къамелаш деш хилла. Вахь-хьа-хьа, иза индийски пилосопи ма ю, вайн маттахь цхьа вон екаш цIе а йолуш.
М а к к х а л. Стомара цо динарг хаьий хьуна?
М а х ь м а. ХIу-ун?
М а к к х а л. Эвлайистерчу Бикатуга некъан йисте кхелли ма кхийса аьлла хилла, кхийсинарг дIа а яккха…
М а х ь м а. Бикатус мича дийр ду иза…
М а к к х а л. Цо и ца дича, Орца, схьа а веъна, шаданца цуьнан кхелли уллорчу кха тIе дIаяьккхина, шен мукъа де а дойуш… Бикатуга боху ас: хьан-м аьтту хили, и хIума тхайн цIахь дан карах ца долуш лела хьуна со-м…
М а х ь м а (чот етташ).
Тамашийна стаг ву, тамашийна.
ЧуволуБеслан.
Б е с л а н. Iуьйре дика йойла шун!
М а к к х а л. О-о-о, диканца дукха вехийла. Схьавола,

Беслан, схьавола.
БесланМаккхална а, Махьмина а мара кхета.
М а х ь м а. Ахь хIун леладо, Беслан?
Б е с л а н. Со гIалийтIа дешар тIе ваха ваьллачуьра чу хьаьвзинера. Шу муха Iа, могаш дуй шиннахьара а?
М а к к х а л. Дика дохку.
М а х ь м а.. Муха ду хьан гIуллакхаш? Эша ма эшалахь!
Б е с л а н. Оьшур вацара хьаха. Со-м хIинцале а шина комитетан член ву.
М а х ь м а. Муьлха комитетийн?
Б е с л а н. Факультетан профсоюзни комитетан, курсан комсомолан комитетан а.
М а к к х а л. Борз яI! Хьох цхьа борз хир юйла хаьара суна хьалхе дуьйна а. Галсток ю хьан хьаькимчух.
Б е с л а н. ХIа-ан, хIара-м мегар яра. ЛадогIал, ас эшар лакхийта шуна. ТIе пIелг а таIабой, сохьте йиш локхуьйту.
М а к к х а л. ОстопируллахI! Ма доккха хIума ду иза.
Б е с л а н. Фирма. Японски ду хIара. Японцаш хIокху хIуманаш тIехь дукха хьалха бевлла вайл.
М а к к х а л. Ма алахьа.
Б е с л а н. Церан видеомагнитофон гинехь хуур дара хьуна. Цхьа кIира хьалха цхьа накъост волчохь хьаьжира со. Цу чуьра каратисташ. ТIекIел а юьллий, итт кибарчиг кагйо цара, цхьа куьг тухий.
М а к к х а л. ОстопируллахI, бакъ хир дац.
Б е с л а н. Бакъ ду. Цхьаъ-м ас а кагйо. Карате Iемаш ву со. Кху чохь яц хьан кибарчиг?
(Чухула дIасахьожий,
Махьмин чот схьа а оьцуш).
ХIара кагйой ас?
М а х ь м а. Ма кагъелахь, хьайн тарлахь. И йоцуш ас кху чохь дан хIума дац хьуна.
ДIаоьцу чот.
Б е с л а н. ХIинца чот лела а ца йо хьуна. Компьютерш ю хьуна.
М а х ь м а. Ахь цхьаъ яхьа.
Б е с л а н. Дика ду. ХIан, цхьацца шоколад ю шуна.
Кампеташ ло.

Коьрте дика болх бойту цо, цундела кисанахь лелайо ас. ХIан, со дIавоьду.
М а к к х а л. Сих ма лол цкъа… ХIун боху лакхарчу Iедало?
Б е с л а н. Цой? Цо дера боху, болх бе!
М а к к х а л. ХIаа, хIаа. Дукха ца хууш вуй ткъа. Вало, некъ дика хуьлда.
Б е с л а н. Iодика йойла.
Араволу. Цунна тIаьхьа Заза а йолу.
М а к к х а л. Хьаьким хир волуш ву.
М а х ь м а. Лела хууш волчух тера ду.
М а к к х а л. Кху дуьненах шена йогIург схьайоккхур йолуш ву. ХIара Заза а ма йиги цо, хIокху вайн юьртден букъ а кагбеш.
М а х ь м а. Хаьа суна.

**III сурт**

Тохарлера юьртсовет чохь йолуцIа. Цхьа де даьлча.
Хеза шедаган аз.
М а к к х а л. ХIан, хIара а дIаволавели хьуна.
М а х ь м а. Мила?
М а к к х а л. И шедаг лоьхкург вац? Хьаван кIант.
М а х ь м а. ХIа-а, шолгIа ваьлла Орца. Кхуьнан хIун гIуллакх ду шовданаш тодан гIерташ, бераш вовшахдетташ лела? Юьртсоветан болх ма бу иза. Стаг хуьлу тайпа дац иза…
Шедаган аз дов.
М а к к х а л. Да вала хьан делаI,
КIайн маьлхан хьо дуьне,
Хьо дуург ца хилла
Хетарш ва хилла.
М а х ь м а (чот а етташ).
Хетарш хир дац…
М а к к х а л. Хьо дуург ца хилла хетариш ва хилла…
Мохк а ца бегийча бакъахьа дара дан-м.
М а х ь м а (чот етташ).
Вайга ца хоьтту…
М а к к х а л. Бегийна баьлча дан хIума дац.
М а х ь м а. Бегийна баьлча, вайга далург дар вайна тIехь ду-кх.

Чоьхьа йолий, Зезаг ведар, цхьацца кхитайпа гIирс сонехь дIанисбан хIутту.
ТIаккха кораштIера чан дIайоккхуш хьийза.
М а к к х а л. …Хьо дуург ца хилла, хетариш ва хилла.
Дуьне дуьйцу ас, йоккха стаг.
З е з а г. ЭйтI, маржа яI!
(БIаьргех йовлакхан тIам хьоккхуш).
Хетарш стенна дуьйцу ахь, Маккхал.
М а к к х а л. Э-э, и мегар дац, схьайоьл, кхузза охьахаал. Цхьацца баланаш боцуш цхьа а ма вац. Ткъа мохк бегор-м, йоккха стаг, цхьана агIор дика а ду хьуна, хьо елха а ца оьшуш.
З е з а г. Ахь хIун дуьйцу, Маккхал, дика муха хуьлу мохк бегор?
М а х ь м а. Цец ма йийла хьо, йоккха стаг, дан а ду хьуна иза иштта. Хьуьлла, гуттар девнаш деш хилла волу эвла йисттера Беччаркъий, ахкал дехьара Берсий… а-а (чот етташ)
… оцу буса, кхера а велла, вовшашцца тан а тайна, дIавахана хьуна. И дац ткъа дика?
З е з а г. Иза-м дика ду.
М а к к х а л. Ванах, Зезаг, оцу буса цхьа хIума дуьйцуш яра хьо. ХIара дуьне стеран маIаш тIехь лаьтташ ду бохуш, цо корта мосазза ластий, мохк бегабо бохуш… И хьайна а бакъ хетарий хьуна?
З е з а г. Суна иза жима йолуш тхан нанас дуьйцуш хезна-кх. ХIун бен ду иза, миччахь лаьтташ хилча а, дегош хилча? Аш ма дегадайтийша.
М а х ь м а (чот дIаса а етташ).
А-а… Нанас дийцинера бохуш, ахь дийца ма ца деза. Цунах хIун олу хьуна аьлча, Iилманехь «мракобеси» олу. Кхийтин хьо? Ткъа мохк… а-а… (чот етташ) лаьттан кийрахь магма меттахьялар бахьанехь бегабо. Кхийтин хьо? ХIинца схьа а йолий, хьайн ахча дIаэца.
З е з а г. И хIун ахча ду?
М а х ь м а. И хьаха ду, мохк бегорна хьуна луш, кхуззахь куьг таIадел ахь. Ши туьмий ворхI соммий итт кепеккий…
М а к к х а л (воьлуш).
Оцу старана бута еъча, хIун хир дара хIокху лаьттах… Бехк ма биллалахь, йоккха стаг.
Иза хазделлера суна… Хьо дуург ца хилла, хетариш ва хилла.
Зезаг, ахча дIа а оьций, дIайоьду.

М а х ь м а (чот етташ).
А-а… Мохк бегийча, нах цIанло, пайда боцу хIумнаш а дуьтий, яккхий ойланаш ян буьйлало.
М а к к х а л. Ас хIун ойла йира хаьий хьуна? Суна хIара миска Латта дагадеара. ХIун хир ду цунах, термоядерни бохам эккхахь? Дерриге а хIаллак хир ду-кх. Цундела къийса деза, къийса деза машарехьа.
М а х ь м а. ХьагI-гамо а дIайолу нехан мохк бегийча.
А-а… ХIара Зазий, Бесланний ма дара ийгIина, оцу буса тайна-кх. ХIара йист хуьлуш а ма яц вайшиннан.
М а к к х а л. И сан нус ю, Беслан сан шичин кIант ма ву. Мотт бастийтаза ву со.
Юхайирзина Зезаг а гой.
Хьо, цхьа хIума йицъелла…
З е з а г. ХIан-хIа, иштта-м дацара. Шайн кхин тIе дала йиш елахь, кхин кхо туьма аш делча, шипар оьцур яра…
М а х ь м а. А… а… Кхин дала йиш яц. Вай базарахь дац.
М а к к х а л (воьлуш).
Оцу старо доуьйтур дацара техьа. Йоккха стаг, бехк ма биллалахь, и хазделлера суна.
З е з а г. Ас хIунда бохурий, нахана а аш делла дела…
М а х ь м а. Хьан цIа лаппагIа ю. Миклайн заманахь йина.
З е з а г. Иштта делахь, сан лулахочунна Сулаймина ма делла аш ялх туьма… Сайнчул кхин дохийна ма дац цуьнан цIенош.
З а з а. Ялх туьма элира ахь, Зезаг? Цунна яздина-м шийтта ма ду…
З е з а г. Иштта хир ду хьуна, Заза. Ша ялх юхаделира бохура цо. Иза-м ас а дийр ма дара, и иштта дан дезаш делахь…
М а к к х а л. Уьш туьйранаш ду, йоккха стаг. Уьш ма дийца. Оцу буса а яра хьо цхьацца туьйранаш дуьйцуш старах лаьцна.
З а з а. Собардел цкъа. Схьадал и ведомость.
М а к к х а л. Ой, йист ца хили иза?
М а х ь м а. Ахча чохь диси хьуна, мотт бастийта а ца дезаш.
З а з а (доьшуш).
Адамов Iадлан – 15 туьма, Махашева Бикату – 5 туьма. Муха? Суна ма гина церан цIенош.
Бикатун цIа раз а даьлла ду, ткъа Iадланчунна хилла хIумма а дац.
М а х ь м а. А… а…

(Чот етташ).
Иштта, иштта,
Заза. Дукха ледара юй? ХIа-хI? Нийсонан къийсамхо!
Махьмий, Маккхаллий вехха воьлу.
З а з а. Аш хIун до?.. Аш хIун до?
М а х ь м а (веларна юккъехула).
ХIумма а ца до охашимма. Схьада и кехаташ, кхузза охьадахка.
М а к к х а л. ХIаъ, иштта. Хьо балха еана бутт а бац.
Дикка хан яьлча бен кхетар яц хьо дерригенах а.
З а з а. Ткъа хIун ду кхузахь ца кхета? ЦIенош дукха дохийначунна ахча а дукха хила деза.
Махьмий, Маккхаллийюха а воьлу.
М а х ь м а (веларна юккъехула).
Дуккха а ду хьуна хаа дезаш. Хьажал хьо, кхузткъа шо доллушехьа,
Зезагна а ца хаьа хьуна мохк стенна бегабо.
З а з а. Со аш Iехо бер дац шуна…
М а к к х а л. Хаьа, бер хилча-м, оха хьо кхуза балха а оьцур яцара.
З а з а. Муха, аша?
М а к к х а л. Цунах а тIаьхьа кхетар ю хьо…
М а х ь м а. Ткъа хьо, йоккха стаг, цIа гIо, тхан хан а ца йойуш. Вай базарахь а дац, вайна луъург лело.
З а з а. Ма гIолахь дIа, Зезаг, цкъа хIара хIун ду хьажжалц.
Маккхаллий, Махьмийюха а воьлу.
М а к к х а л (воьлучуьра саца а социуш).
Хьо комиссина дуьхьал яла йоллу?
З а з а. Муьлхачу комиссина?
М а к к х а л. Иштта комиссина. Мохк бегорехула йолчу комиссина, массанхьа тIе мухIарш а тухуш, куьйгаш а теIош чекхъяьллачу комиссина? ХIа-хI?
Заза цецъяьлла лаьтта.
ХIаъ, комиссина. Цундела охьахаа. Кехаташшайн метта охьа а дахкий.
З а з а. Со-м яц комиссина дуьхьал яьлла, харцонна…
М а к к х а л. Комиссис харцо ца лелайо. Кхийтин хьо?
М а х ь м а. А… а…
(Чот етташ).

Хьайн ненан фамилина дуьхьал хьажахьа. Ледара терахь дац хьуна цигахь лаьттарг а.
М а к к х а л. ХIара-м йогIуш ю, вай хьехошшехь.
Марша йогIийла, Кебийрат.
К е б и й р а т. Маршалла хуьлда. Со а ахча ло аьлла еанера.
М а к к х а л. Ларайой ткъа? Лара? Могаш Iа-кх?
К е б и й р а т. Дика йоллу.
М а х ь м а. Тхо-м хIокху Зазас самукъадаьккхина доккура.
ВоьлуМахьмий, Маккхаллий. Стенна а ца хууш, царна тIаьхьара йоьлуКебийрат а.
Массо а цхьаьний соцу.
К е б и й р а т. Деллахь, кIант, хIун бохура кхуо?
М а к к х а л. Кхин хIумма а ца боху кхуо-м, ас баста а алале, мотт баьсти-кх.
К е б и й р а т. Ватта, иза а дин кхуо? Деллахь, кIант, бехк ма биллалахь. ХIара жима ю хьуна. ТIехь да а воцуш кхиъна. Цу тIе ишколехь дешна а ю.
М а х ь м а. И-м хIумма а дацара. Иза а дина Iаш елахь.
К е б и й р а т. Ватта, кхин хIун дина кхуо?
М а х ь м а. Тхойшиъ Iамо гIерташ ю-кх.
Махьма воьлу. Маккхаллий, Кебийраттий тIаьхьара доьлу.
Зезаггий, Зазий Iадайой лаьтта.
К е б и й р а т. Бехк ма биллалахь кхунна, хIинцалера кегийнаш иштта ма бу, цхьа тамашийна.
М а х ь м а. Бехке дац. Схьайола, Кебийрат, хьайн ахча дIаэца.
К е б и й р а т. АлхьамдулиллахI, Дала диканна дойла сан елар… Мел ду иза, кIант?
М а х ь м а. КIезиг дац… Иштта самукъадаккха стаг хилча-м, хIун оьшура. Схьада, Заза, и кехаташ.
З а з а. ХIан-хIа, Нана, ахь ца оьцу хьуна ахча. Цкъа со хIокху гIуллакхах кхетталц.
М а х ь м а. Цунах-м ас кхетор ю хьо. Сулаймина деллачу шийтта туьманах, ялх налогана а… а…
(Чот тухуш)
…госстрахана а… а…
(Чот тухуш) чусацийна.

З а з а. Чусацийнехь, квитанци мичахь ду?
Махьмий, Маккхаллий хIинца цIеххьана кхета, Заза иштта атта хир йоций.
Ишиъ цецволу, цIен ло деъча санна. Тийналла хIуттий, дикка хан йолу.
М а к к х а л (доккха са а доккхуш).
Кебийрат, хьуна го-кха оцу йоIа дуьйцург.
К е б и й р а т. ХIара-м хала хьаха яцара, кIант. ДIасацал, йоI. ДIасаца. ДIало и хьайн кехаташ. Цхьана итт шарахь болх бичахьана кхетар ю хьо.
З а з а. Со хIинцале а кхетта цхьадолчух. Хьо цIа гIо хьо, Нана, тахана ахча хир дац. Цкъа Орца схьаваллац…
М а к к х а л. Хаза ду, йоI, хьо луьйш! Орцина ца хаьа моьтту хьуна хIара? Я цунна хазахетар ду аьлла хета хьуна ахь дуьйцург?..
З а з а. Делахь со районе гIур ю.
М а х ь м а. Галъяьлла, хIара а галъяьлла.
М а к к х а л. Оцу буса, мохк бегийна ца Iаш, цхьаболчеран кортош а дегийна моьтту суна.
М а х ь м а. Хьажал, йоI, ахь хIокху Маккхална тIехь хIоттийнарг. Цкъа делахь, мотт ца кхеби ахь… а… а…
(Чот тухуш).
ШолгIа делахь, хьуо цо кхуза балха ялорна ахь боху баркалла а гуш ду.
З а з а. Цо муха ялийна со балха… Со халкъо хаьржина ю.
М а к к х а л. Цкъа хьалха ас хаьржира хьо. ТIаккха кху районехула корта бетташ со лийлира.
К е б и й р а т. Ватта, Маккхал, и ду хаза… Айхьа маьхза баьккхина ког боццушехьа, стенна дуьйцу ахь? Цу тIе хьоьга мич-мичхьа а дийца а ца аьллера ас.
М а к к х а л. Дийцийтича, дуьйцу, Кебийрат…
Заза, цхьаъ ала тохаеллачохь, юьсу. Хезнарг лан хала ду.
Хаьрций, чуйоьду цунна хетачарех цхьа гIала.
З е з а г. ЙоI, хIинца со мотт беттарг хуьлуш лаьтта кхунах. Iадда Iелахь, деллахь, тхан МаIин некъех цхьа а ца хилла хьуна мотт бетташ.
Ца оьшу хьуна суна иштта даьккхина ахча, дIайоьду со-м.
НеIарехьа йолало.
З а з а (чIагIделлачу озаца).
Зезаг, хьо цхьанххьа а ца йоьду.

Оцухенахь, неI схьа а йоьллий, чухьожуЮьхь. Чохь мел верг дIатуьй, цуьнга хьаьжжинчохь вуьсу. Эххар неI тIечIогIуЮьхьо.
М а к к х а л. И мила вара?
М а х ь м а. Суна-м ца хаьа.
М а х ь м а (цIеххьана, оьгIаз а воьдуш).
ЙоI, дерзийтал хIинца! Хьо иштта йоьхна ца хьийзича а, хьуна а дакъа дийр ду аьлла дийцина ду хьуна тхан.
З а з а. Суна дакъа ца оьшу.
М а х ь м а. Муха? Голландски пальто, фирменни халат, японски магнитофон…Хьайн алапех эца дагахь ю хьо уьш?
М а к к х а л. Хьан майра студент ма ву, ахча догIуш вац. Ахь, хIинца эцца районе яхана, хьаштдоцург дийцича, хьайна мидал уллур ю моьтту хьуна. А-а.
(Чот етташ).
Уллур яц. Мелхо а, хьох «мотт беттарг», «айкх» эр ду. И дIо йогIуш ю бохуш, буьйлур бу, тIе пIелгаш а хьийсош…
З а з а. Хуур ду-кх!..
Заза, неI тIе а тухий, араэккха. Махьма хьовсархошна тIевогIу.
М а х ь м а. ХIаъ, хьуна хуур ду-кх!… Дахар моьттачунна аьттехьа а цахилар! Хьуна моьтту хир ду хьуо гуттар а иштта хир ю. Заза. БIаьстенан заза. КIайн-цIен бос а болуш. Охьадужур ду заза а хоттала, шийлачу цIунала.
Иза ца хилча ца долург ду. Шех стом хилийта, охьадожа дезаш хуьлу заза. ТIаккха – стом а, иза а бахкало. ХIанхIа, дахар иштта дац. Иза къаьхьа ма ду. Хьанна ца лаьа
«аххий, оххий» баха, стихаш еша, музыке ладогIа, зезагех воккхаве, хьуьнха а вахана, оцу олхазарийн «чIир-чIирчIирик» бохучу аьзнашка ладегIа, бIаьргаш чохь хиш а хIиттийна…
Амма цкъа хьалха ахча хила деза, ахча. Ахча хила деза дика хила, гIиллакхе хила, оьзда, культурни хила. ХIан, баккхий нах, хIара ду шуна, сагIийна ас луш. ЭхI, Дала сагIа дойла хьан. ХьенехгIеран кIант Махьма, къонах стаг ву, баккхийнаш лору…
Ткъа ца хилча?
Къеллин зурма хьанна оьшу, деса хабарш? Цхьанна а.
Со иштта вара моьтту шуна хьалха? Вацара. Вуьшта вара. Бакъдерг юьхьа дуьххьал дIа а тухуш, Махьма варакх. ТIаккха дахаро цкъа а

туьйхи, шозза а, кхузза а… Аьтта дIаяхийти сан букъадаьIахк. Хьовсал шу, хIинца сан букъадаьIахк ян а ма яц. Оцу тIулгаша, дахаран тIулгаша кагийи-кх. ТIулгашна юккъера хьалавалархьама, сох моьлкъа хилла. Моьлкъа!

**IV сурт**

Изза де. Автобусан социйла. Заза ю машене хьоьжуш.
Хьодий схьакхочуМаккхал, Кебийрат, Зезаг.
М а к к х а л. ЙоI, ахьа хIинца яха а яхана, ца оьшург дийцича, хIун хир ду? ХIумма а. Ткъа нагахь хилахь? Суна цхьа новкъарло хилахь, хьо а, хьан гергара нах а иштта паргIат буьйлабелла лелар бу? Бац. Тхан БугIин некъий-м хьаха бац чIир йитина нах! Цхьанна дуьхьал шиъ вийна оха! Ткъа хьо нус хилла еха а Iийр яц моьтту суна, иштта гIиллакхаш лело ялахь. Я хьуна хIинца цу районе йоьдуш машен а хир яц.
К е б и й р а т. Ватта, и ду хаза, Далла хастам белахь и шайн тайпанчу стаге ярна. Хьан хIун дара Арснакъин
Лом-Iелин йоIана ала?..
М а к к х а л. ХIумма а дац сан-м, ша иза хьаннаш юккъехула оцу кIантаца йолаелла лелла ца алахь, хIаа, хIаа, коьрта а Iуьйра…
К е б и й р а т. Ахь хIун дийр дуй, хIай? Миччахь леллехь а, цунна хиъна хьуна, ша хIун лело деза. Цхьана а стеган ала хIума а доцуш, деши санна цIена ю хьуна…
Цулла хьайн шичин йоI йийцахьа, мискачу Банон йоI, тIехь да а воцуш кхиъна йолу, хIаъ, и дагалаца ахь, ведда леллачу Дамина ахчанах айхьа йоьхкина йолу…
З е з а г. Ма хьехаелахь, Кебийрат, кхузахь, ма хьехаелахь сан йишин йоI. Шайн гIуллакхаш шаьш къастаделаш, иза а йитий.
(Маккхале).
Иза-х хьо, хьо бахьанехь елирий, бердах а иккхина. Цуьнан ваша велахьара…
Йоьлху.
М а к к х а л. Да вала хьан делаI,
КIайн маьлхан ва дуьне,
Хьо дуург ца хилла
Хетариш ва хилла-а-а…

Иштта ма ду хIара дуьне, Зезаг. Цхьанна а шена хетарг ма ца хуьлу. Дама, милла а йоI гIур йолуш, шад санна кIант вара, ножан юьхк санна онда а волуш…
К е б и й р а т. Вара, бирдолаг санна, буса лелаш, дийнахь малхах лечкъаш, базара воьдург-вогIург а ца вуьтуш… Ткъа мичахь Iайта воллура хьо…
М а к к х а л. Миччахь а, шен майра Iаччохь.
…Чергазийн ва верта тIетосур вайша,
Сан хуьтан гIабали гIов юьллур вайша…
Иштта эшарш а лоькхуш лелаш бац ткъа шу, зударий.
ВаллахI, со-м цунна дика болх хилахьара аьлла ма вара.
Елир-кха, шена дуьне кIорда а дина, бердах а иккхина, я ког шершина галъяьлла хила а тарло.
З е з а г (йоьлхуш).
Муха? И муха аладели хьоьга?..
ХIинца суна хаьа шуна, нах, мохк стенна бегабо. Дера хаьа. ХIара тайпа нах дуьнен чохь болу дела бегабо-кх.
Буц муха йолу аш ког баьккхинчохь? Малх муха кхета шуна тIехула?
Ва-а, со яла хьан, Румиса, со яла хьан…
Ткъа ахьа, Кебийрат, стенна хьехайо иза кхузахь? Цулла а хьуо йийцахьа, хьуо, хьайн цIийнда тIам тIе вахча шо а далале маре яхана йолу хьуо йийцахьа…
К е б и й р а т. Ватта, и ду хаза… Дохко а-м ца яьлла яхана. Цундела сайн доьзал а болуш Iаш ю-кх. Ешап санна, цхьалха а йоцуш. Хьо хьежа хьо хьайчуьнга, тIом дIабаьлла шовзткъа шо даьлча а… Хьежа те…
З е з а г. ХIаъ, со ешап ду, со Iовдал ю. Цундела ю со цхьалха а. ХIаъ, со цхьалха хир ю, амма хир яц хьуна со хьо санна-м, Кебийрат, я хьо санна а, Маккхал. Хьан эр ду
Iабдуллин йоI Зезаг тешаме ца хилла, цо аьшпаш боьттина, цошен сий дайина, цошен дош ца лардина? Цхьамма а.
Елха а йоьлхуш, дIайоьду.
М а к к х а л. Да вала хьан делаI,
КIайн маьлхан хьо дуьне,
Хьо дуур ца хилла
Хетариш ва хилла…

Со цкъа а ца хилла къола дечохь. Со юкъарча вара.
ХIинца а ву со юкъарча, зама кхин елахь а. Хийла хьаьким соьгахула шен дарже кхаьчна. Наггахь, буса наб ца кхеташ Iуьллучу хенахь, мелла а хала-м хета хьан гIуллакхаш цхьанххьа а гуш цахилар. Делахь а ас ойла йо диттийн орамийн. Уьш а ма дац гуш, амма церан гIоьнца бен гIа даккха йиш-м яц церан. Иштта ву-кх со а. Заза хьаьким ю. Со хIумма а вац. Заза малхехь лепа, мохехь техка, цунна тIе хуьйшу полларчий. Хьа-хьа-хьа! Ткъа со – цуьнан орамаш
– гуш а вац. ХIинца и заза ду, со, и шен орамаш, хадо гIерташ…
Сихха вогIий, хьацар дIа а дохуш, схьакхочуМахьма.
М а х ь м а. Маккхал Даудович, дукха къа а ма хьегахьа. ДIаяхийтахьа и йоI шен районе! Мохе, малхе а яьлла, цIа йогIур ю хьуна. Хьенан гIуллакх дадийна йоьдуш ю хIара, хьенан гIуллакх эцна? Цхьа бер дина а, и хьалакхиийна а, вайн юкъараллина цхьа а тайпа пайда база йолчу, хIара дуьне стеран маIаш тIехь лаьтташ ду боху хабарш дуьйцучу цхьана мракобесан гIуллакх дадийна йоьду-кх.
Заза, и шиъ тергал а ца веш, машене хьоьжушю.
М а к к х а л. Ма ца вевза хьуна, Заза, со. Ма ца девза хьуна вайн дайшна юкъахь лаьттина гергарло. Хьан денда
Арснакъий, сан да Дауддий воккха ши доттагIа ма хилла.
Ший а цIен партизан а волуш, Чахкарахь «ура!» бохуш, деникинцех лета а летта… Хьан дай, сой вара воккха ши доттагIа, вовшийн багара сискалш а йохуш…
Да вала хьан делаI,
КIайн маьлхан хьо дуьне…
ХIаъ, и илли охашимма цхьаьна олура хьуна… «Iа-аа», – иштта цо тIаьхьара а олуш… Хетарш хилийта ма деза, хетарш хилийта…
К е б и й р а т. ЙоI, саца, юхаерза…
М а х ь м а. ДIаяхийтийша, цигарнаш а ма бац вай ца дезаш…
ДIакхаьчна хьуна цаьрга а.
Водий, схьакхочуСурхо.
С у р х о. Заза! Ва, Заза! Хьоьга Вашис сихха юьртсовете дIакхача боху!
З а з а. Схьавеъна иза?
С у р х о. Веъна…
(Кхечаьрга).

Шуьга а сихха дIадуьйла бохура цо!.. Цига!..
Массо дIавоьду. Серло йов.

**V сурт**

Юьртсовет.
О р ц а. ХIун ду кхузахь хилларг?.. ХIахI?..
М а х ь м а (метта а вогIуш).
Кхузаххьий, хIумма а ца хилла-кх. Ахча дIалуш ду-кх… Хьо ма сиха веа вуха…
О р ц а. Заза, хьо мича яха яьллера?..
З а з а. Кху чохь, юьртсоветехь, нах Iехош бу, Орца.
М а х ь м а. ХIу-ун, и чIогIа эли…
М а к к х а л. Жима ма ю иза.
О р ц а. Муха нах Iехош?
З а з а. ЦIенош ца дохийначарна ахча дукха а яздеш, вукхарначул а, и декъа а доькъуш…
О р ц а. Махьма, хIун ду иза?
М а х ь м а. ХIумма а. Эцца Сулаймина яздинчу шийтта туьманах ялх чусацийна налогана а, госстрахана а.
З а з а. Квитанцеш…
О р ц а. ХIаъ, квитанцеш хила деза. Мичахь ду квитанцеш! Мичахь ду?
М а х ь м а. Дац квитанцеш. Мохь а ма хьекха. Хьо гуттар а бер санна лелла а вер вац. Хьан хьайн бацахь а, йишин доьзал а бу. Сом-ком сов а хир яц…
О р ц а. Сацийта! И хIун ду ахь дуьйцург?
М а х ь м а. ХIаъ, хьо иштта чуьра вийр волу дела, хIара цкъа чекхдаллалц, хьоьга хьаха ца деш Iийнера…
ТIаьхьа хьуна йогIург дIакховдор аьлла.
М а к к х а л. Цец а ма вийла, Орца, оьгIаз а ма эха.
Мохк хIора денна бегош ма бац. Цундела цунах а пайда ца эцахь, нах буьйлур ма бара вайх.
О р ц а. Соьмах шайн сий доьхкинарш. Ас гойтур ду шуна, мохк бегийча хIун дан деза… Ас гойтур ду и мегар ду-дац… Кест-кеста ца бегабо мохк… Бегор бу шух тешна Iахь-м, хIора денна а мохк а, дуьне а.
Ша хIун дийр дуца хууш, дIасахьоду.

К е б и й р а т. Хьайна ницкъ ма бехьа, кIант. Хи малахьа…
М а х ь м а. Воха ма вохахьа, Орца. Кхин нахала дер долуш хIума а дац хьуна, эцца Зезаг боху мракобеска ю.
Иза а, Маккхала човха а йина, метта а ялийна, цIа яхана.
М а к к х а л. Нахала вала воллу хьо? Юьртана а тIе вон цIе кхолла. Тхо ши миска чувахарх, хьан хIун хьалха долу?
О р ц а. Хьан магийна и? Хьан магийна и? Хьан магийна шайн сий, оьздангалла соьмах хийцар… ХIа-хI? Хьан магийна иза? Хьан дина и сийсаз дерг сийлахь? Шайн дахар дIаделла а, сий лардеш ма баьхна кхузахь нах.
М а х ь м а. Иштта бехдей, дIа а ма даха ахь тхо,
Орца. Наха дечуьнга хьаьжча, оха дийриг хIумма а дац хьуна. Хьуьлла Барзнакъин кIанта Вахас ша лакхаваккхийта хьаькимна шен шичин йоI йигна хилла, ялхийтта шо кхаьчна йолу.
О р ц а. ХIун ю ахь юьйцург? Нах стенна бехбо ахь.
Хьуна хIун хаьа?
М а х ь м а. Массара а дуьйцуш-м ду иза.
О р ц а. Ахьа-м дийр ду изза кхана. ТIаккха шайн наной а, йижарий а бохка, шаьш а гIо ахча долчунна хьалхара бахка!.. Ахчанах доьхки шайн сий а… Шайн берашна хIун дита дохку шу?..
З а з а. …Со кхуза балха Маккхала яийтина хилла-кх, кхуо схьадийцарехь.
О р ц а. ХIу-ун? ХIун хилла-а?
З а з а. Сан нанас ахча а делла…
О р ц а. Хьан? ХIун? Маца?
К е б и й р а т. ХIумма а цахуург хила ма гIертахьа. Ас Маккхале а делла, цо хьоьга дIаделларг дуьйцу хьуна…
О р ц а. Хьан делла? ХIун делла?
М а к к х а л. ХIаъ, ас хьоьга дIаделларг. Ас хьоьга ахча ца делла, делахь а кхечу хIуманца…
О р ц а. ХIун кхечу хIуманца?..
М а к к х а л. Коньякаца. ХIаъ, хьо волчу хьоьца армехь хилла доттагIий баьхкича, ас деъна итт шиша конъяк… Иза юкъа лорий ахьа?
М а х ь м а. Кхин цхьа хIума а ду хьуна, Орца. ХIетахь и хьан доттагIий лелош бийна уьстагIа… Вайн Машаран фондана

вовшахтоьхнарг дара хьуна. Хьуна-м моьтту хир дара гIиллакхаш лелош ду. ГIиллакх гIиллакх ду, ткъа ахча
– ахча.
З а з а. Орца, къинтIера валалахь суна. ХIокхара хьуна а хаьа аьлча, кхарах тешна, хьох вон ойла ярна.
О р ц а. Ахь хIун дуьйцу? Адамаш дац шу? Муха дицделла шуна вайн халкъо лайна къематде? Муха?
ТIаьххьара сискалан юьхк а шайна уллорчарна дIа а елла, курра бела а къежаш, белла къонахий муха бицбина?
ХIокху махке сатуьйсуш, юург логах чоьхьа ца йолуш лелар а диццдина. Шу санначара юха шолгIа а далор ма ду и къематде.
БIаьрнегIар ца тухуш, сий а доьхкича, аша-х хIуъу а дийр ду. Мохк бегор хилла а ма ца Iа хIара, дуьне дохар ма ду… Дуьне дохар… Вайн хедда орамаш схьа а карийна, вайн шелбеллачу кхерчашкахь цIераш а латийна, кесгаш хилла баьржина нах цIа а гулбина, цхьаъ хила гIерташ вай дохкучу юкъана, тешнабехк бу-кх аш бинарг.
Къизалло эккхийтина, тIулгаш дIасакхийсина, махо лекха а лоькхуш лаьтта вайн халкъан бIов юха меттахIотто гIерташ дохкучу юкъана, цунна бухара тIулгаш схьаийзадо аша…
М а х ь м а. БIов? ХIун бIов ю цо юьйцург? ДIо эвла йистерниг-м хIинца а лаьтташ ю хьуна.
О р ц а. Со эвла йистера шовданаш тадайта гIерташ лела, сайн кертахь даьлла къух а ца гуш. Ткъа иза цIенойл лакха долуш хилла… Деха-м лаьттар дац. Дика ду, Заза.
ХIинццалц хIокхара кху чохь лелийнарг цкъа талла деза…
ТIаккха цхьаьний гIур ду вайша районе.
Эццахь чу волу цкъа хьалха чухьаьжна волу стаг. Къора тийналла хIуттучохь.
Ч у в е ъ н а р г. Цига дIадаха а ца оьшу – со схьавеъна.
Эццахь, мохк бегош санна, цхьа къора гIовгIа йолу.
Массо а Iадийна вуьсу. ЧуйогIу нана.
Н а н а. ХIун ду хилларг, кIант? ХIа-хI? Шу дист ма ца хуьлу? ХIун ду хилларг?
О р ц а. ХIумма а ца хилла, нана. Яло, дIагIо, со хье ца луш дIавогIу хьуна.
Н а н а. Дера, цхьаъ-м хилла. ХIун ду иза, схьаала соьга?

Цунна дуьхьал цхьа а вист ца хуьлу.
Хьалхарчу декъан чаккхе.

## ШОЛГIА ДАКЪА

### I сурт

Юьртсоветна хьалхара майда.
М и л ц о (тIе а вогIий, Маккхалний, Махьминий честь лой).
Советски гражданийн системан гIаролхо Лабаев! Законан цIарах, ас боху шуьга: суна тIаьхьа хIитта.
М а х ь м а. ХIун боху-у?
М и л ц о. Кхузза сехьа а валий, охьахаа!
М а к к х а л. Лабаев, со ца вевза хьуна, со юьртсоветан пирсдатал…
М и л ц о. Цкъа хилла ву, хIинца вац. Волуш вуон пирсдатал а вара, хазанеха санна. Вало!
М а х ь м а. Ва ахь хIун де боху?
М и л ц о. ХIоккхуза охьахаа!
М а к к х а л. Стенна хууш ву тхойша? Кхин стаг ца караво хьуна? Эцца чохь Зезаг а, Орца а ма ду хьуна…
М а х ь м а. Мракобеска Зезаг а.
М и л ц о. ГIовгIанаш. Т-с-с! Ашшимма синтем байахь, гIуллакхаш кхин а вуон хир ду.
М а к к х а л. Лабаев, вай цхьана юьртара, цхьана къоман, цхьана тайпана нах ма ду…
М и л ц о. Сацийта! Со уггар а хьалха Iедалан стаг ву!
Со балхахь а волуш, кхин юрт, къам, тайпий ма хьахаделахь!
Охьаховша!
Шимма цо бохург до.
М а х ь м а. Дан хIун ду хIара? Схьа мукъана а алахьа.
М и л ц о. Йийца бакъо яц Iедалан къайле. Шуьша сацаве аьлла, омра ду кхача дезаш.
М а х ь м а. ХIа-хI, и ду хаза. Хьуна хIун хаьа и кхочур ду-дац?
М и л ц о. ГIовгIанаш! Кхочур ду!
М а к к х а л. Ткъа ца кхачахь? ХIа-хI?
М и л ц о. Даго хьоьху. Кхочур ду. Кхаьчча, тIаьхьа хир ду – шуьшиъ ваьлла хьуьнха водахь, я гIалитIа.
М а х ь м а. Ахь хIун дей…
М и л ц о. Сацийта! Хьо мила ву со Iамо? Сацийта!

Меттах ма ваьллаш!
Ишиъ охьа а хаавой, милцо юьстахуо соцу.
М а к к х а л. ХӀинца вайна хӀун хир ду техьа? ХӀа-хӀ?
Вистхилахьа!
М а х ь м а. ГӀовгӀа ма ехьа… «Сан бехк бац хьуна».
Хьо кӀелхьара ваьлчахьана, со велча а, хӀумма а дац-кха.
М а к к х а л. Иштта ала ца гӀертара со.
М а х ь м а. Ахь мухха алахь а, хирг шинна а хир ду хьуна вайшинна.
Кхийтирий хьо?
М а к к х а л. Кхетта.
М а х ь м а. Кхеттехь, гӀовгӀа а ца еш, ӀаддаӀе. Ва гӀиргӀа! Ва кус-кус хьоза!
М а к к х а л. Иштта стенна дуьйцу ахь, Махьма?
Велахь а, вацахь а, со хьол воккха ма вара.
М а х ь м а. Воккха-а? Хьо ву воккха? Хьо воккха хиллехь-м, тоххара велла хир вара, нахана оьшурш санна.
М а к к х а л (моха а йогӀуш).
ХӀа-а, иштта дуьйцуш ву хьо? Делахь со декъа вац хьуна хӀокху гӀуллакхана.
М а х ь м а. ТӀаьхьа ду.
М а к к х а л. ТӀаьхьа дац. Беллачу нахана ахча ас яздайтира хьоьга? Ас ма язде боххушехь…
М а х ь м а. ХӀун ю ахь юьйцург, ва курхалча?
М а к к х а л. Ахь ши шо хьалха веллачу хьайн девешина Жалавдина а, кхо шо хьалха еллачу СегӀиратна а яздина ахча дуьйцу-кх.
М а х ь м а. Беллачарна а бегийна мохк.
М а к к х а л. Кхузарчу кешнашкахь болчарна-м бегийнера иза, ткъа Казахстанехь беллачарна стенна яздира ахь?
М а х ь м а. Нахана биц ца балийта. Хьо велла хиллехьара, хьуна а яздийр дара.
М а к к х а л. Сан валаран гӀайгӀа ма е ахь, ас хьо тайпанаш хийла дӀаэхийтина хьуна цига, суо тӀаьхьа а вуьсуш.
М а х ь м а (мера кӀел а воьдуш).
Хаьа, хаьа. Ахь ткъе итталгӀачу-шовзткъалгӀачу шерашкахь лелийнарг хаьа. Ахь мотт бетташ хиллий а хаьа. Кху юьртарчу нехан, къамкъарга юххехула схьа а баьккхина, хьан мотт жӀаьлина кхуссур бу аьлла,

кхиэл хилар а. И кхиэл кхочушъяле, вай Сибреха а дигна, цигахь вала ца везарг вала а велла, дегнашна кIад а белла, хьо кIелхьара ваьллий а хаьа.
М а к к х а л. Махьма, со къинтIера вер вац хьуна, ахь иза хьахадахь. Кхин ма алалахь.
М а х ь м а. Хьан къинтIа хьанна оьшу? Хьо арахь а витина, цу чу ца воьдуш, хьо вен а вийна, итт шо даккха гIур ву со. Кхийтирий хьо?
М а к к х а л. ОстопируллахI, ОстопируллахI! Иштта ма дийцахьа, Махьма, вайн барт хила безаш, хала хан ма ю хIара.
М а х ь м а. Хала хан елахь, IаддаIе, хьайн мотт дIа а кхаллий.
М а к к х а л. Iаш ву со-м.
М а х ь м а. Iаш велахь, и Кебийратан йоI стенна ийцира ахь балха? ХIинца цо и ткъа туьма марах доккхур ма ду хьуна.
М а к к х а л. И-м ас Iамор хьаха яра, аш со пирсадатал волчохь витинехьара. И дуьххьара а яцара. Суна ца хаьа, суна лаьа, бохуш, сетта а сеттий, тIаккха Iама а
Iемий, ахь сом яздича, шайна ах яздеш, дIа ма боьлху уьш.
Аш со витинехьара…
М а х ь м а. Мила аш? Суна-м атта хьаха вара хьо.
Районера Махьармакаев вара-кх, перестройка ю, перестройка ю, цхьанхьа мукъана а нахана везарг хIотто веза бохуш. И ца дахь, вай гучудевр ду бохуш, Узбекистанехь диннарг дийр ду бохуш! Узбекистан! ХIун ю кхуо лелориг, цаьрга хьаьжча? ХIумма а йоцург! Мила ву кхуьнца бала болуш, хIара гучуваккха гIерташ? Перестройка елахь, дIа тIаьхьахIотта. Ура! Со а ву-кх цуьнца! Стол корера сехьа яккха, ши гIант неIарера баьрчче хIоттаде. Веллачунна ле, дийна верг хаставе. Йолалуш ю-кх перестройка. Ткъа муха? Боккъаллий? Мичара! Пен ма бу лаьтташ, шен карахь шортта ахча а, Iедал а долуш. Мохк бегийча а, меттах а бер боцуш, и бохо дуьне доха деза!.. Ткъа нагахь? Боккъал а? ХIан-хIа, хир яц. Ша хуьлуш хилча, пхийтта шо хьалха хила езаш хиллера-кх, сан букъадаьIахк меттахь йоллучу хенахь, со а, хIара Орца санна, «ах» бохуш, зезагех цецвуьйлуш лелаш… ХIан-хIа, и нийса ма дац!
Соьга сайн юьхь а йохаяйтина, сибат а хийцийтина, дуьхьал цхьа а хIума а ца луш. И хир дац!
Цхьанхьа-мдIахьоду.

**II сурт**

Юьртсовет цхьа де даьлча. Чувеънарг а, Орца а.

Ч у в е ъ н а р г. Хьуна ма мотталахь, со леррина хIокху гIуллакхана веъна. Со-м аш планаш тIеххкочушъярх лаьцна материал язъян веънера. «Депутатийн гIуллакхаш» бохучу рубрики кIел. Сени чу ваьлча, сацавели-кх со, хIара шун къап-къарс а хезна… ТIаккха… Со кхеташ вац аш лелочух… Нах хIокху чолхечу, кхерамечу заманахь шайн хирг деш бохку, машаран фондана ахча гулдеш…Ткъа шу мелхо а…

О р ц а. Накъост, цIе хIун яра хьан?

Ч у в е ъ н а р г. Къиг.

О р ц а. Муха-а?

Ч у в е ъ н а р г. Тхан дас жима волуш бегашийна аьлла соьга: «Схьайоьл, къиг!» – аьлла. Иза тхан лулачохунна хезна, цо кхечуьнга дийцина, вукхо – кхоалгIачуьнга…

Иштта дIадахна-кх иза. Цхьа цIе хила-м хилла сан, хIинца йицъелла-кх… Бакъду, паспорта тIехь-м кхин цIе ю сан, ас айса тиллина – Артур. Хьо цец ма вийла, суна-м Тапча цIе йолуш стаг а вевза хьуна. МартантIехь… Куьйра а,

Маккхал а, Аьрзу а, Хьоза а хилча, Къиг хила ца мега?

Оцухенахь, чоьхьа а йолий, неIарехь лаьтта Зезаг.

З е з а г

(Къиге).

Хьаьким, диканиг, нана юй хьан?

К ъ и г. Елла масех шо хьалха.

З е з а г. Дала гечдойла цунна. Ткъа да?

К ъ и г. Иза а вац.

З е з а г (цунна мара а кхетий, йоьлхуш).

Миска яI, цхьа буо ду-кх. Да-нана а доцуш. Сан йишин берашна хилларг ду-кх.

К ъ и г (бIаьргех йовлакх а хьокхуш).

ХIаъ, йоккха стаг, иштта ма ду хIара дуьне… И хьайн ахча бахьанехь са ма гатде ахь. Иза вайн карахь хIума ду хьуна.

З е з а г. И диса-кх со яла а елла, и ахча. Аса динарг!

Ас хIун до ахчанах, суна стенна оьшу иза? Со бахьанехь стагана хьовзам баккха… Деллахь, хьаьким, хIара Iадда диталахь… ХIара,

Орца, суна дукхавезаш кIант ву хьуна… ВаллахI, Орца, суна лууш хилла хIума ма дац хьуна хIара.
О р ц а. Суна хаа ма хаьа, Зезаг. Хьайна ницкъ ма бехьа. Ахь дина хIумма а дац.
К ъ и г. Елха ца оьшу хьуна, йоккха стаг. Со цхьа а хIаллакван гIерташ вац. Амма хIорамма а ша динчунна жоп дала-м деза…
З е з а г. Ца оьшу хьуна, хьаьким. Ма дехахьа и жоп…
Суна хаьа хьуна цунах хIун хуьлу… ХIара Орца ца хилча йиш яц хьуна сан а, кху юьртахойн а. Вонехь, диканехь а хIара ву хьуна. ВаллахI, халчу хенахь кхуьнан дас мел динарг-м тоьар ду… Кхин хIума ца хилча а.
К ъ и г. Дика ду-кх иштта хилча.. Цо бехк мелла а байбийр бу.
З е з а г. IадIелахь, кIант. Тхох, МаIин некъех, мотт бетташ цхьа а ца хилла хьуна… Суо бахьанехь цхьаъ хилахь, веллачу тхайн дена дуьхьал муха гIур ю со.
Йоьлху.
О р ц а. Ахь хIун до, Зезаг? ХIара-м эхь ду.
З е з а г. ДIаоьду со-м. Йоьду дера…
Арайолу. ГIеххьа тийналла лаьтта.
К ъ и г. КхидIа а дер вайшимма къамел. Ахь элира хьо хьайн са дIадала а кийча ву… Кхузахь и дан а ца дезара, я атталла чов хилийта а. ХIетте а… Ткъа нагахь цхьа боккъал а киртиг тIехIоьттича, сий я дахар къасто дезаш.
О р ц а. Оцу киртигех чекхвилийна-кх со а, сан да а шен хенахь… Наха дийцарехь, вон а ца вуьйлуш… ХIан, хIара дешахьа…
К ъ и г. ТIамехь а хилла-кх хьан да. Кхунах лаьцна яздира-кх тхан газето шо хьалха.
О р ц а. Яздира.
К ъ и г (кехат тIе а хьоьжуш).
«Сан кIант, со вехаш ву! ХIун хир ду тIам тIехь волчу стагана цул доккха хIума.
Со дийна висаран «бехк» Жаьмбикан бу, – хьан ден цIе хир ю иза. – Нагахь со тIамера цIа ца верзахь, хаалахь, айхьа иза, хьайн да санна, лара везий…»
О р ц а. ХIаъ, хIетахь хилла иза. ТIеман арахь дуккха а Iахка накъостий а буьтуш, уьш бухабовлуш. Вухавирзинчу сан дена гина ЖанарIела,

чов хилла, ло дешна хIоьттинчу жимчу Iам чу вужуш. Иза вухавирзина. ХIетахь цунна хезна и цхьа аз: «И велла, вухаверза. И кIелхьара ваккха а гIоьртина, хьуо хIаллаквойтур ву ахьа. Хьан хIун гIуллакх ду, сел дукха тIулгаш, сел даккхий тIулгаш лома буьххье а дохуш, царах бIов йотта? ХIун хаьа, ког шершина, бердах воьдий а? Цулла а нийсачухула лела. Тоьла а тоьар ю хьуна чохь Iен…».
Цунна девзина и аз, кIиллочун аз. Иза оьгIазвахана ша шена. Цо цунна жоп делла, ЖанарIелина тIе вухаверзарца.
Дуккха а ихна иза даша доладелла ло Iуьллучу арахула, ЖанарIела а текхош. То а велла, юха а могIаре хIоьттина
ЖанарIела. Амма доьгIна ца хилла ЖанарIелина, цIа а вирзина, маьрша дахар ган. ТIом дIабала кхо де дисча вийна иза… И дерриге суна сайн дас дийцира. ТIом дIабаьлла пхийтта шо даьлча кхелхира иза, хьо марша, оцу тIамера цIа еъначу чевнех.
К ъ и г. Хийла вийна уьш тIамо.
Оцухенахь, вогIий, чу эккха Махьма.
М а х ь м а. Шуьшиъ хIун деш ву? Орца, хьо воьлхуш-м вац? Ой, хьо а ма ву бIаьргаш чохь хиш а хIиттина.
Даьдиса, Орца, хьан молханан! Ахьа-м милла а велхориг хилла. Я хьо сел дог кIеда хилла те, накъост хьаьким? И дика амал ю хьуна. Дог кIеда нах кIезиг ма бу вайн заманахь, къаьсттина шу санна болчу хьакимашна юкъахь.
Адамаллин дефицит ю-кх. Амма гуманист-м хила веза хьуна. Гуманист – иза курра дека.
К ъ и г. Хьо дийцина ваьллехь, арахьа сацахьа. Хьайга чу кхайккхалц.
М а х ь м а. ХIокху минотехь. Ткъа, накъост журналист, айхьа статья я фельетон язъеш, виц ма лолахь, со бухгалтер бен вац хьуна, хIокху сайн хьаькимо боххург дичхьана волуш.
О р ц а. Ма ца моьттура суна, Махьма, хьо иштта ву.
М а х ь м а. Вон хьаха дара хьуна моьттинехь. «Орца вогIу, хьалагIовтта». «Орца ву оьзда. Лоруш. Сийлахь».
«Орцас, шена ца юьтуш, нахана дIало». Муха?Муха ницкъ кхочу Орцин иштта хила? Мила ву иза? ХIинца-м со верриг ву. Нийсо ярий иза, со моьлкъа хилла ваха везара? Кху дахаран тIулгаша букъадаьIахк а йойна, массарна а хьалха сетташ. Ткъа Орца, корта а айбина, стаг а

хилла лелара. ГІала санна, ирах а вахана, кху юьртарчу нахана юккъехь.
Ткъа хІинца дІалаца. Чухаьрци хьан гІала. ХІинца вайшиъ цхьаъ ву. Моьлкъа хила дезар ду хьан а кху юккъера вала. Моьлкъа! Вахь-хьа-хьа…
О р ц а. Суна къа хета… ХІан-хІа, хьох ца хета, хьан дех. Иштта тІаьхье хьакъ яцара цунна.
М а х ь м а. Сан да… Сан да ма хьехавелахь, Орца.
Хьо санна болчеран хабарша Іеха а вина, къонаха хила а гІоьртина, хьера велир-кха сан да. Нехан дов тІе а лаьцна.
Ткъа вуьйш могаш-маьрша лелаш бу. Куьг бехкениг а цхьаьна. Наха маслаІат а дина, пхи-ялх етт а бигна…
Со хир вац хьуна иштта Іовдал, Орца. Накъост, хІара ву хьуна массо хІуманна а бехке… Дера ву… Мохк бегорна а-м.
НеІ а тухий, араволу.
О р ц а (жимма хан яьлча).
Сайн бехк бац ца боху аса-м. И гІуллакх хьох а тешийна Іийначу сан хІунда бац бехк?.. Хьо вовза ницкъ ца кхаьчначу сан?..
К ъ и г. ХІун хиллера церан дена?
О р ц а. Церан дений?
(Ехха ойланаш еш лаьттий).
ДІо лахенца цхьана синкъераме вахначохь, накъостий бевдда кІелхьара а бевлла, вада ка ца йолуш висна хиллера иза. Дов кхуьнан бехкенна даьлла а ца хиллера. Кхеран накъосто цхьа хьашт доцург а дийцина… Чучча хаххабелла, вовшашна шаьлтанаш йиттина хиллера цара. Бухарчарах цхьанна лен чов йича, хІорш бевддера. Ткъа кху Махьмин да, Атаби, вукхарна кара ваханера.
Ойла еш, вехха хІуттийлаьтта.
К ъ и г. ТІаккха хІун хиллера?
О р ц а. ТІаккхий?..
«Кху тхан веллачунна шаьлта тоьхнарг хьо-м вац?» – хаьттинера цара, хІара верина охьавилла кеч а белла.
«Суна ца хаьа. Сан шаьлта хила а тарло… Тхо дукха сиха хьийзаш дара…».
Бакъдерг аьллера, аьшпаш ца ботта. Ткъа вукхара иза, хІинца воьй, тІаккха воьй бохуш, кІиранах лела а вина, эххар а лоруш болчу наха,

чIир эцахь а, иштта эца ца еза аьлла, цIа ваийтинера. ХIетахь цара «хIинций-хIинций» бохуш, са ийдарна, коьртаца мелла а телхинера иза…
К ъ и г (гIеххьа хан яьлча, шен галстук а таеш).
Хала-м хир ду хьуна…
О р ц а. ХIун хир ду?
К ъ и г. А-а-а… Оцу хьайн бухгалтерца къийса хир ду-кх хала.
О р ц а. Халий? ХIаъ, хала. Хала хир ду. Атта мичахь ду? Махьарлахь? Кхин? Аьттан ге чохь а. Цу чохь йовха а ю, дика наб а кхета. Жима волчу хенахь, дукха эгIаза ву аьлла, оцу аьттан ге чу хаийна ма ву со…
К ъ и г. ХIа-а. И ду иза. Ас-м хьуна хала хир ду боху оцу бухгалтеран мотт сацо.
О р ц а. Со-м вац и сацо гIерташ.
К ъ и г. Цхьана хIуманна тIехь-м бакъ луьй хьуна иза.
Кху гIурта юккъера вала моьлкъа хила дезар ду хьан а.
ХIан-хIа, буьззина моьлкъа хир бац. Жимма. ЦIога а тIедер ду…
О р ц а. Къиг, со моьлкъа хила меттигаш йоцуш ца лелла хIинццалц.
К ъ и г. Бегаш… Вай нохчий Iен ма ца ло, цхьаъ ца дийцича. Цу тIе «моьлкъа хила беза» бохург, «кхеташ хила веза» бохург ма ду сан кхетамехь…
Хьала а гIоттий, чухула дIасаволало.
Дукхазза а лекха-лекха долчу лаьмнийн баххьаш тIе а вуьйлуш леллачу альпинистан, цхьана жимчу гу тIехь корта хьаьвзина. Цунах терра ду хIинца хьоьгара даьлларг а.
Ткъа нийса хир дарий вай, оцу альпинисто яьхна лакхенаш тидаме а ца оьцуш, цуьнан жимчу гу тIехь корта хьовзар нахала даьккхича. Соьга хаьттича-м, дацара. И дан вайн бакъо ма яц.
Амма муьлхха а гIуллакх хIокху заманахь дIа муха дерзадо хьуна а хаьа-кх. Олуш тамашийна делахь а, кхин вон хIума а дац хьуна моьлкъа хилар. Малхехь баттало,
IиндагIехь Iуьллу, тIулгаш юккъехула ирах боьду…
О р ц а. Накъост, хьо а Iемина иштта…
К ъ и г. Хьо реза вацахь, ас-м хIумма а ца боху. Суна хIун оьшу? Со сайн балхахь ву – алапа а, юкъараллин ларам а. Къийган гIуллакх хIун ду? ХIокху юьхка тIера кхечу юьхка тIе а хууш, йолаелла лелар ду-кх. «Квакъ».

ДIавоьду со-м. Ас сайн фельетон язйийр ю. Аьлча а… Ас цунах йоккха статья язйийр ю. Морально-нравственни темина лерина, «Сийн мах» аьлла цIе а тиллина. И ахь хьайн сийн хадийна мах бу хьуна… Со-м хьох къахеташ воллура. Хьо фронтовикан кIант а волу дела… Iодика йойла.
ДIавоьду.
О р ц а (цунна тIаьхьа хьаьжжинчохь вуьсуш).
Iодика йойла. Iодика йойла.

**III сурт**

Зазий, Бесланний шаьшшиъ юьртсоветехь.
Б е с л а н. ХIумма а дац гIалахь. Со а ву доьшу бохуш тIетаьIIина воллуш.
З а з а. Сагатло а хир дац хьан…
Б е с л а н. Дера гатло, цундела цIа ма веа со, ши де а далале. Ткъа хьан, хьан ца гатлора са?
З а з а. ХIаъ… Бакъду, тахана-м йиш ца хили сагатдан а…
Б е с л а н. Сан цхьа керла хIума ду хьуна… Со стихаш язъян ма волавелла…
З а з а. ХIу-ун? Муха стихаш язъян?
Б е с л а н. Иштта, могIанаш нис а деш, «ву» аьлча
«бу» а олуш, «яхь» яздича «къахь» а яздеш…
З а з а. Хьаъа а язъян мега стихаш?..
Б е с л а н. Стенна ца мега. Суна гина хьуна уьш-м.
Лелаш бу-кх, деш-дуьтуш а доцуш:
Дийнахь кхетта
Дашо малх бу,
Буса кхетта беттаса-а…
Шайн эшарш а етташ. Атта-м хьаха ду, малх кхетча,
«малх кхетта» а олуш, чубуьзча, «чубуьзна» а олуш лела.
И тосаделла, со а дIа тIаьхьа хIоьттира-кх царна. Со хьанал оьшу?
ХIара ю хьуна ас язйинарг:
Елахь хьайца яхь,
ДIа ма лолахь ахь!..
Лелаелахь яхь,
Хиларх арахь къахь.
Вахь-вахь-вахь.

Муха ю?.. Заза, бакъдерг хIунда ца дуьйцу, дас цига университете деша гIо аьлча, чIогIа ца лиира суна. Сайн трактор хетара университет а, дерриг дуьне а. Ас цуьнца ма язйора хьалха стихаш, охана деш… Сан массо а могIа цхьабосса йохалла, кIоргалла йолуш хуьлура… Стихийн могIанаш санна… ХIинца оцу тракторан гIовгIа лалур ю аьлла а ца хета…Бакълуьйш хила а хиллера да…Цигахь, нахана юккъехь кхин дахар ма ду, хIораннан чохь меншен лийча меттигаш а йолуш – ваннаш…
З а з а. Беслан, сан са дууш цхьа хIума ду-кх… Хьуна хала хетар дацахь…
Б е с л а н. ХIун ду иза?
З а з а. ХIетахь дагадогIий хьуна, сарахь малх вайн баьццарчу ломо ах бекъначу хенахь, вайша хийисте а хIоьттина лаьтташ, говр хаьхкина веъна схьакхаьчна иза?..
Б е с л а н. ДогIу дера, и шедаг лоькху Орца вуьйций ахь?
З а з а. И тIевале ахь элира. Со ца теша оцу хабарех, наха хIуъу дийцахь а, суна хьо хьалха санна еза.
Б е с л а н. Хьо йоьхнера. «ХIун хабарш ду уьш?» – элира ахь.
З а з а. ХIаъ, элира.
Б е с л а н. «Хьуна хазаза-м хир дацара уьш!..». Хьоьга иза ца дийца гIоьртира со.
З а з а. ХIетте а схьаала ахь, элира ас.
Б е с л а н. Орцас аьлла бохург дац?..
З а з а. Цо хIун аьлла?! Цо хIумма а ца аьлла-кх. Ас хоттур ду цуьнга.
Б е с л а н. Ца оьшу, аьлларг аьлла даьлла. ХIинца ахь гIовгIа яьккхича, баккхийчаьрга дер ду, тIаккха дуй баий, ма баий бохуш, дисинарг нахала дер ду. Сацийра ас хьо.
З а з а. Делахь а со теша цунах… элира ас.
Б е с л а н. Ткъа шуьша Орган чуьра цIа догIуш цхьаьна хьанна гина?
З а з а. Ца хаьа суна-м. Цхьанна а ца гина-кх.
Б е с л а н. Ткъа деарий шуьша?
З а з а. Деара.
Б е с л а н. ТIаккха ткъа? Цо ца аьлча, нахана муха хуур дара иза?
З а з а. ТIаккха и тIевеара.
Б е с л а н. Цо соьга салам делира, хьан суьйре дика йира. ТIаккха хьоьга вист хир вара ша, элира цо.

З а з а. Ткъа ахьа: «Кхуьнан хьоьца дийца хIума дац».
Суна ца дезаделира иза, хIетте а со йист а ца хилира.
Цо сох лаьцна дийцина бохург дага а деъна… Ванах, бакъ дара техьа иза?
Со, дIайоьду аьлла, дIа а йолаелла, шовданна гонаха евллачу коьллашна тIехьа сецира.
Б е с л а н (вухий).
Сецира? ТIаккха-а…
З а з а. …ТIаккха цо элира. «Хьо веса стаг ву, Беслан, хьуна хьакъ яцара и…». Суна лиира ахь цхьаъ дойла, ахь хIумма а ца дира. Ахь: «Мухха велахь а, со къастийна-кх цо… Орца!» – элира.
Б е с л а н. ХIаъ, и соьца дов даккха гIерташ вара. Ас ца дира иза. ДIа ма евлла и хенаш, дош дашера даьлча шаьлтанаш етта хенаш. Иза Iовдал ву аьлла, со хила ма ца везара Iовдал…
З а з а. Суна лиира, ахь цхьаъ дойла, ахь хIумма а ца дира… Цунах дара-кх со хьоьга йист цахилар, и мохк бегийна буьйса тIекхаччалц…
Б е с л а н. Эрна хилла-кх, эрна. Суна сайна а цхьа тамашийна хетара хIетахь. Амма тIаьхьа хиир-кха со нийса хиллий. ХIара кхин зама ма ю.
З а з а. Беслан, хIунда вац хьо, хIетахь, мохк бегийначу буса санна.
Б е с л а н. Муха?
З а з а. Суна хIун хаьа муха, цхьа сица цIена, догдика, майра. Цхьана догцIенчу серлонах лепаш яра хьан юьхь…
Б е с л а н. ХIа-а, дитахьа иза… Со вицвелла ма Iара,
Махьма ма вара цхьаъ дуьйцуш…
З а з а. ХIун?
Б е с л а н. Хьо ю бохура хьайна тIедогIучунна букъ тоьхна… Со студент ма ву, тIедохьуш вац. Дойуш ву. Суна машинка ма оьшу. Стихаш язъян. Суна ма моьттура хьалха оцу трактора тIехь хехкалучу хенахь, айса совнаха сом кисана диллича, дуьне духур ду. Ткъа иза, сом, ахь ца диллича, кхечо кисана ма дуьллу. Оцу гIала вахаро дукха хIума
Iамий хьуна суна-м.
З а з а. Суна хIинца а моьтту. Сайна ца догIург схьаэцча, дуьне духур ду.

Б е с л а н. Моттахь, хIун дийр ду. Хьо бакъ хила а тарло. Я харц хила а тарло. Делахь а Маккхал хьуна бехке стаг ву хьуна. Зама кхин елахь а, гIиллакхаш гIиллакхаш ма ду. ДIа чу воьду со-м, новкъахь кIад а велла.
Елахь хьайца яхь,
ДIа ма лолахь ахь.
Лелаелахь яхь,
Хиларх арахь къахь…
Вахь-вахь-вахь.
НеI а йоьллий, чуволу Орца. Беслан цунна ца го.
О р ц а. Заза, баркалла хьуна, хьо юха ца яларна.
З а з а. Сан кхечу агIор хуьлийла а дацара.
О р ц а. Кхин цхьа хIума а дара сан хьоьга ала дезаш.
Суна хаа а ца хууш, наха цхьацца хабарш долийна хилла…
Б е с л а н (гучу а волуш).
ХIинца а дийцина ца ваьлла хьо?
О р ц а (карара шедаг охьа а южуш).
Хьо а ву кху чохь?
Б е с л а н. Ву… Хир а ву. Кхин хIумма а дуй хьан ала?
О р ц а. Хьо цIа веъна?
Б е с л а н. Хьуна ца го со?
О р ц а. Могаш лелий?!
Б е с л а н. Могаш а лела, лелар волуш а ву. Кхин хIумма а дуй хьан хатта?
О р ц а. Дац… Хьоьга дац…
Б е с л а н. Соьга дацахь, кхуьнга а дац хьуна хьан ала а, я хатта а хIума. Кхетий хьо?
О р ц а. Мохь ма хьекхахьа.
Б е с л а н. Хьо хьайн ала дерг хIеттехь, хийистехь аьлла ваьлла хьуна.
О р ц а. ХIаъа… ХIаъа… Хийистехь… ХIеттахь…
Орца араволу.
Б е с л а н. И хIун баркаллаш ду цо хьуна бохурш?!
Заза йист ца хуьлу.
Йистхилий яла!
З а з а. Мохь стенна хьоькху ахь?
Б е с л а н. Жоп! Жоп лой яла! ХIун къамелаш ду аш дийраш!

З а з а. Со цуьнан белхало ю.
Б е с л а н. ХIун? Маца дуьйна? Хьо цуьнан белхало яц – хьо пачхьалкхан белхало ю! Кхийтин хьо?
З а з а. Мухха делахь а, со цуьнца къамел ца дича ер яц, кхузахь балхахь а йолуш…
Б е с л а н. Лаахь а, ца лаахь а, цуьнца долу къамелаш дуьтур ду ахь! КIордийна суна! ДIаваьлча а, схьаваьлча а, и къонах вуьйцуш. Хьо цуьнга кхин йистхилахь…
Беслан араволу.

**IV сурт**

Юьртсовет чохь йолчу цIийнан цхьа чоь. Коре а хIоьттина лаьтта Заза. ЧуволуОрца.
О р ц а. Йоха-м ца йоьхна хьо, Заза?..
З а з а. Ца йоьхна со-м, Орца…
О р ц а. Ас цхьана зудчух лаций дийций хьуна?
З а з а. Дийцахьа.
О р ц а. Иза чIогIа хаза йоI хилла. Вайн ярташкахь цIе яххана. Дуккха а кIентий хилла цуьнга безам болуш. Иза Наже яхнера. Шен гергара нах дикка реза а боццушехь.
Нажа чIогIа бегаш болуш, дика дин хьовзо хууш, тайна кIант хилла. СоцунгIа.
З а з а. ТIаккха?
О р ц а. Иза ялийна масех бутт балале, Нажига а, цуьнан хеначаьрга а тIаме кхайкхира. Сан да а хилла церан хенара. Иштта, юкъа-кара мархаш а йолуш, гуьйренан хаза де хилла иза. ГIаргIулийн аьзнаш а хилла хезаш стиглара охьа…
Нажас аьлла хиллера оцу дийнахь шен хIусамнене:
«Иштта кхоьлинчу гуьйренан дийнахь, дIайоьлхуш гIаргIулеш а йолуш, со цIа вогIур ву хьуна…».
ХIетахь дуьйна хийла гуьйре ларийна цо, гуттар а вайн юьрта чу богIу некъ тергалбеш…
З а з а. И мила хилла, Орца?..
О р ц а. Иза Зезаг ю-кх, Заза…
З а з а. Боккъал а. Хьанна дагадогIур дара и иштта ю аьлла…
О р ц а. Иштта ю!
З а з а. Тамашийна стаг ю. Буса шен уьйтIара чиркх дIа а ца бойу цо.

О р ц а. Бодано хорам беш хир бу цунна…
СоцунгӀа.
З а з а. Дуккхачу а нахах суна хетарш бакъ ца хили-кх тахана… Орца… Со.. Аса… Со ца теша ахь…
О р ц а. Ца оьшу, Заза, дӀадевлларш кего… Со дерригенах кхета.
Тийналла хӀутту. Заза арайолу.
Заза, Заза, сан бӀаьстенан цӀен-кӀайн заза.
Араволу.

**V сурт**

Юьртсовет.
Н а н а. КӀант, хьо тахана цӀа вогӀур волуш вуй?
О р ц а. Нана, хьо ю иза? Ахь хӀун леладо?
Н а н а. Хьо хьевелча, сагатделла схьаеъна-кх.
О р ц а. Са ма гатдехьа, нана.
Н а н а. Кхин хӀумма-м ца хилла?
О р ц а. ХӀумий? Хилла. Дуьне духуш ду-кх, нана…
Н а н а. Муха духуш?
О р ц а. Иштта духуш, жим-жимма.
Н а н а. Цунна са ма даа ахьа. Дуьненан-м шен да ву хьуна.
О р ц а. Суна-м ца хаьа, нана, айса хӀун дийр ду а. Со цхьа дика болх бан гӀерта, ткъа наха…
Н а н а. Битахьа нах. Хьайн цӀийнан дола а деш, Іехьа.
О р ц а. Муха Іийр ву, дуьне духуш сайна гуш хилча?
Адамийн бӀаьргаш гиний хьуна, церан дегнаш хааделлий хьуна, церан ойланех кхеттий хьо?
Н а н а. Белхаш шортта ма бу, кӀант. Битахьа нах, церан ойланаш. Уьш хьоьга нислур болуш бац… Хьайн хӀусам а, доьзал а кхоллий охьахаахьа.
О р ц а. Охьий?.. Хуур ву охьа а…
Н а н а. И ахь боху хӀун хан ю? Хьан гергарчара а, наха а суна ма буьллу бехк. Цхьаъ бен воцчу кӀантана зуда а ца ялайо бохуш.
О р ц а. Цхьацца ца нислуш лела-кх.
Н а н а. И цхьаъ ца нисдаларх… Эладита доьллачух тера ду шуна юккъе.
О р ц а. ХӀун эладита?

Н а н а. Ахь Зазех лаьцна цхьаъ аьлла бохуш… Цунах юхаяьлла хилла иза.
О р ц а. Ас-м ца аьлла.
Н а н а. Суна а хаьа иза-м.
Тийналла.
Ор ц а. Гиний хьуна, нана, вайна хилларг? ДІахьажахьа.
Н а н а (дІа а хьожуш).
Ах бІов. И маца хаьрцина?
О р ц а. Тахана. БІаьвнна а да ма оьшу, уллохь накъост а. Цхьалха ша лаьтташ, хала хир ду-кх цунна.
(Корах дІа а хьоьжуш).
Хьо лаьттийла дуьне мел лаьтта, ткъа и доха йиш яц-кха, адамашкара оьздангаллий, беззаммий дІабаллалц!
Н а н а. Хьо хІун дуьйцуш ву?
О р ц а. Иштта аьлла бохур-кха и йинчу турпало. Хийрачу махкара беъначу бІонах летта веллачу шен доттагІчуьн безамна йоьттина хилла и. Дика доттагІа хилла хьуна иза, оццул лекхачу берда йисте оццул даккхий тІулгаш а дохуш, шен доттагІчуьн безамна бІов йоьттина волу.
Н а н а. Ах бІов. Цхьаъ хилла-кх кху лаьтта тІехь,
Дала диканна дойла хІара.
О р ц а. Нана!.
Н а н а. Ахь хІун элира?
О р ц а. Дика ши доттагІа хилла хьуна и шиъ.
Н а н а. Дера хилла, хилла те.
О р ц а. ХІинца бан а буй техьа и тайпа доттагІий?
Н а н а. Ца хаьа.
О р ц а. Жоьра-Бабин жимчу кІентан-м хилла хьуна доттагІа.
Н а н а. Дера хилла. Эла Хаси. Цунна оьшучу хенахь орцаха а кхочуш. ХІинца бац ишттанаш, хІинца нах хийцабелла.
О р ц а. ХІинца а бу хьуна… Хила беза… Нана, дагадогІий хьуна, жима волуш ахь суна Жоьра-Бабин кІантах лаьцна туьйранаш дийцина? Суна хьоЖоьра-Баба хетара, суо – цуьнан кІант. Суна лаьара, цо санна, дика хІуманаш дан.
Суна бІаьстенан маьркІажеш дукхаезара. Со, бер долчу хенахь, эвла йистехь ловзуш Іара, маьркІаже буьйсане ерззалц. ТІаккха суна хазахетара сайга хьо кхойкхуш хезча: «Ва-а, Орци…». Амма хьо кхузза

кхайккхалц со вист ца хуьлуш Iара: хIун хаьа шайтIа хуьлий а? Ахь айхьа ма олура, иштта дан деза. Эххар а со дуьхьал вистхуьлура… Юха со цIа вогIура. УьйтIарчу рагIу кIелахь цIе а латайой Iаш хуьлура хьо. Со хьуна юххе охьахуура, кхерчарчу цIаре а хьоьжуш. Ахь тоьпаш олу межаргаш доттура, ЖоьраБабин жимчу кIантах туьйранаш а дуьйцура… ТIаккха, воккха а хилла, хийисте хIитта волавелча а езара суна бIаьстенан маьркIажеш. Шовданехь цуьнца къамелаш деш а лаьттий, со эвла йиисте волура. Дийнан серло йойуш богIучу боданца цхьаьна дIасадаьржара сан шедаган аьзнаш. Уьш маьI-маьIIехь хезара… ТIаккха а цIа а вогIий, вайн цIийза дечиган ков дIа а доьллий, цуьнан гурах дIа а тевжий лаьттара, пеша хьалхахь межаргаш доттуш йолу хьо тергал а еш, уллохь рагIу кIелахь Iохкучу бежнаша нахарш дохуш а хезаш. Сан ойла хуьлура, нана, и дерриге а тергалдеш: «Ванах, кхин цхьа а хIума ца оьшур-кха дуьненахь, хIара бIаьстенан маьркIажеш а, и пешан серло а, къежлучу ненан сибат а, бежнаша доху нахарш а, тIуьначу лаьттан хьожа а хилчахьана. И дерриге а иштта лаьттича, лахь а, ирс лан а ца делла лийр вара».
СоцунгIа.
Н а н а. Уьш стенна дагадаьхкина хьуна?
О р ц а. Ца хаьа суна-м, схьа дагадаьхки-кх.
Н а н а. Уьш дагалеца кхуьур ву хьо.
СоцунгIа.
О р ц а. Нана, хIетахь бабас дIагIо аьлча, дIа стенна ца яхара хьо?
Н а н а. Маца? ХIун?
О р ц а. Йоккха бабас, со витий, дIагIо аьлча?
Н а н а (шеконца).
И стенна дуьйцу ахь?
О р ц а. Со бахьнехь…
Н а н а. ХIаъ, хьо бахьанехь яьхна-кх со. Хьо а, хьан ден безам а бахьанехь. Хьох къонаха хилахьара, ахь лаьттахь оьзда хIу а хецахьара бохуш. Иштта схьадогIуш ма ду хIара дуьне, да-нана шайн берийн дуьхьа а дехаш, ткъа уьш шайн берийн… иштта дIа а. Ткъа хьо? Хьо хьенан дуьхьа веха? Хьо юьртана а, махкана а, массарна а ваха гIерта. Ткъа хьайна? Хьайн ден дуьхьа? Со а лаьттар яц гуттар а. Массо хIума нисделла, цхьа а ца ваьхна. Вайна ма луъу цIеналла а, вайна ма луъу лекхалла а дуьнен чохь ян а яц хьуна. Тоам бехьа долчух. Ма

хержахьа! Бен а яцар-кха суна. Ойла ян хIума доцуш ваьхна хьан да? Сибрехахь да а, нана а, кхо ваша а велла, шена тIам тIехь чевнаш а йина? Я цуьнан да? Ойланаш яхь а, цара ца хадийтина шайн орам, шайн хIу?Ахь стенна йо ойланаш, тIом а бац, мацалла а яц?..
Йоьлху.
О р ц а. КъинтIера ялалахь суна, нана.
Н а н а. ХIан-хIа, хьо вала суна къинтIера… Сан бу бехк берриге а. Соьга ца ванвели хьо ирс долуш. Сан ницкъ ца кхечи, хьуна кхерч а кхоьллина, хьо охьахао. Сан бехк бу. Хьо вала хьо суна къинтIера.
О р ц а. Ас иза-м наха атта леладо дела хьахийнера.
ДIадаьлла хIума дара иза-м. Суна ваша а, йиша а хир ма дара…
Н а н а. ХIан-хIа, и хIинца доладелла, хьалха сийсаза хилларг. Жоьра яьлча, жоьрахь Iан еза. Сан ирс, сан дахар хIетахь жоьрахь йисначу хенахь чекхдаьлла. ХIеттахь, сан кийрахь тезет хIоьттина, ас хьарам йира суо кху дуьненан марзонашна. Со шина декхарца ехара: хьо кхиорна а, хьан да дагахь латто а. Сан-м хьо ву, ткъа цхьа стаг а воцчу Зезага хIун дан деза?
СоцунгIа.
О р ц а. ХIора Iуьйранна гIотту малх, амма селханлераниг бац иза, иза кхин малх бу. Адамаш а ду кхин, хIумма а юха ца догIу. Iодара баьлла пха санна йоьдучу замано жиманиг къондо, къонаниг къандо. ХIун дуьсу вайх тIаьхьа? Шарна, шина шарна, бIе шарна? Ткъа эзар шарна? ХIумма а. Ткъа стигла? ХIун ю цуьнан къайле? Муха кхачалур ву цу лакхалле? Нагахь седарчий маьлхаш делахь, царна гонаха дуьненаш делахь, ткъа цу дуьненашна юккъехь цхьаъ – тIехь еккъа цхьа синмарзонашца дехаш, нийсонашца, бакъонашца дехаш адамаш делахь, вай хIунда ца кхоьллина цигахь? Ткъа хIокху халачу харцоно лаьцначу лаьттахь стенна кхоьллина?
Н а н а. Сан кIант, сан кIант!
О р ц а. Ахь хIун до, нана?
Н а н а. Со кхераеллера.
О р ц а. Стенах кхераеллера хьо?
Н а н а. Хьо цхьаъ бен ма вац сан. Хьо цхьанхьа генна дIавахча санна хийти-кх суна, ткъа аз цигара геннара схьахезаш санна.
О р ц а. Со-м кхузахь ву, нана.

Н а н а. Орца, вайша хьуна зуда ялор ю. ГIа доьжна далале. Доккха ловзар а хIоттор ду. Доггаха самукъа дер ду сан цу ловзаргахь. Цкъа мукъана а ловзар хила ца мега сан? Аса оццул сагатдича? ХIа-хI?
О р ц а. Мега, нана. Мега. Стенна ца хуьлуш ду и?
Кхаа дийнахь, кхаа бусий.
Н а н а. ХIаа, кхаа дийнахь, кхаа бусий. ДIо иллехь
Жоьра-Бабин жимчу кIанта къеначу Дадин йоI а ялийна ловзар санна.
Къевсина ялийна хилла хьуна цо иза. Хьох тера а ца хилла. Хьайн да муха вара хаьий хьуна? Дера вацара хьо санна, ойланаш еш, ша вуй хоуьйтуш вара-кх.
Хелха муха волура?... Ткъа дин муха хьовзабора? Иштта хила ма веза хьо а. Иза иштта ца хиллехь, со муха ешара цунах?.. Хийла йоI яра хьуна цунна эшарш лоькхуш:
Таро елахь вола ала,
Аьтту белахь кхача ала,
Хьо вайнариг бIаьрга гича,
Дуьне серла долу ала…
– бохуш…
ЦIеххьана цунна го Орца цахилар. Цуьнан меттехь – Къиг.
ХIа-хI… хьо… хьо мила ву?
К ъ и г. Со вара хIара-м…
Н а н а. Вахана-кх цхьанхьа…
К ъ и г. Сан нана елара хьо…
Н а н а. Орци… Ва Орци… Орци.
ДIайоьду.

**VI сурт**

Юьртсовет.
К е б и й р а т. ЙоI, бакъ дуй суна хезнарг?
З а з а. ХIун ду иза?
К е б и й р а т. Ерриг а юрт ма ю хьой, Бесланний ийгIина бохуш дуьйцуш.
З а з а. Хилча хIун ду? Тхойша тайна а яцара дукха хан.
К е б и й р а т. ВаллахI, эгIар дацара, хьо хьайн бат дIа а къевлина Iийнехь-м. Цара эккхор ма ю хьо, тIаккха Iийр ю хьо…
З а з а. Iахь, Iийр ю-кх…
(Мохь тухуш).

Іийр ю-кх!
К е б и й р а т. Ехха Іен дезар ду, Іахь. Дела ву-кх гуш, кхин хІара тайпа атта яха меттиг-м карор яц хьуна.
З а з а. Со-м яц атта яха гІерташ. Йитахьа со!
К е б и й р а т. Хьуна моьтту хир ду, со сайн дуьхьа лела. Хьан дикачу цІийне маре а нислахьара, хьуна дика белхан меттиг а хилахьара аьлла хьаьддий, еддий.
З а з а. Соь хІун де боху ахь?!
К е б и й р а т. ХІумма а ца боху. Полла хила боху, полла. Зуда полла хила ма беза, полла. Цхьана зезаг тІера вукху зезаг тІе а хуьйшуш, хІокху дуьненан марзонаш схьаоьцуш. Зудчунна тІехь ма дац къонахийн гІуллакхашна юкъа гІертар. Зуда марзонна йина ма ю. Шовзткъа шо тІехдаьлла со кху лам чу маре еъна, лахенцара. Кху эвлахь мел волчу жимчу стагах ас кІант олура, воккхачух –
Ваша я Дада. ХІоранца а – эсала. Эсалалла ма ду зудчуьн герз. Цундела ма ца Іийра со, майра тІаме вахча, шарахь а жоьрахь. Мел дукха бара моьтту хьуна кху эвлахь со оьшуш нах. Ткъа со полла бара, сайна луъу зезаг къасто йиш а йолуш. Ас къастийна шолгІаниг кестта тІаме вахара, хьан да кхоалгІа вара… И Зезаг сох ца хьоьгу моьтту хьуна шен дагахь? Хьоьгу, лечкъадо-кх. Цунна ца хиъна полла хила, цундела цунах бирдолаг хилла…
З а з а. Нана, ма хилийтахьа сох я полла а, я бирдолаг а. Со адам а хилла Іен мегаш яц, со адам ма ду…
К е б и й р а т. Адам хилий а Іехьа нах санна. Хьайна кара деъна ирс дІакхосса а ца гІерташ. Со ІадІийнехь, хьох Орце а яхана, йолаелла лелаш хир яра.
З а з а (лазамца).
Цуьнца дерг ас айса дІахадийра!..
К е б и й р а т. Хадийра, хададайтича.
З а з а. Муха хададайтича?
К е б и й р а т. Цо хьох лаьцна дийцина бохург, цо дийцина ма дацара. Иза асий, Бесланан нанас Мелижассий тхайггара кхоьллина ма дара, хьан цунах чам баккха.
З а з а
(Іадайой).

Делахь, цо аьлла ца хилла-кх: «Иза соьга бен маре яха йиш йолуш яц…». Ца хилла-кх! Со стенна тийшира цунах?!Нанас аьлча, тийшира. Тхойша дан а деара Орган чуьра хьала пхи километр гІаш кху эвла. Аьхкенан малх чубузуш хан яра иза. ГІала яхана йогІуш со тІеІоттаелира цунна… Иза соьга вистхилира, гуттар а санна, оьзда. Сан суьйре дика еш. Суна эхь хетара йоккхачу стеган санна, цо сайн Іуьйре я суьйре дика йича…
ХІетте а суна хазахетара…Ас иза, тхойшиъ цІа дар, дийцира нене… Цунах долийна хилла-кх. Ткъа со? Хьанна моьттура йинчу нанас… Меллаша шедаган аз дека долало. ЦІеххьана, генахь къора гІовгІа йолу. Иза хІаваэхь дІатуьй.
К е б и й р а т (кхералой).
Юха а мохк бегош-м бац техьа?..
Кора хьалха а йоьдий, дІатуьй Заза. Хеза дІайоьлхучу гІаргІулийн аьзнаш. Кебийрат меллаша арайолу.
З а з а. ГІаргІулеш, гІаргІулеш… Дац те кху дуьнен чохь и стигла санна лекханиг? Суна хІинццалц хеттарш бІарлагІашю теша? Тахана шун аьзнашца цхьаьна дІайовр ю теша уьш, кхин цкъа а юха ца яхка?!.
ХІаъ, гІаргІулеш, со кхета шун маттах. Аш боху: ду хьуна лекханиг, ду хьуна цІенаниг… Ткъа и хилча, наха стенна лахйо и лекха стигла, шайна цунах болатан тхов беш. Хьала нисбала меттиг а ца юьтуш, бертал а бийшина теккхал бен?..
ГІаргІулеш, гІаргІулеш…Малх бузуш цІиййинчу стиглахула шун дІаяхар, бІаьста Іаннашкахь Іовраш тийжар, аьхка беттаса кхеттачу екхначу буса хьаннашкара схьахьоькху аьхна мох… Уьш лекха ду, уьш сийлахь ду, уьш цІена а ду.
Оцухенахь, вогІий, чуэккха жима кІант.
С у р х о (воьлхуш).
ХІун хилла хаьий хьуна? Оцу чухаьрцинчу бІаьвнна бухахь а висна, Ваши велла-кх!
Оцу дешнаша Іадаво массо а. Еса тийналла хІутту.
Тийналла оьккхуьйту божарийн ондачу аьзнаша олучу иллино:
Дуьне духур ду аьлча,
Суна ма моьттура
И сийна стигланаш
Кеглуш тІейоьлхур ю.

Дуьне дохар хиллийца,
Дагна дукха везначу
ДоттагIчух ва ваьлла,
Хьуо цхьалха ва висар.

**VII сурт**

Гучудолу адам.
ГIийлачу узамах дузий, тIехъоьху дуьне. Узамо тIулгаш а делхадо. Ткъа адамех тIулгаш до цо.
А ь з н а ш:
–…И дуьненан меха вара…
– …«Дуьне духур ду аьлча, суна ма моьттура»…
– …ХIаъ, и илли дара цунна уггаре а дукха дезарг.
– …Цунна лаьара массо бIов а лаьттийла.
– …Чухаьрцинчу бIаьвне хьоьжуш хилла, меттахIотто дагахь.
– …Иза дуьненан меха вара.
– …Иза чекх са гун марха яра.
– …Иза дукха цIена вара кху дуьненна.
ГучуволуМаккхаллий, Махьмий.
М а к к х а л. Дера вара дуьненан мехха-м. И тайпанаш дукха ма ца беха.
М а х ь м а. У-у, Орца. Хьанна моьттура хIара хир ду, къинтIера валалахь суна. Хьанна моьттура.
(Воьлхуш).
…Нана йогIу.
Н а н а. Сан кIант… Нах, ас хIун дийр ду? Ас хIун дийр ду, нах? Ва нана яла хьан!..
ДогIанан кIур а хуьлий, аьрцнаш тIехула хьийза ненан тийжам. Марха а хуьлий, лаьтта боьлху иза. Баьццара хьаннаш леста цуьнан мукъамехь. Iаннашкахь Iовраш хьолху.
ГIаргIулийн аьзнаш а хуьлий, дуьне мел ду баьржа ненан тийжам. Хеза Орцин аз.
О р ц и н а з. Нана, нана. Хьо суна реза яц. ХIан-хIа, сан йиш яцара цига ца ваха. Жоьра-Бабин кIанта а дийр дара изза. Ларъян ма еза вайн лаьттан Лакхенаш. И ца дахь, дуьне цхьа а Лакхе йоцуш, еккъачу цхьана шералле доьрзур ду. Я бIаьвнаш а, я лаьмнаш а доцуш.
З а з а. Дуьне Лакхенех ма лаьтта. Со тешара хьох

Лакхе хирг хиларх, адамех хIора а ма ву и дан ницкъ болуш.
С у р х о. Массара а дицдича иза – шаьш лакхенаш хилар, шаьш лаьмнаш хилар, хIун хир ду дуьненах?Массо а бIаьвнаш херцар ю, массо а лаьмнаш текхар ду. Царна гIортораш ма оьшу.
О р ц и н а з. ХIара дуьне а ма ду цхьа бIов. Нехан цIеналлех, оьздангаллех лаьтташ. Гуттар а Iалашъян езаш, ойла лекхачу адамаша, шайн онда белшаш а гIортийна, латто езаш бIов. Дуьнен чохь суна бIаьстенан маьркIажеш дукхаезара. Со бер долчу хенахь эвла йистехь ловзуш Iара, маьркIаже буьйсане ерззалц. ТIаккха суна хазахетара, сайга кхойкхучу ненан мохь хезча. Иза кхузза кхайккхалц
Iадда Iара – хIун хаьа шайтIа хуьлий а. И дан а нанас
Iамийнера со. Эххар дуьхьал вистхуьлура. Юха со цIа вогIура. УьйтIарчу кхалу бухахь цIе а латайой, Iаш хуьлура нана. Цунна юххе охьахуура со, кхерчарчу цIаре а хьоьжуш. Нанас хIетахь тоьпаш олу межаргаш доттура, Жоьра-Бабин жимчу кIантах туьйранаш а дуьйцура. Охашимма межаргаш дуура, тIе етташура а муьйлуш.
Нана, нана, хьо хIинца а Iийр ю кхалу бухарчу пеша хьалха а хиъна. Хьан бIаьрхиша масийттазза дIайойур ю цIе. Кхин межарг барах гIуллакх а ца хилла, хьо дIаюьжур ю. Меца-м юьжур яц. Юьзна. ГIайгIа юур ю ахь юззалц, тIе бIаьрхиш а муьйлуш.
Нана, со дагахь вара дуккха а диканаш дан. Амма ца кхии. Маржа, маржа… Юха а цу маьркIажехь латта…
БIаьста буц йолуш ган…Суьйранна цаьпцалгийн екар саццалц, ойланаш а еш, Iен…Маржа, маржа…
Аьзнех – олхазарийн, адамийн, хьайбанийн – лаьтта гIовгIа, и гIовгIа цхьана эшаре йоьрзу.
Массо а дIатийначохь вуьсу.

К и р х ь а.

# ДАРЦ ДАЬЛЛАЧУ БУСА

**Дарцдаьллачу буса**[4]

Стихашца язйина драма
Д а к ъ а л о ц у р ш :
Х I у с а м д а.
Х I у с а м н а н а.

Ю н а д и.
Х ь а м и д.
I а д н а н.
Хилам дIабоьду XX бIешеран 70 шерашкахь, Нохчийчохь.

## ХЬАЛХАРА ДАКЪА

### I сурт

Жима цIа. Цу чуьра дехьа чу йолуш неI а ю гуш. Чохь – паднар, сонехь – нохчийн пеш а, стоьла тIехь транзистор а, пенах тоьхначуистанга тIехь кхозу детица кхелина шаьлтий, доьхкий, сонехь лаьтта дечиг-пондар.

Х I у с а м н а н а.
Ма хаза хир ду-кха тIееъча бIаьсте…
Вайн лаьмнаш хазлур ду, зезагаш даьттIа,
Керл-керла шовданаш духдийр ду лаьмнех,
ТаьIначохь хIуьттур ду хин кегий Iаьмнаш.
Х I у с а м д а.
ХIинца а газа ю хьо ламчохь бIаьсте?
Х I у с а м н а н а.
Кху гурахь дацара со гIалех къаьсташ?..
Х I у с а м д а.
Суна-м сайн дахар а хетар ду деса,
Мацца а лаьмнаш сайн дIатаса дезахь…
Бераллехь дуьйна со-м кху ломахь кхиъна,
Кхузахь ас дедеца шераш дIакххехьна,
Болх баран марзо а евзина кхузахь.
Ламанан цанаш ас хуьйцур яц кузах.
Чахчаре шовданаш, стигал а сийна,
Iаьнан дарц, берзалойн угIар а шийла
Сох ийна, даима деха сан цIийца.
Цу гIалин урамах, квартира-цIийнах
Хуьйцур дац ас лаьмнаш. Хьуна-м и гIала Хьомсара хетара, ткъа лаьмнаш – бала…
Х I у с а м н а н а.
Хетара. Ткъа хIинца иштта яц ойла.
Х I у с а м д а.
Луур ду даима хьо иштта гойла…

Ткъа бIаьсте кху ламчохь хьуна ца гина?
Х I у с а м н а н а.
Ас маре хьоьга кху гурахь ма дина.
Масех бутт хьуна ма дукха хан хета.
Х I у с а м д а.
Дукха яц, хаза-м ю массо а хенал.
Х I у с а м н а н а.
Ма велахь… Ахь сийсара дийцина туьйра…
Х I у с а м д а.
И ас ца дийцинехь-м яцара туьйр хьо.
Х I у с а м н а н а.
Цигарчу кIантана Маьлх-Аьзни санна,
Со хьуна хетий ткъа?
Х I у с а м д а.
Туьйра дац дахар…
Оцухенахь арара чу мохь хеза: «ХIей, чохь дуйшу?»
ХIусамдас дуьхьал мохь туху: «Дера ду, чу дуьйла». Иза араволу.
Х I у с а м д а.
И мила хир ву те йоьхначу буса
Генарчу кху ломахь лоьхуш верг хIусам.

**II сурт**

Гуш цIийнан уче ю. Арараьлла хIусамда уча лаха вуссу.
Хьийзо дарц. Дорцахь – говрашкахь кхо стаг.
Х ь а м и д.
Ассалам Iалайкум, хIусамда, ахь
Хьеший оьций кху буьрсачу буса?
Ахь тхуна хьошалла тховса ца дахь,
Цхьа барам бац-кха тхан бохам буста.
Х I у с а м д а.
Iалайкум ва салам, шу маьрша хуьлда,
Хьаша тхан хIусамехь доккха ирс деца.
ТIевоьду.
Собар, ас дIалоцу хIинцца хьан луьйта,
Хьаша ца кхочу цIа хетало деса.
Чудуьлол, хIусам ю сов паргIат шуна,
Буьйса а, шо даккха и луучунна.

Чубоьлху.

**III сурт**

I-чу суьртан сценин гар.
Х I у с а м д а.
Кху ломахь даим ву цхьа накъост-гIайгIа,
Охьховша, хIан, ахьа дIаэца гIайба,
Деллахь, ма дика ду шу тхоьга дахкар,
Адамаш доцчохь ма хала ду дахар…
Могаш дуй, паргIат дуй, сингаттам бац-кха,
Сакъера даьхкина хилла-кх шу лома,
Де декхна хиллехь а, хьовзий-кха дарцо,
Дарц даьлча-м, аьрзу а ца долу тIома.
I а д н а н.
(Юккъехула).
Сакъерар-м хIун дара, бала бу-кх, бала,
Хала-м ду кхин цкъа со кху лакха вала.
Х ь а м и д.
Баркалла, могаш а, паргIат а ду тхо-м,
Шу муха дохку ткъа, муха ду жа шун?
Х I у с а м д а.
Дика ду, зенаш а ца хуьлу дукха.
Цхьа дарц ду-кх… ХIей, схьада хьешашна шун!
ЧуйогIу ХIусамнана.
Х I у с а м н а н а.
Вай хьеший, шу марша догIийла тхоьга,
Кху дарцо шун некъ а бохийна хилла-кх.
Ас хIинцца…
Хьешех цхьаьннах бIаьрг кхетий, юху. Иза хаало хIусамдена а.
ХIусамнана, дIа а йоьрзий, дехьачу йолу.
I а д н а н (шен вохар лачкъош).
Тарлуш ду-кх кху ломахь доь дан
Стеган а, и висахь некъ байна, тилла.
Тамашбо кху махкахь бехачу нахах,
Массанхьа кхерам бу – кхераме дахар.
Тешнабехк бан кийча ду бердаш, тIулгаш,
Галвалахь, карор ву ахка чохь Iуьллуш.

Х I у с а м д а.
Нислуш ду наггахь верг вовш кхузахь доьза,
Ткъа аса-м Iаламе хам дIа ца боьху…
Лаьмнашкахь массарна хIусам ю кийча,
Тешнабехк, осалла – лаьмнашна хийра.
Тешнабехк лаьмнаша эшийна цIийца,
ЧIир йоцуш дисна дац вуон кхузахь зирх а…
I а д н а н.
Iаламат дика ду и иштта долуш.
Х ь а м и д (вуон цуьнан бIаьра а хьожуш).
Бакъахьа хир дара, Iийнехь ца молуш.
Ю н а д и (сонехь лаьттачу пондар тIе пIелг хьажош).
И пондар хьан хир бу… Алахьа илли…
Вайнехан иллеш ду, диццаларх хийла,
Дог делхо, дог дело ницкъ болуш шайгахь…
Х I у с а м д а.
И ницкъ ца хилча-м, уьш меха дац шайнан…
Эр ду-кх ас. Илланча со ледар хиларх,
Дешнаш ду кху иллин дегнашка кхочуш.
ХIар илли сан дедас цкъа олуш хилла,
И цунах ца къаьсташ вирзина коша.
I а д н а н.
ДIалалла, и чIогIа илли ду делахь.
Ю н а д и
(Iаднане).
Ткъа ахьа хьайн зурма цкъа сацаелахь.
ХIусамда, мерзаш мукъаме а даладой, илли ала волало.
Х I у с а м д а.
Дуьненна го лаьцна дохк-марха санна,
Сан дагна го лаьцна цу безчу балано.
Сарахь суьйре санна, тIетеIа баланаш,
Iуьйранна Iуьйре санна, тIетеIа баланаш
Байбала ца туьгу.
Лайн дарцо теIайо коканан кол санна,
Балано теIадо, кIентий, вайн дегнаш.
Хьалахьаьжча вайна гун бухь лекха ламанаш

Хазделла ма лаьтта маргIалчу бацана.
Охьахьаьжча вайна гун Чергазийн и раьгIнаш
Хазъелла ма лаьтта паргIатчу бацана.
БIаьстенан бай санна, хазъелла, ва гаур,
Хьо яла ма лойла хьуо йинчу ва ненан.
Базаран тукарца сел нийса нисйина,
Эрмалойн ахкарца сел шера шарйина
И Iаьржа никIапа, хьо дукха ехийла
Хьуо йинчу хьайн нанна.
Хьалахьаьжча вайна го и сийна стигланаш,
ЦIен деши ва хилла, езачунна елара.
Цкъа бIаьриг ва тоха шен езар елара.
Охьахьаьжча гуш йолу и сийна аренаш,
КIайн дети ва хилла, езачунна елара.
Цкъа юххе ва вала шен ваша велара,
Цкъа дагара дийца доттагIа велара.
Я-лай-лахь я-ла-лай,
Ва-лай-лахь ва-ла-лай.
Массо а, ойланашка волий, дIатуьй. Жимма хан йолу.
Х ь а м и д.
И илли-м дика ду, кхин хаьий хьуна?
Гулдеш ву со иллеш, кицанаш, эшарш.
Кху иллехь коьртаниг, хетарехь суна,
Ду гайтар, ницкъ хиларх, оьздалла эшар.
Ю н а д и (бегашина).
ДIавалахь, хьайн болххий, диссертаций,
Теманаш, басаршший, рифманашюьйцуш…
Сан дагах кхеташ и кхуо алар дац ткъа
Уггаре коьртаниг?
Х ь а м и д.
И дац ас дуьйцург…
I а д н а н.
Вайн иллийн цхьа айп ду: мукъамийн къелла,
Кху хенан лехамна жоп ца ло цара…
Х ь а м и д.
Вайн иллеш синкъерам хилла Iац беккъа,

Цаьргахь бу вайн халкъо лан безна бала.
Ю н а д и.
Вайн иллийн мукъамаш бу дагах кхеташ,
И иштта дац бохург галваьлла хета.
I а д н а н.
Амма вайн замано лоьху кхин эшарш,
Мукъамаш чехканаш, самукъне дешнаш.
Ю н а д и.
И аьлла, вай дицдан оьший те иллеш?..
I а д н а н.
«Тийжамаш» оьший те, эстрада хилча?
Х ь а м и д.
Хетарехь, ахь цхьа а илли ца дешна,
Цундела ма ала и тайпа дешнаш.
Ас-м иштта ца бохий…
Ю н а д и.
Кхета со – муха…
Ца воллу, шира бац вайн иллийн мукъам
Со ала. Бакъду и, вайна а оьшу
Керланаш иллеш а, мукъамаш – оьзда.
Кхолла шаьш, вайца цадогIурш а дитий!
I а д н а н.
Кхуллучул, атта ду, вайн дешнаш хIиттош,
Мукъамаш схьаэцча.
Х ь а м и д (хIусамнене).
Мила ву тхох тилларг,
Алахьа, цIенана.
Х I у с а м н а н а.
Чулацам иллийн
Бийцац ас. Сан ала хIума дац цунна…
Эстрадин музыка, хетарехь суна,
Оьшуш ю, езаш ю вайн кегийрхошна.
Цхьа а йиш Руссосан[5] эшаршка кхочуш
Вайн яц-кха.
Ю н а д и.

Ахь цхьамма аларх и иштта,
Кхечо-ма тарлуш ду къастадан иллеш.
ХIусамнана дехьачу йолу.
Х ь а м и д.
Делахь а заманан боларца богIу
Мукъамаш кегийрхойн дегнаша лоьху.

**IV сурт**

Дехьачохь. ХIусамдай, хIусамнаний.
Х I у с а м д а
(Iоттаре, оьгIазе).
Хьох-м чIогIа парпессар ма хилла тховса…
Хьо-м хилла царал а хьекъале, говза…
Зударша дуьйцуш ца хууш дерг шайна
Ца лало, цкъа а ас дац иза лайна.
Х I у с а м н а н а.
Аса-м ца дийцина совнах дерг цаьрга,
Хаттарна жоп а луш, масех дош аьлла,
Цундела оьший те хьан дешнаш аьрха?
Х I у с а м д а.
Озалуш ца хилча хьешех, нах кхаьрда,
Кхетал хьо, и цхьаъ ду бахьана. Цул сов,
Дац цара дуьйцург вайх хьакхалуш гIуллакх.
Х I у с а м н а н а (дегабааме).
ТIаккха со Iийр ю-кха, мотт кхобуш цаьрга.
Х I у с а м д а.
ХIумма а дуй кIелдиса, ахь дош ца аьлча?
Дош дуй хьан уьш массо кхетавеш аллал?..
ХIусамнана, белш а саттайой, дIайоьрзу.
Дац. Дацахь, IадIе, хьайн мотт дIа а кхаллий…
И дитий, хьолтIамаш хилийта кийча,
Ца эшча, хьешашна хьалха ма хьийза.
ХIусамда дехьа чу волу.
Х I у с а м н а н а.
ХIун ду те суна тIехь кхунна ца тайнарг,
Ма оьгIазвахана, вагийча санна.
СоцунгIа.

Хьо хIунда кхечи те генарчу лома,
Юха а соь дахар хьежийта гома.
Коре дIа а йоьрзий, гIайгIане лаьтта.

**V сурт**

III-чу суьртан гар.

Ю н а д и.
Ас бохург: масийтта бIешераш хьалха,
ГIайгIанашшен юьйцуш, кхоьллина халкъо
И иллеш диццдала тарлуш ду. ХIинца
Бендоцуш, атта а вай цаьрга хьийсахь…
Уьш меттахIитталур дуй вайга юха?
I а д н а н
(Iоттаре).
Хьан маттах-м кхетар вац, дукха
КIорга ахь дуьйцу-кха… Иштта-м
Довш дерш дац цхьа халкъан иллеш,
Довш лаьтта гIиллакххаш, мел хилларг оьзда.
Уьш коьрта муьлха ду? – цхьамма ца оьзна.
Бакъдерг ду: бац хIинца цкъа хилла нохчий,
Леринарш дезачех сий, латта, маршо…
Ткъа хIинца сийлахь дерг ду ахчий, бохчий…
ХIетте вайн йиш яц чкъург юхнехьа карчо.
Ас юьйцург вайн нохчийн варданан чкъург ю.
Цкъа бердах дIаккхетталц, и сецна гур яц.
Х ь а м и д.
ХIаъ! ХIай-хIай, хьо-м хIинца кхетта ма вогIу,
Шершина боьду ког хьуна а гина?
Ткъа и ца шаршийта ахь хьайна догIу
ХIун дакъа дIаккхехьна, хIун гIуллакх дина?
I а д н а н.
Историн догIа вайн лаьтта тIе дилхи…
ТIедачу лаьтта тIехь когаш а шерша.
Тадала йиш йоцуш, вайн дахар телхи.
Басах чу, Iин йисте, и денна керча…
Дитий вай, и-м дика хила а тарло.
Цкъа цамгар лайна верг сиркхонех ларло.

Ю н а д и.
ХIусамда, хIар къовсам хуьлу тхан гуттар…
Хьо ма вац дош олуш, тхан «тIаме» хIуттуш?
Х I у с а м д а.
Олуш ду: «Ца хуург ца къийсар – хьекъал».
Ю н а д и (воьлуш, Iаднане).
Ткъа шена хууш дерг Iовдалца къийсар
Ша Iовдал хилар ду. Со-м IадIа.
Берриш буьйлу. Жижиг-галнаш а дахьаш, чуйогIу
ХIусамнана.
Х I у с а м д а.
ТIехилал, вай хIинца галнашца дийца…
Массо а, куьйгаш дуьлий, текхана тIехуьлу, Iаднан воцург, яа волало.
I а д н а н (хIусамнене).
Ахь бехк ма биллалахь, хир барий мIара…
Х I у с а м н а н а.
ЭхI, бехк ма биллалаш, йицъелла Iара…
ХIусамнана дехьачу йолу.
Ю н а д и (бегашина).
Хьажал хьо культура…
I а д н а н.
(Белш сеттош).
Хьуна ма гарра,
Соьга-м ца яало куьйгашца галнаш.
ХIусамнана, мIерий дахьаш, чуйогIу. Iаднан цхьа тамашийна бIаьра хьожу цунна. Иза шерра го хIусамдена а. Цо ша тергалвар хаалой, Iаднана къамел доладо.
I а д н а н (пена тIехь кхозучу шаьлтанна тIе пIелг а хьажош).
ХIусамда, кхин юй хьан и тайпа шаьлта, Кхелина и саннарг яхьар ю аьлла,
Цхьамма со Iехийра, нагахь хьан елахь,
Оьцур яр-кха ас хIуъа, ахь доьххург делла.
Х I у с а м д а.
Кхин яц сан…
I а д н а н.
Хьажахь, мел хаза ю иза.

(Хьалаэккхий, тӀевоьдуш).
Цкъа мацах-м адамаш цистина къиза
Ю хьуна хӀара… ХӀара ботт, муккъий
Ма хаза кечдина. ХӀара саннарг муххаъ
Каро со хьожур ву.
Х І у с а м д а.
И шаьлта хилла сан деден,
Цуьнца и пхьоьхана вийлла,
Ямарта мостагӀа цунах ца ваьлла.
Сан деден безам хир хьо суна аьлла,
Ас иза куза тӀе оьллина мацах.
Цул хьоме хӀума дац, и пондар бацахь,
Сан дедех дисина, делахь а, хьаша,
Ас доьху, и шаьлта дӀаэца хьайна.
І а д н а н (воьхча санна а хуьлуш).
ДӀавала, ас бегаш… Ма алахь иштта.
Х І у с а м д а.
Вайн дайша хьаша цаларар вуон тидда,
Хьешана езарг а ялар ду гӀиллакх,
Дешица литтина и йина хилчаъ,
Лур яра ас хьуна, амма цхьа дехар
Ас кхочушдар доьху: шераш дӀаэхархх,
ХӀар шаьлта ахь даим лелае хьоме,
Муьлххачу хӀуманал, муьлххачу хьолал…
И шаьлта ахь ларар – сан деден сий дар,
Баккхий нах ларар ткъа декхар ду сийлахь.
І а д н а н.
ХӀаъ, аса ларйийр ю даима хӀара,
Баркалла, ткъа шаьлта йиш юй ца лара?
Ткъа хӀинца, хӀусамда, дӀаехкий шаьлта,
Муха и хета хьоь хьажийта аьлча,
Бехк буьллур бац-кха ахь…
Х І у с а м д а (вухий).
Буьллур бац ас-м цкъа!
(ХьалагӀоттуш).
Схьая и, дӀаехка-м хала ма дац-кха.

ДIайоьхкушаьлта.
I а д н а н.
ЭхI, деллахь, ма хаза хета хьоьхь хIара,
ХIинццалц со шаьлта дош ца хеташ вара…
Цкъа тIехьа верзахьа…
ТIехьа верзаво.
ЭхI, беркат, беркат!
(Охьахууш).
Хазалла, хазалла! Цкъа вухаверзал,
ЭхI, эхI, эхI, хаза-м ю… Хьайн хIума кхалла,
Охьахаа.
(Юнадига, Хьамиде).
Хаза-м ю и шаьлта, валлахI…
Ю н а д и.
Деллахь, ма ца оьшуш ели ахь кхунна.
Х I у с а м д а.
Сан гIуллакх ялар ду… ХIей, хезий хьуна,
ГIой, хьажал, бахка базбеллачу жийне,
Жарж бохка гIийлачу Iахарна жимма.
Х I у с а м н а н а.
Со, хIинцца…
Арайолу.
Х I у с а м д а.
ХIара Iа деа-кх шийла,
Докъарца кху шарахь гIуллакх ду гIийла.
Яхъелла шелонаш, лахенца бIаьсте
Кхаьчнехь а, кху ломах-м Iа дIа ца къаьста.
ГIеххьа хан йолу, цхьа а вист ца хуьлуш.
I а д н а н.
Аш бехк ма биллалаш, со араволу,
Цигаьркаш схьаэца таьлсаш чохь йолу.
Х I у с а м д а (хьалаэккхаш).
Уьш-м ас схьаоьцур ю, хила хьо паргIат…
I а д н а н (и сацош).
ХIан-хIа, со цхьажимма волалур арахь,
Баркалла, хIусамда, хIумма а эшац…

Шеллур со… Йовха-м ю ламаройн пешаш.
Іаднан араволу, хІусамда шен метта охьахуу. ГІеххьа хан йолу, цхьа а вист ца хуьлуш.
Х ь а м и д.
Мел хан ю хьо кхузахь волу ткъа?
Х І у с а м д а.
Ялх шо,
Цкъа хьалха дедеца яьккхина зама.
Х ь а м и д.
ХІун пайда бо ахьа?..
Х І у с а м д а.
Алапий, ялтий
Тоьар ду, со реза волуш ду, амма
Кху шарахь дІаваха дагахь ву.
Х ь а м и д.
Стенна?
Х І у с а м д а.
КІордийна Іен-ваха юьртана генахь.
Массо а дІатуьй. ГІеххьа хан йолу.
Сан хьеший, кхин хІун ю шун безам болуш:
Жан нехча, хІуъа а, вай да мел долу?
Х ь а м и д.
Баркалла, хІусамда, хІара вайн кхача
Башха бу, хІумма а ца оьшу…
ХІусамда, дехьачу а волий, карахь чагІаран шиший, тІоьрмиггий болуш чувогІу.
Х І у с а м д а.
Хьаша
Веача, ца мелла хІун дийр дара ткъа кхунах?
(Шиша охьа а хІоттош).
ЧагІар ду. Ткъа кху чохь Іежаш ду шуна,
Шу паргІат хила, хьеели и зуда –
Цхьаъ хилла хир ду цу жийна…
Ас доьху, бехк аша ма билла, тарлахь,
Со хІинцца чувогІу, бІаьрг тоьхна арахь.
Араволу.

## VI сурт

Жоьла. УьстагӀашна жарж бухкушйоллуХӀусамнана.
ЦӀеххьана чуволу Ӏаднан, иза шена ца гинчуха дӀайоьрзу ХӀусамнана.
Ӏ а д н а н.
ЦӀенана, муха ду алахьа гӀуллакхаш?
Х Ӏ у с а м н а н а.
ДӀавалахь…
Ӏ а д н а н.
ВаллахӀи, ойла мел гулло
Хьо дага ца йогӀуш цкъа а ца Ӏийна.
Хьо миччахь хилахь а, со висахь дийна,
Караян йинера ас дагца чӀагӀо.
Х Ӏ у с а м н а н а.
Оьший те дӀадахнарг вай хӀинца хьехо?
Ахь хӀеттехь харцийра сан ирсан гӀала.
Ӏ а д н а н (хьастаме).
ДӀаяла, ма дийца, иштта ма ала…
Ткъа муха вевзина хьуна и къонах?
ЦӀийнехьа корта тосу.
Х Ӏ у с а м н а н а.
И хаттар ца хета хьуна хьайн совнах?
Жимма хан йолу.
Тхан ненайишас дин захало хӀара.
Ӏ а д н а н.
Кхета со… Цецваьлла чӀогӀа со Ӏара,
Хьо муха кхаьчна те кху ламчу бохуш…
Хьо оьгӀазъяхана, ахь синош доху…
ВаллахӀ, йиш-м яцара сан хӀетахь йига
Хьо тхайга…
Х Ӏ у с а м н а н а (дегабааме).
ХӀетахь-м хьо хьаьвзира дика…
Ӏ а д н а н.
Хьо сайна евззашехь, со Ӏийра хьуна…
Даим хьо бӀаьргашна хьалхахь ю суна.
Со кхета: хьо соьха тешар яц атта,

Дуккха а хир ду-кха хьан соьга хатта…
ХIетахь сан хьо кхин ган яцара таро.
ДIабаьлча масех бутт, хьаьжира каро…
Х I у с а м н а н а (и юкъах а воккхуш).
ХIун дийр ду: цхьа дахар безамо кхолу,
Важа цо дохадо, ахь сайниг санна…
ГIеххьа хан йолу.
Масех бутт… Хьо Iийна ван ка ца долуш…
Со муха Iийра ца тухуш айс-сайна…
Сан бIаьрхиш… Ас хьегна и бала, гIайгIа…
ХIетахь сан дог дара цхьа акха гIайре,
Соьналла мерцина къизачу малхо…
Стаг варий со теша, ас бала балхо…
И дерриг хиларна хьо ву-кха бехке…
Ахь хIинца дуьйцуш дерг дерриг ду дехка…
Ас доьху, кху чуьра дIааравала,
Ца гIертахь кхайкха хьо кху керта бала.
I а д н а н.
Ма ала, со хьоьха къаьстича дуьйна
Бала бу суна вайн хIар маьлхан дуьне.
Х I у с а м н а н а (елхарца).
Ткъа суна-м моьттура кхаьчна суо ирсе…
Хазделла ма гора хеттарг мел ирча.
Сайн безам, дахар, дог тешийра ас хьох…
Ткъа хьанах?!.
I а д н а н.
Ма дийца, иштта и дац-кха.
Х I у с а м н а н а.
Сайн ирсе керла тIай тилла со гIерташ,
И дохош, кхечи хьо тховса кху керта…
ХIумма дац ас хьоьца къастадан, къийса,
Хьан бакъо яц соьга кхин хилларг дийца.
Хьан бехказлонаш а ца оьшу суна…
(Кхерамца неIаре а хьожуш).
Тарлора кху сохьта и къонах чуван…
I а д н а н.

И дича товш хир дац вайн «къонахчунна»,
Шен хьеший битина, дитина шун а…
Араваьлла хIусамда дорцехь льтта. Юьстахуо бодашкахь гуш жоьла бу. Цуьнан пенийн корашкахула еттало панаран гIийла серло.
Х I у с а м д а (ша шега).
Мичахь ву теша и ваьлларг кху ара…
Цу хьешо цхьа бохам суна бан тара.
Реза вац со цуьнан кху зудче хьежарх.
Эхь хетар дац цунна дайн гIиллакх хьеша,
Я хIусам бехъян…
СоцунгIа.
Ванах, сан шеко
Бакъ хир ю теша… ЭхI, Iаьнан шело
И дагадеъча сан дагах чекхъюьйлу.
ДIахьаьжча, жоьли чохь йогупанар а гой, тIевоьдий, меллаша херонехула цу чу хьожу. Iаднан ву хIусамнанна уллохь Iаш. ХIусамда, цкъа чу эккха тоха а лой, юха цара дуьйцучуьнга ладоьгIуш, соцу.
I а д н а н.
Собарде, ладогIа, ас хьуна дуьйцур…
Х I у с а м н а н а (и юкъах а воккхуш).
Цу буса да вара набарна сема,
Ткъа дог сан ца тарлуш дара шен бенахь…
Миноташ ларъеш, со дIатийна Iара,
Сатедеш: «И вижча, ер ю со ара».
Х I у с а м д а (цуьнан тIаьххьара дешнаш а хезий, юха а эккхаш, ша шега).
ХIара сурт… ГIенах а суна ца дайнарг.
ХIай латта, ахь муха суна гург лайна?
СоцунгIа.
Дуьххьара хьан гIодаюкъ яьстинчу буса
Сан шеко яра хьох боьханиг дуоза,
Амма сайн дагахь дерг лачкъийра аса,
Нахах, хьох къайле еш, цхьанна ца яста.
Хьоь болчу безамо йиццийна шеко,
Со-м Iара: «Дицлур ду-кх, дIаихча шераш…».
Ткъа ахьа-м, йо Дела, гIенах ду хIара! –

Эли-кха: «И вижча, ер ю со ара».
Цхьа шо сов заманахь соьца а Іийна.
Суна пхьор кечдеш, сан ялта хьекхийна,
ХІусаман сийлалла, йозалла цІийнан,
Хьайн сий а, сан сий а, кху лаьмнийн сий а
Доьхки ахь, ямартчу осаллех хуьйцуш!..
Ткъа хІокхо ас шега, яккхийта буьйса,
ХІусам а дІаелча, хаийча пхьуьйре,
ЦІенана озий-ца боьхачу уьйре.
Уггаре дезаниг – сан деден шаьлта –
Со шена совгІатна дІаелла ваьлча,
Сий дайи шаьлтанан, сан деден, сан сайн,
Ца хеташ ша дийриг мехала шайнан…
ХІай, адмаш, шу цхьа а кху вуоно зийний?
Сан цІийнах цІе ели, цІе ели сийна…
Ас хІун дер?
Х ь а л х а р а а з.
ХІай, накъост, хьо лелий вала,
Ямартхой шаьлтанца ахь сихха бара!
Ахь дан ма деззара хьошалла дича,
Дарц долчу буьйсанна, пхьор луш, чувитча,
Шаьлта а елча ахь, хьайн дог а дийна,
Тешам, изхь дайна шен, сий дайи цІийнан.
Хьуна изхь тІехь дуьйсу, ца нисдахь цІийца.
Хьан ХІусамнана а ямартхо хилла,
Дицдина ша лелар цкъа мацах тилла,
Хьоьца шен ирс доькъуш, цІийнан сий лардан
Ца хии. Хьарамло хьуна йин. Кхардам
Нехан а, лаьттан а хьох гІур бу, вала,
Хьайн ала догІу дош шаьлтанца ала.
Ш о л г І а а з.
Ма-ма-ма, ца оьшу, и ву-кха хьаша,
И вер ца магийна цкъа а вайн дайша.
Ткъа зуда? Жима ю, и Іехаелла…
Адамаш дайа ткъа хьан бакъо елла?
Х ь а л х а р а а з.

Хьаша-да хилла и шайн цIен тIехь вайча.
Осалла-м лайна яц, и хиларх миллаъ,
Осалла эшош цхьа Iожалла хилла…
Адамаш… иштташу адамех латта
ЦIандарал йоккхах яц цхьа адамалла.
Ш о л г I а а з.
Ма-ма-ма, ца оьшу…
Х I у с а м д а.
Сацийта ахьа!
Къонаха хилар ду оьшуш вуон ахьа.
И дан со стаг вацахь, со хIунда веха?
(Жоьли чу ваха дIа а волалой, юха а соцуш).
Ткъа хIинца?.. Со сеци?.. ХIан-хIа, сайн декхар
Кхочушдеш, гIелвалар тарлуш дац. ХIинцца
Ас йийр ю кхиэл царна шаьлтанца нийсса…
ХIетте а… ХIун хIетте?.. Дегадо куьйгаш,
ХIорш-м чIогIа малделла – шаьлта ца къуьйлу…
Бекхам! ЧIир!.. ХIетте а… ХIун хIетте? ХIетте?
И ца дахь, сан деза вала а, кхетта.
Стогалла мичахь ю?.. Хьовсийша, бIаьрхиш.
Гиний ткъа къонахчух шен бIаьрхиш кхаьрдаш…
Цхьаъ дан-м ма деза ас… Со хIунда лаьтта?
Къонахех цIанделла те хIара лаьмнаш?..
Къонах вац! Со стаг вац! Чекх са гой сайха…
ДIавада! Ткъа мича? Сан сий ма дайна.
(Хьодий, тIе а воьдий, цIийнан неI схьайоьллуш).
Сан хьеший, схьадуьйла, схьа арадовла,
ЮьхьIаьржа хIоьттинчу соьга шу хьовса!
Хьамиддий, Юнадий араэккха.
Шун накъост сий дайа веана хилла
КхуцIийнан.Сан Х Iусамнана а тилла.
Ямартло йин суна, сий дайи цара…
Ца хили стогалла-м соьгахь уьш бара.
Ткъа хIинца шу соьха кхаьрдина девллехь,
Ас доьху, ца дойтуш соьга кхин девнаш,
Сан хIусам дIатасар.

(ХIусамнанна тIе пIелг хьажош).
И лаьттарг а эцна.
Массо а, вист ца хуьлуш, Iадийча санна лаьтта.
Шу лаьтта, массеран мотт дIа а сецна…
ХIаъ, кхета, дарц ма ду, арахь ю Iаьржа,
«Тхо лийр ду», – бохуш ду массеран бIаьргаш.
ХIан-хIа, шу далийта-м йиш ма яц тIаккха.
Шуна цIа а дуьтуш, ас буьйса яккха
Лохур ю цхьа меттиг… Со лийр вац дорцехь!..
Сатоссуш довлалаш сихха кху орцах,
Нагахь шу ца гIертахь Iаба сан дошах,
Я даим кхузахь Iен, барз боцуш кошан.
ДIаваха тохало.

ШОЛГIА ДАКЪА

**VII сурт**

Кхул хьалхарчу суьртан декорацеш.
Ю н а д и.
ХIай, накъост, ас доьху, цкъа собардехьа.
Соь жимма ладогIар – сан доккха дехар…
Х I у с а м д а (вуха а воьрзуш).
Схьаала. ХIун ду хьан со кхузахь хьеван?
Ю н а д и.
Кху арахь хиллачух кхиац сан хьекъал,
Амма со валац цхьаъ хьоьга ца аьлча.
(Iаднанна тIе пIелг а хьажош).
И суна вевзина ши кIира даьлла,
Со цунна реза-м ткъа цкъа а ца хилла,
Амма ца моьттура хир ву и тилла,
Хьешан сий, хIусаман йозалла хьешшал,
И динарг – ма лара деса сан дешнаш –
МостагI ву суна а, хьуна а санна…
Ас лохур кхин меттиг хьоьцанна сайна.
ХIусамда волчу дехьаволу.
Х ь а м и д.
Сан а ду цхьа дехар, соьга ладогIа,
Со кхузахь вистхилар, хетарехь, догIу.

(Iаднанна тIе пIелг хьажош).
И лаьттарг вевзина суна шо кхаьчна,
Сан доттагI лоруш и тахханалц ваьхна,
Цундела со а ву тховса юьхьIаьржа…
(Iаднане).
Со даим хир ву-кха хьоьха дог кхаьрдаш,
Хьуна ас хьарамдо деза дош «доттагI»,
И соьга ала хьан ма карча мотт а…
(ХIусамдега).
Оцуьнца ца йоькъуш тховса и хIусам,
Кху дорцехь, кху лам чохь хIаллакьхир ву со…
ХIусамда волчу агIор волий, дIахIутту.
I а д н а н.
Ткъа хIинца ладогIа соьга цхьажимма.
Ю н а д и.
ХIан-хIа, тхо сиха ду, къамел де шиммо.
I а д н а н.
Сацийта! Хьуна хIун хаьа сан дахарх!
Хьан бакъо юй теша сох бехкаш даха?
(Хьамиде).
Хьуна-х со ца вевзи кху дийнна шарахь,
Ткъа вайшиъ-м доттагIий санна ма вара…
Атта ду массо а хууш верг хилла,
Стаг хервеш, и вита бохамехь Iилла.
Х ь а м и д.
ХIун бохам иккхина ца хууш тхуна,
Ахь хIинца дуьйцуш дерг кхеташ дац суна…
I а д н а н.
Дуьтур вай… Ткъа бакъдерг, дIаоьзна кирхьа,
Ас шуна гойтур ду, хиларх и ирча.
Бакъдолчун юьхьдуьхьал ца кхоьруш хьовссал
Къонахий бац техьа гулбелларш тховса?..
(Йоьлхуш лаьттачу хIусамнанна тIе пIелг хьажош).
И суна евзина кхо шо сов хьалха…
Х I у с а м н а н а (елхарца).
Ца оьшу…

I а д н а н.
Оьшу и. Май баттахь, гӀалахь.
Дог дара догуш сан безаман цӀарах,
Ткъа шаре вирзинчу стеган дог дара…
И суна гича, ас элира аьхна:
«Дог, и ю вайшиммо лоьху Маьлх-Аьзни».
Х I у с а м н а н а (ойланца цу хене дӀайоьдуш).
Ткъа хӀетахь вуьрхӀийтта шо дара сан а,
ХӀар дуьне хетара туьйранахь санна…
Ткъа хьо-м сан ойланехь вехарг ма вара.
I а д н а н.
И суьйре… Цхьа йовха, екхна и яра…
Цу сарахь, дӀатосуш вайн йовха гӀала,
Дахара кӀотара, тевнехь ца лала.
И буьйса… Бутт бара схьахьоьжуш стиглахь.
Ас эли: «Вайн ирсах и Iаба тигац».
Х I у с а м н а н а.
Мацах цкъа адамаш даьхначу ирзехь
Зезагаш кхуьура бацалахь ирсе…
I а д н а н.
Хьаькхначу керлачу цу бецан хьожа…
ТӀулгашлахь духдуьйлу и шийла хьоста.
И екхна, и хаза аьхкенан буьйса…
И хьоста Iенара, цхьа суйнаш туьйсуш…
Iаламо кечйира и буьйса говза…
Вай дара ца Iебаш Iаламах, вовшех.
Х I у с а м н а н а.
Ткъа ас хьох тешийра сайн дахар дерриг…
I а д н а н.
И буьйса дӀаяйра, вайна ирс делла.
Тешаме даима вовшашна хила
Вай дуйнаш биира шовданан хих а…
Х I у с а м н а н а.
Лаьттах а, безамах, стигларчу баттах,
Ахьа-м и хьайн чIагIо йохийра атта.
I а д н а н.

Цкъа собар…
Х I у с а м н а н а (елхарца).
Ткъа хIинца сан керла кхерч а
Бохабеш, тховса хьо кху лам чу кхечи.
Ю н а д и.
Ашшимма шайн гIуллакх вовшашца къастор.
Хетарехь, совнаха ду аш тхо латтор.
Х ь а м и д.
И бохуш со а ву. Буьйцуш шайн безам,
Я дагалоьцуш шайн жималла мерза,
Шу Iийр ду паргIата… Вай дIагIо, дуьло.
I а д н а н.
Хьамид, хьан дешнаша кхоладо дуьне…
Гуттар а къонахехь товш хилла собар.
Ю н а д и.
Къайленаш юьйцучохь оьший те тоба?
Ткъа цул сов, цунна лан (хIусамдена тIе пIелг хьажош.)
Атта юй теша
Ахьий, цой лоькху и безаман эшарш?
I а д н а н.
Бакъдериг лан деза, хиларх и къаьхьа.
И шуна довзийтар теттац ас тIаьхьа…
СоцунгIа.
Цу буса барт бира, цхьа-ши де даьлча,
Юьгур ю сайн хIусме йоI аса аьлла.
Дог дара цу дийнахь чекх са гун марха,
Ойланаш цIанъелла яра сан малхал.
Воьдура дог-ойла яьлла сайн тIома,
Дерриге дуьне а хетара хьоме…
ЦIа кхаьчча, массо ву кхоьлина, ирахь.
Ойлано са бIарзди: «Кхаьчна те чIирхой,
Цхьа бохам бина те доьзална, дена?
Вешина цхьаъ хилла? И ма ву генахь?..».
Х ь а м и д.
И хIун чIир? Ца хезна ахь иза юьйцуш?
I а д н а н.

Хетара гIоле и цхьаьнгга ца дийцар…
Ца дийца йиш яц-кха сан кхузахь, хIинца.
Цкъа мацах цхьа адмаш даьхкина хилла
Тхан деден вешин дин, хьовзийна хIилла,
Лачкъабан… буьйса чIагIъеллачу хенахь.
Хезначу гIовгIано самах я гIенах
Говран да ваьккхина, сагатдеш, ара,
Къу хилахь, ца вухуш, шаьлтанца вара.
Къуй хьаьвдда сихонца кIелхьара бовла,
ХIусамда уьш лаца дIахьаьдда говрахь.
Царах цхьаъ, галваьлла, вахана бердах…
И валар бахьанехь, чIир еъна керта.
Бехк боцчу хIусамден лурвола дезна,
Iаннашца са идош чIирхойх и лелла,
Ткъа леш ша, шен дакъа тхан дега делла.
Х ь а м и д.
Соьга ца хоуьйтуш, гIайгIа ловш айхьа,
Хьо муха Iийра ткъа, сох йина къайле…
I а д н а н.
Суна ца лаьара хьуна а бала
Цу чIирах хилийта… СапаргIат дала
Цхьаьннан ца туьгура цу дийнахь дуьйна.
(ХIусамнене).
Кхоьлира ахь суна къагийна дуьне.
Ас хийла лардира буьйса-де, хьаьгна
Тхаьш паргIат дитарах, да вуьтуш маьрша.
Ткъа и-м ца хилира…
Х ь а м и д.
Ткъа хIунда? Наха
Дийхирий шун дена паргIата дахар?
I а д н а н.
Дийхира. Ткъа и стаг-м хиллера экха.
Нах шена хьалхахьа цу стага текха
Битнера, дош ца луш, цаьрга вуон лийна.
(ХIусамнене).
Со хьох дIакъаьстина вахначу дийнахь-м,

Кхоьлина дагарна тхан цIийнан чиркхаш,
Бехке ца хиллера ас буьйцу чIирхой…
«Сибреха ирс лаха вахна сан ваша
Летта бах пхеаннах, урс долуш накъост», –
И хаам кхаьчнера, ненан дог дашош:
«Набахтехь ву боху, яларг шен нана».
Цу дийннехь вешина со вели орцах,
Кеманахь, гIайгIано сайн кийра морцуш.
ДIакхаьчча, кIелхьара и вакха гIерташ,
Лийли со, ца ларош сихха цIа верза.
Цу хенахь чIирхочо тхан ирсан шовда
Дуькъьнера, сан дена ца воьрзу чов еш.
Х ь а м и д.
Цуьнгара дийхирий жоп, дарна зулам?
I а д н а н.
Цул тIаьхьа хилира тхан некъийн гулам.
Сацийра сихонца цунах чIир эца…
Сан дада! Диканиг, воииг ас деца
Гуттар а доькъура… Сатуьйсуш ирсе,
Лууш сан дахар ган, йоцуш цхьа ирхо,
Вехи и, латтадеш суна мел оьшург…
Цу тIамехь, Iожалло адамаш хьоьшуш,
Ахдуьне вукхунах леттачу тIамехь,
Масех чов хилла и веънера… Амма
Цу чевнел, бехк боцу чIир яра дерах…
СоцунгIа.
Стаг муха дIавулу ша адам диэрах?!
Адам – и дуьне ду, цхьа дуьне дийнна,
Шен дитташ, зезагаш, стигланаш сийна,
Хазхетарш, баланаш, лазамаш болуш.
И даха, ирс довза дуьнен тIе долу…
Стаг вуьйчо, дерриге дуьне а дуьйр ду!
Сох теша, дац иза, адамаш, туьйра.
Ю н а д и.
Ахь говза, хьекъале, чолхе а дуьйцу,
ХIорамма изза дахь, тоьар яц буьйса.

Х ь а м и д (и юкъах а воккхуш).
ТIаккха хIун хилира шун оцу девнах?
Ю н а д и.
ГIур вара, шу и къастийна девллехь…
I а д н а н (и тергал а ца веш).
Стаг вийна далале ялх бутт, ши кIирий,
Кхелхина хиллера цхьанхьа-м тхан чIирхо.
Цул тIаьхьа, тхаьш цIехьа дирзича гIала,
Езна ерг лаха со велира ара.
Х I у с а м н а н а.
Ткъа хьанна хаьара…
I а д н а н.
Хьо яц ас бехке.
Цу дийнахь, дара и юха а аьхка –
Аса са туьйсура, дуьххьара санна,
Хьо дуьхьал кхетаре урамехь сайна.
Амма сан сатийсам хилира эрна,
Вай лелла урам ахь хиллера тесна…
Хьо евзаш хиллачо дийци соь бакъдерг,
Ткъа мила хилла ахь ирсе ван хьакъверг,
Дуьненан хазалла, дахарехь аьтто,
Хьайн безам, дог ахьа делларг? – И хаттар
ГIоьртира со къасто…
Ю н а д и (чIоггIа, и юкъах а воккхуш).
Бохар а шун безам
Дика дац. Делахь а и лан ца дезнарг
Мила ву дахарехь, алийша соьга?
Хетарехь, вайх массо безамах хьоьгу.
Да вер хьан – и доккха, ду ирча зулам.
Хилла-кха, хIун дийр ду, и ирча гIуллакх…
Делахь а цхьаъ ду со кхузахь ца кхеташ:
ХIун ду те и дийцар сов оьшуш хетар
Кху меттехь, кху дорцехь, кху лам чохь тховса.
I а д н а н.
Оьшу и, оьшуш ду и шуна довзар…
И лаьттарг,

(ХIусамдена тIе пIелг хьажош.) со шеха хьегначун майра,
И ву сан чIирхочун кIентан кIант!
Х ь а м и д, Ю н а д и.
Муха?..
Х I у с а м н а н а.
И бакъдац! И бакъдац! Ма аьллахь юха!
I а д н а н.
И бакъду. Хьан деден цIе ма ю Овта.
Цо вийра маьрша стаг, хийла дог Iовжош,
Ахь тховса хестийнчу, йийцинчу сийлахь
Шаьлтанца, и юьлуш маьршачу цIийца!..
ХIусамда Iадийча санна лаьтта, ХIусамнана йоьлхушю.
Ю н а д и.
Ткъа оьшуш дарий те тхо кхуза дало?
I а д н а н.
Ткъа оьшуш дарий те шу кхуза дало?..
Со хIунда веара, шу далош, кхуза?
ЧIир эца? Я цуьнан текха тIехь вуза?
Ткъа хьанна хаьара, вай хьаьнга дуьссу,
Собар дан чекхъяллалц дарц долу буьйса?..
СоцунгIа.
Адамаш, адаман дог ду-кха жима.
Экама ду иза чIогIа, лайн чиммал,
Цу дагна дахаран йозалла, бала,
Кхин накъост воцуш, лан ду чIогIа хала…
Адамна дуьненчохь боккъал а ваха,
Шен стоьмаш кхиабан, латтанаш аха
Атта дац. Адамна гIо оьшу гуттар,
Дахарехь цо Ирсан шен гIала юттуш.
СоцунгIа.
Ткъа тховса, хIусамда, доттагIий хьоме,
Тешамах, лаьттах а, баш лекхчу ломах
Дуй буу ас шуна, сий дойуш хьешан,
Соьра сакхт ца даьлла, гIиллакх ца эшна.
Ю н а д и (хIусамдега).
Бакъдуй и цо дуьйцург?.. Хьо хIунда лаьтта?

ХIокхуьнан къамелах ахь дош ца аьлла.
Х I у с а м д а.
Тховса кху хIусамехь хиллачун мах ас
Хадийна, кхин къамел ас цунах дахдац.
Бакъду цо хIоккхузахь дийцинарг тховса.
Бакъду и. Сан деден цIе а ю Овта…
Цо цуьнан да вер а ду бакъдерг цIена…
Сан деда цкъа бIаьсте йолучу хенахь
Ломах чуйогIучу хьаьттано ваьхьна,
Докъаза вайна… И муха ваьхна:
Нийса, харц – сан бакъо яц къасто, дийца.
Ткъа ахьа хьайн чIир дIа соьгара иэца…
ГIода юккъера шаьлта, схьа а йостий, юьстах юьллу.
I а д н а н.
ЧIир эца… Со хIунда веара кхуза?
ЧIир эца? Я кхуьнан текха тIехь вуза?
Я хилла сайн безам цкъа карлабаккха?
Я, хьешан сий дойуш, самукъадаккха?
Со хIунда веара?.. И ду-кха хаттар.
Хаац-кха… Дац цунна жоп карон атта.
Дорцехь къайлаволу. Массо а цхьана ханна вист ца хуьлушлаьтта.
Х I у с а м д а.
Сан хьеший, хIар буьйса вайн йоьхна ели…
Ю н а д и.
Ели те, тхо хIинца девр ду дIа новкъа.
Х ь а м и д.
Цхьадика, дарц сецна, бутт гучубели, –
Некъ гур бу чIожара аренга довла.
Х I у с а м д а.
Цкъа собар… Шу теш а долуш, и лаьттарг
Ас сайна хьарам йо, нахана – хьанал.
Х ь а м и д.
Сихвала оьший те…
Х I у с а м д а.
И чекх ма даьлла.
(Юнадига).

Хьайн тарлахь, сан дехар кхочушдан хьажа:
Шайн ден цIа и лаьттарг дIакхето еза.
Ю н а д и.
Дика ду… Ахь бохург дан ву со реза.
Х I у с а м д а.
Ткъа хIинца… Ткъех минот некъ бича гIаш аш,
ДIакхочур ду-кха дIо йолчу кхин кIотар.
Гой шуна и серло, и лепа стогар
Сан хьешан корехь бу – вижаза Iаш ву.
Шу цига дIакхето со волу новкъа,
ХIинцца ас схьа арайоху шун говраш.
Некъана кечам бина бевлча, массо а дIавоьду. Дарц дIатийча, хIоьттинчутийналлехь хеза жIаьлинцхьалха летар.

К и р х ь а.

1977 шо.

# МАРЧО ЭЦА ВАХНАРГ

**Марчо эца вахнарг**[6]

Шина декъехь исс суьртехь трагикомеди

Д а к ъ а л о ц у р ш :

Б а р з а

К у р п а т у – ц у ь н а н з у д а

Б и к а т у – ц е р а н й о I

Ц I о к ъ б о л а т – ц е р а н к I а н т

З а б у р х а н –

«Н а н а - б е р з а л о й» т о б а н а н х ь а ь к и м

Х а м ч и – п о э т

В о к к х а с т а г

Ж и м а с т а г

Э ш а р х о

Р е в о л ю ц и о н е р

С е т т и н а з у д а

М и т и н г д I а х ь о ш в е р г

С а г I а д о ь х у р г

1 З ам о

2 З а м о

3 З а м о

«Нана-берзалой» тобанан декъашхой, нах.

Хилам дIабоьдуXX бIешеран 1991-1992 шерашкахь

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

**I сурт**

Чохь. Телевизор ю латийна. Дивана тIехь агIор а ваьлла, телевизоре хьоьжуш, вижна Iуьллу Барза. Хеза

Курпатун аз.

К у р п а т у н а з. ХIай стаг, хIай! Вала лелий!

Б а р з а. Кхин цIе яьлла меттиг-м яц, со сел сиха хьала ца иккхича?

К у р п а т у. Ю. Кхин хIун цIе ялийта воллу хьо. ЦIе яьлла, Къуръанор, ду хIара хьан дерриге а цIа.

Б а р з а. Ю, хьо кху керта еъчхьана.

К у р п а т у. Яло езаш ца хиллера-кх…

Б а р з а. Хьанна хаьара…
К у р п а т у. ХIун ца хаьара? ХIун хаьара?
Б а р з а. Мерах цIераш туьйсу саьрмик хьо буйла ца хаьар-кха.
К у р п а т у. Ца хаьара?
Б а р з а. Саьрмик хилахь а, неханаш санна хир бу бохуш, дегайовхо яра-кх. Амма мерах цIераш туьйсу саьрмик бу аьлла, гIенахьчул башха, дагадеъна вацара.
К у р п а т у. ХIинца хиъний хьуна?
Б а р з а. ХIинца-м хьаха хии…
К у р п а т у. Хиънехь, хьалагIатта. ГIалитIа гIо.
Б а р з а. ГIалитIа муха воьду со. Латински Америке а кхаьчна Iаш хилча… Ва-хьа-хьа!.. Амазонкера джунглеш ю хьуна гойтуш… Индейцаш бу хьуна… Вахь-хьа-хьа…
Цхьанна а тIехь хIума а яц – зударшна а, божаршна а…
Берззина цIена…Нанас дена ма барра…Иза ю хьуна коммунизм… Со цигахь велахьара…
К у р п а т у. «Со цигахь велахьара!»…ХIун дан воллура хьо, цигахь хилча?
Б а р з а. Дера воллура тIом бан… Зударшца…
К у р п а т у. Ватта, ватта… Хьан тIом а, Къуръанор, бу хьуна цаьрца бан!
Б а р з а. Иза-м суна сайна хаьа хьуна…Хьуна а хаьа…
К у р п а т у. ХьалагIатта! ХьалагIатта! Ву-у-у…
Йоьлхукеп хIиттайо.
Б а р з а. ДIасацае и сирена, лулахой кхардабо ахь!
К у р п а т у. Къуръанор, ца кхардабо, ахь кхардабо-кх…
Б а р з а. ХIун ю ахь юьйцург? Ас муха кхардабо нах?
К у р п а т у. Ваха ца хууш, кхардабо-кх.
Б а р з а. Муха ваха ца хууш? Божал дуьззина бежнаш хьенан ду? Жоьла буьззина жа хьенан ду? ТIанкьаьлла, эккхаш йоллу котамех бун. Дуо буьззина хьаьжкIаш ю.
К у р п а т у. Вай, вай, и йоцуш мила ву? Хьо мила цецваккха воллу? Мичахь ю «Вольво», «Ниссан», «Патрол», «Мерседес», «Тойота», уггаре а гIаддайна «Форд» я
«ГАЗ-24»? Юй уьш цхьа а кху кертахь?
Б а р з а. Ю!

К у р п а т у. ХIун ю?
Б а р з а. «Беларусь» трактор! Гота аха! Йол цIаян.
К у р п а т у. Вай, сан дог! Вай, сан дог!
Дог а лоций, охьайоьду. Барза вухий хьаьвза, цо лелориг бакъду я сурт ду ца хууш. ХIетте а и дIа ца хоуьйтуш, хиъна Iа иза.
Б а р з а. ЭхI, эхI! Яла ца ле техьа?
К у р п а т у. ХIаъ, хIаъ, со леш ю… Леш яц, со юьйш ю… Ахь юьйш… Хьан къа ца хетаро.
Б а р з а. Собарде цкъа… Иштта леш ма ца хуьлу…
Весет мукъана язде.
К у р п а т у. Весет ду-кх сан, хьо сайн тезета ма вита аьлла…
Б а р з а. Иза кхочушдан-м хала дац хьуна. Хьо бакъдуьненчу дIаяхна, сайна халахетта моттуьйтуш, кхаа дийнахь арахь лаьттачул, сайн чохь вижна Iуьллур вай со, телевизоре а хьоьжуш.
К у р п а т у. Вай-вай… леш ю… сан дог… юьйш ю.
Б а р з а. Собарде цкъа, еса ца доьшуш муха лийр ю.
ЦIокъболат!
Ц I о к ъ б о л а т (водий, схьа а кхочуш).
ХIун боху, дада?
Б а р з а. Вало, молле схьакхайкха, хIара зуда яла йоллуш ю, еса деша.
Ц I о къ б о л а т. Муха яла йоллуш…
(Велхаран мохь болуш).
Нана-а, ва-а нана.
К у р п а т у. Ма е гIовгIа!.. Кху хьан дена мел чIогIа лаахь а, со иштта атта лийр яц хьуна.
Б а р з а. Цунах гIуллакх хир дац. Цкъа яла йолаеллий, дIа чекхъяла…
К у р п а т у. Халахета хьуна со ца елла?
Б а р з а. Хала муха ца хета?.. Хьо кхин цкъа а лахь, сан дог эккхар ма ду. ХIинца а хала саций ас хIара, эккха ца оьккхуьйтуш. Хьо лахь, цкъа лей дIаяла.
К у р п а т у. Хьуна яла лаьий хиъча, лийр яцара со.
(КIанте).
Цоки, дIадийца хьайн дега! ДIадийца. Хьайна хIун еза.
Ц I о къ б о л а т. «Вольво», «БМВ», кожанка, дубленка, музцентр…
Б а р з а. ХIун? ХIу-ун?
Ц I о къ б о л а т. Музыкальный центр… Жвачкаш…

Кроссовкаш… «Адидас»… Куьзганаш… «Наполеон».
Б а р з а. И хIун ю цо юьйцург… Наполеон велла хIун хан ю?!
Ц I о къ б о л а т. Коньякан цIе ю иза.
Б а р з а. ХIу-ун! Къаьркъа мала дагахь а ву хьо? Тьпу!
Делан неIалт хуьлда хьуна!..
Тоха хIума лоьху, эххар а, карайой, мача ластайо. КIант араэккха, мача неIарх кхета.
Ц I о к ъ б о л а т (неIарехь гучу а волуш).
Суна а ца лаьа нахал оьшуш хила. Со саннарш, «Вольвош» хоьхкуш, лелаш бу… Сан хIумма а яц.
Б а р з а. ТIеюха яц хьан, яа яц хьан?
Ц I о къ б о л а т. ХIун ю сан тIеюха? Советски коч, армянски мачаш…
Б а р з а. Со хьан хенахь оццул а йоцуш лелла хьуна… когаш а берзина. Шахте балха а оьхуш.
Ц I о къ б о л а т. Шун хан – и шун хан ю. И дIаяьлла…
Кхин тхан бехк-м бац, шу выселить дарх? Я шуна халахета оха, шаьш санна, хало, мацалла ца хьоьгу аьлла?
Б а р з а. Хьажахьа, цунна Iемина шайтIанан мотт!
Хьажахьа, цо юьйцург, кога а вахале, ва мераIуьрг! Шуьга и хало ца хьегийта гIерташ ца воллу со, вала хIоьттина къахьоьгуш!
Ц I о к ъ б о л а т. Къахьоьгуш… Хьо кхузахь уьстагIашна тIаьхьа лелархь, хIумма а хир дац…
Б а р з а. Ма Iа ца гина шуна, бераш! Ма бакъдац шуна моьттурш!
Хама бе шайгарчу паргIатонан. Баа кIайчу деман хьоккхам бу, тIе мала шекаран чай а ду! Кхин хIун оьшу Далла хастам бечу стагана?!
Ц I о к ъ б о л а т. Дада, иза кхин нахана хьалха ма аьллахь. Нах боьлур бу хьох.
Б а р з а. Со-м, нах а ца белош, кху хене схьаваьлла.
Аш ма белабе нах! Ас, хIумма а ца оьшуьйтуш, кху хене даьхна шу! ХIинца аш даккха ахча.
Ц I о к ъ б о л а т. Хьажал, хIинца иштта дуьйцу! Аш со дIа-м ца вохуьйту ахча даккха! Вахийтирий аш со Москох кидать дан? «Ишкол чекхъяккхий вала!». Ас хIун до оцу ишколах, ахча ца хилча. ХIинца и кидалаш бизнесменаш бу хьуна!
Б а р з а. И хIун ю цо юьйцурш! Хьо сан кIант а волуш-м гIур вац, жоьлгалла лелон!

Ц I о к ъ б о л а т. Делахь сох колхозник хир вац хьуна!
ХIара уьстагIий дажош со Iийр вац хьуна. Суна ахча деза!
Суна Париже, Нью-Йорке, Ботсване ваха лаьа! Суна вертолет эца лаьа!
Б а р з а. Колхозник хилар эхь ду! Хьанал болх бар эхь ду?! Маца дуьйна ду шен уьстагIий дажор эхь? Хьан аьлла и, мичахь яздина ду?
Хьан магийна къола дар, машенаш идор, аьшпаш биттар?!
Ц I о к ъ б о л а т. ДIавалахьа, дада, и нахана дош ца хетарш а ца дуьйцуш!
Б а р з а. Тьпу, Делан неIалт хила хьуна, ахь буьйцучу нахана а! Эхь дацара хьуна, стаг хилча, кху ненах схьаваьлла ма вара хьо.
К у р п а т у. ХIун дара хьан суна ала?! Со-м, хьоьга еъна бохуш, хIинца а мегарг цIа юьтуш а яц.
Б а р з а. ВаллахI, юьтур яра, хьо лартIехь елахьара-м!
К у р п а т у. Ва-а Бикату! Бикату!
Бикату гучуйолу.
Схьадиййцал, хьайна хIун еза. ХIокху хьайн дена а хозуьйтуш.
Б и к а т у. Торт, пирожни, морожни, шоколад…
К у р п а т у. Хьо мацалла ялариг! Яа хIумнаш ца юьйцу ас. ТIеюху, лергех ухку, кога юху.
Б и к а т у. А-а…Бриллианташ, изумруд, жемчуг, «Ангорка», Iаьржа колготкаш, лакови туфлеш, пропитка, пеньюаре…
Б а р з а. И хIун аре ю ахь юьйцург?..
Б и к а т у. ДIаюьжуш тIеюху, коч… Коча уллу веревка…
Б а р з а. Муш буьйций ахь… Хьайна кало олла.
Б и к а т у. Кало?.. Мода-м ца яьлла… И хIун ю…
Импортни юй?..
Б а р з а. Ю. Суьйлийн махкара еъна кало… Буткъа бохь болуш, хьуна коча олла, бIаьрг ца хилийта.
Б и к а т у. Стенна?
К у р п а т у. ДIаяла дIа, Iовдал, хьуо Iеха а ца йойтуш, хьох воьлуш ву хьуна иза.
Б и к а т у (елха йолалуш).
Ва-а, суна шортта хIумнаш еза!
Б а р з а. Тьпу, Делан неIалт шайтIанна! Дукха тера йоцуш юй шен ненах?! ДIаяла суна гучура.
Тоха хIума лоьху, Бикату араоьккху.

К у р п а т у. ХІаъ, хІаъ… Хьо иштта оьгІазъихча, талур ду хьуна гІуллакх.
Б а р з а. Вай, хІун де боху ахь соьга, зуда? Ас муха оьцурюшуна фордаш, ниссанаш, патролаш, виран голаш?..
Веревка-м оьцур яра ас, хьо ирхъоллалур юй хиъча.
К у р п а т у. Са а ма тийса ахь цуьнга. Селхана кечъелла а ма яра Делан эхарта дІаерза, сайн мІара-хІума а хадийна, хьоьца хІара бала ца ловш, ялар гІоле ду-кха аьлла… Амма тахана, хьуна и лаьийла хиъча, ойла хийцаелла-кх.
Б а р з а. Хьуо яла а ца леш, со вен гІерташ ю хьо, дог этІош?
К у р п а т у. Яц, мелхо хьо ваха хао гІерташ ю.
Б а р з а. Ашюьйцу хІумнаш эца ахча дац сан, я хир ду ала меттиг а бац, со велча а.
К у р п а т у. Хьан доцийла хаьа суна… Долуш меттиг ю хьуна.
Б а р з а. Мичахь ю иза?
К у р п а т у. Банкехь.
Б а р з а. Банкехь лардеш ма ду иза, шортта милцой а болуш. Я со банк ядон Хорачойн Зеламха а вац.
К у р п а т у. Э-э, ма тІаьхьависна хьо заманал. Хьоьга банк ядало? Ваха а гІой, схьаэца, кооператив еш ву, ссуда ло алий.
Б а р з а. ХІун капратив? ХІун еш?
К у р п а т у. Кооператив «Полоска».
Б а р з а. ХІун «Полоска»? Зударша коьрта тохку полоскаш юьйций ахь? Цул а йовлакхаш…
К у р п а т у. Уьш ца юьйцу. Хьажошна куйнаш тІе йоьхкуш йолу полоскашюьйцу.
Б а р з а. ДІаоьцур юй теша?
К у р п а т у. Оьцур ю дера. Ца гина хьуна и баккхий нах. Цхьаволчо, цхьаъ йихкина ца Іаш, шишша а, кхоккха а йоьхку уьш.
Б а р з а. Йоьхку, делахь а массара а ма ца йоьхку.
К у р п а т у. Ватта, стаг, хьо нахана юккъехь лелла а вуй? Ахь, хьажошна полоскаш ян воллу аьлла, ссуда схьаэцарх, хьайна луъург дан йиш ма ю хьан. Хьуьлла вайн лулахо ца го хьуна, «Суьлхьа» аьлла кооператив схьа а йиллина, къаьркъа духхуш ву…
Б а р з а. ХІа-а, и ду иза. Делахь гІур ву-кх со гІалитІа.

Хьаькххина банке а вахна, цхьа шовзткъе итт бIе туьма ссуда доьхур ду-кх.
К у р п а т у. ХIу-ун? И хIун ахча ду? Мел лахара а – ши миллион…
Б а р з а. Ва-а, зуда, со Iедале хIаллакваийта гIерта-кх хьо. Ас дIа муха лур ду иза?
Ц I о къ б о л а т. Дада, дада! Духадаларан ойла ма ехьа! Цунна цхьаъ дийр ду вай. Схьаэцахьа! ДIо
МартантIерчу Жамбулата ши миллиард эцна хьуна, воздух качать а дина.
Б а р з а. Оццул воздух качать дича, эккха ца эккхаш ма дика висна иза.
Б и к а т у. Вайн эвларчу Iаламбека а, Тюмене къаьркъа а даьхьна, пятьсот тысяч, хIан-хIа, пятьсот миллион даькххина. ГIалахь иттанхьа цIенош эцна.
Ц I о къ б о л а т. И хIунда дуьйцу… Вайн кху юьртара
Теркайисте дIабахначу КанташгIеран кIанта а ялийна шиъ шевролет, йиъ мерседес, ворхI «сааб», бархI дубленка, миллион «мальборо»…
К у р п а т у. Цара хIун дина-м ца хаьа суна. Вайн луларчу юьртахь йисна Iачу Изаурас а, цуьнан йоIа Марисабела а, Турце оьхуш, мел бо пайда-м тоьур ду.
Ц I о к ъ б о л а т. И стенна дуьйцу, Даьгначу-дукъара
Салмудди, Австрали а вахна, жижиг дахьаш веъна…
Б и к а т у. И стенна вуьйцу… КIотарара Индира Ганди, ЮАР-е а яхна, алмазаш дахьаш еъна…
Б а р з а. Ма е гIовгIа… ДIадовла суна юххера! Корта хьовзийна аш сан!
Ши бер, Додий, дехьачу долу.
К у р п а т у. ОьгIаз ма эха… Новкъа волуш дика дац оьгIазъэхар.
Б а р з а. Ва зуда, новкъа а ца волуш, цIахь Iен ца мега со…
К у р п а т у. Цкъа вай дийцинарг, уьттазза юха ма дийцийтахьа…Вала кечлой.
Б а р з а. Ва зуда, со чу а воллийтина, паргIатъяла йоллу-кх хьо…
ЦIахь витахьа со!
К у р п а т у. ХIан-хIа, цунах гIуллакх хир дац.
Б а р з а. Схьа-м оьцур дара иза, дIа муха лур ду ткъа?
К у р п а т у. Наха санна. Хьан лулахочо Пинтасолтас кхо миллион эцна… И юха дIадала деза хан тIекхачале, хIара Российски импери

йоха мегаш ю.
Б а р з а. Импери хIун ю? И йоьхча, сан хIун хьалхадолу? ДIо Чернобылера электростанци а юьйхира, цунах зен делира.
К у р п а т у. Ва-хьа-хьа, импери хIун ю а ца хаьа хьуна? Со хьаьнга еъна маре? ХIара ду-кх, кIотарахь кIира даьккхича, шарахь Iовдал лела бохург. Ас юьйцург хIара пачхьалкх ю, юхуш лаьтташ йолу…
Б а р з а. И йоьхча дика ду?
К у р п а т у. Ду дера. Пачхьалкх ца хилча, ахча духадала а ма ца оьшу.
Б а р з а. ХIа-а, валлахI, ду хьо зуда цхьа шайтIа. ХIун дагадеъна, хьажахьа ткъа?
К у р п а т у. Хьо цец а ма вийла, и нахана дагадеъна дукха хан ю хьуна. Цундела ма бу уьш иштта чуьрабевлла хьийзаш, ссуданаш, кредиташ ийдеш.
Б а р з а. Церан шайн цхьа некъ ма бу, бевзаш нах а.
Некъана кечам бан волало.
К у р п а т у. Вайн а бу-кх бевзаш нах. ГIалитIахь уггар йоккхачу банкехь болх беш ю хьуна БухIан-юьртара сан шича Жовратбика. Цунна тIе гIо. Хьуо вовзийта. Бехк баккха. ХIокху ерриге Нохчийчуьрчу нахана шаьш ахча дIадоькъуш, тхо а дагадахка дезара ала.
Б а р з а. ХIан, дика ду, дIасацаел хьайн лекци. Ахь мича ваха веза схьааьлчхьана, хIун ала деза суна сайна а хаьа хьуна.
Аравала дIаволало, юха соцу. ЦIокъболат, Бикату, додий, схьакхочу.
Ц I о к ъ б о л а т. Сеца ма сецахьа, дада!
Б и к а т у. ДIагIохьа! Суна дубленка, кожанка, пропитка, каракулеви шуба…
Ц I о к ъ б о л а т. Суна «Патрол-ниссан», «Вольво», «Сони», «Адидас», «Сникерс», «Шиваки», «Менатеп»…
Б и к а т у. ГIохьа, дада! Суна веревка, бриллиантови браслет…
Ц I о к ъ б о л а т. Сихха гIохьа, дада! Суна «РоллсРойс», Париж, Лондон, «Бостон-брюинз», «Марс»…
Б а р з а. Воьдуш ву! Воьдуш ву! ДIадала суна юххера, ши шайтIа! ДIаволало.
К у р п а т у. Некъ дика хуьлда хьан! Ахча доцуш цIа ма воьллахь.
Б а р з а. Дика ду, цигахь Iийр ву со.
Додий, схьакхочу ЦIокъболат, Бикату.

Ц I о къ б о л а т. Суна цхьа патрол мукъана а ялаелахь.
Б и к а т у. Дада, суна ангорка, пропитка, пеньюаре…
Б а р з а. Дика ду, дика ду. Арахь охьаэгна караяхь, йохьур ю. (Курпатуга).
Хьажахьа, зуда, цу шина берах ахь динарг? Ши шо дац-кха оцу кIанта соьга, «Дада, кампеташ эца» баьхна, кхо шо а дац оцу йоIа соьга, «Папа, пешени ялахь» баьхна. Хьажал, ахь царна хIинца марздинарг. Ахь гал ма даьккхина и шиъ. Со кхин Орцин Тапа-х ваций, оццул хIумнаш эца. ОстопируллахI, сайна ма луъу ваха а, вала а вуьтур вац-кха со хIокху зудчо.
ДIа а волалой, зала чу бIаьрг бетташ, соцу.
Ца езаш-м ца юьту ас хьо, дай баьхна юрт. Ца ваьлла юьту-кх. Со маца воьрзур ву юха хьо йолчу, хIай яхь йолу кIентий шортта бевлла, има-беркат дукхе-дукха лаьттина, хIай нана-ГIачIарме. ХIай оьздачу мехкарша сий дина, хьешийн са цIена гиланаш хьайн кетIахь тирсина, нохчийн ширачарах юрт. Таймин Биболат а, Хорачойн Зеламха а, со – Барзанакъин Барза а, синпаргIато кхузахь хеташ, сецна, хIай иллеша хестийна ГIачIарме. Iодика йойла. Маржа-яI, цкъа а ара ца волуш, кхузахь ваха. Маржа-яI! Ца вуьту-кх, ца вуьту-кх оцу лаьхьано. ДIавоьду.

**II сурт**

Хьалхалерра чоь. Тийна хиъна Iа Курпату. Ши бутт бу гIала вахна Барза гучувалаза. Цкъа-шозза иза лаха
Курпатуша а яхна гIала. Ца карийна. Бикату а ю куьзгана хьоьжуш.
К у р п а т у. ОхI-хIай, мича вахна техьа иза? Мича вахна техьа?
Докъах мах боьхучу
Хийрачу цу арахь
Акхарошна яжа йиси техьа
Турпала хьан голаш?
Iаьржачу къийгашна
Мийла биси те
Хьан сирла бIаьргаш?
Ву-у-хIу-у-хIу.
Б и к а т у. ЦIахь вита везаш хиллера.
К у р п а т у. Ас, и ченала тоьхна хи санна, ван аьлла ма ца вахийтинера. Банкера ахча а дахьаш, цIа вола аьлла вахийтинера…

Велла а, дийна а, схьакарийна велара иза.
Вуьшта, соьгара хьал цхьанна а ма ца хаьа.
Б и к а т у. Велла а? Дада-м ма валийта. Маре яха йоллу хир яра хьо… банкире… тхойшиъ а дитина.
К у р п а т у. НаьIалт цу хьан маттана…Суна гIенахчул дагахь а доцург ду-кх ахь дуьйцург.
Б и к а т у. Ца хаьа. Хьуьлла БазантагIеран Баната, шен майра Германе балха вахна цIа вале, пхи бер а дитина, бархI берана тIе маре яхна… Банкир ву аьлла.
К у р п а т у. ХIунда хьехайо ахь соьга Базант… Баната… ТIулгболатан йоI Курпату ю со… Сан дай элий хилла. Хьан ден-м боккха аьтту хилла хьуна, со шега маре яр бахьанехь.
К у р п а т у. И бохуш, тхан дада кхин хьийза ма велахь.
К у р п а т у. Ас хьийзош ву иза? Мила яра, со яьлча а, йоьлча а ца юьтуш, суна пропитка еза, ангорка еза, хьайн ден букъ а, ненан голаш а еза баьхнарг? Мила яра, хIан?
Б и к а т у. Бехира… Сайн да оцу акхачу гIалитIа а вахийтий, вайа-м ца бехира.
К у р п а т у. ОстопируллахI! Везандела, ма эхь доцуш чкъор ду-кх хIара тIекхуьург. Шайна луъург дуьйцу-кх кхара.
(ЙоIе).
Со хьан хенахь, сайн дений-нанний дуьхьал йистхилар стенна дуьйцу, гома хьаьжна а яц хьуна… временни ю…
К у р п а т у. Хьо шайтIа ду бохург дуй хьан иза? Оцу телевизорчухула гойтуш дерш санна.
Б и к а т у. ДIаялахьа, мама, ма хьийзаехьа со! Хьо тIаьхьайисна, хьо жима йолуш хилларш дIадевлла!
К у р п а т у. Хаьа суна, дIадевллий! ХIетахьлера къонахий, хIетахьлера мехкарий шуна юккъехь хир а бац. Ма бара уьш! Къонахий, пайдабоцу хIумнаш доцуш, гIарчIъаьлла кIентий. Хьуна тIедуьйхина деза духар, я юьхьа тIе хьекхна басарш хиларх цецбевр болуш бацара, хIинцалернаш санна. Дера, тIеюхушши-кхо коч бен йоццушехь (басар-м ас цкъа а хьаькхна а дац), пхиъ ярташкарий, шиъ гIаларий, долахь шиннан а машенаш а яра: цхьаьннан – «Победа», вукхуьнан – «Москвич-412», – хIаъ, дера вара ворхI кIант-м суна тIехьийзаш. Хьан дега йогIуш а ма ца еара кхин кечъелла.

Б и к а т у. Ой, мама, ма дийцахьа! Шу цIера а даьхна, шайн мац а делла, яа хIума хилчхьана мегаш хилла. Уьш дIа ма девлла. Суна-м дош ца хета комфорт йоцу жизнь…
К у р п а т у. Компот. ХIу-ун компот?
Б и к а т у. Ва, мама, ма Iовдал ю хьо. Компот яц иза, комфорт ю. Делккъалц йижна а Iуьллуш, хIорда йистерчу вилли чохь, хьалагIеттина, хIорда чохь лийча а луьйчуш, тIаккха бананаш а юуш, кофе а муьйлуш, тIаккха гуляйт а деш…
К у р п а т у. НаьIалт цу хьан маттана!
Б и к а т у. Хьоьгара кхаьчна-кх суна хIара.
К у р п а т у. Кхаьчнехь, хьаха бу ас оззийна схьабоккхур.
Цунна тоха нуй а оьций, тIаьхьайолу. Бикату араяла дIахьоду. Эццахь ЦIокъболат, чоьхьа а волий, соцу.
ЦIокъболат гIала вахна вара, шен да лаха…Дикка тийналла лаьтта.
К у р п а т у. Вала вистхилий! ХIун хии хьуна?
Ц I о къ б о л а т. ХIумма а ца хии.
К у р п а т у. Массанхьа а хьаьжирий хьо?
Ц I о къ б о л а т. Хьаьжира. Массанхьа а.
К у р п а т у. БухIан-юьртарчу Iома йисте хьаьжирий хьо? Цига лийча воьдур-кха иза.
Ц I о къ б о л а т. Цига а хьаьжира.
К у р п а т у. Цу чу-м ца вахна техьа?
Ц I о къ б о л а т. Ца хаьа. Iома буха-м ца хьаьжира со.
Хьажа лиъНехь а, хьажа а лур вацара…Водолазийн хорма ца хилча… Ахь эцнехьара.
К у р п а т у. Ас хIун делла оьцур ю хьуна?.. Соьлжан тIай кIел хьаьжирий хьо? Цига воьдур-кха иза наггахь, шен дай гIуллакх хилча.
Ц I о къ б о л а т. Цига а хьаьжира. Ва-а массанхьа а хьаьжира… Ма хьийзавехьа со. Ва вац цхьанххьа а. Велахь а, карор вац цу гIалахь-м.
К у р п а т у. ХIунда боху ахь?
Ц I о къ б о л а т. Дукха нах бу цигахь.
К у р п а т у. КIезиг маца бара уьш цигахь?
Ц I о къ б о л а т. ХIинца кхин а дукха бу. Ярташкахь мел верг а схьавеъна, тоьпаш коча а оьхкина лелаш бу-кх, митингаш еш.
К у р п а т у. Ватта, кхара хIун леладо?
Ц I о къ б о л а т. Революци еш ду шаьш боху.

К у р п а т у. ВаллахI бац цхьа а люций еш-м. Шайн цхьацца пайденна лелаш, и цхьацца хабарш а юьйцуш, босякаш ю-кх, деш-дуьтуш а доцуш.
Оцухенахь Бикатус телевизор латайо.
ДIатоха тарой программа.
Б и к а т у. Ва-а, мам. КIордийна-кх суна и колхозникаш.
К у р п а т у. Уьш кIордоза мила вара. Шун дех хIума ца олу техьа?
Б и к а т у. Ва-а, перви программехь впервые без купюр эротический фильм «Дикая орхидея» ма ю, с участием Жаклин Биссент…
К у р п а т у. Ма е гIовгIа. ДIатоха иза.
Б и к а т у. Если ты настоящая женщина, это фильм для тебя.
Ц I о къ б о л а т. И ма яц тховса. Тховса «Брось маму с поезда» ю-кха.
К у р п а т у. ВаллахI, шайн нана аш кхуссур-м яра хьуна, поезда тIера хьовха, кеманна тIера чу а. ДIатоха и.
Б и к а т у. ХIан, дIатуьйхи-кх хьуна. Хьажалахь хьайн колхозникашка.
Телевизорчохь гучуйолу зударийн тобанан хьаьким
Забурхан.
З а б у р х а н. …Со боьрша яцахь а, со къонах ю.
К у р п а т у. Ватта. Боьрша ца хилча, къонах муха хуьлу?..
З а б у р х а н. Иштта къонахий бу тхан «Нана-берзалой» тобанера кхиболу зударий а.
К у р п а т у. Зударий-м, Къуръанор, бацара шу, зударий белахьара, цIахь Iаш хир бар-кха… Жерой бу-кха.
З а б у р х а н. Селхана, собрани а йина, оха хаьржина зударийн кхиэл.
Оцу кхиэлехь оха сацам бина Ельцине,
Руцкойга кехат яздан. Цу тIехь оха боху: «Шуьшиъ – ва
Борис Николаевич, ва мультфильмерчу дехках тера верг
– Руцкой, шуьшиъ кхузахьа схьагIортахь, кхин шуна дуьхьал вала стаг ца хилахь, тхо а тоьар ду-кх шуна, шу кхузара тIехь хечеш а йоцуш духадахийта!».
К у р п а т у. Хьайн даьдиса хьан! Ма тIуз а бу!
З а б у р х а н. ТIамна кечам барал сов, оха ревизеш а йо. Селхана ревизи ян дахнера тхо искладе. Цигахь заведующи болх беш йолчу Марьяма, ша 20 бIе туьма лур ду шуна, парверка ма е! Дурастуйте, Марйам, ислишишь ти меня, визятка 20 тысячи мы не берем… Так что, готовься на тюрьма.

К у р п а т у. ВаллахI, берем! Хуур дар-кха, цо 100 тысяч деллехь.
З а б у р х а н. ХIинца ас, жимма са а доIуш, дош лур ду воккхачу стаге…
В о к к х а с т а г. ХIаъ, соьга схьада ахь. Ассаламу
Iалайкум ва рахьматуллахIи ва баракатухIу.
Чеченски революци победил…Кто не хочет жит с нами, езжай в Росси… У нас Шайх Мансур бил, Имам Шемил, типирь у нас десять, нет – одиннадцать таких гироев… И русский, и армян, и еври пусть живет, разришаем, лижба пирдателей не бил. А типирь несколько слов на родном материнском языке…Интеллигенци бохуш, цхьа народ юкха вайна юккъехь лелаш. Арахь мел чIогIа йовха хиларх, лаг къовлушгалстокашйихкина. ХIинццалц уьшцара стенна лелайо ца хаьара суна. Селхана хии суна, нагахь вайх,
Iаьржачу нахах леташ хилахь, вовшашна довзийта. Ткъа вай хIун дан деза аьлча, церан и галстокаш схьа а лоьцуш, оцу галстокашца церан садукъдан деза-кх! Цул тIаьхьа хуур ду хьуна царна, шаьш хIун леладо. Цара институташ чекхъяхарх, царна хууш хIумма а ма дац. Цара Iамийнарг комнистийн пилосопи ма ю. Цундела лахка, юьстах баха,
Ийдалал дехьа кхийса и бахкабелла интеллигенташ.
Декъал хуьлда вайн паччахь а, исполком ПУЖКХ а!
И дIадели. Бусалба нах! ХIокху кхаа баттахь дегIах хи кхарза, мIара яккха, юьхьа тIе урс хьакха йиш йоцуш, буьйса-де даккха а, цIа верза йиш йоцуш, вайн мискачу халкъана паргIато йоккхуш волавелла лелаш ву со. Селхана соьга хаам кхаьчна, тхан цIера ши еттий, шишинаррий, цхьа эсий, итт котаммий яйна аьлла. И даьхний бахьанехь хене болуш бара сан доьзал. ХIинца цара хIун дийр ду а ца хаьа.
Цундела, сан бусалба вежарий, сан дехар ду шуьга, и бежнаш хааделлачуьнга: шина аттах цхьаъ торгIал бу, важа – баьццара-къорза, шинарех цхьаъ – цIен, важа – Iаьржа, эса – кIайн-къорза… Котамаш ерриш а бероза ю, массо а ехкаш а йолуш. ХIаъ, и даьхний хааделлачуьнга дехар ду соьга хаам бар. Со гIалитIахь цкъа а дIайовш йоцчу цIара уллохь карор ву шуна. Айкхалла динчунна шовзткъе итт туьма ахча а лур ду-кх ас, Дала мукъалахь. Иза садоьIучу адаме багах а воккхур вац.

К у р п а т у. Кхана Іуьйранна карор хьуна. Хьайн котамаш а ларъеш, цІахь Іен везаш хиллера.
З а б у р х а н. Велин хьо аьлла? Ваьллехь, дІагІо.
Воккха стаг дІавоьду.
Нохчочун стагехь товш хІумнаш дац шуна оцу къонахчо дуьйцурш а. Доккха хІума ду кхуьнан етт-эсий, масех котаммий яйча, вай еш латтачу Сийлахь-йоккхачу революцига хьаьжча. Цхьаболчара, шайн цІера схьа а кхуьйлуш, дайа а дойуш, дІасадоькъу даьхний кхузахь гІазот дихкина латтачу нахана. Мацалла валарна кхоьруш-м вац хІара. Вай Сибрехахь мацалла а лайна, пхьажа юккъера буьртигаш а лехьош, уьш а дууш.
К у р п а т у. Уьш хьоьга хІинца а даийта дезаш даракх, кхин рицкъа хьарам а дина.
Б и к а т у. Уьш дуучух тера хьаха яц цуьнан батт.
З а б у р х а н. Делахь а шен къонахчалле хьаьжжина къамел дара цо динарг а. Амма массо а вац иштта. ХІинца шуна хьалха къамел дийр ду цхьана барзо, маІа-ламарочо. Тхан зударийн тобанна массо хІуманна тІехь а гІо до цо.
Телеэкранехь гучуволу, яьлла маж а йолуш, Барза.
Б а р з а. Ассаламу Іалайкум ва рахьматуллахІи ва баракатухІу.
Б и к а т у. ХІан, кхин цхьа колхозник схьавеа шуна.
Перви программи тІе дІатохийтахьа.
К у р п а т у. Ватта, шун да вац иза, бераш?
Ц І о къ б о л а т. Аз-м тера ду.
Б и к а т у. ХІан-хІа, иза вац, вайн дадин маж яцара.
К у р п а т у. Маж-м хІокху шина баттахь тІеяьлла хир яра цунна.
Б а р з а. Бийца гІазакхийн мотт а хаьа суна-м, делахь а ас нохчийн мотт буьйцур бу.
К у р п а т у. Схьабийца ахь. По-русски а Іемина маІаламарочунна.
Б а р з а. РаьгІнаш а, лаьмнаш а вовшах кхетачохь
Іуьллучу ГІачІармера ву со. Кху гІаларчу нехан хІуьцІапІуьцІалгаш хууш а вац. Цундела сайн дагахь дерг юьхьдуьххьал дІаэр ду ас. Суна маршо а еза, «ДТ-75» трактор а еза. Маршо хІунда еза суна? Маршо дера еза, сайна лаахь, ламаз дан а, ца лаахь, ца дан а. Колхозе балха вола бохуш, хьийзош стаг а воцуш, сайн цІахь болх бан а. Трактор

стенна оьшу? «Беларусь-м»ю-кхи вайн. Делахь а, арахь йочана хилча, дан хIума дац-кха «Беларусьца» а, «ДТ–
75» ца хилча.
И ши хIума: маршой, тракторрий – хир ду аьлла лаьтташ ву со оцу майданахь. Са дIадала кийча а ву, и дезаш стаг велахь.
Цхьана хIумнах вешаш а вац шуна со. Нохчий вовшашна лер.
Къонахашкахь товш хIума дац иза – осал а, цIена а бага леяр. Кхин цхьаъ а ду, оцу майданахь юьстахо яй кхехкош болчаьрга ала. И жижиг доххалц кхехкаде, вайна юккъехь церган ира йолу берзалой хилла а ца Iа, багахь кхела йоцу баккхий нах а бу дуккха а. Къина воьлхур ву-кх оцу жижгах уьш тийсалуш гинарг. Цу тIе и чорпа дIа а ма
Iенае. Цхьацца куршка дIало баккхийчарна, кийра бохбайта!
Кегийчарна-м карайора кийра бохбан хIума! Куршканаш ца тоахь, канаш чу йотта.
Кхин цхьа хIума а дара сан. Суна дукха нах гина оцу майданахь, шай-шай министар вохуьйтур ву аьлла бохуш лелаш. Со а ву иштта дегайовхо йолуш. Амма сан шеконаш кхоллало: оццул болу министарш охьаховшо кабинеташ мичара хир ю, царна кехаташ яздан яла ручканаш а мичара хир ю? Нагахь шайн и дан ницкъ кхочур бацахь, и нах ма Iехабе!
Кхин ала хIумма а дац сан! Бакъду, са дIадала кийча-м ву со.
З а б у р х а н. ХIай-хIай, иштта хила веза хьуна къонах. ХIара стаг къонах хиларх со шек а яц шуна!
К у р п а т у. Хьажал, хьажал! Берта а дахна, Iаш дац?!
ХIара лаа-м хьаха дац. ДIаяйа и телевизор.
Ша тIе а йоьдий, дIайойу телевизор.
Хаза а ма ду сан ахча дан вахнарг, мацах вота етташ лелла нанна марчо эца вахнарг санна, жерошца телевизор чу а хуьйшуш, лелаш ву! ХIа-а, со йоьду, схьада сан йовлакх, схьаян сан мачаш!
Ц I о к ъ б о л а т. Собарде, хIинца садайна вайна, кхана Iуьйранна гIур ю хьо.
К у р п а т у. ХIумма а дац, хIинццехь новкъа ер ю.
Буьйса йолахь, Яраш-Маьрдахь соцур. ЦIахь ледара ма хилалаш, бежнийн а, котамийн а дола делаш. ХьаьжкIаш ларъелаш, кхоьаш схьаяхалаш. Со катоьхнна гIалитIа а яхна, и ваьлла леларг а валош, цIа йогIу шуна.

ДӀайоьду.

**III сурт**

ГӀалин майда. ДӀайоьдушю митинг. Къамел деш ву куйна тӀе кхо аса йихкина воккха стаг.

В о к к х а с т а г. ХӀун боху вайга Дала? Барт хила боху! Вовшашка хьовсуш хила боху. Кхо бутт гергга хан ю вай, кхузара цӀа ца доьрзуш, лаьтташ. ИншааллахӀ, вай лелочух цхьа дика болх хир бу… ТӀаккха-а, кхаа баттахь араваьлла лелачу стагана цхьацца хӀума дагадан тарло. Цуьнан бехк а бац. Массо хӀума а Дала диллина ду. Иза а тӀаьхьа… Цундела хӀокху майданахь соцуш йолу, цӀартӀехь йоцу зуда, ша хьашт йолчу стеган цӀартӀе яла еза, гуттаренна ца ялахь а, ханна мукъана а. Иза царна а, вайн къомана а пайде хӀума а ду: цкъа делахь, жерой кӀезиг хир бу, шолгӀа делахь, бераш алсамдевр ду. Реза дуй шу ас бохучунна?

А ь з н а ш:

– Реза ду!

– Реза ду!

– Нийса луьйш ву!

– Трехкратни хьаьжа!

– Нийса луьйш ву!

З а б у р х а н

(Барзе).

Цо бохург вайшимма дина дуккха а хан ю!

Ж и м а с т а г. Дела реза хуьлда хьуна, тхан трехкратни хьаьжа!

В о к к х а с т а г. Вайн паччахь вехийла, Исполком

ПУЖКХ ехийла! Цкъа а къан а ца луш, вовшашца бертахь дехийла и шиъ ший а! И дӀадели.

Сан революционни вежарий, йижарий!Мачо къуьйлучу сан коган хьал суна бен хаа йиш яц. Цхьаццаболчарна ас дуьйцург дукха кӀезиг хӀума хета а тарло. Делахь а мискачу стагана яй тӀехбахар а бу боккха бохам, нагахь цу чохь кхеххкаш ерг шура хилча-м муххале а. ХӀунда аьлча, шуьрин уггаре а тоьлаш долу дакъа, хьена долу дакъа ду тӀехдоьдург. Цу тӀе, хьожа а йолу чохь… Бохам бу-кх!

Цуьнга хьаьжча, суна тӀекхаьчнарг вообще доккха хӀума ду. Ши еттий, шишинаррий, эсий, итт котаммий, вуьрхӀийтта хӀоий лачкъийна вайн…

А ь з н а ш:
– ДӀаваккха!
– ДӀаваккха!
– ДӀаваккха!
– ХӀун ю цо юьйцурш?!
– Котамаш стенна хьехайо революци йолчохь!
– Къонахий дац вай?!
– Мацалла лийр вац цхьа а!
– Пхьажа юккъера буьртигаш а лехьош лелла вай хӀинццалц!
– ДӀаваккха!
Воккхачу стагера микрофон кхаа-веа стага дӀаозайо.
В о к к х а с т а г. Делахь ас голдовка лоцур ю-кх, дайна даьхний цӀадерзадаллац.
Ж и м а с т а г (микрофон цуьнгара схьа а йоккхуш).
Голдовка а лаца, хьайна луъург а де! Нохчий! Яхь хила ма еза, яхь! Нохчий! Со дукха лелла шуна «нохчи» боху цӀе йовзуьйтуш массанхьа а! ВаллахӀ-биллахӀ, бичашма бацийна шортта! Кхин цхьамма а хӀумма а ца дича а, ас дӀадекхна-кх гӀазкхаша вайна тӀехь латтийна Ӏазап. Омскехь рабовладельчески строй ас царна хӀоттийр-кха шуна. Цкъа вайн кхузара дӀавалийначу нохчийн бичаца берта а бахна – валлахӀ, ас-м гӀиллакх а лелийра цу жӀаьлица, старши бич а хӀоттийна, нохчийн къомах велахь а, лай хиллера-кх иза, – хӀаъ, цуьнца берта а бахна, восстание рабов под предводительством Спартака! Со вехка а вихкина, соьгахь мел долу ахча а эцна, цӀа баха дагахь хиллера, амма сан аьтто а баьлла, хьалха вогӀучу бичана диг далийтира ас. Дика кхеттера жӀаьлина! Ша волччохь охьавоьжна, ши ког а хьаькхна, дӀакъевкъира. И бахьнехь, бля, таӀийна чувоьллира со. Самозащита лара йиш йоллушехь, гой шуна, и жӀаьла бахьанехь бархӀ шо хан яккхийтира соьга. Цигахь, зонехь, «нохчи» боху цӀе курра дӀакхехьна борз-м ю шуна со. Цигара араваьлча, юха а бацош, сайн дог Ӏабийра ас церан бичех а, мехкарех а.
Новосибирскехь ресторанехь: «Черномазые развелись тут», – боху-кх, соьга а хьоьжуш, цхьана хьакхин муцӀаро.
ХӀора а, со санна шиъ вер волуш, лекха а, онда а ву. Верриге – виъ.
А ь з н а ш:
– Хьо санна шиъ вала-м, кхин воккха хила а ца веза.

– Хьо санна, кхоъ волуш а нисло!
Ж и м а с т а г. Жима велахь а, буй чIогIа тухуш-м ву хьуна со. И йиъ хьакха, со буй тоьхна валале, стоьла кIелахь Iуьллуш яр-кха шуна, шайн «хур-хур» а деш. Ас иштта ларйина-кх шуна «нохчи» боху цIе.
А ь з н а ш:
– Иштта-м ахьчул чIогIа ларйинарш бу хьуна.
– Валахьа айхьа олург алий.
Ж и м а с т а г. Со хIун ала гIертий. ВаллахI, биллахI, вайн нохчийн кIентий цхьанххьа а ледара-м ца хилла. И оьрсийн мехкарий буй – хаза ма хуьлу уьш, Дала дIабахарш, – уггаре исбаьхьнаш, шайна хазбелларш ийззош схьабохура вайн кIенташа. Церан чу а оьхуш, церан цIахь буьйсанаш а йохура. Иштта цхьацца къинош летоза нохчо хир а вац. Со-м сайн шовзткъа шо кхаьчначул тIаьхьа ламаз-марха а долийна, суьлхьа а хьовзош, холхазан куй а тиллина, цу тIе полоска а йихкина, дIаволавала дагахь ву.
ХIинца а пхи шо ду шовзткъа шо кхача. Цундела катоха еза!
А ь з н а ш:
– Эрна хан стенна йойу?!
– Хьо хIун ала гIерта?!
– И ца хууш мила ву.
Ж и м а с т а г. Собарде, хIинцца чекхволу со! ЧIогIа мехала хIума ду. Вайн цIийх оцу оьрсийн мехкарша дина бераш ду Россехь кхуьуш. Царах дукхахдерш боьрша а ду, хIунда аьлча, барзах борз бен ца йолу. Уьш цхьадерш даккхий а хилла. ХIинца вай и кIентий цIа а балийна, царах гвардейцаш бан беза!
А ь з н а ш:
– Нийса боху!
– ДIаваккха!
– Царах гвардейцаш хир бац!
– КъотIарчий!
Ж и м а с т а г. Стенна ца хуьлу царах гвардейцаш?!
Вайн цIий дац иза? ВаллахI-биллахI, вай уьш цIа ца балабахь, кхана-лама уьш вайна дуьхьал-м бевр бу, бля!
З а б у р х а н. Оцу къотIарчаша вийча бакъахьа вара-кх хьо а, хьо саннарш а!
ТIе а йоьдий, озайой, микрофон схьайоккху.

И хIун хабарш ю кхузахь юьйцурш?! Цхьа а махьаршахьар а доцуш, кхахьпанех динчу къотIарчех гIазотан бIаьхой хир бу?! ХIан? Шуьга хоьтту ас? Хир бац! Со боьрша яцахь а, суо къонах лору ас. Къонах санна, дIа а хIоьттина, тIом а бийр бу ас. Со нана-борз ю! Ира ю сан цергаш, ира ю сан мIараш…Ас хIокху мIарашца дохур ду мостагIийн бIаьргаш, хIокху цергашца цоьстур ю церан къамкъаргаш. Куй лелорах ца хуьлу къонах! ХIун ю кхузахь юьйцурш? КъотIарчий, бежнаш, котамаш, хIоаш…
Хабар ду иза? Шаьш хIара гIуллакх дIакхехьахь, дIакхехьа, ца кхехьахь, тхоьга схьало, оха дIахьур ду шуна. ХIара хIун ду дан а? Маршо я Iожалла! Маршо я Iожалла!
Забурхан, микрофон дIа а лой, Барза волчу схьайогIу.
Б а р з а. Дика элира.
А ь з н а ш:
– Даьдиса хьо берзан!
– Борз яI!
– Иштта хила еза шуна бакъйолу зуда!
М и т и н г д I а х ь о ш в е р г. ХIинца дош лур ду вайн революционни поэтана Хамчина, шен схьавалар беднякех долчу.
Х а м ч и (микрофон кара а лоций, генна дIахьоьжуш лаьттий).
Мохк – страна башен!
Схьая и домкрат,
Хьалаайа машен,
КIел вилла партократ!
А ь з н а ш:
– Хьий, борз яI!
– Борз!
– Ура!
Х а м ч и.
Ма еттийта партократе понт.
ДогIа дагIахь, схьадаккхий цуьнан зонт,
Мискачунна дIало аш,
Дуьхьал валахь тоха даш.
А ь з н а ш:
– Тухур ду!
– Тухур ду!

Х а м ч и.
Йилбазалле дирзи дуьне,
Дуьлол, хьеший, ховшал шуьне.
Пхьор ма хуьлда шуна уьне…
Маршал лолаш аш жаIуьне.
А ь з н а ш:
– ДIало маршалла!
– ДIало ца боху шуьга?!
Х а м ч и.
Цхьаьннан кало хатто яккхахь,
Хьалаэций, кховдаелаш дIа.
Цхьаволчо-м и шена юьту, тIаккха
Ког берзина стага доккху Iа.
А ь з н а ш:
– ДIало кало!
– ДIало кало!
Х а м ч и.
Яьккхинчун ю айма,
Хи ду тIаккха-м мала.
Готта хилча айла,
Хеча хуьлу хала.
А ь з н а ш:
– Дера, бакъ-м лоь!
– Дера лоь бакъ-м!
Х а м ч и.
Баахь дукха хьаьмцаш,
Баахь дукха кхораш,
Йийр ю аша бIаьцаш,
Сихха лоьраш кхойкхуш.
А ь з н а ш:
– Дукха ма баал хьаьмцаш!
– Дукха ма баал кхораш!
Х а м ч и.
Зударий, божарий,
Хьоьжуш стом божаре,
Ма Iе шу Iожа кIел,

Маршо я Іожалла!
А ь з н а ш:
– Царна – Іожалла, вайна – Маршо!
Х а м ч и. Делахь байтан барамехь, иштта эр ду вай:
ГІалди-булди – царна,
Кай-бож – вайна,
Іожалла – царна,
Ткъа Маршо – вайна!
А ь з н а ш:
– Маршо!
– Маршо!
Х а м ч и.
Аша дІабехь борц,
ТІеер ма ю борз.
Мерза даар – борщ,
СтаргІах олу борш.
А ь з н а ш:
– Борз яІ!
– Борз!
– Борщ яа!
– Борщ!
Х а м ч и. ТІаьххьара байт:
Аса язйо стих,
Кхетийта шун сих.
ДогІа дагІахь, шу,
Довдий, гІолаш чу!
Хамчи, микрофон дІа а лой, охьавуссу.
А ь з н а ш:
– Нийса луьй!
– Талант!
– Хьекъалан да!
Микрофон схьаоьцу сеттинчу зудчо.
С е т т и н а з у д а. Ас цхьа-ши дош эр дара. Кхузахь цхьана зудчо хІинцца дийцир-кха – Забурхан ярий цуьнан цІе, хІуманна сихха йицло-кхий со, – хІаъ, Забурхан яр-кха цуьнан цІе. Оцу Забурхана бохур-кха, ша боьрша яцахь а, къонах ю… ХІи-хІи-хІи.

(Йоьлуш). Боьрша ца хилча, къонах муха хуьлу? Иза жинашца тайначо бен дуьйцур дуй?!
Къонах къонах ма вуй, юьхьа тIе маж а йолуш. Зударшна ма ца йолу маж! Вайн зударша хIун дан дезий? «Ви идите, а ми вас падаждем», – бохуш, цIахь Iен беза-кх. Зударий цхьа гIийла хIумнаш ма ю, эсала а йолуш. Зударий, шу революционерийн дог а хьоьстуш, цIахь Iен беза. Зуда – цхьа миска хьайба ма ду. Цхьа цициг ду-кха, шен пеша юххехь Iен дезаш. Иштта цхьа эсала а долуш цициг…
З а б у р х а н. ХIун ю цо юьйцург? Ас гойтур ду хьуна, сетташ лела гIам!
Цунна тIехьаьдда йоьду Забурхан сацайо Барзас.
Б а р з а. Йитахьа. Хьаьнц-хьаьнца а къийсаяла оьшуш ма дац! Хьо-х йоккха хьаьким ю! Зударийн тобанан тхьамда!
Забурхан ойла еш лаьтта.
З а б у р х а н. Дика ду! Ас сайн бIаьхой тIехоьцур бу цунна! Ас дийр ду хьуна цунна дан дезарг!
Б а р з а. Дика ду делахь… Буса вовшаххкхетар вайша, дукха хье ма лолахь. Со дIаваха веза, Реском ларъян. Тховса цигахь хехь ву со. ДIавоьду. Пондар а оьций, эшархо волу микрофон йолчу хьала.
Э ш а р х о. Ас вайн революцех лаьцна илли даькххина.
Иза аса лерина Москвахь кидала волчу, дика крутить деш волчу ГIиргIина. Вайн революцехь жигара дакъалоцуш ву иза: селхана кху митинге кхаьчна цо яийтина ши яьшка къаьркъа а, ах яьшка пепси-кола а… Кестта кхин цхьацца яьшка а ю схьайоькъур йолуш. Ши бочка пиво а, ткъе итт таранка а, итт вобла а. Цхьа ведар пивой, цхьа таранкий сан ю шуна. ХIинца ладогIа эшаре:
Тохал биши,
КIант воккхуш,
Даккхал чIийши,
ГIант дохош.
Дада ву вайн
Лекха лам,
Нана ю вайн
Хасавьюрт.
ДогIа деъча,
ХIутту Iам,

Адам делча,
ДугIу чурт.
ГIиргIа бохуш
Ю цхьа борз,
Ву и дууш
Майски моз.
Жимчохь кампет
Хилла яц,
Жимчохь лампа
Хилла яц.
Казахстанехь
Лелла и,
Мала доцуш
Даже хи.
ХIинца-м - шортта
Кампеташ,
ХIинца-м - шортта
Коньякаш.
Ву и ГIиргIа
Дууш моз,
Юи БиргIа,
Ю и Борз.
Тохал биши,
КIант воккхуш,
Даккхал чIийши,
ГIант дохош.
Дада ву вайн
Лекха лам,
Нана ю вайн
Хасавьюрт.
О-хIо-хIо-хIо-о-о.
О-хIо-хIо-хIо-о-о.
Наха тIараш детта. Эшархочуьнгара микрофон схьайоккху Революционеро.
Р е в о л ю ц и о н е р (вехьа а вехьаш, цхьамма эккхийна валийча санна).

ХІа-а, хІа, хІа-а! ХІара революци ма ю, революци! Истори ма ю, истори! Вай цунна юкъадоьлхуш ма ду, юкъадоьлхуш! Жоьра-Баба ма хилла Іаш!
Жоьра-Баба юй? Книжкаш еша ма еза, книжкаш. Ас Москвахь тоьлла вуз яьккхина. Да здравствует великая октябрьская… ХІа-хІа-хІа. Жоьра-Баба ма хилла ехаш Іаш.
Лаьтта бухахь… Да здравствуй Чеченская… Вайн шайх Мансур ма ву…Вуй?! Ву, ву, ву. Ас цул тІаьхьа аспирантурехь дешна. Международни право а ма ю. ЯахІума ян хи а ца хилла Бабин. Шайна еззарг схьаэца аш, международни право ю шуна…Юй, юй, международни… Уре-е! Гаагехь вайн байракх хьалаайина!Шайх Мансур вуй? Шайх Мансур а ма хилла вайн… Таймин Биболат а… Цуьнан зуда а хилла! Да здравствует… Битва за хлеб ю дІайоьдуш. ТІекхетий, схьадаккха бепиг! Тохий, биэ партократо бажа дІалаьллина етт. Имам Шемил а хилла вайн! Сан дедедеда а хилла наиб, Жебар-хьаьжа… Имам хоржуш, цхьа голос тІе а ца тоьъна, висна… Суьйлаша шайнчуьнгахьа озабезам а бина… ХІа-хІа-хІа-хІа! Вайн Эвтархойн Ахьмад а, Аьккхийн Жанхот а, Муслиева Тамара а, Умалатова Сажи а ма ю! Юй? Юха иза Жоьра-Баба юй? ЖоьраБабин бод хьакхо хи ца хилла, хи ца хилча, цо хІун диний?
– Хьа-хьа-хьа. Хьаткъ тоьхна. Бод хьакхийна… Ма мерза а хир бара и хьокхам тІаккха! Инструкция по эксплуатации юй… юй? По эксплуатации газовой плиты. И ешалаш, ешалаш! Кхин цкъа а ешалаш. Ца ешахь, эккхар ю.
Чеченски народ пошел пирод. БойсагІар вуй, БойсагІар, цхьа ког, цхьа куьг, цхьа бІаьрг бен боцуш… Хьай, даьдиса цу берзан… Тхан эвлара Чхьонкар вуй?.. Оцу
БойсагІарал оьшуш вац цхьацуьрриг а… Италера лачкъийна «Роллс-Ройс» ялийна цо… Пхеа мехкан дозанаш хедош. Хьий, даьдиса цу къонахчун, ма жуьйлик ю! Селхана цхьана зудчо дийцир-кха, вайн муфтий вуй – кхин воккха стаг вац иза-м, Москвахь метишка зуда а йолуш ву боху.
Ша ХьаьжцІа вахале, цкъа цига, Москва а вахна, метишка-зудчуьнца кІира а даькkхина боху… Виноградов вуй?
Вуй? Цо хьийзийна со. ХІинца ас иза а хьийзор ву… Ши бІе шо… Виноградов… Виноград… Кемсаш? ХІаъ. Кемсаш ерриш дІаяха йиш

яц шуна… Жимма йита еза, Гезлой-Эвлахь мукъана а…Йоцчохь дIае…Вайн шайх Мансур ма ву! Вуй? Вуй шайх Мансур? Кемсех чIагIар даьккхина ца Iа, мутта а доккху… Первый имам Кавказа. Хорачойн Зеламха… Топ етташ… хьежа а еш. Бо-бов! Жоьра-Баба юй…Жоьра-Баба. Хьаткъ тоьхна хьокхамаш беш хилла… И кIант вуй? И кIант… Iаьржачу говран кхес а лаьцна… лаьтта бухарчу дуьнен тIе вахна. Цо хьаьттина.
ХIун хьаьттина цо? ХIа-хIа-а, тахана соьга хьаьттир-кха…
Кхузахь буьйса а яьккхина, Iуьйранна довха чай мала воьдуш вара со… Вацара… ХIан-хIа… Мала а мелла, вухавогIуш вара… Вацара… Вара… ХIетахь хьаьттир-кха соьга тхан эвларчу партократан вешин кIанта: «Хьо мича воьду?» – аьлла. «Мичичу хелхавала! Хьуна ца хаьа, со мича воьду?! Революци йолчу!» – багатуьйхи ас.
А ь з н а ш:
– ДIаваккха!
– ГIурт буьйцу!
– ГIучIа буьйцу!
Р е в о л ю ц и о н е р. Собар, собар… Иштта хаттарш деш верг халкъан мостагI ву шуна… ХIа-хIа… Вайн Таймин Биболат, Адин Сурхо, жерочун кIант… Жоьра-Бабин жима кIант… ХIаъ, оцу жимчу кIанта хьаьттина ЖоьраБабе: «Хи дац хьан бод хьакхо?» «Дац», – аьлла. ХIа-хIахIа… Независимость… Сувир… Сувир… ХIун вир ду?! Су-вир-тIет… Цхьа хIума ю-кх. И вай схьаяккха еза.
Массарна а тоьар юй иза? Тоьар ю боху ПУЖКХ-с. Со теша ПУЖКХ-х, «Положенех а по эксплуатации газовой плиты»…Вай нохчий буй, нохчий…Нохчи матьяне…нахчери… Биэни Аки… Варанди… Урарту… Карабах… Арцах… Саботаж…Шема… Нашха… Цигара яй… Яй чохь жижиг…Шайх Мансур… ХIа-а-а… «Цхьа а герз дуй кху кертахь?»… Ду. Оцу стагах йисна туьран мIаьчиг… Зона бедствий… И туьран мIаьчиг а эцна, саьрмиках лата вахна иза… Шовда дуй? Шовда? Цунна гонах бижна хилла иза… ХIа-а-а-а. Наша сила – в единстве… Планы партии…
А ь з н а ш:
– И хIун туьйранаш ю цо юьйцурш?
– ДIаваккха!
Шимма, тIе а кхетий, дIаозаво микрофона юххера, амма

Революционеро чIогIа дIалаьцна иза, дIа ца хоьцу.
Р е в о л ю ц и о н е р. Соб… Собар… Суна «Уголовный кодекс дагахь хаьа…Положени об эксплуатации а»…
Шайх Мансур… Таймин Биболат… Статья 117 КЗОТ РСФСР…Билу-Хьаьжа Идигов…ЖовхIар… ансамбль…
Тур диттина, Саьрмик… Имам Шемил… Iаьлбаг-Хьаьжа… Уркаев… Бутагов…Ши Мовлад… Iумма-Хьаьжа…
Чорин забарш… Хьасипат… Урарту… Хурриташ… Митани…Зузуев… Хуррит…Суна вевза шуна…Декъал хуьлда… Революци…
Колониализм… Имперлизм… Иммансиз… ХIонц… Фос…
Дихлофос… Аммофос… Хлорофос… Борзе… Дочу Борзе… Вочу Борзе… Коша Борзе…
Борз ехкина… Лом остадаьлла… Орамаш дуур ду… Лимонад молур ду… Са дIадала… Халкъан дуьхьа… Мехкан дуьхьа… Сан чуо а халкъан дуьхьа лозу. Нохчий…
Яхь… Мичичени-и!.. Сий… Маршо… Марчо… Юкъа хьарчо…
ТIом… Лом… Сом… Нохч… Манс… Шам…
Револю… Шумер… Шулер… Марш… Барч… Борз…
Моз…Таймбиб шайхмансимшэмуршумревфосжовсаьрхI армикнизмсизбIижжшшихлкмппIстIрIа-а-а!
Дуьне Iадо санна, мохь аьлла Революционер, такхавой, юьстахвоккху.
Эццахь Забурханна тIейогIуКурпату.
К у р п а т у. ХIей лаьттарг, хIей! Хьо юьйцу хьуна ас, доккха кIайн йовлакх тиллинарг.
З а б у р х а н. Зуда, генара ма кхийсахьа! ХIара ловзар а дац, революци ю…
К у р п а т у. Ловзар хилар стенна дуьйцу, хIара шайтIанийн ловзар хилча…
З а б у р х а н. Хьо ду-кх шайтIа!
К у р п а т у. Хьо ду-кх шайтIа а, йилбаз а!
ТIекхетий, кучан кач а лоций, ластайо.
Схьадийца, мича ваьхна ахь?
З а б у р х а н. ДIахеца, ас НКВД, аьлча а, ПУЖКХ подвалаш чохь яхкор ю хьо.
К у р п а т у. Суна цхьа а подвал а ца оьшу, хьо легаш Iаьвдина хIаллакьян… Схьадийца, мича ваьхна ахь?!

З а б у р х а н (халла).
ДIахеца! Сан са дукъдо ахь…
К у р п а т у. Схьадийца, мича ваьхьна ахь иза? Ас са дIадохуьйту хьан!
З а б у р х а н. Мила вуьйцу ахь?..
К у р п а т у. Хьуна ца хаьа?..
Легаш кхин а тIеIовду.
З а б у р х а н. Хр-р-р…
К у р п а т у. Сайн майра вуьйцу…
Жимма паргIатдоху Забурханан легаш.
З а б у р х а н. ХIей, гвардейцаш, гIазотан бIаьхой, схьадуьйла, дIаяккха сан кочара хIара хьераяьлла зуда!
К у р п а т у. Ас хьера хьо йоккхур ю хьуна!
Легаш Iовду.
З а б у р х а н. ДIахеца!.. Мила ву ахь вуьйцург?!
К у р п а т у. Сан майра! Сийсара ахь телевизор чохь, хьайна юххе охьа а хаийна, латтийнарг!
Легаш дIахоьцу.
З а б у р х а н. Ох-хIай… И вуьйцу ахь?!. И революцин лом… И маршонан борз!
К у р п а т у. ХIаъ, Барза ю цуьнан цIе.
З а б у р х а н. Иза-м хьаха вевза. Ма цунна хьакъ зуда яц-кх хьо!
К у р п а т у. Эш-ш, ма хабар дар-кха иза! Цхьатернаш вовшахтоха гIерташ, Дала аьчган мачаш йохайо хьуна…
Кхин мила ялаяйта йоллура хьо цуьнга…Хьо-м яцара кхин цуьнга безам болуш?
З а б у р х а н. ХIинца йола ма лолахь, сан майра революци ю!
К у р п а т у. Ватта, и ду хаза! Революцих хуьлу майра?
Ча тешахьара шех-м. Цхьана минотана а тешо мегар дацара шух боьрша стаг!
З а б у р х а н. ХIунда бохура ахь?
К у р п а т у. Иза-м суна сайна хаьа хьуна…Мичахь ву сан майра?
З а б у р х а н. Ма чIогIа мохь хьоькху ахь, чуо хьаьхначу цхьогало санна: «Мичахь ву? Мичахь ву?» Яло, ас дIаюьгу хьо и волчу.
Курпату а оьций, дIайоьду.

**IV сурт**

Соьлжа-ГIалара заводаш ца лерича, уггаре йоккха гIишло ларъеш
льтта революцин мурд, гIазотан бIаьхо, гвардеец
Барза.
Б а р з а (багахь мукъам бо).
Вай дециий, вай дециий,
Вай кIентий дециий.
Болатана дулха дегаш дециий.
Советан Iедалан вай кIентий…
Ойла еш а лаьттий, юха а мукъам бо.
По долинам и по взгорьям
Шла дивизия пирод…
Чтобы с боем взять Приморье,
Белой армии оплот…
Эццахь татанаш а хезий, мукъам сацабо. ДIахьожу. Цхьа нана-боккха
куз ги а тоьхна, халла ведда воьдушВоккха стаг го.
Собардел цкъа! ХIей!
Воккха стаг, схьа а ца хьожуш, дIавоьду. Барзас, тIаьхьа а кхуьий, куз
схьа а лоций, сацаво.
Собардел цкъа! Мича хьош бу хьан хIара куз?
В о к к х а с т а г. Хьан хIун бала бу? Со мичара ву хаьий хьуна?
Б а р з а. Хьо велара ЧIинхара а, ЧIаьнтара а,
ХIуьчIанчIуьлгара а… Хьайна луъучуьра а… Охьабилла куз!
В о к к х а с т а г. Хьо мила ву партин обкоман йийбаран дола дан?
Кхин КПСС-н верас-м вац хьо? Лай тIе телла кхо санна, гучувели хьо
– партократ!
Б а р з а. И хIун ю ахь юьйцург? Со маца хилла партократ? Со –
революцин мурд, ламанан борз, гвардеец, генералиссимус ву!
В о к к х а с т а г. Ву?
Б а р з а. Ву.
В о к к х а с т а г. Велахь, хьуо санна волчу революционерна дуьхьал
стенна ваьлла хьо?
Б а р з а. Дуьхьал муха ца волу, хьо куз а такхийна воьдуш хилча?
В о к к х а с т а г. Ас иза стенна хьо ма ца хаьа хьуна.
Б а р з а. Стенна хьур бара ахь иза, бохка хьо-кх.
В о к к х а с т а г. ОстопируллахI, бусалба вуй хьо?
Б а р з а. Дала мукъалахь ву, ламаз наггахь бен ца дахь а.

В о к к х а с т а г. Хьуо бусалба велахь, тешалахь: кху тIехь ламаз дан хьош бу-кх ас хIара.
Б а р з а. Уой, оццул боккха куз хIунда оьшу хьуна ламаз дан? Кху тIе шун ерриге а юрт дIахIотталур ма ю?
В о к к х а с т а г. ЖамIатца ламаз дан дика куз бу хIара.
Б а р з а. Ой, перви секретаран кабинета чохь Iиллинчу, кху тIехь ламаз дан муха мегар ду? Титовн, Апряткинан,
Власовн, Фотеевн когаш кIел Iиллина ма бу хIара.
В о к к х а с т а г. Ас цкъа хьалха цIанбийр бу хIара, тIадийна нуй а хьокхуш.
Б а р з а. И цIанбина хьо валале, массо а ламазан хан гIур ма ю хьан.
В о к к х а с т а г. Уьш-м доькхуш дийр дара аса.
Б а р з а. ОстопируллахI, шу хилла-кх и хIокху чуьра наьIарийн тIемаш, кафель, паркет – массо хIума лечкъийнарш.
В о к к х а с т а г. ВаллахI, суна кхаьчна-м хIума яц хьуна, хIара куз боцург. Бакъду, ши де хьалха оцу наха цхьацца хIумнаш идош, цхьа гIантах тера хIума-м яьхьира ас, рагIу кIел хIотто… ХIун яра цуьнан цIе, цхьа таз-м яра… ХIа-а… Унитаз… Хьуна ма хаъара, сан даьхни а, котамаш а, хIоаш а лачкъийна… ХIокху кузо жимма гIо дийр дара суна…
Цуьнга ладоьгIуш лаьтта Барза, шена тIейогIуКурпату а гой, Iадаво. Цунах пайда а оьций, куз а бадабой, дIавоьду
Воккха стаг.
К у р п а т у. Ма чIогIа хьоьжу хьо? Со дуьххьара гуш-м яц хьуна?
Б а р з а. Ю дуьххьара гуш, кхузахь дуьххьара гуш…
Хьо… хьо… мичара яьлла?
К у р п а т у. Хьо ваьллачуьра схьаяьлла-кх, вайн хьомечу юьртара ГIачIармера.
Б а р з а. Ткъа хьо муха еъна, и бераш шаьш а дитина?
Даьхний а, котамаш а охьа а кхийсина… Чуерзо езаш хьаьжкIаш а йолуш, кхоьаш а йолуш, гIабакхаш а?..
К у р п а т у. Цул а хьуо муха веъна дийцахьа.
Б а р з а. Со муха веъна… Хьуна ца хаьа, со муха веъна? Ахь чохь Iен а ца витина, веъна-кх.
К у р п а т у. И ду хаза, ас марчо эца вахийтича, вота етташ лела веза.

Б а р з а. И хьуна оьшуш хиллехь-м, тоххара дахьаш веъна хир вара хьуна со.
К у р п а т у. Иза-м хаьара суна… Мичахь ду хьан банкера эцна кредит? Хьо хIун деш лела, хьайн доьзал дIа а тесна. ХIокху жеройн тобанан хьаькимо доьзал а, дерриг дуьне а диццина моьтту суна хьуна-м.
З а б у р х а н. Со хIинццалц юкъа ца гIерташ Iийнера, аш дуьйцурш шайн доьзалан гIуллакхаш ду-кх бохуш.
ХIинца хьо генаяла йолаелла… Тхо кхузахь хьуна моьттурш лелош дац, революци еш ду.
К у р п а т у. Иза-м хаьара суна, шу хIун деш ду. Валол, стаг, хьалхвалал цкъа.
Б а р з а. Ахь хIун дуьйцу? Хьалха муха волу со, хехь лаьтташ хилча?
К у р п а т у. Ахь лардан хIума ца дитнера кху чохь-м, тIаьххьара куз а хIинцца оцу Воккхачу стага дIабаьхьи.
З а б у р х а н. Зуда, ахь хIуъа дийцахь а, цуьнан хьоьца дIаван йиш яц хьуна. Тхо революци еш ду хьуна.
К у р п а т у (буьрса тIе а йолалуш).
Ахь хIун дийр дуй, хIей, сацо да воцуш, яьлла леларг!..
Б а р з а (дуьхьал а волуш).
Собар! Собар! Забурхан, ялохьа, жимма юьстахъялахьа. Тхойшиннан къамел чекхдаллалц.
З а б у р х а н (дегабааме).
Дера ер ю-кх, юьстах боху ахь, дуьненан маьIIе а.
Б а р з а. Дуьненан маьIIе ма яла. Жимма дехьа а ялий, саца.
Забурхан юьстахйолу.
К у р п а т у. ВаллахI яла-кх, шена лаахь, дуьнена чуьра дIа а-м. Шена лаахь, тIурнене хьала а яла!
Б а р з а. Ма ала иштта. Оьзда ма дац иза. Цкъа делахь, иза хьол жима ю.
К у р п а т у. Иза ю сол жима? Къанъелла къуккъаз.
Хьалхавала, дIадоьду вайша.
Б а р з а. Ахь хIун дуьйцу?.. Дерриге а дохон гIерта хьо. Со министр хила мегаш ма ву.
К у р п а т у. Муха министр?
Б а р з а. Иштта министр, революци хилча, хIуъа а ма хуьлу.

К у р п а т у. Хьох муха хуьлу министр, и вайн ткъех уьстагӀ багарбеш, уьттазза галволу хьо.
Б а р з а. Со-м хӀунда вуьйцу ахь, хьол Ӏовдал берш а бу хьуна иштта-м, кхузахь хьаькимаш а хилла, лелаш.
К у р п а т у. Кхин со Ӏовдал ю бохург-м дац хьан иза?
Со санна, кхеташ велара хьо…Суна туьйранаш а ца дуьйцуш, хьалхавалахьа, цӀера бахам бу вайн хӀаллакьхуьлуш.
Б а р з а. Собарде, и бахам боллушехь, ахь цӀера ваьккхина лелашвац со. Жимма ахь сатоьхчхьана, хир ю хьуна веревкаш, ниссанаш, патролаш, вирголаш…
К у р п а т у. Ва-а стаг, ахь хӀун дуьйцу? Хьо министр вахийттал хьерабевлла-м бац хӀара нах.
Б а р з а. Бу, бу, хьерабевлла бу хьуна. Революци бохург хьерабовлар ма хилла, и хӀинца хии суна. «Кто был никем, тот станет всем», – бохуш, йиш хезний хьуна? Иза революционераша яьккхина ма ю. Хьалха мила вара со?
ХӀумма а, юьртахь веха миска колхозник… ХӀинца сох министр хир ву. ТӀеюьйхина цӀена костюм, денна хуьйцуш галстукаш, «Барза Барзанакаевич, хьуна хӀун хьашт ду»,
– бохуш хьийза белхалой, суна тӀекхача, сан къамеле ладогӀа гӀерташ, нехан рагӀ хир ю коридор юьззина, со лелош машенаш, «Газ-24-10» – кӀайн, Ӏаьржа, иномаркаш…
К у р п а т у. Маса хир ю хьо лелош машен?
Б а р з а. Сайна мел луъу, мел лахара а кхоъ-м хир ю.
К у р п а т у. Царах цхьаъ сан ю хьуна. Сайн гӀуллакхе дӀасаяха…
Б а р з а. Дера хир ю… Базара яха оьшуш а дац хьуна, ахь хьайна оьшург шопаре дӀааьлчхьана, цо схьайохьур ю.
К у р п а т у. Цу юьртара гӀала кхаьчна валале, делкъан хан хир ю…
Б а р з а. ХӀун юрт? Вай гӀалахь дехар ду. Ялх чоь а, кхо балкон а йолчу квартири чохь. Селхана вахна, оцу квартире бӀаьрг тоьхна, схьавеъна со. Чохь Ӏаш партократ ву, дукха халкъан хьакъ даарна варста а верстина. Чуьра араластавойтур ву…
К у р п а т у. Сиржа-Эвлара сан шича йолчу доьлхуш, вай шина машенахь гӀур ду хьуна.
Б а р з а. Стенна? Вай цхьана машенахь а дахалур ду.
К у р п а т у. Царна дӀахаийта, нехан а юйла машенаш.

Церан санна, цхьаъ йоцуш, шиъ, кхоъ. КIордийнера суна оцу шайн къанъеллачу «Мерседесах» цара ен куралаш.
Б а р з а. Шек дIа а ма яла хьо, кхин цхьаннах а хьоьгур яц хьо!
К у р п а т у. Суна дубленка а, кожанка а, бриллианташ а, дашо сахьт, дешин веревка…
Б а р з а. Массо хIума а хир ю, массо хIума а. Ерриш цкъа схьаэца ма ала… Жим-жимма оьцуш…
К у р п а т у (сетташ).
ХIан-хIа, суна ца лаьа жимжимма, ерриш схьаэца ахь сарразу.
Б а р з а. Ерриш а схьаоьцурю. Ткъа хIинца хьо цIа гIо…
К у р п а т у. ХIунда?
Б а р з а. Муха хIунда? ЦIахь доьзал, бахам, даьхний дац вайн?
К у р п а т у. Цу цIахь-м ши бер ларор дара. Суна а лаьа…
Б а р з а. Сетта а ца сетташ, схьаалахьа… ХIун лаьа хьуна?..
К у р п а т у. Лаьа-кха хьоьций, кхузахь…
Б а р з а. Соьца а хир ю, цхьана-шина кIирнах сатохахь. ХIинца ма чIогIа марзвелла хьуна, ши кIира хьалха-м со гича мегаш а ма яцара хьо.
К у р п а т у. Хилларг хилла. Хьуо сан майра хилар диц ма делахь, Борзи-ик!
Б а р з а. Ахь хIун дуьйцу! «Ничто не забыто, никто не забыт!»
Оцуxенахь СагIадоьхург вогIу цушинна тIе.
С а г I а д о ь х у р г. СагIийна хIума лойша! Делан дуьхьа!
К у р п а т у. ДIаваьл дIа! Хьо вара хьуна кхузахь тIеоьшуш! Хьуна яла хIума елахьара, со сайн цIахь Iаш хир яра.
СагIадоьхург дIавоьду.
Б а р з а. Собар… Ас лур ю…
К у р п а т у. ДIавало, дIавало!
(Майрачуьнга).
Цунна лучул, суна лур ахь.
Б а р з а. Тамашийна стаг ю-кх хьо.
К у р п а т у. Иштта ю со. ХIинца дIадоьдий вайшиъ?
Б а р з а. Мича доьдуш ду вайшиъ?
К у р п а т у. Уой, цхьанхьа буьйса яккха ца еза вайшимма.
Б а р з а. Со кхузахь хехь ма ву, буьйса юккъе яххалц.

ТӀаккха божарийн общежити а вахна, дӀавуьжур. Маьнга бу сан цигахь.
К у р п а т у. Суна карор бац цигахь маьнга?
Б а р з а. Ва ахь хӀун дуьйцу, зуда? Божарийн общежити ма ю иза.
К у р п а т у. Царах-м иэхь дацара, со сайн майра волчу йогӀуш ю.
Б а р з а. Ва зуда, ахь хӀун дуьйцу, со волчохь кхин кхоъ гвардеец ма ву Ӏаш.
К у р п а т у. Уой, цхьа комната яц хьан, ва хинволу министр?
Б а р з а. Яц, ва-а яц.
К у р п а т у. Делахь сайн ненайиша йолчу буьйса яккха дӀагӀур ю со… Кхана гур вай.
Б а р з а. Муха? Кхана цӀа йоьдуш яц хьо?
К у р п а т у. Яц! Ва яц! ХӀун яра хӀокху жерочун цӀе?
Кхуьнан тобане дӀа а язъелла, Ӏийр ю-кх. Хьох министр хилча, сох премьер-министр а хила мега. Мича яха хьо,
Шубурхан!
З а б у р х а н. Со Шубурхан яц! Айхьа яккхахь, нийса цӀе яккха.
К у р п а т у. ХӀун бен яра хьо-м, мухха хилча а? Кхана мичахь хир ю хьо?
З а б у р х а н. Мичахь хир ю? Ӏуьйранна цкъа митингехь хир ю, тӀаккха туьканашка парверка ян гӀур ю.
К у р п а т у. Дика ду, митинге дӀайогӀур ю со. Шайн тобане дӀаэца еза аш со.
З а б у р х а н. Муха? Хьан цӀахь доьзал а, даьхний а…
К у р п а т у. Цуьнан ойла ма е ахь. Хьан гӀуллакх со дӀаязъяр ду.
З а б у р х а н. Хьан майра реза ца хилча…
К у р п а т у. Иза-м реза ву хьуна.
Б а р з а. Вац, зуда.
К у р п а т у. Ву, ву… Кхин хӀумма а дуй?
З а б у р х а н. Дац. Диъ фотокарточка а, заявлени а, листок по учету кадров а, квитанци об уплате за электроэнерги а дахьаш дӀайола… ТӀаккха вуьйш гвардейкаш реза хилахь…
К у р п а т у. И индейкаш резабан-м ас тӀелоцу хьуна.
З а б у р х а н. Дика ду делахь…
К у р п а т у. Яло, хьо цӀа ца йоьду, я хӀокху сан майрачун са ца гатдалийта, саца дагахь ю хьо?

З а б у р х а н. ЦIа йоьду со-м… Хьо мича агIор йоьдуш ю?
К у р п а т у. Со-м Молсовхозе яха езаш ю.
З а б у р х а н. Делахь со «Минотке» йоьду…
К у р п а т у. Гур бу вай!
ДIасакъаьста. Курпату, социйле боьдучу новкъа а йолий, къайлайолу.
Забурхан, цхьана цIийна тIехьа а йолий, Iа.
Курпатукъайлаяьлча, Барзина тIейогIу.
З а б у р х а н. Хьо ялсамане гIур ву хьуна.
Б а р з а. ХIунда боху ахь?
З а б у р х а н. Жоьжахати хьуна гина кху дуьненахь, и зуда-х юй хьан.
Б а р з а. Иза а ду бакъ. ХIинца ахь ялсамане гайтахьа суна.
З а б у р х а н. Гойтур ю. И эккхаяй, цIа яхийта ахь.
Б а р з а. Цуьнан ойла йиир ю вайшимма. Хьо вайшиннан квартире дIагIо. Со цхьа-ши сахьт даьлча чувогIу хьуна.
З а б у р х а н. Пароль йиц-м ца йина ахь?
Б а р з а. ХIан-хIа. Марчо я Iожалла.
З а б у р х а н. Марчо дац иза! Маршо ю.
Б а р з а. Кхета, кхета. Маршо я Iожалла.
Забурхан дIайоьду.

ШОЛГIА ДАКЪА

**V сурт**

Зударийн тобанан штаб. «Ижу» лаха бахначуьра суьйранна цIа бирзина революционни зударий. Забурхан ю, уьш дIа а хIиттийна, къамел деш.
З а б у р х а н. Революцин нана-берзалой! Лом остадаьллачу буса йинарш! Дийцал, муха ду шун гIуллакхаш?
I – р а з у д а. Номер пхийтта йолчу туьканахь лачкъийна латтош хилла налха гучубаьккхина. Налха схьабаьккхина, йохкархо дIаяьккхина.
З а б у р х а н. Мичахь бу налха?
I - р а з у д а. Бахьа беззачу дIабаьхьна.
З а б у р х а н. Дика ду. Кхин хIун дина аш?
2 - г I а з у д а. «Орга» ресторанна ревизи йина. Лачкъийна латтош долу къаьркъа схьадаьккхина…Итт яьшка…
З а б у р х а н. Мичахь ду къаьркъа?
2 - г I а з у д а. Революционни бIаьхошна доьхкина… аьлча а, дIасадекъна.

З а б у р х а н. Дика ду. Далее.
3 - г I а з у д а. Со химзаводе яхнера, ши гвардеец а эцна. Директор цхьа боьха хIума ю, революцина дуьхьал ву, ламарой безаш вац. Ас дIаваьккхира иза балхара, махках вала ткъе диъ сахьт а делла. Цуьнан метта сайца веъна гвардеец хIоттийра ас.
З а б у р х а н. Ларор вуй техьа?
3 - г I а з у да. Ларор ву, тIахъаьлла кIант ву иза, Германера ядийна машен а ялийна…
З а б у р х а н. ЦIе хIун ю хьан химзаводан керлачу директоран?
3 - г I а з у да. ВаллахI, суна хаа-м ца хаьа. Цхьа хьаьрса маж а йолуш, эхь доцуш бIаьргаш а долуш ву-кх иза.
З а б у р х а н. Цхьаъ хир вара иза-м. Далее…
К у р п а т у (оьгIазе).
Собардел цкъа, хьайн «дали» а дитий. Шубурхан яра хьо, мила яра хьо?..
З а б у р х а н. Ас мосазза аьлла хьоьга, сан цIе Забурхан ю.
К у р п а т у. Хьан цIе хIуъа елахь а, со гуттар а урамашкара нехаш дIа муха яьхна хьажа йохуьйту ахь, хIорш массо а столови, я ресторане, я туьканашка хьовсабо…
З а б у р х а н. Хьан гIуллакх хьайна тIедиллинарг кхочушдар ду.
К у р п а т у. ЧIу-учI, хIорш массо а хIума йолучу хьовсош бу. Со эрна дIасалоьллуш ю! И концерт кхидIа гIур яц.
З а б у р х а н (и тергал а ца еш).
Нана-берзалой!
Хаттарш дуй цхьа а?
З у д а р и й. Дац! Дац!
З а б у р х а н. Дацахь, шайн-шайн гIуллакхе хьовса, хIокху зудчун контрреволюционни хабаршка ла а ца доьгIуш!
К у р п а т у. Собардел цкъа, мила яра хьо, Шубур…
ШибаршайтIа…
З а б у р х а н. Хьоь ладегIа йиш яц, штабе яха езаш ю.
1 - г I а з у да. ХIай зуда, хIай, хIара тхан Деца а ца хьийзош, хьайн цIа гIохьа, хьан цIахь доьзал а, даьхний а ду…
К у р п а т у. Ватта, оцу сан доьзалан, даьхнийн ма бала кхечи шун. Суна сайнна хаьа шуна, айса хIун лелон деза.

2 - г I а з у да. Хаахь, хIара тхан Деца ма хьийзаехьа, хIара штабе яха езаш ю.
З у д а р и й
(Боьлуш).
– Штабе, тов!
– И хьаха ю дика штаб!
– Яло, Забурхан, тIаьхьаюьсур ю хьо штабе дIакхача.
Бийла а буьйлуш, дIабоьлху. Забурхан кхечу агIор йоьду.
Курпату ша юьсу сцени тIехь.
К у р п а т у. Ванах, уьш стенна буьйлура? И штаб хьахийча, ма чIогIа самукъадаьллера церан. И хIун штаб ю теша, Забурхан хIора суьйранна, туьха тIе уьстагI санна, дIауьдуш ерг? ВаллахI, еза со и хIун ду хьажа. И мича агIор яхара? ХIа-а, дIогахь йоьдуш ю. Лечкъина, тIаьхьа яха еза.
Курпатулечкъаш тIаьхьа оьху Забурханна. Эххар
Забурхан дIакхочу цхьана цIийнан неIаре. НеI туху.
Ц I а ч у ь р а а з. Мила ву?
З а б у р х а н. Со ю.
Ц I а ч у ь р а а з. Пароль?
З а б у р х а н. Маршо я Iожалла.
Ц I а ч у ь р а а з. Iожалла тIекхаьчча, кисин марчо а… Хьа-хьа-хьа.
НеI схьа а йоьллий, чуйоуьйту.
К у р п а т у (зала чу).
Ватта, и хьенан аз дара? Борзикан аз дацара и? АхIа, хIинца кхеташ ду, Забурхан, хьо муьлхачу штабе оьхуш хилла.
ТIе а йоьдий, неI туху. Чуьра гIовгIанаш дIатуьй. Юха а неI туху.
Ч у ь р а а з. Мила ву?
К у р п а т у
(Аз а хуьйций).
Со яра хIара-м.
Ч у ь р а а з. Хьо мила ю? Пароль?
К у р п а т у. Маршо я Iожалла.
Ч у ь р а а з. Ас неI схьа-м йоьллу, делахь а хьо тховса совнаха-м ю кху чохь. Хьайн гIуллакх схьа а дийцина, дIагIур-кха хьо.
НеI схьайоьллушехь, чIоггIа и дIа а тоттуш, чоьхьа йолу
Курпату.

К у р п а т у. Ва-а, Дела, хьо орцах ваьллахь, хIун ду суна гуш дерг? Ша йолччохь охьайоьду.
З а б у р х а н. ХIун ду хьуна гинарг? Штабан заседани ю-кх. ХIинца кепаш ма хIиттаел!
Б а р з а. Кхуьнан боккъал а дог гIелделла, схьада хи.
ТIе хи а тухий, меттаялайо.
К у р п а т у. Везандела, хIара зуда санна, эхь доцуш стаг кху дуьненчохь хила а хиллий техьа? Хьуна ца хаьа, хIун хилла? Нехан цIартIехь волчу стагаца буьйсанаш йохуш…
З а б у р х а н. Хьуна мичахь гина буьйсанаш йохуш?
Со сайн гIуллакхна чуеъна ю, революцин хьашташна.
К у р п а т у. Делан наьIалт шушинна а. Соьгахь герз хиллехь, ас хоуьйтур дара шуна…
З а б у р х а н. Бакъо яц хьан, гина хIума а ца хилча.
К у р п а т у. Тьпу, Делан наьIалт хьуна. Ца гича, аьшшимма хIун лелийна хаа хала а ду-кх хьуна. Хьо хьаха яра, ерзина цIена ор чу а хIоттийна, тIулгаш диттина ен езаш. ШарIо ма бохху… ГIам! ДIадала суна гучуьра.
Б а р з а. Соьга а дIагIо боху ахь?
К у р п а т у. Къайладала ший а, ас легаш Iаьвдина деле!
Б а р з а. Дика ду делахь. Дохко ма йолийла. Со-м вайн доьзал болу дела, садетташ Iара…
Шен хIумнашсхьалехьо волало. Тийналла. Барзий, Забурханний неIарехьа доьду.
К у р п а т у. Собар…
Б а р з а. Хьаьнга луьйш ю хьо?
К у р п а т у. Хьоьга… Хьан бехк а бац. Боьрша стаг цхьа миска ма ву. Зударша атта Iехаво. Оцу гIемо корта дIабаьхьна хьан, молханаш а лелийна. Кешнаш а достуш, молханаш кечъечу гIемех тера долчух тера ду хIара хьуна тIаьхьададьлларг а. Цхьа мийра а тохий, и чуьра ара а ластаяй, неI дIачIагIа!
З а б у р х а н. И ду хаза! И-м хьаха дара хьуна цахиндерг. Собардехьа, хьо кхуьнца бусалба динехь мах бина юй?
К у р п а т у. Ю дера. Ас кхин ЗАГС-е а яхна дина-м ца моьтту хьуна кхунна ши бер?
З а б у р х а н. Хьан бина шуьшиннан мах?

К у р п а т у. Хьан хIун бала бу, ва эхь доцу хIума?..
ГIачIармерчу Тапа-моллас.
З а б у р х а н. Фи-и…Просто молла ву! Ткъа тхойшиннан мах трехкратни хьажочо бина хьуна.
К у р п а т у (кхин тIе а цецъяьлла).
Муха «тхойшиннан»?..
З а б у р х а н. Иштта тхойшиннан… Сан – ЗебеIатан
Забурханан а, хIокху Барзнакъин Барзин а мах. ХIаъ, хIаъ, хьайна лаахь, дог а гIелдалийта, хьайна лаахь, яла а йожа.
Со, хьо санна, хIокху стеган зуда ю хьуна, хьан йоллу бакъонаш а йолуш.
К у р п а т у. Бакъдуй иза?
Б а р з а. Кхетий хьо, Курочка, боьрша стаг боьрша стаг ма ву. Ши бутт дукха хан ма ю, хIусамнана а йоцуш
Iиэн.
К у р п а т у. Дика ду. Иштта хиллийца хьо. Кхул тIаьхьа вуьтур вац цхьана денна а маьрша. Ткъа хIинца: марчо я
Iожалла – со я иза.
Б а р з а. Даьдиса хIокху къастаман! Ма къастам а бу: марчо я Iожалла! Хьо марчо ду, и – Iожалла!
К у р п а т у. Вала сихха: я со йита, я иза йита.
З а б у р х а н. Йитахь, хьо юьтур ю-кх. Кхин со юьтур ю-м ца моьтту хьуна, ялийна ши кIира а далале. Хьо-м кхунна кIордийна а хир ю…
К у р п а т у. Вала и гIам дитий… я со йита. Амма цкъа хьалха хьайн ши бер дагалаца… Ас Делаца чIагIо йо хьуна, и шиъ хьуна бIаьрга гур ма дац, оцу вайн ГIачIармерчу керта ахь ког а буьллур ма бац!
З а б у р х а н. Эш-ш, квартира оьцур ю, чохь довха хи а долуш, бераш а хир ду. Дита и маймал, исс цIе а тасий.
Тийналла.
Я со йита… Амма айхьа и дале, вайн революци дагалаца, вай дIахьош болу маршонехьа къийсам а ма бицбе.
Б а р з а. Суо дукхавеззачуьнца Iийр ву-кх со.
З а б у р х а н. Суна, суна веза!..
К у р п а т у. Со хьан берийн нана ю. Хьо везаш ца хилча, Iийр ярий со хьоьца оццул?
Б а р з а. Бакъду иза а, делахь а наггахь дов-м доккхура ахьа…

З а б у р х а н. ХIай-хIай! Везаш хиллехь, доккхур дацара хьуна.
Йишлокху:
Суна веза хьо
Маршонан майданахь,
Буса а, дийнахь а
Революци ечохь,
Суна веза хьо.
К у р п а т у (йиш локхуш).
Лаций цуьнан цхьа тIам,
Эккхаде хIара гIам.
Дагалаца ши бер,
Чуерзо еза керт!
Б а р з а (тIараш а тухуш).
Шимма а дика локху. Вай цхьаьна Iийча хIун дара техьа. Бусалба динехь йиъ зуда хила магош а дара. ТIаккха аьшшимма семейни ансамбль йийр яра, эшарш лоькхуш, ахча даккха.
К у р п а т у. ХIан-хIа, цуьнга са а ма тийсалахь.
Б а р з а. Цхьамма чуьра гIуллакхаш дийр ду. Вукхо – арарнаш…Иштта дIаIийр дар-кха. Бертахь. Цхьаьна асар деш.
К у р п а т у. Цо ког баькххинчу хьаьжкIа ер яц…
З а б у р х а н. Со цкъа а реза хир яц оцу маймалца цхьана кертахь Iиэн!
Б а р з а (йиш локхуш).
Ва ас шуна хIун дийр ду,
Кху сайн дагна хIун дийр ду? –
Цхьаннах вала ца лаьа,
Ший а суна езаш ю.
З а б у р х а н (тIараш а тухуш).
Ма хаза аз а ду.
К у р п а т у. Ши хорбаз цхьана буйнахь ца латтало.
З а б у р х а н. Хьо санна долчу маймале-м латталур ю кхо хорбаз а… Дитахьа и маймал!
К у р п а т у. Ас маймал дийр ду хьуна. Ва адамйилбаз! Ва ешап! Ва гIам!
Б а р з а. Соб… Собар! Собар! ГIовгIа а ца еш, соьга ойла яйта. Тийналла хIутту. Барзас, бIаьргаш тIе а дохкий, ойла йо.

Юха а, бІаьргаш схьа а ца доьллуш, къамел доладо.
Забурхан… хьо дукха яхарг… бераш дуй хьан?
З а б у р х а н. Сан муха хуьлу бераш, хІинцца бен хьоьга маре еъна а ца хилча?
Б а р з а. Хьайн хилчхьана хуур ду хьуна, шен доьзалхо мел дукха веза. Цундела оцу шина берах со ца къастало.
Хьо тІахъаьлла а ю. Зударийн тоба карахь а йолуш, хьаьким а ю, муьлххачу а боьршачу стеган бІаьрг тІехь соцур болуш, шуьрах-бадах йича санна, хьийкъина жеро а ю. Эцца чорпин кад белчхьана, айхьа бохучунна реза хир болуш, мажош а евлла, буьйлабелла лелаш шортта гвардейцаш бу хьуна, сол дуккха а кегий а болуш, царах цхьаъ нисвер ахь хьайна…
З а б у р х а н. Ткъа вайн революци, ткъа вайн маршонехьа латтош болу къийсам?..
Б а р з а. Революци а гІоза ехийла, къийсам а марсаболийла. Ас хьо йити-кх, исс цІе а тесна!..
З а б у р х а н. Пирдател революции! Изменник, Іуьрг долийла цу хьан маттах. Ши бІаьрг хье тІе болийла хьан!
Ун кхетийла хьох а, хьан маймал-зудчух а! Кийрахь зу ехкийла хьуна!
К у р п а т у. И дерриге а хьуна хуьлда!
НеІарх иза ара а кхуссуш, неІ дІакъовлу.
З а б у р х а н а н а з. КІур ма болийла шун цІийнах!
Айхьа суна бинна тешнабехк Дала бойла хьуна! Хьайн массо а веллачу гІойла хьо! Дала дІадолла дакъа ма оьшуьйтийла хьуна. Сийначу цІарах вогийла хьо а, хьан доьзал а! Ва-а-а…
УгІа а угІуш, дІайоьду. Чохь тийналла лаьтта цхьана юкъана.
К у р п а т у. ХІинца хьожур-кха хьо, ас хьайна хІун до!..
Барзина тІейолало.
Б а р з а. Ахь хІун до, хІай! Собар! Собар! Вай нахала доху ахь.
Серло йов.

## VI сурт

Хьаькиман кабинетана хьалхара чоь. Чохь ха деш
Революционер.
Р е в о л ю ц и о н е р. Буьйсанна борз ехкаш…
Цхьа вагон дама дІадоьхкича…
Дуьненчу девлла тхо…

Цхьа вагон дама 500 гали по тысячи рублей…
Іуьйранна лом угІуш…
Іуьйре тІеяллац Іиэн гІуллакх дац, буссехь дІадохка деза…
Тхан цІераш техкина…
Іуьйранга даьллачу ходарна мотт Іемина. Важа цементан вагон…
Эццахь гучуволу Барза.
Б а р з а. Ассалам Іалайкум!
Р е в о л ю ц и о н е р. Ва Іалайкум салам… Хьесапах вохий-кх ахь со.
Б а р з а. И хьесапаш-м дийр дара ахь, со дІавахча а.
Р е в о л ю ц и о н е р. Хьо болх безаш веънехь, белхан меттигаш дІалецна хьуна… Цхьа а еса меттиг яц, ураатталла горгам хьокхуш йолу меттиг а!
Б а р з а. Белхан меттигаш-м ца оьшура суна, хьаькимна тІекхача дезаш вара со.
Р е в о л ю ц и о н е р. Цо цхьа а чу ма ваийта аьлла.
Б а р з а. Со ма ваийта ца аьлла хьуна цо. Хаам бел цуьнга, со веъна алий.
Р е в о л ю ц и о н е р. Хьо мила ву?
Б а р з а. Барзанакъин Барза ву.
Революционерошена хьалха йолчу нуьйданна тІе пІелг таІабо.
Х ь а ь к и м а н а з. ЛадугІу!
Р е в о л ю ц и о н е р. Бехка ма биллалахь, Лакхара Хьаьким, кхуза веъна Барзанакъин Барза ву.
Х ь а ь к и м а н а з. Берзалой-м ерриш а яра хІорш. ХІун боху кхуо?
Р е в о л ю ц и о н е р. Хьоьга вистхила лууш ву-кх хІара.
Х ь а ь к и м а н а з. Схьа вистхилийта ткъа!
Б а р з а. Бехк ма биллалахь, Лакхара Хьаьким. Хьо ган лаьара суна. Хьоьга хьайгга…
Х ь а ь к и м а н а з. Хьо тІеэца йиш яц. Хьайн гІуллакх иштта схьаала… Африкера хьеший бу…
Б а р з а. Айса цхьаъ ледадо бохуш, хІара гІишло ларъеш, кхаа баттахь сов лаьттина со…
Х ь а ь к и м а н а з. Нах а лаьттина, хьо санна а, хьол дукха а!
Б а р з а. …Министр вохуьйтур ву бохуш. Цунах-м гІуллакх хир доций хаьара суна.

Х ь а ь к и м а н а з. Нийса хаьа!
Б а р з а. Цхьа «ДТ-75» трактор езара суна, и мукъана а лохьа!
Х ь а ь к и м а н а з. Тракторш яц! Вайн кхузахь тракторийн завод а яц. Йийр йолуш-м ю, ши шо далале.
ТӀаккха…
Б а р з а. Дика ду. Суо дӀавахале, цхьа хӀума дийца лаьара суна. Мацах цкъа цхьогаллий, нӀаьний, жӀаьлий хилла юрт йилла дагахь арадаьлла. Лела-аш, мацделлачу цхьогало, и яа дагахь, нӀаьнина тӀекхетта, цуьнан цӀога даьккхина. Цунна оьгӀаздахначу жӀаьло, тӀекхетта, цхьогалан а цӀога даьккхина…
Х ь а ь к и м а н а з. И хӀун туьйранаш ду ахь дуьйцурш?
Б а р з а. Собарделахь. Иза чӀогӀа кхузахь догӀуш туьйра ду хьуна. … ТӀаккха цхьогало, дедда, цхьана гу буьххье а даьлла, мохь тоьхна: «Вай вовшийн цӀогарчий дахархюрт йиллар хир дац, дӀасадаха деза вай», – аьлла. Цунна а дайна, вай массо хӀума хӀаллакьеш, лачкъош, вовшех ца дешаш, зуламаш деш хьийзарх, кхунах пачхьалкх хир юй теша?!.
Х ь а ь к и м а н а з. Иза берзан къамел дац! Иза пхьагалан къамел ду! Эккхаве иза! Эккхаве!
Революционеро, тоттий, аравоккхуБарза.

## VII сурт

ЛакхарчуХьаькиман меттамотт льтта гӀишло. Цунна хьалхарчуМаршонан майданахь гӀанта хиъна Ӏа Курпату, синтем боцуш, гӀишлон неӀарна тӀе хьажар а доьгӀна.
Эххар а ша шега йистхуьлу.
К у р п а т у. ХӀинца мукъана а гӀуллакх хилахьара цуьнан. Эхь ма ду хӀокху кхаа баттахь, цӀа а, даьхний а, доьзал а охьа а кхоьссина, кхузахула доладелла лелча, цхьа а тайпа белхан меттиг ца ло бохург. Белхан меттиг-м стенна юьйцура, цхьа машен мукъана а ели елара. Дийнахь-бусий чувоьрзуш а воцуш, мегарг еш наб йоцуш – наб муха йо, оцу гӀемо хьийзош хилча, тӀаьхьара а ца долуш. Тьпу,
Делан наьӀалт цунна! Шубурхан!.. ХӀаъ, иштта шен могашалла а хӀаллакйи кху стага.
Тийналла. Корта а лестош, шен йоьхна ойланашйо
Курпатус. ВогӀий, схьакхочу Барза. ГӀийла дуцуьнан болар а, хьажар а. Доккха са а доккхий, Курпатуна юххе охьахуу.

К у р п а т у. Хьо вист ма ца хуьлу, стаг?
Б а р з а. ХIун дуьйцур ду ас, вистхилча а?..
К у р п а т у. ГIуллакх ца хили хьан?
Б а р з а. Мичара… Хьалха со министр вохуьйтур ву баьхначара, завсклад а ца вохуьйту. Дукха бу боху со саннарш.
Оццу хенахь царна тIевогIу СагIадоьхург.
С а г I а д о ь х у р г. СагIийна хIума лойша! Делан дуьхьа!
К у р п а т у. ДIаваьл дIа, кху даьттIачу дага тIе, хьо вара хьуна туьха таса тIеоьшуш.
Б а р з а. Собар! Собар!
К у р п а т у. Витахьа иза! Наха санна, чу а вахна, хьайна цхьа кабинет схьалаца езаш хиллера…
Б а р з а. Ой, со-м цхьа кеп, цхьа хатI хир ду моьттуш ма вара кхузахь. Товш ма ца хета, неI а кагйина, кабинета чухаа.
К у р п а т у. ХIаъ, хьо чIогIа оьзда стаг ву. Массо а шен-шен гIуллакх дан гIерташ ву. Хьо оьзда хила гIерташ ву.
Б а р з а. Иштта ву-кх со.
К у р п а т у. Ткъа хьанна оьшу оьздангалла?! Революци ма ю арахь…
Б а р з а. Революци ю аьлла, сайн оьздангалла охьаюьллур йолуш вац хьуна со-м.
К у р п а т у. Эш-ш, мила ву хьан оьздангалла оьшуш?
Хьайн къелла лелае ахь, нах а белош…
Б а р з а. Къен, Къуръанор, вацара со, ахь сайн цIахь витнехь.
К у р п а т у. Ас хIун дан ваийтинера хьо? Шубурханца сакъера ваийтинера?..
Б а р з а. Кхин хьо елла дIаяллалц, цуьнан цIе ма яккхалахь.
К у р п а т у. Стенна?
Б а р з а. И сан къоналлин гIалат ду.
К у р п а т у. Хьо хьуо ду моьтту суна Iаламан гIалат.
Б а р з а. И хьо ду, ахча дукхадезаш яла йоллуш йолу.
К у р п а т у. Хьуна ца деза?
Б а р з а. Ца деза иштта-м.
К у р п а т у. Ткъа со сайн дуьхьа лелаш ю… Сан санна, хьан а ма ю и йоI. Цунна, нехачарна санна, тIеюха а еза, когаюха а, маре яхийта а…
Б а р з а. Хьайна тIерачу цхьана кучаца ма еара хьо-м соьга.

К у р п а т у. Суна тІехбеттамаш беш ву хьо? Иштта хьан йоІана нахе тІехбеттамаш ца байта ма гІерта со.
Б а р з а. Ва зуда, ахь соьга хІун де боху? Со сайн цІахь Іаш вар-кха, сайн ялта а, даьхний а лелош…
К у р п а т у. Вухаван везаш хиллера, банкера ахча а дахьаш…
Б а р з а. Ахча муха дохьу, массо а банкаш дІа а къевлина, арабевлла лелаш хилча.
К у р п а т у. Доцуш ван везаш хиллера.
Б а р з а. Доцуш хьуна дуьхьал ван мила ваьхьа?
К у р п а т у. Эш-ш… Аьшпаш…
Б а р з а. Конечно, аьшпаш… Кхин со хьайх кхоьруш ву-м ца моьтту хьуна… Со революцин мурд, гвардеец, гІазотан бІаьхо, Генералиссимус из чеченцев Барзанакъин Барза аш Шайхал ГІачІарме бен тІалал.
К у р п а т у. Делах тешна, Делах тешна… Галволуш ву…
Б а р з а (мохь хьокхуш).
Хьо ю-кх со галвоккхуш ерг.
К у р п а т у (мохь хьокхуш).
Со муха ю?
Б а р з а (кхин а чІогІа мохь хьокхуш).
Иштта ю-кх.
ХІокху гІала аьлча а, жинийн базара юккъе а ваийтина…
Ткъа со валалой кху юккъера, кІуркІаманис хьийзайо чемхалг санна, юкъахьовзий-кха со хІокхара…
К у р п а т у. ХІа-а, хьо жима ма ву. ХІинцца пхийттара ваьлла, цундела Шубурхана корта…
Б а р з а (цІогІа тухуш).
Ас хьоьга цуьнан цІе ма яккха ца аьлла!
К у р п а т у. Йоккхур ю, сайна лаахь!
Б а р з а. Йоккхур яц!
К у р п а т у. Йоккхур ю!
Б а р з а. ДІаяккхал!
К у р п а т у. Ма яккхийтал!
Б а р з а. Яккхал!
К у р п а т у. ХІун яккха боху ахь?
Б а р з а (мохь хьакха кечвеллачохь вуьсуш).

ХIун яккха… И хIун дара?.. Революци яккха!..
К у р п а т у. Иза-м, ахь яккха ца аьлча а, яьккхина.
Б а р з а (мохь хьокхуш).
И жинийн базарш соьца ма лелаелахь!
К у р п а т у. ХIун жинийн базарш?!
Б а р з а. Хьоьга со Iехалур вац хьуна.
К у р п а т у. Со-м яц хьо Iехо гIерташ!
Б а р з а (цIогIане).
Кхин суна дуьхьал йист ма хилалахь!
Оцу хенахь царна тIевогIу гвардеец.
Г в а р д е е ц. Граждане! Прошу соблюдать революционный порядок в столице свободной Чеченской Республики. Не поддавайтесь провокации!
А теперь я скажу несколько слов на родном языке.
Ассаламу Iалайкум ва рахьматуллахIи таIала ва баракатухIу. ХIун ду хилларг? Маьхьарий стенна хьоькху аш?!
Б а р з а. Хьан хIун бала бу? Сайн зудчуьнца къамел дан йиш яц сан?
Г в а р д е е ц. Йиш-м ю, иштта маршо яьлла вайна…
Делахь а товш дац-кха, кхуза баьхкина Гаагера хьеший а бу, царна дIагахь…
К у р п а т у. Собар, собар…Хьо суна цхьанхьа гина-м ма ву… Хьо мила вара-а? Ватта, Цоки, хьо вац иза?
Б а р з а. ЦIокъболат?.. Хьо мичара ваьлла?..
Ц I о к ъ б о л а т. ЦIокъболат ву. Шуьшиъ суна а ма гина цхьанхьа-м…
К у р п а т у. Хьуна муха ца го, тхойшиъ хьан дай, наний хилча.
Ц I о к ъ б о л а т. ХIа-а, шуьшиъ ду иза?.. Шуьшиъ ма хийцаделла?
К у р п а т у. Хийца-м хьо а велла, хIара къорза духар а дуьйхина.
Б а р з а. Хьо муха кхаьчна кхуза?
Ц I о къ б о л а т. Шуьша лаха охьавеънера со, революцис юкъа а озийна, виси-кх.
К у р п а т у. Ватта, и йоI ша йитна ахь?
Ц I о к ъ б о л а т. Цунна-м хIумма а хир дацара. Вайн лулахойн ши йоI а яра шаьшшиъ Iаш.
К у р п а т у. Ой, церанаш мича бахна?
Ц I о къ б о л а т. Уьш а, гIала баьхккинчохь бисна, цIа а ца богIуш. Революцис дIалаьцна хир бу-кх уьш а.

Б а р з а. Хьайн даьдиса хьо революцин, ма уьшал а ю-кх хьо! Ма хьайна каравеъннарг атта карара ца волуьйту ахь! Мел хан ю хьо цIера ваьлла?
Ц I о к ъ б о л а т. Цхьа кIира ду.
Б а р з а. Ткъа хIун лелош ву хьо?
Ц I о к ъ б о л а т. Со гвардеец ву, сержантан болх беш.
Кестта полковник звани лур ю боху суна.
Б а р з а. Хьуна луш йолу полковник звани, со министр хIоттор санна хир ю моьтту суна. Схьадуьйла, цкъа охьаховша вай, ойла ян дезаш хIума ду хIара.
ГIанта охьалахло.
Схьадал и газет, кху тIехь дац техьа вайна пайдехьа хIумма а. Ой, клуб «Захало». И дара хьуна нохчаша лелоза диснарг. Газеташкахула захалонаш дийцар. ЛадогIа ахь яздинчуьнга: «Сан ялхийтта шо ду… (Хьан да валла нелца, ма хьалхехь коьртах а яьлла)…Юьртахь ехашю. Маре гIур ю хьалдолчу стаге. (Тьпу, Делан наьIалт кхунна, дукха эхь а хетий? Дерриг дуьненна а хаа дезаш ду-кх хIара меттахьялар!)… Иза ткъе ворхI шарал дукха хан йолуш хила а ца веза. Цуьнан Викторан Цойн санна, хьаласеттина чIениг а, Гериханов Ихванан санна, мекхаш а хила деза.
Революцехь жигара дакъалаьцна а хила веза. Революционер, патриот воцчо, соьга кехат яздан гIерташ, са а ма гатде. (НаьIалт хьуна а, хьоьга кехат яздийр долчунна а!)… Сан адрес: Лаьмнийн район, ГIачIарме юрт… Ой, хIара хIун ду?…Барзанакаевой Бикату…» Ой, вайн Бикату яц иза?
К у р п а т у. ДIавала, стаг, и хьайн Iовдал бегаш а ца беш!
Ц I о к ъ б о л а т. Вайн Бикатус-м яздийр дацара иза.
Б а р з а. Со а вара хIинццалц и моьттуш! Ткъа хилларг хIун ду?! Доккха хIума ду-кх сан цIийх оццул эхь доцуш адам далар…
К у р п а т у. Ой, боккъал а яздина цо?
Б а р з а. Ва яздина! ХIан – дешахьа!
К у р п а т у (газет тIе а хьоьжуш).
Ватта, сан Дела, яз а ма дина! Везандела, хIун хила доллу техьа! Хьо эхь, хьо юьхьIаьржо! ЦIе ели-кх сан цIийнах, цIе ели! Вало, стаг, вай автостанце доьлху. Вай кхузахь Iачохь дац вайн гIуллакх. Берриге сан бехк бу, хIорш цIахь охьа а кхийсина, кхузахула хьо лаха еъначу. Сайн

доьзалан доладан дезаш хиллера. Хьо Шубурханна а витна…
Валолахь, валолахь! ЦIе яьлла вайн цIийнах! ХьалагIатта, кIант, хьала, тIелетта-м вац хьо оцу гIантана?!
Ц I о к ъ б о л а т. Со цIа ца вогIу.
Б а р з а. Ой, хIун ю цо юьйцург? Хьалхавала!
Ц I о к ъ б о л а т. Со халкъан дуьхьа кхузахь Iийр ву!
Б а р з а. Сол, хьан дел доккха халкъ дац хьуна. Хьалхавала, соьга хьо лаза а ца войтуш…
Ц I о к ъ б о л а т (юстах а эккхаш).
И ца боху митингехь! Халкъан маршо ю уггар лекха!
Б а р з а (цунна тIе а хьодуш).
Цкъа сан каравагIахь, ас маршо-м гойтур ю хьуна.
Ц I о к ъ б о л а т (юьстах а эккхаш).
Декъала хуьлда исполком ПУЖКХ! Хунта не пройдет!
К у р п а т у (елха а ийзалуш).
Нана яла хьан! Галвала воллу техьа хьо а?
Ц I о к ъ б о л а т. Сан хIинца цIа ван йиш яц! Революцина тешаме хила биъна дуй бу! Шуьшиъ цIа гIо. Шуьшиъ кхузахь долу кхо бутт а бу, со охьавеъна кIира а дац.
Б а р з а. Вухаверза. Кеста гIа дужур ду, тIаккха ас сайца талла а вуьгур ву хьо.
Ц I о к ъ б о л а т. Ца лаьа суна.
Б а р з а. Яло, зуда, и цIа вогIур волуш вац! ТIаьхьара зама ю хIара, дена кIант дуьхьал а волуш… Ша кхетчхьана, цIа вогIур ву хьуна.
К у р п а т у. Со кхера ма кхоьру цунна цхьаъ хиларна.
Б а р з а. ХIумма а хир дац. Жима вац.
К у р п а т у. Цуьнан да волчу хьан корта а хьовзийна хилча, цуьнан хIун бехк бу… Схьалаца, цIа вига веза вайшимма иза.
Б а р з а. Мичахь ву иза? Вац! Лечкъина-кх шен дехненах. Иштта зама ма ю хIара. Яло, хIинца тIаьххьарчу автобуса тIе мукъна а кхиа вайшиъ. И дIа а яхна, юха а кху жинийн базара юккъехь дуьсур ду вайшиъ.
К у р п а т у. Вало ткъа. Эвлаяийн кара дIавели-кх ас хьо, кIант. ДIадоьду.

## VIII сурт

ГIалара цIа догIу Барзий, Курпатуй кхочу шайн эвла йисте. Цкъа а хилла йоцушлагбаум а гой, цецдолу и шиъ.
ТIехдала гIоьртича, сацадо цхьана къорза духар долчу гвардейцо.
Г в а р д е е ц. Совца, ког сехьа ма баккхалаш!
Б а р з а. Ой, и ду хаза! Тхайн юьрта цIа дахка йиш яц тхан?
Г в а р д е е ц. ХIара иностранни граница ю! Ког сехьа ма баккхалаш!
Б а р з а. Ой, хIара муха хуьлу иностранни гарнец, хIара тхан хьоме ГIачIарме хилча?
Г в а р д е е ц. ХIара таможенни служба безопасности
Чеченской Республики ю!
Б а р з а. ХIара хIун безопасност ю-м ца хаьа суна…
Тхоьга хIун де боху ахь?
К у р п а т у. Ватта, Цоки, хьо вац иза?
Б а р з а. И хIун ю ахь лелориг, ва жIаьла?!
Ц I о к ъ б о л а т. ЖIаьла дац! Вице-префект таможенной службы безопасности ГIачIармински регион ву.
К у р п а т у. Делах тешна, Делах тешна! Везандела, хьо орцахваьллахь!
Б а р з а. Регион-м вара хьо. Тхол хьалха хьо кхуза муха кхаьчна дийцахьа?
Ц I о к ъ б о л а т. Военни тайна! Дийца йиш яц!
К у р п а т у. Ватта, и ду хаза. Хьайн дех, ненах хIума лачкъо воллу хьо?
Ц I о к ъ б о л а т. Анонимность гарантирую клятвой на Коране!
Б а р з а. Тьпу, Делан наьIалт хьуна! Къуръан мукъана а ма хьехаде хIокху жинийн базарна юккъехь.
Ц I о к ъ б о л а т. ТIе ма гIорталахь!
Барзина тIе герз лоцу.
К у р п а т у. Ватта, дIабаккха и тоьпан хьокха, цхьанна дIагахь, эхь ма ду.
Ц I о к ъ б о л а т. Эхь дац! Дуй баа беза президента, премьера, вице-премьера, Джордж Буша, Маргарет Тэтчеро, Фидель Кастрос, Саддам Хусейна, Беназир Бхуттос,
Сажи Умалатовас, Махмуд Эсамбаевс – шена министр хила лаахь, – спикер паламенто; парламентареша, депутаташа, директорша, завскаладаша, хьехархоша, уборщикаша, сантехникаша, жIаьлеш

лоьцучара, акушерша, первоклассникаша, хьажоша, мажоша – массара а, массара а дуй баа беза!
Б а р з а. И хIун ю ахь юьйцурш, ва жIаьлин кIеза?!
Дуй иштта баа мегаш ма дац. Дуй эвхьаза баьккхича, хIара мохк а, халкъ а хIаллакьхир ма ду.
Ц I о к ъ б о л а т. Хир дац! Хьуначул дика хаьа исполком ПУЖКХ-на! Дуй массанхьа а, язбина, дIатоха беза!
Массарна а гуччохь, Ленинан портрет хиллачохь!
К у р п а т у. Я АллахI, хьо орцахваьллахь! Я АллахI, хьо орцахваьллахь! Жинийн хIуо кхетта!
Б а р з а. И хIуо кхетаза-м хьо а яцара!
К у р п а т у. Хьох кхеттачул тIаьхьа кхийтир-кха сох а!
Ц I о к ъ б о л а т. Революци тIекхачале, хIун лелош дара шуьшиъ?
К у р п а т у. Ватта, и ду хаза. Хьуна ца хаьа?
Ц I о к ъ б о л а т. Со пачхьалкхан балхахь ву! Хаттарш деш верг со ву!
К у р п а т у. Тхаьшшимма гуттар лелош дерг лелош дара-кх.
Ц I о к ъ б о л а т. Билггала?!
К у р п а т у. Наха леллориг!
Ц I о къ б о л а т. Нах бита! Шайх жоп ло! ХIун лелош дара шуьшиъ?
К у р п а т у. ХIун лелош дара? ХьаьжкIаш, кхоьаш, гIабакхаш, бежнаш…
Ц I о к ъ б о л а т. И ца хоьтту ас. Партократаш-м дацара шуьшиъ?
Б а р з а. И хIун барт бу цу жIаьло хоьттург? Ас дуьйр ду хьо! Тхойша цкъа а партехь ца хиллийла ца хаьа хьуна?
Ц I о к ъ б о л а т. Со Iедалан стаг ву, суна тIе ма гIорталахь!
ТIе топ лоцу.
К у р п а т у. Стаг, вухавала. Ца го хьуна, иза лартIехь вац. Тоба остопируллахI! Схьавола, стаг, жимма схьа юьстахвала, цхьа хIума ду сан хьоьга хатта дезаш.
Барзий, Курпатуй юьстахдолу. ЦIокъболат шеконца хьоьжу цаьршинга.
Б а р з а. ХIун хатта йоллу хьо?
К у р п а т у. Ахь ойла йиний, ши сахьт хьалха вайшиннах дIакъаьстина иза кхуза муха кхаьчна?
Б а р з а. Со тIаьхьакхуьуш хIума-м дац хIара.
К у р п а т у. Вайшиннал хьалха кхуза кхаьчна ца Iаш, хIара шлагбаум а, цунна юххехь хIара жима оти дан а кхиъна иза.

Б а р з а. Иза ма ду со цецвохург а.
К у р п а т у. Я иза Дала боккха ницкъ белла стаг ву…
Б а р з а. ХIун ницкъ белла?..
К у р п а т у. Хьалха эвлаяашна Дала шайна луъучу дIакхача ницкъ луш ма хилла…
Б а р з а. ДIаялахьа, хIун ю ахь юьйцург?.. ХIокху хих волуш виран цIога а лацаза йолчу мераIуьргах хуьлу эвлаяъ?
К у р п а т у. Ватта, кхин неханаш хIун тоьлуш бу моьтту хьуна вайчул. ТIаьхьарчу заманахь эвлаяаш, нахана бу-бац а ца хууш, хир бу ма боху.
Б а р з а. ТIаьхьара зама-м яра хIара. Сан доьзале ма хьаьжжи, хуур а ма ду хIара тIаьхьара юйла…
К у р п а т у. Ткъа ца теша хьо вайн Цоки эвлаяъ хила мега бохучух?
Б а р з а. Ца теша дера, ва Iовдал. МераIуьргах хуьлу эвлаяъ?
К у р п а т у. Эвлаяъ вацахь, иза жинашца тайна-кх.
Б а р з а. И хила мегаш а ду хьуна. Я шайтIанашца тайна хила а тарло.
К у р п а т у. Ма аьллахь иштта. Дала ларвойла царах…Вайшимма хIуъа дина а, цуьнга шега схьадиййциййта деза, ша кхуза муха кхаьчна.
Б а р з а. Хьажал, хьайн хIун хуьлу.
ЦIокъболатна тIедоьдуший а.
К у р п а т у. Цоки, со евзий хьуна? Со хьо вина, хьан нана ма ю.
Ц I о к ъ б о л а т. Жимма дагайогIу.
К у р п а т у. Со лолда хьан, Цоки, хьуо тхол хьалха кхуза муха кхаьчна дуьйцур дацахь!
Ц I о к ъ б о л а т. Дийца йиш яц, Къуръан тIехь дуй а бууш, чIагIо яйтина соьга.
К у р п а т у. Куьйга-уьшарца мукъана а гайтахьа.
Ц I о к ъ б о л а т. Дика ду.
Куьйга-уьшарца гайта хIутту.
К у р п а т у. ХIа-а, цIерпоштаца веъна-кх хьо!
ЦIокъболата корта ластабо.
Б а р з а. ЦIерпошт муха йогIу хIокху ломах ирх, йиллина цхьа а рельс а йоцуш? Ва Iовдал!
ЦIокъболата юха а уьшаршйо.
К у р п а т у. Хьажал, Хьажал, ас элирий хьоьга? ТIома а ваьлла, веъна хьуна. Эвлаяъ бен ван йиш юй, тIома а ваьлла?
ЦIокъболата корта ластабо.

Б а р з а. Ма ехьа гIовгIа, ва Iовдал!
ЦIокъболата кхидIа а суьрташхIиттадо.
К у р п а т у. Со-м ца кхета цо дуьйцучух.
Б а р з а. Со кхета хьуна цунах-м. Вертолет ду цо дуьйцург. Кхеран хьаьким а ву и чIогIа дезаш.
ЦIокъболата корта таIабо, тIаккха бета тIе пIелг а буьллуш.
Ц I о к ъ б о л а т. ГIовгIа ма е! Нагахь цхьамма хаттахь, ас шуьга хIумма а ца аьлла шуна.
Б а р з а. Дера кхаьчна хьоьга а гIеххьа гIуллакх – хIара мезех юьзна, къелла ялла йоллу юрт ларъяр. Хьоьга ца кхаьчча, соьга кхочур дара хIара. Къуръанор, ца хIоттийна Теркан тIай тIехь-м, хIума йолучу. Яло, зуда, цIа доьду вайшиъ, ша кхетчхьана, хIара а цIа вогIур.
Ц I о к ъ б о л а т. Собар! ХIун ю шун тIоьрмигаш чохь?
К у р п а т у. Вай, нана яла хьан, хIун хир ю тхан тIоьрмигаш чохь? Бомбанаш хир ю-м ца моьтту хьуна?
ХIара ши бепиган булка а ю, ши кийла жижиг, вайн децера ахча а даькхина эцна, хIара кIайн киса а, вуо-дика хилахь а аьлла эцна.
Ц I о к ъ б о л а т. ХIара бепиган булка ас революцин чоьта йоккху. Мацвелла со.
К у р п а т у. Вай, нана яла хьан, зорха талхор ма бу ахь, хIума а ца юуш кхузахь латтахь. ЦIа волахьа, ас жижиг кхехкор дара хьуна.
Ц I о к ъ б о л а т. ЦIа ван йиш яц! Со постехь ву!
ДIаяло, дIаяло! Сан йиш яц хьоьца къамел дан.
Б а р з а. Схьайолалой яла! Вита иза! Тамаша бу-кх цунах суна стаг хилахь… Цхьа Делан къинхетам ца хилахь, галваьлла иза.
Ший а дIадоьду.

## IX сурт

ГIалара догIуш долу Барзий, Курпатуй кхочу шайн керта.
К у р п а т у. Ватта, ватта! Ков а ду диллина! Нехан бежнаш ду кертахула хьийзаш.
Б а р з а. Неханаш делахь а, вайчех-м дац гуш цхьа а хIума: бежна а, я котам а, я йоI а…
К у р п а т у. Бежнаш-м дажа дахна хир дара, ткъа котамаш мича яхна?
Б а р з а. Уьш а яжа яхна-кх.
К у р п а т у. Яжа муха йоьлху уьш, кху кертара арайовлуш а ца хилча?

Б а р з а. Кертара араволуш а воцу со а лийли и-м, гIала а вахна, кхаа баттахь гергга, вежаш.
К у р п а т у. И йоI мукъана а мича яхна ткъа?
Б а р з а. Иза а цхьанхьа яжа яхна-кх.
К у р п а т у. Бегаш бечохь-м дац хьуна вайн гIуллакх…
ДIахьажахьа оцу дуога.
Б а р з а (цецволий, шок локху).
ЦIе йожа хьо белхан!
Дуо буьззина хилла хьаьжкIаш, ах а ма ца йисна. Уьшмича яхна?
К у р п а т у. Оцу дуо буха хьажахьа. Дехкаша охьааьхьна-кх.
Б а р з а. Ой, уьш оцу дуо чу муха девлла? Аьчган сетка а тухуш, чIагIбина ма бара сан иза.
К у р п а т у. И ца хаьа хьуна суна.
Б а р з а (тIе а воьдий, дуога хьожуш).
Кхузахула хьаьжкIаш оьцуш, сетка схьаяьстина, дIа дикка ца къевлина. Дуо тобан хIутту.
К у р п а т у. ДIакъовлаза ду-кх вайн массо хIума а.
Нуй хьакха йолалуш.
Со цIера яьлчхьана нуй хьаькхна а ца хилла кху кертахь-м. ЦIена юьхьIаьржо ю-кх хIара. Цкъа а хилла яцкха сан керт иштта боьха.
Эццахь етт Iоху.
Б а р з а. Цхьаъ цIа кхечи хьуна.
К у р п а т у (карара нуй охьа а тосуш, аттана дуьхьал а хьодуш).
Марша богIийла хьо, Деба! ЧIамий,
ТоргIаллий, Белкий мича бахна? Хьажахьа, эса а ма ду тIаьхьахIоттийна. Бехкина хилла-кх хIара селхана-тахна.
Катоьхна муж мало беза, тIаккха куьг хьакха деза, и ца дахь, шин телхар бу…
Б а р з а. Бехкина етт цIа бар а ду-кх цхьа гIуллакх.
К у р п а т у. Кхин маса ду уьш, цIа дан дезаш. Кхо етт, ши старгIий, шишинаррий.
Б а р з а. Царах-м догдиллинера ас. Гвардейцаша юьстахбаьккхина хир бу. Митингехь цхьа жижиган тарх юуш, чам вайн бежнийнчух тера хийтира суна.
Эццахь, божалан тхов тIера чу а кхоссалой, ека йолало котам.
К у р п а т у. ЭхI, сан КIужберг яц иза?

Эццахь нIаьна кхайкха хIутту.
Ватта, Чобаьккхинарг, хьо-м тхо цIа дахккалц Iаш хилла, кхайкха а ца кхойкхуш. Юхаерза хIинца!
Б а р з а. Дика бахам вовшахкхеташ лаьтта вайн-м.
Эццахь, неIаре а йогIий, схьахIуттуБикату.
Б и к а т у. Шуьшиъ цIа деъна?
Тийналла лаьтта цхьана юкъана.
Суна-м шуьшиъ кхин цIа а догIур дац моьттура.
К у р п а т у. Тхойшиъ делла моьттуш, паргIатъяьллера хьо?
Б и к а т у. ХIан-хIа, шуьшиъ гIалитIахь сецна моьттура суна, Iедало болх а, квартира а елла.
К у р п а т у. ХIа-ан, и моьттинера хьуна… Ткъа ас суо цIера йолуш хIун элира хьоьга, оцу кIанте а?.. Со цIа ян ца йоьду, элира ас? ХIахI?..
Б и к а т у. Ахь хьуо сихха цIа йогIур ю элира. Хьо цIа ца йогIуш цхьа кIира а, ши кIира а делира…Шуна тIаьхьа вахна Цоки гIалано дIалецира… Тамашийна хIума-м ю и гIала, ахь суна дIо туьйранахь бийцина саьрмик санна, дIа мел вахнарг дIакхоллуш… Ткъа ас хIун дан дезара, шу массо а къайлаваьлча?
К у р п а т у. Вай, нана яла хьан, кхоьрурий хьо, хьуо Iаш… Мараюллушен йоI.
Б и к а т у. Кхоьрура… Цундела ас кехат яздира… «Республика» газете… «Захало» клубе…
К у р п а т у. Ва нана яларг, эхь ма ду ахь динарг. Нах боьлур ма бу хьох. Иштта нахала йолуш ма ца хуьлу, маре яха дагадеъча.
Б и к а т у. Ахь айхьа ма олура, хьалха захало, массарна гуш, хийистехь дуьйцура. Цундела ас а яздир-кха, массарна а дIахаийта.
К у р п а т у. Хьо юьхьIаьржо, юьхьIаьржо… Иза кхин ма ду…Хийист, газет тайп-тайпана хIумнаш ма ду…Дуьхьал жоп деъний хьуна цхьаьнггара а?
Б и к а т у. Ца деъна… Цундела хIора дийнахь, почте а йоьдий, цигахь Iа со, и дIакъовллалц жоьпе хьоьжуш. Тахана а цига яхнера со.
К у р п а т у. Вай, вай, вай! Иштта лела мегар ма дац.
Мича дахна вайн бежнаш?
Б и к а т у. Хьо цIера яьлла шолгIачу дийнахь дуьйна цIа даьхкина а дац.
К у р п а т у. Ватта, уьш мича дахна?! Ткъа котамаш а ма яц гуш.

Б и к а т у. Уьш итт цхьогало яьхьна, пхиъ – куьйрано, вуьйш вайн эвларчу БичIос лечкъийна…
К у р п а т у. Ткъа шуьша хIун деш дара кху кертахь, делла-м дацара шуьшиъ?
Б и к а т у. Шуьшиъ цIера даьлчхьана Цоки наггахь бен чувогIуш вацара, со кхоьрура араяла.
К у р п а т у. Ва-а, корах ара а йиллина, шалго топ кхуссур яр-кха. Буьнчохь мел йолу котам дIа муха йохьуьйту?!
Б и к а т у. Со кхоьрура…
К у р п а т у. Ватта, цхьогалх, куьйранах кхоьрура хьо?..
ХIетталц цара дуьйцург хезаш, дуо тобеш Iаш хилла Барза волало цушинна тIе, лаьттахь Iуьллуш болу муш схьа а оьций.
Б а р з а. Кхоьрура тов! ВаллахI, ца кхоьрура. Газете и кехат яздина, тхо юьхьIаьржа хIитто а ца кхийрина хьо-м.
Стенна дуьйцу ахь цуьнца хабарш. Цкъа ас муьшах яьккхичхьана, кхетар ю хьуна! Аш соь эца баьхна веревка бу шуна хIара.
К у р п а т у. Ма тохалахь, ма тохалахь! Дас тухуш товш дац. Ас айса тухур ю. Ас айсса. ХIинцца. Схьаба и муш а… Яло чоьхьаяла! Сихха яло!
ЙоI а оьций, цIа чуйоьду.
Б а р з а. ВаллахI, тухур яц. Мича тухура цо?
Чуьра аьзнаш хеза. Курпатун аз. ЧIогIа: «Ас юьйр ю хьо!», меллаша: «Хьуо йоьлху сурт мукъана а хIоттаде».
Хьажал, со Iехон гIерташ ю. ДIаяла, зуда, эрна къа а ца хьоьгуш, IаддаIе. Ахь цунна тухур яц. Кест-кеста ас хьуна а, ахь царна а тухуш хиллехь, хIара гIуллакх кху тIе даьлла а хир дацара.
Ойла еш, кIадлой, охьахуу.
Вуьшта цу йоьIан а хIун бехк бу? Цо динчул тоьлаш ду цу гIалахь ас лелийнарг? Я суна тIаьхьа а еъна, хIокху зудчо лелийнарг? Оццул дуьне а, нах а гина волу со а галваьлча, хIун хьекъал хир ду кегийчеран? Воккха верг а, куйна тIе аса мел йихкинарг а зуда яло гIерташ лелаш хилча? Схьайола, схьа араяла, зуда! И кепаш а ца хIиттош, вайн юучунна гIайгIа бе.
К у р п а т у (ара а йолуш).
Хьекъал ма дац кегийчеран! ЧIогIа халахетийта а ма ца лаьа. Яьлла, цхьанхьахула дIайодахь, я, Дала ма дохьийла, ша шена тIе куьг

кховдадахь…
Б а р з а. Цуьнан муха хуьлу хьекъал, хьан а ца хилча.
К у р п а т у. Кхин тхуна ала хӀума долуш-м хьо а вац хьуна.
Б а р з а. Хаьа суна. Цундела ма ву со Ӏадда Ӏаш а, шу массо а муьшах ца воккхуш. ХӀинца эрна хабарш а ца юьйцуш, юучунна гӀайгӀа бе.
К у р п а т у. Кху кертахь хьакхо ахьарх я демах хӀумма йисний техьа? Ванах, стаг, оцу даьхнех а, котамех а кхин хӀумма а схьакхетар дац техьа вайх?
Б а р з а. Бакъдуьненчу вай дӀадирзича, цигахь Делан лаам хилахь, гур ду-кх хьуна хьайн дайна даьхний а, котамаш а.
К у р п а т у. Хьо хьайниг ца дуьйцуш ма Ӏелахь!
Б а р з а. ДӀаялахьа, зуда, ткъа шо хьалха санна, юха а дӀадолалур ду вайшиъ бахам вовшахтоха.
К у р п а т у. Гуттар а йолалушю-кх со, цкъа а неханаш санна, яха охьахуур йолуш а яц.
Б а р з а. ХӀумма а дац. Хьайн къоналла дагалоцур ахь… ХӀетахь, ткъа шо хьалха, сан нанас етт-эсий делла, хьан нанас котам-нӀаьний елла, даха ма хиира вайшиъ.
К у р п а т у. Ӏоттар ца еш ма Ӏелахь.
Б а р з а. ХӀун Ӏоттар юьйцу ахь, зуда?
К у р п а т у. И сан нанас елла котам-нӀаьний стенна хьехайо ахь?
Б а р з а. Вайъ, цо елла дела хьехайо-кх. Харцдерг дийца бакъо ма яц Мохьаммад-пайхамаран
(Делан салам хуьлда цунна) умматах волчу стеган. Цо эмкал еллехьара, эмкал а хьахор яра…
К у р п а т у. ДӀаваьл дӀа. ЦӀе лато дечиг даьккхиний ахь?
Б а р з а. Дечиг-м долуш дара… Карийн хьуна хӀумма а?
К у р п а т у. ХӀара цхьа деман цинц-м карий. ХӀун йича бакъахьа дара техьа?
Б а р з а. Сихха йина ерриг.
К у р п а т у. Делахь ас худар дийр ду. Жимма кӀалд а, даьтта а дара аса кху шина берана ца хуучу дӀадиллина, хьаша-да вагӀахь а аьлла… ОцухенахьСагӀадоьхург хӀуттунеӀаре.
С а г Ӏ а д о ь х у р г. СагӀийна хӀума лойша! Делан дуьхьа!
К у р п а т у (оьгӀазе).

Оцу гӀалахь а кӀордийнера суна хьо… ХӀинца хьо вара хьуна кху доьхначу дагна тӀеоьшуш…
СагӀадоьхург дӀаваха дӀаволало.
Б а р з а. ХӀей воьдург! Собардел цкъа! Схьавола кхуза! ХӀан, хӀокху цӀентӀехь долу ахча хӀара ду хьуна.
С а г І а д о ь х у р г. Дерриге а ма ло…
Б а р з а. ДӀаэца ахь. СагӀийна луш ма ду ас хӀара.
С а г І а д о ь х у р г. Дала сагӀа дойла хьан хӀара! Хьо а, хьан доьзал а бохамах, баланах ларбеш.
ДӀавоьду.
Б а р з а. Бохамах, баланах… Хьалххехь, иза чеха а ца войтуш, сагӀа деллехьара… ХӀара ца хила а тарлора…
Оцухенахь, чӀоггӀа сигнал а тухуш, хьалхарчушина чкъурга тӀе хӀотто гӀерташ санна, «Вольво» машено тормозаш а тосуш, схьакхочу замой. Царах цхьаьнгахь автомат ю.
1 - г І а З а м о. Кху чохь Іаш юй Барзанакаева Бикату?
Барзий, Курпатуй, дист ца хуьлуш, цхьана юкъана Іадийча санна дуьсу.
2 - г І а З а м о. Шуьша дист ма ца хуьлу?
3 - г І а З а м о. Бикатун дай-наний хир ду шуьшиъ.
Б а р з а. Ду. Шу лаа лелий?
1 - г І а З а м о (накъостана тІе пІелг а хьажош).
Делахь хІара шун нуц ву шуна.
3 - г І а З а м о. Мичахь ю Бикату?
Б и к а т у (чуьра ара а эккхаш).
Со ю-кх. Со ю Бикату. И-и, ма хаза а ю шун машен!
2 - г І а З а м о. Нормально!
3 - г І а З а м о. Ее на заграницу надо толкнуть.
2 - г І а З а м о (накъостехьа корта а тосуш).
ХІара реза хилахь.
1 - г І а З а м о. Со-м реза ву, я таких вагон достану.
3 - г І а З а м о. Хьо ярий «Республика» газете кехат яздинарг?
Б и к а т у. Яра.
Б а р з а. Делан наьІалт хуьлда шу къотІарчашна! И хІун суд ю аш сан кертахь хІоттийнарг? Со велла ву-м ца моьтту шуна?..

3 - г I а З а м о. Хьо Iадда ца Iахь, вала-м волуьйтур ву.
Автомат дIасатуху. ЦIа чухьодий, шалго топ а оьций, араэккха Барза.
Б а р з а. Яхийта кху кертара, ас топ етта шуна!
ТIехула топ кхуссу. Замойх цхьамма, автомат тухий, охьавожаво Барза.
3 - г I а З а м о. Пора рвать когти.
I - г I а З а м о. Схьадададел Бабин кIорни.
ТIекхетий, Бикату ядайо. Цунна гIо до 2-чу Замочо. Цу шимма машен чу туху Бикату. Кхин цкъа автомат а тухий, машен чу хуу 3-гIа Замо. Машен дIаоьккхуьйту, къайлайолу.
К у р п а т у. Ва-а, орца дала! Орца дала!
Йоьдий, Барзина тIехIутту.
Б а р з а (халла).
Я АллахI… Вий-кх со цара…
Барза дIаволу.
ХIара дуьне Iадо санна, Курпатун мохь болу: «Ва-а, орца дала! Орца дала!»
Цхьалхха имохь есаллехь бека. Цхьанна а ца хеза иза.
Шийла мох хьийза сцени тIехь.
Къора тийналла.

К и р х ь а.

# ШАТІЕХЬЙИНА ГІАЛА

**ШатІехьйина гІала**[7]

Шина декъехь трагикомеди

Д а к ъ а л о ц у р ш:

И с р а п и л

С а н е т – ц у ь н а н з у д а

В а з р а и л –

И с р а п и л а н д е в а ш а

М а х ь а

Б е к е х ь а т

Б I а г I о р – милцо

З а в а л у

Ж а р м а н

Ж и м а с т а г

Ш и к I а н т

М у б а р и к

В е в з а ш в о ц у р г

Б е р з а н г I а л а р т

Хилам дІабоьду ламананюьртахь а, Соьлжа-гІалахь а XX бІешеран 90-чушерашкахь.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

**I сурт**

Іуьйре. Сатесна, амма малх хІинца а схьакхетаза бу.

Исрапил ву, топ а карахь, рагІукІеларчу паднара тІехь дІатевжжинчохь вижна Іуьллуш. Цунна гІан го:

«Исрапил... Исрапил…Дукха лекха ма йотталахь…

Чувужур ву хьо!» Эццахь: «Іа-а-а», – олий, мохь а болуш, самаэккха иза, паднара тІера охьа а вужуш. Цунна тІехь лаьтта Санет.

С а н е т. Делах тешна! Делах тешна! Ахь хІун до, стаг?! Делан цІе яккха.

И с р а п и л. ХІун до ас?

С а н е т. Набарх мохь хьоькхуш ву-кх хьо.

И с р а п и л. ЭхІ, сан корта… И ма тамашийна хІума дара…

С а н е т. ХІун дара тамашийна?

И с р а п и л. Суна гина гIан дара-кх тамашийна хIума…
Цхьа лекха, лекха гIала юттуш ву со… Цхьана шерачу, кIайчу тIулгех… И юттуш суна новкъарло еш, и дукха лекха ма йотталахь бохуш, цхьа тамашийна аз дара. И йоьттина со воллушехь, оцу буьххьехь гучудаьллачу цхьана экхано… чукхоьсси со… Барзах тера дара и экха.
С а н е т. Дала диканиг дойла. Тамашийна гIан ма ду иза.
И с р а п и л. Тамашийна хилар ма дийца ахь, цо сан холчахIоттор… Хьацаран хIорд хилла-кх сох.
С а н е т. Вуон гIенаш гур дац, хьо Iуьйккъелц кехатех ловзуш а ца Iаш, хьайн ламаз а дина, Делан цIе а яьккхина, дIавижахь.
И с р а п и л. ХIинца хьайн моллин къамел ма доладелахь. Суна дукха жима волуш хезна, зударий моллин къамел дан буьйлабелча, дуьне духур ду бохуш.
С а н е т. Делахь ас сайн къамел сацадо хьуна! Дуьне дохийта-м йиш ма яц.
И с р а п и л. Сацийча бакъахьа ду. Мича яхара сан цигаьркаш? Цигаьркаш лаха хIутту. Оцухенахь машенан тата хеза.
Машен соцу.
ХIара мила ву техьа, са а тасале кхуза вогIург?
С а н е т Ваши ву-кх! Марша вогIийла, Ваши.
В а з р а и л. Делан маршалла хуьлда!
И с р а п и л. Марша вогIийла, Ваши! Хьо ма Iуьйрре араваьлла? Сингаттамна-м ца лела хьо?
В а з р а и л. ХIан-хIа. Iуьйран ламаз ма диннехь, новкъаваьллера со. Шуна са а гатделла. Бакъдуй и суна хезнарг?
И с р а п и л. ХIун ду иза?
В а з р а и л. Хьан уьстагIий дайна бохуш ма дийци соьга.
И с р а п и л. ХIокху кIиранчохь итт уьстагI-м бай.
В а з р а и л. Доккха хIума ду-кх цхьана кIиранчохь итт уьстагI байна бохург. Хьо велла-м вац кхузахь?…
И с р а п и л. Уьш цхьана дийнахь ма ца дайна, цхьацца бовш…Суна уьш сайн довш дуйла хаале, иттех дIабаьлла.
В а з р а и л. Иттех дIабаьлла… ВаллахIи, хир вацара хьуна хьо иштта паргIатваьлла Iаш, лахенца дерг хьайна хаахьара-м.
И с р а п и л. ХIун ду цигахь, суна ца хууш?

В а з р а и л. Мацалла ю-кх тIегIерташ, борз санна.
Жижиган кийланах – цхьа бIе, ахь бIе туьма… Ойлаел ахь айхьа мел зен дина, итт уьстагIа а байина? ХIорш даккхийчу хIух уьстагIий ма ду – мел лахара а ткъа кийла жижиг дер ду хIораннах. Цхьаннах – ткъе итт бIе туьма ахча! Иттаннах – ткъе итт эзар туьма ахча!
И с р а п и л. ВаллахI, ас сайн хирг-м дира.
В а з р а и л. ХIун дира ахь?
И с р а п и л. Дуй баийтир-кха.
В а з р а и л. ХIун дуй? Хьаьнга? Муха? Хьох а кхетта и цамгар: оьшучохь а, ца оьшучохь а дуйнаш баийтар.
И с р а п и л. Ас-м ца оьшуш хьаха ца баийтина, суо шек вол-волчуьнга баийтина-кх.
В а з р а и л. Уой, хьаьнга баийтина ахь?
И с р а п и л. Кериме а…
В а з р а и л. Уой, бIаьрзечу Керимей? Делах а эхь ца хийтира хьуна цуьнга дуй баа олуш?
И с р а п и л. БIаьрзе велахь а, уьстагI ца гуш вац хьуна иза а… Ган ца оьшу, куьйгаш хьаькхча а хаалур бу уьстаг1. ТIаккха Бахьарче а баийтира.
В а з р а и л. Уой, ахь хIун юьйцу? Ког боцчу Бахьарчас муха лачкъабо уьстагI?
И с р а п и л. Ког бацахь а, жижиг дукхадезаш борз ю хьуна иза-м. ТIаккха БIагаше а баийтира…
В а з р а и л. И хIун ю ахь юьйцург, шозза ХьаьжцIа вахначу БIагаша муха лачкъабо хьан мезех буьзна уьстагI?
И с р а п и л. Со ца теша! Со цхьаннах ца теша! Со сайх а ца теша! Цундела дуй баа беза массара а! Массара а!
В а з р а и л. Ма хьекха мохь! Хьох шайтIанийн хIуо-м ца кхетта? Ткъа верриге маса ву ахь дуй баийтинарг?
И с р а п и л. Ткъех стаг.
В а з р а и л. Кху юьртахь а ма вац шовзткъа стаг бен.
И с р а п и л. Делахь нийсса ах юьрте ас дуй баийтина-кх хьуна.
В а з р а и л. Дика пайда бина ахь-м, итт уьстагI а байина, вайца ах юрт эгIийна.
И с р а п и л. Ткъа хIун дийр дара ас: суьйранна керта чулоххуш 32 уьстагI бу, Iуьйранна – 31. ШолгIачу Iуьйранна

– 30, юха – 29. Иштта хIора буса цхьацца уьстагI бов-кх.
Собарделахь, Ваши, сийсара хIун хилла хьажа со.
УьстагIий дагардан воьду. Кестта вухакхочу.
Ваши, сийсара а-м баьхьна цхьаъ.
В а з р а и л. Хьан баьхьна?
И с р а п и л. Кху юьртахоша… Цара ца баьхьча, хьан хьур бу иза?
В а з р а и л. И ду хаза, уьш наха лечкъийна я ца лечкъийна хьуна хIун хаьа? ХIун хаьа барзо…
И с р а п и л. ХIан-хIа, барзо и тайпа хIума дийр дац.
Борз турпал ю:
Буьйсанна борз ехкаш,
Дуьненчу ваьлла со…
В а з р а и л. Кхин дIа ма лакхалахь! Хьо борз ехкаш а ца вина, июль баттахь, аьхкенан чилла чIагIъеллачу хенахь вина, дийнан делкъехь.
И с р а п и л. Борз Делан туркх ю ма боху, цхьа гIуда хьаьрчинчунна бен тIе а ца кхевдаш.
В а з р а и л. И хIун туьйранаш ю ахь юьйцурш? Дала хьоьга хьайн даьхнина дола де боху, чохь вижна а ца
Iуьллуш.
И с р а п и л. Дола деш вац со ткъа?
В а з р а и л. Цхьа буьйса ларъехьа… Армехь ца хилла хьо? ДIа а хIоттий, хьайн уьстагIашна тIера бIаьрг дIа а ца боккхуш, латтахьа. Герзах хIума юй кху кертахь?
И с р а п и л. Ю. Цхьалго топ, шозза лаг озийча, цкъа йолуш.
В а з р а и л. И пайде яц. ГIой цхьанхьара герз да.
И с р а п и л. Сан-м йиш яц кху цIера цхьана сохьтана а аравала. ХIара даьхни а дитина.
В а з р а и л. Хьо иштта тIехь лаьтташехь хIора буса довш хилча, хьо тIаьхьара ваьлча, хIун хир дара кхарах?…
Хьада, дIавало, ахтомат еха цхьаьнга хIокху цхьана буьйсанна, суна хуур ду хьуна хьан керта вуьйлург мила къу ву-м.
И с р а п и л. Ас хьаьнгара йоьхур ю ахтомат?
В а з р а и л. Ой, цхьа а милцо вац кху юьртахь?
И с р а п и л. ХIан, ву, дIо эвлайистехь Iаш, БIагIор, бIаьрга чу рикошет кхетта, цхьана бIаьргана 25 процент бен са гуш а воцуш.
В а з р а и л. Цуьнгара ехахьа.

И с р а п и л. Дика ду! Иза-м ледара вац, лур ю цо автомат.
Араволу.
В а з р а и л. Санет, хьо кхин хIума ала дагахь-м яцара?
С а н е т. Дагахь-м шортта дара сан…Кийра буьззина.
В а з р а и л. Схьаала ткъа, бассабе хьайн кийра.
С а н е т. ВаллахI, суна-м эхь а хета хIара хьоьга дийца, делахь а хIокху стеган, хьо воцург, кхин гергара стаг а вац…Хьоьга ца дийцина, хьаьнга дуьйцур ду?…
В а з р а и л. Схьадийца ахь. Схьадийца ахь, лечкъа а ца деш.
С а н е т. Ахь нийса бохура, хIара даьхница бала болуш а вац… Ойла тIе ца йоьду-кх цуьнан. Эвлаюккъехула лела сарралц, сарахь кехатех ловза цхьанхьа чугулло…
В а з р а и л. Ахь тIеерзаехьа цуьнан ойла бахамна, цIенна, даьхнина…
С а н е т. Сан гIуллакх-м ца хуьлу…Цул а тхойша эцца гIала охьадеъча, шуна генахь доццуш цIенош а нисдина…
В а з р а и л. Санет, дукха яхарг, шу уллохь ца дезаш со а ма вац… Делахь а хIинца цIенойх хIун доккху хаьий хьуна?Мел лахара а – бIе миллион…Дуй шуьшиннан и ахча?
Сан-м дац. Со хьалха хьаьким хиллехь а, хIинца хIумма а ма вац. И пенси эхашарна далаза ду. Эцца халла лол бетташ воллу-кх…Ала дашна, оьцур вай и цIенош. Цига охьадеъна хIун дан доллу шуьшиъ? ХIун професси ю шуьшиннан?
С а н е т. Эцца, наха санна, цхьа мали предприяти схьа а йиллина…
В а з р а и л. Предприяти схьаелла ахча хила ма деза, юха цхьана хIуманна охIла а хила веза…Цу тIе гIала хьалхалерниг ма яц. Талорхой, къуй, сагIадоьхургаш… Дийнахь-бусий масех стаг воь, я доьза вов. Эхь-иман а дац.
Машенаш, светофор тергал а ца еш, шайна луъучухула дIасахоьхкуш ю. Хи дац цIандеш а, я догIуш а, нехаш яц дIайохуш а, йоьхна канализаци…Цигахь-м кеста ун даьржар ду. Шуьшиъ хIунда догIу оцу жоьжахати чу, хIара ялсамане а йитина? Кхузара хIаваъ?! Хи?! ХIун ду церан меха? Эца ца оьшуш, мала шура, морза, даьтта, кIалд, ен котам, уьстагI! Кхин хIун оьшу ваха гIертачу стагана?
С а н е т. Иза-м ду – даий, малий. Кхин совдаьлла хIума дац-кха. Машен эца а, тIеюха а…

В а з р а и л. ДIаяла, ахь хIун дуьйцу? Машен муха оьцу хIокху заманахь? ХIора дийнахь дазлуш бензин ду…
Кестта вообще хир а дац. Кхузара меттах ма даьллаш!
С а н е т. Дика ду, Ваши, ахь бохург дийр ду аса-м.
Арайолу со.
ДIа а йолалой, ша-шега йистхуьлу.
ХIара дерриг дуьне а дуьйхи-кх, тхойшинна гIала даха дагадеъча, къуй а бевли, ун а даьржи, бензин а даздели…
ХIетте а юьрта хьала-м ца вогIу, и жоьжахати а йитина…
Тхойшинга Iен боху.
ЧувогIуИсрапил.
И с р а п и л. ХIан, Ваши, хIара ю хьуна ахтомат.
В а з р а и л. Тховса хьан уьстагI ца хьо-кх хьуна цхьамма а.
И с р а п и л. Тоха хаьий хьуна?
В а з р а и л. Дукха чIогIа хаьа, Сталинан заманахь дуьйна герз лелийна ма ву со. ХIинца аса дIа а таьIна, наб йийр ю. Тховса сема хилархьама.
И с р а п и л. ХIумма а оьший хьуна?
В а з р а и л. ХIумма а ца оьшу.
Чувоьду.

**II сурт**

Буьйса. УьстагIий чулаьхкинчукертана юьстахо дIа а хIоьттина, ха деш лаьтта Вазраил.
В а з р а и л
(Ша-шега).
Ванах, доккха хIума ду-кх и экха делахь. Латийна йоккха лампа а ю, цIийна юххехь а ду… Экха делахь а, майрий, хIилла долушший экха-м ду.
ХIа-а, уьстагIийн лергаш догIаделла. Цхьа кхерам хьаха бу царна хаалуш. Дакъаза ма довла шу, хIора буса иштта са хьош хилла-кх шун… Хьажахьа, и хIун яра? Борз?!
Дукха хала кхоссаелин кертал чоьхьа? Ткъа уьстагIий меттах дIа а довлий? Iадийча санна, лаьтташ ду. ХIайхIай, дукха ледарниг къастийн? ВаллахI, дIа-м ца йоьду хьуна хьо, иза а эцна.
Автомат тухуцкъа-шозза, хьодий схьакхочуИсрапил.
И с р а п и л. Мила ву? Мила ву?

В а з р а и л. Мила вац, борз ю. Кхин дӀалелар а йолуш-м яц. Вало, Ӏуьллу хьуна хьан уьстагӀий кхехьна къу.
И с р а п и л. Ян а ма ю борз! Стен а ю, цхьадика.
Кхунна хӀун дан деза суна хаьа хьуна. Ялале цӀога схьадаккха деза. ТӀаккха тӀехьара ши ког а, ши гӀулг а схьадаккха деза.
В а з р а и л. КӀант, хӀун дан гӀерта хьо цу барзана?
И с р а п и л. Суна хаьа хьуна, Ваши, кхунна хӀун дан деза-м. Дика кхетта хилла жӀаьлина. Варех кхетта, вортанна юххехула тӀеяьлла. Цундела цӀоганах ка тоха а ца кхиъна.
В а з р а и л. Ма чӀогӀа дуьйцу ахь и цӀога.
И с р а п и л. О-о, кхунах хӀун дан деза суна хаьа хьуна.
Чекхъели вайн биднякийн зама!
В а з р а и л. ДӀавалахьа, кӀант, и наха юьйцуш туьйранаш ю, берзан цӀога тоьхча и хуьлий, кхин хуьлий бохуш.
Цхьа а хӀума а ца хуьлу, тӀетаьӀӀина болх ца бича…
И с р а п и л. ХӀинца хӀун дан деза-м суна хаьа хьуна,
Ваши.
В а з р а и л. Со чувахна, дӀатаӀа воллу, хезий хьуна? И борз айхьа йийна аьллахь. Суна товш дац, къанвеллачу дийнахь берзалой йойъушлелашву, вешин кӀант чохь вижна а Ӏуьллуьйтуш бохуш, къамелаш дийцийта.
Чувоьду.
И с р а п и л. Хабарш шайна луъурш йийца, амма кху юьртахь хьовха, кху махкахь а сайна хета порядок-м хӀоттор ю. Хьай даьдиса хьан, цхьа Рапил, ши Рапил…
Исс – рапил.
Гучуйолу, бӀаьргех куьйгаш а хьоькхуш, Санет.
С а н е т. Хьо хьаьнга луьйш ву, къонах?
И с р а п и л. Сой?! Со Далла хастам беш ву-кх, хӀара борз вайн керта хьажорна.
С а н е т. Ватта, и хӀун ду ахь дуьйцург? ЛартӀехь доццург дага а догӀу хьуна-м.
И с р а п и л. Цкъа схьайоьл хьо кхузза, тӀаккха хуур ду хьуна ас хӀун боху-м.
С а н е т. Вай-вай! Борз яц иза?! ХӀинца а елла а яц.
Кхералой дӀахьоду.

И с р а п и л. Ахь хIун до? Елла яцахь а, гIатталур йолуш яц хьуна.
Схьада диг.
С а н е т. ХIун дан воллу хьо?
И с р а п и л. Хуур ду хьуна.
Санет диг дохьуш тIейогIу.
Схьада ахь соьга. Хьажал, хIара берзан цIога ду. ХIокху цIоган тIехь цхьа чо бу, иза хьайна езачу йоIах ахь дIатухий, цунна хьо сил дукха везалур ву. И ца дайта, барзо ша ялале цIоганах ка а тухий, и чо дIабоккху. ХIинца и дан ца кхиъна иза. Ши дIаьндарг вортанна юххехула тIеяьлла, цундела ворта сатта ца елла цуьнга.
Диг тухий, схьадоккхуцIога.
С а н е т. Ой, лазайо ахь!
И с р а п и л. И хIун мохь бу ахь хьоькхург? ХIара лазон а, ен а гIерташ дац вай?
С а н е т. Ду… ХIетте а цхьа вон хета-кх, дийна йоллушехь…
И с р а п и л. Цул а хьайн уьстагIех хетахьа къа, дийна доллушехь хIокхо диъначу… ХIара тIехьара ши ког гой хьуна? Кхаьрца берзан пха бу. Нагахь и багийча, хIума лачкъийна волу стаг, и пха санна, хебий дIаволу.
Шозза диг тухий, ши ког схьабоккху.
С а н е т. Вай, Дела!
И с р а п и л. Стенна мохь хьоькху ахь? Кхин хьан ненаваша-м вац хIара борз? ХIара ши ког а оьшур бу хьуна. ХIара борз-м Дала вайн бина аьтто бай. ХIокху берзан цхьа а меже яц цхьана хIуманна пайде йоцуш. ХIара атта елуш а ма яц.
Берзан голашкара ши гIулг схьадоккху.
ХIара шиъ стенна оьшу хаьий хьуна? Цхьа вайна зуламе болчу нехан доьзална юккъехула даьккхича, церан барт, тIулгах тоьхча кхийран пхьегIа санна, боьхна дIабер бу.
С а н е т. Ватта, бакъ а долуш дуй техьа иза?
И с р а п и л. ХIинца вайна сатосуш хилар санна, бакъ-м ду. ХIинца гIой, урс схьадал. Кхунна тIера цIока схьаяккха еза.
С а н е т. Ой, дийна йоллушехь яккха гIерташ ву хьо?
И с р а п и л. Иза хIинца елла-кх хьуна, Исрапил-Малико зурманчу хIуп аллалц кхин ден а лур йоцуш.
Санет урс дан йоьду.

Къематдийнахь-м хIара хир ю ма бохий, дерриге а дуьне дохош, хьалкхначу мохана дуьхьал а йирзина лаьтташ, тIера цIока мохо дIа а яьхьна. «Суо иштта турпал юйла хиънехь, ас дуьненчохь дийна хIума дуьтур дацара», – эр ду боху кхуо. Дика ду-кх кхунна и ца хууш, хIара уьстагIий тоххарехь дIакхехьна яьлла хир яра… Схьада ахь и урс. Санетера урс схьаоьцу.
Кхунна тIера цIока яккха-м къематдийнан мох а ца оьшу хьуна. ХIара-м ас, элп алале, чIана йоккхур ю.
Исрапил борз тилон хIутту. Сатосу.

**III сурт**

Iуьйре. ДIаваха кетIа ваьлла Вазраил Санетца къамел деш лаьтта.
В а з р а и л. Доккха хIума ду-кх хIара кIант! Цкъа а воккха хилла дIагIур волуш вац. Дуьйцу хезна хIума а дуй, меркIелхьара уьстагIий барзе дIакхехьийтар. Шен х1усамна гуттар хехь латта ма веза, дийнахь а, буса а, вижа а ца вуьжуш. Ца латтахь, борз а йогIур ю, къу кертал чоьхьа а вер ву, кхерсташ мел лела жIаьла а схьадогIур ду – эвхьаза ер ю-кх хIусам. Ткъа бехк суна буьллур ма бу, шен вешин кIентан дола ца дин, цуьнан да схьавелахьара, иштта хир дацара бохуш. ВаллахI, ас сайн хирг-м до. ХIумма а ца оьшуьйтуш, хьала а ма кхии, ламаз-марха а Iамий, гIиллакх-оьздангалла а хьийхи, зуда а ялийна, охьа а хаий… ХIетте а цхьана хорша а хIьоттина, шен бахаман дола а деш, цунах воккха а веш, дIа ца воьду-кх… Я ас дукха коча Iамийна те хIара? Я… Маржа Исраил яI! Ма хьалхе къаьсти-кх вайша. Хьо тIаьхьависи велара, кху хьайн кIентан дола а деш. Со хьан метта дIа а вахна… Оцу хьан бердах яхначу машено, хьан дахар дIадаьхьна ца Iаш, сан дуьненах болу синкъерам а дIабаьхьи хьуна…
(Араваьлла Исрапил а гой). Делахь со воьду, Исрапил, хIинца дуьйна сема хилалахь.
И с р а п и л. Дика ду.
В а з р а и л. И берзан цIогий, берзан гIулггий бохуш, и бозбуанчаллаш ма леладелахь… Нехан бIаьрг бодуьйтур бу ахь. Керта яьлла борз-м топ тоьхна ен тарло, ткъа нехан цабезам кху кертал чоьхьабалахь, и хIаллакбан хала хир ду. Кхийтирий хьо?
И с р а п и л. Кхийти. Кхийти.
В а з р а и л. Делахь со дIавоьду.
И с р а п и л. Некъ дика хуьлда!

В а з р а и л. Дела реза хуьлда!
С а н е т. Ваши, хIара йоккха хIума яцахь а, ахь Децина дIаяхьа лаьара суна.
В а з р а и л. ХIун ю хIара?
С а н е т. Жимма даьтта а, ши кIолдан межарг а.
В а з р а и л. ХIара-м кIезиг хIума хьаха яцара. ЦIа ма кхеччи, чIепалгаш дойтур ду йоккхачу стаге. Дала сагIа йойла хIорш хьан! Кху доьзална тIебогIу бала юхатухуш!
ХIан, Iодика йойла.
И с р а п и л. Iодика Дала йойла.
С а н е т. Маршалла лолахь Деце.
В а з р а и л. Делан маршалла хуьлда!
ДIавоьду.
И с р а п и л (жимма хан яьлча).
Зуда, катоххий цхьа чайнан стака лолахь. Тахана дукха болх бу хьуна сан бан безаш.
С а н е т. ХIун болх бу хьан?
И с р а п и л. Иза-м кеста хуур ду хьуна. Катоххий хьайга диэ аьлларг диэ ахь.
(ВогIуш Махьа а гой).
ХIахI, хIорш дIабуьйлабели хьуна. Кхара чай мала а вуьтур вац.
С а н е т. ХIара ма Iуьйрре араваьлла… ХIун дахьаш вогIу техьа?
И с р а п и л. Борз йийна аьлла хезна вогIу-кх.
Санет чуйоьду.
М а х ь а. Ассалам Iалайкум! Iуьйре дика а йойла шун!
И с р а п и л. Ва Iалайкум салам. Далла везийла. Хьо лаа лелий, хьо тара лелий?
М а х ь а. Со-м ахь борз йийна аьлла хезна…
И с р а п и л. Борз а йийна.
М а х ь а. Сте юй?
И с р а п и л. Сте а ю, цIога схьа а даьккхина.
М а х ь а. Боккъаллий? Дийна йоллушехьий?
И с р а п и л. Дийна йоллушехь, даккха ма деззара.
М а х ь а. Берзан цIога! И ду-кха ас сатийсинарг, ас
Деле доIанца дехнарг.

И с р а п и л. КІант, хьан корта цхьамма дІабаьхьначух тера ду. Мила ю иза?
М а х ь а. Ма йийцийтахьа соьга иза, Исрапил.
И с р а п и л. Йийцахьа. Ас хІун дарна кхоьру хьо. Со-м айса ялон ерг ялийна ваьлла хьуна.
М а х ь а. Цунах ца бохура аса. Дукха дийцича, ца хуьлу олу-кх.
И с р а п и л. Ткъа хІинца хуьлуш ду хьан иза.
М а х ь а. Дац. Хилча-м, со кхуза стенна вогІура…
Іабин йоІ Мубарик ю-кх иза.
И с р а п и л. О-о, и хаза йоІ ю. ЦІога тоьхча гІуллакх хир дуй техьа хьан?
М а х ь а. ХІунда бохура ахьа?
И с р а п и л. И санна йолчу йоІана «Мерседес» ма еза, цІога ца оьшу…
М а х ь а. Ткъа ас хІун дийр ду? Ма чІогІа еза суна иза.
И с р а п и л. Мел еза хьуна иза?
М а х ь а. Дукха, дукха. Сайн сил а дукха. И дІогара
БІаьндукъ лам деши а хилча, и лам сайн долахь а хилча, и берриге а лам дІа а белла, и сайна схьаялор яр-кх ас.
И с р а п и л. ХІай-хІай!.. Дийца ахь, дийца ахь…
М а х ь а. Нагахь Дала, и ца ялаяхь, 14 шо зама ю хьуна, и ялаяхь, шо бен яц хьуна аьлча а, кху лаьтта тІехь 14 шо ца доккхуш, цуьнца цхьа шо а даьккхина, лаьттан кийра дІаверза реза ву-кх со!
И с р а п и л. ОстофируллахІ! Хьан гІуллакхаш цІе яьлла ду. Хьан гІуллакх хир ду хьуна. Хьо жимма тІетаьІчахьана.
М а х ь а. Муха тІетаьІчахьана?
И с р а п и л. Иштта. Зудчунна «Мерседесал» а чІогІа, къонах веза хьуна. Жимма тІахьалий хила.
М а х ь а. Ишта-м хир вара со, ахь берзан цІога делча.
И с р а п и л. Берзан цІогий?! Лур дара хьаха хьуна-м.
Хьуна ца делла, хьанна лур дара ас иза. Амма, бакъду, зама хала ю. Вайна хьалхалера зама елахьара, пхеа соьмах жижиган кийла луш хилла зама юьйцу ас, мах хьеха а бийр бацара, хьан гІуллакх хилчхьана… Вовшийн гІуллакхе хьовса дезаш, цхьа юьртахой ма дуй вай, цу тІе, Дала мукъалахь, бусалба а ду… ХІетте зама хала ю-кх… Даьдиса, ма борз хиллера моьтту хьуна Брежнев! Ма атта бехара нах…

Ткъа хIинца, хьуна ма хаъара, базар-мазар, Шахрай-махрай, ваучер-баучер, Гайдар-майдар, бизнес-мизнес, вирголаш-гIундалгIеш – доцца аьлча, рыночни экономика ю-кх. Цундела, мах ца белча…
М а х ь а. Мах а лур бу… Мел дала деза алахьа сихха!
И с р а п и л. ХIа-а, хьо юьртахо а хиларна, бакъахьара кIант а хиларна – 200 тысяч.
М а х ь а. Селхана кхо уьстагI а боьхкина, цунах хилла хIара 50 тысяч ду хьуна, важа аса тIаьхьа схьадахьар ду хьуна.
И с р а п и л. Иштта а мегар ду. ЦIога сохьтана бен луш дац хьуна. Катоххий цу йоIах дIа а тохий, юхадалахь.
М а х ь а. Цхьа сахьт кIезиг ду… Жимма хан тIетохахьа.
И с р а п и л. КIезиг дац, сохьтехь гIалитIе а вахалур ву. ЦIога тоха-м цхьа ши минот а тоьар ю.
М а х ь а. Воьдуш лаьтташехь цIога муха туху? Цхьа кечам бан а ма беза. Ши сахьт мукъана а лохьа…
И с р а п и л. Дика ду – ши сахьт, кхин цхьа минот а сов лур яц. Ахь жимма хьедой, мах шозза тIеккхета хьуна…
М а х ь а. Хьедийр дац.
И с р а п и л. Дацахь, хIара ду хьуна берзан цIога.
М а х ь а (и кара а лоций, воккхаверца). О-о, берзан цIога! Дела реза хуьлда хьуна. Со воьду.
(ДIа а водий, соцу).
Собардехьа, кхуьнца цхьа а инструкци а ма яц хьан?
И с р а п и л. КIант, хьо чIимаш биъна-м вац? Хьуна хIун инструкци еза?
М а х ь а. Муха тоха, мичахь тоха, муьлхачу куьйгаца
– аьрручуьнца я аьттучуьнца, Iуьйранна я суьйранна?
И с р а п и л. И ду хаза, хьайна луъучу тохахьа. Хьайна лаахь, куьйгаца а, лаахь, когаца а, ткъа Iуьйре-суьйре ахь стенна хьехайо, хьуна делларг ши сахьт бен а ца хилча?
М а х ь а. Иза а ду бакъ.
Къайлаволу.
И с р а п и л. ХIинца дIадоладели хьуна хIара.
(Махьас деллачу ахчане хьоьжуш). Дала беркате дойла хьо гIуллакх. ХIинца хIара мила ю? ХIара а берзан цIога дезаш ю техьа? Хан тоьхна

жеро-м ю. ХIа-а, безам! Царна санна, боьрша стаг везаш-м берхIийтта шо кхаьчна йоI а хир яц.
Б е к е х ь а т (кел чоьхьа а йолуш).
Дика мел дерш кху керта!
И с р а п и л. Диканца дукха а ехийла!Марша а йогIийла!
Б е к е х ь а т. Делан маршалла хуьлда.
И с р а п и л. Суна ма ца евза хьо?
Б е к е х ь а т. Со шун луларчу юьртара Бекехьат ю,
БIаги йоI Бекехьат.
И с р а п и л. Хьо кхин сингаттамна-м ца лела, сел
Iуьйрре?
Б е к е х ь а т. Iуьйрре ца гIеттича, хIуманан ка а ма ца йолу аьлла, араяьллера со… Сингаттаммий? Сингаттам а ма бу соьгахь-м. Цундела ма яьлла со са а тасале новкъа а. И топ йолуш ма хеззи, хиира суна, борз йийнийла. Цхьа синхьехам хилир-кха…
Ойла еш лаьтта.
Стенна тIера йолаелча бакъахьа яра техьа со?
И с р а п и л. Юьххьера схьайолалохьа…
Б е к е х ь а т. Иза дийр ду ас. ЧIогIа дезаш дара сой, Ламйистера Товмирзин кIанттий. Ша Ромео, Джульеттий санна. Цундела, кхиъна а ялале, ялхийтта шо ма кхеччи, цуьнга дIаяхара со, цо йола ма элли.
И с р а п и л. Безам чIогIа хилла йоьIан!
Б е к е х ь а т. ХIун бохура ахь?
И с р а п и л. ХIумма а, схьадийца ахь.
Б е к е х ь а т. ТIаккха дехаш Iаш, кхо бер а хили тхан: ши йоI, цхьа кIант, цо колхозехь шопар болх а беш, ас кегамерса йохка-эцар а лелош, дика дехаш-Iаш а ма дара тхо, цхьа боьха хIума юкъа ца хьаьвзинехьара…
И с р а п и л. И мила ю?
Б е к е х ь а т. И цхьа цIога хадийна моьлкъа ца бевза хьуна? И цхьа багахула суйнаш кхуьйсу саьрмик ца бевза хьуна? И гIам ца девза хьуна? Цхьа а боьрша стаг шена уллохула тIех ца волуьйтуш, доладелла лела къорза зуд дац?
И с р а п и л. И ахь юьйцург суна йовза-м ца евза.

Б е к е х ь а т. Ва дера евза хир ю-кх. Хьо воцург, и ца евзаш стаг а ма вац… Кхузара дIа гIала воьдучу новкъахь ю-кх иза схьаяьлла юрт. Гуттар дуйнаш бууш хуьлу-кх иза, вай гIон долчу эхартор, сан да вахначу кошор бохуш… Цу шен дена каш гарна бехке, дукхах долчунна, и ша а ю хьуна. И эрмалочуьнга маре яхча, дог а иккхина, ма велла цуьнан да…
И с р а п и л. ХIа-а, и юьйцу ахь? Жарман ю-кх ахь юьйцург. Иза-м хаза оьзда къамел долуш стаг ма ю…
Б е к е х ь а т. Къамел оьзда делахь, ша-м ю хьуна иза хаза лелаш. Шарахь эрмалочуьнгахь а Iийна, тIаккха иза гIазгIумкичуьнга яхара, тIаккха – гуьржичуьнга, тIаккха
– негре, тIаккха – узбеке, тIаккха – киргизе, тIаккха –
Турце… «И хIунда леладо ахь?» – аьлча, цо жоп лора: «Со дружба народов чIагIъеш ю». ХIинца оцу сан майрачунна коча еъна-кх иза.
И с р а п и л. ХIа-а, и вуон хIума ду, и вуон хIума ду.
Б е к е х ь а т. Берашка хьажа цIа-м ца воуьйту. Шен лай а вина, лелош ву-кх. Цкъа Истамул-гIала яхнера со, йохка хIумнашэца. Цигахь гин суна ишиъ. И гIам ду хьалха а даьлла, Iаьржа куьзганаш а доьхкина, кочахь, лергех, пIелгех, пхьаьрсех – деши, бриллианташ…Мини, бикини юьйхина…
ХIара ву верриге а вакъа а велла, оцу Хонкарарчу малхо Iарж а вина, дуьненнал даккхий тускарш а текхош, цунна тIаьхьахьаьдда воьдуш. ВаллахI, хийрачу махкахь дуьхьал кхетташехь, соьга вистхила а ма ца ваьхьира иза, ца гучуха уллохула тIех а ваьлла дIавахар-кха. Оццул стогаллех вохийна-кх оцу зудчо иза. Ву-хIу-хIу.
Елха йолало.
И с р а п и л. Елха мегар дац. Нагахь хьо берзан цIога дезаш еънехь, иза цкъадолчунна дац, цхьамма даьхьна, ши сахьт даьлча хир-м ду…
Б е к е х ь а т. ЦIога-м ца оьшура суна, цкъадолчунна.
Берзан гIулг деза-кх. Цкъа цу шиннан барт а изгIийна, и шиъ вовшахлатийта…ТIаккха оьшур ду суна берзан цIога.
И с р а п и л. Берзан гIулг а ду. Бакъду, и цхьаьнгга а лур ду аьлла-м вацара со…ХIунда аьлча, барт изгIор къилахь хIума ду.
Б е к е х ь а т (елха йолалуш).
Ткъа доьзална тIера да дIаваккхар къилахь дац?

И с р а п и л. Делан дуьхьа, кхидIа ма елхалахь. И гIулг ас хьоьга луш ду, делахь а, хьуна ма хаъара, зама хала ю, борз йиэн атта а дац…
Б е к е х ь а т. ХIан, мах… Хаьа суна, мах боцуш, хIокху заманахь хIумма а доцийла. Ахь боьххург, ахь боххург! ХIун бу хьан гIулган мах?
И с р а п и л. Цхьа 150 тысяч.
Б е к е х ь а т. Иза-м дукха хьаха дацара, кхунах гIуллакх хилахь. Схьадоккхий, ахча дIало.
Дала беркат дойла хьуна.
И с р а п и л. Дела реза хуьлда. ХIан, хIара ду хьуна берзан гIулг. Киснара схьа а доккхий, гIулг дIало.
Кхана схьадан деза.
Б е к е х ь а т. Кхана гIуллакх хир дац. Лама дохьур ду.
И с р а п и л. Иштта, и гIулг оьшуш дуккха а нах ма бу, цундела…
Б е к е х ь а т. Цунах гIуллакх хир дац. Лама схьадахьар ду. Ас кхин а ахча тIелур ду хьуна, кхунах гIуллакх хилахь. Iодика йойла!
И с р а п и л. Iодика Дала йойла! Дала аьтто бойла.

**IV сурт**

Хийист. Махьий, Мубариккий.
М а х ь а. Мубарик, хьо а езаш, хьан нах а безаш, царал дукха шун цIа а дезаш, шун цIийнан ков а дезаш, кевнна йоьгIна ши утарма а езаш…
М у б а р и к. Ва-а, Махьа, кхин керла хIума дагалацахьа… Гуттар а и цхьаъ дуьйцуш…
М а х ь а. Сан дагчохь и цхьаъ бен, хIумма а дан а ма дац… Хьо езар бен.
М у б а р и к. Ва-а, ма чIогIа тIаьхьадевлла шу. Со цхьаъ бен, кхин йоI яц кху махкахь?
М а х ь а. Яц хьо саннарг-м. Хьо массарал а тоьлаш а, массарал а хаза а, массарал а дика а ю.
М у б а р и к. Деллахь, Махьа, боккъал а иштта хета а хеташ бохий ахь?
М а х ь а. Могаш-маьрша цIа ма кхочийла со, ца бахахь-м боккъал а.
М у б а р и к. Дела реза хуьлда хьуна… Делахь а со шуна ма моьтту дика а, хаза а ян-м яц хьуна.
М а х ь а. Хьо кхин а тIех ю. Хьо деган бIаьсте ю, хьо деган хьагам, хьо деган шовкъ…

Улло гIурту, цIога тоха дагахь.
М у б а р и к. Ахь хIун до? Хьо улло гIерташ ма ву, дIа дехьа вала… Пхи метр юкъ хила еза.
М а х ь а. Бехк ма биллалахь… Мубарик, и дIо дIайоьлху гIаргIулеш санна, кхойкхуш ду сан дог хьоьга.
Церан аьзнаш санна, гIийла ду цуьнан аз а. Ахь суна жоп ца ло дела. Гой хьуна и гIаргIулеш, могIа бинна йоьлхуш?
Мубарик стигал хьожу. Махьа цIога тоха гIурту, амма Мубарик схьа а хьожий, юкъахвуьсу…
М у б а р и к. Цигахь-м яц гIаргIулеш. Я уьш дIайоьлху хан а яц хIара… Хьуна суьрташ хIуьттуш ду хьуна… Мегара хьо галваьлла хила.
М а х ь а. Гал ца ваьлла, вала герга вахна. Хьоьга болу безам бу сан хье морцуш…Ахь жоп ца луш болу сан декъаза безам. Лохьа суна дуьненан тIаьхьалонна дош…
М у б а р и к. И хIун дош ду?
М а х ь а. Соьга хьо йогIур ю боху дош ду-кх.
М у б а р и к. Мамас соьга «Мерседес», даккхий цIенош, цу чохь стенкий, хрусталлий, кузашший доцчуьнга ма гIо аьлла, юьртахь Iачуьнга а ма гIо аьлла.
М а х ь а. Мамас бохург дахь, хьо Iехалурий техьа, Мубарик. И «Мерседес», цхьамма тIе машен а тоьхна, йохаяхь хIун дийр ду ахьий, хьан нанассий? Оцу даккхий цIенош чу къуй бевлла, цара цу чуьра стенкий, хрусталлий, кузашший лачкъадахь, хIун дийр ду аша? Оццул дукха езачу оцу гIалитIахь тIом балахь я ун даржахь, хIун дийр ду ахь?
М у б а р и к. О, оццул дукха хаттарш! Соьга-м далалур дац царна дуьхьал жоьпаш.
М а х ь а. Ас айсса лур ду хьуна царна дуьхьал-м жоьпаш… Иштта бахам болчу кIанте а яхана, и бала коча оьцучул, атта дац хьуна соьга еъча. Даа ду хьуна, мала ду хьуна, къуй богIур бу аьлла сагатдан меттиг а бац хьуна.
Йолахьа соьга…
М у б а р и к. Собардехьа… Соьга мамас, ойла а ца еш, дош ма ло аьлла.
М а х ь а. Катоххий йиэхьа ткъа!

М у б а р и к. Хьо уллохь хилча, ян ца ло соьга.
М а х ь а. Делахь со юьстахволу хьуна.
Махьа юьстахволу.
М у б а р и к. ВаллахI, цхьана агIор бакъ а ма лоь иза.
Селхана гIалара хьажа-хIотта еъначу Индирас боху-кх шен майра – бизнесмен ма ву иза – баттахь ши-кхо де даккха бен цIа вогIуш а вац. ЦIа веъча а, шега кхочуш а вац.
ХIокху дуьненахь мел болу доттагIий схьаоьхуш, цаьрца къаьркъа муьйлуш…
Ши хехо ву боху шайн цIа лардан эцна… Царах тешам а бац боху, хIинций-хIинций талорхой чулелха бохуш, буса а мегарг наб а ца кхеташ… И бала хьанна оьшу? Суна-м хуур дац оцу гIалахь Iен! И сетташ зударий… и къуй… и машенаш… и базарш… и ченаш… Цул а со кху юьртахь
Iийр ю-кх. Бакъду, хIара къиэн-м ву. Кхин къиэн а вац – ткъе итт уьстагI а бу, ши етт а бу. Юха шарахь царах шовзткъе итт уьстагI а, биъ етт а хир бу. Иштта IаIор ду-кх хIума. Делахь а хIинца а маре яха-м ца лаьара. Мамас ца юьту-кх: «Шен мах хуьллучу хенахь яха еза маре», – бохуш… Цу тIе хIара ма ву ас дош ца лахь, галвала кеч а велла Iаш… ХIинцале а бIарлагIаш а хIуьттуш… Суо бахьанехь стаг галвалийта йиш ма яц сан. Къа хир ма ду суна…
М а х ь а. Берзан цIога хилча хIун пайда бу, хIара цунах дIатохалуш ца хилча?… ХIара тоха а воьлла, дерриге а дохадора-кх ас. Суна-м ца хаьа, ша иза йижна йолуш ца тохахь. Ткъа йижа шайн чохь бен юьжий иза? Корах чуваьлча? Дала ма дохьийла. Цуьнан дас топ тIеяссор ма юй, элп алале. ХIинца ойла йина яьллий техьа хIара?
(ТIевоьдуш).
Йин ахь ойла?
М у б а р и к. Йин.
М а х ь а. ТIаккха ткъа?
М у б а р и к. Деллахь ца хаьа суна-м, со хIинца а маре яха дагахь а яцара, делахь а…
М а х ь а. ХIаъ, и «делахь» дийцахьа.
М у б а р и к. Делахь а суо бахьанехь нехан стаг гал муха волуьйтур ву, хIинцале дуьненчохь а йоцу гIаргIулеш дуьхьал а хIуьттуш ву…
М а х ь а. ВаллахI, бакъ-м ду иза.

М у б а р и к. Цундела ахь бохучунна тIе ца тайча йиш яц сан-м!
М а х ь а. ЭхI! Дала сий де хьан, Мубарик! Ма хаза дешнаш дара уьш.
Музыка.

**V сурт**

Исрапилан цIахь. Исрапила шен ахча, дагар а дой, кисана дуьллу.
Керта вогIу БIагIор.
И с р а п и л. Марша вогIийла, БIагIор.
Б I а г I о р. Делан маршалла хуьлда. И сан автомат…
И с р а п и л. ХIокху минотехь схьайохьу. Доккха гIуллакх хилира цунах.
Чувоьдий, автомат а йохьуш схьавогIу.
ХIан, дIаэца, Дела реза хуьлда. Ши патарма бен кхосса а ца кхоьссина хьуна. Оцу шина патармина хIара бIе туьма а ду хьуна.
Б I а г I о р. БIе туьма даларх, гIуллакх хьаха хир дац.
Суна берзан дакъа деза…
И с р а п и л. И хIун ю, кIант, ахь юьйцург? Кхин ас барзах дакъа дийр ду аьлла еара хьоьгара автомат!
Б I а г I о р. Иштта ца еънехь а, ахь сан автоматца ма йийна и борз!
И с р а п и л. Къуръанор, юьйр яцара ахьа-м, эзар шарахь и автомат лелорах, борз стенна юьйцу, цхьогалан кIорни а. Хьайн автомат а эций, кех вала, берзан мIара а хир яц хьуна!
Б I а г I о р. И ахь лур йоцийла-м дера хаьара суна..
Делахь а берзан цIога лохьа цхьана денна лелон…
И с р а п и л. ЦIоганах хIун до ахь?
Б I а г I о р. ЙоIах туху-кх.
И с р а п и л. ТIехьийзаш йоI а ю хьан?
Б I а г I о р. Ю, цуьрриг ледара а йоцуш – Iабин йоI
Мубарик.
И с р а п и л. Уой, кхин цхьа а йоI яц техьа кху дуьненчохь и Мубарик йоцург? Цунна ма чIогIа тIаьхьадевлла шу?
Б I а г I о р. Кхин мила ваьлла цунна тIаьхьа?
И с р а п и л. А-а… Иштта олуш хезна-кх суна, цунна тIехьийзаш дуккха а кIентий бу бохуш.
Б I а г I о р. Бу, дуккха а бу. Амма маре-м соьга йогIу хьуна иза.
И с р а п и л. Ахь цкъа-шозза автомат кхоьссичхьана, кхера а елла, едда схьайогIур ю хьуна иза-м, берзан цIога ца тоьхча а.

Б I а г I о р. Кхоьссина ас, гIуллакх ца хуьлу.
И с р а п и л. Ткъа захало дийциний ахь?
Б I а г I о р. Дийцина.
И с р а п и л. Говза дийцина хир дац ахьа.
Б I а г I о р. Говза а дийцина, 15 зуда ялийнчу Лакига сайна Iама а дайтина.
И с р а п и л. О-о, и говза захало хила деза. Схьадийцал, муха дара иза.
Б I а г I о р. Изий? Дукха деха а дац иза-м. «Хьо соьга маре ягIахь, кхин боьршачу стаге са а туьйсур дац ахь.
Берийн къелла а хир яц хьуна, хьан уьш дан чот елахь, йолахьа соьга».
И с р а п и л. Хьай даьдиса оцу захалонан! ТIаккха а, реза ца хили-кх хIара.
Б I а г I о р. Мичара! «Ма Iовдал а ву-у», – аьлла, едда дIаяха-кх.
И с р а п и л. Оцу захалонна а и реза ца хиллехь, и ша ю хьуна Iовдал.
Б I а г I о р. И-м, Iовдал елахь а, мегар яра суна, берзан цIога лохьа…
И с р а п и л. Берзан цIога даьхьна. Цхьана берзан цхьаъ бен ма ца хуьлу цIога.
Б I а г I о р. Хьан даьхьна?
И с р а п и л. Фирма гарантирует своим клиентам анонимность! Ала йиш яц! Кхана вухавола.
Б I а г I о р. Кхана ван йиш яц. Служба! Ши де даьлча вогIур ву со, Исрапил.
(ДIавоьду).
И с р а п и л. Лаахь, кIира даьлча а вола. Хьо сихвала, кхин цIе яьлла меттиг а бац хьуна. ЦIога а кху чохь хир ду хьуна, Мубарик а шен цIахь хир ю хьуна.
ХIей! Хезий хьуна?!
С а н е т (гучу а йолуш).
Хьо кхайкхирий, стаг?
И с р а п и л. Кхайкхира. Катоххий кхалла хIума схьая…
С а н е т. Чу ца вогIу хьо?
И с р а п и л. Чуван йиш яц, кхузза схьая.
С а н е т. ХIинцца схьайохьу ас.
Чуйоьду. Оцу хенахь шайн урамехула чуйогIуш
«Мерседес» машен го Исрапилна.
И с р а п и л. О-о, «Мерседес»! ХIара мичара яьлла!

ХIара тайпа машен кху юьрта цкъа а еъна а ма яц. ХIара де дIаяздан деза: «1993 шеран 17 августехь Варше олучу ламанан юьрта 600-й «Мерседес» (дутый) еъна». Ой, иза-м кху керта уллохь саца ма сеци. Там бара хIорш а, борз йийна аьлла хезна, богIуш хила.

З а в ал у

(Кел чоьхьа а волуш). ХIей, чохь дуй шу!

И с р а п и л. Чохь ду.

З а в а л у. Хьо вуй и борз йийнарг?

И с р а п и л. Ву. Хьо оцу «Мерседесца» вуй?

З а в а л у. ХIаа. И вайн ю. Цу чохь зуда а ю сан.

И с р а п и л. Ю? Схьачуялае ткъа. Чоьхьа довла.

Ишттачу машенца хьеший тхоьга баьхкина а бац…

Кел аравала гIурту.

З а в а л у. ХIан-хIа, и чу йогIур яц. Селхана дуьйна машен чуьра арайолуш а яц иза – когаш лехна.

И с р а п и л. Там бара наха со лор ву аьлла долийна хила… И хьуна хезнехь а, бакъ дац хьуна. Бакъду, массаж-м йийр яра аса.

З а в а л у. ХIан-хIа, цкъадолчунна массаж ца оьшу.

Тхуна кхин хIума оьшу.

И с р а п и л. Схьа сехьавалий, охьахаахьа… ХIун оьшу шуна?

З а в а л у. Тхуна къола дина.

И с р а п и л. Къола дина? Муха?

З а в а л у. Селхана хIара зудий, сой, тхан гергарчу наха кхайкхина, хьошалгIа дахнера. ХьошалгIа дахнера аьлча а, хIара зуда ца Iийра-кх, Сюзанна Гонконгера цIа еъна, цо хIун еъна хьажа дахийта бохуш. ХIокху зудчунна цхьаъ эца дагадагIахь а аьлла (шен ден-ненан цхьаъ бен яц хIара – цундела лерина лелайо ас, гIаш ког а ца боккхуьйтуш) – хIаъ, иштта кху зудчун цхьана хIумане безам бодахь а аьлла, чохь мел долу ахча а схьаийци. И схьаэцна-м доккха гIуллакх хиллера… Тхо юха кхаьчча, тхуна гинарг ма гойла цхьана а бусалбана а, керистана а. Тхан бронебойни наьIарх, йоккха топ тоьхча санна, даькkхина Iуьрг ду. Чохь мел долу хIума, туалет чохь латийна кафель а, унитаз а цхьаьна – дIадаьхьна-кх. Бриллианташ, деши, хрусталь, мебель, бельгийски кузаш, «Сникерсаш»…

О-о-о… Дерриге 3 миллиард соьмана хIума ду-кх лачкъийнарг…

И с р а п и л. Хьан лачкъийна?

З а в а л у. И хууш хилча-м, со кхуза а хIунда вогIура,
Сольжа-гIалара хахкавелла хIокху ХIуьчIаьнчIуьлга. Суна берзан пха беза-кх. Сихха. И пха а багийна, и къу хьовзон, хебна дIавалийта!
И с р а п и л. ХIа-а, и ду иза? Болуш бу берзан пха а. И пха юккъехь а болуш, дийнна берзан ког а-м бу.
З а в а л у. Белахь, схьабалахь сихха!
И с р а п и л. Дукха сихвала мегар дац, хьуна хилларг хилла даьлла… Хьуна ма хаъара, борз ен а атта дац, иштта атта дац и ялале цунна тIера ког схьабаккха а…
З а в а л у. Хаьа суна… Цундела хIара цхьа сто тысяч ду хьуна… Сихха лелахьа.
И с р а п и л. Сто тысяч хIун ю? Кога туду мачаш а ца йогIу цунах… 3 миллиардана хIума лачкъийний хьан, цунах ах процент схьало. И хуьлу хьуна… (лоруш) 15 миллион.
З а в а л у. Ой, сан хIумнаш хIинца а схьакарийна ма яц!
И с р а п и л. Схьакарор ю. Фирма гарантирует! Берзан пха а багабай, ара а валий, хьайна бевза нах болчу а хIуттуш, волало хьо. Ан хIоьттина бохуш, шалха кхетта Iуьллуш стаг каравой, и къу вуйла хаалахь. Ийза а ца луш, хьайн хIумнаш цуьнгара схьаяха ахь.
З а в а л у. ХIумнаш схьаяьхча, лур-кх хьуна 15 миллион а.
И с р а п и л. Цунах гIуллакх хир дац.
З а в а л у. Ой, соьгахь дан ма дац оццул ахча!
И с р а п и л. Дацахь, кхоалгIа дакъа схьало.
З а в а л у. Цхьа миллион…
И с р а п и л. ХIан-хIа…Хьайна ког безахь, пхи миллион охьадилла…
Со волчу-м са а тасале цхьа стаг веънера,
Москох волчу цхьана мультимиллионеро, ког дIа ма бохка, ша сто миллион лур ду хьуна аьлла.
З а в а л у. ХIан… ХIара миллион а ду хьуна…
ХIара дашо сахьт, бриллиантови браслет а ду хьуна деа миллионна…
И с р а п и л. ХIай-хIай, ахь берзан пха багор а бу хьуна. ХIан, хIара бу хьуна берзан ког…Нахе дIа ма иэхьалахь, лачкъабойтур ахь иза…
Завалу, хIумма а ца олуш, шен ког а оьций, дIавоьду.
Исрапила, жимма вола а лой, илли доладо:
ХIе-хIей, лаьмнаш ду вайн исбаьхьа!
Лаьмнаш ду вайн исбаьхьа!

Гулло, кIентий, гулло схьа,
Дикчу кIанта кхойкху дIа!
Гучуйолу Санет, юург, мерг а йохьуш.
С а н е т. Стаг, хьан ма чIогIа самукъадаьлла?!
И с р а п и л. ХIинцца хьан а дер ду хьуна самукъа-м.
Схьайола хьо. БIаьрг тохал хIокху ахчане – цхьа миллион 200 тысяч, ткъа хIара – деши, бриллианташ – 4 миллионна.
С а н е т.
(Iадаеш). Ватта! Къайладаккха, цхьанна дIагойту ахь! Хьан мичара ду оццул ахча? Дала ларвойла къоланах. Къола-м дина хир ма дац ахь?
И с р а п и л. ХIун къола? ХIинцца мах бина даьккхина-кх.
С а н е т. Вайн хIун ю оццул мах бан? ХIара ков а, керт а, цIа а, цIе а, даьхни-котам а дIайоьхкича а хир ма дац и ахча-м.
И с р а п и л. Бакълоь! Ткъа борз йицъелла хьуна.
Берзан цIога, берзан гIулг, берзанког – уьш доьхкина хилла-кх вайна хIара хIума.
С а н е т. ОстофируллахI! Вайшимма хIун дийр ду оцу ахчанах а, дешех а?… Вашех дагадовла деза…
И с р а п и л. Никакой Ваши! Ваши ша дан дезарг дина ваьлла. Шовзткъа шо кхаьчначу суна а хаьа кху дуьненах жимма хIума. ХIокху цIенна догIа дIа а тоьхна – хIара духхур дац вайшимма, аьхка кхуза садаIа дан дика ду, – бежана, уьстагI дIа а доьхкина, на прокат даьхьна долу цIогий, гIулггий схьа ма кхеччи, гIала дIатаьIар ду.
С а н е т. Со-м реза ю. Делахь а и ахча хьарам дуй техьа? Беркат хир дуй те?
И с р а п и л. Вийна стаг а вац, нуьцкъах даьккхина а, я «хIаваах» дина бозбуанчалла а дац. Деши санна цIена йолчу нана-берзан меженаш йоьхкина, даьккхина ду. Вайн Нохчийчохь уггар а хьанал даьккхина ахча ду-кх хьуна хIара.
С а н е т. Иштта делахь-м, ца хаьа суна…
И с р а п и л. Суна хаьа хьуна, катоххий хьайн баргалех шад биэ ахь. ГIала! ГIала ю вайга хьоьжуш!

**VI сурт**

Хийист. БIагIор вуМубарик схьаяре хьоьжуш.
Б I а г I о р. ХIара ма хьеелла. Гучу ма елли, берзан цIога-м кхета хьуна цунах. Махьий, хIарий ду бохура чIогIа къамеле даьлла хIокху

кIиранчохь. Махьа хIун ю, соьга хьаьжча? ЖаIу – уьстагIашний, бежнашний тIаьхьа а ваьлла, волавелла лелаш волу. Ткъа со – хIокху юьртара единственный милцо, главный ефрейтор!
ВаллахI, хIокхуюьртахь кхин стаг хила-м ца хили, соьца нийсса дIа а веъна, шайн гIуллакх дан. Нехан юьртара дийнна отрядаш ма ю, юьйла а елла лелаш, поездашна тIе а леташ, шайн бахам гулбеш. Суна-м ца хили цкъа а накъост. Кху эвларчу наха котамаш лечкъор яр-кха.
ЙогIуш Мубарик го.
ХIахI, йогIуш ю. ХIара ма чIогIа кечъелла. Суна кечъелла-кх. КIанте безам бахна йоIстеган. Суна ма хаьара тIаьххьара а хIара кху тIе дер дуйла.
М у б а р и к. Де дика хуьлда.
Б I а г I о р. Далла езийла. Марша а йогIийла. Хьо ма хьееллера?
М у б а р и к. Йиш-м яц, хIинца а ян йиш йолуш еъна а яц. Делахь а нанас, цIера ялале, хи деъча дика ду аьлла еънера со.
Б I а г I о р. Муха цIера ялале? Цхьанхьа хьошалгIа йоьдуш хир ю хьо?
М у б а р и к. Ю-те, «хьошалгIа йоьдуш».
Б I а г I о р. Делахь ас дукха латтор яц хьо. Со хьоьга хIун ала веънерий. Кхана-лама сой, сан ши накъосттий
Бакох воьдуш ву цхьа иттех автомат ян. Кхаа автоматах ши трактор «МТЗ-80» йогIу. Оцу шина тракторца хуьйцуш
БIачи-юьртахь «Мерседес» ю. Так что, Мубарик, «Мерседес» хоьхкур ю вайшимма. ХIара юрт дош яц, ву аьлла мел волу къонах гIалахь ву. Вайшинна цхьа квартира а билгалъяьккхина ас… Перви секретарь обкома чохь
Iийнарг…
М у б а р и к. ДIавалахьа, айхьа хIун дуьйцу мукъана а хаьий хьуна? Со цIера йолуш ма ю…
Б I а г I о р. Яьлча хIун ду? Юха цIа ца йогIу хьо?
М у б а р и к. Дера ца йогIу-кх. Со-м хьаха яц жерой буьйлучу зударех ешаш, ша дIаяхча Iиэн еза…
Б I а г I о р. Уой, маре йоьдуш ю хьо?
М у б а р и к. Ю. Замой хIинцца схьакхача безаш бу.
Б I а г I о р. Ой, соьга а ца йогIуш, кхечуьнга йоьдуш ю хьо?
М у б а р и к. Ю.
Б I а г I о р. Мила ву? Мичахь ву иза? Ас цаца бийр бу цунах!

М у б а р и к. Эш-ш, нах белла Iохкуш бу хьуна, хьоьга цаца байта. ДIахилал, соьга хи схьаэцийтал.
Б I а г I о р. Цунах-м гIуллакх хьаха хир дацара… Со воцчуьнга хьо цхьаьнгга а маре ца йоьду-кх хьуна. ДIагIол!
Схьа а доккхий, берзан цIога туху.
М у б а р и к. И хIун дара?
Б I а г I о р. И хьаха дара берзан цIога. ХIинца хьо, суна тIаьхьа а яьлла, дIаян еза-кх.
М у б а р и к. ВаллахI, йогIур яц со-м, ахь берзан цIога хьовха, маймалан цIога тохахь а-м!
Б I а г I о р. ЙогIур ю, йогIур ю, цхьа ши минот яьлча.
ХIинцца дIадолалур ду берзан цIоганан дарба.
М у б а р и к. ХIара ши ведар хьаладуьзна ма делли, со цIа а йоьду, суна цхьа а дарба а ца хилла, я хир а дац.
Б I а г I о р. Хуур ду иза-м. ХIинцца хьан ши ведар хьала дузале хьан соьга безам кхоллалуш. ХIинца цхьаъ хьаладузуш ду. ХIинца мелла а хийцаеллий хьан ойла?
М у б а р и к. Дера ца хийцаелла-кх. Хьалха маярра ю-кх.
Б I а г I о р. Муха яра хьан хьалха?
М у б а р и к. Хьо Iовдал ву аьлла.
Б I а г I о р. Иза-м хийцалур ю хьуна, хIара шолгIа ведар хьала ма дуьззи. Берзан цIога харц хила йиш яц.
М у б а р и к. ШолгIа ведар хьала а дуьзи, сан ойла хийца а ца ели.
Б I а г I о р. Муха ца хийцаели?! Ас берзан цIога ма тоьхна хьох! Халкъан Iадат харц хила йишма яц. Хьо, суна тIаьхьа а яьлла, дIаян езаш ма ю! Кхин суна тIекхаьчча йоха езаш-м яц и массо а традици?
М у б а р и к. Iодика йойла, БIагIор.
Б I а г I о р. Мубарик, собардехьа. Сан нана лойла,
Мубарик, хьо соьга ягIахь, кхин цкъа а боьрша стаге сатуьйсур ма дац ахь…
М у б а р и к. И зурма-м хезнера суна…
Б I а г I о р. …Берийн къелла а ма хир яц хьуна, нагахь уьш дан хьан чот елахь…
М у б а р и к. У-у, ма Iовдал а ву!
ДIайолало.
Б I а г I о р. Собарде! Саца!

Автомат кхуссу. Эццахь хаза долало герзаш.
ХӀара хӀун ду?! ТӀом ца баьлла вайна?!
М у б а р и к. ТӀом ца баьлла, уьш со йига богӀу замой бу. Ӏе хьайна, БӀагӀор, хьайн автомат а кхуьйсуш.
Къайлайолу.
Б Ӏ а г Ӏ о р. Бан а ма бу замой. Со виси иштта. Декъаза стаг ма ву со.
Берзан цӀога тоьхча а, ца хили сан гӀуллакх.
Вайшиннан метта хьо
Ехийла гӀоза,
Сан безам, хьуо йицъе
Ма ала соьга.
Илли а олуш, къайлаволу.

ШОЛГӀА ДАКЪА

**VII сурт**

ГӀала. «Берзан цӀога» фирмин офис. Цуьнан цхьа агӀо Исрапилан а, Санетан а хӀусам ю.
ДӀатоьхна реклама:
«Вуй хьо бахна йоӀе безам? –
Ма бе цунах деган Ӏийжам.
Берзан цӀога тоха цунах, –
МуьтӀахь хир ю яллалц хьуна».
Ӏуьйре ю. Сатассалц къаьркъа мийлина, корта лозуш ву Исрапил.
И с р а п и л. ХӀей! Хезий хьуна? Мичахь ю хьо? Яла-м ца елла хьо?
С а н е т (гучу а йолуш). Бакъахьа-м дара, со еллехь, тӀаккха паргӀат Ӏийр вара хьо… ХӀун боху ахь?
И с р а п и л. Корта эккхаш боллу сан, схьадал оцу чуьра «Наполеон», дикка чай а даккха.
С а н е т. Хьо мича воьду хаьий хьуна?
И с р а п и л. Цкъа хьайга бохург де ахьа, тӀаккха дуьйцур ду вай.
Санета, йоьдий, схьадохьу коньяк а, чай а. И охьа а хӀоттадой, цуьнга хьоьжуш лаьтта иза. Исрапила дӀамолу коньяк. Чайнах къурд бо, цигаьрка латайо.
ХӀинца схьадийцал, мича воьдуш ву со?
С а н е т. Бердах… Ма воьдду чехка хьайн «Вольво» а хаьхкина.
И с р а п и л. Ахь ма вахийтахьа со. Хьо яц сан зуда.

С а н е т. Ахь ладугӀу соьга? Хьо тӀаьххьарчу хенахь меллачуьра васталуш а вац, дажа лаьллинчу бежано санна буьйсанаш а йоху… Ахьа тӀаьххьарчу заманахь, бӀаьрнегӀар а ца тухуш, аьшпаш буьтту…
И с р а п и л. Делан наьӀалт хуьлда хьуна а, хьан ворххӀе дена а! Ас маца боьттина аьшпаш? Бежана хьаха ду хьо а, хьан ворххӀе да а…
С а н е т. Ма хьекха мохь! Нах ма кхардабе! Цхьаъ ву вайн неӀ етташ. НеӀ дӀайоьллу.
Ж и м а с т а г. Чуван мегар дуй?
И с р а п и л. Мегар ду! Схьа чоьхьавала.
Ж и м а с т а г. Бехк ма биллалаш. Дукха Ӏуьйрре доллушехь…
И с р а п и л. ХӀумма а дац. Малх схьа а кхетале, гӀеттинчун гӀуллакхе хьожур ву ша боху Дала а. Сехьавала, охьахаа… Коньяк я чай?
Ж и м а с т а г. Баркалла, ца деза… Со хӀунда веънерий?…
И с р а п и л. Схьадиййца ахь, ийза а ца луш.
Ж и м а с т а г. Со иштта… цхьацца…
И с р а п и л. ДӀаяло, зуда, чугӀол, хьуна хьалхахь ийзало хӀара.
С а н е т. Дика хӀума ду-кх хӀара цхьаъ мукъана а эхь хеташ ваьлла… ХӀинццалц кху керта ихнарш-м бацара уьш эхь, дедда доьдуш, уллохула тӀехдаьлла а.
Чуйоьду.
И с р а п и л. ХӀинца схьадиййца ахь. ХӀуъу диййца мегар ду хьуна, муьлхха а къайле сох тешон мегар ду хьуна.
Эшахь, со хьан накъост а ву-кх хьуна, хьо Теркал дехьара рема лалла воьдуш велахь а.
Ж и м а с т а г. И дал Ӏовдал-м вацара со… Со хӀунда веънера хьуна аьлча… ХӀинца-м дуккха а ю по прокату берзалойн цӀогарчий долуш фирмаш, делахь а хьайниг…
И с р а п и л. Сайнчуьнга кхочуш яц хьуна цхьа а!
Халтурщики! Цаьргахь хуьлу берзан цӀогарчий?! Со тешна ву-кх, хьо санна, дагахь хӀума доцчу кӀенташка луш дерш жӀаьлин цӀогарчий ду аьлла! Борз ен иштта атта ма дац. Ас итт шарахь тӀаьхьа болх бира царна, тӀаккха бен уьш яйа а ца Ӏемира.
Ж и м а с т а г. Цундела ма веъна со хьо волчу. Хьо тешаме хеташ. Сан ваша, цунах гӀуллакх хилахь, дуьненан хӀума кхоор дацара ас хьуна.
И с р а п и л. О-о, чӀогӀа езачух тера ду хьуна и йоӀ…
Мила ю иза ян?..

Ж и м а с т а г. Малика… Цхьа малик ду-кх, стиглара чудоьссина. Ткъа цуьнан аз? Мел хаза эшарш локху цо…
Цуьнан аз схьахезча, сан дог тIома долу. Соьга ян ца туьгу-кх! Ша дуьненна евзаш эшаршлакххархо хила езаш ю боху-кх. Нохчийн Патрисия Каас. Хьоьга маре а еъна, ян йиш яц шен. И мича йовр яра, соьга еъча. Цуьнан тIоьрмиг а лаьцна, лелар ма вара со, дуьне мел ду вола а велла.
И с р а п и л. Иштта дуьйцура и-м, ялийна яллалц…
Вай дуьйцуш дийцира
ЮргIий-гIайбий,
Истанга тIехь диса доллу,
Нана ялариг…
Ж и м а с т а г. Со-м вац хабарш дуьйцуш. Со боккъал луьйш ву-кх.
Со-м кхаа зиярате а вахна, и сайна йоьхуш.
Ламаз мел до, доIи тIехь а йоьху. Шина экстрасенсана тIевахна…
И с р а п и л. ДIаяхахьа дIа! КIордийна суна и бозбуанчаш! Царна тIе а ца оьхуш, хьо кхуза схьавеънехьара…
Ж и м а с т а г. Суна селхана, цхьана зудчо дийцича бен, хаа а ца хиъна берзан цIога иштта ницкъ болуш дуйла…
И с р а п и л. Хьан цамгарна цул доккха дарба дац-кха хьуна.
Ж и м а с т а г. Делахь, схьалохьа иза…
И с р а п и л. ХIан, хIара ду-кх хьуна. Целлофанови пакета чу а диллина, Iалашдеш.
ЦIога дIало.
Ж и м а с т а г. ХIун догIу соьгара?
И с р а п и л. Хьайна луъург лохьа. Хьоьца мах къуьйсур болуш вац хьуна со-м.
Ж и м а с т а г. ХIара цхьа 200 тысяч… КIезиг-м дац?
Ас кхин тIе а дахьар ду хьуна.
И с р а п и л. Схьада, иза а тоьар ду. Хьан гIуллакх хилчхьана, суна хIумма ца хилча а мегар дара.
Ж и м а с т а г. Дела реза хуьлда! Со дIавоьду.
ДIавоьду.
И с р а п и л. ДIавало… Суна уггаре а беза кхаъ, шу, вовшашка безам бахнарш, вовшах а детташ, керла доьзалш кхоллар ма бу! И бахьанехь,

нохчий къоман оьзда доьзалш алсамбовлийта, вайн къам дебийта араваьлла лелаш ма ву со, дийнахь а, буса а наб а ца еш.
Гучуйолу Санет.
С а н е т. Нана ма яла хьан! Ма цIена дог-ойла йолуш кIант а ву. Ирс яI, хьоьга кхочу йолчун! Дукха кIезиг езий?
Кхаа зиярате а вахна ша…Миска! ХIаъ, цунна, оццул цIена дог-ойла йолчу жимчу стагана аьшпаш боттабели-кх хьоьга.
И с р а п и л. Эрна къамелаш дийца яьлла хьо, зуда…
Ахь хIун аьшпаш буьйцу?
С а н е т. Хьуна хаа а ца хаьа-кх?! О-о, ма хийцавелла хьо, ма галваьлла хьо… Ахь берзан ду аьлла цунна делларг жIаьлин цIога ма дара.
И с р а п и л. Хилча хIун ду? Ас цициган цIога деллачун а хилла гIуллакх. Шена еза йоI схьа а ялийна, Iаш ву.
С а н е т. Ткъа аьшпаш боттар къилахь ма ду!
И с р а п и л. Цкъа делахь, иза аьшпаш бац. Бизнес!
Бизнес лелон магийна, под проценты ахча дала ца магийна! Хьо тIаьхьайисна, зуда. Хьан коьрта чохь – пережитки социализма ю. ШолгIа делахь, берзан цIоганах, Iаьржачу цицигах, десачу ведарех тешар язычество ю хьуна – Iеса хилар. Бусалба наха магош а дац хьуна и хIумнаш. Цундела берзан хьовха, цIоькъалоьман цIога тохахь а, ша хила Дала яздина доцург, цкъа а хир дац хьуна.
С а н е т. Иза гуттар а хаза ду… Ткъа хьо хьуо ца тешаш долу хIума, нахана юкъа даржош, нах стенна
Iехабо ахь?
И с р а п и л. И сан бизнес ю.
Эццахь неI а йоьллий, чоьхьа волу Вазраил. Цуьнан аматца гуш ду, и чIогIа оьгIазвахна хилар.
В а з р а и л. КIант, эхь ца хета хьуна?!
И с р а п и л. Марша вогIийла, Ваши!
В а з р а и л. Ас хьоьга хьуна эхь хета а хетий боху?
И с р а п и л. Хьалха хетара суна эхь сайн къеллех, хIинца-м ца хета. ХIинца, Ваши, арахь лаьтташ лекъ санна машен а ю – цхьанхьа а ваха везаш вуй хьо? Элп алале, дIакхачор ву. Вонехь, диканехь эшча, шай-кай а ю тоъал.

В а з р а и л. Машен, шай-кай хилчхьана, хьо стаг ца хилча а хIумма а дац-кха. Ахь сан сий, хьайн сий, хьайн ворхIе ден сий дайича а?
И с р а п и л. Ваши, иштта ма дийцахьа. Ас стенна дайъина сий? Со сагIадоьхуш ву? Я нах бойуш, нехан хIумнаш кхоьхьуш ву? Я Хонкара а кхоьхьуш, бохка мехкарий идош ву?
В а з р а и л. Тахана хIара лелийча, кхана иза а-м дийр ду ахь!
И с р а п и л. Дийр дац, Ваши. Со сайн гIийлла бизнес еш…
В а з р а и л. Ой, цIоганна тIехь ца йича, кхин бизнес ян хIума доцуш ву хьо? Уой, цIе дIагIур ма ю вайн, цIоганах бахам биллинарш аьлла.
И с р а п и л. ГIур яц, нахана бала а бац, ахь ахча мухха а даккхахь а, хьан и хилчхьана.
В а з р а и л. И стенна дуьйцу, хьох-м кху махкана а зулам даьлла… Хьох Iемаш масийтта меттигаш схьайиллина хьо санначара, берзан цIогарчий а, гIулгаш а, когаш а бухкуш… Дукха адамаш ду берзалошна толлуш, ги тоьпаш а оьхкина, хьаннаш юккъехула дуьйладелла лелаш.
Кестта берзалойх цхьа а юьсур яц кху лаьтта тIехь.
И с р а п и л. Иза дикахо ду-кх. УьстагIий а кхоьхьур дац…
В а з р а и л. Дика дац! И хIуъу елахь а – адам, экха я олхазар, – хIуманан хIу хадар дика дац. Iаламан терза нисдина лаьтташ ю массо хIума а, царах цхьаъ дIаяьлча, и терза а галдер ду.
И с р а п и л. И терза галдаьлла-м дукха хан яра, вайга юха нислур а доцуш.
В а з р а и л. Нахе а хьоьжуш, хьо ма гIерта и терза галдаккха, хьайн некъ цIена лелабе, валлахI, дохковер ма ву хьо… Тахана эцца гIали юккъехула схьавогIуш ву со, вайн эвлара Жалавди а кхетта. Тхойшиъ хьоьжуш а волуш, иштта берзан цIогарчий луш йолу киоск, тIекIелтоьхна, ягий-кх цхьана наха. Цу чуьрниг йиттина, масех меже а кагйина, больнице вахьийти… Оцу Жалавдис дийцича, хии-кх суна, хIара юьхьIаьржонан бизнес дIайолийнарг хьо вуйла.
И с р а п и л. Са ма гатде ахь! Суна хIумма а хир дац хьуна, ас сайн гIуллакх цIена леладо. Фирма гарантирует!
В а з р а и л. КIант, хьо цхьана хIумнах кхетахьа. Хьо хьуо цхьа Исрапил хилла ма ца Iа. Хьо дIо есачу меттехь яьлла цхьалха дечиг ма яц. Я хьо, шен кхоалгIачу ден цIе а ца хууш, чалахь вина муьжги а вац. Хьуна тIехьа ворхI да лаьтта… Тахана ахь хьайн сий дайича, хьуо

оьзда воцуш гайтича, яхь йоцуш гайтича, цIе ма южу вайн ЧIимин некъийн… Хьуна ма хаъара, хьан хенара вайн доьзалехь кхин боьрша стаг вацар-кха… Хьо а хIинццалц Россехула волавелла лийли, зуда а ца ялош.
И с р а п и л. Ваши, суна дерриге а хаьа-кх… Суо цхьаъ бен воцийла а хаьа, сан да авари а хилла, веллийла а хаьа, сан цхьа шо долуш. ТIаккха сан нана, со охьа а кхоьссина, маре яхнийла а хаьа. ХIетахь дуьйна ахь а, децас а суо лелийнийла а хаьа. ТIедуха, когадуха, даа-мала ца оьшуьйтуш, хьала-х кхиий. Зуда а ялийна, охьа а хаий. ХIинца тоьар ма ду. СадаIахьа, Ваши. Со хIинца бер а дац, ахь куьг а лаьцна, лелон. Сан шовзткъа шо кхоччуш доллу. Суна, нахана санна, ваха лаьа. Кхин гIуда тоьхна-м ваций со, гуттар а нехан бIаьра хьоьжуш ваха. Соьга эвлаяъ хила ма бахахьа. Хьо а ма ца хилла сан хенара волуш эвлаяъ: райкоман секретарь волуш, взятка-хIума эцна а хир ю,
Iалам, шашлык-машлык…
Тийналла хIутту.
В а з р а и л. КIант, хьуна хьаьнгара хезна аса взятка эцна бохуш? Я ас къаьркъа мелла бохуш?
И с р а п и л. А-а… Суна-м…
В а з р а и л. Алий вала! Хьаьнгара хезна?!
И с р а п и л. Суна-м ца хезна, ас иштта дIа элир-кха…
В а з р а и л. Хезар а дац хьуна цкъа а! Ас уьш ца лелийна дела. Дера, кIант, хьох тешна делахь, ЧIимин некъийн хIу хаьдда хир ма дара. ХIун дер хьуна, Дала иманчу валавойла хьо. Цхьа хIума-м ду хьуна бакъ: хьо
Iехавелла хьуна, хIара ахь лелориг ша тIехь йина гIала ю хьуна, малх схьа ма кхийтти хи буха а гIур йолуш.
Араволу. Санет йолу цунна тIаьхьа.
С а н е т. Ваши, Ваши, къинтIера ваьллахь, иза жимма маларх кхетта ву хьуна…Ахь, оьгIаз а вахна, тхо дIатесча, тхоьга хьажа мила ву. Хьо бакълуьйш хиллера, дахка дезаш ца хиллера кху гIала… Сан бехк бу…
В а з р а и л. Хьан бац, сан бу бехк. И борз а йийна, кхин а буьрса борз ялий ас шун керта – осалалла, хьарамалла… Сан шу дIатаса йиш а яц, Санет. Цунна са ма гатде. ХIара куьйган пIелгаш гой хьуна? Царах

цхьа а, схьа а баьккхина, дIакхосса йиш яц. Иштта бу гергара нах а…
ДIаIе. Со ваха. Ойла ян езаш гIуллакх ду хIара.
С а н е т. Марша гIойла. Некъ дика хуьлда хьан! Деце маршалла лолахь! Ваши, юха а воьллахь…
Ша йолччу охьа а йоьдий, йоьлху.
ХIун хила доллу те… ХIун хила доллу те…

**VIII сурт**

Жарманний, ши кIанттий, Бекехьаттий. Бекехьатан керта улло а хIоьттина льтта Жарман.
Ж а р м а н. Дала дуьне къаго хIоттийначу дашочу малхор, беттанашлахь базбинчу мархийн баттор, буьйсанашлахь язйинчу пIерасканан буьйсанор, деношлахь даздинчу пIерасканан дийнор, вай гIон долчу эхартор, сан дена гинчу кашор, хIара керт оцу Бекехьат бохучу гIеман ма ю. Ма тера а ю шех, нуй хьакхаза ши шо а хир ду. ХIей, цIахь дуй шу?
Б е к е х ь а т. ЦIахь ду...
(Гучуйолуш).
Чу дуьйла.
Ж а р м а н. Де дика а дойла… Хьо юй Бекехьат?
Б е к е х ь а т. Де дика ма дойла хьан, буьйса дика а ма йойла хьан, Дала хIаллак а йойла хьо! Хьо хIунда еъна кху керта? Тхуна хьайн шайтIанийн дарбанаш дахьаш-м ца еъна хьо?
Ж а р м а н. Хьуна кхин цхьа а дарба-м ма ца оьшу.
Дарба-м хьуна Дала хьо дуьненчу йоккхушехь дина. Куьзгана ца хьаьжна хьо, ва куьркахь деттина шайтIа!
Б е к е х ь а т. Хьо хIун ала гIерта, ва дуьне мел ду доладелла лела зуд! Хьан санна, басарш-пударш хьекха йиш ю сан? Со сайн доьзал кхаба гIерташ йоллу!… Ва хIоа ца ден котам!
Ж а р м а н. Дашочу малхор, даточу баттор, вай гIон долчу эхартор, сан дена гинчу кашор, ю хьо ас яхкаяллалц подвала чохь яллор. Хьуна хьаьнца гина со, мичахь гина?
Ахь и гIийбаташ леторах, сан дан сий дац хьуна.
Б е к е х ь а т. Хьан сий муха довр ду, хьан и хила а ца хилча? Хьо эрмалочуьнца едда Пятигорске яхначу дийнахь дIаделира хьан сий а.
Ж а р м а н. Яхара. Яхна дела, шовзткъа стаг ялсмане вига йиш йолушю-кх, ас иза бусалба ваькхина дела, има а диллийтина.

Б е к е х ь а т. Хьа-хьа-хьа! Цул тӀаьхьа негре а, гуьржичуьнга а диллийтирий ахь има?
Ж а р м а н. Цаьрга а диллийтира, тӀаккха – калмыке а.
Б е к е х ь а т. Хьа-хьа-хьа! Хьо санна, цхьа итт зуда дӀахецчхьана, хӀара дерриге а дуьне бусалба дине доьрзур ду-кх. Ва-хьа-хьа!..
Ж а р м а н. Стенна йоьлу хьо?! Кхин ахь са ца туьйсург дац хьуна ас лелош дерг а. Хьайн иштта лела хатӀ делахьара, хьо а лелар яра. Хьо ураме яьлла йижна Ӏиллахь а, хӀокху якъаеллачу дечгел башха, хьоьга дӀахьожур волуш стаг ма вац.
Б е к е х ь а т. Суна-м хьаха ца оьшу Делан, нехан наьӀалт, ва куц хьарам гӀам.
Ж а р м а н. Оцу сийначу стиглор, оцу Ӏаьржачу лаьттор, вай гӀон долчу эхартор, сан дена гинчу кашор, хьуна дӀасецча ма тоьлу хьуна.
Б е к е х ь а т. ДӀасоцур ю, хьо хӀара хьайн ши мар эцна, кху кертах яьлчхьана.
Ж а р м а н. ОстофируллахӀ, хьо тайпа адам-йилбаз суна гина а дац. И шиъ мегарг юьхьтӀе чо а балаза, ши бер ду, сан шичин ши кӀант.
Б е к е х ь а т. Э-э, ча тешахьара шех-м, доьзална тӀера доьзалан да вохочо хӀуъу а дийр ду.
Ж а р м а н. Ас иза вохийна а вац, ас цунах стаг вина, тӀера модаш охьа а яьхна. Чохь вуй Жорик?
Б е к е х ь а т. Жорик мила ву-м ца хаьа суна. Ахь сан майра Жалавди вийцахь, иза хьоьца ша летийначу къинойх цӀанвала гӀерташ, делккъалц ламазаш а дина, дечге вахна, тӀе – буьйса а йоккхуш… Бакъду, хьоьга яздина, соьга почте а гӀой, дӀатаса аьлла, цо дитина кехат-м ду.
Ж а р м а н. Схьада кехат, мичахь ду иза?
Б е к е х ь а т. ХӀинцца схьадохьу!
Чуйоьду.
Ж а р м а н. Ши кӀант! Нисло! Ладог1а соьга, шайн
Децига! Нагахь сан хаттаршна жоьпаш ца луш, и дуьхьал йолий, кхерае жимма! Автомат а кхоссий!
Ши К I а н т. ЛадугӀуш ву! Дика ду, Деца!
Б е к е х ь а т (гучу а йолуш).
ХӀан, хӀара ду хьуна.
Ж а р м а н (схьа а оьций, кехата тӀе хьоьжуш).

«Ас йити хьо, исс елахь, исс а, итт елахь, итт а цIе а тосуш». Бакъ хир дац… Почерк-м цуьнан ю. ХIара ма доккха хIума ду…Со ца хилча, ша лийр ву бохуш, сан мачашна обанаш бохуш лелларг…
(Ойлаеш лаьттий). Бекехьат, ас къуьйсур вац хьоьца иза. Сан хьоьца хIумма а дац.
Ахь цхьана хIуманна жоп делчхьана. ХIун дарбанаш лелийра ахь цунна, со къахьъеш? Каш даьстина, веллачун дог-пехех молханаш йира ахь?
Б е к е х ь а т. И хIумнаш ас лелор дац.
Ж а р м а н. ХьатI малийра ахь, ши зуда йолчу хIусамера еъначу овкъарех а тоьхна?
Б е к е х ь а т. Майрачунна муха маладо и дIовш?
Ж а р м а н. Холмач йоьллира ахь? Я сан сурт, Iаьржачу котаман цIий а хьаькхна, биъ некъ къаьстачохь латтах доьллира ахь?
Б е к е х ь а т. Хьуна ца хууш-м цхьа а дарба ма ца хилла?!
Ж а р м а н. Схьадиййца, хIун дарба дира ахь?
Б е к е х ь а т. Ца дуьйцу. Яхийта кху кертара.
Ж а р м а н. Ши кIант! Нисло! ЛадогIа соьга, шайн дейише! ХIокху зудчо сан хаттаршна жоьпаш ца лахь, хIара зуда, схьа а лаций, куьйгаш тIехьа а дехкий, машена тIекхосса, кхеран чуьра мехала ер йолу хIума а тIейотта.
Ши К I а н т (автомат кхуссуш).
ЛадугIуш ву.
Ж а р м а н. Схьадиййца, хIун дарба лелийна ахь?
Б е к е х ь а т. Ва зуда, ялахьа суна тIаьхьаьра… Берзан гIулг даьккхина ас шуьшинна юккъехула, берзан гIулг!
Ж а р м а н. Хьан делла хьуна берзан гIулг?
Б е к е х ь а т. И дийца йиш яц. Дуй биъна…Сан бераш ду доьлхуш… ДIагIойша, ва некъ дика ма хиларш.
Чуйоьду.
Ж а р м а н. Ши кIант, схьахила кхузза. Йоцца совещани ян еза. ХIокху зуламан да и гIулг цуьнга делларг ву. И ву схьалаца везарг. Цкъа хьалха кху юьртахь а, кху луларчу ярташкахь а кесталгIа борз хьан йийна хьовса деза.
ТIаккха дан дезарг суна хаьа шуна. ХIокху Iаьржачу лаьттах хьаладолучу ялтийн беркатор, оцу сийначу стиглара вайна тIедоьлхучу

догIанан беркатор, имам Шемалор, шайх Мансурор, сан да вахначу кашор, тIаккха цу стагехь вуон хьал а-м хир ду шуна. Дуьло! ДIабоьлху.

**IX сурт**

«Берзан цIога» фирмин офис. БIагIор хIутту неIаре.

Б I а г I о р. ХIей, чохь дуй шу?

С а н е т. Чохь ду, чоьхьа вала.

Б I а г I о р. Цхьа рапил, ши рапил, кхо рапил, йиъ рапил, пхи рапил, ялх рапил, ворхI рапил, бархI рапил, Исс-рапил хьо вуй?

И с р а п и л. Со ву. Салам-Iалам а доцуш, мича чугIерта хьо?

Б I а г I о р. Со государственни преступникашка салам лур долуш вац… ХIаъ, хIаъ, цец стенна вуьйлу хьо? Хьо, хьо ву хьуна пачхьалкхан зуламхо, говоря по-чеченски!

И с р а п и л. Со хIунда ву зуламхо?

Б I а г I о р. Иза а дIадуьйцур ду… Цкъа хьалха кхин хIума дийца ас. Цхьана эвлахь ЦIога бохуш цIе йолуш цхьа стаг хилла. ТIаккха уьстагI а бийна, мовлад а ешийтина, цIе хийцина цуьнан, Исрапил аьлла цIе а туьллуш. Кхетадой ахь? ЦIоганах Исрапил хилла. ХIинца дуьйна дIа цу стагах ЦIога аьллачунна тоха гIуда диллина. Цхьана дийнахь схьавогIуш хилла оцу эвлара ши стаг. Цхьа деха цIога а долуш, бад гина царах цхьанна. «Хьажахьа дIогарчу бедан цIо…, – цIога ала а воьлла, юха шайна диллина гIуда дага а деъна, – хьажахьа, дIогарчу бедан исрапил ма доккха а ду», – аьлла цо. Вахь-хьа-хьа.

И с р а п и л. ЧIогIа хаза хIума ду. Хьуо дийцина ваьллехь, дIавало.

Б I а г I о р. Хьа-хьа-хьа. ХIетахь дуьйна цхьаьна ду-кх ЦIогий, Исрапиллий. ЦIоганна тIехь бахам Исрапила бен буьллур а барий?!

И с р а п и л. КIант, кхин и бегаш ахь дIабахь, ас, автомат схьа а яьккхина, чуьра аратосу-кх хьо!

Б I а г I о р. Автомат? ХIара-м ца йоккху ахь.

ТIелоцу.

Государственный преступник. Зуламхо! Со мила ву хаьий хьуна? Старший ефрейтор МВД!

И с р а п и л. ХIун зулам дина ас?

Б I а г I о р. Хьалхара. Нохчийн къоман символ, Делан туркх – борз йийна ахь! ШолгIа. И борз дийна йоллушехь, цIога а, цIока а схьаяьккхина ахь.

И с р а п и л. Бакъ дац! ЦIока йоккхуш, и елла яра.
Б I а г I о р. КхозлагIа зулам. И берзан меженаш дIаса а екъна, нахана юккъехь цабезамаш, весаш, хьагI-гамонаш кхоьллина ахь.
ДоьазлагIа. Хьоьгара масал а эцна, арабевллачу бизнесменаша, вайн хьуьнхара берзалой йойъуш, хIу кхачош лаьтта оцу Делан туркхийн.
И с р а п и л. И дика дац ткъа? Хьалха-м борз йийначарна ахча ма лора.
Б I а г I о р. Иза коммунистийн зама яра. ХIинца кхин зама ю.
И с р а п и л. ХIа-а, иштта ду иза. Иштта делахь, хьаха ду вайн гIуллакхаш телхина… Собар дехьа, БIагIор, сох-м зуламхо винера ахь. Хьо хьуо ма вара соьгара и берзан цIога доьхуш. Ас хIинца мах боцуш ло-кх хьуна, цхьана кIиранна лелон.
Б I а г I о р. ХIинца тIаьхьа ду.
И с р а п и л. Муха ду тIаьхьа? Мубарик маре яхна?
Б I а г I о р. Мубарик… О-о, Мубарик.
Узар а болий, охьавоьду.
Сан деган лазам, Мубарик.
И с р а п и л. ХIун хилла цунна?
Б I а г I о р. Маре яхна Махье. Ахь берзан цIога а делла… Соьга ахь тIаьхьа делира… У-у, Мубарик!
И с р а п и л.
(Къаьркъа а дуттий, стака кховдош).
ХIан, хIара дIамалахьа. Кхуо байбийр бу хьан бала.
Б I а г I о р. Деган чов ерзор юй техьа цо?
И с р а п и л. Кхоччуш ерза ца яхь а, дикка дарба-м дийр ду хьуна. «Распутин» ма ду хIара.
БIагIора къаьркъа дIамолу.
ХIара тIекхалла ахь, хIинца дерриге дика хир ду хьуна.
Б I а г I о р. Соьга хьалха дала ца мегара ахь иза,
Махье а ца луш?
И с р а п и л. Махьа Iуьйрре схьавеара. Хьо цул хьалха схьавеъанехьара, вижна а ца Iуьллуш…
Б I а г I о р. Иштта гуттар а тIаьхьа ма вуьсу со.
Декъаза стаг ма ву со!
И с р а п и л. ХIинцца декъал-м хьаха хир ву. ХIара кхин цхьаъ дIамалал.
Стака дIало, вукхо дIамолу.

Шек дIа а ма валахьа, Мубарикал хазнаш а бу хьуна кху гIалахь шортта.
Б I а г I о р. Бу. Суна а гина уьш. Делахь а реза ца хуьлу-кх.
И с р а п и л. Хир бу. Хьайна еззачунна берзан цIога тохахьа.
Б I а г I о р. Мичахь ду берзан цIога?
И с р а п и л. Кхузза чохь ду-кх, ас хьо схьаваллац, цхьанна а дIа ца луш, дитина. Кхуззахь, пакет чу а диллина, Iалашдеш.
Б I а г I о р. Схьада ткъа. Со воьду. Делахь а Мубарик атта йиц-м лур яц суна.
Ловда, Ловда,
Хьо кхечуьнга яха,
Со витина-а-а-а…
Йиш а лоькхуш, дIаволалой, соцу.
Иср… Исрапил… Бакъдерг дийцича, и Мубарик кхин хаза а… дуй хьуна… хаза а яцара хьуна… Мара буй… и мара беха бара цуьнан. ДIавоьду.
И с р а п и л. ВаллахI, муьлхха а гIур а ма ю, хьоьга ца яха, хьаьнгга а. Хьайн жIаьлийн цIога а детташ, волалой лела хьо. Главный ефрейтор МВД! Хьа-хьа-хьа.
(Шега хьоьжуш лаьтта Санет гой). Стенна хьоьжу хьо? Кхин дуьххьара гуш-м вац хьуна со?
Санет, йист а ца хуьлуш, дикка Iа, Исрапил, цигаьрка а латийна, шен метте охьахаъалц.
С а н е т. Стаг…
И с р а п и л. ХIинца суна дIа ма йолалолахь. Хьан хьехарш оьшуш вац хьуна со.
С а н е т. Хаьа суна-м. Сан хьехарш муха оьшу хьуна, хьайн девешин хьехарш а ца эшча.
И с р а п и л. Ца оьшу, цхьаьннан хьехарш а ца оьшу.
Суна сайна ма хетта ваха лаьа.
С а н е т. Ша цхьаъ стаг кху дуьненчохь вахалур ма вац. Ткъа Ваши вайх дог лозуш ву. Вашийнчул дика хьуна дахар довза йиш а яц, цо бохучуьнга ладогIа дезара ахь.
И с р а п и л. ХIун боху цо?
С а н е т. ХIара, Вашина а дайна, ша тIехь йина гIала дIа а яккхий, юьрта цIа гIо боху.

И с р а п и л. И ду хаза. Уггар чIогIа таделлачу хенахь, дита муха дуьту гIуллакх.
С а н е т. Талуш дац, хьуна иштта моттахь а. И веъна
БIагIор гирий хьуна? И тайпа нах схьахIитта буьйлалур бу хьуна. БIагIор-м, Iехийна-тилийна, дIавахийти ахь. Вуьйш гIур бац хьуна. Цара хIаллаквийр ву хьо. ХIара гIала акхаройн бен ма бу. Ткъа хьо иштта доккха экха а дац, хьуо ду моттийта гIертахь а.
И с р а п и л. И хIун къамелаш ю ахь юьйцурш? Хьуна лаахь, акхарошна юккъехь а экха ду-кх хьуна со! Ахь хIун дей, зуда! Хьайна юрт дагаеънехь, хьала цIа а гIой, цIахь
Iехьа, уьстагI, котам а лелош – ас уьш юха схьаэца ахча а лур ду хьоьга. Со кIирнах цкъа – мукъа де долуш – цIа вогIур ву хьуна.
С а н е т. Везандела! Боккъал а хийцавелла-кх хIара стаг.
И с р а п и л. Муха хийцавелла?
С а н е т. ДIабаьлла-кх хьан соьга болу безам. Хьалха ма хала дара ахь и ала. Сох къаьстина буьйса яккха воьдуш а, бала хуьлура. Бакъ хилла-кх соьга зударша дийцинарг…
И с р а п и л. ХIун дийцина хьоьга зударша? И хIун хIетал-металш ю?
С а н е т. Цхьа а хIетал-метал а яц… Хьо а, хьан накъост а цхьана яьлла лелачу зударшца, регIа юххерчу хьуьнхахь, четар а тоьхна, де-буьйса доккхуш гинера…
И с р а п и л (вагийна).
Зуда, хьо суна тIаьхьа таллам беш ю? Разведчица хилла хьох?
С а н е т. Ца хилла. Наха дуьйцуш ду-кх иза. Хьайн а, хьайн доьзалан а сий ма дойъу ахь.
И с р а п и л. Ахь хIун дийр дуй, зуда?! Боьршачу стагана хIумма а тIе ца лета хьуна, цо хIуъу лелийча а…
Сий дойуш ерг зуда ю. Цундела ахь ларде хIокху хIусаман сий. ШолгIа делахь, хьо яра бохуш хьан кучан юх а лаьцна, со Iийр вац хьуна, дехьа-сехьа а ца волуш, са а ца къоьруш. Хьайна Iиэн лаьий – Iиэ: даа ду хьуна, мала а ду хьуна. Ца лаьий – хьайна луъучу гIуо!
Санет цхьана юкъана йист ца хуьлуш лаьтта. БIаьргех оьхуш хиш ду цунна. Исрапил шек а вац, лимонадах къурд беш Iаш ву.
С а н е т. Стаг, хьуна ма хаьара, дукха жима йолуш нана а елла, дестечуьнца хьалакхиъна ю со. Цундела сайн цIахь Iиэн меттиг боцуш, вуьрхIийтта шо ма кхеччи, ахь дуьйцучух тешна, хьоьга еара со. Хьо а

деций-ненаций кхиъна а вац, хьо кхетар ву-кх сох аьлла. Ас жимчохь дуьйна сатийсинера оьздачу доьзале. И тайпа доьзал хьоьца кхолла дагахь а яра со… Амма ахь оцу барзах айхьа диннарг дин вайн юкъаметтигех. Диг а детташ, меженаш а йохуш, дӀасадийкъи вайшинна юккъехь мел хилла Сийлахьниг, Сирланиг, Лекханиг. ДӀасадийкъи, сан дагах кийсигаш а йохуш, бевлла лелачу зударшна, къаьркъанчашна, эхьима доцчарна…
И дерриге талор суна тӀехь дина ваьлча, сан цӀа яха цӀа доцийла а, сан нанас вина ваша воцийла а хууш, ахь боху: «Хьайна луъучу гӀуо!»… Хьуна моьтту хир ду, айхьа со чохь йитчхьана, со хьайца Ӏиэн реза хир ю. ХӀан-хӀа, со жӀаьла ма дац, доьша доьттичхьана тоам беш… ЦӀа яха цӀа дацахь а, хьо стагаца ца Ӏалла куралла-м ю хьуна сан…
Со дӀайоьду…Мича? Дуьненчу. Деле сайна гӀо дар а доьхуш, адам а хилла, дуьненчухула чекхъяла.
Санет дӀайоьду. Музыка.

**X сурт**

Изза чоь. Исрапил ша.
И с р а п и л. ДӀаяха тов Санет! ВаллахӀ, дӀайоьдуш, нах санна, дӀа а гӀур ма яцара. Дог Ӏовжий-кх цо, и философски къамел а дина. Шен хене хьаьжча, дукха хууш хӀума а яр-кха хьуна иза а. ДӀагӀо, хӀокху хьолана юккъехь Ӏиэн ца лаахь. Зударел дукха хӀума дац кху дуьненчохь. Цундела сан девиз: «Ни дня без женщин». ХӀинца царах цхьаъ схьаяло еза, телефон а тоьхна. Муьлханиг ялор яра-а?! Сюзи!.. Цуьнга кхочуш яц цхьа а. О-о, ма хӀумнаш хаьа цунна.
Телефон тоха волало.
Цунна ца хууш хӀума дац. Алло, Сюзи?.. Кэтрин, хьо ю и? Сюзига кхайкхахьа. Сюзи! Со Исрапил ву. Дага ца вогӀу хьуна? Ахь Ирвинг олур-кха сох. Да-да…Король волчьих хвостов… ХӀаъ, хьан Малыш. Сюзи, со маьрша ву! Цхьана денна вац, гуттаренна ву! Мухий? Зуда дӀаяхийтина ас.
ХӀаа, хӀаа. Суна хаьара хьуна и товр дуй… Сюзи, сан сагатло. Схьайолахьа. Маца йогӀур ю бохура ахь? Сахьт даьлчий? Со хьоьга хьоьжуш ву-кх ткъа. Массо хӀума а кийча хир ду. ХӀан, охьаюьллу ас.
Трубка охьаюьллу.
Багах мукъам а беш, чохь цхьацца дезарш дан волало.
Диван дӀатайо. Мала хӀума схьаоьций, стол тӀе хӀоттайо.

Оцухенахь, неI а ца тухуш, чоьхьа волуВевзашвоцург.
Вист а ца хуьлуш лаьтта иза. ЦIеххьана иза а гой, кхерало Исрапил.
И с р а п и л. Хьо мила ву? Хьо мичара ваьлла?
В е в з а ш в о ц у р г. Хьуна хаьий сан ваша Бакъи цомгаш хиллий?
И с р а п и л. Хилча хIун ду? Со лор а вац…
В е в з а ш в о ц у р г. Цунна цхьана агIонна паралич хилла…
И с р а п и л. Дика ду-кх… Аьлча а, вуон ду-кх, хиллехь.
В е в з а ш в о ц у р г. Иза, багийна пха санна, сеттина…
И с р а п и л. Сеттинехь, соьга хIун де боху ахь…
Накъост, хьо хьуо ву моьтту суна лор оьшуш.
В е в з а ш в о ц у р г. Цунна цхьаъ хуьлий, я иза иштта заьIап вуьсий – ас хьоьгара чIир оьцур ю хьуна.
И с р а п и л. И хIун къамел ю ахь юьйцург… Сан хIун бехк бу, хьан ваша цомгаш хилча?
В е в з а ш в о ц у р г. Ахь берзан пха боьхкирий? Иза багийна, цундела цомгаш хилла сан ваша.
И с р а п и л (воьлуш). Хьа-хьа-хьа. И ду и? Хьан ваша курхалча хилла-кх, хир дацарий, нехан хIумнаш а ца лечкъош, IаддаIийнехь…
В е в з а ш в о ц у р г. Накъост, хьан бала бац цо лечкъочу хIумнашца. Массо а шен-шен аьтто бан гIерташ воллу! Цо хIумнаш лачкъийнарг тхан тхайн стаг ву. Халкъан хьакъ диъна а ву. Леш воллучунна хин куршка а лур йоцуш, бIаьрмециг а ву…Цундела…Хьан гIуллакх ма дац нахана юккъехь питана даржо.
И с р а п и л. Ахь хIун дай, накъост?! КIур бел кху чуьра!
В е в з а ш в о ц у р г. ХIара ас хьуна иштта дуьтур-м дац хьуна!
И с р а п и л. Яхийта! Ас, автомат схьа а эцна, хьайх цаца бале.
В е в з а ш в о ц у р г. Автоматах со кхералур вац хьуна. Сан БМП а ю хьуна.
И с р а п и л. Иза цхьанхьара лачкъийна хир ю ахь…
В е в з а ш в о ц у р г. ВаллахI, ас дуьтур-м дац хьуна, сан вешина цхьаъ хилахь…
И с р а п и л. Шаьш лачкъийна хIумнаш дIало аш, толур ву хьуна хьан ваша!
В е в з а ш в о ц у р г. Мел лачкъийнарг дIаелча, берриг а бахам дIабала беза. Цул атта хьаха ду суна хьоьгара чIир эцча…

Къайлаволу.
И с р а п и л (тIаьхьа мохь бетташ). Хьайн леринарг духа ма озалахь. Эхь, Къуръанор, ду хьуна, соьгара чIир ца эцахь!
(Ша шега).
Хьажахьа, хIорш букъе ан мел хIоьттинарг а, чохьлазар мел кхеттарг а со волчу схьаида буьйлалахь, хир ду хаза. Нах аьлча а, хьердевлла жIаьлеш!
Тахханехь автомат а, бронежилет а эца еза.
Оцу хенахь наьIарехь гучуволу Завалу.
З а в а л у. Со дагавогIий хьуна?
И с р а п и л. Ахь хIун леладо, салам-Iалам а доцуш, хьера вир санна, чугIерташ ма ву хьо?
З а в а л у. Ас хьоьга суо дагавогIий боху?
И с р а п и л. Цхьанхьа гича санна-м хета суна.
З а в а л у. Гина хьуна, гина хьуна! Дукха хан йоццуш, Варше-юьртахь.
И с р а п и л. Гина хир ву хьуна. Оцу юьрта цхьа дайна вир лоьхуш веънарг вуй хьо?
З а в а л у. Накъост, кепаш ма хIиттаехьа… Тхан цIентIехь вир цкъа а хилла а дац. Со кIайчу шестисотый
«Мерседес» тIехь веара шуьга.
И с р а п и л. ХIа-а, хьо ву и? Соьгара берзан ког эцнарг… ШолгIаниг хьо эца веънехь, и ас боьхкина дукха хан ю хьуна – 10 миллион делира суна.
З а в а л у. ШолгIаниг эца ца веъна, хьалхарчух айса хьуна делла ахчий, деший, бриллиантови браслеттий дIадахьа веъна.
И с р а п и л. Схьаба ког ткъа.
З а в а л у. Ког багийна.
И с р а п и л. Делахь хьан ахчий, деший, браслеттий даьгна ларахьа.
З а в а л у. Цунах гIуллакх хир дац. Ахь «фирма гарантирует» элира. Хьан гаранти чекх ца яьлла. Сан даьхни охьадилла! Ца дуьллий ахьа?.. Дуьллур ду – корах арахьажал хьо!
И с р а п и л (корах ара а хьожий). ХIара нах стенна гулбелла? Кхин тезет яьлла меттиг-м бац вайна?
З а в а л у. Уьш сан тайпанан вежарий бу, ахь хьайга бохург ца дахь, тезет яккха баьхкина.

И с р а п и л. ХӀа-а, гӀуллакх иштта ду… Делахь сихлур дац вай… ХӀун яра хьан цӀе?
З а в а л у. Сан цӀе-м Завалу ю, ахь цунах хӀун до-м ца хаьа суна…
И с р а п и л. Завалу, хьан бахам лачкъийнарг гучу ма ваьлла.
З а в а л у. Муха гучуваьлла?
И с р а п и л. ХӀинцца, хьо чувале цхьа ши минот хьалха дӀавахара-кх иза, соьга чӀир а хьехийна.
З а в а л у. Мила ву иза? Мичахь ву?
И с р а п и л. Мила ву а ца хаьа, мичахь ву а ца хаьа…
Хьан гергара ву ша а бохура, хьаьрса маж а йолуш, цхьа вуон йоьттинчу элан холин бохь санна, тӀедаьлла меран дукъ а долуш вара-кх иза.
З а в а л у. Масане бара уьш, и хьанна дагавогӀу.
И с р а п и л. Дагаваийтахьа. Аьрру агӀор цкъоцкъам хадош шуьйра муо а бу цуьнан.
З а в а л у. ХӀа-а, хӀинцца дагавеа – ГӀиргӀа. Виталахь!
Цунна хӀун дан деза-м суна хаьа хьуна.
И с р а п и л. И вац хьуна хӀумнаш лачкъийнарг – цуьнан ваша ву. Ахь берзан пха багийна, паралич а кхетта, воьжна Ӏуьллуш.
З а в а л у. И шиъ-м хӀун бен вара… Соьга Филиппине хӀумнаш ян вахна а аьлла… Делан наьӀалт кху курхалчашна!
Араэккха.
И с р а п и л. Уой, хӀокху наха хӀун леладо, са а тасале кхуза схьауьдуш? Со кхин страховой кампаний-х яций…
Дера, и нах Ӏийр-м бац. Сан «Берзан цӀоганах» а цӀе яьлла моьтту суна. ХӀара кхин гена далале, вывеска схьа а яьккхина, кхузара къайлавала веза. Жимма хан а ялийтина, хӀара нах дӀагӀелбалийтина, вуха а веъна, хӀара цӀа а дӀадухкур ду. Катоьхна нека хьакха деза, хи хӀинцале а схьакхаьчна. Сихха юьстах вала веза. Сайн Сюзи а эцна.
Вывеска схьаяккха волало. Эццахь гучуйолуЖарман, шеца ши кӀант а волуш.
Накъостий! Фирма «Берзан цӀога» дӀакъевлина, финансови кризис бахьанехь.
Ж а р м а н. Дуьненчуьра адамийн, акхаройн, хьайбанийн, сагалматийн хӀу кӀелхьара даькkхинчу Нухь-пайхамарор, шен вежарша гӀу чу кхоьссина хиллачу Юсуп-пайхамарор, Малхбузера Малхбале кхаччалц

дехачу бусалба нехан умматор, вай гІон долчу эхартор, сан да вахначу кашор, ву хІара ас лоьхург!
И с р а п и л
(Воьхна).
Ахь хІун юьйцу, зуда? Мила ву боху ахь со?
Ж а р м а н. Исрапилан малико зурман чу хІуп аьлла, дерриге адам махьшаре кхойкхучу дийнор, мискъалан зарратал хІума тидам боцуш ца дуьтуш, къамел оза цигахь хІоттор долчу мизан терзанор, Іарп-лам тІехь деллачу хурмин сахьор, вай гІон долчу эхартор, сан да вахначу кашор, ву иза, оцу Бекехьат бохучу гІеме берзан гІулг а делла, тхан доьзал бохийнарг.
И с р а п и л. Зуда, хьо тиллаелла хьуна… Со вац хьуна иза…
Ж а р м а н. Ву! Ву! Ши кІант, нисло! ЛадогІа соьга, шайн цхьаъ бен йоцчу дейише. И льттарг воккха зуламхо ву, вайн къоман, вайн пачхьалкхан символ йолу борз, къизаллица, тешнабехкаца чов а йина, дийна йоллушехь цуьнан меженаш схьа а яьхна, уьш нахана дІасайоьхкина, бахам бинарг! И бахьнехь боьхна дуккха а доьзалш, дакъазбевлла нах… Уггаре коьрта зулам: кхунах масал а эцна, арабевлла таллархой берзалойн хІу хадийна бовлуш бу.
Эццахь, заьІапхойн вордан чу хаийна шен ваша валош, чувогІу Вевзашвоцург.
В е в з а ш в о ц у р г. Нах! Хьовсал, оцу стага, берзан пха а багабайтина, сан вешина динарг!
Ж а р м а н. ЭхІ, ма йоккха къизалла ю хІара.
В е в з а ш в о ц у р г. Накъост, ас чІирах хьалха вуьту хьо, кхунна лечени ян ахь сто тысяч доллар лахь…
И с р а п и л. Кхин со страховой кампани-м яц?! Я со къуй спонсировать бан дезаш ву?!
В е в з а ш в о ц у р г. Хьайна вала ца лаахь, сто тысяч долларов охьадилла.
И с р а п и л. Ахь хІун юьйцу? Шуьшиннан а бац ши кепек мах!
Оцухенахь, вогІий, чуэккха БІагІор, карахь лестош цІога а долуш.
Б І а г І о р. Накъостий! Гучудаьлла зулам!
И с р а п и л. ХІун зулам?!
Б І а г І о р. ХІара хІун ю?
И с р а п и л. ЦІога ду-кх!

Б I а г I о р. Хьенан цIога ду?
И с р а п и л. Берзан цIога ду-кх!
Б I а г I о р. Накъостий! Суна, берзан ду аьлла, кхуо делларг жIаьлин цIога хилла!
И с р а п и л. Мегарг са гуш а воцчу, хьуна хIун хаьа, и хIун цIога ду?
Б I а г I о р. Ас МВД-хь экспертиза яйтина!
Ж а р м а н. Ши кIант!
Ш и к I а н т (цхьаьна).
ЛадугIуш ву, Деца!
Ж а р м а н. Ас сацам бо. Етта оцу зуламхочунна!
И с р а п и л. Ма-ма… Аш хIун до… Суд иштта еш ма ца хуьлу… Адвокат а волуш… ХIара самосуд ма ю… Вай маьршачу махкахь дехаш дац?… Деклараци прав человека ца ешна аш? Ас ООН-е арз дийр ду. Ва-аа!
Ж а р м а н. ТIетоха!
Шина кIанта, дикка еттий, кхетамчуьра воккхуИсрапил.
ТIаккха Жармане дIагойту мадвелла иза.
Ж а р м а н. ХIинца тоьар ду. Виэн мегар дац. Вай ца делла цунна дахар. Веза хилла волчу Дала делла, Жалла
ЖалалахI.
КIентий! Ас сацам бо оцу Делан туркхан – берзан меженаш а юхкуш, нехан доьзалш а бохош, вовшахтоьхна хIара бахам шина декъа бекъа: цхьаъ – суна, важа дакъа
– шуна. Реза волчо куьг хьала айа. Массо а реза ву. Ара а баккхий, машенашна тIеботта бахам.
Ш и к I а н т. ЛадугIуш ву, Деца!
Бахам арабаккха волало ши кIант, БIагIор, Вевзашвоцург.
Жарман, чухула йола а луш, царна омранаш деш лела.
Ж а р м а н. Хрусталь! Ларъелаш, Ботсванехь Iаьржачу наха дика дIаоьцу иза. ХIара ши куз суна биллалаш! ХIара кIаденаш а – суна. Ашшимма кхарах дан хIума а дац.
Шуьшиъ хIинца а жима ву. Оьшург ас оьцур юшуьшинна.
Малар дерриге шаьшшинна дIаэца, цхьа «Наполеон» доцург.
Эццахь меттахъхьов Исрапил.
Дашочу малхор, ялтийн беркатор, маьждигийн момсарор, мутаIеламор, вай гIон долчу эхартор, сан дена гинчу кашор, и зуламхо

меттахъхьуьйш ма ву.
Ши кIант тIеводуИсрапилна. Цхьамма хьалаойу, вукхо чIениг кIел буй туху.
Ш и к I а н т. Кхин цхьана сохьтана а тоьар бу хьуна.
Ж а р м а н. Сохьтехь Iен йиш яц, катоххий хьовза!
ХIуманаш арайохий бовлу. Серло йов. Юха леттачу гIийлачу серлонехь гучуволуИсрапил. Халла меттавогIуш ву иза.
И с р а п и л. Ва-а, Дела… Со мичахь ву?.. Санет…
Ваши… Сайн чохь ву… Кху чохь ма деса ду… Къематдийнахь хьокхур бу боху мох хьаькхна кху чохь-м. ТIе охьахаа гIант а ца дитна…
Хьажахьа, оцу боьхачу хIумано суна динарг…Машен мукъана а ца йитина техьа, нехан ю аьлла а…
Халла коре в воьдий, арахьожу.
Ца йитина… Сан «Вольво»… Ва-а, Дела… Сан кийра!.. И нах… Уьш хIунда гулбелла кху кертахь?.. ЗаьIап нах ма дукха а бу… Уой, уьш массо а соьгара баьхьна берзан пха багийна, заьIап хилла аьлла арабевлла теша?
Уой, оццул къуй хилла-кх кху махкахь…Уьш массо кху чу ван гIерташ ву… Ваши… Ас хIун дийр ду…
Корехьа дIахьоду.
Суна орцах мила вер ву? Ваши… Санет…
Корехь гучудолу берзан гIаларт.
Хьо… Хьо мила ву? Хьо хIун ю?..
Б е р з а н г I а л ар т. Со ца евза хьуна?
И с р а п и л. Борз?! Хьо яла ца елла?
Б е р з а н г I а л ар т. Ахь сан дегI дийра, сан сина хьан дан хIума а дац…
И с р а п и л. Ткъа хIунда еъна хьо? Сох кхарда еъна хьо?
Б е р з а н г I а л ар т. Ас хьоьга ала ма элира, лекха ма йотталахь гIала… ХIинца хIун хили хьан ша тIехь йинчу гIаланах… ДIаели… Малх кхетта, ша баша а бешна, хи чу а яхна. Хьа-хьа-хьа!
Тамашийна, дехха доьлу Берзан ГIаларт.
И с р а п и л. Сацийта! ДIаяла сан корера. Ас ца туьйхира хьуна топ.
Б е р з а н г I а л ар т. Топ хьан девашас туьйхира. Иза-м вайна юккъехь долуш дара: оха шун уьстагIий кхехьар а, аш тхуна таллар а. Амма ахь хадийра дихкина доза!

Ахь сан са дегIах къастале, диг а детташ, дIасаехира меженаш.
Уьшюхкуш, харцонца хьайн бахаман гIала йоьттира ахь! ХIун хили цунах?
И с р а п и л. ХIун де боху ахь соьга? ДIаяла цу корера!
ДIаяла!
Б е р з а н г I а л ар т. Ахь Дала дихкина доза хадийна!
Цундела тахана дуьйна дIа шун халкъана юккъера имаберкат дIадер ду.
Оьздангалла дIаер ю, гIиллакхаш моттаргIане доьрзур ду. Ваша вешица эвхьаза вер ву шух, кIант – деца…Харцо хир юшуна сийлахь.
Зуламех, цIийн
Iоврех бузур бу шун мохк. Сан сардам гIур бу шух!
Эццахь Исрапила, дуьне Iадон санна, мохь олу. Имохь цхьалхачу берзан угIаре боьрзу.

К и р х ь а.

# ОР

**Ор**[8]

Шина декъехь драма
Дакъалоцурш:
Г а м а р г
М у т у ш
С а п а р
Т е о ф и л о
Х а н н а
I Х Е Х О
II Х Е Х О
Х ь а ь к а м

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

**I сурт**

Ор чохь
М у т у ш. ХIей! ХIей-хIей!
С а п а р. Стенна хьоькху ахь мохь, гай ятIча санна!
М у т у ш. Вай мичахь ду?!
С а п а р. Цкъа хьайн бIаьргаш дIабастахьа…
М у т у ш. Мегар дуй, ткъа?

С а п а р. Ас дӀабаьстина-м дукха хан ю уьш.
Г а м а р г. Мегар делахь, ас а дӀабосту.
С а п а р. Хьо а дийна вара!
Г а м а р г. Цкъадолчунна-м ву… Веллехь бакъахь-м дара.
М у т у ш. Цара ма баста-м аьлла.
С а п а р. Цара аьлларг дерриге а дан дезаш-м дац?
М у т у ш. Собардехьа цкъа. Ахь элир-кха айхьа бӀаьргаш дӀабаьстина дукха хан ю.
С а п а р. Ю, тӀаккха…
М у т у ш. Со кху ор чу кхуссуш гира-кха хьуна.
С а п а р. Хьуна мийра тухуш бохий ахь? Хьуна тухуш а гира, хӀокхунна тухуш а гира.
Г а м а р г. Ткъа хьуна?..
С а п а р. Сайна тухуш-м ца гира…
М у т у ш. Хьуна ца туьйхира?
С а п а р. Са ма гатде шайн, суна а туьйхира…
М у т у ш. ЭхӀ, ма дика хӀума ду иза! Нийсо хилча гӀоле ду-кх массо а хӀуман тӀехь.
С а п а р. Вахьа-хьа-хьа. И нийсо-м хир ю хьуна кхузахь вайна.
Г а м а р г. ЧӀогӀа ма лехьа.
С а п а р. Хьо мел чӀогӀа гӀийла луьйш, эсала хилахь а, хьан тодала хӀума дац хьуна. Къинхетам дӀабаьлла меттиг ю хӀара.
М у т у ш. Хьуна хӀун хаьа?
С а п а р. Суна хаьа, тхо царах, уьш тхох леташ, тхо вовшех хьерчаш, хӀара пхи-ялх шо дӀадаьлла дела. Къинхетам боху дош я церан а, я тхан а къамелехь олуш а дацара.
Г а м а р г. Хьо-м хьайн цхьа некъ болуш вара…
С а п а р. Бехке ву ала гӀертий хьо?
Г а м а р г. Ца гӀерта со-м, царна гергахь…
С а п а р. ХӀаъ, царна гергахь зуламхо ву, ткъа суна гергахь зуламхой уьш бу…
Г а м а р г. Ткъа со?
С а п а р. Шуьшиъ… Зуламхочунна юххехь нисвелла…
Шуьшиъ дӀахеца а тарло, ца хеца а…
М у т у ш. Ца хецна хӀун дийр ду цара?
С а п а р. Э-э, церан дан хӀуманаш дукха ду хьуна…

Масала, вер…Иза маса тайпана хуьлу хаьий хьуна?! Эзар тайпана… Сихха вер, лазош вер, жим-жимма вуьйш вер, аьртахаша тоьхна, я хадош, садукъдеш, ирхъуллуш, чу кIур хецна…
Г а м а р г. Хьайн Деллахь ма дийца! Иштта а эккха доллу хIара сан дог, кхин тIе а лазадаьккхи ахь.
С а п а р. Шуьшинна хIумма а ца дан а тарло. Шуьшиъ вахкаваллалц чохьвалло а тарло.
М у т у ш. И ду хаза! Дина хIума а доцуш, бехк-гуьнахь а доцу нах бахкабо кху чохь?
С а п а р. Бехк-м карор бу хьуна царна… Бакъдерг дийцича, шуьшиъ кху чохь веха латто церан аьтто хир бац моьтту суна.
Г а м а р г. ХIунда?
С а п а р. Шаьш а бац уьш кхин тIаьхьало йолуш.
I Х е х о (ора йисте а хIуттий, мохь бетташ). ХIей!
ДIасацал цигахь! Дукха века ваьлла хьо.
С а п а р. Женевски конвенцино суна бакъо ло…
I Х е х о. Хьуна бакъо ас ца ло. Ас! ЛадогIа шайн дийнан роже. Охьаеша…
II Х е х о. ВорхI даьлча хьалагIовтта. БархI даьлча хIума кхаллар. Цхьайтта даьлча - дуьйладалар. Ши сахьт даьлча - назманаш алар. Кхо сахьт даьлча - бартхаттар.
Пхиъ даьлча - узам бар. ВорхI даьлча - хIума кхаллар.
БархI даьлча - дIатер. Исс даьлча - дIадийшар.
I Х е х о. Кхеташ дуй?!
М у т уш. Кхеташ-м дара…Хан муха ягарйийр ю оха…
Тхан сахьташ а, кхийолу хIуманаш а аш дIаяьхна!
I Х е х о. ХIинца маса даьлла вайна алал, ТIелхаг?
II Х е х о. ХIинций…ХIинца вайна суьйрана бархI дала итт минот ю…
I Х е х о. Хуьлуьйтур вай нийсса бархI сахьт даьлла.
КхидIа йолу хан шаьш ягаръе…
Г а м а р г. Оха муха ягарйийр ю хан?!
I Х е х о. Ойлае аш!
II Х е х о. И шун шайн гIуллакх ду. Къамелаш дIасовцийта!
I Х е х о. ХIокху кIиранах кху набахтин Хьаькам ву гучуверволуш, цуьнга аьр аш шайн дагахьдерг.

М у т у ш. Собардехьа, кху чохь бӀаьргаш дӀакъевлича а, схьабиллича а цхьатерра ма ду.
II Х е х о. Муха цхьатерра?
М у т у ш. Iаьржа ю-кх, гуш хӀумма а доцуш.
II Х е х о. ХӀун ган лаьа хьуна… Шу вовшийн арахь гина.. Кхин шуна цу чохь ган стагга а вац…
I Х е х о. КхидӀа вовшийн цагар гӀоле ю шуна…
С а п а р. ХӀунда бохура ахь?
I Х е х о. Дера боху де-дийне мел дели а, шу эрчадовлуш дӀагӀур долу дела…
II Х е х о. Шайн хьашташ куьйгаэшара кхочушдийр ду аш... Цунна лерина кхин цхьа чоь ю шуна…
С а п а р. Цунах гӀуллакх хир дац! Тхуна кху чохь стогар беза я электросерло ялае!
I Х е х о. Хьуо, кхин, курорте веана-м ца моьтту хьуна?!
С а п а р. Женевски конвенцино тхуна бакъо ло…
I Х е х о. ХӀинца дӀа ма волалолахь.
II Х е х о. ЧӀурам лур бу, чӀурам - хӀора ткъе диъ сахьт мел долу - шишша чӀурам!
I Х е х о. ГӀовгӀанаш совцаяй, дӀадийшарна кечамбе!

**II сурт**

Изза ор. Бодане.
М у т у ш. Цо элир-кха, хӀора ткъе диъ сахьт даьлча лур бу.
С а п а р. ХӀун?
М у т у ш. ЧӀурам. Шишша чӀурам.
Г а м а р г. ТӀаккха?
М у т у ш. ТӀаккха цо вайна ткъе ялхитта чӀурам белла. Делахь, хӀетахь дуьйна берхӀитта де-буьйса дӀадаьлла.
Г а м а р г. ХӀаъ, вай схьадалийна де а, чӀурам боцуш яьккхина буьйса а тӀетоьхча, ткъаесна дей, буьйсий…
С а п а р. Ас кхузза пена тӀе ткъаесна зил бо… Стенца бийр бара уьш…
М у т у ш. ХӀан, хӀара ангали ду хьуна… Кхузахь, пенах тоьхна, шиша дохийначух тера ду цхьамма…
Г а м а р г. Мила хилла техьа и декъазниг…
Мутуш. Дуккха а нах чекхбийлинчух тера ду кху чухула, вайл хьалха…

Г а м а р г. Мича баьхьна цара уьш…
С а п а р. Уьшший… Лаьттах бахийтина-кх, латта доккха ма ду.
М у т у ш. Делахь вай а дукха хьедийр дац хьуна…
С а п а р. Шуьшиъ дIавахийта а мега… Со лаьттах вохуьйтур ву.
I Х е х о (лакхара охьа чу мохь тухуш). ГIовгIанаш дIасовцае! Шуьга вистхила веана, набахтин хьаькам!
Х ь а ь к а м. ХIорш муьлш бу? Схьаерзае панар!
II Х е х о. Цхьаъ вайна дуьхьал летта милцо ву!
Х ь а ь к а м. Ву? Иза дика ду. Кхуьнца кест-кеста болх бе! ХIун ю хьан памили?!
С а п а р. Кахаев ю!
Х ь а ь к а м. Дика хир ду. ХIара мила ву?..
I Х е х о. Цхьацца хIумнаш язъеш ву боху-кх ша…
Берашна туьйранаш…
Х ь а ь к а м. Хьахь-хьа! Туьйранаш, тов! Туьйране схьакхаьчна-кх хьо!.. Пайдабоцу хIума!
Г а м а р г. Пайда стенна бац… Хьан бераш дIадийшо дийца туьйра хир ду-кх.
Х ь а ь к а м. Сан бераш дан а дац.
Г а м а р г. Дацахь, хир ду-кх!
Х ь а ь к а м. Сацийта! Со бераш хуьлуш а вац!
КхозлагIниг мила ву?!
II Х е х о. КхозлагIчо, ша машенца нах дIасалелош вара боху…
I Х е х о. И шиъ шена вевзаш а вац, боху… Шен цхьа а бехк а бац…
Х ь а ь к а м. Бехкбоцург кху чу кхача а ца кхочу!
ЛадогIа, тутмакхаш! Шуна кхаъ бу сан баккха. Шун гIуллакхе хьажа дуьнене а шун бала дIабийца еана Хелисат а ю..
Х а н н а. Со Хелисат а яц, Ханна ю, со Хелсински тобанера ю. Иштта «ЦIечу Кхосаберган» векал а ю.
Х ь а ь к а м. Иштта шун бакъонаш ларъеш хир ву минерал…
Т е о ф и л о. Минерал яц тхан организацин цIе "Мемориал" ю. Сан цIе Теофило ю. Кубински цхьа боксерваркха иштта цIе а йолуш.
С а п а р. И ву хьо?
Т е о ф и л о. Цуьнан сийнна тхан дас тиллина суна и цIе.
Х а н н а. ЛадогIал аш, аш шайн долу аьрзнаш тхоьга схьаала, шайна еттахь, дашца сийсаздахь, шайн бакъонаш талхаяхь… Оха и дерриге

дуьненна дIадуьйцур ду.
Т е о ф и л о. Оха иза ООН-е, ОНН-е, ОБС-е, МКК-е, МКС-е… массанхьа а дIаяздийр ду… Киншкаш тIе а яздийр ду…
Х ь а ь к а м. Доцца аьлча, кхара шун гIайгIанаш, баланаш схьа а гулбеш, шура санна машенах чекх а бохуш, шайна баа тIо боккхур бу.
Т е о ф и л о. Тхан сий дайа ма гIерта! Ас УВКБ ООНе дIаэр ду хьуна.
Х а н н а. Тергал а ма вехьа…
Т е о ф и л о. Шу схьахеццалц хьакхин жижиг ца даа сацам бина Керлачу Зеландерчу кериста наха.
С а п а р. Хаза г1иллакх ду иза-м.
Х а н н а. Шуна маршо йоьхуш, кхаа дийнахь-бусий ца ходуьйтуш ц1ара гонаха хелхарш дина Гвинея-Бисаура 1есачу наха.
Г а м а р г. И къа-м ца хьегнехь а х1умма а дацара.
Х а н н а. Хьомсара тутмакхаш, цхьа а аьрзнаш дуй шун?
Г а м а р г. Суна ламаз дан аьтто бац…
Х ь а ь к а м. ХIун ламаз дуьйцу ахь? Хьанна оьшу хьан ламазаш? ХIинццалц туьйранаш яздеш а лелла, Дела дагавеана кхунна!.. ЧIучI…
Г а м а р г. Ас ламаз ден дукха хан ю.
Х ь а ь к а м. Делахь, лаьттаца эца хьайн ламаз… Хи дац!
С а п а р. Кху чохь шийла ю.
Х а н н а. Ас Хелсински тобанан цIарах, "ЦIечу Кхосаберган" цIарах сацам боллуш дIахьедо хьоьга: оцу ор чу батарейш а хIиттае, довхачу хица йохъеш йолу батарейш!
Х ь а ь к а м. Хьа-хьа-хьа. Боккъал а бохий ахь?
Т е о ф и л о. И дан шайн йиш яцахь, цу чу электросерло йига, цхьа плитка а хIоттае.
Х ь а ь к а м. Ахь хIун дуьйцу?! Ток тхуна царна етта а яц, бакъдерг дийцийта… Шаьш, кхин курорте кхаьчна-м ца моьтту шуна?.. ТIама юккъехула, ас хIун отоплени яре сатуьйсу аш?.. Хехо, дечиг ло царна, цIе латаяйта!
Г а м а р г. Кху ор чохь цIе латийча, кIур ара муха бер бу?
Х ь а ь к а м. К1уьрана-м арабала меттиг карор юшуна.
КIуьран ойла а ца еш, шайн ойлае аш.
С а п а р. Собардехьа цкъа…
Х ь а ь к а м. Собарда йиш яц. Шу санна, виъ бIе сов ву сан.

Т е о ф и л о. Са ма гатде аш, оха шуьгара хьал дерриге а дуьнене дІахоуьйтур ду шуна.
Х а н н а. Шун цІерачех кхетар ду тхо, шуьгара хьал царна дІа а дуьйцур ду. Цара шуьга яздахь, кехаташ дохьур ду.
С а п а р. Кехаташ дІаса а кхоьхьуьйтуш, тхо кху чохь дахко дохку шу?
Т е о ф и л о. Тхан карахь хилча, оха сахьт а доккхуьйтур дацара шуьга…
Г а м а р г. Барт-хаттам а боцуш тхо кху чохь дохку бутт кхочушбу…
М у т у ш. Тхан гІуллакхан хІуъа а цхьа йист яккхийтийша! Йист!
Х ь а ь к а м. Йист бохий аш?! Йист а кестта хир ю.
Дуьло! Дуьло! Набахти йоккха ю! Хьовсар чекхдаккха деза!
ДІабоьлху

**III сурт**

Изза ор.
М у т у ш. ХІей-хІей, самавалахьа.
С а п а р. Самаваьлла а хІун до, гуш хІумма а ца хилча… Цхьа бода боцург… Набкхетча, гІенаш а го… Малх а… Беттаса а… И шиъ гІенах цхьаьна гича муха туьдура наха?
М у т у ш. И дитахьа, собардехьа… ладогІахьа!
Г а м а р г (самаволуш)
Шуьшиъ хІун дуьйцуш ву?
М у т у ш. Тхойшиъ-м хІумма а дуьйцуш вац… Оцу лакхахь дуьйцучаьрга ладогІийша…
Г а м а р г. Мила ву цигахь…
М у т у ш. ЛадогІахьа…
Лакхара охьа аьзнаш хеза.
Х ь а ь к а м. И йол юй…Яраш йолу йол дика юшуна…
Дукха а ца оьшу, цхьа кханча…ХІаъ, йокх-йокхачарах эца ахь.
Кхузахь, ура йистехь, охьабилла и кханча. Иштта.
Цхьаъ кІеззиг хила тарло. Кхин цхьаъ схьаэца.. Оцу ярашца цхьаьний чукхосса деза кегийра дечиг… Декъа дечиг.
Схьадеарий ашшимма иза.
I Х е х о. Схьадеана. Кхуззахь ду.
II Х е х о. Уьш кегдан оьший?
Х ь а ь к а м. Иштта, ши дакъа дича дика хир ду. Ярех, екъачу бацах летта цІе царах сихха дІайолийта.

I Х е х о. ХӀокху стаммий дечигашна хӀун до вай?
Х ь а ь к а м. Уьш хедо ца оьшу, уьш цӀе марсаяьлча, тӀетосур ду вай… Алу дика ер ю цунах… Ах урал йолуш хила еза шуна цӀе. ТӀаккха ор дӀакъовла, тӀе латта а тосуш, тов ара а ца йолуьйтуш…
М у т у ш. И хӀун ду цара дуьйцург?
С а п а р. Суна хаьа шуна и хӀун ду-м.
Г а м а р г. Суна а хаьа. Амма суна теша ца лаьа…
С а п а р. Хьуна лаахь а, ца лаахь а, уьш вайна Іожаллин кеп кечъеш бу-кх!
М у т у ш. Муха Іожаллин кеп?! Вай дайъа хӀун хала ду. Автоматан лаг озийчхьана…
С а п а р. Уьш вай дайъина Іиэн дагахь бац… Уьш вайна кху чохь дийна доллушехь жоьжахати хӀотто бохку…
М у т у ш. Делахь церан уггар лакхарчу хьаькамо
ХьуьнкӀаша вай дайъа аьлла йинчу кхиэлана буха куьг таӀийна шуна.
Г а м а р г. Царна стенна оьшу и къизалла. Шаьш дала дезий ца хаьа царна?..
С а п а р. Суна дайтийша шайна луъург, шуьшин хӀун бехк бу?.. Берашна туьйранаш яздеш волу хьо… Машенца сискал яккха гӀерташ араваьлла лела хьо а…
М у т у ш. ХӀан-хӀа, ХьуьнкӀашна ца хууш, вай дайъа хӀуьттур бацара уьш.
С а п а р. КӀентий, аш шайна луъург диэ, суна дийна а волуш жоьжахати ган ца лаьа.
М у т у ш. ХӀун дан воллу хьо?
С а п а р. Кхин дан хӀума дац, вала ца лахь.
Г а м а р г. Ша шена тоьхна валар къа ду…
С а п а р. Ша-шена тоьхна стенна леш ву, шуьшиъ вац суна гӀо дан?..
М у т у ш. Стенна тӀехь гӀо дан деза охашимма.
С а п а р. Суна цига дӀаваха, бакъдуьненчу…
М у т у ш. Со вац хьуна цу тӀехь накъост.
С а п а р. Цара кху ор чохь, жоьжахати хӀоттийна хӀаллакьхуьлучул, вуьшта, мелла а атта дӀакхалхар гӀоле ма ду.
Г а м а р г. Вайна цара билггал хӀун дийцина а ца хаьа…
М у т у ш. Билггал вай дуьйцуш бара уьш… Иза-м бакъ ду.

С а п а р. Шуьшиъ тIаьхьа Iейша, ашшимма дина хIумма а дац… Со вийна аьлла, шуьшиъ дIахеца а тарло.
М у т у ш. Ахь хIун дуьйцу, тIаккха-м царна бахьана хир ду тхойшинна кху чохь жоьжахати хIотто.
Г а м а р г. Со цхьаьнне а цIий тIелоцур долуш вац…
С а п а р. ЭйтI, маржа дуьне яI! Летта вала меттиг мукъа а елара… ХIун дийр дара-а?
Чухула дIасахьаьвза
М у т у ш. Суна а валар гIоле хета, и цара кечдина Iазап ловчул.
С а п а р. ХIара доьхка дIатаса меттиг а бац кху чохьм…
М у т у ш. Суна хаьа хIун дан деза… И шишанан ангали дац… Цуьнца пхенаш хедо деза-кх… Хьан аьрру пхьаьрсан пхенаш ас хедор ду… ахь хьайн аьтту куьйгаца изза дийр ду…
С а п а р. ХIаъ, и дан деза. ХIара ю хIара-м.. шишанан юьхк… Маржа, хIара карахь а йолуш, цкъа царна юккъе нисвала… Схьавола…
Г а м а р г. Собарде цкъа… Вайна хуучех аяташ а дешна, Деле доIа а дина…ЮхавогIу некъ ма бац вай юьхьарлаьцнарг.
С а п а р. Суна цхьа а аят хаа-м ца хаьа.
Г а м а р г. «Къулха» ца хаьа хьуна?!
С а п а р. Иза а-м ца хаьа.
М у т у ш. Ткъа хьо хIун деш вара?..
С а п а р. Спортсмен хила гIерташ, юха хIара кегари…
Г а м а р г. Делахь Iамо лаьий хьуна?
С а п а р. Дера лаьа. Валале, цхьа аят мукъа дагахь Iамаде ас… Везан Дела, къинхетам белахь сох.
Г а м а р г. Делахь суна тIаьхьара ала. БисмиллахIиррохьманиррохьийм!
С а п а р. БисмиллахIиррохьманиррохьийм.
Г а м а р г. КъулхIуваллохIу ахьад.
С а п а р. КъулхIуваллохIу ахьад.
Г а м а р г. ОллохIу Самад.
С а п а р. ОллохIу Самад.
Г а м а р г. Лам ялад, ва Лам юлад.
С а п а р. Лам ялад, ва Лам юлад.
Г а м а р г. Ва лам якуллахIу.

С а п а р. Ва лам якуллахIу.
Г а м а р г. Куфуван ахьад.
С а п а р. Куфуван ахьад.
Г а м а р г. ОллохIу акбар.
С а п а р. ОллохIу акбар… И суна дIаяздехьа вайн элпашца.
Г а м а р г. Стенца, стенна тIехь…
С а п а р. Сирникан даш даша а деш, кхуза, тIулга тIе.
Гамарг тIулга тIе яздан волало
М у т у ш. Со веллачул тIаьхьа, хIара хеча-м лелор яц хьуна цара. Шена тIерачу хечин когаш этIадо.
Г а м а р г. ДIавалахьа, хьан хеча оьшуш стаг а вац.
М у т у ш. Хьан куй а, сан мачаш а ийширий царна?..
ХIара хеча ас эцна кхо де а дацара.
С а п а р. Ши кIант ву сан, 8-9 шо долуш…Царах спортсменаш бан гIерташ вара со… Оцу дийнахь, вай вовшахкхеттачу дийнахь, цу шинна … гантелеш эца гIала вогIуш вара со… Со дIаваьлча цара хIун лелор ду?..
С а п а р. Бераша-м цхьаъ лелор дара. Ялх ду сан уьш…
Царна сискал яккха араваьлла, шуьшинна тIе а Iоттавелла, хилла суна хIара. Церан-м нана а яра. Со да а, нана а доцуш кхиъна. Со армера цIа веача, шарахь лийлира тIемалойн хорма хийца барзакъ доцуш…Оцу дийнахь цхьа дог ца догIуш а вара хьуна со, цIахь сецча хIун дара техьа бохуш… Сайн зезагашна дола а деш… Кертахь теплица ю сан, зезагаш кхиош…Ши-кхо шо хьалха дика гIуллакх хуьлура, хIинца зезагашца бала болуш кIезиг нах бу.
М у т у ш. Суна ца моьттура ХьуьнкIаша и дийр ду.
С а п а р. ДIавалахьа, ма чIогIа вуьйцу ахь иза…
ХьуьнкIаш, ХьуьнкIаш… ХьуьнкIаш хIун ю моьтту хьуна?.. Цхьа Iовдал ю-кха!
М у т у ш. Тамашийна хIун дара хаьий шуна, со кху чу кхачале ор гича мегаш ма вацара со.
С а п а р. ХIун ор?
М у т у ш. Муьлхха а ор… Сан лулахочо а ма элира соьга, хьайн зезагаш Iадда а дитий, хьайн кертахь ор даккхийта, шортта мехкдаьтта долуш Iийр ву хьо. Со реза ца хилира-кх.
С а п а р. ХIеттахьехь цхьа синхьехам

Г а м а р г. Сан ши йоI ю. ХIора суьйрана царна цхьацца туьйра дуьйцура ас. ХIора буса а керланиг ца хилча, реза а ца хуьлура. Ас дийцинчу туьйранна дийнахь цу шимма сурташ дохкура, басаршца. И туьйранаш ас хIинццалц зорбатоьхна а дац. Кхано, и шиъ йоккха хилчхьана, арахеца дагахь вара со, церан сурташца «Iайнаан, Асетан туьйранаш» аьлла цIе а тиллина.
Сийсара «Поллий, БоргIаллий, Цхьогаллий» аьлла туьйра дийцинера ас. БоргIал хилла Поллин шеца доттагIалла леладиэ бохуш. Поллин хIун доттагIалла хир ду БоргIалца, кхаа дийнахь бен бехаш а ца хилча… Цу тIе БоргIална дагахь хIун ду хьанна хаьа? ЗIок ма ю цуьнан. ДоттагIалла шеца нийсса волчуьнца лело ма деза… Полла, шек а болий, дIахьоду, тIемаш детташ. БоргIал тIаьхьайолу Поллина. Шайн кертана гена йолу. Эвлайистехь, коьллашлахь тебна Iаш цхьогал а ма дуй…ХIаъ, оцу туьйранна сурташ дахкийта басарш эца араваьлла со. Басарш кхачийнера селхана. Ца хаьа суна-м… Сайгара хIун даьлла… Цара кху чохь валло. Бакъду, сайн цхьана туьйранехь Лоьман харцо гайтинера ас.
С а п а р. Гайтича хIун ду?
Г а м а р г. ХьуьнкIашна ас вуьйцург ша ву-м ца моьттина теша? Лом акхаройн паччахь ма ду…
М у т у ш. Цуьнан ойлаеш со а ву-кх… Бакъду, цхьана пассажирца къамеле велира со… Кхара нахана дIа ца лун алапаш, пенсеш, пособеш а хьехош… И айкхваьллий а ца хаьа… ХьуьнкIаша аьлла бохура…
С а п а р. ОстопируллахI, ХьуьнкIаш, ХьуьнкIаш…Ма чIогIа вуьйца ахь иза…
М у т у ш. Сайн ойланашкахь ца олуш хIума ца дуьтура царна…Боьха а, цIена а…Адамийн ойланаш йоьшу чарх-м яц техьа Хьуьнк1ашан… И тайпаниг хуьлий теша?
Г а м а р г. Ца хаьа, хила а тарло.
С а п а р. ОстопируллахI… Ма тамашийна ши стаг ву шуьшиъ…Шуна моьтту хир ду ХьуьнкIаш а, цуьнан накъостий а хIора стеган бехк бу-бац къастош къахьоьгуш бу…
Галваьлла шуьша!.. Царна бен вац шайна каравеанарг, бехк белахь а, бацахь а… Стаг хIаллаквар царна котам ер санна хIума ду… Кхетий шуьшиъ?

М у т у ш. Кхета хала-м ду иза.
С а п а р
(Мутуше). Делахь Iадда дитахьа… И шишанан юьхк схьа а иэций, кхуза, сан аьрру куьйгана хьакхал.
М у т у ш. Собардехьа цкъа…
С а п а р. Собардан йиш яц, хезий хьуна цара деш долу шабарш, цара кечъеш йолу дечигаш. ХIинца Хьаькам схьа ма-кхеччи, цара хьалалатор ю жоьжахати…
М у т у ш. Делахь-м сихо ян еза… схьакховдаде хьайн куьг…
Сапара аьрру пхьарс схьалоцу.
С а п а р. Иштта, иштта, со кхоа ма виэ ахь!
Мутуша Сапаран пхьарс хадабо.
М у т у ш. ХIан, хIинца суна хьакха (куьг дIалоцу)
…
Сапара Мутушан пхьарс хадабо.
Г а м а р г. ХIан, хIара сан пхьарс а хадабе…
М у т у ш. Ас-м ца хадабо иза.
С а п а р. Ас а ца хадабо.
Г а м а р г. Э-э, цунах гIуллакх хир дац… Шаьшшиъ кIелхьара а ваьлла, со царна вита воллура шуьшиъ.
С а п а р. Хьуна цара хIумма а ца дан тарло хьуна…
Туьйранаш церан берашна а ма оьшу.
Г а м а р г. Хьаькама ша бераш хуьлуш а вац элира.
С а п а р. Иза а бакъ ду… Немцоша шайн Гофман санна, гIазкхаша Чуковский санна, вайнаха лара везаш стаг ма вара хьо.
Г а м а р г. Иза-м хир дацара. Вала хьо сихха, вайн кортош тIе яраш, дечигаш изэга юьйлаялале. Дела, къилахь ма ларалахь! Везан Дела гечделахь!
С а п а р. Дела къилахь ма ларалахь!
Гамарган пхьарс хадабо.
ХIинца массо а, шен-шен метта а валий, дIавижа. Наб кхетталц, я кхетамчуьра валлалц. шайн хадийначу куьйге болх байта, буй беш, дIахоьцуш… цIий сиха дIадаха тарло… Ойлаейша, вай дийна ду моьттуш уьш чулелхар бу, вайна кхиэл кхайкхо. Ткъа вай массо велла карор ву. Хьахьа-хьа!… Ма тешнабехк хир бу царна!
М у т у ш. Собардехьа, ас кху пен тIе цIераш язйо…

Сайн цIийца…Кху чохь хилла Гамарг, Мутуш… и сан цIе ю шуна, хьан цIе муха яра?…
С а п а р. Сан цIе Сапар ю.
М у т у ш. ХIаъ, кху чохь хилла Гамарг, Мутуш, Сапар… ХIинца охьа а вуьжур ву.
С а п а р. ХIийттI! Ма тешнабехк хир бу царна!.. Уьш чулилхича, вайн синош стиглара чухьуьйсуш хир ду, дела а доьлуш.
М у т у ш. И муха хир ду хьанна хаьа?
Г а м а р г. ХIорамма а шен-шена хуу аяташ доьшур ду вай…
М у т у ш. Деле къинхетам бар а доьхур ду…
С а п а р. Хьан цIархочо-м чIогIа до хьуна доIа! Телевизор чохь гина суна и воккха стаг.
М у т у ш. Цуьнан сийдеш тиллина бохура сан дас и цIе суна. Со иштта мурд хиларе сатуьйсуш. Сан мича йиш хили доIанаш Iамо: цкъа суо хене вала гIерташ хьийзи, юха - доьзал кхаба гIерташ…
С а п а р. Ас сайн тIулгаш тIера "Къулха" доьшур ду, хIара чIурам иштта юххе а оьзна.
Шабарш бен хезаш хIума а доцуш, тийналла хIутту.
ТIаккха шабарш а дIадов.

ШОЛГIА ДАКЪА

**IV сурт**

Изза ор
М у т у ш. У-вай! Со-м сама ма вели! Кхечу дуьненчу ваха новкъа ваьлла со хIинца а дийна ма ву. ХIун гIан дара и суна гинарг?… Зезагаш дара, зезагаш… сан цIера теплици чуьра зезагаш… Со царна хи детташ… Иза-м дика гIан ма ду… Сан шина накъостах хIун хилла теша. Гамарг! Сапар!
Г а м а р г (сама а волуш). ХIахI! ХIун боху ахь?!
М у т у ш. Хьо валаза вуй?
Г а м а р г. Волчух тера-м ду…
М у т у ш. Сапарах хIун хилла теша?
Г а м а р г. Ахь самавоккхуш цхьа хаза гIан гуш вара со.
М у т у ш. ХIун гIан?
Г а м а р г. Тхан юьртахь, тхан деден хиллачу кертахь ву со… УьйтIахь кемсаш яра цигахь, рагIу а хилла лаьтташ. Царна тIехь латийна цхьа

сирла-баьццара кемсашю, уьш схьа а йохуш, цхьана доккхачу,
дуьйцина динчу тускар чу йохку ас.
М у т у ш. ХIун маьIна ду цуьнан?
Г а м а р г. Суна-м ца хаьа… Хаза сурт-м ду иза… цхьа дика болх хила тарло вайна…
С а п а р (сама а волуш). Дийна дац вай?.. Уой, вай дала а ма ца дели, я цара вайна леринарг ма ца ди…
АлхьамдулиллахI. Далла бу хастам!
Г а м а р г. Далла бу хастам!
М у т у ш. Далла бу хастам!
I Х е х о. ХIей, дIахIитта! Обход ю!
Х ь а ь к а м. ХIан, хIорш муьлш бара…
ТIе панар хьажайо.
ХIа-а, дагабаьхки: туьйранча… кхиберш…
Т е о ф и л о. Оха кхаъ боккху шуьга, тхо шун гергарчарна тIе а кхаьчна… Шуьгара хьал-де дIа а дийцина…
Уьш баккхийбеш бара, шу дийна дуй хиъча.
Х а н н а. Шуьгара хьал дIахаийта кехаташ яздина
«ЦIечу Кхосаберган» коьртачу офисе, Хелсинке, ОБС-е, кхийолчу органазацешка а…Шу арахецаре кхойкхуш, ши бIе митинг а йина, шийтт эзар лоппаг а хецна стигла…
Царах кхо лоппаг шуна а деана.
(Дусаза кхо лоппаг чукхуссу).
Тхан тобано а хецна кхо эзар кехатан кемалг, шух х1ораннан ц1е т1ехь йолуш цхьацца эзар а долуш. Царах кхо кемалг ас схьадеана шуна.
(Ор чу кхуссу кхо кемалг)
Х ь а ь к а м. Шун гIуллакхаш, шуна ма-гарра, дуьйцуш ду дуьненан массо а маьIIехь. Шайн паргIат хан такха аш!
С а п а р. Барт-хаттам боцуш тхо кху чохь стенна дахкадо аш?
Х ь а ь к а м. ХIун барт-хаттам буьйцу ахь?! Оха бартхаттахь, хьуо дуьненчу валарх дохковер ву хьо! ХIун дина хьан куьйгана!
С а п а р. Хадийна.
Х ь а ь к а м. Муха хадийна? Хьан хадийна?..
М у т у ш. Оха вовшийн хедийна... Шишанан ангалица…
Х ь а ь к а м. Туьйранча, ахь-м хададайтина хир ма дац куьг?.. Сел сирла хIара дуьне дуьйцуш волчу ахь?..

Г а м а р г. Ас а хададайтина.
Т е о ф и л о. Уьш сихха лазартне бига беза.
Х а н н а. Чевнаш, молханаш а хьаькхна, дIаехка еза!
Х ь а ь к а м. ЧIичI! Иза-м, хьаха, хир дацара… Дийнахь кхо хьокхам а, кхо чайник цIийдина хи а луорий шуна, шекарца марз а дина?
С а п а р. Луора!
Х ь а ь к а м. Ткъа стенна хедийна аш куьйгаш?!
М у т у ш. Боьха цIий дIадахийта…
Х ь а ь к а м (мохь хьоькхуш). Шун дерриге цIий а ду боьха! Хьанна дагадеанера иза дан? Хьанна? Дистхила!
Ас хьера чу кхуссур ву шу кхуьй а! Дистхила.
С а п а р. Суна дагадеанера.
Х ь а ь к а м. Хьалаваккхал иза цу чуьра.
Сапар хьалавоккху.
ХIинца схьадийцал, х1унда хедийна аш куьйгаш…
С а п а р. Вала дагахь вара со.
Х ь а ь к а м. ТIамехь летта вала доьналла а ца тоьуш, коьртаца галдаьлла зудабер санна, куьйган пхенаш а хедийна, вала гIерташ варий хьо?..
С а п а р. ХIан-хIа, цундела вацара. Шух летта вала сайн аьтту боцу дела, шуьга сайна тIехь къизаллаш ца лелаяйта, вала лууш вара.
Х ь а ь к а м. Со Мировой сообществона хьалхахь юьхьIаьржахIотто гIерташ вара хьо?! ЮьхьIаьржа, хьаха, хIоттор ву ас хьо! Ши хехо! Ас кхунна пхи минот хан тоьхна!
Т е о ф и л о. И бохург хIун ду?
Х ь а ь к а м. Набахтин раж йохорна, елла бакъо а йоцуш, вала гIортарна, цуьнца цхьаьна ас куьйгалладеш дIахьош долу Сийлахь-доккха Iилманан Зиэр юкъахдаккха гIортарна ас кхиэл йо: пхеа минотехь етта зуламхочунна!
Ши хехоСапарна етта волало.
Х а н н а. Ахь хIун леладо! Тхойшинна хьалха тутмакхашна ницкъ беш?!
Х ь а ь к а м. Шуьшиъ долу дела тоьхна ас цунна уггаре лахара хан-5 минот, цунна догIуш дерг сахьт доллушехь.
Шун ларам бина.
Т е о ф и л о. Ахь хIун дуьйцу?! Иза мегар ма дац!

Х а н н а. Ас Хелсинке, Страсбурге, Брюсселе, Биробиджане, Куала-Лумпуре кехаташ яздийр ду!
Х ь а ь к а м. ДІаязде! Хьорти-кІотарара бежІу ГІезаМахьма а ма вицвелахь. Цуьнга а дІаязде!
Т е о ф и л о. Ахь хІун леладо! Нохчо вац хьо?! Чов йинчу тутмакхна еттар эхь ма ду! Вайн гІиллакхашца чІогІа осала хІума ду иза!
Х ь а ь к а м. ГІиллакхаш, эхь, къам ца къам - массо а хІума мехала дац Зиэрана хьалха. Декъал хуьлда Эксперимент! Экспериментан чорхо, ахьа а охьий, мутта доккху массо а хІумнах.
Х а н н а. И хІун Зиэр ду ахь дуьйцург.
Т е о ф и л о. «Гатйинчу меттигехь, халчу киртиган хьолехь муха билгалдовлу адамийн синош», - иштта ю-кх оцу Зиэран цІе. Сан-м лачкъийна хІумма а дац.
Х а н н а. Психоанализ еш ву хьо?!
Х ь а ь к а м. ХІай-хІай! Жимма Іилманах хьакхаелла хьо а! Делахь а тхан Іилманан тоба цхьана психологехь талламаш бина Іаш яц. Оха социологехь, генетикехь, эвалюцехь, антропологехь, археологехь талламаш бо.
(Шина хехачуьнга)
Шуьша стенна сецна. Етта!
I Х е х о. Пхи минот дІаяьлла!
II Х е х о. Кхин пхиъ а тІетохахьа.
Х ь а ь к а м. Со кхиэл хуьйцуш вац! Чуластаве!
Х а н н а. Царна йод а, баьццарниг а, бинташ а дала деза!
Х ь а ь к а м. Цхьа йод, цхьа баьццарниг, кхо бинт!
Т е о ф и л о. КІезиг хир ю йод, баьццарниг, шишанаш кегий ду!
Х ь а ь к а м. Кхин сов дала мегар дац. Уьш дІа а мелла, юха а сан Зиэр юкъахдаккха гІерта а эхь дац царна! Йод чекхъяьлча, хьаткъа тоха аш чевнаш тІе, хьаткъа тоха! Хьаткъа дарбане ду!
Х а н н а. Уьш больнице бига беза.
Т е о ф и л о. Я царна тІе лор вало веза!
Х ь а ь к а м. Дан дезарг ас дийр ду шуна!
Х а н н а. Ас дІаяздийр ду!
Х ь а ь к а м. ХІай, хІай! ДІаязде аш! Массаьрга а дІаязде! ХьортІи-КІотарара бежІу ГІеза-Махьма а ма вицвелаш! Шун болх дІаяздар ма бу. ЛадогІалаш аш, тутмакхаш аьлча а, тІелхигаш! Кхин и тайпа бегаш

ма белаш! Бахь, ас, чу хи а хецна, хи чохь латтор ду шу. Шун хан чекх маца йолу тхуна дика хаьа шуна!
Т е о ф и л о. Са ма гатделаш! Шун гIуллакх оха дуьненан еа а маьIIехь дуьйцуш ду шуна.
Х а н н а. Оха митингаш а йийр ю, лоппагаш а хоьцур ду!
Т е о ф и л о. Оха кехатан кемалгаш а хоьцур ду, цу тIе шун цIераш а язйина.
ДIабоьлху.
М у т у ш. Сапар! Муха ву хьо?
С а п а р. ПIенда кагбина моьтту суна… Садоккхуш лазаво. Хуур дар-кха царах цхьаъ суна дуьхьалкхетча…
ПIендарш ас церан кегдийр дара хьуна… Ор чохь хала ду…
М у т у ш. Схьавола, Гамарг… Кхуьн куьг дIадехка вайшимма… Валар хила ца доллу моьтту суна вай лелочух.
С а п а р. Хьажахьа, оцо юьйцург!
М у т у ш. Хьан?
С а п а р. Церан Хьаькамо… Вала а йиш яц, боху, шен бакъо йоцуш…
Г а м а р г. Iехавелла иза… сонта а ваьлла.
С а п а р. Iеха-м ас волуьйтур ву хьуна иза, со кху чуьра аравалахь…
М у т у ш. Кху чуьра аравала, цкъа хьо товала веза…
С а п а р. К1ентий, со шуна бале вала мегаш ву… Кийра чIогIа лазийнчух тера ду цара.
Г а м а р г. ГIоле хир ю, Дала мукълахь.
Сапаран куьг дIадихкина волу ишиъ.
М у т у ш
(Сапаре). Хьо хIинца кхузахь дIатовжа.
(Гамарге)
Схьада хьайн куьг…
Ишиъ вовшийн куьйгаш дIадехка волало.

## V сурт

Изза ор.
I Х е х о. ХIей, шу ма дIатийна?! Дийна мукъа а дуй шу?
М у т у ш. Дийна-м ду.
I Х е х о. Дистхуьлуш а ма дац шу..
М у т у ш. Дистхилла а хIун дийр ду оха?.. Массо хIума а дийцина девлла тхо.

I Х е х о. Гамарг, цхьа а керла туьйра ца яздина ахь..?
Г а м а р г. Ахь хIун дуьйцу?.. Кху чохь муха яздо туьйра… Яздан дагадеъча а, я къолам а, я кехат а дац.
I Х е х о. Вуьшта, дагахь кхолла а йиш ма ю хьан туьйра.
Г а м а р г. Кху чохь кхоьллина туьйра дукха Iаьржа хир дара.
I Х е х о. Делахь сан туьйране ладогIийша.
С а п а р. ДIалалла, ткъа.
I Х е х о. Вехаш Iаш вара цхьа жима кIант. Ша цхьалха цхьаъ вара иза. Цуьнан дай-наний деллера, и дукха жима волуш, шайн машенахь лам чуьра гIала доьдуш, бердах а дахана. И кIант цкъа шен деваша волчохь Iийра. ТIаккха интернатехь хьалакхиира, шен хIусамах а, гергарчех а хьоьгуш. Воккха хилча, телевизорш тойо говзалла караерзийра цо. Цунах гIуллакх а хуьлура дика. Шена хIусам а ийцира, хIусамнана а ялийра. Доьзалхо хилира - йоI. Ма доккха хIума дара цунна иза, гуттар а гергарчу нахах хьоьгушкхиъначу!Цхьана дийнахь цунна, оцу дуьненчуши бутт бен ца кхаьчначу адамна, яахIума эца воьдучу цунна уллехь сецира цхьа машен. Цу чуьра охьалилхинчу цхьана наха вадийна валийна шу хIинца долчу ор чу кхоьссира иза…
С а п а р. Мила ву ахь вуьйцург?
I Х е х о. Иза со ву-кх. Со кху чохь воллу цхьа шой ворхI бутт бу… ХIун хилла техьа сан хIусамненах? Сингаттамо хьекъалх-м ца тилийна теша иза? ХIун хилла теша сан жимчу Селимех?
Г а м а р г. Хьо тахана ма чIога къамеле ваьлла? Хьан накъост мича вахана?
II Х е х о. Иза лакхаваькхина… Иза царна тайна, со ца тайначух тера ду.
М у т у ш. Муха хьалаваькхина.. Хьо а ма ву лакхахь?
I Х е х о. Со тахана дуьйна шу санна верг ву! ХIара ор ши этаж йолуш ду… ХIинца… шуна нийсса тIе даккхий бетонан гонаш хIиттийна… ДIо-о гIу чу хIиттадо бетонан гонаш санна…Цхьа пхийттех метр лакхахь тхов тиллина, чу хIаваъ даийта кор а дуьтуш. ХIинца-м маьлхан серло а кхета цигара чу… Амма иза дIакъовлур ду, Iаьржачу бойнаца, луьста Iаьржа бой ю иза… ХIетте а цигахула чу хIаваъ догIу.. Суна гина и бой… ХIокху тайпанчу цхьана гIишлонна тIетоьхна гира суна и бой…Цкъа оцу гIишлонна хадан ваханера со…
Г а м а р г. Кху чу веъчахьана хьайн цIера хаам кхаьчний хьоьга…

I Х е х о. Ца кхаьчна цхьа а хаам.
М у т у ш. Теофило, Ханний дац и гIуллакх лелош. Цаьрга адрес ца делла ахь?.
I Х е х о. Цара цхьа хIума леладо моьтту шуна… Уьш шуна моттаргIанаш лелайойтуш, Хьаькамошена улле баьхна ма бара…
С а п а р. Уой, и ду хаза?! Митингаш, шарикаш, кехатан кемалгаш, ООН-е, ОБС-е… аьрзнаш…
I Х е х о. И цхьа а хIума хилла дац… Берриге а аьшпаш…
Г а м а р г. Ткъа стенна оьшу иза? ХIун ду цуьнан маьIна?
I Х е х о. Хьаькаман Зиэранна оьшуш ду боху дерриге… Цхьадолчух и ша а кхеташ вац моьтту суна!
С а п а р. И ша а ву моьтту суна цхьана йоккхачу Экспериментан тидамехь.
Г а м а р г. И хила а тарло.
М у т у ш. ХIинца мичахь ду Ханний, Теофилой?
I Х е х о. Кхузахь чохь ду-кх. Цхьана сонехь кIезанах цIийзаш Ханна ю, вукху сонехь барзах угIуш Теофило…
ЛадогIал аш.
Массара а ладугIу.
Х а н н а (елхарца). Сан хIун гIуллакх дара кху юкъагIерта… Ва-а-а… Сайн нанас бохург а деш…
ХьаьжкIаш, кхоьш… гIабакхаш лелош… Хьалаяккха со кху чуьра ас ООН-е, ОБС-е, ОНН-е, шун вархIе дега аьрзнаш яздийр ду шуна… Ва-а-а…
Т е о ф и л о (оьгIазе, цергаш хьекхош). Ас хIаллакйийр ю шу, боьха хIуманаш… Тешнабехке жIаьлеш… Ас легаш Iийдина йойур ю шу… цкъа со кху чуьра аравалийта аш!.. Ас хоуьйтур ду шуна борз мила ю! Ву-у-у.
Барзах угIу.
I Х е х о. Шун гIуллакхаш дуьйцуш, моттаргIане а боцуш, боккъал а къинхетам гучубаккхарна, кху ор чу кхоьссина и шиъ.
С а п а р. Хьо а и къинхетам бахьанехь витина хьуна хьала ца воккхуш. Ашшимма суна етташ, ахь мелла а меллаша тухура хьайн тоьпан бух… Хьан накъосто тухура чIогIа, пIенда а цо кагбира сан.
I Х е х о. Ца хаьа…суна кхиэл ца кхайкхина… ХIара автомат а, кхо гIап а йитина суна…

Г а м а р г. Йицъелла хир ю…
I Х е х о. ХIан-хIа, ца хууш кху чохь хIумма а ца хуьлу шуна… цхьа маьIна доцуш…
С а п а р. Цуьнан хIун маьIна хир ду?
I Х е х о. Масала, цхьана ханна суна цхьа сатийсам бита, кху чуьра мацца а аравоккхур ву-кх со бохуш.
М у т у ш. Автомат хIунда йитина-м суна хаьа хьуна…
Ахь тхо массо а вехь, шаьш хьалавоккхур ву бохург ду иза.
I Х е х о. И хила а тарло.
С а п а р. И дича, тхо кху Iазапах паргIатдохур-кха ахь.
М у т у ш. ТIаккха хьуо а паргIатвала а тарло хьо…
I Х е х о. Э-э, кIентий! И ца деш, хIокху шарахь ворхI баттахь схьавеъна со… Адаман цIий тIелаццал Iовдал а вац. Царна моьтту, велча дерриге а дIадолу… "Велча бен дIадолалуш а дац дерриге а", - иштта олура сан луларчу воккхачу стага.
Г а м а р г. И ахь дуьйцург, моттаргIина а доцуш, боккъал делахь, дика стаг ву-кх хьо.
I Х е х о. И муха ду-м хуур ду шуна цкъа мацца а.
Эццахь Теофилос, Ханнас маьхьарий хьокху.
Х а н н а. Ма къовлалаш и дIа! Ма къовлалаш!
Т е о ф и л о. Делан неIалт хиларш, и кор мукъа а дита тхуна!..
I Ч I о г I а а з. Йийсархой! Тутмакхаш! ХIора набахтин шен-шен раж хуьлу! Тхо и раж лар ца йича ца довлу.
Аш маьхьарий ма хьекха, шун гIуллакх дуьйцуш ОННера, МТС-ра шиъ векал ву. Царах цхьаъ вистхир ву шуьга.
II Ч I о г I а а з. Со МТС-н векал ву. Шайн аьрзнаш тхоьга схьадийца. Оха уьш дуьненан массо а маьIIе дIасакхайкхор ду. Митингаш а йийр ю, лоппагаш а хоьцур ду, кехатан кемалгаш а.
Т е о ф и л о. УйтI! Со Iовдал! Со Iовдал! Со кху чуьра аравалийта аш!
Ханна кIезанах цIийза, Теофило барзах угIу. ТIаккха тийналла хIутту.
I Х е х о. ХIинца боккъал а цхьатера ду вай. ДIакъевли цара и тIаьххьара кор. Шайна лаахь кхуза хьала а довла, ас чу лами хоьцу шуна.
Г а м а р г. Хьаладевлла хIун дийр ду оха?.. Кху чоьнах доьлла тхо. Цул а тхо кху чу кхиссина мел хан яьлла алахьа?

I Х е х о. Шу цу чукхиссина, цхьа шой цхьайтта дей даьлла-кх…
ХIетахь санна арахь Iа а ду, догIуш ло а ду…
И кор дIакъовлале, лайн чимаш оьгура цигара чу…
С а п а р. Тхо, схьа а лецна, кху чукхиссина де суна дика дагадогIу…
20 декабрь.
Г а м а р г. Цхьа шой цхьайтта дей даьллехь… Тахана
Керлачу шеран хьалхара де хила деза… Я Керлачу шеран буьйса…
М у т у ш. Иштта хила деза…
Г а м а р г. ЦIахь, уьйтIахь ас доьгIна зез ду… Кхаадеа шарахь дика лакхадаьлла…ХIора Керлачу шарахь иза кечдора оха, тIе ловзаргаш а ухкуш… ТIаккха цунна гонаха волалора со, берийн куьйгаш а лоций. ЧIурам, кара а лоций, цхьаъ леха хIутту.
С а п а р. Ахь хIун лоьху?
Г а м а р г. Лоппагаш… Ханнас кху чу кхоьссина кхо лоппаг…ХIа-а, карий…
М у т у ш. ХIун дан воллу хьо царах?
Г а м а р г. Хуур ду хьуна хIинца.
ЧIурам охьа а хIоттабой, лоппагаш дусу.
Вай а билгалдаккха ма деза Керла шо…ХIун хаьа вайн берашна гIенах дуьхьалтосий вай кхузахь деш дерг. Хехо, схьа чубаийтахьа и лами.
I Х е х о. ХIун дан воллу хьо?
Г а м а р г. ХIара лоппагаш цу тIе дIаохка, иза тхан елка хир ю.
Хехочо чухоьцу машшех бина лами. Гамарга цунна тIе доьхкулоппагаш.
С а п а р. Беран хьекъале вирзина-кх хьо.
Г а м а р г. Со гуттар а вара беран хьекъалехь. Схьадуьйла, гобоккху вай елкина гонах.
С а п а р. Ах го бен баккхалур ма бац …ша пенах чекх ца валахь.
Г а м а р г. Иза а бакъ ду.
ГIеллой охьахуу.
М у т у ш. Ма доккха хIума ду хIара, ма боккха сингаттам латтабо цара тхан цIерачаьргахь, тхоьгахь… Латта эккха а иккхина дIа хIунда ца доьду техьа оцу сингаттамна?! Стигланаш, кеглуш, тIе хIунда ца йоьлху техьа?
С а п а р. Тхо санна чубоьхкинчарах хIун до цара?

I Х е х о. Суна билггал ца хаьа…дуьйцуш хезна суна… тIехула тIе латта хьокхий, ор чохь буьту, боху… Адамех, латта охкуш, кIелхьарабовла гIерташ, дIамаш хуьлу… Я зингатий хуьлу. Ор хиллачохь боккха барз хIутту.
М у т у ш. И хIун ду? И муха мегар ду?.. Дийна доллушехь, адамаш. ТIе латта хьакхар.
I Х е х о. Оцу хенахь адамаш ца хуьлу уьш… Царах я зингатий, я дIамаш, я дехкий хуьлу…
С а п а р. Муха хуьлу?
I Х е х о. Синош дукха жимлой, жимлой… зингатийнчул хуьлу… я шаьш-шайна туху…
Г а м а р г. И базарш кхин лелор яц вай! Суна хаьа, адамаш а хилла, муха диса деза?
I Х е х о. Дийцахьа, ткъа.
Г а м а р г. Зуькарш дан деза, зуькарш… ЛаилахIа иллаллахIу, лаилахIа иллаллахI!
Зуькар дан волало. Цунна тIаьххье зуькар дан буьйлало вуьйш а… Зуькар гIелло, генадолуш.

**VI сурт**

Изза ор.
Гамарг ву гIийла цхьаъ дуьйцуш, ша-шега къамел деш.
М у т у ш. Хьо хьуо-хьайга луьйш ма ву?
С а п а р. Талха ма талхалахь!
Г а м а р г. Цхьа байт дагаеанера суна.
М у т у ш. Тхуна а хозуьйтуш ешахьа, ткъа.
I Х е х о. Еша-те, ша зингат хила гIерташ вацахь.
Г а м а р г. Дала ларвойла цунах. ЛадогIа ткъа.
Ас дIадоьллу кор Дуьхьал хIутту ор.
Хиллачохь сан кор Iаьржа, Iаьржа ор.
Хедош лаьттан чкъоьрнаш,
КIорга оьху оьрнаш…
Бодано тIе боккхуш ког,
Хьошухийла дилхан дог…
Дог хиллачохь хIоьтти кIаг,
ХIора денна и ло кIарг…
Дог хиллачохь дац-кха кор,

Дог хиллачохь - кIорга ор.
Нехан дегнаш хиллачохь
Iаьржа оьрнаш, беза мохь…
БIаьрг а, дог а делла бIарз,
Букъ тIехь базлуш кошан барз!
ДIаэций тхан догIмийн мах,
Гайта тхуна серло, малх!
М у т у ш. Вайгахь долу хьал ду-кх иза.
С а п а р. Хьан ХIуьрцIилдигах долу туьйранаш дешна ас. Царах тера яц хIара байт. Уьш сирла туьйранаш дара.
Кхоьлина ю байташ…
М у т у ш. Дог хиллачохь хIутту ор… Суна хилларг а ду-кх иза. Ма кIорга ду-кх и ор, чухьаьжча бух а ца гуш.
Сан кийрахь дерг дуьйцу ас. Ма хала ду-кх и лан.
I Х е х о. И тIаьххьара могIанаш юха а дешахьа.
Г а м а р г. ДIаэций тхан дог1мийн мах.
Лойша тхуна серло, малх.
М у т у ш. Дала дIа ца оьцуш, цхьана хIуманна хьежадо хир ду-кх вай.
I Х е х о. Боккъал а, кийча дуй шу и дог1мийн мах бала, серлонах, малхах…
Г а м а р г. Со-м ву.
М у т у ш. Х1уъа а мах бала а кийча вара со-м, кхуьнан цхьа йист ялийта.
I Х е х о. Сапар, хьо вистхуьлуш а ма вац.
С а п а р. Вистхилла а хIун до… Ахь хIун йистйоккхур ю… Хьайгара герз ца тохахь тхуна тIе…
I Х е х о. ХIан-хIа, герз шуна тIе тухур дац, стигала тухур ду…
Г а м а р г. Стигала муха туху ахь, я хьуна а, я тхуна иза гуш а ца хилча.
I Х е х о. Цара тIе Iаьржа бой оьзна кор долчухула тухур ду…
М у т у ш. Тоьхча, хIун хьалха дер ду?..
I Х е х о. Сих ма лол шу… Ас кхетор ду шу, сих ца делчахьана… Хьовсал шу, вайна тIехIоьттинарг боккха бала бу… Вайна тIехь зиэраш деш и Хьаькам хилла ца Iа, цунна тIехь зиэраш деш а бу… Нехан синойн сингаттамех, баланех Iаьржа ницкъ гулбеш бу уьш, дийцарехь.
С а п а р. Хьан дийцарехь? Мила ву дийцинарг.

I Х е х о. Хуушверг ву. ЦIе яккха йиш яц.
М у т у ш. ТIаккха, тIаккха… Схьадийца ахь.
I Х е х о. Амма хIокху зиэрашна дуьхьалберш а бу дуьненчохь… Адамаш хилла ца Iаш. Мох а бу… Цо наггахь дохадо кху оьрнийн тхевнаш… Кеманаш а ду… Уьш шина тайпана ду… Цхьадерш хIун ду хьажа, лаьттан тидам беш хьийза… Цхьа хIума хаалой, цо вукху кеманашка хаамбо. Дукха хан ялале схьа а кхочий, шайна билгалъяьккхинчу метте бомбанаш, ракеташ чухохку цара…
С а п а р. "Вызываю огонь на себя"! Турпалхо!
I Х е х о. Со турпалхо ву, ца боху ас… Амма и бен вай кIелхьарадовла некъ бац…
М у т у ш. Цара хьан герз кхийсар тидаме ца эцахь хIун до вай…
I Х е х о. ХIумма а ца до-кх. ХIун дийр ду вай? Амма цара иза тидаме оьцур ду аьлла-м хета суна… И цхьа кеманаш ду Хьаькаме деших эца ца луш…
Г а м а р г. Деших ца эцалуш хIумма а ма дац адамашна юкъахь.
I Х е х о. Адамаш дац цу чохь…Ша-шаха лелаш ду…
Аьлча а, чархаша лелош ду. Церан хьалххехь хIоттийна низам ду, герз даьллачу чу бомба тохар…
Г а м а р г. Чарх эцалур яц деших…
С а п а р. Делахь, чохь са доцу чарх тоьлуш ю-кх адамал.
I Х е х о. ГIовгIанаш ма елаш! ГIовгIанаш ма елаш…
ДогIуш ду шуна, догIуш ду шуна.
М у т у ш. Суна-м ма ца хеза хIумма а.
I Х е х о. Дикка ладогIал аш.
Массара а, лерг дуьллий, ладоьгIу. Геннара кеманан гIовгIа хеза.
ГIовгIа чIогIа йолу, чIогIа йолу. I Хехочо герз детта.
I Х е х о. ХIан, дIалаца! ХIан, дIалаца! Схьатоха, схьатоха, хьуо кема делахь.
Кеманан гIовгIа йов.
ХIинца цхьана масех минотехь собардичхьана, цхьа стелахьаштиг санна сиха кема схьахIуттур ду, суна бекхам бан. Герз тохарна…
С а п а р. ДогIур дац техьа?
I Х е х о. Дан декхар-м ду…
М у т у ш. Вайна тIекхаьчча, цIахь саца мегара иза.
Декъаза ма дуй вай!

Г а м а р г. Хьалха, вайна лиъча а, дала ца долуьйтуш, вайн чевнаш, юхахьа ца йовлуьйтуш, вайх цхьа а чIогIа цомгаш ца хуьлуьйтуш, Дала хIинццалц лардина вай…
Соцу, хорам а хуьлий.
М у т у ш. Лардина, тIаккха ткъа.
Г а м а р г. Вай цхьана хIуманна лардина аьлла хета суна… Цхьана дикачу хIуманна…
С а п а р. Дала мукълахь… Иштта суна а хета…
I Х е х о. КIентий, сан валар а хилла шух цхьаъ дийна висахь…Сан зудий, йоIIий долчу гIолаш…Сан адрес: Мичуринан поселок, вежарийн ГриммгIеран цIарах урам, 27…
Сан йоIе Селимига алалаш…
Велхар эккхий, ветталуш Iа цхьана юкъана…
Бехк ма биллалаш, кIентий…Кхарда а ма кхардалаш…
Дог дисна а дац… Дуткъделла…
С а п а р. Дог долчохь - ор…
I Х е х о. Бакъ ду-кх иза: ор ду-кх, деса ор… ХIумма а дац, кестта хьаладузур ду лаьттах. Цуьнга аш алалаш: хьан дена хьо чIогIа дукха езара, гуттар а езар а ю… Сан цIе
Нажа ю шуна.
М у т у ш. Со вала а велла, шух цхьаъ дийна висахь…
Эццахь кеманан гIовгIа йолу. Ира, сиха.
Х а н н а. Схаькхаьчна!
Т е о ф и л о. Ура-а!
Г а м а р г. Везан Дела, къинхетам белахь тхох!
ГIовгIа чIагIло…Лелхачу бомбанийн гIовгIа. Iаржло, дерриге къайладолу, …. Масех минотехь дахло иза.
ТIаккха тийналла хIутту. Ор а, цунна тIе йина хилла гIишло а йохийна, дIасакхоьссина. Царна тIехула хIаваэхь цхьа лоппаг хьийза. Бомбанан ницкъан тулгIено генна дIакхоьссина Гамарг меттавогIу.
Г а м а р г. ОхI, охI… Со дийна ма ву… Малх а бу гуш…Малх, малх, ма сатийсинера ас хьоьга! Малх! Суна
Ханнас деана лоппаг а ду хIаваэхь хьийзаш. ДIогахь цхьа кемалг а ду… Теофилос тхуна делла…ДIагIо шуьшиъ мохехь, малхехь. Со а гIур ву.
ХьалагIотту.

ХIун хилла техьа сан накъостех… Сапар! Мутуш!
Нажа! Иштта ярий оцу хехочун цIе… Сапар!
С а п а р. Со ву! Со ву! Со дийна ву!
Чалха юккъера хьалаволуСапар, Мутушах цецволий, кхоссало.
Хьо мила ву?!
Г а м а р г (мохь болуш)
Iа-а! Хьо мила ву, ткъа?
С а п а р. Со-м Сапар вара! Хьо мила ву.
Г а м а р г. Хьо ма Iаьржа ву!
С а п а р. Хьо ву-кх иштта, ша негр санна.
Г а м а р г. Оццул боданехь даьхкина дела, Iаржъелла хир ю-кх вайн яххьаш?
С а п а р. Ца хаьа… Цкъа юьхь тIе хи тоха вайшимма… ХIорш кIайн ца лахь, нахана юкъаволийла а ма дац.
ХIьоттина лаьттачу айми тIе а воьдий, юьхьах хи туху.
Изза Гамарга а до.
Г а м а р г. Схьаверзал цкъа.
С а п а р. Схьавирзи.
Г а м а р г. ЦIанлуш ю хьуна юьхь.
С а п а р. Хьайниг а ю. Суна хаьа хьуна и хIун хилла…
ЧIурамийн кIурз хилла-кх вайн яххьаш тIе биллинарг.
Г а м а р г. И хилла.
С а п а р. Ма латта кхузахь! Уьш хIинцца схьакхочур бу хьуна кхуза.
Цара юха а ор чу кхуьссур ду вай! ХIе-хIехIе-хIей! Со дийна ву!
ХIинца-м дог Iабор дара ас шух.
ЦIеххьана дIахьоду.
Г а м а р г. Ахь хIун до?
С а п а р. Анайистал дехьавала воллу! Цкъадолчунна къайлавала.
ТIаьхьа ас лохур ву хьо!
Г а м а р г. Некъ дика хуьлда! ДоьгIнехь, гур ду вай.
С а п а р. Ас вай хьийзинчарна бекхам бийр бу хьуна.
Цунна са а ца гатдеш, туьйранаш язде ахь.
Г а м а р г. Ахь а ма гатде царна са, уьш-м юьхьIаьржа хир бу хьуна.
С а п а р. ХIинца вайшиъ санний?
Г а м а р г. Вайшиннан яххьаш-м йилча ц1анъели. Уьш гуттаренна а хир бу юьхьIаьржа.

С а п а р. Маца?
Г а м а р г. Эхартахь.
С а п а р. ДIавала… и генахь ду, хIетталц со Iийр вац хьуна цаьргара бекхам ца оьцуш.
Г а м а р г. Делахь хIун дийр ду хьуна, гIо тIаккха.
Сапар, водий, къайлаволу. Эццахь узарш хеза. Лоху.
Чолха юкъахь каравоМутуш.
Узарш дацара уьш?
Мутуш! Мутуш! Дийна вуй хьо?
М у т у ш. Дийна-м вара со… Ког… Ког лазийначух тера ду.
Гамарг хьожу цуьнан коге.
Г а м а р г. Кагбина-м бац хьан хIара… Пха керчинчух тера ду.
М у т у ш. И хиллачух тера ду… ГIо дехьа суна хьалагIатта…
Гамарга гIо а деш, хьалагIоттуМутуш.
Г а м а р г. Х1ан, хIара гIаж ю хьуна…
Гамарга елла гIаж а луьйзуш, масех ког боккху.
М у т у ш. Вуьйш мичахь бу?
Г а м а р г. Сапар дIаваха… Вуьйш… Хаалуш-м вац царах цхьа а… Хьажа вайшиъ…
Лоьху.
М у т у ш. Нажа! Ханна!
Г а м а р г. Теофило!
М у т у ш. Хетарехь, уьш ор чохь бисина…
Г а м а р г. Дала гечдойла царна.
М у т у ш. Амин!
Цхьа хан йолу. Ший а вовшашка а хьоьжуш лаьтта.
ХIара меттиг евзий хьуна?
Г а м а р г. Ца евза суна-м.
М у т у ш. Цхьа деса хета-кх суна.
Г а м а р г. Деса ду кхузахь-м, хьаьжча гуш адам а, хьайба а, я гIишло а яц… гунаш… коьллаш… Iаннаш…
М у т у ш. Иштта ца боху ас… Сан даг чохь ю-кх цхьа есалла… Сел кху дийне сатийсинехь а, цхьа доккха хазахетар а, воккхавер а ца хаало…
Г а м а р г. И ор… вай чудоьхкина ор ду хьан даг чохь…

Сан даг чохь а ду… Иштта хир ду и хьаладуззалц… безамах, шовкъех, аьзнех…
М у т у ш. Ма кІорга ду-кх иза… Маца дузур ду-техьа иза?
Г а м а р г. И ца хаьа… Дала мукълахь, дузур ду сихха.
М у т у ш. ХІинца хІун до вайшимма?
Г а м а р г. ДІогарчу Іин чохь хи хила деза… Массо хи а лам чуьра охьадогІу… Со оцу хина дуьхьал хьалагІур ву. Сан юрт ламанца ю.
М у т у ш. Делахь со хица охьагІур ву. Массо жима хи
Органах кхета. Орга Соьлжах, Соьлжа - Терках. Сан юрт
Теркйистехь ю.
Г а м а р г. И Нажин доьзал болчу…
М у т у ш. Цунна са ма гатде ахь - со гІур ву цига.
Терка тІе кхача Соьлжа-гІалех чекхвала веза…
Г а м а р г. Вай санна кхин дуккха а ма бу оьрнаш чохь бохкуш...
М у т у ш. Хила тарло.
Г а м а р г. Ас цаьргара гІайгІа-бала, сингаттам дІабуьйцур бу гІа-беце…шовданашка, хишка… хьаннашка… малхе… батте… махе.
М у т у ш. Сайн дуьхьалкхеттачу нахе ас а буьйцур бу.
Г а м а р г. Нахах ларлуш хила веза… Тешнабехк бу цаьрца… Іаламца бац тешнабехк. Нахах ларвала веза.
М у т у ш. Дика ду.
Г а м а р г. Хьайн юьхь йилалахь… Юьхь Іаьржа ю хьан.
М у т у ш. Муха Іаьржа ю?
Г а м а р г. ТІе чІурамийн кІурз биллина…Ас оцу айми чохь йилира сайниг.
М у т у ш. ДІо ахка чохь хих вер ву со.
Г а м а р г. Некъ дика хуьлда хьан!
М у т у ш. Хьан а хуьлда некъ дика.
Ший а дІасавоьду. Мукъам.

К и р х ь а.

# КЕГИЙ ПЬЕСАШ
# НЕНАЦА КЪАМЕЛ

**Ненаца къамел**[9]

Цхьана суртехь драма
Дакъалоцурш:
Н а н а
К I а н т – с у ь р т а ш д а х к а р х о.
К I а н т. Нана, тховса а еа-кх хьо. Суна тахана цхьа де дагадеъннера, нана. Казахстанехь дара иза. Цхьана малх кхеттачу дийнахь хьо балхара цIа еара, кIадъелла, халла са а доьIуш. Хьо бос баьхьна яра, хIетте а ирсе елакъежара. Ахь дуьххьара хьайна деллачу алапех суна мачаш а, кампеташ а еънера. Сан хIетахь ялх шо бен дацара.
Суна ца хаьара ахьа оцу алапех хьайн могашалла лушуйла.
Шахтехь болх беш хиллера хьо… Божаршна а хала болх айхьа беш, со меца ца вита гIерташ, къахьоьгуш, гIелъелла, цамгаро лецира хьо.
Хьо кхелхинчу дийнахь суна чубуьзна малх хIинца а кхетаза бу.
Дуьненчу кхета-м кхета малх, амма суна ца го иза.
ХIетахь дуьйна суна ца деза малх кхетта денош.
Цундела сайн суьрташ кхоьлинчу дийнахь, я буса дохку аса.
Нана, дийцахьа, муха хилира иза: сан да кхузахь каш доцуш вайна, ткъа хьо генарчу махкахь Iуьллу, со кхузахула волавелла лела, эсарчу мохо лоьхку комала колл санна.
Буьйса. Суьрташдахкархочун пхьалгIа.
Гучудолу ненан гIаларт.
Н а н а. Сан кIант, дера дара иза доккха де, доьхна де.
Боккха бала боьссинера вайн махка.
Оцу Iуьйранна хьой, хьоьца дуьненчу яьлла хьан йиша
Маримий юза а йина, йина сискал кхе йиллина со йоллушехь, вайн неI бух а йоккхуш, чу лилхира адам-йилбазаш.
Цаьрца цхьаьна чу хьаькхира и шийла, къиза йилбазмох.
Цо дIаяйира вайн кхерчара цIе. Ткъа сийдоцчу мостагIашна, ши салти а вуьйш, дуьхьал ваьлла хьан да, оцу йилбазмаохо, ваьхьна, тIепаза вайира.

Ткъа хьоьца шала йина хьан йиша Марима цара
Iадийначуьра метта ца йогIуш, сих а хаьдда, гIорийна шагатIулг а хилла, дIаелира.
Иза кешнашка-м мича йохьуьйтура соьга, маьждиган кертахь дIайолла гIерташ, тIехь лаьтташ салтий а болуш,
«Яла сихха!» – бохуш, гIорийначу лаьттах туьйсуш, цIийш а оьхуьйтуш йохийна мIараш со коша йиллалц лезира сан.
Илли хеза:
И чуьйна болат ма чIогIа ду,
И сенчу цIаро лаладо –
Хьо стенах дина, кийрара дог,
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Ишийла шовданаш гIорийна,
Цу диттийн баххьаш тIе кIац йиллина,
ХIокху нохчийн, гIалгIайн махка
Шийла кхаъ кхаьчча,
Ца дешир, ца дегир кийрара дог.
Хьо стенах дина хиллера те,
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
Болатан цу багахь сийна цIе летош,
Гомачу новкъа дуткъа дегI сеттош,
И цIеран машенаш юьйлаелча,
Ца дегир, ца дешир кийрара дог.
Хьо стенах дина хиллера те,
Ма чIогIа дина хиллера хьо.
К I а н т. Нана, нана… Сайн пхийтта шо кхаьчча, со хIокху юьрта веара. Ас лийхира сайн йишин Маримин даьIахкаш маьждиган кертахь, уьш кешнашка яьхьна, бусалба динехь дIайохкийта дагахь. ХIумма а ца карийра суна. Маьждигах, цхьа тIулгийн пенаш бен, хIумма а ца йисинера. Вай юьртах даьхна дIадуьгуш, юхахьаьжначарна гина хиллера маьждигах хьерча сийна цIе…
ЦIа дирзича, вайн юьрта баха хьала ца бахийтира нах.
Теркал дехьа совцийра, караIамош, къарбан атта хир ду аьлла.
Нана, нана… И соьца цхьаьна исс баттахь хьан кийра бекъна сан йиша Марима гуттар а эшна суна. И дIакъаьстичхьана сайн аьтту агIо боцуш санна веха со.

Сан кхин цхьа а ваша а, йиша а хилла ма дац, и йоцург.
ХIан-хIа, нана, бIаьрхиш дац хьуна сан бIаьргех оьхуш.
Уьш кхачаделла. Хьо цигахь, хийрачу мехкан лаьттахь а йитина, тхо цIа догIуш, цIа кхаччалц а, цул тIаьхьа шошаре даллалц а воьлхуш, кхачийна сан бIаьрхиш… Ас хIинца цIе марсайоккху, нана, ахьа дийцахьа… Бийцахьа и вайн декъаза кхоллам.
Н а н а. Кира кхоьхьучу вагонашна, бежнаш санна, чу а лаьхкина, оцу вагонаш чохь дIабоьлхуш, цхьаберш гIайгIанах хорам хилла, вуьйш цамгаршна леш, уьш цIерпошта сецча лайла а Iуьттуш, дIабохкаран метта; Шен хьаштана юьстахвала меттиг йоцуш, иэхь-бехк, оьздангалла ларъян йиш йоцуш (бакъду, вайн эвлара Пайзуллин йоI Хазбика – бIаьрго йоххол оьзда йоI – шен иэхьах ца юхуш кхелхира цу чохь), дуьхьал шаршош а оьхкина, керла адамаш дуьненчу дохуш, Ванах, хIара сел ирча гIан ма дахделла бохуш, хиллачух теша ца лууш дIаихира берхIийтта дийнахь-бусий. ТIаккха шийлачу мохо лоькхучу аренашка, акхарой догIу шуна, сема хилалаш, бохучу хабаро дарбинчу нахана тIебиссийра. Цигахь мацаллина, шелонна, дужу гIа санна, дIабохка а ца кхиош, хьарчомарчо а доцуш, – луо а, дарц а хилир-кха царна марчо, – хIаллакьхилира вайнах…
К I а н т. Ткъа къонахий бацара цигахь?..
Н а н а. Къонахий а бара, къонахий боцурш а бара дуккха а…
Сулайми Бауддис илли аьлча, вилхина ЧIебарлара Бетар, цхьамма мотт а тоьхна, 25 шо хан а тоьхна, чувоьллира.
Йиш хеза:
Тхов тIера котаман бен бохий ахь,
Цу тIе боьду берийн некъ бохий ахь,
Сталин, тхан дахар дохий ахь,
Ва-а, Дала вилла хьо яьшки чу.
ХIаъ, и йиш лекхна аьлла, Шарара Себила, 16 шо кхаьчна кхиъна йогIуйоI, 15 шо а тоьхна, шийлачумахкка хьажийра. Дера яра, кIант, декъаза зама, цхьа Дела воцург, орцахвала стаг а воцуш.
Назма хеза:
Нохчийн, гIалгIайн и гIийла къам
ХIаллакьхилла долуш лаьтта,
Дохкодевлла тхо хьоь кхойкху,
Ахь гечдехьа, везин Дела.

И ДегӀаста юхалохьа,
Тхан Даймохк ахь бӀаьрга гайта,
Оха дош ло, везин Дела,
Хьо виц ца веш, хьуна даха.
ХьогӀах, гамох дегнаш цӀандеш,
Тхаьш санна, тхайн накъост везаш,
Даим маттахь хьо хьехавеш,
Оха дош ло хьуна даха.
Тхан къинош сов алсамдевлла,
Хьоьга деха юьхь йоцуш ду,
Тхоь ца хьоьжуш, хьайга хьажий,
Къинхетам бе, везин Дела.
Тхаьш лелийна хьарам дериш,
Дохкодовлуш, кхин ца лело
Оха хьоьца тоба ма до,
Къобал делахь, везин Дела.
Тхайн ДегӀаста ахь схьаяллалц,
Ӏаьржа лелаш, таьӀна лелаш,
Синкъерамех, цу ловзарех
Тхо ларлур ду, везин Дела.
Шен дегӀана темаш лоьхуш,
Хьо реза веш, вовза йиш яц,
ШайтӀан дуьней, деггӀий эшо
Хьуьнар лохьа, везин Дела.
И хьагӀ, гамо дагчохь йолуш,
Хьо реза ван йиш йоцуш ду,
ХьогӀах, гамох, хьегарх цӀандеш,
Безам лохьа, везин Дела.
Хьо воцчуьнга толур доцуш,
Доьхна гӀуллакх ахь тодехьа,
Тилла тоба кхетаехьа,
Тхан ДегӀаста юхалохьа.

К Ӏ а н т. Иштта ДегӀастане сатуьйсуш, боьлхуш, кхойтта шо дӀаделира. Делира Дала мискачеран доӀина жоп.

ЦӀа дерза бакъо а елира. Амма суна ца лаьара, нана, хьо цигахь а йитина, цӀа ваха, Даймахке сатийсам мел боккха хиллехь а. Суна

цигахь, кест-кеста хьан коша тIе а вогIуш, сайн бала а ловш, ваха лаьара. Делахь а девашас хийцира сан ойла.
«Хьан ненан даьIахкаш кху лаьттахь яхкахь а, цуьнан са тоххарехь цIа а дахана, вайн юьртарчу кешнийн охIланехь ду хьуна», – элира цо.
Со цIа веара. Оцу бехачу новкъахь бIаьрхиш а Iенош.
Илли хеза:
Стигланаш, шу марша Iойла,
Латтанаш, шу марша Iойла,
Марша Iойла, кешнийн охIла,
Тхо-м дIадоьлху ДегIастана.
Iуьйренаш, шу оха йити,
Суьйренаш, шу оха йити,
Оха йити сийна Сибрех,
Кхин ца лела чIагIо йина.
Терзанца оьзна бен рицкъа доцчу,
Эзар волчух бIе ца вогIучу,
Ва дийца каш доцчу
Цу сенчу Сибарех,
Дай-нанойх къаьстина,
ДегIастане сатуьйсуш,
ЖамIате сатуьйсуш,
Молланаш боьлхуш,
Вешеха ва яьлла
Йиша йоьлхуш,
Доьзалах ва яьлла
Нана йоьлхуш,
Тхан рицкъа яздина
Хилла-кха цу сенчу Сибарех.
Йорабби, шаьш байлахь
Бисина доьзалаш богIу,
Йорабби, вешеха яьлла,
Де доьхна хийла йиша йогIу.
Йолалохьа, нана-ДегIастана,
Елалой, хьасталой, дуьхьал ялахьа,
Хьайн уммат догIуш.

К I а н т. ЦIа кхаьчча, ма хетта дахар ца нислуш, дийнахь тем а, буьйсанна наб а йоцуш, бIаьрзе хьийзара нах.
Церан кхетамо лоьхура хьалхалера дахар. Амма иза гуттаренна а дIадахнера вайн къоман хIаллакьхиллачу баккхийчеран чкъураца цхьаьна.
Амма дукханна а баха ца лаьара керлачу дахарца. Уьш бехара сатийсамашца а, дагалецамашца а.
Цхьанххьа а синтем ца карош, Россин гIаланашкахула волавелла лийлира со а.
ХIинца шовзткъа шо кхаьчча, кху вайн яссаеллачуюьрта веъна, хIара суьрташ а дохкуш, хан токху ас. Сан белхийн гуттар а цхьа тема ю: вайн хедийна орамаш, вай цIийнах, цIарах дахар…
(Суьрташна хьалха а сецна, дуьйцу царах лаьцна). Делахь а цхьаъ ца тоьаш санна хета суна гуттар а сайн суьрташкахь. Нана, тхан дахарехь ца тоьарг ца тоьа сан суьрташна а – шун дахарехь хилла бакъйолу нохчолла…
Хиллачуоьздангаллин дисна цхьа IиндагI,
Хиллачукураллин дисна цхьа IиндагI,
Дерриге дахана кIоргачу Iинах,
Цхьа синош схьахIуьтту, цкъа кхузахь Iийнарш.
Хиллачу адамийн IиндагIаш дувай,
Еса ю вайн бIаьвнаш, стаг воцуш чу ван,
ВагIахь а шарахь цкъа генара хьаша,
IиндагIа ду иза – дIавоьду маса.
ХIуъудеш вай хьовзарх: охуш, дуьйш ялта,
Сакъера ховшахь а, этIабешпондар, –
ДIадийнарг ца кхуьуцхьа сискал ял а,
Сакъерар хуьлу вайн шайтIанийн ловзар.
Вайн мехкан са даьхьна цу Iаьнан буса,
ЦIерпошто даькххина турпалчудегIах,
Цундела вайн ялтийн буьртиг ца бузу,
Цунах душовданаш тIетесна Iеха.
ЦIен коьрте довлийша доггах дан зикарш,
Даккхийша цIийн сагIа, дIатоттушбала,
ЦуДеле доIица дехийша дикка,
Вайн мехкан даьхьна са духа ло алий.

Ч а к к х е.

# МАШЕНАШЪЯРХОЧУН ДЕ

**Машенашъярхочун де**[10]

Забаре диалог
Дакъалоцурш:
С а м а н и
З а б а н и

**I сурт**

ГІала. Урам.
С а м а н и. Деза денош ца хилча хІун до дахарх?
Тахана машенашъярхочун де ду.! Собар, собар! ХІинца хьалхара май ца даздо боху аш? Хьалхарчу майна шайна луъург де, амма машенашъярхочун де ца дазда йиш яц шуна. Машенах ю олу, зудчух а ю олу. Цундела эударийн деза де а ду хІара. Со гІалахо ю. Машен ца хилча хІун дийр дара гІалахоша? ХІумма а дийр дацара. Цхьа ког баккха а йиш ма яц машен ца хилча.
З а б а н и. Со юьртара ю. ХІун дийр дара юьртахь, тІо боккху машен ца хилча? Ткъа хІуманаш юьтту машен?!
Мел чІогІа оьшу и! Суна бабас дийцира: хьалха хІуманаш, ахка чу а хьой, хи чу охьа а йохкий, тІе когаш а бетташ, юьттура бохуш.
С а м а н и. Фи-и, колхоз... тІе когаш бетташ тов! Ткъа уггаре а чІогІа оьшург хохку машен ю. Уьш дІа а хохку, схьа а хохку... Ламчу хьала а хохку мукъачу дийнахь... лекхалуш магнитофон а, багажника чохь – даа-мала а.
Цхьаболчу джигиташа шина чкъурга тІе а хІоттайо, «вжик» олий тата а доккхуш...
З а б а н и. Хьалха бабас говраш хохку бохура, шина кота тІе а хІиттаеш. Шена еза йоІ а ядайора боху говраца...
С а м а н и. И цхьа пережиток ю-кх вайн юха метта хІотто езаш – йоІ ядор! Кхин цхьа а хІума а дац, вайн мегар долуш, хьалхалерчу гІиллакхех мегар долуш. ЙоІ ядор! Мел хаза ду иза! Романтика! Со нийсса борхІазза ядийна!
З а б а н и. Хьо муха ядийна борхІазза, со-м ма ца ядийна цкъа а.
С а м а н и. Ша ядаяйта а хаа деза.
З а б а н и. Муха хаа деза? Ша муха ядайойту?

С а м а н и. Ас суо иштта ядайойту… Суна уллохь машен соцу. Берзан санна, богуш ши бIаьрг болчу цхьана накъосто: «Хьо йогIий тхоьца, хазниг?» – олу. Ас, гонахарчарна хаза а ца хозуьйтуш: «ЙогIу», – олу. ТIаккха машенахь берш ч]огIа цецбовлу. Цхьаболчарна чIогIа хаза а хета, цхьаберш соьга и хаттарна чIогIа дохко а бовлу.
Делахь а яхь дIа ца луш, цара меллаша куьг ластадо:
«Схьайола», – олий. Аса, чу а хуий, царех цхьамма неI тIеоза дагахь, неIаран тIам схьалоццушехь, мохь хьокху:
«Ва-а, орца дала! Со ма йигийта»! Эцца схьахьовду нах.
Кхера а лой, шофера шен машен дIаоьккхуьйту. ШолгIачу дийнахь массанхьа а дуьйцуш хуьлу, хьенехера йоI минеха ялийна бохуш!
З а б а н и. ДIаяла, суна хуур дац иштта суо ядаяйта.
С а м а н и. Хуур ду Iамийча... Бакъдерг дийцича цкъам, яда а ца еш, такхийра со.
З а б а н и. Муха такхийра?
С а м а н и. Иштта. Ас мохь хьоккхушехь, суна юххехь
Iачо букъ тIе ког а гIортийна, аратесира со машенчуьра, неI тIе а тухуш. Ткъа и сан еха коч – хIетахь еха кучамаш модехь ма яра – хIаъ, и сан еха коч неIара юккъехь а йисина, масийтта метр асфальт тIехула текхош яьхьира со.
З а б а н и. У-у, со кхоьру... ас суо яда ца йойту...
С а м а н и. Кхера ца оьшу хьуна, хьо ядо кечвелла цхьа а вац.
З а б а н и. Суна бабас дийцира…
С а м а н и. ХIун дийцира хьуна бабас?
З а б а н и. Хьалха иштта ша ядаяйта луучу йоIа йиш локху бохура:
Беа когана цхьа мача юьйхина,
Шина а дегIана цхьа духар дуьйхина,
Гу лекхчу дуьйлуш, лаьтте ладоьгIуш,
Кегийчийн орца кхиарна кхоьруш,
Шерачу дуьйлуш, юьрте ладоьгIуш,
Баккхийчийн орца даларна кхоьруш,
Дедда гIор вайша, дедда гIор вайша,
Вайшиннан гIуллакх вай дайшца-наношца
Къаноша, мотт говза буьйцуш, къастор ду.
С а м а н и. И хIун йиш ю?! Пережиток! «Дедда гIор вайша, дедда гIор вайша»... Кхин марафонехь додуш ши спортсмен-м дац и шиъ?

Иштта дедда додахь-м, безам а бицлур бу царна... Са бага а кхаьчна, уьдуш... Безам бахначарна синтем ма оьшу.
Цулла а машен чу а хиъна, дIадаха деза-кх. Иштта йиш а локхуш:
Iуьйре йитий дIагIо вайша, Юнади,
Суьйре йитий дIагIо вайша, Юнади,
Хьан машене мох лоьцуьйтуш, Юнади,
Дуьне мел ду дIагIо вайша, Юнади...
Иштта! ХIинца схьаяло, некъа йисте яла вайша, цхьа
Юнади лаца... Ас мосазза аьлла хьоьга: дIаса ма техка – хьо кхин чан кIорни а яц. Ког, голера сатта а ца беш, балеринас санна баккха, Иштта.
З а б а н и. Суна хала ду иштта лела.
С а м а н и. Атта суна ду моьтту хьуна, хьо Iамо. Хьо сан «стажер» ма ю. Трамвайна хьалха яздина гиний хьуна:
«Стажер»? Цу чуьрниг а ву хьуна хьо санна Iемаш. Трамвай лело. Ткъа хьо-яха Iемаш. Ва-хъа-хъа... Хаза яра хьо цхьа шо хьалха... Хьа-хьа... Деревня!
З а б а н и. Муха яра со?
С а м а н и. Коьрта йовлакх а тиллина! Хьа-хьа-хьа.
Къанъелла зуда санна. Ма хала даккхийтира ас иза хьоьга дIа.
З а б а н и. Цул тIаьхьа-м ца лелийра хьуна ас и йовлакх, ура-аттала IаьнтIехь а. Бакъду, цкъа корта шел а белла, больнице-м кхечира со.
С а м а н и. ХIумма а дац хьуна. Даккхий гIуллакхаш деш цхьа зензулам доцуш ма ца хуьлу. Цу тIе коьртара йовлакх дIадаккхарх чекхболуш а ма бац вайн къийсам.
Кхин масане ю уьш дIаяха еза хIуманаш?!
З а б а н и. ХIун хIуманаш?
С а м а н и. Совнаха хIуманаш. Коммунизме доьлхуш вайна новкъарло еш йолу хIуманаш.
З а б а н и. Коммунизм чекх ца яьлла?
С а м а н и. Чекх муха йолу, хIинца а тIекхаьчна а ца хилча?
З а б а н и. ХIа-а...
С а м а н и. ХIаъ! ДIаяла! Хьераяьлла хьо?! «Запорожецана» лоцу куьг? Саций-кх цо иза. ХIинца дIавалохьа!
Ца йогIу тхойшиъ. Куьг стенна лецира-а? Хьуна хазахетийта. ХIнца дIаяхийта хьайн алаша! Дукха века а ца векаш!.. И хIун ду ахь лелорг?

Инвалидийн машен чу хаа-м ца йоллу хьо?
З а б а н и. ХIун бен ю иза. ДIайоьдуш хилчахьана?
С а м а н и. Ахь хIун юьйцу? «Запорожец», «Москвич» хьеха а ма елахь. Царна чу ховшурш цхьа Iовдалш ю хьуна. Сацон мегаш: «Жигули» – и то «девятка» я «Волга».
З а б а н и. Бабас соьга цхьа а ма сацае аьлла. Тарамбай тIе а хаий цIа йола.
С а м а н и. Ва-хьа-хьа... Тарамбай! Ткъа машена чу хиъча сир дожарна-м ца кхоьру иза?
З а б а н и. Маре юьгур яц боху.
С а м а н и. Ва-хьа-хьа. Со стажировать йина Фарида-м ма йигна обкоман инструктора... ХIан, хIара йогIург сацайой техьа? Ца саци! Оцу «девятки» чуьранаш ма кура хIуманаш хуьлу моьтту хьуна. Царел-м Iаьржа «Волганаш» тоьлу. ХIара йогIу хьуна иза. Саций, цкьадика. Схьаяло сихха.
С а м а н и. Суна хIун хаьа? ТIаьхьа хуур ду вайшинна... Яло!
З а б а н и. Со ца йогIу…
С а м а н и. Муха ца йогIу? ХIун ю ахь юьйцург?
З а б а н и. Суна бабас дов дийр ду.
С а м а н и. Хьо бабас ехь а-м йогIур ю! Яло!
З а б а н и. Ца йогIу... со кхоьру… сан корта лазабаьлла..
С а м а н и. Сан традици йохо йоллу хьо? ХIора шарахь машенашъярхочун де иштта билгал ма доккху ас: машен а сацайой: «ДIаяхийта дуьнен маь1Iе». Хьалха яла!
З а б а н и. Хьуо дIагIохьа, со а йитий.
С а м а н и. Ахь хIун дуьйцу? Со кхин алкоголик ю-м ца моьтту хьуна, суо сакъера яха, хьо а йитина. Яло, и нехан стаг а ца кхардош. Эхь ма ду ахь лелорг.
З а б а н и. Сан чуо лазаяьлла, со леш ю, йитахьа со...
С а м а н и. Машен чу хиъчахьана толур ю хьан чуо, арахь мох бу.
З а б а н и. ХIан-хIа, хьайн делан дуьхьа, хьайн устазан дуьхьа...
С а м а н и (шофере).
ХIун мохь хьоькху ахь, гай яьтIча санна?! – Боккха болх бу, хьо пхеа минотехь лаьттича?
Д1авалохьа, хьуо сиха велахь!.. Кхуьнан чуо лаза яьлла...
Хьо е дала хIаллак! Даз ца дойтуш, дити-кх ахь машенашъярхочун де...

З а б а н и. Соьга бабас аьллера...
С а м а н и. Йитахьа суна и хьайн баба. Карл Маркс ма йи ахь цунах: «бабас элира, бабас элира...» ХIумма а дац!
ХIинца тIедогIуш геологан де ду. ТIаккха-м йогIур ю хьуна хьо ламчу. Ма йоьл, хьуо яхьахь!
З а б а н и. Дика ду, суна лаьмнаш дукха деза. Геолог хир ю сох, я альпинист хила а мега.

К и р х ь а.

1980.

# ЭЛАДИТТА

**Эладитта**[11]

Комеди
Дакъалоцурш:
Б о х ь.
М о т т б е х а н и г.
М о т т б о ь х а н и г.
М о т т д I а ь н ш е н и г.
Э л м и р з а.
Р у с л а н.
Музыка. Сцени тIехь гучуйолу масех зуда. Церан леларх хаьа церан коьрта гIуллакх – эладитта лелор хилар. Сцени тIехь го а тосий, уьш кхъайлабовлу. Гучуволу Бохь.
Б о х ь. Со Бохь ма ву, Бохь. ДIогарчу шозза тIекIелдинчу цIенош чохь Iаш ву со. Сачул лекха цIнош а дац кху эвлахь цхьаьннан а...
Доккха баьццара ков а ду. ХIара гай яра цхьажимма схьаяийта езаш...
Жимма солидни хир вара... Пиво мийла деза.
Со бохь ма бу –
Бохь ву со.
Со борз ма ю –
Боьха борз.
Ахча ма ду,
Машен ю.
Корта буьззина
Хьекъал ду...

Бакъду, цхьа хIусамнана-м яц. Цкъа собарделахь, дIогахь лаьтта шиъ мила дара? Ой, Луиза яц иза. Ткъа ас цуьнга ала ма аьллера цхьаьнгга а, со воцчуьнга, дIа ма хьажа... Ткъа хьаьнца лаьтгаш ю? Русланца. ТхIуй!
Студентик желторотый... Шарахь шозза хеча эца де а доцу пис!
Гучуйолу Моттбоьханиг.
М о т т б о ь х а н и г. Ва кхокхан басахь «жигули» йолу кIант, хьо хIун деш лаьтта?
Б о х ь. Со-м гора хьуна лаьтташ, и дIога лаьтта шиъ гой хьуна?
М о т т б о ь х а н и г. Го, дера го, дукха ахча долу кIант... ТIаккха?
Б о х ь. ХIун «тIаккха?»ТIаккха дан дезарг хьуна хьайна хаа деза-кх.
М о т т б о ь х а н и г. Хьаьа хьуна, хаьа хьуна, лекха цIеношший, баьццара коввий долу кIант. И шиъ хIун лелош дуй? И шиъ хьаха ду шаьшшиннан современни гIуллакхаш лелош...
Б о х ь. ХIай-хIай! Оцу гIуллакхах ахьа дан деззарг дахь, аса дика совгIат дийр ду хьуна.
М о т т б о ь х а н и г. Дерриг дийр ду хьуна, гIиллакх долу, комаьрша кIант. Хьуна ма луъура, дерриге а хир ду.
Б о х ь. Дика ду (сехьа а волуш, зал чу).
Хала а дара-кха хьуна хIинца и юхаяккха. ХIинца шен ден мере дIадаха хьуна цушиннан гIуллакх. Хьа-хьа-хьа.
ДIавоьду
М о т т б о ь х а н и г (мохь хьокхуш).
Ва дела, суна хIун ги?! Суна хIун ги?!
М о т т б е х а н и г. Ва хьенехерчу минехера йишас йина, маIа яьлла етт болчеран йоI, хIун ги хьуна, хIун ги хьуна?
М о т т б о ь х а н и г. И-и, дIаяьллахь, ма дийцийталахь соьга иза.
М о т т б е х а н и г. Ткъа хIун ги хьуна, дийцахьа.
М о т т б о ь х а н и г. У-у, ахь хIун дуьйцу хаьий хьуна, ахь хIун дуьйцу хаьий хьуна?! Суна гина Iаламат.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Вададай, шуьша ма дика вовшахкхетта ва эвлайистерий, ва эвлаюккъерий ши йоI?
М о т т б е х а н и г. Тхойшиъий? Муха кхийтира вайшиъ вовшах?
М о т т б о ь х а н и г. Вайшиъий? Со Iуьйранна хаза сайн етт а оьзна, бежнаш дIа а лаьхкина, кху чуьрчунна хIума а елла, и балха дIа а хьажийна, хьалла лакха юккъе

Iаш йолу тхайн ненан ден маьхчийн несан йишин йоI йолчу йогIуш яра... Ткъа хьо мича йоьдуш яра?
М о т т б е х а н и г. Со туькана йоьдуш яра. Хьо мича йоьду ва шозза яда а йина, шара чохь кхузза маре а яхана, хIинца доьазлагIа кхуза кхаьчна йолу хаза йоI?
М о т т д I а ь в ш е н и г. Со бохий ахьа, ва юхайохка хIуманаш ян йоьду аьлла тIапъаьлла ян а яйна, ши бутт а баькк хина, тIаккха кхоалгIаниг эхе болучу хенахь гIалийтIахь дегIаца гIеххьа кеп а йолуш карийна йолу дика йоI?...
М о т т б е х а н и г. Вайшимма ши бутт кхочуш а ма ца баьккхира хIетахь, дагадогIий хьуна, ахьа и ерриг Бако гIалара туька а, аптек а толлуш, хьайн марнанна яон молханаш лоьхуш къахьегна?
М о т т б о ь х а н и г. Ахьа цигара хIуманаш хууш ю бохуш юьйцу гIазгIумкийн зуда а лоьхуш, вайша яхча дарий иза? ХIетахь вайшиъ-м шина баттахь итт дийнахь
Iийра.
М о т т д I а ь в ш е н и г. И зуда стенна лоьхура кхо?
М о т т б о ь х а н и г. Ша шен майрачунна къахьйойтуш дарбанаш лелaдайта.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Муха къахьйойтуш? Кхечара ша марзйойтуш, кхо къахь хIунда йойту?
М о т т б о ь х а н и г. Кхин бегIийла меттиг карийнера кхунна Бакохьахь, и шен волуш верг тIаьхьара ваьллехьара.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Хьа-хьа-хьа... Шуьшиъ-м дика хьаьвзина хилла оцу Бакох гIалахь.
М о т т б е х а н и г. Дукха йижина Iуьллуш хьо а ца хилла хьуна кху цIахь-м. Ахьа шайн лулахошна лаьттах йоьллина холмач Бумтара жинашца тайна йолу зуда а ялийна, схьаяьккхина ма бохура.
М о т т б о ь х а н и г. Деллахь дийца, массо хIума лайна а, девзаш а йолу хаза йоI, и холмач хIунда йоьллинера ахь...
М о т т д I а ь в ш е н и г. И ду хаза, церан хIу хадийта йоьллинера-кх. Тоьларий царна со йолчу иза вогIий, кхин вогIий, бохуш, хабарш ца дийцинехь.
М о т т б е х а н и г. И дитахьа, Хазниг, тхойша цкъа а ма ца ядийна цхьамма, хьо кхузза муха ядийна дийцахьа...
М о т т д I а ь в ш е н и г. Ша яда яйта а хаан деза.

М о т т б е х а н и г. Хьа-хьа, хаза луьйш ю-кх хьо!
Кхааммо а йиш локху:
Елла хIума йолчу уьду
Iаьржа кьийгаш санна,
Дика хIума цхьаъ дан гIортахь,
Тхо дIахьолху цига.
М о т т б е х а н и г. Ас и дуьйцу харцахь доккхий.
М о т т б о ь х а н и г. Ас и бехдо сайн маттаца.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Ткъа ас цунах сайн дIовш туху.
Массара а:
Диканах оха вуониг ма до,
Вуочух оха диканиг до,
Iаьржаниг кIайн хилар чIагIдеш,
Оха милла а къарвийр ву.
Нехан гIуллакх духуш хуьлий,
Тхан гIуллакхаш талуш ду.
Тхол цIена стаг хилахь юьртахь,
Оха иза бех ма во.
Тханчул тоьлаш мача, коч ерг
Тхуна езац, ла ца ло.
Матто стагах хIуъу ма йо,
Матто иза бех а во.
Матто иза цIан а во.
Тхан професси – стаг бехвар ю.
Моттбеханиг,
Моттбоьханиг,
МоттдIаьвшениг – цIераш ю.
М о т т б е х а н и г (моттбоьхачунна тIе пIелг а хьажош). И-и, хIокхунна гинарг, хIокхунна гинарг!
М о т т д I а ь в ш е н и г. ХIун гина цунна?
М о т т б е х а н и г. И-и, дIаяьллахь, хаза йоI, цунна гинарг, цунна гинарг!
М о т т д I а ь в ш е н и г. Ой, схьаалахьа, сан са а ца дууш, хIун гина кхунна?
М о т т б е х а н и г. Суна-м ца хаьа, цуьнга хаттахь.

М о т т б о ь х а н и г. Дера ду суна гинарг инзаре доккха хIума, инзаре доккха хIума.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Дийций ялахьа ткъа.
М о т т б о ь х а н и г. Кхузахула схьайогIуш ма ю со…
ДIа ма хьаьжи со. Лаьтташ ду-кх. Муха хета шуна?
М о т т б е х а н и г. Мила шиъ?
М о т т б о ь х а н и г. Лакха юккъера Iалавдин йоI
Луизий, Элмирзин кIант Русланний.
М о т т д I а ь в ш е н и г. ХIа-а, дита ахь, хIинца кхеташ ду хьуна. И шиъ хьаха хилла шаьшшиннан современни гIуллакхаш лелош.
М о т т б е х а н и г. Дера хилла. Оцу Элмирзин кIантана, шен гIалитIехь доьшуш а волуш, дика хаьа хир ма ду и хIуманаш.
М о т т д I а ь в ш е н и г. ХIаъ, царна цигахь Iама ма до уьш.
М о т т б о ь х а н и г. Гина делара шуна и Луиза боху гIам, сетташ (кепхIиттаеш). Ткъа важа нIаьни-кIорни санна вуса а велла, гонах хьийзаш.
М о т т б е х а н и г. ХIаъ, шаьшшиннан вовшахкхета меттиг билгалъеш хилла хьуна, дукха хууш ма ду хIинцалера гIемаш.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Собарделахь цкъа, и йоI
МаIин некъин яц? Дера ю-кх. Ткъа кIант?
М о т т б о ь х а н и г. КIант МаIазин некъехь ву.
М о т т д I а ь в ш е н и г. МаIин некъий хьаха бу буьрса нах. Тхан чуьра верг а ву царах.
М о т т б е х а н и г. Дера бу МаIин некъий-м буьрса нах. Цара и кIант вай кхузахь лаьттачу юкъана, йнттина гIиба ваьккхина хир ву-кх шуна.
М о т т б о ь х а н и г. ГIиба ваккхар стенна дуьйцу аша, цхьа меже йойна а-м хир ю!
М о т т д I а ь в ш е н и г. Меже йор стенна дуьйцу аша, вийна-м хир ву!
М о т т б е х а н и г. Вийний? Вийна а хир ву, уьш буьрса нах бу. Массеран а аьлча санна даккхий мекхаш а долуш.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Тешна а цара вийна иза, хIинцца зударийн белхар дер ду шуна.
М о т т б о ь х а н и г. Делахь катоьхна када даха деза-кх.
М о т т б е х а н и г. Деза-те. Массо схьагулвелча, хаза а ца хуьлу цига воьдуш.

М о т т д I а ь в ш е н и г. Дуьло ткъа.
Сцени тIехь кхааммо цхьа го боккху.
М о т т б е х а н и г (тийжаш). Ва-а, нанас ца йинарг яла хьан!
М о т т б о ь х а н и г. Ва-а, ма къиза хIаллакви хьо!
М о т т д I а ь в ш е н и г. Ма хьалхехь дити ахь хIара маьлхан дуьне!
Элмирзин кетIа боьлху.
Э л м и р з а (кетIа а волий).
И хIун тийжам бу, мила ву велларг?
М о т т б е х а н и г (тийжаш).
Велла вац, вийна ву.
Э л м и р з а. Мила ву иза?
М о т т б о ь х а н и г (тийжаш).
ХIинца а хаа а ца хаьа мисканна, хаа а ца хаьа.
Э л м и р з а. ХIун ца хаьа? Со хьер а ца воккхуш, схьаала хIун хилла.
М о т т б е х а н и г. ХIий, миска яI хьо, миска.
М о т т б о ь х а н и г. Руслан-миска, ва цуьнан яла нанас ца йинарг.
Э л м и р з а. Руслан, сан кIант! Хьан дина иза...
М о т т д I а ь в ш е н и г. МаIин некъаша... Ва ма хьалхехь къаьсти хьо!..
Э л м и р з а. МаIин некъий... Церан ворхIе дена хуьлда наьIалт! Дукха баккхий-м ца бен белахь.
Учахь хьалакхозушалгу топ а оьций, дIахьоду.
ЦIеххьана соцу.
Цкъа собарделаш, со хьер ца ваьллехь, Руслан хIинцца чохь ма вара.
Топ охьа а кхуссий чухьоду
Руслан!!!
Р у с л а н а н а з. ХIун боху?
Э л м и р з а (сихха вуха воьрэий).
ГIемаш!
ШайтIанаш! Йилбазаш! Ешапаш! Яхийта кху кертара.
М о т т б е х а н и г (чуьра араваьлла, схьавогIу Руслан а гой).
Ван а ма ву дийна.
М о т т д I а ь в ш е н и г. Таханчул эрна некъ бина яцкха со цкъа а.
Кхуьй а дIайоьду.
Э л м и р з а. Дуьйцучулла эладитта,
Дотта аш цхьа элан литта.

Кхин дан цIахь шайн хIума дацахь,
И шайн боьха дегнаш дитта,
Я шайн цIера хIумнаш йитта.
М у з ы к а.
1980.

# ЗАЗАДАЬККХИНЧУ БЕШАХЬ КIАЙН ЦIА

**Зазадаьккхинчу бешахь кIайн цIа**[12]

БархI суьртехь драма
Д а к ъ а л о ц у р ш:
А х ь м д у к ъ а
– да, 50 шо
С о в д а т
– цуьнан зуда
А д а м
– церан кIант
П а д а м
– церан йоI
С а л а х ь
– жимахволу кIант
М о в л а
– юьртсоветан пирсдатал
К о р р е с п о н д е н т
С а п а р б е к
Ш о ф е р
Хилам дIабоьду XX-чу бIешеран 80-чушерашкахь, юьртахь.
Кирхьа хьалаайале хеза йиш:
Вай некъ беш дIаэхарх
Дуьненан маьIIе,
Довзарх а мел долчун
КIоргера маьIна,
Буьйсанна гIиттадеш,
Хьийзадеш са,

Кхетамехьдеха вайн
Бераллин цIа.

**I сурт**

Чохь Совдат, Падам.

С о в д а т. ДIаяла, йоI, и дага а ма даийталахь…

П а д а м. Стенна, мама, неханаш ма боьлху цига.

С о в д а т. Неханаш бита, сий хилла ца лела хьуна.

П а д а м. Стенна?

С о в д а т. Иштта а.

П а д а м. Суна а лаьа, нехачарна санна…

С о в д а т. ХIун лаьа?

П а д а м. Ишколе яха а, вечере яха а…

С о в д а т. Ишколе наггахь яхча а тоьар ду… ЦIенош деш ду вай… И важа хьеха а ма елахь.

П а д а м. Делахь ас кехат яздийр ду.

С о в д а т. ХIун кехат яздан йоллу хьо?

П а д а м. Газете… Со вечере а ца йохуьйту, ара а ца йолуьйту, Iаьржачу Iадатийн боданехь латтайо аьлла.

С о в д а т. ХIун бода бу ахь буьйцург? ХIун ю цо юьйцург? И дIахазахь, хьайн дас юьйр ю хьо.

П а д а м (ирх кхоссалуш).

Юьйр ю, юьйр ю!.. Со йодур ю-кх.

С о в д а т. Мича яда йоллу хьо?

П а д а м. Кху цIера едда дIагIур ю-кх.

С о в д а т. И хIун ду ахь дуьйцург… И… ХIун ду? Ваа, сан корта… Корта а лоций, ша йолччохь охьайоьду.

П а д а м. Мама! Ахь хIун до? Собар делахь. Ас хIинцца… Ас хIинцца молханаш дохьу хьуна…ХIан, малахьа, хи малахьа.

С о в д а т. Ой, схьаба и гIайба…

ДIа а тевжий Iа.

П а д а м. Мама, хIинца гIоли хилин хьуна?..

С о в д а т. ХIаъ, хили…

П а д а м. Хьан мерах цIий ду оьхуш…

С о в д а т. ХIумма а дац, эхийтахьа, сингаттам лахбалар бен, хIумма а хир дац хьуна…

П а д а м. Мегар ма дац.

С о в д а т. ХIумма а хир дац…
П а д а м. Ас тIадийна киса дуьллу хьан коьрта тIе.
ЧуволуСалахь. НеIарехь хIоьттина лаьтта, нене а хьоьжуш.
С а л а х ь. Юха а халахетийтина-кх ахь цунна…
П а д а м. Хьуна сагатдеш хилла-кх.
Цхьацца дезарш деш хьийза.
С о в д а т. КIант, хьо мичахь вара?
С а л а х ь. Со ишколехь вара, буьрканех ловзуш…
С о в д а т. Цигаьркан хьожа ма йогIу хьох…
С а л а х ь. Узучарна юххехь Iийна со.
С о в д а т. Хьан йиш ма яц волавелла лела. ЦIенош деш ма ду вай.
С а л а х ь. ЦIенош!.. Гуттара а – цIенош!.. Суна кIордийна уьш…
С о в д а т. Уьш-х шуна деш ма ду, хьуна а, Адамна а.
Шу нахах тера хилахьара аьлла…
С а л а х ь. Тхуна хIара тишанаш а тоьар дара…
С о в д а т. Шун дена дика хаьа. Цуьнга ладогIа ахь.
С а л а х ь. ДогIахь а, дукха-м дугIур дац.
С о в д а т. И хIун ду ахь дуьйцург?.. ДIавала… ЭхI, сан корта…
П а д а м (салахье).
Ма лехьа цуьнга, халахетийтича, давлени хьалайолу цуьнан.
С а л а х ь. Со-м вац луьйш. Мама, ас ахь боххург дийр ду, ахь боххург.
С о в д а т. Схьавола суна юххе, нана яларг. Схьайола хьо а суна юххе.
Иштта охьахаа. Кхуьур ду шу шайна луъург лелон а. Жимма собарде.
ДIадаьлча бен дага ца догIу шуна да а, нана а. Массо хенахь шайн ойла
ма е. Цу шайн вешин ойла е. Армехь волчу. Маржа Адам! ХIун лелош
лела те хьо? Кехат а ма хьедели цуьнан. Табарике а ца деъна техьа?
Яло, йоI, оцу пеша тIера чIепалгаш хьуо лулахошна. СагIано ларво
олур-кха стаг бохамах. Салахь, ахьа а яа хьайна хIума…
ЧоггIа неI етта.
А х ь м д у к ъ и н а з. Арадовла цу чуьра! Арадовла!
С о в д а т. ХIан, схьакхечи шуна. Дуьло, арадовла.
ТIулг бан вахнера иза.
С а л а х ь. ТIулг. Цкъа а беъна бер болуш-м бац иза…
Араволу. Цунна тIаьхьа – Падам а.
С о в д а т. Со, жимма гIоли хилча, арер ю ала цуьнга.

**II сурт**

Арахь ботта болийна бух.
А х ь м д у к ъ а. ТIевала, кIант, охьабассабе тIулг.
С а л а х ь. Самосвал йига ца мегара ахь?
А х ь м д у к ъ а. ГIовгIа ма е, гIовгIа. Самосвалаш дIахIийттина лаьтташ ю-м ца моьтту хьуна. Схьало, йоI, ахь раствор, тIулг схьакховдабе соьга. Мичахь юшун нана?
П а д а м. Иза корта лозуш ю.
А х ь м д у к ъ а. Ца оьшшучу хенахь лозу цуьнан корта а. ВогIий, тIехIуттуМовла.
М о в л а. Хьо хIун деш ву?! Хьуна Iедал дIадаьлла-м ца моьтту?
А х ь м д у к ъ а. Хьуна ца го, со хIун деш ву? ЦIенош деш ву-кх.
М о в л а. Оцу Орган чуьра массо а тIулг дIалахьийна волуш ма воллу хьо.
А х ь м д у к ъ а. Уой, кхин хьан дех дисна-м дац и Орга?! Шена луъучо дIалахьо йиш йолуш бац и тIулг?!
М о в л а. Бац! Аш иштта тIулгаш дIакхехьахь, Iаламна зен хир ду. Экологи йохайо аш!
А х ь м д у к ъ а. Iаламна пайда беш ву хьо, исправкех пхиппа сом а доккхуш.
М о в л а. Хьайна ца гинарг ма дийца. Харц цIе кхолла гIертар законехь таIзар деш ду! Кхин цигара тIулг ма балахь!
ДIавоьду.
А х ь м д у к ъ а. Эхь ду хьуна, соьга и баийтахь! Сан воьалгIачу дас Товболата йиллина хьуна хIара юрт. Ткъа хьан деда Махьма кху юьртахь беже веъначохь висна ву.
Наха, къа а хетта, астагIа СегIират а яхийтина. Хезин хьуна!
С а л а х ь. Ца хеза хьуна. Генаваьлла иза.
А х ь м д у к ъ а. Ца хазахь, охьабассабай вала тIулг, катоххий. Хезий шуна цо дуьйцург? Лаа ма ца лаьа цунна вай нахах тарлойла. Вайн ворхIе да а ма ца хилла цхьаннал а оьшуш.
С а л а х ь. ВорхIе да мухха хилча а, хIун бен ду?
А х ь м д у к ъ а. Ас хоуьйтур ду хьуна, хIун бен ду.
Вала лелий. ТIулг схьаба, йоI. Хьо, гIорийча санна, лаьтташ ма ю.
Ков детта.
Яло, хьажа мила ву, кхара болх бан вуьтур а вац.
П а д а м (дда а йоьдий, сихха юха а йогIуш).

Адамера кехат деъна. Ас деший?
Тийналла.
А х ь м д у к ъ а. Чу а дахна, шун нанна а хозуьйтуш, доьшур ахь.
КIант, хьо, сихха чекх а валий, чувола.
С а л а х ь. Дика ду.
Чубоьлху.

**III сурт**

Чоь. Падам кехат доьшушю.
П а д а м. «…Кхузахь хала хIума а дац. Хьайл лакхарчунна честь делчхьана. Са ма гатде».
С о в д а т. ИйтI, нана яла хьан. Хала хилча а, хоуьйтур долуш а ма вац.
П а д а м (кхидIа а доьшу).
«…Наха цхьацца хабарш дуьйцу хир ду, кхузахь хаддаза тIом бу, кхузахь бандиташа тешнабехкаца салтий бойу бохуш. Цаьрга ладоьгIуш, суна са ма гатделаш. Кхузахь хала хIумма а дац. Дада, хьан могашалла муха ю? ЦIенош долийна бохуш яздо аш.
Дукха шайна ницкъ ма белаш, со цIа веъчхьана, дийр ду вай…».
А х ь м д у к ъ а. Ницкъ бийр болуш бац хьуна хIоршм. Ахь ца аьлча а…
П а д а м. «Мама, хьо муха Iа? Корта-м ца лозу хьан?
Гуттар а корта лозуш хуьлур-кха хьо. Со цIа веъчхьана,
Москох лоьрашна тIе а йигна, ас цхьа дарба лохур ду хьуна…».
С о в д а т. Нана яла хьан, нана яла хьан! Хьо цIа веъна де гур дуй техьа.
С а л а х ь. ХIинца елха ма йолалолахь. Корта лаза бер бу хьан.
П а д а м. «…Ашшимма дика дешалаш, баккхийчара бохучуьнга ла а догIа».
С а л а х ь. Дика муха доьшу, ишколе вохуьйтуш а ца хилча?
П а д а м. «…Маршалла ло со хьаьттинчаьрга массаьрга а. Со кестта цIа вогIур ву».
Тийналла хIутту.
А х ь м д у к ъ а (эххар а, цхьа хан яьлча).
Мел хан йисна и цIа ван?
С о в д а т. Тахна хIун де ду?
П а д а м. УьтталгIа октябрь.

С о в д а т. УьтталгIа делахь, цхьа буттий, итт дей дисна-кх и дIавахна ши шо кхача.
С а л а х ь. Цхьаверг хье а ло.
П а д а м. Цхьаверг хьалхе а воуьйту цIа. ХIан, собарделаш. Кхин цхьа жима кехат а кхоьссина кху чу.
А х ь м д у к ъ а. ХIун ду цу тIехь?
П а д а м (кехат тIе а хьоьжуш).
«…Ас дIавоьдуш дIадоьгIна Iежийн синтарш даккхий хиллий? Падам, уьш бежнашка даа ма даийталахь».
С а л а х ь. Уьш-м тоххарехь дIадаьхнера.
А х ь м д у к ъ а. ЦIенош деш хилча, дIа ца даха йиш ма яцара уьш. Керланаш дугIур ду-кх. ХIан, дуьло. Болх бан беза.
С о в д а т. Тховсенна битахьа и болх.
А х ь м д у к ъ а. Стенна?
С о в д а т. Садайна вайна, йоI хитIа яха а еза. Дечиг а ду даккха дезаш.
А х ь м д у к ъ а. Со цIа валлац хIун деш Iийна шу?
С о в д а т. Цхьацца деш Iийна хьуна. Яло, йоI, хитIа гIо, сагIийна лулахошна и чIепалгаша хьош. Ткъа ахь, кIант, дечиг даккха.
Падам, Салахь арадолу.
А х ь м д у к ъ а. Хьан корта стенна лазабаьлла?
С о в д а т. Хаац. И ши бер дукха тIетеIон мегар дац оцу балхана…
А х ь м д у к ъ а. ХIан, хIинца дIайолаели хьуна. Со сайн дуьхьа лелаш ма вац, зуда. Иза хьуна а хаьа.
С о в д а т. Делахь а оцу берашна хало хуьлу-кх…
А х ь м д у к ъ а. ХIун хало? Дага ца догIу хьуна, вай кегий долуш… Наха дIакхийсинчу нехаш юккъехь цуьргаш лехьош лелла?..
С о в д а т (корта лоцуш).
ОхI-хI, ма дийцахьа.
А х ь м д у к ъ а. Ткъа вайшимма, вовшахкхеттачу шина шарахь хьегна къа дага ца догIу?.. Тхан шичин керта а хиъна…
С о в д а т. ДогIу дера, суна я поппар хьаха а ца хууш, я межарг бан а ца хууш. Ахьар хьакхийча, вошахлетарий ткъа… Туй тоьхча а.
А х ь м д у к ъ а. Цундела цаьрга и халонаш ца лелаяйта гIерташ ма воллу со… Адам а ву, катоьхна зуда а ялийна, охьахао везаш. Ши пIелг санна, шиъ бен вац. Хьалхе доьзалхо хилча, накъост хир вара царна…

С о в д а т. Хуьлда-кх церан уьш дуккха а, цхьалха висна, ша кху дуьненчохь лелачул, валар гIоли ю…
А х ь м д у к ъ а. Ша билгалъяьккхина йоI юй кхуьнан?
С о в д а т. Ю, цо кехаташ кхоьхьуьйтуш, Билалин йоI
Табарик ю.
А х ь м д у к ъ а. Нана дукха сеттина стаг ю-кх цуьнан, да а ву шен зудчуьн бага хьаьжжина.
С о в д а т. Мегар ю хьуна. Нехан юьртара, мила ю а, хIун ю а ца хуург ялийна лелачул.
А х ь м д у к ъ а. Шен юьртара тоьлу… ХIан, со араволу, Iаржъялале цхьа тIулг дIабиллар а ду гIуллакх.
С о в д а т. ТIулг беа ахь?
А х ь м д у к ъ а. Беа. Дика гIулакх до цу кIанта,
Илеса… Веза велахь а. ХIинца цемент а, гIум а цо еънехьара…
Араволу.

**IV сурт**

Цхьа бутт дIабаьлла. Гуьйренан тIаьххьара бутт. Болх бу беш.
А х ь м д у к ъ а. Схьакховдабе тIулг. Схьая раствор.
Ма латта, кIант.
С а л а х ь. Ва-а, Дела, цкъа а боьттина бер буй те хIара бух.
А х ь м д у к ъ а. ХIун ю цо юьйцург? Лелий вала.
С о в д а т. СадаьIча хIун дара теша?
А х ь м д у к ъ а. Собарде, хIара цхьа тIулгийн могIа чекхбалийта.
Оцухенахь, схьавогIий, зIара йисте дIахIуттуАдам, тIехь салтийн хорма а йолуш. Массо а шайн болх беш ву, иза ган а ца гуш.
А х ь м д у к ъ а. Схьая раствор, схьакховдабе тIулг, лелий ва…
Эццахь, Адам а гой, ша волччохь тасало. Массо а дIахьожу. Салахь, Падам, шайн карара гIирс охьа а тосий, тIехьодий, мара кхета.
А д а м. Падам, Салахь, шуьшиъ-м доккха хилла.
А х ь м д у к ъ а (йовхарш а тухуш).
Схьанехьа вала, кIант.
А д а м (верриг къажа а къежна).
Де дика дойла хьан, дада.
А х ь м д у к ъ а. Схьа сехьавала, кIант.
Адам тIеволало дений-нанний. Иза астагIа ву.
С о в д а т. Нана яла хьан, Адам. ХIун дина хьан когана?

А д а м. ХIумма а. Жимма лазийна.
С о в д а т (йоьлхуш).
Нана яла хьан. Даго хьоьхуркха суна…
А х ь м д у к ъ а. ДIаяла, зуда, кху кертахь тезет а ца хIоттош. КIант могаш а ву, маьрша а ву. Хийла кхул доьхнарш кхаьчна нахана тIе… ТIаккха, кIант, хIун лелий ахь?
А д а м. Лелла, схьавеа-кх…
А х ь м д у к ъ а. Ледара-м ца хили хьо?
А д а м. Ца хили.
А х ь м д у к ъ а. Иза дика ду.
А д а м. ХIара бух ма боккха болийна аш.
А х ь м д у к ъ а. ЦIийнан уггаре а коьртаниг бух ма бу. Бух онда хилча, цIенош дика хир ду. Хьажал хьо, хIокху агIор йиъ чоь, кху агIор йиъ – бархI чоь а йолуш, юккъехь учи а йолуш, гIишло хир ю…
А д а м. И сан ши Iаж…
А х ь м д у к ъ а. И шиъ дIабаккха дийзи, гIишлонна новкъа бара уьш… ЦIийна тIехьа бугIур ахь.
А д а м. Новкъа бара, хIаъ… Дика ду…
С о в д а т. СадаIийтахьа кIанте, тIаьхьа юьйцур ахь хIара гIишло.
А х ь м д у к ъ а. ХIан, вало, чоьхьадовлу вай.
С о в д а т (кех арахьаьдда йоьдучу Падаме).
Ахь хIун до, йоI?
П а д а м. Кхаъ баккха йоьду со.
Чубоьлху.

**V сурт**

Кхин масех бутт баьлла. Чохь Совдат а, Адам а.
С о в д а т. Доккха хIума ду-кх цу кIанта сан дуу са…
Мича вахна техьа, хIун леладо техьа? Хьажа ца хьаьжира хьо?
А д а м. Хьаьжира. Цхьанххьа а ца вахна, схьавогIур ву хьуна.
С о в д а т. И гина стаг вац теша? ШолгIа буьйса а ма ю…
А д а м. Стомара гина. Лакха юккъерчу Ахьъядан,
Бакъин шина кIантаца…
С о в д а т. Кхуьнан хIун гIуллакх ду цаьрца? Церан хенара ма вац хIара. Деш-дуьтуш доцуш, буьйлабелла лелачаьрца…

Оцухенахь, неI а йоьллий, чуволуСалахь. Къежа а къежаш, неIарехь лаьтта.
С о в д а т. Хьо мичахула лелаш ву, нана яларг?
Салахь, вист а ца хуьлуш, къежашлаьтта.
А д а м. Хьо мичахь вара? Мотт сецна хьан? Мичахь вара хьо?
С а л а х ь. Арахь.
А д а м. Мичахь?
С а л а х ь. Арахь. С кентами… Хаза-м бу вайн Даймохк. Буй?
Воьлу, гIад а оьхуш.
С о в д а т. ОстопируллахI, остопируллахI! Хьераваьлла шуна, хьераваьлла! Вай, нана яла хьан, хIара дара хьуна суна тIекхачаза диснарг.
А д а м. Суна хаьа хьуна, кхунна хIун хилла-м.
ТIе а воьдий, хIума туху. Кхин а, кхин а.
С о в д а т (юкъа а эккхаш).
ДIавала, хIун дан гIерта хьо? Вуьй ахь иза. ДIавала.
А д а м. Боьха хIума. Суна дукха гина хьуна хIара тайпа хIумнаш… (Юха а етташ).
КIомал оьзна, жIаьла…
С о в д а т. ДIавала, дIавала. ЭхI, сан корта…
Охьайоьду.
А д а м (цунна паднар тIе дIаяха гIо а деш).
Хьайн корта ма хьийзабехьа хIара боьха хIума бахьанехь. Иштта дIатовжахьа.
С о в д а т. ЭхI, эхI, кхин ма тохалахь цунна. Хьан дас а йиттина, хьо цIа валлац. Толуш хIума а дац, ша гал ца далахь. ЭхI…
А д а м. СадаIа ахь. ХIан, хIара молханаш ду хьуна.
Кхузза, сехьа чу а ялий, дIатовжахьа. Сан кхуьнца къамел ду.
С о в д а т. Адам, хьо дика а вуй, кхин ма тохалахь цунна.
Дехьа чу йолу.
Тийналла хIутту.
Соне а хебна, Iаш волуСалахь велха волало. ГIеххьа и воьлхуьйтуш а Iай, Адам вистхуьлу.
А д а м. Тоьар ду хьуна. Сацийта! Маца дуьйна волавелла хьо? ХIан?
С а л а х ь. Шо кхоччуш доллу.

А д а м. Айхьа лелориг хIун ду хаьий хьуна? Хьо саца ца сацахь, хьуна оцу хьаьжа юккъе топ ца тохахь, дан хIума а дац хьуна.
С а л а х ь (велха а волалуш).
Топ тохахьа суна, тохахьа!
А д а м. Сацийта! Зудабер! Стаг хила гIорта. Стаг.
Вайша шиъ бен ма вац. Вайшиннах стаг хилахьара бохуш, са бага а кхаьчна, хьийзаш ма ву вайн да а. Ткъа хьо…
С а л а х ь. Адам, Адам… Иштта чIогIа дов ма дехьа… Хьалха мел дика дара, Адам. ДагадогIий хьуна?
Вай кегий долуш. Дадас вайна жижиг доькъуш хилла, Падам тIехьа а ерзийна. «ХIара хьенан ду?» – олуш…
ДагадогIий хьуна, Адам?
А д а м. ДагадогIу… ДаьIахк тIе пIелг а хьажийна, хаьттича, Падама хьан цIе а яьккхина, хьо вилхина а.
С а л а х ь
(БIаьрхишна юккъехула вела а къежаш).
ХIаъ, хIаъ… Со велха а воьлхуш. Мел хаза дара хIетахь.
ХIинца хIунда дац?.. Вайша гуттар цхьаьна вуьжура…Ахь суна туьйранаш дуьйцура…
Воьлху.
А д а м. Велхарх, хIумма а толур дац… И хьан марздина хьуна?
С а л а х ь. Цхьана дийнахь… эвлайистехь Iара со…
Дадас етта а йиттина, лечкъина кино вахна аьлла… воьлхуш. ХIетахь цо элира… массо хIума диццдеш, самукъа дер ду хьан… оза…
А д а м. Самукъаделирий хьан?
С а л а х ь. Корта хьийзира, Iетта а вира… ТIаьхьа дIавуьлийра…
А д а м. Ткъа хIинца хIун дан дагахь ву хьо?
Тийналла.
С а л а х ь. Юьтур ю ас.
А д а м. Йита, кхийтирий хьо? Тахана дуьйна, ахь кхин и озахь, мегар дац хьуна. Хьайн ден сий, хьайн ворхIе ден сий дайа ма гIерта. ХIун ду дас йиттича? Хьо ца везаш ца йиттина хьуна. Хьо кхаба гIерташ, хьо нахах тарван гIерташ лелаш ма ву иза… Кхийтирий хьо? Хьуна хала хир ду хьуна и йита. ХIумма а дац. Атта суна а дацара хьуна, накъостий буха а бовлийтина, тIом беш а сецна, настарх чов а хилла, текхаш, малхо еттинчу арахула, хьогаллина бага вовшах а летта,

текхаш вогӀуш. ХӀетте а со цӀа веъна… Гой хьуна? Цу арахь а ца вуьсуш… Хьо а цӀа вола, мел хала делахь а. Вай цӀахь ма оьшу, вайн дайшна, наношна, юьртана а…Кхийтирий хьо? Кхийтирий хьо?
С а л а х ь. ХӀаъ, кхетта, кхетта.
Воьлху.
А д а м. Цу арахула со, текхаш, схьавогӀуш, кхетамчуьра мосазза волу… суна дуьхьал хӀуьттура и ахь дийцинарг. Вай кегий долуш, дадас вайна жижиг декъар…Сан мел чӀогӀа сагатделлера шу ган. ХӀара вайн цӀа а гора суна кест-кеста гӀенах. Заза даьккхинчу беша юккъехь жима цӀа.
С а л а х ь. ХӀинца хир дац иза… Вай тӀулгех цӀа деш ду. Беш а ах дӀаяьккхина.
А д а м. ХӀумма а дац. Беш керланиг югӀур ю. Вайшиннах стаг хилчхьана, массо хӀума а хир ду. Кхийтирий хьо?
С а л а х ь. Кхетта. Кхетта.

**VI сурт**

Чохь Совдаттий, Ахьмдукъий.
С о в д а т. ОхӀ, охӀ, сан корта! Эккхаш боллу хьуна, эккхаш. ХӀун леладо теша оцу кӀанта, хӀун? Ши буьйса дӀаяьлла-кх, ши буьйса.
А х ь м д у к ъ а. КӀант… КӀант хуьлу цунах? Суна ца хаьа, и иштта стенна ву. ХӀун оьшу? Даа а ду, мала а ду.
ТӀедуха а ду… Къонахчун хӀума дац цуьнан цхьа а.
С о в д а т. Нана яла цуьнан, нана… Жима ма ву иза, кхетар ву хьуна, кхетар ву, воккха хилчхьана.
А х ь м д у к ъ а. Кхетар вац, зуда, кхетар вац. Цхьа юьхьӀаьржо тӀеян воллу. Дала ца бича, хуьлуш ца хиллера аьтто а. Дера ца хиллера.
ЧуволуАдам. Иза, вист а ца хуьлуш, лаьтта.
С о в д а т. Адам, хьо вист а ма ца хуьлу? Карийн хьуна, нана яларг?
А д а м. Карий.
С о в д а т. Ткъа цӀа стенна ца валийна ахь? ХӀан? ХӀун хилла цунна? ХӀун хилла?
А д а м. ХӀумма а ца хилла… Милицехь ву.
С о в д а т. Милицехь… ХӀун дина цо, нана яларо?..
Летта хир ву.
А д а м. Ца летта. ГӀалахь цхьана нехан квартири чу ваьлла хилла.
С о в д а т (йоьлхуш).

Вай, нана яла хьан! ХIун ца тоьаш вахна хьо? ХIун ца тоьаш?
А х ь м д у к ъ а. ГIовгIа ма е, зуда… Ша цхьаъ хилла иза?
А д а м. ХIан-хIа. Шен ши доттагIа а хилла. Ахьъядан, Бакъин шина кIантаца.
С о в д а т. ХIаъ, цу шимма талхий и кIант. Нана яла хьан, хIинца хIун лелон воллу хIара?
А х ь м д у к ъ а. Къамел деш гин хьуна иза?
А д а м. Гира. Шена хIумма а дага ца догIу боху. КIомал оьзначух тера ду…
А х ь м д у к ъ а. Делахь, гуттар а таделла хьуна вайн гIуллакх.
НеI етта.
Хьажа, аравалий.
Адам араволу. Ахьмдукъа корах арахьожу.
А х ь м д у к ъ а. ХIокхо хIун леладо? ХIара вара хьуна кхузахь оьшург.
С о в д а т. Мила ву иза, стаг?
А х ь м д у к ъ а. Мовла ву-кх. Юьртда. Шеца цхьа зуда а йолуш. И кIант лаьцна аьлла хезна вогIу хьуна.
М о в л а. Дика мел дерш кху чу!
А х ь м д у к ъ а. Диканца дукха вехийла! Шу лаа лелий?
М о в л а. Жимма гIуллакх хилла.
А х ь м д у к ъ а. Охьаховша, охьаховша. ХIара ма ца евза суна, Мовла…
М о в л а. ХIара гIалара еъна корреспондент ю.
К о р р е с п о н д е н т. Тамбиева Падам шун йоI юй?
А х ь м д у к ъ а. Ю. ХIунда бохура ахь?
К о р р е с п о н д е н т. Иза а оьшур ю вайна, къамел деш.
А х ь м д у к ъ а. И стенна оьшу?
К о р р е с п о н д е н т. ТIаьхьа хуур ду шуна, схьакхайкха аш.
М о в л а. Схьаялае, схьаялае.
С о в д а т. Эцца арахь хир ю хьуна иза, кIант.
Адам, ара волий, Падам а ялош, чувогIу.
К о р р е с п о н д е н т. ХIара кехат ахь яздиний?
П а д а м (иоьхна).
Яздина.
С о в д а т. Ва-а, Дела! Хьо юьхьIаьржо!
А х ь м д у к ъ а. Ма е, зуда, гIовгIа!

К о р р е с п о н д е н т. Кху кехат тӀехь шун йоӀа
Падама яздо, ша аш ишколе а ца йохуьйту, дискотеке а ца йохуьйту бохуш. Етта а етта бохуш… Бакъдуй иза?
С о в д а т. Хьан дижа хьайн дакъа! ЮьхьӀаьржа хӀоттий-кха цо со.
К о р р е с п о н д е н т. Бакъдуй иза?
П а д а м. Бакъду хьуна! ХӀорш со Ӏаьржачу Ӏадатийн боданехь латто лууш бу. Ткъа суна серло еза, нехачарна санна. Цкъа дискотекехь хелха яьлла аьлла, суна йиттира хьуна.
С о в д а т. Хелха яла оьзда. Мар-мара бахна деш дерг ду хелхар?..
Зудабер эвхье ма ду… Хьо юьхьӀаьржо, юьхьӀаьржо.
К о р р е с п о н д е н т. Э-э-э, хӀусамнана, иштта мегар дац, иштта…
Хьо кху заманан гӀиллакхашна дуьхьалъяла гӀерташ ю.
П а д а м. Ю хьуна, ю хьуна, кху заманна дуьхьал.
Делахь а со-м Ӏийр яц кху боданехь. ТӀам тоха, зуда-ламанхо!.. Суна а лаьа тӀам тоха. Ширчу Ӏадаташца къийса!
Уьш, аьтта, дӀадаха!
А х ь м д у к ъ а (хьала а эккхаш).
Адам-йилбаз, ас дуьйр ду хьо!
П а д а м (хьешана тӀехьа а лечкъаш).
Хьажал хьо, хьажал… Иштта сох лета хьуна иза.
А х ь м д у к ъ а. Адам-йилбаз! Везандела, хӀара хӀун ду техьа? Дуьне духуш ду техьа вайна? Хьан хьайн доьзалхочух адам-йилбаз хилча, доьхна дац хӀара?
К о р р е с п о н д е н т. Э-э, хӀусамда, хьо нийса вац.
Падамах цӀеяххана артистка хир ю. Вайн махкана а, юкъараллина а пайдехь а йолуш. Эсамбаев Махьмуд санна…
Кхуо шен кехат тӀе яздо, шена арстистка хила лаьа бохуш. Ас кхуза ян новкъа ялале дийцина Падаман гӀуллакх культурно-серлонан училищен директорца. ХӀинца оха хӀара дӀаюьгур ю.
А х ь м д у к ъ а. И хӀун къамел ду?! Хьайниг йига ахь, хьайна луъучу.
К о р р е с п о н д е н т. Сайниг а юьгур ю, йига езахь.
ХӀара а юьгур ю.
А х ь м д у к ъ а. Сан доьзалхо соьгара ваккха гӀерта шу?!
М о в л а. Ахьмдукъа. ГӀовгӀа ма ехьа! Хьан йоӀ деша юьгуш ю, деша! Хьо дуьхьалвалахь а, Ӏедало, хама а ца беш, юьгур а ю. Эшахь, хьо а вуьгур ву, со а вуьгур ву, массо а вуьгур ву. Кхийтирий хьо?

А х ь м д у к ъ а. Со кхето ма гIертахьа, Мовла, сан доьзална юкъа а ма гIертахьа… нна болчара иштта хьаштдоцург а дуьйций, махкана а, халкъана а зулам до… Вай цIера а дахийтира…
А х ь м д у к ъ а. И зулам со санначара шайн доьзалийн дола дарх хуьлуш дац хьуна, Мовла. Иза хьо тайпачара а, хьол лакхарчара а дан ма деззара шайн куьйгалла цадар ду хьуна.
К о р р е с п о н д е н т. Накъостий, шун йоI цхьанххьа а харцахьа юьгуш яц, деша юьгуш ю. Яло, вовшахтоха хьайн хIумнаш.
А х ь м д у к ъ а (сонехь лаьтта топ схьа а оьцуш).
Яхийта кху чуьра. Ас топ еттар ю шуна! Адам-йилбазаш!
М о в л а. Ахь хIун до? Вухаверза!
А х ь м д у к ъ а. Яхийта, боьха хIумнаш!
Корреспонденттий, Мовлий араэккха. Царна тIаьхьа арахьодуАхьмдукъа а. Адама етта Падамна. Иза тIаьххьара а, карара а йолий, йоду.

**VII сурт**

ЧохьСовдаттий, Ахьмдукъий.
С о в д а т. Хьо тIаьххьарчу хенахь чIогIа вочаваьлла.
Оцу балха тIехь чIогIа ницкъ бо ахь.
А х ь м д у к ъ а. Ца бо хьуна ас иза, оцу балхаца кхин бала а болуш-м. Сагатлуш дIаволлу-кх. Балхо вицво, хIотталц бича.
С о в д а т. Стенна сагатдо оццул? Нахана тIекхачаза дерг ца кхаьчна вайна тIе а. КIант чувоьллина ву, йоI доьшуш… Цул доьхнарш масане ду уьш?
А х ь м д у к ъ а. Уьш дерриш а вайна тIекхача аьлла а ма дац.
С о в д а т. Уггаре доьхнарг хIокху воккхачо лелориг ду. Маларх веттaлуш…Билалин йоI а яха, кхуьнца дийцина дош доллушехьа…
А х ь м д у к ъ а. Шен даватIа цуьнан, цунна тIехь кхачалуш-м бац и зударий?..
С о в д а т. ЧIогIа ма дийца. Дехьачохь вижна ву иза.
А х ь м д у к ъ а (аз а лахдеш).
ХIан-хIа. Адам иштта ледара вац. Ас къамел дийр ду цуьнца. Иза кхетар ву сох.
Тахханехь дийр ду ас цуьнца къамел.
Араволу. Жимма тийналла лаьтта. ТIаккха дехьачуьра схьавогIуАдам. Корта а оллийна, аравала дIаволало.

С о в д а т. КIант!
А д а м. ХIун боху ахь?
С о в д а т. Схьавола. Охьахаал сунна улло.
Адам, воьдий, охьахуу.
Айхьа лелориг дош хетий хьуна?
А д а м. Ца хета.
С о в д а т. Оцу хьайн дех къахетахьа, ерриге а дегайовхо хьоьца ма ю цуьнан. И гIам маре дахар сел халахета оьший ткъа?
А д а м. Иза-м, халахеттехь а, дицделлера суна тоххарехь, нана.
С о в д а т. Дицделлехь, селхана мича вахнера хьо?
Ткъа стомара, урс а даьккхина, цхьанна чугIерташ ву ма бохура хьо, кхаанга а ца сецалуш?..
А д а м. Цо суна тIехтохам бира, нана.
С о в д а т. ХIун тIехтохам? Хьенан, хIун дара вайна ала?
А д а м. Сан йиша тIехтуьйхира-кх. Хьуо иштта къонах велахь, гIалахула яьлла лела хьайн йиша сацае аьлла.
Селхана, и сацон дагахь, гIала вахнера со. Цигахь и суна кара а ца йи… Мича яхна хууш стаг а вац.
С о в д а т (кхераелла).
И хIун ду? Мича яхна иза?
А д а м. Хаац. Цхьамма Москох гина боху, вукхо – Одессехь, кхозлагIчо – Ленинградехь.
Тийналла.
С о в д а т. Яьлла лелаш…
А д а м. ХIаъ, нахана тIехула яьлла лелаш…
С о в д а т. Ва-а, Дела, Хьо орцах валалахь! Ва-а, сан корта, сан корта! ДIахаьрца.
А д а м. Нана, нана, ахь хIун до? ХIан, хи малахьа…
Нана кхетамехь яц. Дерригенах а кхетий, Адаме мохь болу.
Ас йий-кх хьо, нана, ас йий-кх хьо…
Велха а воьлхуш, арахьоду.

**VIII сурт**

Цхьа шо гергга зама дIаяьлла. Ахьмдукъин кетIа а хIоьттина, мохь бетташ лаьтта Сапарбек.
С а п а р б е к. Ахьмдукъа, во-о Ахьмдукъа!
А х ь м д у к ъ а (ара а волуш).

ХIун боху ахь?
С а п а р б е к. Де дика дойла хьан!
А х ь м д у к ъ а. Далла везийла! Хьо ву иза, Сапарбек!
Оцу бIаьргана хIун дина хьуна?
С а п а р б е к. ХIара лазийна-м ши шо а ду. Тюменски ресторанехь дов даьлча, урс кхетта… Чам боцуш белахь а, баьлла бац хьуна хIара. 30 процентана са гуш бу хьуна.
А х ь м д у к ъ а. ОстопируллахI, схьа чоьхьавала…
С а п а р б е к. Чуверъна ца Iа со, Ахьмдукъа. Хьоьга дIало аьлла, Адама делла хIара цхьа ахча…
А х ь м д у к ъ а. Мичахь ву иза?
С а п а р б е к. ХIинца мичахь ву-м ца хаьа суна. И суна бутт хьалха Барнаулехь вокзалехь гира. Хьоьга дIало аьлла, хIара ши бIе туьма даийтира цо. Дагардел.
А х ь м д у к ъ а (ахча дIа а оьцуш).
ЦIа маца вогIур ву бохура кхуо?
С а п а р б е к. IаьнтIехь я бIаьста вогIур ву бохура.
Дагарде ахь.
А х ь м д у к ъ а. Дагардан ца оьшура хIара-м. Хьо гуттаренна а веъний цIа?
С а п а р б е к. ХIан-хIа, кхин жимма аре талла еза.
Делахь Iодика йойла.
А х ь м д у к ъ а. Сапарбек, ша билггал цIа маца вогIур ву ца элир-кха цо?
С а п а р б е к. ХIан-хIа, IаьнтIехь я бIаьста ван мега элира.
ДIавоьду.
А х ь м д у к ъ а. Ван мега, ван мега… Маржа, Адам яI! Хьо ма яра сан ерриге дегайовхо. Со кхузахь охьа а кхоьссина, лела воллу те хьо? Ас хIун до кху ахчанах, ас хIун до?
Оццухенахь машен соцу керта уллохь.
Ш о ф е р (охьа а вуссуш).
Де дика дойла, Ахьмдукъа!
А х ь м д у к ъ а. Далла везийла!
Ш о ф е р. Муха Iа? Могаш дуй?
А х ь м д у к ъ а. Могаш Iа.

Ш о ф е р. Со ца вевза хьуна? Со хьуна цемент, гIум, тIулг кхехьнарг ма ву.
А х ь м д у к ъ а. Хьо ву и, Илес?
Ш о ф е р. Ахча кIеззиг дац хьоьгахь. Хьоьгахь и дуйла а хууш, хьуна цемент яхьаш веъна-кх со.
А х ь м д у к ъ а. Цемент ца оьцу ас.
Ш о ф е р. Муха ца оьцу? ЦIенош чекхдаха дезаш вац хьо?
А х ь м д у к ъ а. Ца оьшу суна.
Ш о ф е р. Ца оьшу? Ахь хIун дуьйцу?.. Хьалха-м, со гучуваларх а ца тешаш, дIаса ма хьаьвзара хьо.
А х ь м д у к ъ а. Ца оьшу суна… ЦIенош деш цемент, гIум, тIулг оьшуш а ца хиллера.
Ш о ф е р. И ду хаза! Ткъа хIун оьшу уьш деш?
А х ь м д у к ъ а. Ца хаьа суна-м.
Ш о ф е р. Ахь схьадиийцарехь, хабарх деш ду-кх цIенош. Делахь дIаIе. ХIара цемент дIаэца нах-м дукха бу хьуна хIокху юьртахь, багош а гIаттийна Iаш… Дера бу!
Машен хохкий, дIавоьду. Ахьмдукъа, учи хьалха а хуий, лаьтта бIаьра а вогIалой, Iа. ТIаккха ша шеца къамеле волу.
А х ь м д у к ъ а. Хьалха, шаьш керла гIала я бIов йоттале, кураш ка а боьй, я сту а боьй, сагIа доккхуш хилла. ТIаккха чIогIа, тIулг болу латта лохий, цу тIе шура юттуш хилла. Шура дIа ца худуш йисахь, дIаболош хилла болх. Бух чIогIа хилийта, лохушхилла и тайпа меттиг. Цхьа шо дуьхьал кхочуш, йоьттина йолуш хилла бIов. Шо кхочучу дийнахь бIаьвна буьххье буьллуш хилла кхера. Оцу дийнахь, сту а буьйш, сагIанаш дохуш хилла. И бIов хьешана комаьрша кхерч хилла, дорцах, йочанах и ларвеш, мостагIчунна – буьрса дуьхьало а хилла… Шо дIадели-кх ас хIара цIа долийна а. Бух боьттина а ца вели, цхьа жинийн базар хилла, дIадели-кх дерриг а.
Ванах, хIара хIун дара? Хьалха иштта ма дацара. Хьалха атта а, оьзда а дара. Да вара доьзалехь, паччахь санна, цунна луъ-луург дора массара а, хаза а хеташ. И чохь волуш охьа а ца ховшура, хIума а ца юура. Иштта лорура нана а.
Тхов тIе чIогIа ког баькkхина а, дай, наний огIаздахийтинарг жоьжахатин цIаро вагор ву олура баккхийчара. Везандела, суна ца лаьа

хьуна ахь царна и Iазап лойла. Иштта а шайн синна декъаза хIумнашю хьуна уьш, къинхетам белахь царах.
Хьалха адамаш цхьанххьа а, акхадевлла, дIа ца гIертара. Сий, оьздангалла, яхь бара церан бахам. Воккха ма хилли, керла цIа а дой, оцу Органан тIулгах бух а буттуш, массара а бертахь зуда а ялайой, охьахаавора кIант.
ТIаккха цо шен доьзал кхиабора, ялта а, даьхний а лелош, доцчуьнга са а ца туьйсуш. ЙоI а шен хеннахь нехан цIентIе йоьдура, шена а, шен тайпанна а олучу дашах, цIарах санна, ларлуш. Иштта гонаш туьйсуш дIадоьдура дахар. Цхьа а цхьанххьа а кхача гIерташ, шен а, уллорчеран а са дууш, саьхьарваьлла хьийзаш а вацара, хIинца хIара нах санна. Сийлахьчу Далла хастам а беш, доггах, ларамца цхьацца тIулг буьллуш, хIорамма а юттура шен-шен гIала.
Ткъа хIинца стагга а вац гIаланаш юттуш, цхьа шайтIанийн хIуоно хьовзийна лелош ву массо а. Шайна хIун оьшу а ца хууш, цхьанхьа дIауьдуш, долчух, Дала деллачух тоам ца беш…
ТIаьхь-тIаьхьа гIеллуш, гIеллой, дIатуьй Ахьмдукъин шабарш. МаьркIажан бода булу. Эххар а Ахьмдукъа дIауьй оцу боданах. Хеза илли:
КIайн заза даьккхинчу
Бешара кIайн цIа,
Хьо дIадай малх кхетча
Дешначу лайца.
ХIун къинош дара те
Хьирчинарш хьох,
Хьан кертахь сел хьовззал
И йилбазмох?
И марзо, и ирс а –
Цкъа хьан чохь хилларш,
Ца карош цхьанххьа а,
Со лийли тилла…
Хьан къина велхар ду
Дисинарг сан.
КIайн заза даьккхинчу
Бешара цIа.

К и р х ь а.

# БIОВ ЙОТТАР

**БIов йоттар**[13]

Драма
Дакъалоцурш:
I е л а м с о л т а
А д а м
Б а х ь а р ч а
Х ь а в р а ъ
Б I о в т I а
Ж и м а к I а н т
Юкъаволу Iеламсолта.
I е л а м с о л т а.
Кху лаьмнашкахь адамаш даьхна хийла,
Ялта кхиош декъчу тIулгаш тIехь,
БIаьвнаш юттуш цара кхузахь хилла,
Оьздангаллех, дикчу гIуллакхех.
БIаьвнаш юттуш хилла цара,
Уггар боккха бархI кхера буьллий бухахь,
Царах хIора а кхера йозаллица
БархI стараца нийсса хилла,
Уьш лекхачу лаьмнашкара дохьуш хилла,
Шийлачу шашна бухара.
ХIора тIулг бохьуш хилла, шийтта сту бужий,
Дукха ницкъ хиларна, стерчийн бергаш а кегъеш…
ХIора тIулг огуш, шарбеш, нисбеш,
Болх беш хилла виъ-виъ тIоговзанча,
Нийсса шийтта дийнахь огуш хилла цара тIулгаш…
ТIулгаш аьгна девлча, кIайн кхакха болу
Кураш ка буьйш хилла,
Цуьнан цIийца бIаьвнан биъ са чIагIбеш…
Иштта юттуш хилла бIаьвнаш кхузахь.
ДIавоьду. Гучуволу Адам.
А д а м.
Хан-зама дIайоьду, къаналла тIетеIа,

Герга ю Іожалла, герга ду эхарт.
Я АллахІ, ас кІезиг Іамалаш йина,
Кхин цхьаъ а дика гІуллакх дан аьтту белахь…
Ас кхузахь, сайн кертахь юттур ю лекха бІов,
Адмашна юкъара, ткъа сайна мелана.
БІов йотта волало. Гучуволу Бахьарча.
Б а х ь а р ч а.
Ассалам Іалайкум, сан дадин вешин кІант,
Ма доккха хІума ду ахь кегийна хІара чалх,
Хьо хІун дан гІерта техь, дийцахьа цхьанделхьа,
Аьхкенан чилланан довхачу кху дийнахь.
А д а м.
Іалайкум ва салам, сан дадин вешин кІант,
БІов йотта воллу со, массарна юкъара.
Сайл тІаьхьа дика лар со йита воллу,
Схьа юххе хІоттахьа, сан дадин вешин кІант.
Б а х ь а р ч а
Дакъаза ма вала, сан дадин вешин кІант,
Юкъара бІов йоттал дукха дац вайн латта.
А д а м.
Сайн лаьттахь хІуъа дан йиш йолуш ву-кха со.
Б а х ь а р ч а.
Тахана хьан хиларх хІара латта,
Кхана сан кхаа кІентан хир ду.
Хьуна кІант, боьрша бер Дала ца дели…
А д а м.
Делахь сан валаре сатуьйсуш ду-кх шу.
Б а х ь а р ч а.
Дац… Амма хІора вайх дІаверза-м веза.
А д а м.
Везахь, ас весет яздийр ду хьуна,
ХІара латта юьртана совгІатна дуьтуш.
Б а х ь а р ч а.
Ахь хІуъа весет дарх, сан кхаа кІанта
Чухарцор йолу и гІишло ахь ма йотта.
Сан кІентий ларош бу, Германехь бехаш бу,

Ткъа кхузахь садаIа меттиг ян дагахь бу.
А д а м (ша шега).
Цхьана агIор, бакълуьйш ву хьо, дадин вешин кIант,
ХIара бIов юкъарчу латтa тIехь товш ю.
(Бахьарче).
И иштта делахь, ас эрна болх бийр бац,
Вай юьртан юкъарчу латтахь и юттур ю.
Б а х ь а р ч а
Дакъаза ма вала, ва дадин вешин кIант,
Цу тIехь со хьан накъост ву хьуна тешаме.
Ший а кхечу меттехь бIов йотта волало. Гучуйолу Хьавраъ.
Х ь а в р а ъ.
Аш хIун до, аш хIун до, дакъаза ма довларш?
ХIун гIишло юттуш ду, хIар сан етт бежачохь?
Ас хIинца сайн ЧIама бажор бу стиглахь?
А д а м.
Цкъа хьалха, хьан Iуьйре дика а хуьлда!
ХIар масех ког меттиг ю оха дIалаьцнарг,
Кхечухьа бажор ахь хьайн ЧIама, хьайн етт.
Х ь а в р а ъ.
Ахь ши-кхоъ, ткъа кхечо – кхо ког, ткъа кхечо – итт ког,
Иштта дIаер ю-кха юкъара меттиг…
ХIар гIишло шайн латтахь е аша, тарлахь.
Б а х ь а р ч а.
Дакъаза ма яла, ваша воцу йиша,
Кху юьртан меттигах дакъа ду тхан а…
Цул сов, хIар гIишло вайн юкъара хир ю,
ХIар лекха бIов хир ю – юьртана гIарол.
Х ь а в р а ъ.
Ахь бохург бакъделахь, со а ю реза…
Амма аш нийса ца йолийна хIара,
Аш шура йоьттирий бIов ечу меттехь?
А д а м.
ХIан-хIа, ца йоьттира.
Х ь а в р а ъ.

Хьовсал шу, вайн дайша бIов йотта йолош,
Цуьнан бух хир болчохь шура юттуш хилла,
КIай-къорза бос болчу, диршачу аьттан шура…
Б а х ь а р ч а
Хьайн етт бу-кх ахь буьйцург?!.
Х ь а в р а ъ.
И дага ма далахь… Цунах дац ас дуьйцург…
Соь иштта дийцина сан дедас, денанас.
А д а м.
Дийцинехь, схьаяхьа, тхан йиша, шура,
Кхин цкъа а ца йохийча ер яц-кха бIов.
БIов йохайо, керлачу меттехь юха йотта йолайо, шура а юттий. ВогIий схьакхочуБIовтIа.
Б I о в т I а.
ХIар хIун ду? ХIар хIун ду? ХIай Хьонкин некъий?
ХIара хIун чалх ю аш текхориг, дийцал?
Б а х ь а р ч а
Хьуна гург ду-кх хIара, ва БIотIин некъий,
Салам я Iалам а доцуш, хьо ма лела,
Кхин хилла хIума-м дац?
Б I о в т I а.
Кхин хIун дан воллу хьо? ХIар хIун ду аш лелорг?!.
А д а м.
БIов юттуш ду-кх тхо, ерриге юьртана юкъара бIов…
Б I о в т I а.
И хIун ду, хIун ду, хаьттиний-аьллий а доцуш?
А д а м.
Ткъа хьаьнга хоттуш ду дика гIуллакх долош…
Хьо санна, кху юьртахь дехаш ду тхо а…
Б I о в т I а.
Дехаш-м ду кху юьртахь, амма хIар йиллинарш
Бицбина аша… ДIаяккха и гIишло…
Б а х ь а р ч а
ХIара юрт йиллинчарах бу-кх тхан дай а.
Б I о в т I а.
Бац! Бац! ХIай! ХIара юрт тхан некъеша,

БIешерийн и хьаннаш дагарца хедош,
И дечиг, чалхаш еш, дIадуттуш хийла,
(Цунах ю кху юьртан цIе, Чалхи-тIе бохуш)
Йисинчу цу юьхкех цIераш а туьйсуш,
Хьалха муш ва бустуш, тIехьа ор ва доккхуш,
Юьстина, ерина, урам-некъ нисбина йиллина ю…
Б а х ь а р ч а
Тхо мичахь дара ткъа?
Б I о в т I а.
Шу хIетахь хилла дац…
Шу тIаьхьа, цхьаъ уьшал чохь карош,
Важа хьуьнхахь хари чохь карош,
КхозлагIниг дIо суьйлийн махкара вогIуш,
Схьа вовшаххкхетта-кх.
Цундела соьга ца хоттуш,
БIотIин некъерчу БIагашан БаIин БIовтIе ца хоттуш,
БIов стенна юьйцу, котаман бун ян бакъо яц шун…
Б а х ь а р ч а
И нохчийн кIайн хабар кIордийна суна.
Б I о в т I а.
Хабар дац, бакъдерг ду, сан дедас БIагаша,
ХIора а Iуьйранна шун дедайн керташка хIуьттуш,
ДIаолуш хилла: «Хьенех, виц ма лолахь,
Хьо лай ву хьуна, ткъа мехкан да со ву», – олуш.
Ткъа оха диц дина и нийса гIиллакх,
И бахьнехь шу эвхьаздевлла…
ТIе топ лоцу.
Йохае и гIишло, аса топ еттале…
Б а х ь а р ч а
ДIабаккха и тоьпан хьокха…
Топ дIаса а ийзош, тийсало.
А д а м.
ДIасавала, дIасавала, охьадилла герз!…
Амма, важа шиъ, «дIахеца», «ахь дIахеца», бохуш, тийсало.
Х ь а в р а ъ.
Ва-а, орца дала! Ва-а, орца дала!

Шушинна юккъе ас сайн йовлакх тосу.
Коьртара схьа а доккхий, йовлакх тосу…Амма и йовлакх тергал а ца деш, цу тIе когаш а бетташ, вовшех тийсало.
ЦIеххьана топ йолу, иза БIовтIина пхьаьрсах кхета.
Б I о в т I а.
Дакъаза ма вала, Къахьармин Бахьарча,
Мангало хадабо куьйса эрз ва санна…
Герз тоьхна, вожий ахь, лен чов еш со…
Б а х ь а р ч а
Дакъаза ма вала, БаIин воI БIовтIа,
Хьо лийр вац хьуна, тхо массо велча а,
Эхартахь хьо оьшуш стаг волчух тера дац,
Хьан пхьаьрсах хилла чов вай хIинцца йоьхкур ю…
Чов ехка волало. Iеламсолта гучуволу. Цуьнца жима кIант а ву.
I е л а м с о л т а.
Ассалам Iалайкум, сан мерза юьртахой!
ХIун гIовгIа ю аша яьккхинарг, цхьанделхьа?
А д а м.
Дакъаза ма вала, ва Iеламсолта,
Са дегIах къастале, цхьа дика болх бер-кха ас
Аьлла, со ваьллера ара, бIов йотта дагахь…
ТIаккха тIекхечира хIара шиъ…
Къахьоьгуш тхо дохкуш, девнаца веана,
И БIовтIа хIоьттира кхерамаш тийса…
Шен карах герз кхетта, чов хилла цунна.
I е л а м с о л т а.
Дакъаза ма вала, сан дика юьртахо…
ХIун бIов ю аш йотта йолийнарг, дийцахьа…
А д а м.
Вайн къоман оьздангаллин, маршонан бIов…
Вайн къоман гIиллакхан, беркатан бIов…
Вайн къоман нийсонан, барт баран бIов…
I е л а м с о л т а.
Дакъаза ма довла, сан дика юьртахой!
И тайпа бIов иштта юттуш ма ца хуьлу…
Х ь а в р а ъ.Ткъа муха ютту и?

І е л а м с о л т а.
Дуьйцур ду, цкъа хьалха
Шаьш хьалайоьттинарг йохае…
Х ь а в р а ъ (ша шега).
Вай маца Іемар ду динарг ца дохо?
БІов йохайо.
І е л а м с о л т а.
Ткъа хІинца оьшуш бу цу бІаьвнан бустам…
Б а х ь а р ч а.
И цхьа а бустамаш доцуш,
Вайн дайша йоьттина бІаьвнаш…
І е л а м с о л т а.
Бакъ дац и… Цхьа бустам боцуш бІов юттур яц…
Стагана ша араволуш, хаа ма деза ша мича воьду…
Схьагайта вайн бІаьвнан бустам.
КІанта схьадаржадо кІадина тІехь диллина сурт.
ХІара бустам сан дедас кховдийна соьга…
Пхи бІе шо ду хІара хІоттийна.
Хьовсал шу, вайн бІаьвнан дерриг ду лерина,
ДІо буьххьехь лаьтта уггаре беза тІулг,
ГІишло дІаерзош говзачу пхьеро и буьллу,
Цу тІулган цІе а ю – цІурко.
Цунна бухахь Іуьллучу экъанах – черха олу.
Цул лахахь долу гІат – теман цІа олуш ду,
Цу бІаьвнахь бехачийн тем ларбан,
Хехой бу цу чохь Іен безарш.
Цул лахара кхо чоь – уьш сов цІенош, хьешашна леринарш.
Цул лахахь – коьрта цІа, адамаш деха цІа,
Кху чохь бу кхерч, цІийнан яй тІехь кхозу зІе,
Ткъа юккъехь орцан дукъ латто
ХІоттийна бу ерда-бІогІам
…
Цул лахахь – даьхнийн чоь, кхай олу цунах.
Цул лахахь – бІаьвнан бух аьхкина йина ю ларма,
Цу лармахь Іалашдо ялта а, хи а…
А д а м.

Ма доккха хIума ду, ва Iеламсолта,
Хьан Iилма, хьан хааарш массо а тайпа…
Б а х ь а р ч а.
Бакъ луьйш ву, бустамца йина бIов тоьлур ю.
I е л а м с о л т а.
Ткъа хIинца вайн бIов дIайолош,
Массаьрга вай кхайкха деза,
Массаьрга хаийта деза.
Цхьана стагах бIо ца кхоллабелла,
Цхьана тIулгах бIов ца йоттаелла –
Бохуш ду вайн нохчийн кица. Цундела,
Схьакхайкха нахе! Схьакхайкха! Массаьрга ала!
А д а м.
ХIорш схьагулбелла, кхузахь бу берриш а.
I е л а м с о л т а.
Дика ду. ХIара бIов йоттар дIадоладале.
Уггаре хьалха Делан цIе йоккхур вай:
«БисмиллахIиррохьманиррохьийм!»
ТIаккха Къуръанан цхьа сурат доьшур вай.
Къулхьа доьшу.
ХIинца хIорамма а цхьацца кхера а буьллуш,
ДIаболор вай болх. Бух чIогIа хила беза,
Бухе хьаьжжина хир ю вайн бIов а.
Уггар хьалха муьлха тIулг буьллу вай?
А д а м.
Нийсонан тIулг… Иза коьрта хета суна.
Нийсонан тIулг буьллу.
С а л а м.
Нийсо йолчохь, Барт хир бу.
Ас Бартан тIулг буьллу.
Х ь а в р а ъ.
Оьздангаллин тIулг ца хилча, лаьттар яц бIов.
Ас Оьздангаллин кхера буьллу.
Ж и м а к I а н т.
Маршонан тIулг буьллу аса.
Б а х ь а р ч а.

Беркат… Нийсо, Барт, Оьздангалла
Йолчохь Беркат хир ду.
Ас Беркатан тIулг буьллу…
I е л а м с о л т а.
И дерриге а чулоцу цхьана дашо – Ийман.
Ийман хила деза муьлххачу гIишлонан лард.
Дала ийманехь нисдойла вай!
Иймананан тIулг буьллу.
ХIинца чIогIа хир бу вайн бIаьвнан бух.
ХIинца хIорамма цхьацца кхериг буьллуш,
Хьалайотта вайн бIов…
Цхьа а юьстах ма латта…
ХIорамма а шега биллалуччул кхериг билла…
Жима а, боккха а – муьлхха а
ТIулг оьшуш бу вайна бIов юттуш.
Хьала ютту бIов.
А ь з н а ш:
– Дала декъалъе нохчийн къоман
Бартан,
Нийсонан,
Оьздангаллин,
Маршонан бIов!..
– Дала декъалъе Нохчийчоь!..
I е л а м с о л т а.
Кху лаьмнашкахь адамаш даьхна хийла,
Ялта кхиош декъчу тIулгаш тIехь,
БIаьвнаш юттуш цара кхузахь хилла,
Оьздангаллех, дикчу гIуллакхех.
Нана сийлахь хилла царна гуттар,
Лаьмнаш хетта царна мерза са.
Юкъ йиххкина къонах тIаме хIуттуш,
Цунах эшарш яьхна мехкарша.
Гурахь вовшахтухуш хилла белхеш,
ХьаьжкIаш тилош, тIаргIа къажабеш,
Сингаттамаш ломал тIехьа лелхош,
Эшарш, иллеш доггах декадеш.

КIентан хелхар – и яьлла цIе санна,
ЙоьIан хелхар – гIургIезачух ду…
Хьаша веза хилла массо ханна,
Токхе хилла цунна хIоттош шун.
Оьзда йоI – и дашо, дато гIала,
Дика кIант – и бохь лекха лам,
Оьзда йоцург ма кхуьийла ала,
Оьза воцург хала ма ву лан!
Кху лаьмнашкахь адмаш даьхна хийла,
Ялта кхиош декъчу тIулгаш тIехь,
БIаьвнаш юттуш цара кхузахь хилла
Оьздангаллех, дикчу гIуллакххех.

Ч а к к х е.

# БУЬЙСАНЕХЬ АДАМАШ

**Буьйсанехь адамаш**[14]

Драма
Дакъалоцурш:
Д о в т – т I е м а л о
Д е н и – м и л и ц и н б е л х а л о
I а й ш а т – й о I, 10 ш о
М а м е д – ц у ь н а н в а ш а, 6 ш о
Ш а м а – к I а н т, 11 ш о
Х е д а – ц у ь н а н й и ш а, 5 ш о
1 - р а т I е м а л о
2 - г I а т I е м а л о
Н а д е ж д а П е т р о в н а
Э п с а р
1 - р а с а л т и
2 - г I а с а л т и
В о к к х а с т а г
С а л т и й
Н а х

**I сурт**

Буьйса. ТIекIелдинчу цIийнан хьалхарчу гIатан цхьана цIа чохь ду бераш. Уьш дIакхеттачохь набаран тар тесна
Iохку. ГIенаш го царна. Хеза дийшинчу берийн а, церан гергарчийн а аьзнаш.
Арахь герзийн йоккха гIовгIа йолу. Наб кхеттачуьра самаволуШама.
Ш а м а. Дала диканна дойла иза… Хаза гIан дара суна гинарг. Дадий, наний дийна а долуш…
Эццахь самайолу Iайшат. БIаьргех хиш дIадохуцо.
Iайшат, хьо йоьлхуш ю?
I а й ш а т. ХIан-хIа, со гIенах йилхина, наний, цуьнца цхьаьна бомбано йийна сан йиша Сабиний гинера суна…
Суна хаьара сайна гуш дерг гIан дуйла, суо сама ма елли и шиъ дIагIур юйла. Цундела йоьлхура со.
Ш а м а. Дала диканна дойла иза а. Со вайна яахIума карайойла а хьаьжна схьавогIу хьуна.
(Араволу).
М а м е д (сама а волуш).
Мама! Мичахь ю иза?
ХIинцца кху чохь ма яра иза.
I а й ш а т. Мамед, хьуна гинарг гIан ду, хIинца а цIа ца еъна мама.
М а м е д. Iайшат, мама цIа маца йогIур ю, гIенах а доцуш?
I а й ш а т. ЦIа йогIур ю, Мамед, цIа йогIур ю… кестта…
М а м е д. Дада а вогIур вуй цуьнца?
I а й ш а т. Ший а цхьаьний цIа догIур ду.
Оцу хенахь самайолу Хеда а.
Х е д а. Сан папий, мамий а догIур ду. Суна шортта хIумнаш а йохьуш: шоколадаш, бананаш, Iежаш…
I а й ш а т. Дера йохьур ю шортта хIумнаш-м.
М а м е д. Суна а йохьур ю хьуна… Бепиг, шура, налха…
I а й ш а т. Хьуна а йохьур ю…
Х е д а. Со мацъелла!
М а м е д. Со а мацвелла.
I а й ш а т. Собарде, Шама вахна вайна яахIума ян.
Х е д а (йоьлхуш).
Ва-а, Шама-а, со мацъелла.
М а м е д (воьлхуш).

Ва-а, Іайша-а, со а мацвелла.
І а й ш а т. Мамед, ма эхь дара иза. Хьо кІант ма ву.
КІант воьлхуш ма ца хуьлу.
Оцухенахь чуволуШама, Хеда цунна тІехьоду.
Х е д а. Шама-а, со мацъелла!
Ш а м а. Собарде, Хеда. Ас бепиг деъна…
Оцухенахь арахь, неІарехь цаьрга ладогІа хІуттуДени.
М а м е д. Суна а деза бепиг.
Ш а м а. Хьуна а лур ду.
(Бепиган дакъа, кхо цуьрг а йой. Стоьла тІе юьллу).
Гена дІа а ца вахавели со… Герзаш кхуьйсу… ХІара бепиган дакъа а вайн лулахь подвал чохь йолчу йоккхачу стага дели…
І а й ш а т. ХІара хьуна карийна а ду-кх доккха хІума.
Шен цуьргах ши дакъа а дой, Мамедний, Хединий дІало.
Ш а м а. Хьайна а даа, мегар ма яц хьо.
І а й ш а т. Хьо а мегий иза.
Ш а м а. Ас арахь воллушехь кхаьллина сайна догІург.
Іайшат йист а ца хуьлу. Хедас, Мамедий бепиг дуу.
Вайн неІ дІакъовла ас.
НеІ дІакъовлу.
Х е д а. Ма къовла, папий, мамий ду чудан дезаш.
Ш а м а. Мамий, папий деъча схьайоьллур ю вай…
Вуон нах дукха бу арахь. Уьш чубагІахь дика хир дац.
М а м е д. Суна кхин а яахІума еза.
Х е д а. Суна а еза.
І а й ш а т. Собарде… Шамас кхин а йохьур ю.
М а м е д. Суна жижиг деза!
Ш а м а. Ас-м деъна жижиг…
М а м е д. Схьада жижиг!
Ш а м а. Жижиг цкъа кхехко ма деза. Іайшат, схьаба яй, чу хи а доттий.
Іайшата яй, чу хи а дуттий. Пеша тІе хІоттабо. Шамас цу чу Іаьржачу пакет чуьра ши тІулг буьллу, жимчу шина берах лачкъош. Іайшат цкъа, цецйолий, хьожу, юха,
Шамас лелочух кхетий, елакъежа.
М а м е д. Со хьажийтахьа жижиге…
Х е д а. Со а хьажийтахьа…

Оцухенахь арахь неIарехь лаьттачуДенина тIеIоттало
Довт. Иза вевзий, герзех катуху цо. Амма цунна ша ца гойла хиъча, сих ца луш, ладоьгIуш соцу.
Ш а м а. Кхехккалц хьажа ца мега жижиге…
М а м е д. Стенна ца мега?
Ш а м а. Жимло жижиг, бераш хьаьжча.
Х е д а. Со-м ца хьожу тIаккха.
Хеда юхайолу. Мамед а, вист а ца хуьлуш, вухаволу.
Ш а м а. Схьадола ший а, ас туьйра дуьйцур ду шуна.

**II сурт**

Арахь.
Д е н и
(БIаьргех куьг хьоькхуш).
АлхьамдулиллахI,
Везандела, хастам бу-кх хьуна. Ма доккха хIума ду-кх хIара.
(Вухахьаьжча, Довт а гой, герзах катухуш).
Д о в т. Герзаш ма хьиэде. ТIаьхьависи хьо.
ТIе герз лоцу.
Д е н и. ХIа-а, Довт, хьо ву иза?
Д о в т. Со ву иза, Дени! Хьажал хьо оцу берашка…
Тхо вайн берашка хIара бала ца хьегийта, маршо яккха арадевллера…
Шу тхуна юххе дIа а ца хIуьттуш, дуьхьал а девлла, хилла хIара.
Д е н и. Шу, шайна цахиндерг а ца дуьйцуш, шайн-шайн чохь Iийнехь, и бераш а шайн хIусамашкахь хир дара.
Д о в т. Хир дацара… ХIора шовзткъе итт шо мосазза долу, вайн къам хIаллакдо цара!
Д е н и. И къамелаш дукха хезна суна… Соьга хьо сайн новкъа а ваккхалур вац, хьан новкъа со цкъа а вер а вац. Аш лелориг вайн къам хIаллакдайта бахьна ду…
Д о в т. ХIинцца цкъа хало лайча, вайн къам гуттаренна а маьрша дер ду!
Д е н и. Стенна дуьйцу и къамелаш! Айхьа дийриг дей валахьа. Схьатоха.
Д о в т. Ахьа вайшиннан доттагIчунна Берсина санна бохий ахь?
Д е н и. ХIан-хIа, цунна ас ца туьйхира.

Д о в т. Муха ца туьйхира?.. Вайшиъ телевиденин гIишло чохь дуьхь-дуьхьал хIоьттича, и юкъаиккхира вайшинна…
Д е н и. ХIаъ, бакъду иза…Берс, гуттар а санна, вайна юкъахь машар бан гIертара…Иза вайшиннал иттазза тоьллера… Ма кIант вара иза! Цуьнан хьекъал, оьздангалла, яхь! Цунна хаьара кхунах хIун хир ду… Цо вайга мохь беттара: цхьацца ког баккхийша дуьхь-дуьхьал. МаслаIате дуьйлийша!
Д о в т. Цундела вийра ахь иза?
Д е н и. Ас ца вийра иза… Иза вайшинна юккъе ма иккхинехь, серло яйра… Герз а делира… Серло летча…
Д о в т. Серло летча, Берс воьжна вара, хьан карахь яьккхина тапча а яра…
Д е н и. Амма ас оцу тапчин лаг оьзна дацара.
Д о в т. Хьо суна тоха гIерташ вара, амма цунна кхийтира!..
Д е н и. Бакъдац иза!
Д о в т. Ас вуьй хьо! Бакъдерг дийца!
(ТIе герз лоцуш).
Д е н и. Бакъдерг – ас Берс ца вийна! Схьатоха!
Д о в т. Ахь мича дуьйцу бакъдерг. Мотт бетташ лелачу Далхьадан кIентан кIант вац хьо?!.
Д е н и. Сан деда Iедалан стаг хилла… Кху махкахь низам хIотто гIерташ… Хьан денда БIага и низам дохош хилла… Обарг ву ша бохуш… нехан дIалаьллина бежана а ца дуьтуш, ваьлла лелаш…
Д о в т. Сацийта! Ас вуьй хьо!
Д е н и. Вехь, вуьйр ву-кх ахь! Схьатоха!
Довта герз охьадохуьйту.
Д о в т. «Схьатоха!..» ХIинцца, хьо ма гиннехь, хьо виэн аьтту бара сан…
Д е н и. Стенна ца вийра ахь?
Д о в т. Ца хаьа… Даго ца вейтир-кха… Хийла ахь тхан кIенташна зенаш динехь а… Бераш… ХIаъ, и бераш бахьнехь витир-кха…
Д е н и. ТIаккха? ХIун до вайшимма берашна…
Д о в т. Уьш кIелхьарадаха деза.
Д е н и. Дера деза!.. Уьш ма ду вайн хиндерг.
Д о в т. Ду… аш хийлийтахь…
Д е н и. И хьайн Iиттарш а йитий, айхьа дан леринарг дай валахьа.

Д о в т. Суна-м ца хаьа… Къа ду берийн… Вайна юкъахь дерг-м тIаьхьа къастийча а мегар дара.
Д е н и. И хеташ со а ву-кх. Цкъа цаьрга вист мукъна а хила вайшиъ…
Д о в т. Хила, хьалхавала…
Д е н и. Хьуо хьалхавала ца хIутту хьо?
Д о в т. Ас суо тешаме хилар хьуна гайтина. Ткъа хьан дагахь хIун ду хьанна хаьа?
Д е н и. Маржа нохчий яI! ХIара хилла-кх и иллешкахь дуьйцург:
Ма лолда вай, кIентий,
Вовшех тешам ва байна…
ЦIийнаннеI етта.
Ш а м и н а з. Мила ву?
Д е н и. ГIура-Дада!
Ш а м и н а з. Дика стаг вуй хьо?
Д е н и. ГIура-Дада вуон хуьлуш а ма вац.
Шамас неI схьа а йоьллий, уьш чубоьлху.

**III сурт**

Д е н и. Кхера ма лолаш, бераш, охашимма хIумма а дийр дац шуна.
М а м е д. Шуьшиъ-м шиъ ву.
Х е д а. Вай, ГIура-Дада мичахь ву?..
Д о в т. Цхьаъ вац, шиъ ву-кх ГIура-Дада.
Х е д а. ГIура-Дада иштта ца хуьлу… КIайн маж а йолуш, цIен куй а болуш.
Д е н и. ХIинца тIом ма бу. ТIом болуш, тIемалойн хорма тIеюха ма еза ГIура-Дадас а.
М а м е д. Делахь совгIаташ мичахь ду?
Д е н и. СовгIаташ а ду. (Шен кочахь кхозучу тIоьрмиг чуьра хьокхам схьа а боккхуш).
Схьа тIехила, бераш, кхалла шайна хьокхам.
Д о в т. Аса а деъна шуна совгIат.
Шен тIоьрмиг чу а кхевдий, нехча схьа а оьций, иза уьрсаца оту.
Бераша нехчий, хьокхаммий дуу.
Д е н и. ХIинца шайн цIераш йийцал, бераш.
Х е д а. Сан цIе Хеда ю.
М а м е д. Со Мамед ву.
Ш а м а. ХIокхуьнан цIе Iайшат ю, сан цIе – Шама.

Д е н и. Хаза цIераш ю. Дала дукха дахадойла шу!
Д о в т. Амин!
Х е д а. ГIура-Дадас, стихотворени ешча, совгIат а лора хьалха.
Д о в т. Ас а лур ду-кх. Ешал ахь.
Х е д а. ХIей, баккхийнаш, жимма совца,
Хьовсал деса тускар сан,
Цу чохь дац-кха кампет-говраш,
Барби боху нускал дац.
Бераш долуш шун ма хилла,
ГIура-Дадин совгIаташ.
Тхуна хIун го: деношшийла,
ТIемаш, герзаш, гIовгIанаш.
Шу ца талахь тахна, кхана,
Эшош тIеман саьрмикаш,
ХIурда-кема лаьцна тхайна,
Тхо дIагIур ду Африке.
Д о в т. ХIай, хьо яха дукха. Хьажал, бIараш ду хьуна
ГIура-Дадас деъна…
Киснара хьала а дохий, бIараш ло.
М а м е д. Суна а хаьа иза-м.
Д е н и. Хьуна хIун хаьа?
М а м е д. Суний… Цициган йиш лакха хаьа-кх.
Д е н и. Лакхал ткъа…
М а м е д.
Ду со месал. Ду со кура,
Писулиг ду Бабин со.
Бабас йоттахь, молу шура,
Бабас тохахь, доьлху со.
Суна корехь бен ца гина
Арахь догIу шийла луо,
Нанас пеша уллохь дина,
Пеша уллохь кхиъна со.
Д е н и. О-о, и хаза йиш яра. Цунна совгIат догIу.
Хьалайоккхий, киснара каьмпет ло.
Д о в т. Байт а ешна, йиш а лекхна, хIинца шуьшиъ хелха даьлчхьана,
кхунах доккха дезде хир ду.

I а й ш а т. Хелха муха довлу, пондар а ца хилча.
Д о в т. Пондар-м оьшуш бац… Ас багахь мукъам бийр бу…
Д е н и. Ас хIокху ведар тIе вота тухур ю.
Ш а м а. Сан-м дог ца догIу.
Д е н и. Ахь хIун дуьйцу! ЙоI хелхаяла лууш хилча, кIантана эхь ма ду юкъа ца ваьлча.
Д о в т. Вало, вало!
Довтас багахь мукъам бо:
Вай делча денлур дац,
Къанделча къонлур дац,
Вай динчу наноша
Вай юха дийра дац.
Денис вота туху. Шамий, Iайшаттий хелха долу.
Д е н и. Хелха дика делира, къаьсттина йоI. Цундела йоIана совгIат ду – шарф!
Шен кочара шарф схьа а йоккхий, Iайшатан белшаш тIе тосу.
Д о в т. КIант а вацара ледара, цундела цунна а дан деза совгIат.
Киснара хьала а дохий, каранаш ло.
Жимма даккхий делахь а, куьйгаш шеллур дац хьан.
Х е д а. Вайъ! Керлачу шарахь иштта а ца хуьлура…
Д е н и. Муха хуьлура, дийцал ткъа?
Х е д а. Иштта цхьаьний куьйгаш а лаьцна, елки гонаха а лелаш… эшарш а лоькхуш…
Д е н и. Вай а дийр ду-кх иза. Схьадуьйла, схьалаца куьйгаш.
М а м е д. Со елка ю! Со елка ю!
Бераш, куьйгаш а лоций, дIахIуьтту. Дений, Довтий дIахIуттуцаьрца.
Илли а олуш, хьийза:
Керла шо, керла шо,
Хьо марша догIийла!
Керла шо, керла шо,
Хьо ирсе лелийла!
Х е д а. Елкехь кхин а хIун хуьлурий? Дехкех а, цицигех а ловзура.
М а м е д. Дика ду… Со цициг ду, хьо дахка бу.
Хеда дIайоду, Мамед цунна тIаьхьа хьоду. Вукхара мукъам бо:
Дахка, дахка, бадалахь,
Бадий, гена балалахь!

Цициг, сема хилалахь,
Сихха дахка лацалахь.
Дениссий, Довтий вовшийн куьйгаш лаца дезаш хьал хӀутту. Цхьана юкъана гуо хаьдда буьсу.
Х е д а. Ваши, дӀалаца куьйгаш. Цициг тӀех ма далийта.
Довтий, Дениссий куьйгаш схьалоцу. Дикка уьду «дахкий», «цициггий». Эххар «цициго» схьалоцу«дахка».
Хеда йоьлху.
Д е н и. Ахь хӀун до, Хеда. Вай, схьалаьцча хӀумма а ма дац. ХӀинца иза хир ву дахка, ткъа хьо – цициг.
Хеда кхин а чӀогӀа йоьлху.
Х е д а. Дадий, наний цӀа ца догӀу…
Д о в т. ЦӀа догӀур ма ду и шиъ.
І а й ш а т. Дера догӀур ду… Сан, Мамедин дай, наний догӀур ду цаьрца цӀа.
Шамас, бӀаьца а йой, юьстахвоккхуДений, Довтий.
Ш а м а. Делла тхан дай-наной. Цу шиннан дерш а делла…
Кегийчаьрга и дӀа ца олуш, лечкъадо оха.
Д е н и. Дала гечдойла царна!
Д о в т. Дала гечдойла! Вало, Шама. Берашца хила.
Тхойша жимма вистхила воллу.
Шама берашна тӀевоьду.
ХӀун до вайша оцу берашна?
Д е н и. ХӀун до? Кху тӀамна бухара дӀадаха деза-кх уьш.
Д о в т. Ас ламчу цхьана юьрта дӀа а дигна, сайн гергарчу нахехь дуьтур ду уьш.
Д е н и. Ахь хӀун дуьйцу? Ламчуьра нах шаьш а халла бохку… Цу тӀе некъаш а кхераме ду, гуттар а бомбанаш а, яккхий тоьпаш а етташ.
Д о в т. Ткъа хӀун дийр ду вай?
Д е н и. И бераш ас дӀадуьгур ду… ГӀебарта… санаторе… Цигахь кхераме а дац, деша аьтто а хир бу.
Д о в т. Делахь катоххий новкъавала, бераш а эций.
Суна тӀаьххье схьакхача безаш сан накъостий бу. Уьш сецо суна хала хир ду…
Д е н и. Бераш, кечло! Вай дӀадоьлху!
Ш а м а. Мича доьлху вай?

Д е н и. ТIом боцчу… Довхачу, сирлачу цIа чу.
Х е д а. Цигахь тайнигаш хир юй?
Д е н и. Тайнигаш а хир ю.
М а м е д. Шортта… шортта… бепиг а хир дуй?
Д е н и. Бепиг а хир ду. Массо хIума а хир ду…
Д о в т. Довла, шайн ерг тIеюхий, схьаэций.
I а й ш а т. Тхан-м яц цхьа а хIума, тхайна тIехь ерг бен.
Д е н и. Дуьло ткъа!
Эццахь арара машенан гIовгIа хеза.
Собарделаш цкъа. Со хьаьжна схьавогIу.
Араволу.
Э п с а р а н а з. Стой! Кто такой?
Совцу.
Д е н и н а з. Это я. Зам. начальника райотдела милиции Ахаев Дени!
Э п с а р а н а з. Документы!
Денис дIагойту.
Что ты здесь делаешь?
Д е н и н а з. Плановый обход квартала силами райотдела.
Э п с а р а н а з. Помощь нужна?
Д е н и н а з. Спасибо. Нет пока.
ДIайоьдучу машенан гIовгIа хеза. Дени чувогIу.
Д о в т. ДIабахан уьш?
Д е н и. ДIабаха.
Д о в т. Делан къинхетам боккха бу-кх.
Д е н и. АлхьамдулиллахI, Далла бу хастам!
Д о в т. Шу катоххий новкъа довла.
Д е н и.
(Довте куьг а луш).
Марша Iойла!
Д о в т. Марша гIойла! Некъ дика хуьлда.
ГIовгIанаш йовлу. Чуоьккху кхо тIемало.
1 - р а т I е м а л о. Схьавало! Схьавало! Жимма кхузахь соцур вайша.
2 - р а т I е м а л о (чохь берш а гой). Ассалам
Iалайкум! Довт, хьо вац иза?
1 - р а т I е м а л о
(Дени а гой). ХIара мила ву?

Д о в т. ХIара сан накъост ву.
1 - р а т I е м а л о. Суна цхьанхьа гича санна ма хета хьо?
Д е н и. Суна-м дуьххьара гуш ву хьо.
2 - р а т I е м а л о. Довт, вайн кIенташа хIун дина хаьий хьуна?
Д о в т. ХIун дина?
1 - р а т I е м а л о. Москвахь…
Д о в т. ХIун хилла Москвахь?
1 - р а т I е м а л о. Хьуна-м хIумма а хууш а ма дац.
Д о в т. ХIун ду иза, суна хууш доцург?
1 - р а т I е м а л о. ХIинцца хуур ду хьуна.
Телевизор латайо. Телевизор чохь дикторо къамел до:
«…Уже двадцать часов прошло, как в Театральном центре на Дубровке чеченские террористы захватили около тысячи заложников…»
1 - р а т I е м а л о. Горалера кIентий яI! Дан деззарг-м дина!
Д и к т о р а н к ъ а м е л: «…Среди них десятки женщин и детей…»
2 - р а т I е м а л о. Аш тхайчарна тIе бомбанаш етташ, ца хаьара шуна зударий, бераш дуйла?!
1 - р а т I е м а л о. Вай кхузахула мацалло хьийзош, шелоно гIорош, хIаллакдеш, ткъа хIорш шайн йовххачохь бийшина а Iохкуш, ваннаш чохь лийча а луьйчуш, театре а оьхуш…Ля-ля-ля…Цунах гIуллакх хир дац. Лахь, цхьаьний лийр ду вай, дахахь, цхьаьний дехар ду… Ва къорза хьакхарчий.
Диктораан къамел: «…Араяла дагахь едда цхьа зуда, автомат тоьхна, йожийна террористаша…»
2 - р а т I е м а л о. Аш кхузахь маса йожийна уьш?
1 - р а т I е м а л о. Къа дацара церан-м! Кхузахь бехкгуьнахь доцу адамаш дайар дицделлера царна.
2 - р а т I е м а л о. ХIинца дагадогIур ду. ТIом цхьанна шура йогIуш, вукхарна цIий догIуш ца хуьлу.
Д е н и. Церан хIун бехк бу, кхузахь адамаш дайаран…
1 - р а т I е м а л о. ХIун элира ахь?!
2 - р а т I е м а л о (тIе автомат а лоцуш). Хьо мила ву ван?!
Д е н и. Сой?..
1 - р а т I е м а л о (герз дулуш). Ас дIакарчаво хьо, керстанашна вохкавелларг!
Д о в т. ДIадаха герзаш! Ас ца аьлла шуьга хIара сан накъост ву.

1 - р а т I е м а л о. Хьан накъост муха хуьлу, и хабарш юьйцуш верг?
Д о в т. Хабарш а шен хьекъале хьаьжжина ма дуьйцу.
Массеран ойланаш а цхьатера ца хуьлу.
2 - р а т I е м а л о. ХIара накъост суна сайна цхьанхьа гича санна ма хета… Тарлора хIара оппозицера хила…
Накъост, ас хIара рожок яссаяле (автомат тIелоцуш), схьадийцал хьо мила ву.
М а м е д. Ваши, дов ма дехьа.
Х е д а. Ваши, хьо вуон ву.
2-гIа ТIемало, цец а волий, шина бере хьожу.
2 - р а т I е м а л о (мохь хьокхуш). Со хIунда ву вуон?
Д о в т. Хьо вуон вацахь, мохь ма хьекха берашна тIе!
2 - р а т I е м а л о. ХIара мила ву дийцахьа ткъа, соьга мохь а ца хьоькхуьйтуш.
Д о в т. ХIара сан юьртахо а ву, накъост а ву аьлла-кх ас. Сох теший хьо?
2 - р а т I е м а л о. Хьох-м теша со.
Д о в т. Иза а ду-кх дика! Жимма собаре хила ма веза.
1 - р а т I е м а л о. Собаре муха хуьлу, ва Довт…
ТIаьхьа вертолет а хоьхкуш, пулемет а етташ, сан 3 йиший, 4 ваший - ворхI ма вийна цара… Уггар жимчун пхи шо бен дацара хьуна! Сан са чохь мел ду, со чIир ца оьцуш
Iийр вац-кха царах.
Д о в т. ЧIир куьг бехкечуьнгара бен эца ца магийна-кх Дала…
2 - р а т I е м а л о. Куьг бехке уьш массо а ву, церан къомах мел верг - жима а, воккха а… Ас сайн кравеъnarg волуьйтуш а вац.
Д о в т. Ишта бIарзвелла хьовза мегар дац, сан ваша.
ХIокху тIамо да, ваша, йиша, гергарниг веза цхьа а вац…
ХIетте а массо а садетташ схьавогIу… Ахь бохург лелийча, вайнахана хуьлу зенаш алсамдевр ду, зулам даьржар ду…
2 - р а т I е м а л о. Зулам?! Зулам даьржина а ца Iаш, сенчу цIарах дагахьара хIара дуьне! Цхьана дийнахь, 1999 шеран декабрь беттан 9-чу дийнахь, сан цIентIе бомба тоьхна, 12 стаг – да, нана, вежарий, йижарий, хIусамнана, кIант - хIаллакьхилча, ас сардам боьллира хIокху дуьненна: атоман бомба а хилла, иккхина дIагIойла хьо дуьне!
Сайх зулам дер ду-кх аьлла, со соцур волуш вац хьуна…

Суна даьлла зулам нахана хIунда ца долу. Со хили велара оцу Москва бахначаьрца. Ас тоххарехь ирах дахийтина хир дара хьуна и цIа а, цу чохь мел верг а.
Д е н и. Хьажахьа, накъост…
1 - р а т I е м а л о. Хьо кхузахь вистхуьлу а вац!
Д е н и. Хьан йоллу бакъо йолуш ву-кх со кху махкахь!
1 - р а т I е м а л о. Вац!
Автоматан чапха дIасатуху.
Д о в т
(Шен герз а дулуш). Кху чохь массеран а цхьатерра бакъонаш ю вайн.
2-гIа ТIемало вухаволу.
Дени, хьо хIун ала гIертара?
Д е н и. Ас-м хIокхо дуьйцург
(2-чу ТIемалочуьнгахьа корта а тосуш) вала везаш ца хилча, я велча массо а хIума а дIадолуш хилча дийца тарлора. Велча чекхдолуш дац хIумма а, велча бен долалуш а дац. Бартхаттам, Махьшаре майда, Мизан терза, жоьжахати-ялсамани…
1 - р а т I е м а л о. И хIумнаш хьуна дIадийца а хууш ву со… Цигахь жоп ас айсса лур ду.
Д о в т. Дика ду-кх цигахь мукъна а иштта долуш.
НеI туху. Массо а дIатуьй.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Сан бераш, гIел-м ца делла шу?
Ш а м а. Баба Нада ю… Схьайола, баба Нада.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. ХIара цхьа банка мерза шура карийнера суна. И шуна яхьаш еънера со.
Шурин банка Шаме дIало.
Х е д а. Шама, схьаястахьа…
М а м е д. Суна а еза…
Надежда Петровнина эццахь го чуьра кхиболунах.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Шу долчохь-м хьеший а бу.
1 - р а т I е м а л о (тIе герз лоцуш). Хьоьга хьоьжуш дара.
Х е д а. Баба Нада дика ю.
М а м е д. Цо тхуна шура а еъна.
Д о в т
(Надежда Петровнина дуьхьал хIуттуш).
Охьадахийта герз!

2 - р а т I е м а л о. ХIара боьха хIума дIакарчийчхьана, шийтта дIанисло сан…
Д о в т. Ахь хIун юьйцу? Нохчо вац хьо? ХIара йоккха стаг ма ю!
2 - р а т I е м а л о. Цул а воккха вара сан денда а, цара бомба а тоьхна, вийна волу.
Д о в т (цунна дуьхьал а хIуттуш). ДIадаккха герз!
Иштта ца оьцу чIир. Вайн оьзда дай дагалаца. Цара шен да вийна мостагI а ца вуьйш вуьтуш хилла, иштта хIара йоккха стаг санна, гIаддайна, къанвелла хилча.
2 - р а т I е м а л о. И туьйранаш-м кIордийнера суна.
Д о в т. Туьйранаш дац… Къонахийн гIиллакхаш ду.
Къонахчо чIирхо я мостагI, шен хIусамехь, я хIума юуш, я ламаз деш хилча, герз ца тухуш вуьтуш хилла. Ткъа хьо хьайна девзаш доцу адам ден гIерта!
2 т I е м а л о. И гIиллакхаш дIадевлла дукха хан ю хьуна.
Д о в т. Массарна а ца девлла… ДIадаккха герз!
2-чу ТIемалочо герз охьадохуьйту. Оцу хенахь ека йолало раци: «Аьрзу! Аьрзу! Со Эмир ву!»
1 - р а т I е м а л о. Аьрзу ладугIуш ву!
Р а ц и ч у ь р а а з: Катоххий, хьайн накъостаца йиллинчу метте дIакхача!
1 - г I а т I е м а л о (шен накъосте). Валолахь сихха!
Ши тIемало араэккха.
Д о в т. Охьалахло, йоккха стаг.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Со-м дIайоьду. И банка берашна схьаяста…
Д о в т. Хьо кхера ца оьшу хьуна. Со дийна а волуш, хьуна тIе пIелг хьур бац хьуна.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Баркалла. ДIагIур ю со.
Кхузахь луларчу подвала чохь ю со.
ДIайолало.
Д о в т. ХIинца, Дени. ХIара бераш а эций, хьо новкъавала…
Д е н и. Дика ду. Дуьло, бераш…
Надежда Петровна а, Дени а, бераш а арадовла дIадуьйлало.
Эццахь арахь яккхий гIовгIанаш йовлу. Юха а салтий бу.
Денис, Довта герзаш дIалачкъадо.
Чоьхьаволу эпсар.

Э п с а р. Совца, акхарой!
Герз кхуссу. Стобла тӀехь лаьтташ телевизор го.
Самукъадаьлла шун, телевизоре а хьоьжуш? Доьлуш ду шу?
ТӀаьххьара мила воьлу хьовсур ду вай!
(Ара мохь а тухуш). Чулахка массо а!
1 - р а с а л т и. Чоьхьадовла! Сихха!
2 - г Ӏ а с а л т и. ХьалагӀитта! Боьха хӀумнаш!
Салташа тоьттуш. Ӏуьттуш, чоьхьа бохунах: къена, къона, зударий, бераш. Нах халла чутарло.
Э п с а р. Массо а пена улло дӀахӀитта! Телевизоре хьовсур ду вай.
Д е н и. Накъост эпсар! Со хьо санна российски эпсар ву, милицин район-отделан хьаькиман заместитель…
Э п с а р. Хьо милла велахь а, хьо чечен ву! Делахь хӀета - бандит! ДӀахӀотта!
Д е н и. ХӀара зударий, бераш дӀадахийта!
Э п с а р. ДӀасаца! Со ву кхузахь сацам беш! Хьо вистхилахь…
Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н аз: «…Террористы разрешили выйти из здания мусульманам и грузинам…»
Э п с а р. Хьажахьа, оцу сволочашка! Шайнаш арахоьцуш! Бусалба нах кхеташ ду… Ткъа гуьржий стенна хоьцу?.. Панкиси шайна, бандиташна, дӀаелла дела… Вай а дийр ду изза! Мила ву кху чохь, кериста, нохчо воцуш, кхечу къомах?!
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Со ю кериста а, оьрси а!
Э п с а р. Елахь, араяла кху чуьра. Сихха! Оха бакъо ло хьуна…
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Со араер яц.
Э п с а р. Кериста юй хьо?
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Кериста а ю, оьрси а ю Надежда Петровна Волкова!
Э п с а р. Ну, дӀагӀо ткъа. Цара шайнаш а арахоьцу, оха хьо а хоьцу…
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Со дӀагӀур яц!
Э п с а р. И ду хаза! Стенна?
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Сайнаш хӀорш бу! ХӀорш массо а аш дӀахецахь, ер ю со ара.
Э п с а р. Ах ты, нохчашна йохкаелла боьха хӀума! Ас эрна ма ца олура, хӀокху нохчашца Ӏаш болу оьрсий кхарал а оьшуш бу!
(Шен салтичунна тӀе мохь а тухуш). Бакъдуй иза?!.

1 - р а с а л т и. М-м, ца хаьа…
Э п с а р. И бохург хIун ду?
(ХIума а тухуш). Ас бохучунна «хIаъ» аьлчхьана волу хьо.
1-ра салти реза воцушюьстахволу…
Ткъа хIун дийр ду хьуна, дIалийр ю-кх хьо кхаьрцанна.
Надежда Петровна Волкова…И хьайн фамили иштта йолу дела хир ю хьо хIокху берзалошка безам болуш…
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Цундела яц… Со кхузахь еха шовзткъа шо ду… Со хьехархо ю… Кху чуьра дукххаберш сан хилла дешархой бу, гергара нах а бу… Сан кхарах яьлла яха меттиг бац.
Э п с а р. Хуур дар-кха хьуна церан бандиташ тIеIиттабеллехь, цара хIун до!
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Суна хIинцале а хиъна иза.
Хьалхара тIом дIабаьлча сан керта бевллера талорхой…
ХIокху сан лулахоша, сан хилачу дешархоша, орцах а бевлла, кIелхьара яьккхира… ХIетахь дуьйна кхара ларъеш схьаеъна со, тховса шу кхуза кхачале а кIелхьараяьккхи со.
Э п с а р. Туьйранаш… И туьйранаш дийца аьлла, ахчанаш луш хир ду хьуна бандиташа.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Бандиташа хIумма а ца ло, дикчу наха гIо до…
Э п с а р. ГIовгIа ма е! ГIовгIа ма е!
(Телевизоре ладогIа а хIуттуш). ЛадогIа…
Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н а з: «…По просьбе детского доктора Леонида Рошаля террористы отпустили несколько детей…Но подростки еще остаются…»
Э п с а р. Террористашка къинхетам боьссина, вай а дийр ду-кх изза.
Бераш дуй кху чохь?
Нах дIаса а хуьлий, бераш гучудовлу: Iайшат, Шама, Хеда,
Мамед…
Дуьло, арадовла!
Ш а м а. Мича гIуо тхо?..
Э п с а р. Шайна луъучу! Дуьненан еа маьIIе гIуо!
I а й ш а т. ХIара ю тхан хIусам, шу гIуо дIа!..
Э п с а р. Ах, гаденыш! Оццул жима йоллушехь, нохчи еца!
Д е н и. Накъост эпсар, ас дIадуьгур ду и бераш.

Э п с а р. Назад! Цунах гӀуллакх хир дац. Берашна шайнна дӀадаха ца лаьий?! Ца лаахь, шуьца цхьаьна кху чохь лийр ду. Шу дерриш а сан заложникаш ду.
Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н а з: «…В здание, захваченное террористами, вошел депутат Госдумы от
Чечни А. Аслаханов. Он убеждал террористов отпустить заложников..»
Э п с а р. Цо цхьаьнгга а хӀумма а ца аьлла. Иза хьехамаш беш хилла хир ву, кхидӀа хӀун дан деза хьоьхуш. Иза а, депутат цӀе хиларх, бандит ма ву. ХӀорш массо а бандит аш бу, бераш а цхьа ьна. Цундела ас бераш а дӀахоьцур дац.
Х е д а
(Денига). Ваши, цо со юьйр ю?!
Йоьлху.
Д е н и. Ма елха, Хеда, ас хьуна хӀумма а дойтур дац…
М а м е д
(Довте). И стаг Ӏовдал ваьлла?
Д о в т. ХӀаъ, Ӏовдал ваьлла!
М а м е д. Дуккха а къаьркъа мелла цо?
Д о в т. ХӀаъ, дуккха а къаьркъа а мела, корта галбаьлла цуьнан.
М а м е д. Цуьнан корта тан маца лур бу?
Д о в т. Коьртах хӀума кхетчхьана.
Э п с а р. Сацийта шайн маттахь къамелаш дар!
ЛадогӀа телевизоре, хӀара телевизор шун суьдхо а ву, шун чалтач а ву. Шун Дела ву ала а мегар ду, хӀунда аьлча шун кхоллам цунах бозуш бу. Цундела ладогӀа шайн Деле.
Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н а з: «…Минуту назад возвратился из театрального центра на Дубровке народный артист СССР Иосиф Кобзон…»
Э п с а р. Ах, жидомасон! Массанхьа а хӀорш бу-кх.
Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н а з: «…Вместе с Кобзоном вышли четверо заложников, отпущенных террористами…»
Э п с а р. Жидомасонца лерам хили. Ца хила йиш а ма яц, цара ахча а луш лелаш ма бу хӀорш а. Шаьш хӀара гӀурт а болабой, юха орцахбовлу хӀорш, хӀинца хӀара санна. Славянашна юьтуш цхьа а меттиг а яц. Шаьш долош а бу, шаьш суьдхой а бу, шаьш тийжаш а бу… Губиллина нана-Россина.

Д о в т. Шуна чалтачан болх битина…
Э п с а р. ХI-мм… Хьан элира иза?
Д о в т. Ас.
Э п с а р. Муха? Нохчо ца хиллал тIех хьекъал долуш ву хьо…
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Кобзон суна вевзаш ву.
Кхузахь, Грознехь волавелла иза илли ала. Цо Грознех лаьцна аьлла илли массарна а чIогIа хазахеташ дара.
Э п с а р. Хьанна хаьа и илли? Хьан эр дара иза?
Цхьа а вист а ца хуьлу.
Ас и илли аьлларг дIавохуьйту шух.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Ой, цхьанна а ца хаьа шуна и илли…Иза гуттар радиочухула лоькхушма дара…Цхьа ткъе итт шо хьалха.
Гонах лаьтташ берш къежа.
ХIа-а, шу-м хIетахь хила а ца хилла, я дукха кегий хилла…
Накъост эпсар, ас илли аьлча, цхьаъ дIавахийтахьа…
ХIокху берашца и милцо дIавахийтахьа…
Э п с а р. Дика ду. ДIалалла ткъа.
Н а д е ж д а П е т р о в н а.
Я на свете повидал немало
Древних и красивых городов,
Но таких, как Грозный не встречал я, Не видал нигде таких садов…
Э п с а р. ХIинца кхин а чIогIа хазъелла! Кавказски
Лос-Анджелес!
Н а д е ж д а П е т р о в н а.
Песня, лети, песня, лети,
Обойди все горы!
Песня, лети, всем расскажи,
Как живет наш город.
Здесь чеченец, русский, ингуш счастья
Добывают в творческом труде…
Э п с а р. Сацийта! ХIокху акхарошца цхьаьна цхьа а вахар хир дац, ирс стенна дуьйцу ахь!
Н а д е ж д а П е т р о в н а (ца соцуш, шовкъе оьхуш, кхидIа а локхуш).
Дорогая, милая столица,
Расцветай…

Э п с а р. Сацийта! Хьо а хир ю къайлах жидомасонка…фамили оьрсийн елахь а…Ца хилча, йир лоькхур юй,
Москвахь схьалецна заложникаш а болуш…
Н а д е ж д а П е т р о в н а (кхин а шовкъе йоьдуш).
Песня, лети. Песня, лети…
Э п с а р. Сацийта!
Надежда Петровна, куьг лоций, бертал туху.
1 - р а с а л т и. Муха?! Иза нана ма ю! Нана муха тухур ю?!
Э п с а р. Хьан нанна!…
Автоматан мукъ тухий, вожаво 1-ра салти.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Ахь лакха элира…
Э п с а р. Аьллехь, жимма лекхча, тоьар ду. Хьоьга кхузахь кхин концерт хIоттае-м ца боху ас.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Делахь айхьа делла дош кхочушде.
Э п с а р. Муьлха дара иза?
Н а д е ж д а П е т р о в н а. И жима стаг берашца дIавахийта…
Э п с а р. Собар. Собар! ЛадогIай, шайн Дала хIун боху! Телевизоро хIун боху.
Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н аз: «…Несколько минут назад в театрально-концертном зале раздались выстрелы…Боевики расстреляли одного из заложников…»
Э п с а р. Так, так!..
Чохь тийналла лаьтта.
Ас гочдийр ду шуна Дала бохург. Шуна кхиэл еш волчу
Дала - телевизоро боху, шух цхьаъ шена дуьхьал ваийта, хьаьж юккъе дIаьндарг а тохий…
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Христосан дуьхьа!
Э п с а р. ДIасаца! Телевизор-Дела Христосал а лекхара ву. Цо бохург ца дича ца долу. Цо шена сагIа де боху.
ХIинцца къастор ду вай сагIийна ден бежана.
Массеран а бIаьра хьоьжуш чекхволу, и бIаьра хьаьжча дукхах болчара бIаьргаш охьадохуьйту. Эххар а Довтан бIаьра вогIало Эпсар. Довт цуьнан бIаьра вогIало…
Охьадахийта бIаьргаш.
Д о в т (кхин а чIогIа бIаьра а вогIалуш). Хьох эхь хетта, лаьтта бIаьра хьежа хIума долуш вац со…

Э п с а р (шен бІаьргаш чу хьежар духа а доккхуш).
ХІан. Хьо ву и, хьекъал дерг?.. Хьо дика хир ву сагІийна вен.
Телевизор хьекъале Дела ву, цунна вуьйш верг а хьекъале хила веза.
(Салташка). Схьалаца иза. ДІахІоттаве пена улло!
Салташа кхочушдо Эпсаран омра. Эпсаро тІе герз лоцу
Довтана.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Христосан дуьхьа, ма де иза. ХІара сан тоьлла дешархо ма ву. ТІехдика доьшуш.
ГІиллакхе, оьзда кІант.
Э п с а р. ХІун юьйцу ахь. Цуьнан муцІар тІе дІаяздина ду иза бандит хилар.
Герз дулу. Надежда Петровна Довтана хьалха эккха.
Н а д е ж д а П е т р о в н а. Христосан дуьхьа…
Герз долу. Иза Надежда Петровнина кхета. Иза охьаюжу.
Нахе маьхьарий довлу, бераш доьлху.
Э п с а р. Хила деззарг хили! Хиндацарий, ІадІийнехь!
Кхахьпа! ХІинца хьайн хьехархочунна тІаьхьа гІур ву хьо а.
Довтана тІе герз лоцу. Амма эццахь 1-чу салтичун тапча йолу. Эпсар вужу. Салташа герзаш Денина а, вукху нахана а тІелоцу.
1 - р а с а л т и (хьалха а эккхаш). Собар! Собар, сих ма ло. ХІинца со ву даржехь лакхарниг. Взводан куьйгалла ас сайна тІелоцу. Салтий, ладогІа сан омране! Охьадахийта герзаш!
Салташа герзаш охьадохуьйту.
Вайн накъост кхелхи, шен гІуллакх кхочушдеш. Схьаэца иза! Дуьло! Арадовла кху чуьра!
Салтий, вийна Эпсар а оьций, арабовлу. Нах Надежда
Петровнин дакъа уллохь гулло.
В о к к х а с т а г. Тахана дуьненахь а, кхана къематдийнахь а сан дан тоьшалла ду-кх, хІара зуда дика стаг яра аьлла.
Ткъе итт шо дара со кхуьнан лулахо волу. ХІара дара-кх аьлла шегара цхьа ледара хІума далийтина яц иза. Нохчийн берашна Іилма Іамош яха а ехи, нохчийн кІант ларвеш кхалхар а хили-кху кхуьнан…
Н а х: Дера яра дика стаг.
И бакъду.
В о к к х а с т а г. Оха хІара кхана, кешнашка а яьхьна, дІаюллур ю…
Схьаэца хІара.

Нах, Надежда Петровна а оьций, дIабоьлху.
Д е н и. Сатеси-кх вайна…
Х е д а. Ма дика ду-кх вайна кIайелла.
Д е н и. Тхо новкъа довлу…
Д о в т. Дуьло… Кхин цхьа некъахьовзам хилале.
М а м е д. Ваши, хьо а дIавола тхоьца.
Д о в т. ХIан-хIа, Мамед. Массо а дIаваха мегар ма дац. Цхьаберш цIахь совца а беза… Со цIахь соцу.
Д е н и. Марша Iойла.
Дени, дIа а волалой, юхавоьрзу.
Довт, ас ца вийна хьуна Берс.
Д о в т. Со хIинца теша хьох…
Д е н и. Сан герз оцу буса даьлла дац хьуна.
Д о в т. Со теша… Ткъа хьан вийна иза?
Д е н и. Оцу буса и серло дIяйинчо… Шен зуламаш боданехь дан Iеминчо.
Д о в т. Делахь, кхоалгIаниг ву-кх вайна юккъе хIара питана туьйсуш…
Д е н и. Ву. Довт, ву. Со цунах кхетта дукха хан ю…
Дени а, бераш а, арадовлий, дIадоьлху.
Д о в т (царна тIаьхьа а хьоьжуш). Дала Iалашве хьо, Дени… Дала Iалашде шу бераш а…
Доккха хIума ду-кх тховса суна гинарг. Тхуна дуьхьал тIом беш, суна сайн къиза мостагI хетачу Денис со салтех кIелхьара ваьккхи. Ткъа тхо дайа баьхкинчу мостагIийн къомах йолчу йоккхачу стага, шен дахар дIа а луш, Iожаллех кIелхьара ваьккхи со.
Делахь, иштта чIогIа мостагIий а дац-кха тхо… Дацахь, оха стенна Iенадо вовшийн цIий?..
Ассаламу Iалайкум, сан ваша! Ас ца туху хьуна дуьхьал герз, ахь хIуъа дахь а. Амма ойла ехьа: со - хьайн ваша а вийна, муха ваха воллу хьо? Къахьделла, хорам а хилла, легашкахь соцур ма ду хьуна хIара дуьне…
Ассаламу Iалайкум, сан ваша! Ас ши ког боккху хьуна дуьхьал, ахь цхьаъ мукъна а бакккхахьа. Иштта вовшашна дуьхь-дуьхьал а вахна, ладогIа вайшимма вовшашка.
Лаха вайшимма барт, Делан дуьхьа, вайн берийн дуьхьа.
ДIавоьду.

Т е л е в и з о р ч у ь р а д и к т о р а н а з: «…Только что завершилась операция по обезвреживанию террористов, захвативших в заложники около тысячи человек. Все террористы уничтожены. К сожалению, не обошлось и без жертв среди заложников…»

К и р х ь а.

# Буьйсанехь бераш

Дакъалоцурш:
Д о в т – т I е м а л о.
Д е н и – м и л и ц и н б е л х а л о.
I а й ш а т – й о I, II ш о.
М а м е д – ц у ь н а н в а ш а, 6 ш о.
Ш а м а – к I а н т, I2 ш о.
Х е д а – ц у ь н а н й и ш а, 5 ш о.

**III сурт**

Бераш чохь буьсайнаш йоху цIийнан чоь. Чуволу Дений, Довттий.
Д е н и. Кхера ма лолаш, бераш, охашимма хIумма а дийр дац шуна.
М а м е д. Шуьшиъ-м шиъ ву.
Х е д а. Вай, ГIура-Дада мичахь ву?..
Д о в т. Цхьаъ вац, шиъ ву-кх ГIура-Дада.
Х е д а. ГIура-Дада иштта ца хуьлу... КIайн маж а йолуш, цIен куй а болуш.
Д е н и. ХIинца тIом ма бу. ТIом болуш, тIемалойн хорма тIеюха ма еза ГIура-Дадас а.
М а м е д. Делахь совгIаташ мичахь ду?
Д е н и. СовгIаташ а ду. (Шен кочахъ кхозучу тIоьрмиг чуьра хъок- хам схьа а боккхуш ) . Схьа тIехила, бераш, кхалла шайна хьокхам.
Д о в т. Аса а деъна шуна совгIат.
Шен тIоьрмиг чу а кхевдий, нехча схьа а оьций, иза уърсаца оту. Бераша нехчий, хьокхаммий дуу.
Д е н и. ХIинца шайн цIераш йийцал, бераш.
Х е д а. Сан цIе Хеда ю.
М а м е д. Со Мамед ву.
Ш а м а. ХIокхуьнан цIе Iайшат ю, сан цIе – Шама.
Д е н и. Хаза цIераш ю. Дала дукха дахадойла шу!
Д о в т. Амин!
Х е д а. ГIура-Дадас, стихотворени ешча, совгIат а лора хьалха.
Д о в т. Ас а лур ду-кх. Ешал ахь.
Х е д а.
ХIей, баккхийнаш, жимма совца,
Хьовсал деса тускар сан,
Цу чохь дац-кха кампет-говраш,
Барби боху нускал дац.
Бераш долуш шун ма хилла,
ГIура-Дадин совгIаташ.
Тхуна хIун го: денош шийла,
ТIемаш, герзаш, гIовгIанаш.
Шу ца талахь тахна, кхана,

Эшош тIеман саьрмикаш,
ХIурда-кема лаьцна тхайна,
Тхо дIагIур ду Африке.
Д о в т. ХIай, хьо яха дукха. Хьажал, бIараш ду хьуна ГIура-Дадас деъна...
Киснара хьала а дохий, бIараш ло.
М а м е д. Суна а хаьа иза-м.
Д е н и. Хьуна хIун хаьа?
М а м е д. Суний... Цициган йиш лакха хаьа-кх.
Д е н и. Лакхал ткъа...
М а м е д.
Ду со месал, ду со кура,
Писулиг ду Бабин со.
Бабас йоттахь, молу шура,
Бабас тохахь, доьлху со.
Суна корехь бен ца гина
Арахь догIу шийла луо,
Нанас пеша уллохь дина,
Пеша уллохь кхиъна со.
Д е н и. О-о, и хаза йиш яра. Цунна совгIат догIу.
Хьалайоккхий, киснара кампет ло.
Д о в т. Байт а ешна, йиш а лекхна, хIинца шуьшиъ хелха даьлчхьана, кхунах доккха дезде хир ду.
I а й ш а т. Хелха муха довлу, пондар а ца хилча.
Д о в т. Пондар-м оьшуш бац... Ас багахь мукъам бийр бу...
Д е н и. Ас хIокху ведар тIе вота тухур ю.
Ш а м а. Сан-м дог ца догIу.
Д е н и. Ахь хIун дуьйцу! ЙоI хелхаяла лууш хилча, кIантана эхь ма ду юкъа ца ваьлча.
Д о в т. Вало, вало!
Довтас багахь мукъам бо, Денис вота туху. Шамий, Iайшаттий хелха долу.
Д е н и. Хелха дика делира, къаьсттина йоI. Цундела йоIана совгIат ду – шарф!
Шен кочара шарф схьа а йоккхий, Iайшатан белшаш тIе тосу.
Д о в т. КIант а вацара ледара, цундела цунна а дан деза совгIат.
Киснара хьала а дохий, каранаш ло.
Жимма даккхий делахь а, куьйгаш шеллур дац хьан.
Х е д а. Вайъ! Керлачу шарахь иштта а ца хуьлура...
Д е н и. Муха хуьлура, дийцал ткъа?
Х е д а. Иштта цхьаьний куьйгаш а лаьцна, елки гонаха а лелаш... эшарш а лоькхуш...
Д е н и. Вай а дийр ду-кх иза. Схьадуьйла, схьалаца куьйгаш.
Бераш, куьйгаш а лоций, дIахIуьтту. Дений, Довтий дIахIутту цаьрца. Цу шинна юккъехь нисло Мамед. Илли а олуш, хьийза:
Керла шо, керла шо,
Хьо марша догIийла!
Керла шо, керла шо,
Хьо ирсе лелийла!
Х е д а. Елкехь кхин а хIун хуьлурий? Дехкех а, цицигех а ловзура.
М а м е д. Дика ду... Со цициг ду, хьо дахка бу.
Хеда дIайоду, Мамед цунна тIаьхьа хьоду. Вукхара мукъам бо:
Дахка, дахка, бадалахь,
Бадий, гена балалахь!
Цициг, сема хилалахь,

Сихха дахка лацалахь.
Дениссий, Довтий вовшийн куьйгаш лаца дезаш хьал хIутту.
Цхьана юкъана гуо хаьдда буьсу.
Х е д а. Ваши, дIалаца куьйгаш. Цициг тIех ма далийта.
Довтий, Дениссий куьйгаш схьалоцу. Дикка уьду «дахкий»,
«цициггий». Эххар «цициго» схьалоцу «дахка». Хеда йоьлху.
Д е н и. Ахь хIун до, Хеда. Вай, схьалаьцча хIумма а ма дац. ХIинца иза хир ву дахка, ткъа хьо – цициг.
Хеда кхин а чIогIа йоьлху.
Х е д а. Дадий, наний цIа ца догIу...
Д о в т. ЦIа догIур ма ду и шиъ.
I а й ш а т. Дера догIур ду... Сан, Мамедин дай, наний догIур ду цаьрца цIа.
Шамас, бIаьца а йой, юьстахвоккху Дений, Довтий.
Ш а м а. Делла тхан дай-наной. Цу шинна дерш а делла... Кегийчаь- рга и дIа ца олуш, лечкъадо оха.
Де н и. Дала гечдойла царна!
Д о в т. Дала гечдойла! Вало, Шама. Берашца хила. Тхойша жимма вистхила воллу.
Шама берашна тIевоьду.
ХIун до вайша оцу берашна?
Д е н и. ХIун до? Кху тIамна бухара дIадаха деза-кх уьш.
Д о в т. Ас ламчу цхьана юьрта дIа а дигна, сайн гергарчу нахехь дуьтур ду уьш.
Д е н и. Ахь хIун дуьйцу? Ламчуьра нах шаьш а халла бохку... Цу тIе некъаш а кхераме ду, гуттар а бомбанаш а, яккхий тоьпаш а етташ.
Д о в т. Ткъа хIун дийр ду вай?
Д е н и. И бераш ас дIадуьгур ду... ГIебарта... санаторе... Цигахь кхераме а дац, деша аьтто а хир бу.
Д о в т. Делахь катоххий новкъавала, бераш а эций. Суна тIаьххье схьакхача безаш сан накъостий бу. Уьш сецо суна хала хир ду...
Д е н и. Бераш, кечло! Вай дIадоьлху!
Ш а м а. Мича доьлху вай?
Д е н и. ТIом боцчу... Довхачу, сирлачу цIа чу.
Х е д а. Цигахь тайнигаш хир юй?
Д е н и. Тайнигаш а хир ю.
М а м е д. Шортта... шортта... бепиг а хир дуй?
Д е н и. Бепиг а хир ду. Массо хIума а хир ду...
Д о в т. Довла, шайн ерг тIеюхий, схьаэций.
I а и ш а т. Тхан-м яц цхьа а хIума, тхайна тIехь ерг бен.
Д е н и. Дуьло ткъа!
Эццахь арахь машенан гIовгIа хеза. Аьзнаш: «Стой! Осмотрим эту местность».
Собарделаш цкъа. Со хьаьжна схьавогIу.
Араволу.
Арахь аьзнаш хеза.
Э п с а р а н а з. Стой! Кто такой?
Д е н и н а з. Это я. Зам. начальника райотдела милиции Ахаев Дени!
Э п с а р а н а з. Документы!
Денис дIагойту.
Что ты здесь делаешь?
Д е н и н а з. Плановый обход квартала силами райотдела.
Э п с а р а н а з. Помощь нужна?
Д е н и н а з. Спасибо. Нет пока.

ДІайоьдучу машенан гІовгІа хеза. Дени чувогІу.
Д о в т. ДІабахан уьш?
Д е н и. ДІабаха.
Д о в т. Делан къинхетам боккха бу-кх.
Д е н и. АлхьамдулиллахІ, Далла бу хастам!
Д о в т. Шу катоххий новкъа довла.
Д е н и (Довте куъг а луш). Марша Іойла!
Д о в т. Марша гІойла! Некъ дика хуьлда.
Дени, дІа а волалой, соцу.
Д е н и. Довт, ас ца вийна хьуна Берс.
Д ов т. Со хІинца теша хьох...
Д е н и. Сан герз оцу буса даьлла дац хьуна.
Д о в т. Со теша... Ткъа хьан вийна иза?
Д е н и. Оцу буса и серло дІаяйинчо... Шен зуламаш боданехь дан Іеминчо.
Д о в т. Делахь кхоалгІаниг ву-кх вайна юккъе хІара питана туьйсуш...
Д е н и. Ву, Довт, ву. Со цунах кхетта дукха ханю...
Дени, бераш, арадовлий, дІадоьлху.
Д о в т (Царна тІаьхъа а хьоьжуш). Дала Іалашве хьо... Дала
Іалашде шу бераш а.
Доккха хІума ду-кх тховса суна гинарг. Тхуна дуьхьал тІом беш, суна сайн къиза мостагІ хетачу Денис со, хІаллак ца войтуш, кІелхьараваьккхи. Тхойшиннан барт хили, хІара бераш бахьнехь.
Делахь, иштта чІогІамостагІийа дац тхо... Дацахь, оха стенна Іенадо вовшийн цІий...
Ассаламу Іалайкум, сан ваша! Ас ца тухухьуна герз, ахь хІуъу дахь а. Амма ойла ехьа, со – хьайн ваша а вийна муха ваха воллу хьо?Къахьделла, хорам а хилла, легашкахь соцур ма духьуна хІара дуьне...
Ассаламу Іалайкум, сан ваша! Ас ши ког боккху хьуна дуьхь- ал, ахь цхьаъ мукъна а баккхахьа. Иштта вовшашна дуьхь-дуьхьал а вахна, ладогІа вайшимма вовшашка. Лаха вайшимма барт, Де- лан дуьхьа, вайн халкъан дуьхьа, вайн берийн дуьхьа...
Ч а к к х е.

# СТИГАЛ КХАЧЧАЛЦ ЛАКХАЯЛА

## Стигал кхаччалц лекхаяла[15]

Драма

Дакъалоцурш:

А й б и к а

Э с и л а

### I сурт

ТІамо хьаьшна, ягийна ламанан жима юрт. Дийна дисина гушмасех цІа бен дац. Царах цхьаъ – юьрта йистехь, хьун дІайолалуччохь льтта. Іуьйре.

ЦІийнан хьалхарчу, лами тІехь хиъна Іа Айбика.

А й б и к а. Буьйса… буьйса…
Малх… малх схьакхета
Хьозан хье кхеххкийта…
И хIун дара? И маца, мичахь хезна суна.. и..
ХIа-а, хIетахь, со жима йолуш ахка тIе лийча оьхуш…
Хи чохь луьйчуш, шелъелча… малх къайлабаьлча шеллора…
Малх, малх, схьакхета,
Хьозан хье кхеххкийта
Хьозан хье а кхихки, акхаройн а, сан сайн а…
ХIинца а лалийна эчиг санна а бу… Iуьйранна а, суьйранна а, буса а лозу… Хьуьнха яхча, олхазарийн эшаршка ладоьгIуш гIоле хуьлу…
Хьуьнха гIур ю-кх.. ЦIазамаш схьаяьлла хан а ю… ЦIазамаш а юур…
Декъа дечиг а дан деза… Дечиг аьхка гулдан деза олур-кха Бабас…
ЦIа, со хьуьнха йоьду хьуна… Ахь са ма гатделахь.
ДIа вист хила чохь садолуш хIума а ца дисна… кху цIентIехь. Кху юьртахь а. Цхьа Дамад висна… Иза газа а ши бутт бу. Дика ду-кха и висна а. Гуш вацахь а, аз мукъане а хезий…
Эццахь хаза долало ламазана кхойкхучуДамадан аз:
«…АллахIу акбар! АллохIу акбар!».
Делкъ-ламазан хан хилла-кх вайна… Ас цигахь, хьуьн чуьрчу шовдана йистехь дийр ду-кх ламаз… Цигахь дика хуьлу ламаз деш… Ламазан ойла а яло… Кху цIахь массо а хIума а, дагаоьху… ойланаш дIа а йоьдий дицло, айса мас «бисмилла» дешна а…
ДIайоьду. Цхьа хан яьлча, цIийна уллохь гучуйолуЭсила.
Э с и л а. Ма доккха хIума ду хIара тхан цIа иштта дисар. Ша ма-дарра ду-кх. Дукха хан йоццуш кIайн кир а тоьхна. Делахь Бабий, Айбикий цIахь хила еза-кх…Баба!
Айбика!
Кхойкху. Чуйоьду. Арайолу.
Стагга а вац… Сан цIа! Со кхиъна, со йина сан хьоме цIа… Сан дайнаний даьхна, сан нана дIакхелхина цIа…
Ма дика ду-кх хьо дийна дисина… Кху юьртахь кхо-диъ бен диса а ма ца дисна… Юьртана юьстах, хьуьна йистехь долу дела дисна хила а тарло, салтийн тидам а ца хуьлуш…Бакъдерг дийцича, иштта юьстах льатта гIишло, уггар хьалха йохош Iедал ма ду церан… Генара йоккха

топ тухий, я стиглара чу бомба а кхуссий хIаллакйо, цу чохь тIемалой гулло бохуш…
ХIара-м дитна цара. Цхьа Делан къинхетам бу-кх. Далла бу-кх хастам! Ма доккха хIума ду-кх шен цIа хилар.
Цуьнан мах хуур бац, цкъа цIийнах, цIарах ваьлла, хийрачу махкахула лелла цIа ца веъча.
Эсилас, тIе а йоьдий, тиша тIорказ дIадоьллу.
ХIара… хIара Бабин кортали ду. ХIара цхьамма а дIа а ца эцна, лачкъа а ца дина. ХIорш?… ХIорш дадин тетрадаш ду… Цуьнан стихаш тIе язйина… Дада, дада, мичахь лела техьа хьо?.. ХIара сан дневник ду… Тептар марадуллу.
Айбика…Баба…мича яхана шуьшиъ? Ас мичахь лаха шуьшиъ… вайн цIа дисна шуна. ХIара хIуманаш а шаьш ма-ярра ю. Мичахь ю шуьшиъ?
Оцухенахь, дечиган мор а карахь, наьIарехь гучуйолу
Айбика. Эсила а гой, иза Iадийча санна, латта юьсу…
А й б и к а. Суна хаьа… Эсила… Суна хаьа, вайн цIа диснийла…
Э с и л а. Айбика?! Хьо яц иза?
Айбикас шен карара дечиг охьакхуссу…Эсила, тIе а хьодий, маракхета цунна.
Айбика, хьо мичара яьлла кхуза?… Хьо мичара яьлла?
Хьо сол а хьалха цIа еана хилла-кх. Ма дика а ду иза! Ма хаза а ду!
А й б и к а. Собардел цкъа, собардел… Дикка хьажийтал со хьайга. ХIара гIенах-м дац техьа. Иштта боккъал а хьо цIа еъна аьлла, масийттаза хилла суна. Иза я гIенах хуьлура, я бIарлагIа хуьлура… сурташ… Соьга хIинца бIарлагIш а, бакъдерг а атта къаста а ца ло.
Э с и л а. Айбика! Айбика! Цхьа а гIан дац… Со боккъал цIа еана… Ас мел чIогIа сатийсинера хьо ган. Дала жоп делла-кх сан доIанашна. Ас мел дукха лийхира шуьшиъ… Теркайистехь вайн гергара нах болчохь, ГIалгIайн махкахь мухIажарийн четаршкахь, массанхьа…
Ай б и к а. Харцхьа лоьхуш хилла…Тхойшиъ цIахь яра.
Э с и л а. Муха? Кхузахь тIом болуш а цIахь яра шуьшиъ?
А й б и к а. ХIаъ, араяьлла а яц… гуттар а цIахь яра.
Э с и л а. Уой, кхузара массо а стаг … шо хьалха охьаваьлла аьлла ма дийцира соьга.

А й б и к а. ХIаъ, нах дIабахара. Кхуза тIом герга гIоьртича… Кху юьртахь сой, Бабий, воккха стаг Дамаддий… ДIо эвлаюккъехь Iийна Лоьма боху кIанттий висира… ДагавогIий, хьуна иза… Вайл ши класс лакхахь доьшуш вара-кха иза…
Э с и л а. Ткъа мичахь бу уьш?… Баба мичахь ю…
Кха тIехь йоллуш хир ю… серамсекхашна асар деш… я етт бажош?
Баба йолчу яхийтахьа со… Суна цунна мара кхета лаьа…
Арахьоду.
Баба!
А й б и к а. Эсила! Яц вайн Баба.
Ша йолччохь, саца а сеций, юхайоьрзуЭсила.
Э с и л а. Муха яц?
А й б и к а. Иштта… Елла иза. Кху юьртара адам дIадаха тохаделча, Бабина дIаяха ца лиира. Соьга дIагIо элира, лулахошца цхьаьна. Шена кхузахь яла лаьа. Яла сахьт тIекхаьчча, нехан наьIаршка а хIуьттуш лела ца лаьа шена…Шен йисина дукха хан а яц.
Эсила бIаьргех хиш а оьхуш, цуьнга ладоьгIуш лаьтта.
Э с и л а. «Ванах, охьа ца йолуш, цигахь сецна техьа и шиъ?» – кест-кеста олура Дадас. ТIаккха дийнахь тем а боцуш, буьйсанна наб а йоцуш, виллина кху лаьмнашка хьаьжжинчохь висинера. Цу агIор дIаоьхучу кеманаша къизаллийца этIа йийриг стигал яцара, иза Дадин, сан дегнаш дара… Цигахь цара бомба мел кхуссу, алсам болура сингаттам. Дада, массо хьаькимашна тIе оьхуш лела велира…Вайчарна а, тIеман хьаькимашна а, ламчохь дисина и миска адамаш, хIаллак ма дахьара аш бохуш…
Цхьанхьа-м цхьамма аьллера: «Машаре нах тоххарехь охьабевлла, тIаьхьа биснарш бандиташ бу». Дада чугIоьртинера цунна: «Дезткъа шо кхаьчна сан нана а ю бандит? Сан йоI а ю бандит?», – бохуш, кIоршаме мел дерг олуш. Цигахь болх бечу цхьана нохчичо араваьккхинера Дада. «Катоххий къайлавалалахь, кхара хьуо тIепаза вайале».
ЦIа веана Дада, цхьана меттахь ца сацалора, огIазаллех кхехкаш. Цо шолгIачу дийнахь массийта телеграмма яхьйтира Москохарчу хьаькимашка, дуьненаюкъарчу организацешка кехаташ яздира… И волчу дуккха а нах оьхура: бехк боцуш дIалецначу кIентийн дай-наний, тIепаза байначийн гергарнаш, цхьа Делан къинхетам а хилла,

лецначуьра кIелхьара бевлларш, цу чохь ницкъбарна заьIап хилларш…
Цо массарна а гIо дора, кехаташ яздора, хIун дан деза хьоьхура…
А й б и к а. ХIаъ, хIаъ, гуттар а санна нехан гIуллакхаш деш, нахана хьалхара вецаш. Халкъан кIант а хилла,
Iедална дуьхьал вуьйлуш. Советан Iедал долуш а хьийзира нохчийн къоман юкъара гIуллакх дуьйцуш. Нохчийн мотт, нохчийн культура…
Оцу Iедало а хьийзира,националист аьлла цIе а тиллина. Цхьанхьа а балха а ца вуьтуш.
Вуьйш схьабабьхкича, вукхара а валлийра цхьана баттахь подвал чохь…
Мажош йолчара… ХIинца хIокхара а…
Цхьана а Iедална товш вац-кха иза…
Э с и л а. Товш вац, и Iедалш халкъана дуьхьал долу дела, мискачу нахана дуьхьал. Ткъа иза гуттар а мискачаьрца хуьлура, халкъаца…
А й б и к а. ХIаъ, иза гуттар а халкъан кIант вара, шен ненан кIант хила виц а велла…
Э с и л а. ХIан-хIа, Айбика, хьо бакъ яц хьуна… Иза шен ненан кIант а вара, халкъан кIант а вара…
А й б и к а. Суна ца лаьара моьтту хьуна, хьуна санна
Дадица Iен? ГIала ян…
Э с и л а. Ян езаш хиллера-кх.
А й б и к а. Со а цига дIаеънехь, Бабица мила Iийр вара?…
Э с и л а. Баба, дIа ца йогIура… Ткъа со эшарш лакха
Iама дезаш яра…
А й б и к а. Суна ца лаьара моьтту хьуна сурташ дахка… Сох художник хир яра хьуна. Ас ишколехь сурташ дохкуш, гуттар а пхиъ доккхура…
Со хьо санна гIала…
Дадас дIайигнехьара…
Э с и л а. Хьайн луъург ала сох, суна дов а де. Амма вайн Дадина реза ца хила хьан бакъо яц хьуна. Цуьнан йиш яцара кху юьрта а хиъна Iен.
Яздархо, поэт, гуттар а халкъан юккъехь хила веза…
А й б и к а. ХIинца мичахь ву иза?.. ХIинца а халкъан юкъахь…Шен ненах, йоIах хIун хилла хьажа ван а йиш яц цуьнан.
Э с и л а. Иза кхуза веана дукха хан хир яра. Амма иза цхьа шо хьалха дIавигина…
А й б и к а. Муха вигина? Хьан вигина? Мича?..

Э с и л а. Хьан вигина а ца хаьа… Буьйсанна, маскеш йоьхкина, салтийн хорма юьйхина нах чу а баьхкина, куьйгаш тIехьа а дехкина дIавигира…Ас мохь хьийкхира, орца дала бохуш! Цхьа а ца велира орцах! Цхьана а лулахочо ков ца диллира. Ков ца диллира цо, тайп-тайпана кехаташ яздеш, гIо динчара а, цхьамма а.
Дехарш деш, йоьлхуш, цхьана салтийчун когах тасаелира со… Царах коьртаниг волчух тера дара иза… Амма цо тергал а ца йира… со текхош машена тIе вахара иза…
ТIаккха шен мукъа болу ког тоьхна суна коьртах, жIаьла санна, юьстах кхоьссира… Со мохь хьекха йисира суо… оцу кхерамо Iадийнчу гIалахь, оцу къораллехь, оцу боданехь…
ТIаккха суна и гIала а, и нах а къахбелира…
А й б и к а. Вайшимма схьалохур ву вайн да… Вайшинна карор ву иза.
Э с и л а. Ас хIокху дийнна шарахь лехна иза… Массаьрга а кехаташ яздина… москохарчу паччахье а цхьаьна…ТIаккха Францера еанчу цхьана организацин гIоьнца… цара ахча а делла… Россерчу гIаланашкахула йолаелла лийли… голаш язъелла хIотталц… цкъа цхьамма цигахь ву бохушхезна хьуна олий, цигахь дIахьодуш…
ДIакхаьчча, лар а ца карош…
ГIеххьа тийналла лаьтта Айбикас, цхьанахьара схьаоьций, тетрадь, дохьу. Цу тIера стихотворени еша йолало.
А й б и к а.
Нана, нана, суна хала ду
ХIокху адмийн, «дикчу» адмийн хьуьнхахь.
Моьтту хир ду Iаш ву гIалахь со?
Бакъдац иза – хьуьнхахь веха хьуна…
Соьга буса Iуьйккъехь кхойкху аьзнаш,
Самавохуш, кхойкху леллаче.
Цигахь зазадоккхуш кхуран гаьннаш
Беттасинехь леста гаьнгалех.
Оцу аьзнийн лорах вогIий, кхочу
Кхуро заза доккхучу вайн дукъа.
Акха жIаьлеш догIу суна коча,
Деса некъаш хьийза яраш юккъехь.
Соь маршалла цхьаммо а ца хотту –
Я кхуро а, я букарчу Iожо.

Эккха гIерташ, сан дог хьаьвза готта,
Логехь сеций беттан серло можа.
Нана, нана, со ца кхета билггал
Iожо, кхуро буьйцуш болчу маттах.
Бохам бу и, тIулго лан ца тиггал,
Бохам бу и, дуьне кхин ца латтал.
Нехан маттах со ца кхетта цкъа а,
Iаламан мотт бара кхетарг суна…
Со висарна мотт ца хууш цхьа а,
Стигал йоьлху, Iенош бIаьргийн суйнаш.
Вер ву, нана, ахьа бахахь, вер ву
Сатасале вайн баьццарчу орца.
Вицлур вац со къилбехьа дIаверза,
Кху декъазчу синна доьхуш орца.
Ахьа гIийла ойла ма е цхьа а,
Ирс дайна а ма хета хьайн кIентан,
Мехкан бала бухатухуш, сагIа
Хила доьгIнехь, дац хьуна и кIезга.
Э с и л а. Вайн дадас язйина ю и? Суна евзаш а ма яцара.
А й б и к а. Ша гIала дIаваха бутт хьалха, цIа веъча, соьга кехат, ручкий дехна, язйира цо. Ас сайн ишколехь хилла тетрад делира. Кхин кехат чохь дан а дацара. Ша дIавоьдуш, дIадахьа диццинера цо и… Бабас тIорказ чу дIадиллира иза. Дадас тIе къолам хьаькхна цхьа а кехат дIа ца кхоссуьйтура Бабас, жайна санна, Iалашдора.
Э с и л а. Вайшимма а Iалашдийр ду массо хIума цунах а, Бабех а доьзна долу. ТIаккха вайшимма Дадас мел язйина хIума схьагулйийр ю… Дукха хIуманаш ю цуьнан газеташ тIехь а, журналашкахь а зорбатоьхна: стихаш, статьяш, дийцарш… Уьш схьа а гулдина, цхьа гулар арахоьцур ю вайшимма…
А й б и к а. Вайша дIаяха еза гIала… Суна ца хаьара цигахь адамаш дуй, цигахь дIадоьдуш дахар дуй… Суна моьттура цигара а, кху Нохчийчуьра а дерриге адамаш девдда дIадахана… дуьне мел ду… Ткъа цигахь адамаш хилла…
Эсила. Ма чам баьлла-кх сан адмех, ма чам баьллакх. ХIан-хIа, оцу буьйсанна Дада дIавуьгучу хенахь, уьш суна орцах ца бовлар а дац хьуна цуьнан бахьана. ТIаьхьа, масех бутт баьлча, ойла йира ас: хIун

дийр дара цара, орцахбевллехь а?.. ХIинца хIора а стаг шен цхьацца бала болуш ма ву… я цхьанна цхьаъ дIавигна, я вийна, я лазийна, я тIепаза вайна…Синошца, догIмашца а заьIап бирзина. Массо стагехь а бала бу, сайчун дакъа ца лаьцча а.
Иза а дацара сан нахах чам баьккхинарг, кхин дара. Цхьацца белхашкахь нисбелла вайнах, къинхетам хIун ю ца хууш, тIамо дакъазбаьхначу нахера соьмаш дохуш, йохийначу гIишлошна цхьана тайпана кехаташ кечдойтуш – ахча доккхуш, юха уьш нийса дац, кхинаш кечде олуш, тIаккха кхин цкъа а кечдан деза бохуш… нахана тIера цIоканаш йохуш – цкъа яьккхина ца Iаш, шозза-кхузза… Дала ахча а доцуш, хьо хьайн бала а эцна тIейодахь… хьоьга схьа а хьовсур бац…Цхьана хьаькимоша гIо дийр ду элира, шеца юкъаметтигаш лелаяхь…
Иштта боьха хIуманаш IаьIна-кх оцу лахахь… Цундела суна ца лаьа цига юхаяха… я эшарш лекха а ца лаьа…
А й б и к а. Муха? Хьан жимчохь дуьйна боккха сатийсам ма бара дуьненна а евзаш эшаршлакхархо хила.
Э с и л а. ХIинца бац сан и сатийсам… ХIинца суна дуьненна хьовха, цхьанна а евзаш хила а ца лаьа… Суна кхузахь Iен лаьа, малх схьакхетар а, и чубузар а тергал а деш.
А й б и к а. Ткъа кхузахь цхьа а ма вац, цхьа Дамад воцург. Иза а гуш а вац, моллалла кхойкхуш хазар бен….
Кхузара-м акхарой а дIадахана, тIамах девдда.
ДIадаха йиш йоцу дитташ, коьллаш йисна, тIамо цеста а цистина… Беллачийн синош а догIу Iуьйкъехь…
БIарлагIаш а гулло…
Э с и л а. Дитташ а ду, малх а бу, седарчий а, беттаса…Акхарой юхадоьрзур ду, нах а цIа богIур бу…Со кхузара меттахъер йолуш яц-кха.
А й б и к а. Делахь Айбика со адамаш долчу дIа ца яхча ер яц… Со-м Iийр яра хьоьца… Амма дIаяха еза… сайн беран дуьхьа…
Э с и л а. Бер? ХIун бер? Мичахь ду?
А й б и к а. Сан бер. Кхузахь, сан кийрахь дерг.
Э с и л а. КъутIа?..
И цуьнан багах доллушехь, Айбика тIара тухуйишина.
Йоцца тийналла хIутту.

А й б и к а. Сан бер дац хьуна къутIа.. Ахь ца аьлла хьан эр дара иза: вайн нана а юьйш дуьненчу яьлла яцара хьо?!
Айбика чуьра араэккха.
Э с и л а. Цхьа хан яьлча И хIун дара ас цуьнга аьлларг… Ткъа бер? И мичара даьлла? Маре яхна а ца хилча.. И мухха делахь а, со и олу яцара. ХIун хаьа, цо хIун до… Айбика!
Чуьра арахьоду.

**II сурт**

Эвлайистехула охьадоьдучу хи йистехь, цухиэ а хьоьжуш, цхьана тIулга тIехь хиъна Iа Айбика. ЙогIий схьакхочу
Эсила.
Э с и л а. Ма дика ду хьо, кхин гена ца яьлла… Айбика, къинтIера яла…цхьа ца хуушделира сан багара и дош…
Айбика йист а ца хуьлу.
Делахь а ахь иза шозза дIанисдина хьуна…Со ели еларкха, кху дуьненчу а ца йолуш, нана дийна а йисина…
Айбика схьайоьрзу. Цуьнан бIаьргаш хих дуьзна ду.
А й б и к а. Хьо яла суна къинтIера… ОьгIаз а яхана делира сан багара иза… Ткъа сан берана, ахь и алар а сан бехк бу… Ас хьоьга дийца дезаш хиллера… Со ца кхиира…
Э с и л а. Со а сихъелира…
А й б и к а. Хьо сан йиша йолу дела боху ас. Ма кIант вара моьтту хьуна иза…
Э с и л а. Мила кIант?
А й б и к а. Лоьма… Сан майра… Со Бабица сецийла хиъча, нахаца дIа ца воьдуш сецна хиллера иза… И ца хиллехь, соьгий, Дамадей Баба дIайолла а лур яцара. Лоьмас ша даьккхира каш… Со хIумма а далучохь а яцара…
ЦултIаьхьа, цхьа ши кIира даьлча, тIом герга гIоьртича,
Дамада элира тхойшинга… Шуьша вовшах кхета деза, бусулба Iедало ма бохху… Суна и цхьа тамашийна хийтира… Дамада элира: «Хьо Лоьмин цIартIехь хилча бакъахьа дара, и тIе богIу бIо муха хуьлу а ца хаьа… йоIана кхераме ду-кх массо а хIума». Со тIетайра. Цо тхойшинна бусулба динехь мах бира.
Э с и л а. Ахь хьайн кехата тIехь вийцинарг вуй иза?

А й б и к а. ХIаъ. Ас цкъа хьоьга кехата тIехь яздиркха цунах лаьцна… цкъа цунна реза йоцуш…Цкъа хьалха цхьа ца тайра суна иза… IиндагIа санна, суна тIаьхьа лелаш хуьлура… Цунах сан дог этIара… Амма дийнера де мел дели, суна гучуюьйлура цуьнан башха амалаш, цуьнан башха аматаш…
Бакъдерг дийцича, ас зевнечу ловзаре сатийсинера…
Пондарчаш а, илланчаш а кхойкхур бу ша аьллера Лоьмас. Хьо а, хьан накъостий а… Амма цунах гIуллакх ца хилира. Пондарна метта угIуш кеманаш дара, вотанан метта детта герзаш, хIусамна метта, дIо ГIиргIин-бердара хьех…
Э с и л а. Иза-м цхьана агIор хаза а ду хьуна… Романтика…
А й б и к а. ХIун романтика?.. ТIама юккъехь. Дика ду хьо хIетахь кхузахь ца хилла. ХIора сарахь кху юьртарчу цхьацца цIенна цIе тосура цара…ГIиргIи-берда тIера кхуза схьа а хьоьжуш, дегнаш доьлхуш, лаьттара тхойшиъ. Юьрта гучу ма дала аьлла, Дамада дихкинера тхуна. Шена салташа хIумма а дийр дац, ша дукха воккха ву… Шех-м цара джин олу… Цкъа иза гучу ца волуш… кхо-диъ де а делира… Ас ма гIахьара боххушехь, Лоьма цунна тIаьхьа вахара… Кхин къамел ца далуш, Айбика сеца…
Э с и л а. ТIаккха?.. ТIаккха хIун хилира?..
А й б и к а. ТIаккха Лоьма юха ца вогIуш а делира ши де… КхоалгIачу дийнахь Дамад гучувелира… Вочаваьлла, гIелвелла… Иза гIагIъаьлла, бер санна, охьавилхира суна…
Айбика йист а ца хилалуш сеца, елхаран къурдаша хорам а бой. Эсила а йоьлху гIийла, аз доцуш…Цхьа хан аьлча,
Айбика юха а йистхуьлу.
Ша сацийна вара элира салташа…Божал чу валлий ша, тIехула зайл а хьовзийна… Цхьа кIира даьлча, джин арадала, элира шега. Хьуна сурприз кечйина шаьш…Iуьйранна маьлхан зIаьнарш схьакхеташ вайн цIийнан хьалхара гу тIе кхета, цу буьххьехь лаьтта боккха кхор а къагош…
Э с и л а. ХIаъ, хIаъ… ДагадогIий хьуна вайша жима йолуш… оцу кхуран гIаш юккъехула чекхъюьйлучу маьлхан зIаьнаршца левзина…
А й б и к а. Иштта екхначу бIаьстенан Iуьйранна цу кхуре дIахьажа аьллера салташа Дамаде… ДIахьаьжначу цунна гинера, цу кхуран генах хьалаоьллина кхозу Лоьма…

Цуьнан дехха IиндагI Iуьллуш хиллера кхура кIелахь, дахделла. Оццул деха адам муха хир ду аьлла цецвелира ша бохура Дамада…
Йоьлхуш, дIатоь.
Э с и л а. Дала гечдойла цунна!
А й б и к а. Амин!
Э с и л а. Сан гIийла йиша, сан миска йиша…
Йиша маракъовлу, иза массо а вонах ларъян болчу лаамца.
А й б и к а. Со тоххарехь цунна тIаьхьа яхана хир яра, сан кийрахь кхолладелла адам ца хиллехь.
Э с и л а. Дала ма дохьийла! Дала ма дохьийла! Кхин дага а ма даййталахь, и саннарг. Ас хIун дийр дара хьо ца хилча?..
А й б и к а. Ас хIун дийр дара хьо ца хилча?.. Ма дика ду хьо цIа еана. Цхьа хан йолу, шиъ йист а ца хуьлуш.
Э с и л а ( цIеххьана, хьала а эккхаш
). Аби!.. Аби!..
Айбика! Хьажал!
Хи чу йолу.
Хи чохь луьйчуш шайтIанаш дара…
Вовшашна тIараш детташ дара…
ДагадогIий хьуна вай кху чохь лийчина, иштта дешнаш а олуш.
А й б и к а. Цхьанна чIогIа кхийтира.
Иза дала дижира.
Э с и л а. Суна тIера хи далийта,
Моьлкъанна тIера чкъор далийта.
А й б и к а. Цхьа ког, ши ког – шайтIан ког.
ШайтIанан хIуьттаренна,
Кхузза хи чу а кхетта, хьалаер ма ю со.
Э с и л а. ШайтIанна хIуьттаренна хьалаяла вайшиъ,
Аби, кху хи чуьра… аьлча а кху бали юккъера.
А й б и к а (хи чуьра хьала а йолуш). Эсила, ткъа вайшимма хIуманаш йиттина дагадогIий хьуна? Уьш малхе а ехкина, йиш а лоькхуш Iийна, дагадогIий, сарралц.
Э с и л а. Малх малх, схьахьажа,
Къийган бIаьрг балийта,
Хьозан маж ягийта,
Тхан хIумнаш якъаялийта

А й б и к а. Уьш сарралц якъа а ца елира. МаьркIажа хан хуьлуш цIаеъча, Бабас сара биттира вайшинна.
Э с и л а. Хьуна биттира. Со-м дIалечкъира…
А й б и к а. Ткъа дагадогIий хьуна, ишколехь со йоьалгIачу классехь йолуш, хьо хьалхарчу классехь. Со цхьана кIанта дIа а теттина вукхо буха ког тесна, охьатоьхна? ТIаккха хьо а эцна, лата яхара со цу шиннах.
Э с и л а. Эшийра вайша. Хьо йоьлхуш яра. Вайшиннан ваша велхьара, хьийзор яцара хьуна вайша, элира ахь.
А й б и к а. Хьо сол жима йоллушехь, йоьлхуш яцара.
Со тееш яра. ХIетахь ахь элира: «Собарде ахь, со стигал кхаччалц лакхаер ю хьуна, тIаккха ас цхьангга а хьийзайойтур яц хьо». ДагадогIий хьуна?
Э с и л а. Дера догIу.
А й б и к а. Делахь а йоккха хилча диццдира ахь уьш.
ДIатесира ахь со. Ткъа со гуттара хьан гIо оьшуш ма яра, со хьол йоккха елахь а.
Э с и л а. Суна цкъа а диц ца делира и дешнаш. Суна даима лаьара стигал кхаччалц лакхаяла. Лаьара сайн кхоллараллица, эшаршязъеш, уьш лоькхуш, цаьрца суо цIанлуш, адамийн синош цIандеш, сица лакхаяла лаьара, стигал кхаччалц… Хьох къаьстина, айса гIалахь мел даьккхина де а, оцу лакхалле бокху ког хилийта гIерташ къахьийгира ас. Амма дерриге а эрна…
А й б и к а. Хьан «Безаман Iуьйре» йиш… ма хазахетара суна и. Цо гойтура хьо дика эшаршлакхархо хилар.
Э с и л а. Йиш? Боккъал а хазахета хьуна и? Хетахь, ас хьуна локхур ю-кх иза. Сан хIинццалц хьоь хьажа, хьан тидам бан йиш а ца хилла хIинца хир ю…
Эсилас «Безаман Iуьйре» йиш локху:
Iуьйрене сатуьйсуш,
Чекхъяьлча буьйса,
Анайист цIий а еш
ГIоттучу малхе
Сайн гIайгIа догIанах
ХIутту со ялхо,
Дог цIарах дагадеш,

Сайн безам буьйцуш.
Хьан амат даима
Деха сан сица,
Хьох лаьцна хуьлуш ю
Ас мел йо ойла.
Со яьгна аре ю,
Хьан безам хилча,
ДогӀанах денъелла
ДӀахӀуттур йолуш.
Нийсархой буьйлу сох:
Сатийсар – эрна,
Ахь лоьху безам бац
Карор кху лаьттахь.
Ца оьшу ойланаш
ДӀаяхий гена,
Хьо яха нах санна,
Хьо яха атта.
ХӀетте а со теша
Хила йишйоцчух:
Зезагаш гӀовттур ду
Шийлачу лай тӀехь,
Кхин соьга безаман
Бала ца лайта,
Кхолламо яздийр ду
Шен керла йоза.
А й б и к а. Баркалла, Эсила… Сан сина хьаам би-кх оцу эшаро. ХӀокху тӀаьххьарчу шара чохь оццул сапаргӀат даьлла яц со.
Э с и л а. Иза-м ас кест-кеста локхур ю хьуна.
А й б и к а. Хьо эрна ца яьхна, сан йиша, и йиш-х яьккхиний ахьа. Стигал къекъа.
Э с и л а. И хӀун гӀовгӀа яра?… Герз дара и? Я стигал яра?
А й б и к а. Стигал ю. ДогӀа дан доллу. Ялолахь сихха, вайн цӀийнан тхов а бу дӀатабан безаш.

**III сурт**

Буьйса. Чохь.
Э с и л а. ДогӀа. Хьажахьа кху чу а догӀу догӀа.

Тховх чуоьгучу ладаршна буха куьйгаш лоцу.
Ма хаза а ду: цIа чохь а догIу догIа!
А й б и к а. ХIун ду кхузахь хаза? Иштта хIара чуэхахь, тхов тIекхетар бу. ДIахила буха бога хIоттаде ас.
Ший а охьа а хуий, тIадамийн эгаре ладоьгIуш Iа.
Иштта, цхьацца тIадам бен ца дагIахь а, сатасале IаьIар ду боги чохь хи. Иза тIех а гIур ду. Иштта жим-жима IаьIа хIума, олура Бабас. Дика а IаьIа, вуо а. Иштта, цхьацца хIума дича, ахь шарахь цхьацца-шишша йиш яккхахь а, хьан эшарш а IаьIар ю…Доккха гIуллакх ма ду иза.
Хьайн говзалла хилча, и охьа а тесна муха Iийр ю, Эсила… Цундела хабар а ца дуьйцуш, къахьега ахь… Эсила… Эсила… наб кхетта-кх…
Айбикас Эсилина тIе кортали тосу.
Дада, дада, хьо тIаьххьара юьрта веача санна догIа ду хьуна тховса а арахь догIуш, геннахь ткъес а детташ, корах чу серло а етталуш. Хьуна дукха ма дезара аьхкенан догIа. И дIа а сецна, малх гучубаьлча, вайша лела доьдура дIо бежнаш дIалохкучу бай тIе. Ахь сан куьг а лоций, ши ког а Iуьйра. Хьо схьавелахьара вайша тахана Iуьйранна а лелар дара иштта доладелла. Орган чуьра стигал кхаччалц хIоьттина стелаIад а гур дара… «Гой хьуна, дада» – аьлла, ас пIелг хьажийча, «пIелг ма хьежабе IаьржабIаьрг ер ю хьуна», – эр дара ахь. Хьо схьавелахьара…
ХIетахь тIаьххьара юьрта веанчу буса хьо, кора хьалха а хиъна язъеш Iара. ХIинца цхьа бода бу кора хьалха а, корал арахь а. Дада, дада… Ас гуттар а дозалла дора хьох, со тешара, хьох дуьненна а вевзаш стаг хир ву бохучух. Амма дерриге а цIеххьана галделира. Басах чухахкаелла чIург санна, хецаделла дахна тIулгаш тIе а кхетта, доьхна дIаделира.
Дада, дада, хIинца мичахь ву хьо? ХIун идош лела хьо?
Цхьа хан йолу.
Нана. нана… Суна хьо халла бен дага а ца йогIу…Сан цхьа шой, ахь шой бен ца хилла хьо леш. Нагахь хьо хIаваъ, я серло хилла коре еъна латтахь, чуйола, ма сеца цигахь, догIанехь, мела мох а хилий, тхойшиннан коьртах куьг хьакха, я стиглахь сега серло а хилий, хIара хIусам къагае…
СоцунгIа.
Баба, баба, ахь хIинца суна са ма гатде, хIора буса суна гIенах дуьхьал хIуьттуш…ХIинца со суо яц. Тхойшиъ шиъ ю – Эсила цIа ма еана.
Цхьа хан йолу.

Лоьма, Лоьма… Тховса а схьахIоьтти-кх хьо, оцу кхура кIела а веана. Хьуо ирх оьллинчу кхура кIела схьавогIу-кх хьо… ХIун лоьху хьан сино цигахь?
Эццахь набарх йолуЭсила.
Э с и л а. Айбика, хьо хьаьнца къамел деш ю.
А й б и к а. Цуьнца, сан хIусамдеца.
Э с и л а. Хьаьнца-а?
А й б и к а. Лоьмица.
Э с и л а. И…и… и вала ца велла?
А й б и к а. Веллехь а, хIора буса схьа а вогIий, дIо кхура кIел дIа-м хIутту иза… ДIахьажал хьо, дIо гу тIехь болчу боккхачу кхура кIелахь лаьтта хьуна.
Эсила корах арахьоьжу, леррина.
Э с и л а. Кхуран гIаларт-м го суна… Кхин хIума-м ца го.
А й б и к а. Цу кхура бухахь лаьтташ ву-кх иза а.
Э с и л а. Суна-м ца го. Цхьа кхор а, цуьнан IиндагI доцург –хIумма а.
А й б и к а. Цу бухахь цхьа серло ца го хьуна?
Э с и л а. ХIан-хIа… Ткъа хIун боху цо, дийцахьа.
А й б и к а. ДIайола боху шеца… Цкъа со яхара, цунна тIаьхьа. И дуьххьара гучуваьллачу буса. Со тIаьхьа кхиъалц ца сецаш, хьалха дIаоьхура иза. Дикка ихира тхойша.
ЦIеххьана и сецира. Со йолчу агIор схьа а вирзина, куьг а кховдийна: «Саца, кхин схьа ма йола, элира цо. Кхуззара юхаерза… Вайн доьзалхо а ву хила везаш».
Э с и л а. ОстопирлахI… Ткъа мича йигна хиллера хьо цо?
А й б и к а. И хьалхара дIаваьлча, гонаха хьежа елира со, мичахь ю хаа лууш. Со ГIиргIин-берда буьххьехь лаьтташ хиллера… цхьа пхи-ялх ког баьккхича, кIоргачу бердах а гIур йолуш.
Э с и л а. Хьо цомгаш ю, хьуна дарба дан деза.
А й б и к а. Со хьераяьллла алий, хабарш ма доладелахь…
Э с и л а. Ахь хIун дуьйцу?.. Делахь а хьо юха а цунна тIаьхьа йодахь…
Ай б и к а. Кхин гIур яц…Я цунна лаа а ца лаьа хIинца со шена тIаьхьа йогIийла…Цунна иштта хIора суьйранна вогIуш, соьца къамелаш дан лаьа.
Э с и л а. СагIийна хIума еллий ахь цунна тIера?

А й б и к а. СагIийна хIума яла адам кхузахь дан а дац, цхьа Дамад воцург. Иза суна гуш а вац, хаза-м хеза суна иза… Бакъду, олхазаршна хьаьжкIаш а, мукх а тосу ас,
Лоьмина тIера сагIийна хир-кх шу олий.
Эццахь йоккхачу тоьпан хIоъ эккха генахь боццуш.
Э с и л а. Ва-а, Дела, вайна улло етта-кх цара иза…
Хьажахьа и кхор божий-кх цара.
А й б и к а. Нийсса, Лоьма лаьттинчу туьйхи-кх цара.
Цуьнца ма чIогIа мостагIалла тасаделла хилла-кх церан, велча а ца вуьту-кх цара и.
Елхаран къурдаш до.
Э с и л а. Цунна дийриг-м дина бевллера уьш… сина церан дан хIума а дац.
А й б и к а. И кхор… Бабас ша бер долуш а бара бохура иза иштта боккха.
Э с и л а. Вайшиъ санна, цу бухахь левзина хир ю-кх иза а, цуьнан хенарнаш а…
А й б и к а. Бабас цуьнан кхораш хи чу буххура, цхьаберш – бакъабора, тIаккха цу бора.
Э с и л а. ХIинца вайшиннан йиш хир яц, цуьнан генашлахь маьлхан серлонца ловза.
А й б и к а. Иза кхор хилла а ма ца Iара… Иза вайн юьртан орам бара…ХIинца и орам а хадийна, юрт мохехь дIасаяржийна.
Э с и л а. Цу кхуран IиндагIехь ловза йиш хир яц вайн тIаьхьа догIучу берийн…
Эццахь хаза долало ламазе кхайкхар: «ОллохIу акбар!
ОллохIу акбар!».
А й б и к а. Иза Дамад ву, Iуьйр-ламазана кхойкхуш, сатаса гергадахана вайна.
Э с и л а. Уча яла вайша… ма дукха хан ю-кх суна юьртахь сатасар гина.
А й б и к а. Яло ткъа.
Уча йолу.
Э с и л а. ДогIа а дIасецна, стигал а екхна.
А й б и к а. Малхбале серлайолуш ю. Цигара,
БIаьндукъ-ломара стигал цIийлур ю, цIарах йогуш санна.

ТӀаккха дуьххьарлера маьлхан зӀаьнарш Орцан-дукъа тӀе кхетар ю…
Ас дукха тергал йина хьуна хӀара тайпа
Іуьйренаш хӀокху чохь…
Сан самукъа ца долура, малхбале серла йолуш а, я малх схьаккхеташ а. Оццул бохамаш хиллачу кху Нохчийчохь малх а муха кхетар бу аьлла хетара…
Э с и л а. Кхузахьчул и чӀогӀа оьшуш меттиг ян а юй техьа? Дика ду-кх буьйсанан бода дӀасабаржош схьакхета и малх болуш. Нийсса денна схьа ца кхеташ и хьебелча, сингаттамо хорам бина хьере хир дара адамаш. Далла бу-кх хастам, догӀано цӀандина гӀа-буц санна, боданах цӀанйина, къагийна Іуьйре дуьненчу ялон и малх хӀоттийначу Далла бу-кх хастам!
ДӀатоь. Оцухенахь геннахь цхьа гӀовгӀа йолу, хедашйоцу гӀовгӀа, иза чӀагӀло, герга теӀа.
А й б и к а. Хезий хьуна?
Э с и л а. Хеза. И хӀун гӀовгӀа ю?
А й б и к а. Делахь и гӀовгӀа йолуш ю-кх. Со-м шек яра, иза сан коьрта чохь ю техьа я боккъал а ю техьа бохуш.
Э с и л а. Боккъал а ю, герга гӀерташ а ю.
А й б и к а. Вайн юьрта богӀучу новкъа хьалагӀерташ ю-кх и гӀовгӀа.
Э с и л а. Машенийн, тракторийн гӀовгӀанаш-м яц уьш?
А й б и к а. Суна-м танканийн гӀовгӀанех тера ма хета..
Юьртахой-м бац техьа цӀа боьрзуш?
А й б и к а. Хаац. Эскар хила а тарло юхадогӀуш… хьеха дӀаяхча хӀун дара техьа вайша?
Эсила. Иза хӀуъу хилахь а, вайша вайн цӀахь ю. Шена луъург гӀо хьеха, вайшимма кху кертара ког боккхур бац.
А й б и к а. Везиндела, хӀун хила доллу техьа тхох а, хӀокху дуьненах а? Везиндела, хӀун хила доллу техьа?!
ГӀовгӀа чӀагӀло, музыка.

К и р х ь а.

# Стигал кхаччалц лакхаяла

Цхьана декъехь драма
Дакъалоцурш:
Эсила – 25 шо
Айбика – 28 шо
Суьйре. Юрт. Аьхке. ЦIа чохь ша ю йоккхах йолу йиша.
ТIорказ схьа а доьллий, хьоьжуш Iа иза, цу чуьра цхьацца кIадеш, бедарш луьстуш.
А й б и к а. ХIара шал ду, Баба, суна ахь эцна. ХIинца наха ца леладо аьлча а: «ТIергIан хIуманан мах цкъа а бовр бац хьуна». Мах ца бовш хIума хила а ца хиллера, Баба. Ахь гуттар а йийцинчуцIеналлин а тIаьхьа.
ХIора денна Iовраш муьйлуш лелачарна дицло шовданаш. Хьо дIаяхначул тIаьхьа кхин ши шовда а лекъна, Баба.
Оцу хенахь, меллаша неI йоьллий, неIаре дIахIутту Эсила. Ши йиша вовшашка хьоьжуш льатта.
Э с и л а
(Эххар, шегара чамданаш охьа а хIиттош).
Хьан неI къевлина яцара.
А й б и к а. Кхузахь неIарш дIа а ма ца къовлу.
Э с и л а. Ца къовлу? ГIалахь-м къовлу. Чоьхьа ма бевлли дIакъовлу.
А й б и к а. ХIинца-м кхузахь а къовлу цхьаболчара… Бабас ца къовлуьйтура, вай дина хIумма а дац… нахах кхера…
Э с и л а. Дина хIумма а дац…
Тийналла. Ши йиша, цIеххьана вовшашна тIе а хьодий, маракхета.
Со тIаьххьара йогIучу автобусца еара. Садайча кхечира со Органа йисте, маьркIажа хан хуьлуш. Суна хIун хилира хаьий хьуна? Со тIайтIе охьакхоччуш, бердах чу цхьа тIулг хецабели. Сеци со. ТIаккха дуккха а тIулгаш чухецадели… Эццехь со саца ца сецнехьара, тIулгаша дIахьулйийр яра… Цхьа а стаг ца кхийтира суна цIа вогIуш.
А й б и к а. Хьо тIаьхьаяьлла хилла новкъа.
Э с и л а. ХIаъ, тIаьхьа йогIучу автобусца еара со… Вайн ломах ах некъ бина а ялале Iаржъелира. Доккха хIума хIун дара хаьий хьуна, со цхьа цуьрриг кхера ца кхоьрура суо вайн ломах хьалайолуш.
Массо хIума а цхьа хьоме хетара: тIулгаш, седарчий, хьун, ура-ат- талла акхарой а – цара сайна цхьа а зен дийр доцуш санна хетара. Хьалха ма чIогIа кхоьрура барзах… Айбика, некъ ломах тIеболлучохь хилла шовда лекъна-кх. Хьагъелла, мала дагахь, улло гIоьртинера со… Хи лохьа суна мала.
А й б и к а. Хьо чамданца ма ю…
Э с и л а. ХIара ца хиллехь-м, со тоххара цIа кхаьчна хир яра.
А й б и к а. Ткъа стенна… чамда?
Э с и л а. Со гуттаренна а еъна цIа.
А й б и к а. Муха, гуттаренна а…
Э с и л а. Ииштта, Iодика йойла, гIала! Гуд бай!
А й б и к а. Ахь бегаш бо?
Э с и л а. Бегаш? Бегаш беш хилча, йогIур ярий со, хIара чамда а текхош?
А й б и к а. Ткъа хьан болх?
Э с и л а. И болх бита дагадеъна суна. Хьо ма цецъяьлла, хи лохьа суна мала.
А й б и к а
(халахетарца).
Ахь муха буьту и болх? Хьо нахана оьшуш ю.

Э с и л а. Цхьа а стаг вац-кх со оьшуш, ша хьуна ца эшахь, хьуна а ца эшахь, со, дIа а яьлла, дIагIур ю.
А й б и к а. Мича?
Э с и л а. Хьуьнах, лаьмнашка. КIайн, цIена ло долчу, лекха баххьаш долчу, оцу лайлахула со лома хьалаоьхур ю, сайн ницкъ а кхачийна, бертал йожжалц, тIаккха…
ХIаъ, хьуна со ца эшахь, со…
А й б и к а. Ахь хIун дуьйцу. Суна муха ца оьшу хьо? Вайшиъ ши йиша ма ю.
Мар-мара а кхетий, лаьтта.
Э с и л а. Хи лохьа суна, хьагъелла со.
А й б и к а. Делахь а… Суна ца хаьа, иштта муха мегар ду… Оццул шераш дайина, цIеххьана дерриге а охьатаса.
Э с и л а. Мегар ду-кх, иштта…
А й б и к а. Хьо хьеръяьлла, хьайн гIуллакх стенна дохадо?
Э с и л а. ХIун гIуллакх ду и?
А й б и к а
(оьгIазе) .
Хьуна ца хаьа. Эшарш лакхар. Дуьненна а евзаш, эшаршлакхархо хила езаш ма яра хьо.
Э с и л а. Яра. Ца хили.
(Дегабааме).
ХIинца йоккхае. Ела! ЧIогIа резайоцуш а яра хьо. Гуттар а со папина тIехьетташ.
А й б и к а. Яра. Суна ца лаьара моьтту хьуна, хьуна санна, гIали тIехь Iен, музыкальни училищехь деша, эшарш лакха…
Э с и л а. Эшарш лакха! Эш-ш, лаарх, лекхалуш ю уьш? Лаарал совнаха, говзалла хила еза.
А й б и к а. Деша гIо, художник хир ю хьох, бехира хьуна соьга а, хьанчул говзалла йоцуш яра со? Эшарш ца лакххахь а, мила вара ас санна суьрташ дохкуш ишколехь?
Э с и л а. Хиллехь, хьо папас, со санна, дIаюьгур яра гIала.
А й б и к а. Со папас гIала дIа стенна ца йигира ца хаьа хьуна?
Э с и л а. Ца хаьа.
А й б и к а. Со дIайигнехь, мила Iийр вара Бабица? Iуьйкъахь метта хьала а хиъна, шен хеназа кхелхинчукхаа кIантана а, шина йоIана а, дийна висна цхьаъ бен воцчу, гIалахула къаьркъа муьйлуш, шел тIаьхьа дитина цхьа а боьрша бер а доцуш, доьзалан хIу хадийна лелачу кIантана – вайн папина а йоьлхучу цуьнга «ма елха» хьан эр дара; хьан дуьллур дара цуьнан сингаттамах кхеххкачу хьаьж тIе куьг; хьан дохьур дара цунна хин ведар; хьан ладугIур дара цуьнан хабаршка; хьан оьцур дара цуь- нан дог, со, шу санна, хьой, папий, мамий санна, сайна товрриг деш лел- лехь, хIан? Со аш дIайигнехь а йогIур яцара цига.
Э с и л а. Ткъа хIун лардеш Iара, кхуза а хиъна, Баба, шен кIант волччу дIа ца йогIуш?
А й б и к а. Еара иза. КIира а ца даькккхира вайгахь.
Э с и л а. Стенна? Iен езаш хиллера-кх, ца Iийра-кх, гIалахь етт лелон йиш а яц, хьаьжкIа, гIабакх ен меттиг а яц, котамаш мичахь лелор ю?
Балкон тIехь лелор ю-кх! Хьа-хьа-хьа. Етт цига дIабоьхкур бу-кх. Хьа- хьа-хьа.
Ай б и к а. Стенна йоьлу хьо? Стенна? Хьуна ца хаьа, иза юьрта юха хIунда еара? Бежнаш лелон меттиг яц аьлла еара моьтту хьуна иза, шен цхьаъ бен воцу кIант а витна? Я хIара юрт дагайоьхна? Хьуна хаа лаахь, цунна вайн папел дукхадезаш хIумма а дацара хьуна.
Э с и л а. Ткъа стенна еара иза?
А й б и к а. Мама бахьнехь. Цуьнан моханаш бахьнехь, цо цигахь даькккхинчу кIирнах цхьана а дийнахь чохь ма ца сецира иза, цкъа а Баби- на беза кхача ма ца бира цо, цкъа адамийн маттахь, цуьнан дог хьостуш, йист ма ца хилира иза… Иза муха Iийр яра мостагIица цхьаьна чохь.
Э с и л а. Со мамех а кхета. Баба реза яцара цунна, иза ялош а дуьхьал хиллера. И дерриге а мамина хаьара.

А й б и к а. Бабин метта хилча, со а хир яра иштачу несана дуьхьал.
Э с и л а. Ахь хIун дуьйцу? И хьан нана ма ю?!
А й б и к а. И сан нана елахь а, боху-кх ас. Цхьаьннан а бакъо ма яц, нехан доьзале а еъна, шен Iедал хIотто гIерта. Доьзал – и дийнна цхьа дуьне ма ду, шен низам а долуш. Ша оцу дуьненах дIаиэн ца луург, шен цIахь Iен еза, нехан дуьне а ца дохош.
Э с и л а. Нанас хIун дуьне дохийна?
А й б и к а. Кху кертахь лаьттина дуьне: воккханиг – воккха а, жиманиг – жима а волуш, эхь-иман а, гIиллакх-гIуллакх а долуш, лаьтти- на дуьне. Иза вайшиъ дуьненчу а ялале хилла.
Э с и л а. Мамин а ца хилла бехк. Цунна хала ма хилла кху ламчохь, гIалахь хьалакхиъна йолчу.
А й б и к а. Парижехь кхиъна хилча а, боху ас. ХIара мила ю курал- лаш ян, нахах ца яша.
Э с и л а. Цунна вайн папа везара.
А й б и к а. Везара, иза могаш а, балхахь а, нахана оьшуш а волчу хенахь. Дера, ца ийшира цунна, къаьркъа мийла волавелча-м. Иза а, со а, хьо а охьа а тесна, маре яхар-кха. Хьаьнга? Машенан аьчгаш юхкучу спекулянте.
Э с и л а. И, мухха елахь а, вайн нана ю-кх.
А й б и к а. Ткъа Бабас хIун бохура хаьий хьуна? И керта еъчхьана, шен массо кIант вовшашца ийгIира бохур-кха, уьш массо а, хIара керт къахьъелла, дуьне мел ду дIаса а ваьржина, хIаллакьхилира. И сан нана елахь а, со къинтIера ер яц цунна.
Э с и л а. Ма, ма аьллахь…
А й б и к а. Я цунна а, я папина а…
Э с и л а. Ахь хIун дуьйцу, веллачу папиний?.. Хьо къиза стаг ю.
А й б и к а. Къиза ю… Со йина-кх иштта къиза дахаро… Сан дас, нанас…
Э с и л а. Ахь хIун дуьйцу, папин хIун бехк бара, цо-х цхьана а садолчу хIуманна вуон болх ца бина…
Ай б и к а. Ца бина?Шен доьзал а, нана а, дерриге а дуьне а диццдина, къаьркъанна тIаьхьа а ваьлла, хIаллакьхилар? И хьенан бехк бара?
Э с и л а
(мохь болуш).
Ма дийца! Иза иштта хьуна ма хетта дацара.
Ай б и к а. Дера дацара. Иза чолхе хIума дара. Шу интеллигенташ ма дара, шух тхо, юьртахой, кхетар а ма дац. Сой, Бабий Iовдал ма яра…
Шу кхоъ кхеташ дара… Хьуна бакъдерг хаа лаахь, шу кхуьа а: хьо а, мама а, папа а, – шайн бен, кхин цхьаьннан а бала боцуш дара, ура- атталла вовшийн а цхьаьна…
Э с и л а. Ма дийца и, хьо бакъ яц.
А й б и к а. Цундела шух хIора а шен-шена товриг деш лийлира, мама, вай охьа а кхийсина, маре яхара, папа къаьркъанна тIаьхьа велира
– шена цуьнан бен цхьана а хIуманан бала боцу дела.
Э с и л а. Сацийта! Папина хIокху дерриге дуьненан а бала бара.
А й б и к а. Дуьненан бала хила атта ду, шен ненан бала хуьлучул…
Э с и л а. Сацийта! Суна хаьа хьуна, ахь и стенна дуьйцу. ЛадогIа ахь соьга. Хьо, хIинца а цхьаьннан а цIартIехь а йоцуш, къанлуш ю… Хьо къанлуш ю, церга балда а лаьцна, хьайн бала а лан де а доцуш.
А й б и к а. Ма, ма…
Э с и л а. ХIаъ, хIаъ. ЛадогIа ахь! Суна а дацара хьуна хьоьга ладогIа атта. ХIаъ, хIаъ. Ахь сатуьйсу принц, хьо и бахьнехь яла гIиртинарг, гIалахь суна тIаьхьаваьлла а лийлира хьуна, со шена реза ца хилахь, лийр ву ша бохуш…
А й б и к а. ХIун-хIу-ун? Мила-а?
Э с и л а. Мила вара иза… Хьуна хан а йиллина, вайнарг… ХIун яра цуьнан цIе… Ваха вара и я Дукха Ваха…

А й б и к а. ХӀун? Бакъдац иза. Бакъдац.
Э с и л а. Бакъду… Суна цхьанна тӀаьхьаидда ца Ӏийра иза… Оцу филармонехь цхьа а яцаракха иза тӀаьхьа валаза… Цо безам бийцаза…
Эсилина ша и дуьйцучу хенахь а хаьа ша йишица дукха къиза юйла. ХӀетте а, саца ца соцуш, чекхйолу иза. Тийналла лаьтта.
Айбика, хьайна луъург ала мамина а, хьайна луъург ала суна а. Амма хьан бакъо яц хьуна папина хӀума ала. И санна, вайн къомах дог лозуш стаг хир а вацара. Иза дуьненна а вевзаш поэт хир вара, нагахь и вит- нехь…
А й б и к а. Хьан ца вуьтура иза? Бабас-м ца олура цуьнга хӀумма а.
Э с и л а. Бабас ца олура… ХӀумма а ца алахь а, цуьнан дог-м ца оьцура я цо а, я ахьа а. Хьуна ма ца хаьа кху махкахь къайлахь хӀун ду?
Хьуна хаьий цӀена мел долу хӀума бехдан тӀаьхьадевлла лелаш цхьа ада- маш, аьлча а, цхьа адам-йилбазаш дуйла…
А й б и к а. Муха? Ӏедале дӀаала ма деза, цо совцор бу.
Э с и л а. Уьш Ӏедало лелош бу, массо нахах синошца леш бан…
ХӀара лайн Ӏедал ма ду. Иза соьга папас элира. Папа хьийзийра цара, хьайн къомах дозалла дар дита, хьайн стихаш партех лаций язье, шайн айкх а хила бохуш… Папас, цара иза мел дийци, кхин а дукха язйира нохчийн гӀиллакххех, нохчийн махках. Ткъа вай цӀера даьхна 30 шо кхочуш драма язйира… Иза цо шен доттагӀчунна еша а йийшира… Цул тӀаьхьа, дукха хан ялале, папин кабинета чуьра яйра иза. ТӀаккха папе цхьана метте кхайкхира…Цигахь хиллера цуьнан драма. Суна дагайогӀу иза цигара цӀавеъна суьйре. Гуьйре. ТӀаьххьарчу беттан муьста суьйре. ДогӀий, лой цхьаьний догӀура цу сарахь. Иза, чу а веъна, шен кабинета чохь Ӏара. Стоьла тӀехь Ӏуьллучу цӀенчу кехате а хьоьжуш Ӏара иза.
Ӏадийча санна. Со, когаш тӀе охьа а лахъелла, цуьнга хьоьжуш Ӏара. Эх- хар а, соьга схьа а хьаьжна, цо элира: «Гезгамашано лаьцна накхармоза гиний хьуна? Оцу накхармозин санна дукх хьан ден гӀуллакх». ТӀаккха иза газетера дӀаваьккхира, цхьанххьа а зорба ца тухура цуьнан цхьана а стихотворенина… ДоттагӀий бу бохуш, цунна юххе бевлла лелларш, тӀапъаьлла байра. Царах дукххаберш, шайна тӀедиллина декхар кхочуш- деш, юххе бевлла хиллера. Папина уггаре а чӀогӀа Ӏаьткъинарг иза дара, оцу халчу хенахь тхой- ша дӀа а тесна, мама шен ден цӀа дӀаяхар. ТӀаккха волавелира иза къаьр- къа мийла.
А й б и к а. Стенна? Кхуза цӀа а веъна, Ӏийр вара-кх.
Э с и л а. Иза кхузахь вуьтур вацара… Уьш миччахьа а кхочу. Стаг, велча бен, кӀелхьара ца волуьйту. Иза вала а велира. Шена хӀара дуьне, гӀу санна, кӀорга а, Ӏаьржа а хета дела… цу чуьра хьалавала йиш йоцу дела…
Тийналла.
А й б и к а. Соьга а, бабига а схьадийца дезар-кха. Вайна цхьа некъ карор бара.
Э с и л а. Дера бара цунна тӀебоьжнарг боккха бала. Дуьненнал…
Харцонна буха саца иза дукха кура вара… ХӀетахь и мала волавелча а аьллера цуьнга адам-йилбазаша, шайн накъост хила аьлла, шаьш балха меттахӀоттор ву хьо, гӀуллакхаш дика а хир ду хьан… Папа реза ца хиллера. ХӀетахь ас элира цуьнга: «Папа, хьо тӀетайча хӀун дара техьа царна».
А й б и к а. Ахь хӀун дуьйцу? И муха аладеллера хьоьга? Дадех муха хуьлу моттбеттарг?
Э с и л а. Йоха ца оьшу хьуна, ца хилира хьуна цунах айкх… Амма суна иза, хӀуъа дина а, дийна виса лаьара. Ткъа цунна шен дахарал а деза дара сий, ша вайна тӀаьхьа юьту цӀе. «Массарах а я айкх, я осала леларг, я хьаьким хилча, нохчийн къомах хӀун хир ду? Мел хала делахь а, цӀена нах а хила ма беза», – элира цо.
Тийналла.
А й б и к а. Нана, нана, суна хала ду
ХӀокху адмийн, дикчу адмийн хьуьнхахь.
Моьтту хир ду Ӏаш ву гӀалахь со,

Бакъдац иза – хьуьнхахь веха хьуна…
Соьга буса Iуьйккъехь кхойкху аьзнаш,
Самавохуш, кхойкху леллаче.
Цигахь зазадоккхуш кхуран гаьннаш
Беттасинехь леста гаьнгалех.
Оцу аьзнийн лорах вогIий, кхочу
Кхуро заза доккхучу вайн дукъа.
Акха жIаьлеш догIу суна коча,
Деса некъаш хьийза яраш юккъехь.
Соь маршалла цхьаммо а ца хотту –
Я кхуро а, я букарчу Iожо.
Экккха гIерташ, сан дог хьаьвза готта,
Логехь соций беттан серло можа.
Нана, нана, со ца кхета билггал
Iожо, кхуро буьйцуш болчу маттах.
Бохам бу и, тIулго лан ца тиггал,
Бохам бу и, дуьне кхин ца латтал.
Нехан маттах со ца кхетта цкъа а,
Iаламан мотт бара кхетарг суна…
Со висарна мотт ца хууш цхьа а,
Стигал йоьлху, Iенош бIаьргийн суйнаш.
Вер ву, нана, ахьа бахахь, вер ву
Сатасале вайн баьццарчу орца.
Вицлур вац со къилбехьа дIаверза,
Кху декъазчу синна доьхуш орца.
Ахьа гIийла ойла ма е цхьа а,
Ирс дайна а ма хета хьайн кIентан,
Мехкан бала бухатухуш, сагIа
Хила доьгIнехь, дац хьуна и кIезга.
Э с и л а. Вайн папас язйина ю и? Суна евзаш ма яцара.
Ай б и к а. Ша вала бутт хьалха, цIа веъча, соьга кехат, ручкий дехна, язйира цо. Аса сайн ишколехь хилла тетрадь делира. Кхин кехат чохь дан а дацара. Ша дIавоьдуш, дIадахьа дицдинера цо и… Бабас тIорказ чу дIадиллира иза. Дадас тIе къолам хьаькхна цхьа а кехат дIа ца кхоссуьй- тура Бабас, жайна санна, Iалашдора.
Э с и л а. Суна хIун хета хьий хьуна, Айбика… Иза цара вийна аьлла. Вен а вийна, Соьлжи чу кхоьссина аьлла.
А й б и к а. Муха?
Э с и л а. ХIаъ, иштта сан ойла-м ю. Иза Соьлжи чохь карийна аьлла, схьа а хазале, вайн цIа тIекIел туьйхира, цуьнан кехаташ лоьхуш. Уьш-м ас, хьалххехь схьа а гулдина, даго цхьаъ хьоьхуш, хIокху сайн чамди чу а дехкина, сайца ансамблехь болх бен накъост йолчохь охьадехкира.
Ай б и к а. Иштта хилча, хIинццалц и хьаха а ца дешхIунда Iийна хьо?
Э с и л а. Хьахийнехь, хIун дан йоллура хьо?
А й б и к а. Ас хIумма а ца дахь а, вайн гергарчу нахе дIаэр дара-кх.
Тайпа дац вайн, тукхум дац?
Э с и л а. Тайпано, тукхумо дан хIума дац царна. Цу тIе билггала хьаьнга хIун эр ду вай? Хьанна хIун гина? Цхьанна а, хIумма а… Хууча- ра дийцарехь, цара шаьш хIумма а ма ца до – кхечаьрга дойту.
А й б и к а. Мухха делахь а, схьадийца дезаш хиллера. Баккхийчарах дагавала везаш хиллера. Сан ойла йирий цо, ша къаьркъа мийла вола- луш? Я шен ненан ойла йира?

Тийналла. Айбика букъ а берзийна льтта. Эсила эххар а
Айбикина уллохь охьалахло.
Э с и л а. Айбика… къинтIера яьллахь суна… Иза бакъ дацара хьуна… ас аьлларг, Дукхаваха суна тIехьийзаш вара аьлларг…Ахь оьгIаз а яхийтина, элира ас… Делахь а, иза ахь сагатдан оьшуш стаг вац хьу- на…
Айбика цунна юххера дIахуьлу.
Аби!.. Аби!..
А й б и к а. ХIун боху ахь?
Э с и л а.
Хи чохь луьйчуш шайтIанаш дара…
Вовшашна тIараш детташ дара…
А й б и к а.
Цхьанна чIогIа кхийтира,
Иза дала дижира.
Ший а йоьлу.
Э с и л а. ДагадогIий хьуна, вайша Бабех лечкъина, ахка тIе лийча ихна…
А й б и к а. Дера догIу…
Суна тIера хи далийта,
Моьлкъанна тIера чкъор далийта.
Э с и л а.
Цхьа ког, ши ког – шайтIан ког.
ШайтIанан хIуьттаренна,
Кхузза чу а кхетта, хьалаер ма ю со.
А й б и к а. И аьлча, хьала мича йолура хьо. Кхин тIе уьттазза хи чу кхетара.
Э с и л а. Ткъа вайшимма хIумнаш йиттина дагадогIий хьуна?
А й б и к а. ХIаъ, уьш малхе а ехкина, йиш а лоькхуш Iийна, дагадогIий, сарралц.
Малх, малх, схьахьажа,
Къийган бIаьрг балийта,
Хьозанан маж ягийта,
Тхан хIумнаш якъаялийта.
Э с и л а. Уьш сарралц якъа а ца елира, маьркIажа хан хуьллуш цIаеъча, Бабас сара биттира вайшинна.
А й б и к а. Ткъа дагадогIий, ишколехь со йоьалгIачу классехь йолуш, хьо хьалхарчу классехь. Со цхьана кIанта дIа а теттина, вукхо буха ког а тесна, охьатоьхна? ТIаккха хьо а эцна, лата яхара со цушиннах.
Э с и л а. Эшийра вайша. Хьо йоьлхуш яра. Вайшиннан ваша велхь- ара, хьийзор яцара хьуна вайша, элира ахьа.
А й б и к а. Хьо, сол жима йоллушехь, йоьлхуш яцара. Со тееш яра.
ХIетахь ахь элира: «Собарде ахь, со стигал кхаччалц лакхаер ю хьуна, тIаккха ас цхьаьнгга а хьийзайойтур яц хьо». ДагадогIий хьуна?
Э с и л а. Дера догIу.
А й б и к а. Делахь а, йоккха хилча, диццдира ахь уьш. ДIатесира ахь со. Ткъа со гуттара хьан гIо оьшуш ма яра, со хьол йоккха елахь а…
Э с и л а. Суна цкъа а диц ца деллера и дешнаш. Суна даима а лаьара стигал кхаччалц лакхаяла. Лаьара сайн кхолларалл ица, эшарш язъеш, уьш локкхуш, цаьрца суо цIанлуш, адамийн синош цIандеш, сица лакха- яла лаьара, стигал кхаччалц, седарчий лепачу Iаьршашка кхаччалц…
Хьох къаьстина, айса гIалахь мел даьккхина де а, оцу лакхалле боккху ког хилийта гIерташ, къахьийги ас. Амма дерриге а эрна…

А й б и к а. Ткъа стенна? Хьан «Безаман Іуьйре» массарна а езаш ма яра. И йиш юкъаяьлча, массо а ма вара и локхуш.
Э с и л а. Цул тІаьхьа бен дІа а ца доладелира дерриге а.
А й б и к а. ХІун дара иза, дІадоладелларг?
Э с и л а. Дуьне довзар.
А й б и к а. Дуьне?
Э с и л а. Дуьне а, сайна гонахара нах а. Папа кхелхинчул тІаьхьа, цуьнан а, цуьнан доттагІийн а ойла ян юьйлира со…
НеІ етта. «Айбика! Айбика!» – бохуш а хеза. Айбика, арайолий, юха сихха чуйогІу, карахь хадоза чІепалг а долуш.
Ай б и к а. Хьажахьа, пІераскан буьйса хилла-кх вайна. Йицъеллера- кх со…Баба-м йицлур яцара. Цо хьалххехь кечам бора пІерасканан буьй- санна. ДІа ма гІолахь, Аслан… Лулахойн кІант ву и. Яла кечйина хІума а яц-кха, хІара туьха ца лахь…
Туьха а оьций, арайолу.
Аслан! Аслан!
ЧуйогІу.
Тховса а сагІийна хІума ялаза йиси-кх со. Баба…
Э с и л а. Мала хи лохьа суна…
А й б и к а. ХІун йиъна ахь хи мала? ХІаъа, Баба реза хир яцара суна, тховса сагІийна хІума ца елла аьлла. СагІано бухатуху, олура цо, тІебогІу бохам… ЙоІана оьшуш оьзда хилар ду, цІен тІехь гІуллакх дан хаар ду, иза а олура Бабас. Кест-кеста, со ойлане мосазза ели, Бабас олура: «Шек дІа а ма яла хьо, маха баккха а хаьа, кхача кечбан а хаьа, дезарш дан а…
Дукха бевр бу хьуна хьо оьшуш къонахий. Оьздачу йоьІан цкъа а сий довр дац хьуна». Со дуьхьал йист а ца хуьлура. Со тешара Бабех, суна моьттура, мацах цкъа Бабина санна, цхьа дош дош долу, дуьненан мехха волу кІант хІокху вайн шовдана йистте схьахІуттур ву. Амма денош а, беттанаш а, шераш а дІаоьхура, ткъа и къонах кІайчу динахь ца кхочура вайн шовдана тІе; малх чубуза лахбеллачу хенахь, цо ца олура, мацах
Бабе цуьнан тІехьийзачу кІанта санна: «Суьйре дика йойла хьан, Айби- ка. Хьайн гІиллакх-оьздангаллица нахалахь цІеяхна хьо йолу дела, хьох бІаьрг тоха, хьо йовза веъна-кх со. Хьуна денна а схьахІуьттучу кІентел суо тоьла-м ца бохура ас, делахь а, и кхолламан йоза муха ду ца хаьа-кх вайна цхьанна а». ХІан-хІа, ца элира соьга и тайпа дешнаш цхьамма а.
Наггахь, шарахь цкъа-шозза соьга вистхила веънарг Бабас суна бийцин- чу, сан дагчохь бехачу къонахашна аьттехьа а ца вогІура... Цундела ас тІе ца дуьтура церан гІуллакх. Дукха кІезиг бара уьш сица а, къамелаца а, гІиллакхашца а. Цундела со юхайоьрзура хІокху керта, Іаьнан ехачу буьйсанашкахь тІаргІа къажбан, бІаьста керт ахка, аьхка асарш дан, гу- рахь хьаьжкІаш тилон, уьш дуо чу йохка. Бакъду, гІалара веъначу оцу цхьаннах, ахь суна тІехтоьхначух, жимма Іеха-м еллера со…
Э с и л а. Ма хьехавехьа иза, хабар бен, хІумма а дац хьуна цуьнца.
А й б и к а. Иштта хиллера – деккъа хабар. ТІаккха кхийтира со. Бац
Нохчийчохь хьалхалера къонахий. ДІабевлла, дуьне а хийцаделла, нах а…Сой, Бабий тІаьхьайисна, тхойшиъ кхечу дуьненчуьра ю…ДІо латта охкуш карийна кхийра ши пхьегІа ютхойшиъ. Нехан бехк а бац, сан сайн бу, тоххарехь хІаллакьхиллачу, кІур боцуш яьгна дІаяьллачу Бабин за- манца яха гІертарна. ХІинца гайта деза, коьртара хІума дІа а яьккхина – месаш, йоца юбка а юьйхина, – нийса настарш а, гуттара йоьлуш могаш кІайн цергаш а. ТІаккха тидам бан а тарло хьан. Вуьшта хьанна оьшу хьан тийна-таьІна хилар, боьрша стаг схьахьаьжча, хьан эхь хетта лаьтта бІаьра хьежар, хьо воккхачуьн некъ ца хадош, сецна латтар?…
Амма цунах кхетча а, суна хиира суо кхечу кепара хилалур йоций.
Со ширчу заманахьлера яра. Цундела аса сацам бира, сайн дахаран ойла ца еш, хьуна гІо дан, хьо ирс долуш хилийта къахьега. Суна моьттура, бакъдолу дахар цигахь, гІалахь дІадоьду. Оцу

бакъдолчу дахарца ехаш ю моьттура суна хьо…
Ткъа хIинца, хьо а цIа еа…
Тийналла.
Э с и л а. Хьуна Бабас дийцинчул, Iамийнчул лекха а, деза а хIума дац-кха хьуна лахенца, гIалахь а, дерриге а дуьненахь а… Суна хьалха мотта-м моьттура массарал а деза хIума эшаршлакхар ду. Амма де-дий- не мел дели и тешам гIеллора. Суна гора сайна гонах берш, соьца цхьаь- на болх беш берш. Уьш массо а, со санна, шайн бIаьстенан Iуьйренах тера болу сатийсам бахьаш баьхкинера ансамбле, цигахь цхьаъ ду моьт- туш, шайн цIена ойланаш а яхьаш. (Уьш дукххаберш ярташкара бара, гIала культуран центр ю аьлла, цIерабевлла). Амма церан дегнашкахь хилла дуьненна а летта Диканан суй марса а баьккхина, цунах йоккха цIе- м муххале а ца йора ансамблехь, мелхо а иза хIаллакйора, цу тIе осала, бенцахетаран шийла Iовраш а етташ. Цхьаберш, и иштта хила дезаш санна, IаддаIара, вуьйш, шайн хирг деш, дуьхьал а бовлура. Амма эххар а уьш къарбора къизачу чорхо. Хийла сатийсамаш хIаллакбина, кхолла- маш хIаллакбина ансамблашкахь, кхечухьа, кхечухьа. Уггаре вониг хIун дара хьуна аьлча, шайна чохь сатийсамаш баьгна и нах, тоххарехь искус- ство а, театр а йицъелла, доьзалш кхолла а ца ларош, вовшийн синош дууш, къаьркъанаш муьйлуш, харцахьа лелаш, хьаьгIнаш лелош, шаьш къанбелча а къанбеллий ца хууш, юкъараIойлашкахь боххура. Валар а цIеххьана хуьлу церан, цкъа мукъна а Дела дагалаца, ойла цIанъян а ца ларош – къаьркъа меллачохь, я хьерволий, я къеначеран цIийнехь, я велча дIаволла пхи-ялх стаг вовшах а ца кхетара…
Церан бала бац я Iедалан а, я гергарчеран а, уьш цхьа декъаза миска- наш бу, дерриге а дуьненна дарбелла бехаш. Нагахь шайна юккъехь жиманиг нислахь, шен говзаллица, цIеналлица дуьне цецдоккхур ду моь- ттуш, воккхавеш хьийза жиманиг нислахь, цара цунна гуо бо, иза шайх тарваллалц юкъара а ца волуьйту, эххар а тарвелла, шайн когашка воь- жча, уьш цунна тIе а хIуьттий, буьйлу.
Иштта го бира суна а, сан «Безаман Iуьйре» йиш араяьлча. Ца лабе- лира цаьрга сан кхиам. Хьалха-м суна дуьхьал дош ала хIуттуш стаг а вацара: папех озалора уьш. Цуьнан стихаш тIехь ма яра тхан ансамблан репертуар. Цу тIе тхан куьйгалхо а ма вара, ша папин «доттагI» ву бохуш…
Ши де хьалха оцу «доттагIчо» хIун боху хаьий хьуна соьга: «ДIаели ахьа хьайна луъ-луъург лелон зама. ХIинца ас боххург дийр ду ахь».
«Со хьенан йоI ю хаьий хьуна?» – боху ас. «Хаьа, – боху, – Iедалан мостагIчун йоI ю. Iедало хьо соьга балхара дIаяккха боху дукха хан ю.
ХIетте а…».
«И эрна къа ма хьегалахь, со хир яц хьуна хьан лай», – цуьнга а аьлла, цIа еа-кх со, церан когашка ца йожа.
Бабас олу бохур-кха ахь: вай нахана дина хIумма а дац, нахах кхера.
Бабас бийцинарш хьалхалера нах хиллера. ХIинца кхин бу нах, хьо дика мел хили, хьан мостагIий хуьлу, хьуна тIехь доцург кхолла гIерташ.
А й б и к а. Цигара дIаялархь… дита оьший хьайн гIуллакх… Вайн халкъана оьшу хьан эшарш.
Э с и л а. ВаллахI, ца оьшу цхьанна а. Iаьнан заманахь шийлачу клубашкахь концерт хIотто дахча, тхоьга хьовса баьхкинчара маьхьарий детташ, шакарш етташ, боьхий, цIений багош леош, тхо жухургийн дар- жехь а ца лоруш, цIа дирзича, сан ойла хуьлура, вайн къомана искусство эша а оьший техьа олий. Эшахь а, тхан искусство-м ца оьшу, цхьа кхечу кепарниг оьшу-кх!.. Нохчийн са а, нохчийн юьхь а йолуш. Ткъа тхо моттаргIанаш лелош дара…
Цундела ас дитина иза.
А й б и к а. ЦIахь хIун дийр ду ахь?
Э с и л а. Дан хIума карор ду. Хьоьца цхьаьна бIаьста ялта дуьйр ду, гурахь и чудерзор ду, вайн бешарчу Iежийн, кхорийн дола дийр ду, йолу буц а, схьакхета малх а тергалбийр бу… Суьйранна пхьидийн ека- ре ладугIур ду, ма дукха хан ю и суна хазаза… ХIинца екий уьш?..

Бераш бумбареш леца оьхий, хьалха санна?
Айбика йист ца хуьлу.
Ткъа эшарш? Хьуна хазахетахь, хьуна локхур ю-кх ас эшарш. Сан хIинццалц хьоь хьажа, хьоь ладогIа йиш ца хилла, хIинца хир ю…
А й б и к а. Хьан «Безаман Iуьйре» йиш… Цо гойтура хьо дика эшаршлакхархо хилар.
Тийналла. Айбикина дагаеънначу эшаран мукъамо дIалоцу
Эсилин кхетам. Цунна хеза, цо болабо и мукъам. ТIаккха цо дIалоцу ерриге а чоь. Эсилас локху и йиш. И чекхъяьлча, жимма хан йолу.
А й б и к а. Суна хьо ирс долуш хета. Оццул чIогIа безам хиллий хьан.
Э с и л а. ХIан-хIа, Айбика, ца хилла сан и тайпа безам, иштта безам хила сатийсам бара сан. Амма и сатийсам кхин кхочуш ца хилира...
КIадъелла со.
Эсила дIатаьIа. Жимма хан йолу.
Ай б и к а. Безам ца хиллехь а, и йиш ма яьккхина ахь…Хьо эрна ца яьхна.
Э с и л а. И хIун гIовгIа ю. ДогIа доладелла-кх вайна.
ДогIане ладоьгIуш Iа ший а. Тховх чу ладарш оьгу.
А й б и к а. Вайн цIийнан тхов а бу дIатабан безаш.
Э с и л а. ДогIа… Хьажахьа, кху чу догIу догIа.
Йоьдий, ладарна буха куьйгаш лоцу.
Ма хаза а ду: цIа чохь догIу догIа.
Ай б и к а. ХIун ду кхузахь хаза? Иштта хIара чуэхахь, тхов тIекхетар бу. ДIахила, буха бога хIоттаде ас.
Айбикас ладарна буха бога хIоттадо… Эсила шен метте охьахуу. И шиъ юха а боги чу детталучу догIане ла а доьгIуш Iа.
Иштта, цхьацца тIадам бен ца дагIахь а, сатасале IаьIар ду боги чохь хи. Иза тIех а гIур ду. Иштта IаьIа хIума, олура Бабас. Вуон а IаьIа, дика а. Хезий хьуна, Эсила. Иштта, ахь жим-жимма хIума дича, шарахь цхьа- ши йиш мукъана а яккхахь, тоьар ду хьуна… Эсила… ХIа-а, наб кхетта- кх цунна.
Айбикас, хьала а гIоттий, тIе шаршу тосу цунна. Цо йишех тухучу куьйгаца го, мел дукха еза цунна шен йиша. Йоьдий, шен метта охьахуий, дIатуьй цхьана ханна.
А й б и к а. Дада, дада…Ас ца олу хьох «папа». Цхьа хийра дош хета суна и тIаьхь-тIаьхьа. Дада, дада, хьо хIетахь тIаьххьара юьрта веъча санна, догIа ду хьуна хIинца арахь догIуш, геннахь ткъес а детташ, корах чу серло а етталуш. Хьуна дукха ма дезара аьхкенан догIа. И дIа а сецна, малх гучубаьлча, вайша лела доьдура, дIо бежнаш дIалохкучу бай тIе.
Ахь сан куьг а лоций, ши ког а Iуьйра. Ахь суна дов а ца дора, со бай тIехь хIиттинчу Iаьмнаш чухула идча а. Хьо схьавелахьара, вайша кхана
Iуьйранна а лелар дара иштта доладелла. Орган чуьра стигал кхаччалц хIоьттина стелаIад а гур дара… «Гой хьуна, дада, аьлла», – ас пIелг хьажийча, «пIелг ма хьежабе, IаьржабIаьрг ер ю хьуна», – эр дара ахь.
Хьо схьавелахьара… ХIетахь, хьо тIаьххьара юьрта веъначу буса, кора хьалха а хиъна, стоьла тIехь язъеш Iара. Хьо… хIинца вац, цхьа бода бу кора хьалха а, корал арахьа а. Дада, дада… Суна цкъа а, гIенахчул башха, дага а ца деъна хьуна къинтIера ца яла. Ас мелхо а, къулханаш а доьшуш, мел ло, сагIийна хIума ло хьуна а, Бабина а… Ас гуттар а дозалла дора хьох, со тешара хьох дуьненна а вевзаш стаг хир ву бохучух. Амма дерриге а цIеххьана галделира. Басах чухецаелла чкъург санна, хецадел- ла дахна, тIулгаш тIе кхетта, доьхна дIадахара. Суна жимма халахета, ахь
Эсиле дийцинарг соьга ца дийцина дела. Ас хьоьгара, жимма эцна а, схьаоьцур ма бара и хьан бала, тIаккха хьуна мелла а атта хир дара и эшон… Делахь а, хьан йиш ца хилла дIа ца ваха. Тхойшинна хьо эша-м оьшура. Хьо дIавахна шо далале, Баба а дIаяхара. Хьуна-м хаьа хир ду иза… Нагахь хьо хIаваъ я серло хилла, коре веъна латтахь, чувола, ма сеца цигахь, догIанехь,

мела мох а хилий, тхойшинна хьаьжа тIе куьг хьакха я стелахаьштиган серло а хилий, тхойшиннан бIаьргаш чу кхета…
Ткъа со хIинца наб кхетийта хьожур ю, гIенах хьо а, Баба а сайна гайта.
Дада, дада…
Тийналла. Шина йишина наб кхета. Музыка. Сатосу хан. Эсила цIеххьана самайолу. Хьала а гIоттий, чухула дIасахьаьвза.
Э с и л а. Хи…
Ведар чохь хи а гой, тIекхетий, ца Iебаш, молу.
Ма дика ду-кх… Ма дика ду-кх и гIан хилла.
А й б и к а
(сама а йолуш).
Хьо хIун дуьйцуш ю?
Э с и л а. Цхьа вуон гIан ги-кх суна. Муха гин хаьий хьуна…
А й б и к а. Вуон гIан делахь, соьга ма дийца, гIа-беце дийца я шовдане, цара дIаоьцу вайна тIебогIу бала.
Э с и л а. Вайна тIедаза-м хIун диснера.
А й б и к а. Иштта ала мегар дац, Эсила. ТIекхача вуон доцуш вац цхьа а стаг, ша велла дIаваллалц.
Э с и л а. Iуьйре тIекхаьчна хилла-кх, вайша Iуьллушехь.
Оцу хенахь неI етта. Кхин цкъа а неI туху.
И мила хир ву?
А й б и к а. Собар, со хьожур ю.
Арайолу. Дикка хан йолу и чу ца йогIуш. ЧуйогIу.
Мила ву хаьий хьуна? Ша шун ансамблан куьйгалхо ву боху...
Э с и л а (кхералой).
Гай а долуш, кIунзал а болуш вуй?
А й б и к а. Ву.
Э с и л а. НеI дIакъовлалахь. Чу ма ваийталахь иза…
А й б и к а. Иза-м арахь сецна, ас чохь баба ю а аьлла.
Э с и л а. Воккхадада а цIахь ву аьллахь цуьнга. Цунна хIун оьшу?
А й б и к а. Хьо юхаян еза боху… Хьуна ши чоь йолу квартира а ю боху кхана схьалуш… Республикан хьакъйолу артист аьлла цIе а тилли- на боху… Суна а болх карор бу боху… Вайшингге а дIайола.
Э с и л а. Айбика, уьш аьшпаш бу хьуна…
А й б и к а. ХIара газет а деъна цо, тахана арадаьлла долу.
Э с и л а
(газет схьа а оьций, доьшуш).
Указ о присвоении звания заслуженной артистки…
Ойла еш лаьтта.
Айбика, ладогIалахь соьга дикка… Суна хIуъа цIе тиллахь, мел сий- лахь звани лахь, цIен деши лахь, со ца йоьду хьуна цу ансамбле. Ахь хIун алий цуьнга, Баба а ю чохь, вайн Воккхадада а чохь ву ала. Царна хаахь, вуон гIур ву ала. Ас хьеха а ца дойту ала гIала юхаяр. Катоххий дIагIо ала… Айбика…
А й б и к а. Ахь хIун до? Кхера ца оьшу хьуна цуьрриг а, дIа-м аса вохуьйтур ву хьуна иза.
Айбика арайолу. Эсила синтемза дIасахьийза. Жимма хан яьлча, чуйогIу Айбика.
Э с и л а. ДIавахан?
А й б и к а. Дера ваха-кх, дукха сиха-м.
Э с и л а
(неI дIа а къовлуш).

НеI дIакъовла ма еза, Айбика. Бабас юьйцу зама дIа ма яьлла. Вай неI дIа ца къовлу дела ма догIу вайн цIа чу вон а, баланаш а. Вайшиъ бен, чохь стаг воций хиънехь, иза а хьаькkхина чувогIур вара хьуна.
Машенан тата.
А й б и к а. ДIаваха… Уча яла вайша.
Э с и л а. ХIаъ, кху чохь садукъдина сан оцу гIенаша.
Уча йолу ший а. Малхбале хьоьжу.
Малх! Хьо бу сирланиг, цIенаниг, догдиканиг. Малх, дика ду-кх буьй- санан бода дIасабаржош, схьаkхета хьо болуш. Нийсса денна я сохьтана хьо тIаьхьабисча, бодано, сингаттамо хорам бина, хьере хир дара ада- маш. Малх!Буьйсанан бода санна, дIасаяржаехьа тхойшиннан гIайгIанаш, дохк-марха дIа а якkхий, серлабаккхахьа тхойшиннан некъ.ТIаккха иза хир бац цхьанххьа а ца юьгу, хьаннашюккъехула хьийза бодане тача, иза хир бу син лакхалле боьду некъ! Малх! Далла бу-кх хастам, догIано цIанден гIа-буц санна, боданах цIанйина, къагийна Iуьйре дуьненчу ялон хьо хIоттийна.
Далла бу-кх хастам, адамашна цIеналла юста барам хьо – малх – кхоь- ллинчу, хьуна гонах чот йоцуш дукха седарчий латийначу, хьуна дехьа а, сехьа а, хьол лакхахь а, лахахь а кIорга Iаьршаш яржийначу, хьоьга хьийса, хьан йовхонехь денлуш кхиа хIокху латтахь тхо – адамаш, хьай- банаш, акхарой, сагалматаш, хьаннаш, бецаш – кхоьллинчу Далла бу-кх хастам.!
Марша богIийла хьо, Малх! Чубуза сих ца луш, лепалахь тхуна.
Тийналла.
Вайшиъ цхьаьна Iийр ю. Вайшимма хIокху цIийнан тхов а табийр бу.
А й б и к а. ХIора пIерасканан буса сагIийна хIума а лур ю.
Э с и л а. НеI дIакъовла а йицлур яц.
А й б и к а. Хьо лакха а ер ю, стигал кхаччалц.
Э с и л а. Хьо теший цунах, Айбика?
А й б и к а. Дера теша.
Э с и л а. Делахь, ер а ю хьуна со стигал кхаччалц лакха.
Музыка.
К и р х ь а

# ДАХАРАН УРЧАКХ

## Дахаран урчакх[16]

Деа суьртехь драма
Д а к ъ а л о ц у р ш:
А н з о р
Г е р о и н
А н з о р а н Д а
А н з о р а н Нана
А н з о р а н В а ш а
А н з о р а н й и ш а
Ж и м а к I а н т
Хилам дIабоьду XXI бIешеранюьххьехь.

### I сурт

Хеза назманан гIийла мукъам. Жима стаг Анзор ву хиъна Iаш. Цо дIаяхна зама дагалоьцу. Берахьлера сурт дуьхьал хIутту цунна. Дас шайна Iежаш боькъуш. ХIара, жима Анзор, тIехьа а верзавой, «ХIара хьенан бу?» – олуш. Жима Iаж кхаьчча, хIара воьлху. Дас кхунна боккха
Iаж ло. Сурташ дIадовлу кхуо корта хьалаайбарца.
А н з о р. Дада, нана, ваша, сан йиша… БIаьргаш схьа ма дилли, шу дерриге а дIадовлу. Со суо вуьсу хIокху баланийн дуьненахь. Ас Деле доьху со кху дуьненара дIаэца бохуш. Везандела, кхин цкъа а гур бац суна уьш! Везандела, вовшахтохахьа тхо. Оцу дийнахь, вайн машенна тIе бомба тухучу дийнахь, со хьуьнха вахна ца хиллехьара, со а шуьца хир вара-кх. ХIинца ас хIун дийр ду, хьехар дан да а воцуш, юххе вала ваша а воцуш, дог эца йиша а йоцуш, суна сагатдан нана а йоцуш. Нана, хIара мухIар дисна-кх суна хьан безамна лело. ХIара ду-кх тIаьхьайисначарах уггар а еза хIума. Ма Iаьржа ду-кх хIара дуьне, Iаьржа ду.
Ас хIун дийр ду?..
Гучудолу шайтIа-Героин.
Г е р о и н. Суна хаьа хьуна ахь хIун дан деза. Дукха вохий ма хьовза!
А н з о р. Хьо? Хьо мила ву?
Г е р о и н. Сой? Со хьан доттагI ву.
А н з о р. Сан доттагI? Сан доттагI цхьа а висна а вац… ТIамо байина, биснарш цIера бевлла.
Г е р о и н. Со хIинццалц къайлахь вара, хIинца хьуна гIо эшначу хенахь схьавеана. Сан цIе Героин ю.
А н з о р. Гелани? Герой?..
Г е р о и н. ХIаъ, хилийтахь хьайн лаахь Гелани а, хьайна лаахь Герой а… ЦIе-м хIун бен яра. Коьртаниг – со хьуна гIо дан лууш хилар.
А н з о р. Хьоьга хIун гIо далур ду суна?
Г е р о и н. Хьан сингаттам «элп» алале бойъур бу-кх ас.
А н з о р. О-о. Иза хьоьга дан делча-м доккха гIуллакх хьаха дара.
Г е р о и н. Ас и дина ларахь.
А н з о р. Ткъа аса хIун дан деза оцу сингаттамах кIелхьара вала?
Г е р о и н. Ахьий? ХIумма а дан ца деза-кх. ХIан, хIара дIалаца.
А н з о р. ХIара хIун ю? ХIара нанас деш хиллачу эхангах ма тера а ду.

Г е р о и н. ХIаъ, и хьан нанас деш хилла эханг ду. Иза кхузза пхьаьрсах хьарчаде ахь, къовллуш. Иштта чIогIа хIара эханг дIа а лаций, Iиэн хьо…Бала а дIабер бу хIинцца, сингаттам буьсур бац цинц а. Ирсечу хьо новкъа хIоттахь, гоьллец богIур бу хIорд а… ХIинца дерриге а хир ду хаза а, дика а, цхьа а Iа хир дац. БIаьсте хир ю… БIаьсте, даима бIаьсте…
Эханг хьерчадо дегIах.
Там хир бу, там! Хьан дегIана цкъа а ца хилла цхьа хаза там хир бу… Кайф.
Маха туху.

**II сурт**

Маха тоьхна, воьжна IуьллуАнзор меттавогIу.
А н з о р. ЭхI, и дара хьуна дош. Ма хаза дара дуьне.
Цкъа а сингаттам ца хилча санна… ХIей, схьабан кхин цхьа маха а… Жимма дIадахдан деза хIара самукъадалар. Гелани!
Г е р о и н. Кхузахь ву. ХIун оьшу хьуна?
А н з о р. Маха!
Г е р о и н. Сан ма бац иза. Ахча а делла схьаэца беза.
А н з о р. Кху чохь ахча дан-м дац, и дIогара телевизор дIаэцахьа, хьайна мегаш елахь.
Г е р о и н. Иза а мегар ду.
Телевизор а оьций, дIавоьду. Музыкан фонехь дIадоьду
Анзора чуьра мел йолу хIума дIаялар. ТIаьххьара а цхьа ненах йисина чIуг юьсу.
А н з о р. Маха!
Г е р о и н. Ахча!
А н з о р. Кху чохь йисна хIумма а-м яц.
Г е р о и н. Яцахь маха а бац.
А н з о р. ТIедиллина лохьа!
Г е р о и н. Бала йиш яц, сан бац и. И хьайн пIелгах доллу мухIар схьало.
А н з о р. Ахь хIун дуьйцу? Сан ненан безам ма бу и.
Г е р о и н. Делахь маха а бац!
А н з о р. Схьало и, со дакъаза ваккха а ца гIерташ.
Г е р о и н. Ахча! Ахча!
А н з о р. Дац ахча!

Г е р о и н. Дацахь, мухIар схьало, мухIар!
А н з о р. Нана, нана… къинтIера яьллахь суна… Ас, ахча а даьккихна, юха а схьаоьцур ду хьуна и мухIар…
Соьга са ца тохало, и маха ца тоьхча… къинтIера яьллахь.
ДIало мухIар. Героино маха туху.

**II сурт**

Маха а тоьхна, дIаккхетта Iуьллуьчуьра меттавогIуАнзор.
А н з о р. ЭхI, и ма хаза а дара! И дара хьуна дош.
Массо хIума а дицди-кх цо. Баланаш, гIайгIанаш а дIадевли. Массо а хаздели… ХIинца юха а Iаржлуш ву дуьне, Iаржлуш ду. Мичахь ду сан доттагI Гелани. Гери…
Герой!
Г е р о и н. Со кхузахь ву.
А н з о р. Схьаба и маха катоххий, суна хIара дуьне юха а Iарждалале.
Г е р о и н. Ахча, ахча!
А н з о р. ХIун ахча ду ахь дуьйцург? Хьо сан доттагI ву ма бохура ахь.
Г е р о и н. ДоттагI? Хьо тайпа доттагIий мел бу хаьий хьуна сан? Миллионаш…миллионаш…Дуьненан массо а маьIIехь.
А н з о р. Схьало и маха, ас вуьйр ву хьо.
Г е р о и н. Ахь хIумма а дийр дац! Хьо вихкина ву, сан карахь а ву. Хьайна маха безахь, ахча схьада, ахча!
А н з о р. Сан дан-м дац ахча!
Г е р о и н. Дацахь, цхьа хIума дIайохка…
А н з о р. Ас хIун юхкур ю… Кху чохь ян-м яц наха оьцур йолуш хIума.
Г е р о и н. Ойла е ахь. Карор ю хьуна.
А н з о р. Ца хаьа суна-м, ша хIара ков-керт, латтий дIа ца дохкахь…
Г е р о и н. ДIадохка, дIадохка! Ахча схьа а эций, дIавола…

IV сур

Анзор шен кетIахь.
А н з о р. ХIей, хIей нах… Ков-керт, латтий ду шуна дорах духкуш…
ДIаэца. Аш схьалуччу мехах.
Цунна дуьхьалволу да. Назма а олуш.
ГIайгIане дуьненчохь ма ловза вели хьо,
Кхана хьайх хIун хир ду ца хуъушехьа,
Вайн Делан Iожалла ма къайлахь ю хьуна,

Тоба дай кечло хьо хьайн Деле ва верза.
Кховдийнчу куьг кхочехь Іожалла ю хьуна,
Бaьккхинчу кога кІел каш лaьтташ ду хьуна,
Дуьненчохь яржийна хьайн ойла гулъяй,
Тоба дай, кечло хьо хьайн Деле ва верза.

А н з о р. Дада, хьо… хьо ву и!

Д а. Со ву! Ахь хІун леладо? Хьайн ворхІе дех дисна латта а, ков-керт а доьхкина, и дІовш эца гІерта хьо?! Эхь дац иза?

А н з о р. Ас хІун дийр ду? Со ца мега-кх и ца тоьхча!

Д а. Хьо и ца тоьхча ца магахь, лиэ! Хьо кІант тайпа цахилар гІоле ду. Ду дера. Лиэ!

ДІаволу.

А н з о р. Бакъду, суна валар гІоле ду… Лийр ву со…

Г е р о и н. ХІан-хІа, хьо лийр вац. Хьо сан ву. Хьо, ахча а дахьаш, схьавогІур ву.

А н з о р. Схьабан и маха! Схьаба! Ва-а-а!

Г е р о и н. ХІай-хІай! ХІинца дІакхаьчча. Ахча! Ахча!
Схьада ахча!

А н з о р. ХІей-хІей! Хьан оьцу сан ворххІе дех дисна ков-керт? ХІей!

Героин къайлаволу.

Хеза ненан мукъам.

Н а н а. Хьуна хІун хилла, хІай маьлхан дуьне?
Хьуна хІун хилла, хІай Іаьржа латта?
Баланех дуьзна кІайн маьлхан дуьне,
ГІайгІанех дуьзна хІар Іаьржа латта.
Хьуна хІун хилла, сан жима кІант?
Хьуна хІун дина, сан жима кІант?
Тилвелла воьду сан жима кІант.
Галваьлла воьду сан жима кІант.

А н з о р. Нана, хьо ю и?

Н а н а. Со ю. Хьуна орцахъяьлла. Дуьненан баланех, сингаттамех со кІелхьара яьллехь а, хьох дог лозу сан… хьо сан кІант волу дела. Хьо мацваларна, шелваларна кхоьруш, цушеран шийтта баттахь аганахь техкош, ас хьо хала кхиийнера. Хьо ас цу дІаьвшан лай хилийта кхиийна ма вац. Вухавала, сатоха, собарде. Эхь ца хета хьуна?

Нана къайлайолу.

А н з о р. Эхь… и хIун ю? Эхь а дIадаьлла, массо хIума а дIадаьлла. Биснарг цхьа маха бу-кх. Маха!
Г е р о и н. Бакъ боху. Маха – хьан дуьне ду. Ахча а дахьаш, схьавола.
А н з о р. Ахча! Ахча! ХIей, хьан оьцу хIара керт-ков, латта?
Схьадуьйла.
Хеза цуьнан вешин аз.
В а ш а. Дадина вицлур ву,
Пхьоьхана ва ваьлча.
Нанина вицлур ву,
Коша тIе буц яьлча.
Йишина вицлур ву,
Хийисте ва яьлча.
Вешина вицлур вац,
Ша коша виллалца.
А н з о р. Сан ваша, ахь хIун боху? Суна-м ца вицвелла хьо.
В а ш а. Муха ца вицвелла? Хьуна со а, вайн ворххIе да а, цара мел лелийнарг а, церан сий а, дерриге а дицделла.
А н з о р. ХIаъ, хьуна атта ду иштта дийца. Шу массо а дIавахна. Хьо а дIавахна. Со суо витина хIокху сингаттамечу дуьненахь.
В а ш а. Иштта хилла-кх Делан кхиэл. Делан кхиэлана реза хила.
А н з о р. Реза ву со.
В а ш а. Велахь, хьайн декхар кхочушде.
А н з о р. ХIун декхар ду иза?
В а ша. Вахар ду-кх! Адам санна. Хьоьгара кхин оьшуш хIумма а дац, хьо ваьхчхьана. Тхан сий а, хьайн сий а ца дойуш, ваьхчхьана. Ваха, сан ваша, ваха.
Къайлаволу.
А н з о р. Ткъа ас хIун де, со и маха ца тоьхча Iалуш ца хилча? Сан дегI дерриге а кеглуш ма ду! Соьга са а ма ца даккхало. Со леш ма ву…
Маха! Ахча! ХIей, хьанна оьшу хIара сан ворхIе а дех дисна ков-керт?
Хеза йишин аз.
Й и ш а. Со кхуллучул кхоьлли белара
ТIулг боцучохь и шийла тIулг!
ЙоIах хилла тIулг бу бохуш,
Вайн баккхий нах сецар барий.
Со кхуллучул кхоьлли белара

Бай боцучохь и сийна бай,
ЙоIах хилли бай бу бохуш,
Юьртара кIентий соьцур а барий.
Со кхуллучул кхоьлли делара
Хи доцучохь и шийла хи,
ЙоIах хилла хи ду бохуш,
Сан нийсархой соьцур барий.

А н з о р. Йиша! Сан йиша! Хьо а еана.

Й и ш а. Со а еана.

А н з о р. ХIун боху ахь соьга?

Й и ш а. Ас-м ца боху хьоьга хIумма а.

А н з о р. Суна хаьа ахь и йиш стенна лекхира. «Со ваша а волуш, хьуо кхуллучул, ма кхоьлли елира» бохург ду хьан иза.

Й и ш а. Ас-м ца боху иза.

А н з о р. Хьан дагахь-м ду иза. Шу массо а сох бехкаш дохуш ву. Суна хала ма ду. Со Iиэн ма ца ло… и ца дича.

Й и ш а. Ас хьоьга хIумма а ца боху. Делахь а ойлаехьа: тхан, беллачеран, хIун бехк бу? Хьо бахьнехь вуон дош тхох эр ма ду. Къа дац тхан? Тхайн цIе, сий лардан ницкъ а боцуш, хьох тешна Iачу тхан къа дац?

ДIайоьду.

А н з о р. ДIагIо! Хьо а дIагIо! Со охьа а тасий! Сан ницкъ бац шуна массарна а хьалхара ваха. Шун сий лардан. Соьга сайн сий а ца ларло. Суна вала лаьа!

Г е р о и н. Хьуна вала ца лаьа! Харцдерг стенна дуьйцу ахь?! Беллачаьрца къамел деш мукъна а бакъдерг дийца. Хьуна маха беза хьайн сил а дукха. Маха!

А н з о р. Схьаба и маха! Схьаба!

Г е р о и н. Ахча! Ахча!

А н з о р. Ахча дац! ХIара сан керт а, ков а, латта а дIаэций, схьало и маха!

Г е р о и н. Ков а, керт а, латта а цхьана мехах ло ахь?!

А н з о р. Ло, ло! Схьало и!

Г е р о и н. Лахь, кехат охьаязде.

А н з о р (охьахуийй яздеш). Ас, Атабаев Анзора, хIара сайн ворххIе дех дисна латта а, цIа-цIе а, ков-керт а, Герина, Геланина, Геройна…

Г е р о и н. Кехат тIе сан цIе нийса язъе. Кехат документ ду. Героин.
А н з о р. «Героинна духку цхьана мехах».
Г е р о и н. Дика хир ду, хIинца тIе куьг а таIадай, схьада. Ас хьан ков-кертах, лаьттах кхоъ лур бу хьуна маха.
Анзор кехат яздой а волу. И схьа а лоьций, Героинна дIаволало.
Схьавола, схьавола. Iинчу дIагIур ду вай! Iинчохь дика ду.
Эхангаца Анзор шенатIаьхьаийзаво. Анзор муьтIахь ву цуьнан лаамна.
Эццахь гучуволужима кIант.
Ж и м а к I а н т. Дада… Дада…
А н з о р. Мила ву Дада? Хьо хьаьнга кхойкху?
Ж и м а к I а н т. Хьоьга кхойкху, Дада!
А н з о р. Хьо мила ву сох дада ала?
Ж и м а к I а н т. Хьан кIант.
А н з о р. Сан кIант?
Ж и м а к I а н т. Со хьан кIант ву-кх. Хьан хила веза кIант. Амма хьо цунна тIаьхьа водахь, со хир вац. Хедар ду Атабин некъин хIу. Ахь къастам бе: со я и маха. Дада…
Къайлаволу.
А н з о р. И хIун дара? Сан хила веза кIант? Со хIокху Героинна тIаьхьа водахь, и а хир вац. Ма доккха хIума ду ас лелорг. Сайн хиллачу гергарчу нехан сий дайина ца Iаш, сайн тIаьхье а хIаллакьеш хилла ас. ХIара ма доккха хIума дара… Ас къаставо хьо, сан кIант! Со ца воьду цунна тIаьхьа! Делан наьIалт хуьлда цунна.
Кхин ас ладугIур дац цуьнга.
Шена гонах хьерчийна эханг хада а дой, паргIатволу.
Со маьрша ву. Со вехаш ву. Сайн хиллачу гергарчу нехан дуьхьа! Сайн дуьхьа. Сайн хинйолчу тIаьхьенан дуьхьа со вехаш ву! Вехаш ву!
Музыка.

Ч а к к х е

# ХАРЖАМХОШЦА ЦХЬАЬНАКХЕТАР

**Харжамхошца цхьаьнакхетар**[17]

Комеди

Д а к ъ а л о ц у р ш:
А л м а л а к о в Б и й б е р д
П е р и е в а Б и к а т у
Д І а х ь о ш в е р г
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т
І - р а с т а г
Б а й т а е в
Б а к ъ б о л а т
А л м а л а к о в н т е ш
А ш м и
М а р ж а н
Д І а х ь о ш в е р г. Накъостий! Вежарий! Йижарий!
Кица далош, дийца лаьа суна. Нагахь вай уъстагІий делахь, вайна хьалха яла бож оьшу. Оцу баже хьаьжжина хуьлу уъстагІийн хьал. Дика бож нислахь, цо уьстагІий бацах, зезагах юьзначу цанашка дуьгу. Вуо бож нислахь, цо уьстагІий бердах кхуьссу. Цундела вай хаьржинчу бежлошка… аьлча а депутаташка хьаьжжина хир ду вайн гІуллакх. Дехар ду шуьга хІоху гІуллакхах базар ца яр, гуттар а вай еш ма хиллара.
ТІаккха-а…
Хьомсара нах! Вай долчу баьхкина депутаташ хила дагахь болу кандидаташ. Алфавитан рогІаллехь бовзуьйтур вай уьш:
І. Алмалаков Бийберд – бизнесмен;
2. Гендарханов Іаламбек – экстрасенс;
3. Периева Бикату – Мисс Кавказских гор.
ХІинца ишттачу рогІаллехь царна дош а лур ду-кх вай.
Дош ду Алмалаков Бийбердана.
А л м а л а к о в. Де дика дойла шун, махкахой. Со вайн махкахь хилаза пхийтта шо а даьлла. Амма вайн махках лаьцна гуттар а ойланаш еш-м хилла со: буьйсанна а, дийнахь а. Къаьсттина буьйсанна йора ас и тайпа ойланаш: хІун гІо дийр дара теша вайн махкахошна бохуш. Цкъа цІа веъча, сайн юьртахошна І0 гали ахьар а делира ас.
Юха ишттa ара а ваьлла, вайн халкъана тІера сагІийна эппаззий, кхо кепеккий елира ас. Кхин сов ца далалуш делла дацара и ахча, эппаз кхо кепек ялар вайнехан гІиллакх ду, вайнехан традици ю. Ткъа традицеш ларъян еза.

Ас-м, суо генахь велахь а, ларйора вайнехан традицеш.
ХIора кIирнах цкъа жижиг-галнаш а дойтуш сесаге, уьш дуура ас. Галнаш ахьаран хуьлура, иштта саьрамсекхан берам а. Нагахь аш со харжахь, шуна хIоранна а кIирнах цкъа жижиг-галнаш даа йиш хилийта хьожур ву-кх со. Ас дош ло-кх шуна.
I - р а с т а г. Бехк ма баккхалахь, муьлха дилха хир ду иза, бежанан дерг я уьстагIниг?
А л м а л а к о в. Шуна деззарг.
I - р а с т а г. Суна бежанан дерг деза, уьстагIниг диъча давлени хьалайолу сан.
А л м а л а к о в. Делахь хьуна бежанан дерг лур ду-кх ас.
I - р а с т а г. Амма иза кIезиг ду. УьстагIан жижиг деза ма ду, цундела кхечарна уьстагIан цхьа кийла луш елахь, суна бежанчух цхьаъ-ах кийла яла еза. ХIунда аьлча, уьстагIан жижиган кийланах 6 туьма доккху, ткъа бежанчух – 4 туьма.
А л м а л а к о в. Дика ду, иза а дийр ду-кх вай.
Б а к ъ б о л а т. Собардел цкъа! Со реза вац. Жижиг массарна а цхьатерра дала деза, хьайна дезахь, уьстагIниг даа…
I - р а с т а г. ХIай, хьан хIун бала бу, хьан ворхI-м ца ле, суна цхьаъ-ах кийла жижиг делча?
Б а к ъ б о л а т. Хьан вуьрхIийтта-м ца ле, со нийса лийча… Хьайна дезахь, уьстагIниг даа…
I - р а с т а г. Ахь даахьа, хьайна лаахь, хьакхин жижиг а…
Б а к ъ б о л а т. Хьан ворхIе дас а диъна хьуна хьакхин жижиг…
I - р а с т а г. Диъна, хьан ворхIе а дена неIалт хуьлда!
Вовшашна чухьоду.
Д I а х ь о ш в е р г. Собарде, хIай! Жижиг хIинца а доькъуш а дац! ХIара депутат хаьржича бен хир долуш а дац. Собарде!
Лата гIерта шиъ халла охьахааво.
Б а й т а е в. ЛадогIал, нах, ладогIал! Вайн нохчийн галдаьлларг хIун ду шуна аьлча, ла ца догIар ду. Массо а къамел дан гIерташ ву. Ткъа муха хила деза? Хьекъал долчо къамел дан деза, вукхара ладогIа деза. Вайна шоззе тIом баларан бахьна хIун ду хаьий шуна? Ла ца догIар ду-кх. Хьекъал долчо дуьйцучуьнга ладогIа деза. Ца доьгIча, тIом болу. ХIинца аш соьга ла ца догIахь а, кхозлагIа тIом бала тарло шуна.
III - р а с т а г. Хьо хьекъал долуш ву бохург дуй хьан иза?

Б а й т а е в. Собарде! Муха ду ас дIаэр ду. Iеламнаха хIун боху хьуна аьлча, Дала цхьаволчунна хьекъал делла боху, вукхунна – ахча, кхоалгIачунна – ницкъ, воьалгIачунна
– хазалла.
Суна ахча а, ницкъ а, хазалла а ца елла… Суна тIаьхьадиснарг делла… Цундела ладогIа соьга, нагахь шайна бомбанаш еттийта ца лаахь…
Б а к ъ б о л а т. ЛадогIа, нах! ХIара кхераме стаг ву.
КхоалгIа тIом ца балийта, кхуьнга ладугIур ду вай.
А ь з н а ш:
– Бакъахьа ду!
– Бакъахьа ду!
– ЛадогIа массара а!
Б а й т а е в. ХIокху вайн бизнесменна, совдегарна байт яьккхина ас, кху чохь Iашшехь. И дIаеша луур дара суна.
I - р а с т а г. ДIалалла!
Б а й т а е в. Тхан Бийберд,
Хьан сийдеш
Язйина байт.
Совдегар
Хьо хилар
Суна а тайн.
Дог тийши
Ахь жижиг
Доькъур ду аьлла.
Цундела
Хьох тера
Со юкъаваьлла.
Ахь жижиг,
Ас байташ
Йоькъур ю тахна.
Хьанжижиг,
Сайн байташ
Нахана тайна.
Б а к ъ б о л а т. Уре-е! Ма дика а язйина.
Б а й т а е в. ХIара хьуна дIаяла лаьа суна. Ас сайн куьйга язйина ю хьуна, Iалашъелахь. Цхьана хенахь музейна йохка а йоьхкина, хIинца

айхьа дойу ахча меттахIоттор ду ахь.
Алмалаковга дIало шен байт.
А л м а л а к о в. Баркалла. ХIара доккха совгIат ду.
Б а й т а е в. И совгIаташ дуккха а дара сан, ахь уьш цхьана книгехь арахеца аьтто бича.
А л м а л а к о в. Со депутат хаьржина шолгIачу дийнахь хьан книга араер ю-кх.
Б а й т а е в. Баркалла!
Б а к ъ б о л а т. Собардел, нах! Собардел, нах! Сан цIе
Бакъболат ю. И бохург хIун ду? Цкъа делахь, сан цIеран хьалхара дакъа – «Бакъ» бохург, – иза со бакъдерг бен дуьйцур долуш вац бохург ду. Оцу цIеран шолгIа дакъа –
«Болат» бохург, – и, бакъдерг дуьйцуш, со болат санна чIогIа хила веза бохург ду. Цундела со тахна а, и бакъдерг дуьйцуш, чIогIа хир ву.
ХIокху Алмалаковх лаьцна а ду сан дийца бакъдерг.
I - р а с т а г. Кампутер хир ю хьан цIахь, массарна а досъеш кечйина.
Б а к ъ б о л а т. Компутар хIара сан корта бу… ХIара
Алмалаков дика вевза суна… Кхуо хIун лелийна а хаьа суна, цо рицкъа вовшах муха тоьхна а. Цкъа хьалха хIара
Москохахь кидала вара, нахера машен оьцу бохуш, царна тешнабеххкаш беш… ахча доккхуш… юха река тухуш хилла… Шуна моьтту хир ду хIара цIенош дечохь, дечигпхьар а хилла, къахьоьгуш хилла…Мичара! Кхара туху река иштта яц… И дош нийса аьлча… река дац… рекет ду…
Стаг кхера а вой, цуьнгара ахча даккхар ду иза…
А л м а л а к о в н т е ш. Бакъдац иза! Бакъдац!
Б а к ъ б о л а т. Юкъа ма кхийсало! Хьо мел чIогIа юкъагIертахь а, хьоьга сацалур вац хьуна со… ЛадогIа аш, шуна пайдехь ду шуна бакъдерг хаар… Цул тIаьхьа,
«воздух» а тоьхна, ши «КАМАЗ» йоьттина ахча деара кхуо.
Оццул ахча доллушехь, шен юьртахошна а, я гергарчу нахана а цхьа сом ахча а ца делира кхуо. Ткъа ахча мел дара шуна аьлча? У-у-у! Дагардина ца валлал дукха дара – кхеран рагIу кIел а ца тарлуш, цхьадерг догIано а дашош, хотталахь а Iуьллуш. И ахча нахана дIа-м муххале а ца делира кхуо, мелхуо а цунах эцна кхузткъа «КАМАЗ» налха а, ши эзар бежана а ялийра.

Налха дIа ца оьцуш, и чохь Iалашбан тоъал холодильникаш а йоцуш, бахкабелла дIабелира, Iаламбекана и кхехко дага а ца догIуш. Дагадеъча, кхехко болийра. Цхьа хьожа елира цунах хIокху гIали чохь… ХIинца а дIаялаза ю.

ДIаяьллехь а, хIара гучу ма велли схьакхийти-кх суна и хьожа тахна а.

А л м а л а к о в н т е ш. И хIун къамелаш ду?! ХIара хIун концерт ю?…

Д I а х ь о ш в е р г. Собарделахь! Собарделахь! Цкъа хIара чекхвалийта!

Б а к ъ б о л а т. ДIадуьйцуш ма ву со. Юха даьхний далий кхуо. Цхьа дика, даккхий хьелий. Даккхий догIмаш а долуш, оьрсийн цIенчу хIух даьхний ду: цIарула цIен а, кIайн-къорза а. Уьш цо, машенаш тIе а детташ, лакха лаьмнашка хьаладигийтира. Цигахь цу хенахь якаш яра, Алтайра ялийна. Оцу якех уьш дIа а иэдина, керла даьхнийн хIу даккха гIерташ вара хIара. Мичуринец! Цунах хIун хилира? Цхьа як оцу хьелашка дIа а ца хьаьжира. И бахьнехь хьелий дерриг хIаллакьхилира, бердех оьхуш а, вуьшта махкалла хилла а. Иштта пайда бир-кха кхуо хIетахь.

ХIокхо гIо дина стаг а ца хаьа-кх суна.

А л м а л а к о в н т е ш. Хьуна ца хаахь а, суна-м хаьа шортта. Схьагучуваьл, Ашми, дIаалал…

Ашми гучуволу.

А ш м и. ХIокхо суна деман гали, шекаран гали делла… ЦIенош а дийр ду, машен а лур ю, аьлла…

Б а к ъ б о л а т. Са ма гатде ахь, цIенош а, машен а хир ю хьуна… Оцу хенахь зала чуьра хьалагIоттий, сцени тIе йолу Маржан.

Д I а х ь о ш в е р г. Зуда, охьайосса… Аш массара а къамел дича, хIара цхьаьнакхетар чекхдер а дац тахна.

М а р ж а н. Собарделахь цкъа! Харцдерг дуьйцуш лалуш яц со. Сан кIанта ахча река тухуш даьккхиний, «воздух» тоьхна даьккхиний, бохуш. Шайна ма-ттов «воздух» а детта, ахча хир дац шуна. Сан кIанта ахча муха даьккхина хаа лаахь, соьга хатта… Ас дуьйцур ду шуна. Шуна ма хаъара, аренцара уьстагIий бIаьстенан юьххьехь вочу довлий, халла текхий, лам тIе хьаладоьлху.

Цигахь шайн лам а буий, дарста а дерстий, тIаргIех дуттий, охьадуьйлало гурахь. Уьш охьадуьйладалале вахна хIокху кIанта некъ готта бол-болчохь кIохцалийн даккхий генаш дехки. Гуьйренан цхьана малх кхеттачу дийнахь лам чуьра жаш охьадуьйладелира, бежлой хьалха а йолуш.
Охьадиллинчу кIохцалх уьстагI дIахьакхало – тIаргIа схьаболу, шолгIаниг дIахьакхало – цунах а тIаргIа схьаболу…
Тхо схьагулбан а ца кхиош, оцу цхьана кIиранчохь цхьаши машен хиллал – «КАМАЗ» юьйцу ас – тIаргIа вовшахкхийтира. Иза охашимма – ас, сан йишас Хазбикас, битта а биттина, деши санна цIанбина, охьабиллира.
ТIаккха белхи а беш, цхьана кIиранчохь къажбира и. Мехкарша тIаргIа а къажбора, эшарш а лоькхура. Кегий нах а богIура… Цара, кест-кеста мехкарий хелха а бохуш, цаьрга дог а дохуш, белхех синкъерам хуьлура.
Иштта нахана синкъерам а, тхуна тIаргIа къажбар а хилира. ТIаккха ас, сан йишас и тIаргIа элп алале урчакхаш тIехь хьаьвзира, эхангаш дира. ТIаккха цунах пазаташ, свитерш, белехъюллурш, каранаш а дира, уьш Сибрехахь ханташ, мансаш бехачохь (цкъа мацах шабашке баханчу нохчех хиллаши тайпа дуи ханти, манси –ХаьнтIиг,
Мансур бохуш цIераш йолуш хилла и шиъ), хIаъ, царна дIаюхкура. Цунах хилла ахча а эцна, сан кIант Турце вахара, цигара цо эцна шоргта «Бакусаш» еара, сосискаш деара, уьш дIа а доьхкина, юха а вахара… Иштта цIенна мах а беш, даькккхина ду-кх сан кIанта ахча.
Б а к ъ б о л а т. И иштта хилча, шун юьртара цхьаболу баккхий нах, аш мовладе кхайкхича, цига бахка стенна ца баьхкира…
М а р ж а н. Шайн дегнаш Iаьржа долу дела. Уьш ца бахкарх, со шек дIа а елирий? Ас гIалара дешна кегий нах хьалабалийра, лаьттах ког тоьхча хи а доккхур долуш, андий кегий нах. Цара мохь туххуш мовлад а йийшира, ког туххуш зикар а дира… Ас кораш а дIадиллира: хьаьгIнаш лелочарна хазийта, церан догдатIийта.
ГIалара баьхкина хьеший, шайн хIума а йиъна – кхеккийна пIендарш тIера уьстагIан жижиг, галнаш – тIе чай а мелла, банан а кхаьллина, шайна делла итт-итт туьма кисна а диллина, дIабахара. И ахча юьртахошна дуьсур ма дара, уьш шайн багош дIа а къевлина, IадIийнехьара…

Ца Іийра-кх.
Б а к ъ б о л а т. Делахь хьой, хьан кІант бакъ ду-кх, юьртахь мел волу воккха стаг харц ву?..
Д І а х ь о ш в е р г. Собарделахь цкъа, Бакъболат!
ХІокху гІуллакхах базар а ца еш…Яло Маржан, хьо а охьахаа…
Маржан охьахуу.
Д І а х ь о ш в е р г. Собаре хила, нах! ХІинца дош лур вай шолгІачу кандидатана Гендарханов Іаламбекана – экстрасенсана.
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Іаламбекан метта, со хир ву вист.
Кхуьнан хІинца вист ца хуьлу хан ю. Вист ца хуьлучу заманахь кхуьнан коьрто чІогІа болх бо. Ша депутат харжжалц вистхир волуш а вац шуна хІара!
А л м а л а к о в. Делахь веха Іен дезар ду хьуна цуьнан.
Д І а х ь о ш в е р г. Юкъа ма гІерта… ДІаде хьайн къамел.
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т. ХІара тайпа стаг вайн халкъа юкъахь хилар Дала вайн бина аьтто бу. ХІара мила ву хаьий шуна? ХІара вевзий шуна хІара?
І - г І а с т а г. Вевза дера. Гендарханов Іаламбек вац иза?..
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Кхуьнан цІей, тайпанан цІей яккха хаарх, иза кІезиг вовзар ду… Кхуьнан ворхІе да вовза веза.
Кхуьнан ворхІалгІа да Іаха вайн мехкан шовданна гонаха бижначу саьрмиках летта кхаа дийнахь-бусий, доьалгІачу дийнахь иза бен а бийна, юха цунах шена дІовш а даьлла велла.
З а л а ч у ь р а н а х ц е ц б у ь й л у: «Іай-й!..
Хьажахьа!.. ОстопируллахІ!..».
ХІаъ, хІаъ. Бакъ ду шуна. Кхуьнан ялхалгІа волу да…
ІаІа шаман хилла, цІарна гонаха хелхарш деш… Вайна догІа ца догІуш, йокъа хІоьттича, цхуо хелхар а дой, дІо
Эсамбаев Махьмуда санна, догІа доуьйтуш хилла.
З а л а ч у ь р а н а х ц е ц б у ь й л у: «Іай-й!.. И бакъ делахь, ма доккха хІума ду!..».
Кхуьнан пхоьалгІа да Іама гуттар а Іемаш хилла бежнашна а, акхарошна а дарба дан. Цкъа иза волчу хьуьнхара борз еънера, шен легашкахь йисина даьІахк дІаяккхийта. Цул тІаьхьа ча а еънера, шен когах дахана кІохцал дІадаккхийта…
Зала чуьранах цецбуьйлу: «Іай-й!.. Ма доккха хІума ду иза!..».

Кхуьнан воьалгIа волу да ДаIа бецех дарбанаш чIогIа лелош хилла. Къанвелларг къонвеш… Цомгашниг товеш!
Кхуьнан кхоалгIа волу да Iада уьстагIан пханар тIе хьожуш хилла, цу тIехь цунна гуш хилла дуьненчохь хилларг а, хиндерг а.
Зала чуьранах цецбуьйлу: «Iай-й!.. И ма доккха хIума ду!..».
Кхуьнан деда Iаба седа-жайна хьожуш хилла. Цуьнан седа-жайна – и стигал хилла. Стигларчу седарчашка а хьожий, хилларш-лелларш, хиндерш ма дарра схьадуьйцуш хилла цо.
Зала чуьра нахцецбуьйлу: «Iай-й!.. Ма даккхий Iаламаташ дууьш!..».
Кхуьнан да Грознехь уггаре а йоккхачу базин директор а, цул тIаьхьа уггаре а йоккхачу искладан заведующи а хилла. Цо гIуллакх ца деш вайн махкахь стаг висина а вац.
Ткъа цуьнан нана жинашца тайна хилла. Оцу жинийн гIоьнца нахана дарбанаш деш а хилла цо.
Зала чуьра нах цецбуьйлу: «Iай-й!.. Ма тамашийна хIума дуиза!..».
ХIара ша, Iаламбек, шен ворхIе а дегахь, шен бархIе а ненехь мел хилла говзалла шегахь йолуш ву. ХIара лор а ву, пхьар а ву, хиндерг гуш а ву, хилларг хууш а ву.
Зала чуьра нах цецбуьйлу: «Iай-й!.. Бакъ делахь, ма доккха хIума а дукха иза!..».
I - г I а с т а г. ХIинццалц схьа хIун хиъна цунна?
I а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Дукха хIума хиъна.
Масала, стохка май баттахь кхуо элира декабрехь ло догIур ду. Ло деара!..
I-гIа с т а г. О-о-о, и ма доккха хIума ду! Ас
Iаламбекана тосур бу кхаж!
I а л а м б е к а н н а к ъ о с т. ХIара Iаламбек, ша депутат харжахь, уггар хьалха вайн махкахойн массеран а могашалла таян дагахь ву. Iожаллина дан хIума дац, амма хIетталц стаг могаш латто йиш-м ю кхуьнан!
А ь з н а ш. Делахь, ас а тосур бу цунна кхаж…
Ас а… Ас…
Б а й т а е в. Ас цхьа-ши дош эр дара. ХIунда аьлча, поэттий, дарбанчий гергара ву. Поэто дагна дарба до, ткъа хIокхо, Iаламбека, дегIана до…
I а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Кхуо дагна а до дарба…

Б а й т а е в. Хьо ца кхета ас бохучух. Ас бохург: поэто дагна, аьлча а кхетамна дарба до, синкхетамна… Цундела тхойшиъ цхьана нахана юккъехула волалой, хIокху
Iаламбека догIмашна дарбанаш деш, ас синкхетамна дарбанаш деш, вайн адамаш чIогIа могаш хир ду. ТIаккха уьш дебар ду. Вайн къам итт шо далале кхаа миллионе кхочур ду.
Б а к ъ б о л а т. ЭйтI, маржа яI! ТIаккха-м хIокху дуьненах дог Iебар дара вайн!
Б а й т а е в. Собарде! И хир дац, нагахь хIара Iаламбек соьца цхьаьна нахана юккъехь болх бан реза ца хилахь.
Реза вуй хьо?
Iаламбека гIам-гIим до.
I а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Накъост! Ас цкъа дIа ца аьлла шуьга?!.
Кхуьнан хIинца вист ца хуьлу хан ю…Кхуьнга тоба дохадайта а ца гIерташ, хьайн дагахь дерг а алий, охьахаахьа.
Б а й т а е в. Бакълоь! Хьо бакълоь! Байт барамехь эр ду ас.
Iаламбек, Iаламбек
Ву чIогIа говза верг.
Цо таво цомгаш верг,
Цо тайо говран берг.
Цо тадо виран лерг,
ДIайоккху беран церг.
И деш ву дан ца терг –
Iаламбек – говза верг!
А ь з н а ш:
– Ма дика а язйина!
– Суна «берг-лерг» дика хийтира…
– Суна и «церг-терг»
Б а к ъ б о л а т. Собарде, нах! Собарде! Суна дика вевза шуна хIара а, кхуьнан ворхIе да а. Цара дарба дина товина стаг а вац…Кхуо вуьйцучу Iаламбекан ворхIалгIачу дас IаIас цхьа а саьрмик а ца бийна… Суна тхан дас дуьйцуш хезна, иза наха дикка цIахь боцуш ву а олуш, лаьттах дохуш IаьIнаш а дууш волавелла лелаш хилла бохуш… Цунах тиллина ю бохура цунна и цIе а – IаIа. Эццахь и
IаьIнаш лоьхуш, латта кегош воллуш, гезго къовза а вина, цунах дIовш а даьлла, велла.

Іаламбека гІам-гІим до.
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Ма дохадайта кхуьнга шен тоба!Ма ле харц! Уьншарахь велла кхуьнан ворхІалгІа да вийца хьан хІун гІуллакх ду?! Белларш мукъна а битахьа…
Б а к ъ б о л а т. Стаг веллера бохуш, цунах лаьцна аьшпаш буьттур болуш хьаха вац со-м…
А ь з н а ш:
– Белларш бита!
– Белларш бита!
– Царна иштта а хала ду!
– Коша чохь готта ду!
Б а к ъ б о л а т. Делахь, аш иштта бахахь, белларш буьтур ас, Іора а ца бохуш… ХІара Іаламбек дийна вуй?
Д І а х ь о ш в е р г. ХІинццалц-м вара иза, ша ахь дог датІийна вен ца вехь.
(Іаламбекана дикка бІаьра хьожуш).
БІаьргаш детташ ву. Дийна ву!
Б а к ъ б о л а т. ЧІогІа дика ду… Цундела дийна волчух дуьйцур ду ас. ХІара Іаламбек, Іовдал нах Іехош, экстрасенс ву бохуш дІаволавеллера. Лам чуьра цхьа воккха стаг веана хиллера кхунна тІе, шен жинаша шайца тан бохуш, юкъаерзийна хьийзош йолу йоІ а ялош. ЙоІ бІаьрго йоххол хаза хиллера. Цунна лоьралла до ша бохуш, гонах хьаьвзинчу хІокху Іаламбека жинаш а диццдинера йоІана…
Шен дерриг тайпа а гІаттийна, хІара, Іаламбек, вуьйр ма ву ша бохуш, хьийзира воккха стаг. Іаламбек ведда, гІалмакхойн гІамаршлахь дІалечкъира…Пхи-ялх шо даьлча, и воккха стаг вала а велла, паргІатвелира…
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Бакъ дац шуна иза! Бакъ дац шуна! ХІара накъост вайн нохчийн къомах болчу къонахашна цІераш кхуллуш, уьш бегбохуш, зуламна араваьлла ву. И тайпа къамелаш бахьнехь баьлла вайна шоззе а тІом! Оцу стеган бакъйолу цІе Харцболат ю шуна. Оцу Іаламбеках ас мел дийцинарг бакъ ду шуна…
Б а к ъ б о л а т. Оцу Іаламбека дарба дина цхьа а стаг вуй кхузахь?
І а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Ву. Со-м… Со шо хьалха аьрру агІо сецна вара, ког баккхалуш а вацара, вистхилалуш а вацара… Цхьа са чохь хилар бен, гуьнахь йоцуш гуьйриг яра-кх, йоьжна Іуьллуш.

ХIокху Iаламбека бIаьргаш тIе куьг деара, бIаьрса схьадеара. Кхуо бета тIе куьг деара – мотт керчира, къамел дIадоладелира…
Б а к ъ б о л а т. И мотт-м дукха шар ца беллехь а хIумма а дацара хьуна, къинош кIезиг хир дара…
I а л а м б е к а н н а к ъ о с т. Собарделахь цкъа. Со чекхвалийталахь… ХIокхо агIонах куьг хьаькхира, со дIаволавелира… Иштта массо а цамгар дIа а яьлла, нанас дена ма варра то а велла, дIахIоьттир-кха со.
А ь з н а ш:
– IийтI, маржа яI!
– И говза стаг ву!
– Экстрасенс!
– Тхан устаз!
– Ас цунна тосур бу-кх кхаж.
– Ас а тосур бу.
– Ас а, ас а…
Д I а х ь о ш в е р г. Собарде, хIай! Харжамаш тIекхаьччахьана, хоржур ву аш. Вайн хIинца а йистхила езаш Периева Бикату а ю – Мисс Кавказских гор. Дош хьуна ду-кх, Бикату.
Б и к а т у. Леди энд джентельмены. Дамаш а, господаш а! Зударий а, Божарий а. Со мисс Кавказских гор ю.
Мел хала дара хаьий шуна суна мисс хила. Сайн еззарг яа йиш йоцуш, еззарг мала йиш йоцуш. Диета яра железная!
Iуйранна цу буура етги шуьрица, делкъана кхерзина хьаьжкIаш, суьйранна аьхьна овес…
Иштта къахьоьгуш кхаьчна со сайн дарже. Цо со тешийра, айса муьлхха лам боккхурх хиларх, потому что мне море по колено.
Вайн махкахь порядок хилийта шуна лаахь, со харжа аш. «Красота спасет мир!» – бохуш хезний шуна? Иза сох а, со санначарах а аьлла шуна. Оха спасти дан дезаш ма ду хIара дуьне.
Б а к ъ б о л а т. Хьуо хаза ю бохург дуй хьан иза?
Б и к а т у. Иза-м ас ца аьлча а гуш ду, соьга хьаьжчахьана.
Б а й т а е в. Собар! Собар! Цхьа а вист ма хилалаш, суна синъайам хилла! Дохновени олу цунах! Мел оьзда хIума ду и «Мисс Кавказских гор» бохург. Цунах лаьцна ас байт язйина. Язйина аьлча а, ша-шах кхоллаелир-кха даг чуьра.
Бикату, Бикату,

Хьо оьзда адам ду,
Хазаллех дуьзи-кха
ХIар маьлхан дуьне ахь.
Ва хаза Хазбика,
Ва нуьре Нурбика,
Ва кура Курбика, –
Хьо оьзда Бикату.
А ь з н а ш:
– ХIай-хIай!
– Ледара вуй кIант!
– Хастае ахь Бикату!
– Хасто хьакъ ю хьуна иза!
Б а к ъ б о л а т. Собардехьа цкъа, хIай накъост! Хьо массарна а байташ язъеш ма ву. Хьуо хьаьнца ву дийцахьа билггал?!
Б а й т а е в. И ду хаза! Со массаьрца а ву-кх. Со
Бикату толахь, цуьнца ву, Iаламбек толахь – цуьнца, Бийберд толахь – цуьнца… Со-м хьо толахь, хьоьца а хир ву.
Б а к ъ б о л а т. И ду хаза! ХIара боккъал а хаза ду.
З а л а ч у ь р а з у д а. Собардехьа, и «Мисс кавказских гор» боху цIе хьан тиллина хьуна?
Б и к а т у. Иза тхан юьртахь хиллачу конкурсехь ас перви места а яьккхина тиллина суна.
З а л а ч у ь р а з у д а. Хьо а хазниг елахь, ирчанаш ма хир а бу шун!..
Д I а х ь о ш в е р г. Хаттарш хIара къамел дина яьллачул тIаьхьа дийр ду аш. Хьайн къамел дIаде ахь!
Б и к а т у. ХIинцца сол хьалха къамел динчо элира,
Iожаллина дан хIума дац… Сан-м ду… Адам, дала а ца леш, даха деза! «Бессмертие!» – олу цунах. Со харжахь, я гарантирую вам бессмертие!
Б а к ъ б о л а т. И хIун ду цо дуьйцург?!
Б и к а т у. ХIаъ, бакъду шуна. Iаьмиркехь, церан
Iилманчаша, стаг вала воьжча, и вала ца волуьйтуш, гIора а войтий, холодильника чу дIавуьллу, тIаккха цхьа хан яьлча, юха метта а валавой, цамгарна дарба а дой, та а вой, кхин а ваха хьайна олий, дIахоьцу. Оцу фирмица сан дина договор ду. Шайна вала ца луург тахханехьа дIаязло!

А ь з н а ш. Со дIаязвел!.. Со а язве!.. Собарде, ас хьалха элира!.. Ахь де собар!..
Нах сцени тIе гIурту.
Б а к ъ б о л а т. Собарде, нах, собарде! Дуьненчохь мел волу стаг вала везаш ву! Иштта дац бохург я Делах ваьлла ву, я шайтIа ду!
Тийналла хIутту.
А ь з н а ш. ШайтIа-а?! Муха, шайтIа?!
I с т а г. Боккъал а, хIара шайтIа хилахь? Ма хаза хир ду.
Б а к ъ б о л а т. Иза-м хIинцца хуур ду вайна…
БисмиллахIир рохьманир рохьийм!
I - р а с т а г. Ой! Мича баха уьш!
Кхо кандидат а, Iаламбекан накъост а, ДIахьошверг а, тIапъолий, дIавов. Наха стоьла буха а, гIенташ кIел а хьоьжуш, лоьху уьш. Нах цецбуьйлу: «Iай-й!.. Има доккха хIума дара-а!.. Уьш-м дерриге а хилла шайтIанаш!..».
Б а к ъ б о л а т. ЛадогIал, нах! Цхьа минот ца яьллехь майтIанашка Iехадойттура вай. Тахана кху чохь хиллачун маьIна дан деза вай: шайга мел дуьйцучух ма теша! Ойла е! Ойла е!..
Й и с т.

# ХИЙИСТЕХЬ

**Хийистехь**[18]

Комеди

Дакъалоцурш:

Д е ш и

П о л л а

Л и п а

З е з а г

К х о к х а

Б и к а т у

I а л с о л т а

Цкъа цхьана хенахьшовда хилла меттиг хIинца шовда дакъаделла хIетте а мехкарий гулло кхузахь, хи а, шайна тIехьийза кIентий а гучубовларе сатуьйсуш. Цара йиш локху.

Буьйса Iаьржа яра алий,
Хьо ца вогIуш ма висалахь,
Буьйса Iаьржа ца хилийта
Со баттаца кхетар ма ю.

Д е ш и. Буьйса а яц, де кхоьлина а дац, амма вогIуш-м вац иза.

П о л л а. Мила вуьйцу ахь?

Д е ш и. Ца гира шуна селхана вай долчу веъна Iалсолта?

П о л л а. Гира. Иза мила ву-м хьанна хаьара…

Д е ш и. …Суна чIогIа товш хийтира иза.

Л и п а. Хьуна хIуъу хеттехь а, цуьнан бIаьргаш-м гуттар а со лоьхуш дара.

Д е ш и. Ма дийцахьа. Соьга хьаьжжинчохь виснера-кх иза.

З е з а г. Ма бакъ дацара иза.КIелдIахула соьга хьоьжуш бара цуьнан Iаьржа ши бIаьрг. Ткъа цуьнан дагчохь дерг-м дийца а ца оьшу. Бикатус пондарца йоцца йиш локху.

Л и п а. Хьуна хIун хаьа цуьнан дагахь хIун ду, ва Зезаг?

З е з а г. И хаа-м кхин доккха хьекъал а ца оьшура.

Д е ш и. И ду хаза! Хьох-м нехан дагахь дерг хууш, хIума хуу стаг ма хилла.

З е з а г. Нехан дагахь хIун ду-м ца хаьара суна. Амма оцу Iалсолтин дагахь дара ламанан басахь, баьццарчу бай тIе даьлла Зезаг, схьа а даьккхина, шен цIа дахьа.
К х о к х а. Ва-а! Хьуо ю-кх ахь юьйцург.
З е з а г. Кхин мила юьйцур ю ас, сан цIе ма ю «Зезаг»?
Д е ш и. Ахь иштта дийцахь-м, тахана-кхана дакъаделла дIадер долу зезаг доккхучул, цкъа а сий довр доцу, цкъа а мах бовр боцу, хоттала кхоьссича а бехлур а доцу, цIерга кхоьссича а догур а доцу деши а эцна вахар гIоли ю цунна.
К х о к х а. Вай, Деши, хьуо ю-кх ахь юьйцург.
Д е ш и. Ю дера, кхин хьо йийца езаш-м яцара со?..
К х о к х а. Яцара, делахь а сан хIун ойла хилира хаьий шуна, и Iела гучу ма веллинехь? Иштта хIусамнана лоьхуш хьо араваьллехь, ма хьуо кхача веззачу кхаьчна-кх хьо аьлла. Хаза товш, къинхьегамна тIера стаг волчух тера ду иза. Цуьнца вайн эвла йисттехь цхьа жима цIа а дина, бежана-котам, хьаьжкIа-гIабакх а лелош ехар яр-кха, дуьненан а, доьзалан а хама а беш. «Дитта тIехь ши кхокха санна, цхьаьна дехар дара-кха тхойша». Ас «кху» олуш, цо
«кху-кху» олуш.
З е з а г. Ахь хьайна ма луъу «кху-кху» баха. И жимстаг вайгара вер волуш вац шуна!
Д е ш и. Хьо ма чIогIа тешна ю хьайн ницкъах.
З е з а г. Сан ницкъ бац, жайнин ницкъ бу. Ас сийссарехь яхна, молле жайна даккхийтина…
Л и п а. Иза-м хьаха дара хьуна цахиндерг. Ас сийсара
Бакарбике пал тасийтича, и ламанан леча, и цIоькъалом ас караIамор ду элира. ТIаьхьайисира хьо хьайн жайница.
З е з а г. Иза-м гур ду вайна…
Д е ш и. ДIадовлийша, шун жайнех а, пал тасийтарх а гIуллакх хир дац. Дешига бахна безам чIогIа ца хила йиш а яц. Тхо-м Iийр дац кху юьртахь, тхо генна, цхьана хазчу гIайри тIе даха дIагIур ду.
Суьйре йитий, дIагIо вайша, ва Iела,
Iуьйре йитий, дIагIо вайша, ва Iела,
«Мерседесе» мох лоьцуьйтуш, ва Iела,
Дуьне мел ду дIагIо вайша, ва Iела!

Цигахь, цу гIайри тIехь, пальмаш хир ю, тIехь шортта бананаш а йолуш…Мобильни телефон: «Алло, Липа, хьо юй иза? ХIун ду вайн юьртахь? Хьаьмцаш хиллий?..».
Бикатус пондарца юха а мукъам балабо, «Шайна хуург ду-кх аш дуьйцург» – олуш.
Л и п а. Хьаьмцаш дIабевлла, хIинца хьонка схьабаьлла. ЦIа йола, хьайна цахиндерг а ца дуьйцуш.
З е з а г. Дерриг а дика дийцира ахь, Деши. Цхьа-ши хIума тIетоьхчахьана. Цхьаъ – и гIайре къагийна Зезаг хила дезар… Деши оьшуш меттиг яц гIайре… Деши дIа а доьхкина, ахча хир ду тхойшингахь. Ткъа Зезаг массанхьа а оьшу… Цул сов, тхойшиннан кIайн басар хьаькхна хIурдакема а хир ду. «Яхта» олу цунах. Ас оцу яхти тIе а яьлла, «Ля-ля» – аьлла безаман йиш локхур ю. Суна дуьхьал йиш а локхуш, танцор диско санна хелха а вуьйлуш, схьаволалур ву Iеласолта. Эццахь хIордан тIулгIено яхта ласта а дина, ког а шершина и хи чу гIур ву. ХIордо и дIакхоллур ву (елха а йоьлхуш индийски мукъам беш…)
Эццахь суна гур ву цхьана дельфино шен букъа тIе а виллина вадийна валош сан Iалсолта, цушинна тIаьхьахьаьдда богIуш акула а хир бу. Дуьхьал хьаьддачу ас ши куьг а лаьцна, такхийна, акулин багара а воккхуш, яхти тIе хьалавоккхур ву сан Митхун, сан Раджа, аьлча а сан Iалсолта.
Бикатус пондар локху, цо дийцинчух цецъяьлла…индийн мукъамехь, Зезага индин хелхар до.
Л и п а. Хьо хIумма а олуш ма яц, ва Полла?
П о л л а. Йистхилла а хIун дийр ду ас? Поллин гIуллакх хабарш дийцар ма дац. Поллин гIуллакх хIун ду? Цхьана дитта тIера вукху дитта тIе хууш, бецийн, зазанийн мут муьйлуш, тIомабаьлла лелар. И Iела кхин лекха дитт а ца хета суна-м, цунна сел чIогIа сагатдалла. Эццахь мобильни ека. ЛадугIу телефоне.
Со ю Полина. Сой? Москвахь ю-кх. Алла Пугачева йолчохь. ХIун деш ю? …Йиш лакха Iемаш… «Фабрике звезд» ца яхара со; Алла Борисовнас йола аьлча а.
ХIундий? Дукха вульгарно лела уьш. МегIси. О Кей! Сильвупле!
М е х к а р и й. О-о-о, хьо кура стаг ю, Полла!
Мехкарша йиш локху.

Попан гаьн тӀехь мокха куьйра
Дека ма дели,
Ирзонехь Ӏаьржа леча
Делха ма дели.
Алалай, ва кӀорни,
Са тховса аьтту ца болу хьуна,
Кхана сарахь ца вогӀуш ма Ӏелахь.
Лулахошна дийцар дан
Воллу теша,
Юьртахошна гӀарадаккха
Воллу теша?
Алалай, ва кӀорни,
Сан тховса аьтту ца болу хьуна,
Кхана сарахь ца вогӀуш ма Ӏелахь.
Буьйса Ӏаьржаниг лахий вола,
Ворда чехканиг лаций вола.
Алалай, ва кӀорни,
Олхазарш хьаннашкахь тийначу хенахь
Мокхазар бердашка дӀагӀо вайша.
К х о к х а. ЭйтӀ, маржа йиш яӀ!
Л и п а. Вай и дика-м лекхира.
П о л л а. Бикатус пондар а-м лекхира дика, йистхуьлуш яцахь а.
Д е ш и. Дика ду-кх и мукъане а йистхуьлуш йоцуш…
И лен йолалахь, вайга рагӀ а кхочур яц.
К х о к х а. Мехкарий! Вайн компани дика компани ю шуна! Ас мел чӀогӀа сатийсинера иштта шуьца шовдан йисте а яьлла, иштта йиш лакха. В натуре... Цигахь, Зонехь, шу дага а догӀий кест-кестта йоьлхура со.
П о л л а. Чуйоьллина а хилла хьо?
Л и п а. Хьуна ца хаьа иза?
П о л л а. Со наггахь бен цӀа кхочуш а яц…
З е з а г. Иза а бакъ ду.
П о л л а. Ткъа стенна йоьллинера хьо чу?
К х о к х а. Правозащитница ю со. Бакъонехьа къийсамхо. Нийсо ларъярхо. Вайн нохчийн къоман сий лардина аьлла, чуйоьллинера со.

П о л л а. Ваув, тхан миска, Кхокхилг. Хьо вайн ишколехь доьшуш а ма яра нийсо езаш. Оха хьох Анджела
Дэвис ма олура… Юха Жанна де Арк.
З е з а г. Яхь йолуш йоI-м ю Кхокха.
Л и п а. Ас Кхокхех лаьцна байташца эр дара.
Тхан оьзда Кхокха,
Тхан хаза Кхокха…
ХIар дуьне доккха
Къагийна ахьа.
Ахь нийсо къуьйсу
Шек дIа ца йолуш…
Тхо хьоьга хьуьйсу,
Самукъадолуш!
Массара а тIараш детта. Бикатус пондар озабо.
П о л л а. Ваув! Хьо-м йоккха талант ма хилла. Липа.
Оццул дика стихаш язъешшехь, хьо цхьанххьа а юьйцуш а ма яц. А это круто!
Л и п а. Вайнахана ца веза, талант йолу стаг. Ас хIинцца ешна стихотворени эзарлагIа яра шу. Мила ву нохчех эзар стихотворени язйина? ХIахI?
П о л л а. Ваув! В книгу Гиннеса!
Д е ш и. Горалера Липа яI! ХIара Липа мел дика йоI ю хаьий шуна.
Кхуо доккхачу гатана тIе байт язйинера…
Даккхийчу элпашца…Муха яра иза Липа…
Л и п а. Бомбанаш ма тоха кема,
Божор бу ахь Бабин кхема.
Хьо далий, дIагIолахь маса,
Стигалахь юьтуш кIайн аса.
Д е ш и. Кхуо шайн цIийнан тхов тIе тоьхна и байт а йоьший, летчикаш гIагIъолий боьлхуш хиллера: «Хьажахьа, ма къинхетаме адамаш ду кхузахь. Ма дукха еза царна шайн Баба бохуш»…
З е з а г. Дера и бахьана а хIоьттина вайн юрт тIе бомбанаш ца етташ, йиса-м йисира.
Юха а Поллин мобильни ека.
П о л л а. Алюв! БонжугI! ХIа-а хьо ю и Линда…

ПагІдон! Со Парижехь йолу дела, хьо француженка ю моьттуш церан мотт буьйцуш яра со. ХІун деш ю Парижехь?
Бриджит Бордо йолчохь ю. Цо кхайкхинера соьга… Сагатделла шен, ганза дуккха а хан а ю, йолахьа аьлла. Ца яхара со «Фабрике звезд»… Массо турех чекхъяьллехь а с блеском. ДІаялахьа ас хІун дийр дара среди этих вульгарных колхозников. Со шен фабрике ца еана аьлла, Алла
Борисовна ийгІина соьца… Со шекйолий ткъа? Дика ду
Линда. МегІси. Сильвупле. Адью.
Д е ш и. ХІара Полла а-м юшуна дика йоІ, культурни а йолуш. Масийтта институт чекхъяьккхина, ХІокхо ца доьшуш цхьа а гІала ца йиссина… Мас гІалахь дешна ахь,
Полла?
П о л л а. Ваув! Уьш-м дукха яра. От Санкт-Петербурга – до Хабаровска. Дуьне а, нах а бевзина шуна шун накъостана, мехкарий!
Л и п а. Сан дагчохь Поллех лаьцна а кхоллаели стих:
Хаза Полла, оьзда Полла,
Хьо массерал даим тоьлла.
Доггах Іамош кІорга Іилма,
Оьрсийн махкахь дукха Іийна.
К х о к х а. Дика яра байт!
И Полла санна, оьзда а, хаза а ю вайн Зезаг. И схьа ма гиннехь Индин пачхьалкх дагайогІу суна. Мел тера ю иза
Митхун Чакробортина езаш хиллачу индианкех, хьаж юккъе тІадам билличахьана, тап-п иза ю-кх в натуре…
З е з а г. Баркалла хьуна, Кхокха. Ахь бен аьлла-м дац хьуна.
П о л л а. Муха дац? Ас а боху иза-м.
Д е ш и. Суна хьо Жадех тера хета.
Л и п а. Сан кийрахь байт кхоллаели.
П о л л а. Ваув! Хьо-м поэзин фабрика ма ю!
Л и п а. Хаза Зезаг Индин мехкан,
Хьо Нохчийчохь эсал техка,
Ела-елха, ела-елха,
Илли олуш яла хелха.
З е з а г. Баркалла шуна!
Зезаг йоьлху. ТІаккха йоьлу. Индин мукъам балабо

Бикатус. Зезаг хелха хьевза. ЦIеххьана хелхар саца до.
Мехкарий! ХIара Деши хьахош а ма яц ван?!
Хонкар-махкара деши а кхоьхьуш, хIара ерриг Нохчийчоь дешех хьалаюьзнарг-м ю шуна хIара.
К х о к х а. Деши оьзда йоI ю.
П о л л а. Деши крутая! Комон! Комон!
Л и п а. Байт! Байт!
К х о к х а. ДIа чулалла!
Л и п а. Хаза Деши – дашо корта,
Бриллиантех юьзна ворта.
ЖовхIарш цуьнан ду-кха шортта,
Дог ду Дешин цIена шовда!
П о л л а. Ваув! Браво!
К х о к х а. ХIинца, кIентий, аьлча а мехкарий!… Суна кад мала луур дара… ой хIун дуьйцуш ю со?
Вуьйш мехкарий буьйлу.
П о л л а. Ваув! Хьайн Iеминарг ду-кх ахь дуьйцург!
К х о к х а. Молчать! Со хIокху Бикатух дош ала лууш яра. ХIара Бикату ца хилча вайн кампани ян а яцара шуна…
З е з а г. Бикату хаза а, оьзда а, куц долуш а ю.
П о л л а. Верий, верий найс!
К х о к х а. И хIун дара?
П о л л а. Ингалс маттахь...
Л и п а. Сан дагчохь байт кхии…
П о л л а. Хьайн талантана жимма кхоамбехьа…
Л и п а. Сайн накъосташна кхоор яц. Суна Нобелевски преми лахь…
З е з а г. Вай, ма хир дара иза!
Елха озало, тIаккха цIеххьана елало
Дийцахьа Липуня, хIун дийр дара ахь?
Л и п а. Нийсса ялх дакъа дийр дар-кха… Вайн массеран цхьатерра ахча хилийта.
П о л л а. Ваув!
Д е ш и. Дала аьтту бие хьан, Липа!
Липа. ХIинца сайн байт еша ас. Бикатуна лерина.
Тхан Бикату, ту-ту-ту,
Хьол тоьлаш яц и «Тату».

Хьо йолуш тхан Бикату,
Ма дика ду, ду-ду-ду.
Бикатус пондар локху.
П о л л а. Ваув! Браво! Бис! Ляпота!
З е з а г. Мехкарий, вай иштта хаза а ду… Амма хIара вайн шовда дацкха догIуш… Наггахь цхьа даьржина хи гучудолу-кх… Бензин хьожа а йогIуш…
Л и п а. Хьалха заманахь, хаза доккха шовда ду бохура хьуна хIара. Дуккха а мехкарий, кIентий гуллуш хилла кхузахь…
ХIан-хIа, ас кхин дIа ца дуьйцу. Ас байтаца эр ду.
Кхузахь хилла цIена шовда,
Шен хи эца, цу чу кховда,
Сан дененан ненан нана,
ЙогIуш хилла хIора денна!
Цуьнан безам хилла бовха,
Шел а ца луш, маларх шовда.
Дукха кIентий иза йовза,
Ихна кхуза хIора денна!
П о л л а. Браво! Браво!
З е з а г. ДIадуьйцуш ма яра со…
К х о к х а. Схьадиййца ахь, Зезаг, сетта а ца сетташ, дукха сеттахь, юккъеш каглур хьо.
З е з а г. Иштта хаза а, оьзда а, куц долуш а вай доллушехь кIентий ца богIу-кх вай долчу, хьалха заманахь санна, дуккха а… Цхьа Iалсолта веъна.
К х о к х а. Дерриг дуьненчохь а ю хьуна кIентийн дефицит. Хьуьнхахь хенкIуьро зIок тоьхча, диттах диг детташ стаг ву бохуш, зударий хьуьнха уьдур бу бохуш йиийцина зама тIекхаьчна! В натуре!
Поллин мобильник ека.
П о л л а. Хэлло, Хавайю! Хьо ю иза Аза. Со ЛосАнджелесехь, Голливудехь ю Цундела буьйцура ас ингалс мотт, хьо американка ю моьттуш. Шерон Стоун йолчохь, хIокхуо йолахьа, сагатло шен аьлла еанера со.
Ша мозий санна суна гонаха хьийзаш-м бу уьш. И Чак
Норрис а, и Мел Гибсон а, и Джекки Чан а… Делахь а со кхузарчу стаге маре гIур йолуш яц. Со патриот ю. Суна вайн цIахь карийна Мел

Гибсон санна хаза а волуш, Чак
Норрис санна майра а волуш, Джекки Чан санна тӀахъаьлла а волуш… Мила вуй? Ӏалсолта ву-кх! Цуьнга йоьдуш ю со. Бай-бай! Ай лавю! Адью!
К х о к х а. Собардел цкъа, Полла! Ахь ма чӀогӀа чекхдаьккхи и гӀуллакх?.. Ӏалсолта хьайна кхочур ву моьттахь, чӀогӀа галъяьлла хьо.
П о л л а. Иза-м гур ду вайна! КӀенташна продвинуты мехкарий беза… Со санна…
К х о к х а. Сдвиг по фазе ерш буьйций ахь?.. В натуре!
Д е ш и. Шуьшиннан а гӀуллакх хир дац… Эрна хабарш а ца дуьйцуш ӀадӀе…
К х о к х а. Хьуна хӀун хаьа?
Д е ш и. ЙоӀана цу лаха, кӀантана хӀу лаха бохуш хезнийшуна?
З е з а г. И хӀун ду, Деши?
Д е ш и. Иза хьаха ду йоӀа шена яха меттиг, яахӀума а йолуш (цу а болуш) меттиг лоху. Хьалдолуш волу стаг лоху.
Ткъа кӀанта хӀу лоху, шен орам цӀена болуш йолу йоӀ. Сан санна цӀена схьаялар долуш цхьа а яц шух.
К х о к х а. Хьуо маймалах яьлла бохург-м дац хьан?
Д е ш и. Дац. Сан генара да Таймин Бийболат ву, «Гроза Кавказа», Пушкинна Арзруме воьдуш гина волу.
К х о к х а. Сан ворхӀалгӀа да а ву-кх Адин Сурхо, Эла
Мусост гасить вина волу!
П о л л а. Эшш-ш, иштта-м сан пхоьалгӀа волу да а ву, саьрмикан кийра а ваьлла цуьнан букъа юккъехула, шаьлта а етташ, Ӏуьрг а даьккхина, хьала а ваьлла, юха и саьрмик бийна волу Оьлбаздукъин Элаборз!
Л и п а. Сан деда а хилла нохчийн сийлахь – воккха поэт! Цо язйина ю шуна:
Хьо паста, паста,
Хьо можа паста… бохуш йолу стихотворени!
З е з а г. Тхан генара дай, Индера схьабаьхкина бӀе шо хьалха, уьш раджаш хилла шайн долахь шортта пийлаш а йолуш…
Индийски эшар лакха йолало.
К х о к х а. Собарде хӀей, коза! Газа санна кхийсса а ца луш! ХӀей, хьо Таймин Биболтан тӀаьхьенех ерг… Хьо цуьнан тӀаьхьенах цахиларан билгало ю хьуна, хьан цӀе

ЦIаста хилар. Медь!
Д е ш и. Сан цIе-м яц ЦIаста, сан цIе Деши ю-кх…
К х о к х а. ЦIаста ю… Стенна ю хаьий хьуна?! Ахь деши ду бохуш мел юхку хIума цIеста йолу дела, тIе дешин кIур а биллина. Турцера кхоьхьуш! Халтура!
П о л л а. О кэй! О кэй! Цу тIехь-м бакъ ю хьо Кхокха.
И дIа ца алалуш, хала садетташ яра со.
К х о к х а. Цуьнан лергех, пIелгех мел ерг а цIеста ю шуна… Цуьнан сахьт а ду цхьа цхьамза а болуш! Хьахьа-хьа.
Д е ш и. ХIей! Хьан ма чIогIа самукъадаьлла! Суна тIера тIутIмоза а ца лоьхуш, хьайна тIера вирабIарз гуохьа!
К х о к х а. Что за чушь! В натуре!
Д е ш и. Ас кхетор ю хьо и хIун чушка ю… Хьо ю
Адин Сурхон тIаьхьенех? И иштта хилча, ахь духкур дарий къаьркъа ду бохуш технически спирт? И бахьанехь массийтта стаг дакъазваьккхина ахь! Хьо цундела ма йоьллинера чу а… Ва къаьркъанчин баьчча!
З е з а г
(Дешин юххе дIа а хIуттуш). Хьо бакъ-м лоь,
Деши!
К х о к х а. Ас гойтур ду хьуна суо мила ю-м, ва цIеста кIудал! Я таких на зоне штабелями мочила!
Йоьдий тIекхета Дешина. Дешигахь гIо доккху зезага.
Кхокхина орцахйолуПолла. Бикатус тIеман марш локху…
Липа уьш дIасакъасто гIерташю. Эццахь вогIий гучуволу Iалсолта.
Бикатус мохь туххий байт олу:
Iалелай, Iела вогIу,
Iелин дин сира бу!
Холхазан куй лекха бу,
Гома корта хаза бу!
Леташ берш совцу.
З е з а г. Марша вогIийла, Iалсолта!
Д е ш и. Тхо иштта хелхарш деш, хIинца тIаьхьара девлларш Iамош…
П о л л а. ХIаа, аэробика а, фитнес а олу цунах…
К х о к х а. Иштта меже хIума меттах а йоккхуш, тхайн эшарш а лоькхуш гулделла тхо… Хьо марша а вогIийла!

I а л с о л т а. Делан маршалла хуьлда шуна массарна а! Шу вайн махкахь а, ерриге Кавказехь, цIеяхна, самукъане, хелха довла а, эшарш лакха а хууш…
З е з а г. Иза-м бакъду… Тхан дай бIе шо хьалха цигара, Индера схьабабьхкина бу… Цигахь уьш раджаш хилла… Шайн долахь шортта пийлаш а йолуш… Цундела
Индин культура сан цIийца ю…
Индин хелхар до.
Д е ш и. Йиш лакха а хаьа, мах бан а хаьа…ВорхIалгIа да Таймин Биболат а ву… «гроза Кавказа», друг Пушкина»…ЦIе Деши а ю… Iаж Iожана гена ца бужийла а хаьа…
Хазчу дашо Iуьргара лаьхьа бьакхинийла а хаьа, йоIана цу лаха безийла а, кIантана хIу лаха дезийла а хаьа. Хьо хIу лоьхуш веанехь, хьо цунна тIекхаьчна-кх.
П о л л а. Хэлло! Бонжур! Маршалл! Со Полла ю. Мобильник ю. Мичча а зIе тоха йиш ю. БархI институтехь дешна…Мехкаш, гIаланаш евзина…Пхи иностранни мотт хаьа… «О кэй!», «Гудбай!» – ингалсан. «БонжугI, Сова!»
– французийн. Испанхийн мотт: «Собреро! Буэнос – но чеас! тореодор»… Португалийн мотт испанхойчух тера бу «с – на метта – ш» аьлчахьана. «Шобреро»…
Сан дедедедас Башлам тIе бижна хилла саьрмик а бийна…
Л и п а. Со мила юй? Ас эзаррий ялххий стихотворени язйина…
Нохчийн поэзин классик хилла сан денда… Цо язйина сийлахь-йоккха стихотворени:
Хьо паста, паста,
Хьо можа паста!
Хьокхам, хьокхам,
Ахь дуьне дузийна,
Со ма ца вузий ахь.
Ас хьох лаьцна а язйина дийнна поэма…
Суьйлийн хелхар дан хууш а ю…
Акушинийн хелхар дан йолало.
К х о к х а. Теркаца хьала а, охьа а вехаш хиллачу эла
Мусостан элалла дожийначу Адин Сурхон тIаьхьенах а ю со, тIам шера Кхокха – в натуре!

Зайтан Шихмирзин зуда санна, тешаме а ю. Къонах оьшучохь къонах а ю, эшахь лаьттах ког тоьхна хи а доккхур ду. Эшахь, йиш лакха, хьайн лергаша мел-лов, чIагIдан йиш йолуш аз а ду:
Буьйса Iаьржа яра алий,
Хьо ца вогIуш ма висалахь.
Буьйса Iаьржа ца хилийтта,
Со Баттаца кхетар ма ю.
Кхокхин тIаьхьа, пондар а локхуш, Iалсолтина хьалхахула йолало Бикату а.
I а л с о л т а. ЭйтI, маржа дуьне яI! Шу иштта оьздачу орам тIера, иштта самукъане, мехкарий болу дела, ма веъна со шуьга белхе кхайкха. Поппаран белхи беш ду тхо… цIенош деш… Бакъдерг дийцича, шу дуьххьара Човкина дагадаьхкира. Шуьга массаьрга а маршалла даийтира
Човкас.
М е х к а р и й. Маршалла хуьлда.
П о л л а. И мила Човка ю?..
Д е ш и. Тхан накъост Човка юьйций ахь?..
К х о к х а. Бутт хьалха Варанда маре яхнарггий?
I а л с о л т а. Шун накъост Човка юьйцу. Цо шуьга тIедогIучу кIирандийнахь белхех дуьйла бохура ша йолчу.
З е з а г. Хьо мила ву Човкин?
I а л с о л т а. Сой, гергара стаг… Муха эр дара иза, цхьа товш а ца хета… Со цуьнан… Доцца аьлча, со шун нуц ву-кх!
Д е ш и. Човкин хIусамда ву хьо?
I е л а. Тахана чуьра араволуш-м вара, хIинца велахь а, вацахь а. Iадийча санна лаьтта. Цхьаберш, дегнаша гIеллой, охьа а эга. Цхьа хан яьлча, мехкарий метта богIу. Бикатус хелхаран йиш локху. Iалсолтица хелхабуьйлу. Йиш локху.

Ч а к к х е.

# САТИЙСАМИЙН, ГIЕНИЙН ЧИМ

**Сатийсамийн, гIенийнчим**[19]

Драма

Д а к ъ а л о ц у р ш:

Н и н а

Д ж о н

Б э л а

А й з а н

І а з и м

К о р р е с п о н д е н т

Ч І о г І а а з

Г е н а р а а з

А ь з н а ш

Театран залан цхьа маьІиг

Ч І о г І а а з. ЛадогІа массара а!

Диц ма де шаьш тхан карахь хилар! Шу мел чІогІа гІелделлехь а, шу деллехь а, шу оха дІахоьцур дац, тхан лаам Россин Іедало кхочушбаллац.

1 - р а а з. Вайна хІун хан ю, алийша!

2 - р а а з. Вайна де ду, я буьйса ю? Хьанна хаьа?

Царна дуьхьал цхьамма а жоп ца ло.

Н и н а. …Массо хІуманан бехк сан бу… Сан бу…

Д ж о н. Хьан хІун бехк бу?

Н и н а. Сан гІуллакх дацара электронни почтехула хьан кехаташна жоп дала… Цул тІаьхьа хьо кхуза схьакхайкха а.

Д ж о н. Иза а хІокху бохаман бахьна делахь, массо хІума а ду-кх бахьна! ХІара дуьне хилар а, кху дуьненчу вайшиъ далар а, малх кхетар а, и чубузар а…

Лаьтташйолу Айзан елакъежа. Важа шиъ цкъа соцу луьйчура. ТІаккха Джон вистхуьлу.

Уггар а боккха бехк и Интернет кхоьллинчун бу.

Н и н а. Джон, ахь дерриге а беламе доккху. Сан хІун гІуллакх дара хІордаш дехьара хьо кхуза кхайкха. Суна сайн Сибрехь карор вара кІантстаг.

Д ж о н. Карор вацара ишттаниг-м. Я суна сайн НьюЙоркехь хьо саннарг а карор яцара… Бехк сан бу… Ас элира хьоьга, Іаьмиркехь мюзикл дукха гинера суна, оьрсийн мюзикле хьажа луур дара…

Н и н а. Со суо а яра иза-м цуьнга хьажа лууш. Со дуьххьара хьожуш яра мюзикле. Спектаклаш-м гинера суна.
Д ж о н. Суна хIорш сцени тIе бевлча а… Иштта режиссерна карийна шатайпа некъ бу моьттура. Ткъа хIара…
Н и н а. И кехаташ кечдина хIара тхан чиновникаш ца бовлуш, хьедели вайша Москвахь.
А й з а н. Эрна шайн са стенна дуу аш? Ас иза ца динехь, ас важа ца динехь бохуш?.. Аш хIуъу динехь а, хир дара… Хила доьгIнарг… дерриге а Делан лаамца ду.
Н и н а. ЙоI, хьуна атта ду иштта ала… Ас сайн дерриге а дахарехь сатийсинера цхьанхьа дIаяха… Тхайн шийла Сибрех а йитина, йовха йолчу…Суо кхобу йолу, суо дош хета стаг а карийна…
А й з а н. Сан бацара моьтту хьуна сатийсамаш…Дера бара… Сан сатийсамаш а, тхан халкъан сатийсамаш а бохийна тхан махкана тIееттачу бомбанаша, герзаша…
Н и н а. Сан хIун бехк бу?..
А й з а н. Сан хIун бехк бу?..
Н и н а. Суна хIун хаьа…
Д ж о н. Аш хIинца бехке доцу адамаш хьийзийча, хIун хьалхадер ду?
А й з а н (оьгIазе). Цхьаъ хир ду хьуна… Тхуна дерриге дуьненна дIагайта лаьа, мича хьола тIе даьхна тхо хIокху Россин Iедало.
Д ж о н. Иза-м царна дIахиъна хьуна…Хиъча хIун ду?
Ма кIезиг бала бу-кх дуьненан паччахьийн шуьца а, тхоьца а.
А й з а н. Царна бала бацахь, бала хуьлуьйтур-м бу…
Оцухенахь ека йолало телевизор.
Д и к т о р а н а з. «…Выполняя требования террористов, родственники захваченных заложников вышли на демонстрацию с лозунгами:
«Вывести войска из Чечни!»
«Нет - войне в Чечне!»
А й з а н. Хьовсал, цхьа жамI доцуш дац шуна тхо кхуза дахкар. Аш иштта демонстрацеш хьалххехь йинехь, аш кхузахь, Москвахь, дийшина а ца Iохкуш, тхан кхуза дахка дезар а дацара. Ткъа шу, шайн ловзарш а хIиттош, спектаклашка а оьхуш…ХIинца цхьаьний ловр бу вай хIара бала…ТIамах цхьанна шура йогIуш, вукхунна цIий догIуш ца хуьлу.
Д ж о н. Тхох хIун дан дагахь ду шу, дийцахь?

А й з а н. Шух хIун хир ду, Дела Ша воцчунна ца хаьа…
Бакъду, хьо-м дIавахийта а тарло. Хьо Iаьмиркан гражданин ма ву…
Кхечу пачхьалкхийн гражданаш арахецаран гIуллакх дуьйцуш ду…
Д ж о н. Со суо дIагIур вац, хIара а йоцуш. ХIара сан зуда ю…
I а з и м. Делахь, хьайн безам мел чIогIа бу къасто хан тIекхаьчна хьуна. Я хьайн дукхадеза нускал а дитина, хьайн Нью-Йорке дIагIур ву хьо, я хьайн нускалца цхьаьна бакъдуьненчу гIур ву…
Д ж о н. Ас къастам бина: со гуттар а хир ву Ниница…
Н и н а. Джон, хьо дIагIуо…Хьо хIинццалц а Iийна со йоцуш… КхидIа а Iелур ву…
Д ж о н. Вац, Нина, вац. КхидIа со Iелур вац, хьо а йоцуш…
I а з и м. Иштта чIогIа дохий а ма хьовза, хIинца а вайх мила ле а, дийна мила вуьсу а ца хаьа.
Дехьаволу.
Н и н а. БIаьргаш тIе ма дехкки сайн бераллера цхьа сурт дуьхьал хIуьтту сунна. Малх кхетта аьхке. Тхан юрт.
Баьццара басеш. Юьрта йистехула охьадогIу доккха, шуьйра, лилула сийна хи. Оцу хи тIехь лела гила-кема… КIайн басар хьаькхна, кIайн четар долуш, хаза гила-кема ду иза…Со а, ведар а карахь, гIу тIе йоьду…Юха тIам хьийзош, оцу гIу чуьра хи хьала а доккхий, ведар дохьуш цIа йогIу со… Сийна маьIа ведар, когех детталуш, хи Iена… Цхьа кIайн, бамбин, баьццарчу хьаннашна тIера гIуьттуш мархаш ю…
Д ж о н. Тамашийна хIума ду-кх, суна а го сайн бералла гIенах..
Н и н а. Вайх хIун хир ду техьа?.. Кхин дуьне даа ца кхиош, елла дIаер ю техьа со… ХIокхара цхьамма, шайн дегIах йихкина бомба а эккхийтина…
ЦIеххьана Нинина юххера зуда ша йолччохь охьайоьду.
Д ж о н. ХIокху зудчунна вуо хилла…
Н и н а. Ас хи маладо кхунна…
Йоьжначу зудчун корта шен кара буьллу.
Маржа яI! Бехк-м бац кху чохь дог гIелделча а, велча а… МеттайогIуш ю… ХIа-ан, хи мала хьайна…
Хи маладо.
Зудчо, хьала а айалой, ца Iебаш хи молу.
Б э л а. Бехк ма биллалахь, ас дукха маларна. Хьаг чIогIа еллера со.

Н и н а. Ахь хIун дуьйцу. Хьайна дезаш хилча, ала хIунда ца олура ахь?..
Б э л а. Цхьа даго ца юьтур-кха со.
Н и н а. ЦIе хIун ю хьан?
Б э л а. Бэла ю…
Н и н а. Сан цIе Нина ю. Девзаш хир ду вай… Нагахь далаза вай кху чуьра арадовлахь.
Б э л а. Суна хаьа хьуна. ХIара гIишло эккхийта дагахь бац хьуна уьш… Ца леш кIелхьарадовла мега хьуна вай а…
Д ж о н. Хьуна хIун хаьа?
Б э л а. Цара нохчийн маттахь дуьйцуш хезир-кха суна…
Д ж о н. Хьуна нохчийн мотт а хаьа?
Б э л а. Со суо ма ю нохчо.
Н и н а. Муха?!
Б э л а. Тсс…Со а, шу санна, мюзикле хьажа еънера…
Н и н а. Ткъа араялий, дIагIуо. Ахь хьуо нохчо юйла хаийтича, дIайохуьйтур ма ю хьо. Бусалбанаш цара дIа ма бохуьйту…
Б э л а. ЧIогIа ма ле… Со нохчо ю аьлла, кху чуьра араялахь, арарчара хIун дийр ду хаьий хьуна… Сох а террорист йийр ю…
Д ж о н. Муха? Хьо ца хилча, ян йиш юй хьох террорист…
Б э л а. Хийла бехк боцу нах хIаллакбина… Суна сайн дедас дуьйцуш хезна… Тхан эвлара цхьа миска стаг,
«троцкизман цIога» ду аьлла, лаца а лаьцна, чувоьллина
1937 шарахь… Цунна иза хIун ду хууш а ца хилла…Цара дукха ницкъ барна, цо ша Японин, Турцин шпион ву аьлла тIелаьцнера…
Д ж о н. Иза цкъа мацах хилларг ду… ХIинца кхин зама ю, Росси демократически пачхьалкх ю.
Б э л а. Ахь хIун дуьйцу, хIинца а изза ду хьуна. Оцу фильтрационни лагершкахь цара ца деш Iазап дац нахана тIехь… Со кху чуьра ара а яьлла, царна карайодахь, сох кхеран накъост хир ю…
Н и н а. Иза бакъ ю. Кху чохь санна кхерам бу цунна арахь а…
Д ж о н. ХIаъ, хIаъ… Иза бакъ ду…
Айзан тIейогIу.
А й з а н. ХIун ду боху ахь бакъ?
Д ж о н. Тхан гIуллакх ледара хилар…
А й з а н. Ткъа сайниг шунчул тоьлаш ду?..

Д ж о н. ХІан-хІа, хьайниг тхайнчул а галдаьлла ду…
А й з а н. Бакъду иза… ХІетте а со шу санна чІеІаш а, йоьлхуш а яц…
Д ж о н. Хьо хьуо мича йоьду а хууш еъна, хьалххе дагца чІагІлуш кечам а бина…Тхо дала даьхкина ма дацара, тхо театре даьхкинера… самукъадаккха… Мюзикле…
А й з а н. Хьовса… Суьрташка хьовса… ХІара дахар а ду шуна цхьа суьрташ… Цхьа гІан… Дахар нисделлачарна гуш дерг хаза гІан ду; суна санна, ца нисделлачарна гуш дерг - вуон гІенаш.
Н и н а. Тхуна и гІан хадийта ца лаьа… Аш ма хададейша тхан гІан… Шун бакъо ма яц…
А й з а н. Сацийта! Бакъонаш юьйцур яц вай… ХІун бакъонаш йолуш вийна сан цІийнда… Со ялийначу кхозлагІчу буса Іуьйккъехь чуьра ара а ваьккхина… Иза цкъа а цхьана а агІор хилла вацара. «Цхьа а агІо ца лоцуш, юьстах ца латтахь, со реза волуш базар яц хІара», - олура цо кест-кеста. «ЦІарна юьстахуо долу дечиг дисна, юккъерниг даьгна», - кица даладора цо, шен дас шена дийцинарг. Амма мел чІогІа… юьстах гІиртинехь а, ца витира… Иза дІавигна ши бутт баьлча, цуьнан корта эвлайистехь карийра… ДегІ – Органа йистехь… Орга - иштта цІе йолуш цхьа хи ду Нохчийчохь охьадогІуш…Ишта, цІенна тІе бомба а тоьхна, да а, ваша а, нана а, ши йиша а йийна сан…
Д ж о н. Со кхета хьох.
А й з а н. Стенах кхета хьо?…
Д ж о н. Хьо кхуза стенна еъна хаьа-кх…
А й з а н. Боккъал а хаьий хьуна?.. И дика ду. Хьуна хаахь а, ца хаахь а, дуьне, дахар ца дезаш ца еъна хьуна со кхуза. Шуначул чІогІа и деззашехь еъна… Кхин дан хІума а доцуш… Тхо хи санна, садолу хІумнаш санна хІаллакдо дела… ХІара дича а, цхьанна а хезар дацара техьа аьлла.
Б э л а. Хьажахьа, йоІ…
А й з а н. Хьо нохчо ю?..
Б э л а. Муха хиира хьуна?
А й з а н. Хьо йист ма хилли... йистхилале хиира…
БІаьра ма хьаьжжи…
Б э л а. БІаьргаш чохь яздина ду со нохчо хилар?..
А й з а н. Хьажар къаьсташ хуьлу нохчочун… Хьо оппозицехь хир ю…

Б э л а. Яц… ТIамах едда еанчех ю. Ваша а валош еъна со…Мино ког баьккхина цуьнан.
А й з а н. Ткъа кху театре самукъадаккха еъна хир яра хьо…
Б э л а. Вала ца велларг ца ваьхча а ца волу… Цу тIе театран дешар дешна ю со советан Iедал долуш…
А й з а н. Хаза-м дера ду, зуда, ахь лелориг… Хьайн ваша заьIап винчу мостагIийн коьртачу шахьаре а еъна…
Б э л а. Суна-м ца хета кхузара адамаш мостагIий…
Кху гIалахь эзарнаш бу нохчий.
А й з а н. Цунах цецъяьлла ю-кх со а… Цигахь вай дойуш а хIорш бу… Царах бевдда богIурш а кхуза богIу…
ХIокхеран, мостагIийн бена…
Б э л а. Адамаш массанхьа а цхьатера ду…
(Нинина тIе пIелг а хьажош).
И зуда хьан мостагI юй?..
А й з а н. ХIарий? ХIара, со санна, цхьа пекъар ю-кх…
Декъаза нускал.
Б э л а. Иштта ду-кх кхузара дукхахдолу адамаш…
А й з а н. Хьо соьга цхьаъ ала гIерташ-м яра.
Б э л а. Яра…Кхеран паччахьо шаьш бохург ца дахь…
А й з а н. Дийр ду!.. Ца дина, мича гIур ву иза?..
Б э л а. Ца дахь, хIун дан дохку шу?…
А й з а н. Иза хууш стаг вац, Дела Ша воцург…
Б э л а. И иштта хилча, хIара стаг, зудий дIадахийтийша…
А й з а н. Ахь хIун дуьйцу, зуда?! Хьуна со мила ю дицделла.
Б э л а. Тхо доллу адам дац хьо?
А й з а н. Хилча, хIун ду со адам?
Б э л а. Цундела боху ас… Цхьа-шиъ, шайн гIуллакхе доьду аьлла, дIа а дахна, корах ара а иккхина, кIелхьара дели ма боху…Топ ца кхеташ…Кху шимма а изза дича…
I а з и м
(ТIевогIуш).
Йийсархошца къамелаш дар магош дац.
А й з а н. ДIавалахь, кIант, кестта хIара дIадер хилча, хIун ду ас къамел дича а, ца дича а.
Кхуьйсучу герзийн татанаш…ГIовгIанаш…

ХIун хилла цигахь?..
I а з и м. ХIинцца телевизор чохь эр ду шуна хилларг хIун ду.
Д и к т о р а н а з. «…За попытку к побегу террористы расстреляли одну из заложниц…»
I а з и м. Хезирий шуна!
ДIайойу телевизор.
Вада гIоьртинчунна изза хир ду шуна!
Айзан, Iазим, юьстах а долий, соцу.
I а з и м. Вайна цхьаъ хилале, хьоьга дийца дезаш цхьа хIума ду сан…
А й з а н. ХIун ду иза, Iазим?
I а з и м. Вай мухха а кху чуьра арадовлахь, цхьанхьа цхьа а адам ца дехачу ламанан юьрта дIа а вахна, вехар ву со. Нах хьаьхна суна… Мел дика хир дара, хезаш цхьа а нехан гIовгIанаш а йоцуш… Цхьана Iаламан гIовгIа бен… Цхьа сирла аьхкенан буьйсанаш хуьлу цигахь, беттаса кхетча… Цуьнан серлонехь лепаш, тIулгаш тIехула чууьду шовданаш, хаддаза дека чIоб, юкъа-кара хеза цхьалха акхарочун Iахар… Ткъа хьо, оцу лекхачу лаьмнашюккъехь, жимо цIе а латайой Iа, гонах даккхийчу лаьмнийн гIаларташ а хаалуш…И екхна стигал санна, ойла а цIанлой…
Сатаса гергадаххалц йогу хьан цIе. Сатаса гергадахча, хьан цIе а дIайов, уллорчу паднара тIе дIатевжжинчохь набаран тар тосу хьуна… Хьо самавоккху юьхь тIе кхеттачу маьлхан зIаьнарша, дека доладеллачу олхазаро…
Ай з а н. Хьуна дагахь-мшортта хIумнаш хилла, Iазим.
I а з и м. Жима волуш ламчохь уьстагIий дажийна ма ву со…
А й з а н. Суна ца моьттура хьан ойланехь иштта сирла суьрташ ду аьлла… Хьо гуттар а кхоьлина, оьгIазе хуьлура.
I а з и м. Со сайн гергарчех ваьлла, уьш къиза хIаллакбина… ХIетахь дуьйна бода бижна сан дагчу а, юьхь тIе а… Амма наггахь сан кхетамехь денло берахьлера суьрташ, цул тIаьхьа ваха лаьа… Дала деза кхоьллина ма ду хIара дуьне…
А й з а н. Дера ду… Ткъа соьга стенна дуьйцу ахь хьайн берахьлера суьрташ… Тховса, кхузахь, соьга…
I а з и м. Дукха хан ю ас хьан тидам бен…
А й з а н. Иза-м тосаделлера суна.

I а з и м. Хьо дуьххьара гича… кхолладелира сан кхетамехь и суьрташ…Сатийсам а кхоллабелира… Оцу ламчу, тхайн дай баьхначу махка дIа а вахна, латта а охуш, даьхни а лелош, хьоьца цхьаьна, хьо реза хилча…
Айзан йист а ца хуьлуш лаьтта.
А й з а н. И дуьйцу меттиг ма яц хIара… Вайна хIун хуьлу а ца хаьа…
I а з и м. Цундела суна ца лаьа иза дIататта… ТIаьхьа хьоьга и дийца аьтто хир бу-бац а ца хаьа…
А й з а н. Iазим… Со хьол йоккха ю… Со кхечуьнца лаьттина шовдана йистехь, аьхкенан сарахь, чубузучу маьлхан серло цуьнан хи чохь ешна къайлаяллалц. Ас ведарш чохь цу шовданан хица сайн ден хIусаме кхехьнарг хьан бIаьргийн хьажар дац… Со ца лаьттина хьоьца бIаьстенан юккъехь хьаьрса хьечийн заза даьллачу генашна бухахь, гIийлачу мохо оцу зазан патарш тIе а хьоьрсуш… Юха Iай, и зазан патарш санна, лайн чимаш тIе а
Iенош, догIучу лайх а, и ло санна цIенчу ойланех а даккхийдеш вайшиъ ца лелла… Соьца кхин вара…
I а з и м. Хаьа суна. ХIетте а… Хьан хилларг новкъа дац суна… Хиндерг ахь соьца декъчахьана…
А й з а н. И хиндерг дацахь?..
I а з и м. И делахь а, дацахь а, ахь сайна жоп лойла лаьара суна…
Ай з а н. И хилахь, со реза ю-кх хьоьца хиндерг декъа…
Ца хилахь…
I а з и м. Ца хилахь, дан хIумма а дац…
А й з а н. Ца хилахь, цигахь, эхартахь сан накъост ву хьуна… Вайл хьалха цига дIавахна…
I а з и м. Кхета со-м.
А й з а н. Хала ма хеталахь. ХIокху дуьненахь - нагахь кхидIа хилахь - хьоьца хир ю со. Эхартахь - цуьнца…
I а з и м. Дика ду…
А й з а н. Iазим…
I а з и м. ХIун бохура ахь…
А й з а н. Хьуна хаьий, шайн бераллера хаза суьрташ, хьуна санна, кху чуьрчу хIора стеган а дагахь дуйла?.. Вай оцу нахаца цхьаьна гаттехь латтадо царна деза бераллин суьрташ а, сатийсамаш а.

I а з и м. Вай а латтадо цхьана наха гаттехь… Ткъа вай - хIорш… ХIинца вай хIокхарна гуобиллина… Арахь вайна кхолха гуо хир бу биллина…
А й з а н. Вай муха девр ду хIокху юккъера?!.
I а з и м. Ца хаьа… Дала диннарг хир ду-кх.
А й з а н. Наггахь сан хаттар кхоллало: кхечу агIор хила ца мегара техьа сан кхоллам а, вайн массеран кхоллам а, вайн халкъан кхоллам а?
I а з и м. И хала хаттар ду.
Ч I о г I а а з. Майра бIаьхой! Вовшашцa дукха къамелаш ма де! Йийсархошна тIехь латто тидам ма гIелбе!
Iазим, Айзан дIасадоьду…
Айзан тIейогIуша хьалха къамел деш хиллачунахана.
Цо телевизор латайо.
Д и к т о р а н а з. «…Только что в зал, где находятся заложники, уже второй раз вошел известный доктор. Он принес с собой лекарства и медикаменты… Доктор постарается уговорить террористов отпустить больных заложников, нуждающихся в срочноймедицинской помощи…»
Б э л а. ХIей, йоI! И зуда
(Нинина тIе пIелг а хьажош) цомгаш ю.
А й з а н. ХIун хилла цунна?
Б э л а. Дог лозуш ю иза… Яларна кхерам бу. Инфаркт хиллий а ца хаьа. ХIара дIайигийтахь.
А й з а н. Сан карахь хIумнаш дац уьш.
Б э л а. Алахь шайн хьаькиме, хьо дика а юй… Делера ял хир ю хьуна… Цхьа бакъхьара стаг йолчух тера ду иза…
Айзанюьстахйолу.
Н и н а. Со гIур яц, Джон кху чохь а витина.
Б э л а. Хьо цкъа араяла… Джон, Iаьмиркан паччахь орцах а ваьлла, аравер ву.
Д ж о н. Бакълоь хьоьга и зуда. Цкъа хьо араяла. Со мухха а кIелхьаравала хьожур ву.
ТIейогIуАйзан, шеца Iазим а валош.
I а з и м. Мила ю цомгашниг?
А й з а н
(Нинина тIе пIелг а хьажош). ХIара ю-кх.

I а з и м. Цомгаш елахь а, чIогIа йолчух тера-м дац хIара.
Б э л а. ЧIога юхьуна…Инфаркт йолчух тера ду цунна…
I а з и м. ДIасацае хьайн бат!.. Адвокат оьшуш меттиг бац кхузахь!
Б э л а. И зуда елча, хьан хIун толо?
I а з и м. ДIасацае хьайн муцIар! Ас бага чу автомат туху хьуна!
Б э л а. ХIокху къематдийнахь мукъна а и мотт оьзда лебехьа, хьо воллу нохчо яр-кха со…
I а з и м. Нохчо ю? Хьо хIун деш ю кху чохь?..
Б э л а. Мюзикле хьажа еъна.
I а з и м. Хаза юй ткъа мюзикл?
Б э л а. Хаза яц. Ирча ю.
Ч I о г I а а з. И хIун базарш ю цигахь?
I а з и м. ХIара цхьа зуда ю кхузахь цомгаш.
Нинина тIе пIелг хьажабо.
Ч I о г I а а з. Цу хьакхица шун хIун бала бу? Вай операци а хьоштагI чохь яйтина цомгашчу стагана, кху чуьра ара ца волуьйтуш…И хьакха, цомгаш а хилла, елча а хIун ду?!
Д ж о н. Со США-н гражданин ву. Ткъа хIара сан зуда ю! Шун бакъо яц и емалъян! Араялийта иза! Ас арз дийр ду шуна сайн президенте!
I а з и м. ДIасаца!
Д ж о н. Адамийн бакъонан декларацис суна бакъо ло сайна луург ала. Ас ООН-е арз дийр ду!
I а з и м. Хьайн ворхIе дега арз де! Боьха хIума!
ХIума тухий, вожаво.
Н и н а
(Цунна тIе а кхеташ). Жоник! Сан Жоник!
I а з и м. Ма е гIовгIа! Ас юьй хьо!
А й з а н. Ахь хIун до, Iазим?! Собар! Собар!
Iазим, корта а ластабой, юьстахволу.
I а з и м. Бакълоь хьо, Айзан. Собаре хила веза. Амма сан собар кхачош лаьтта… Ша хирг хилла дели делара кхузахь… ХIоьттина со садиттина…
А й з а н. ХIоьттинехь а, вайн кхин дан хIума дац…
I а з и м. Наггахь ойла хуьлу сан, хIара гIан ду техьа олий…
А й з а н. ГIан дац, гIан оццул деха ца хуьлу.
1 - р а а з. Вайна хIун хан ю алийша!

2 - р а а з. Вайна буьйса ю я де ду?
Царна дуьхьал цхьамма а жоп ца ло.
I а з и м. Бехк ма биллалахь, Айзан! Къонахчун амал яц собарх вохар…
А й з а н. ХIуъу хилча а, бехк билла ца оьшуш, хала киртиг ю хIара.
Жимма когашка са ца даIийтахь, кIадъелла со…
ГIанта тIе охьахуу.
Н и н а. Джоник! Лаза-м ца вина хьо…Ас хьийзаво-кх, дуьненан ялсаманера кху акхачу махка а валийна…
Д ж о н. Нина… Нина… ЛадогIа соьга… Хьо яда еза.
Н и н а. Со муха йодур ю?
Д ж о н. Эцца хьайн гIуллакхна хьоштагIа а гIой…
Корах араяла хьажа…
Н и н а. ХIан-хIа, хьоьца бен ког боккхур бац ас…
Дийна дисахь, цхьаьна хир ду вайша, лахь а - цхьаьна…
Д ж о н. Нина, хьайга бохург де… Кхара вай дойур ду…Ца гира хьуна оцо динарг, ас кхин дош аьллехь, вуьйр вара со… Цундела вайша кIелхьардала хьажа деза…
Хьалха хьо хьажа, тIаккха - со…
Н и н а. Цунах гIуллакх хир дац…Кху чохь эзар гергга стаг ву… Царна хирриг хир ду вайна а… Цхьаьна хилар гIоли ю вайшинна…
Эццахь набаран тар теснaчуьра самайолу Бэла.
Б э л а. Дала диканна дойла иза! Ма тамашийна гIан дара иза…
Н и н а. Ахь хIун боху, Бэла?..
Б э л а. ГIан гинера суна…
Н и н а. ХIун гIан…
Б э л а. ГIан аьлча а, со жима йолуш… Сан ялх шо долуш хилла хIума дара иза-м… Тхо, юьртара бераш… хьуьнах дахнера…Бераш массо а даккхий дара…Со сайн йоккхахйолчу йишица яхнера… Цхьа хаза кхетта малх а болуш, декхна де дара. Май бутт… Цхьа сирла-баьццара буц, можа зезагаш… Суна тIехь басмин коч ю, тIехь сирла-сийна зезагаш а долуш. Изза коч ю сан карарчу тайнигна тIехь а, нанас иза ши чIешалг тIекIел а йиллина, гонах тай хьарчош йинера… Ткъа ша суна коч еш, тIаьхьайиснaчу цуьргах оцу тайнигна а коч йира цо. И тайниг цкъа а карара охьа ца юьллура ас… И сан гаки дара.
Бераша сийначу бай тIехь дуккха а дечиг гулдира…

Цул тӀаьхьа цӀе латийра…ЦӀарна гонах куьйгаш а лаьцна дуьйла а луш, эшарш лийкхира…ЦӀеххьана цхьана кӀанта, сан карара тайниг схьа а эцна, цӀара юккъе кхоьссира. Иза хӀинца а цӀе тӀекхачаза долчу дечиг тӀе юьйжира… Гонах цӀе яра, юккъехь Ӏуьллуш тайниг яра… Берашка иза кӀелхьара ца яккхаелира…
И берахьлера сурт хӀоьттинера суна дуьхьал, набаран тар тесча… Хетарехь, соьгахь а хӀинца оцу тайнигехь хилла хьал ду моьтту суна: юккъехь со ю, гонах - цӀе.
Н и н а. И хьал-м вайгахь массаьргахь а ду.
Б э л а. Цхьа ца тай суна и гӀан…Нина, хьо йоцург, кху чохь и ала стаг а вац… Хьуо дийна йисахь, Нохчийчу гӀолахь… Цигахь ламанан цхьа жима юрт ю хьуна… Оцу юьртахь, эвлайистехь, хьун дӀайолалуччохь, тӀулгаш тӀехула чууьдуш шовда ду хьуна. Оцу шовдан йистехь лаьттина хьуна со, малх схьаkхеташ малхбале мажъялар а, и чубузуш малхбузе цӀийялар а тергалдеш, и шовда санна цӀена дог долчу кӀантаца дагара дуьйцуш…Иштта цхьана гуьйренан екхначу сарахь хин йистаца евллачу коьллаш тӀера можа, цӀен гӀаш оцу шовдано дӀакхоьхьучу хенахь, ас цунна кара елира чӀуг, цуьнга яха хан а юьллуш… Цо суна хӀара сахьт делира. Амма оха вовшахкхета йиллина хан тӀекхачале тӀом белира, иза оцу тӀаме а вахна, тӀепаза вайра…Ялх шо дӀадаьлла асий, цуьнан нанассий и цӀа варе хьоьжуш ларвен… Цуьнан нана, йоккха стаг, и цхьа кӀант а кхиош къанъелла иза, оцу шовданна гена доццуш лаьттачу кӀайн кир тоьхначу цӀа чохь еха… Оцу цӀийна хьалха доккха кхуран дитт ду хьуна, тӀехь кегий, амма мерза стоьмаш а латош… ХӀаъ, оцу йоккхачу стаге дӀало ахь хӀара сахьт… Сан кхин цуьнга хьежа йиш яц ала… КхидӀа хьуо хьежа ала хьайн кӀанте… Нагахь и эхартахь велахь, суна и цигахь гур ву… Иштта ала ахь…
Н и н а. Дика ду… Нагахь со дийна йисахь… Джон, ахь хӀумма а ма ца дуьйцу…
Д ж о н. Ас хӀун дуьйцур ду? Со Нью-Йоркехь кхиъна… Сан да а, нана а ду…Йиша а… Амма суна уьш ца го дукха хан ю.
Н и н а. Стенна?..
Д ж о н. Ца хаьа… Со жима волуш, сан итт шо долуш къаьстина сан дай, наний. Да къаьркъа молуш вара. Цо кест-кеста еттара нанна… Наггахь суний, сан йишиний кхетара… Нана, тхойшиъ охьа а тесна,

дIаяхара. Кхечухьа маре а яхна Iаш ю иза. Дас тхан дола ца дича, тхойшиъ тхан девашас цхьанхьа пансионе дIаделира…Сол ши шо йоккхах йолу йиша а, шен пхийтта шо ма кхеччи цхьана стагаца дIаяхара. ХIинца Флоридехь Iаш ю… Ткъа со сайн дейтта шо кхаьчча дуьйна къахьоьгуш ву. Сайн дешарна ахча даккха гIерташ, ас ца беш цхьа а болх ца биси.
Эххар а университет чекх а яьккхира, кхидIа а дийшира, тIаккха сох доктор хилира. Университетехь болх а, дика алапа а дара. Кхин оьшуш хIума а дацара. Суна сайн гIала
Нью-Йорк дукха а езара. Цигара араваьлла цхьанххьа ваха а ца лаьара. Я лаьмнаш ган а, я хьаннаш ган а. Нью-Йорк цхьа дуьне санна хетара. Цуьнан лекха гIишлош суна лаьмнаш дара... Университет, компьютер, телевизор, Манхэттен - и дара сан дахар.
Суна уггар дезаш хIума дара Нью-Йоркехь малх чубузар тергалдар… Яккхийчу гIишлошна юккъехула цIийбеллачу маьлхан серло Iена, и гIишлош а, урамаш а, адамаш а оцу серлоно мара хьерчор… Эххар а серло яр, де маьркIаже доьрзуш… Иштта сан сина там хуьлура, доккха, дуьзна беттаса оцу Нью-Йоркан гIаланаш юккъехула хьаладоьдуш гича а…Оцу тIулгийн хьехашкахь суна суо чIогIа кхерам боцуш хетара…
Амма 11 сентябрехь и ши бIов чуяхча, со кхийтира… кхерам массанхьа а буйла…Дуьне чIогIа гатделла, цхьанхьа хилла бохам кхечухьа ца хьакхалуш ца буьсу.
Кхин цхьана хIумнах а кхийтира со: герзаш, яккхий гIишлош чIагIо йоций. Мисарахь ПирIуно а йина яккхий гIишлош - пирамидаш… Ларвиний цара иза а, цуьнан халкъ а?.. Ца лардина.
Ницкъ адамийн марзонаш, адамийн гергарлонаш, адамийн тешамаш бу. Цундела чIагIдан деза уьш, кхин чIагIонаш ян а ца гIерташ.
Сан шовзткъа шо кхаьчначу дийнахь дара иза, ши бIов чуяхара. ХIетахь дуьйна синтем байра сан. ХIусам кхоьллича хIун дара техьа аьлла ойла а кхоллаелира. Сайн дахаран накъост Россехь лаха дагадеара суна. ХIунда аьлча, и мохк цхьа шатайпа къайле йолуш мохк хетара суна.
ТIаккха хьо карийра…
Н и н а. Ткъа хьайн нана йолчу ваха дага а ца деара хьуна хIетахь дуьйна?

Д ж о н. Кест-кеста дагадогӀу. Цкъа со ваха а вахара и йолчу. Со дӀакхаьчча, чохь стаг а вацара… Со ца хьийжира и цӀа яре. Айса язйина сайн книга неӀар тӀе охьа а йиллина, схьавеара…
Н и н а. Вайша кху чуьра дийна арадалахь, гӀур ду вайша хьан нана йолчу.
Д ж о н. Нана йолчу а, да волчу а гӀур ду… ХӀинца хаьа суна: стаг къинтӀера волуш хила веза… Велла дӀаваллалц дегабаам лелийча хӀун хьалхадолу?..
Н и н а. Бакъду и, Джон… Деций-ненаций яхь лелон мегар дац…
1 - р а а з. Мел хан яьлла алийша!
2 - г І а а з. Вайна буьйса ю я де ду?!
А й з а н (сама а йолуш).
Я АллахӀ! Хастам бу-кх
Хьуна! Везандела, диканна делахь суна гинарг…И ма тамашийна хӀума дара… ХӀокху оьрсийн зудчо шена гина бохуш дийцина гӀан ги-кх суна а… И гӀу а, и доккха хи а.
Стигал санна, сирла-сийна а долуш…Цу тӀехь гила-кема, байчу мохо техкош лаьтташ… ТӀаккха дуккха а гила-кеманаш… Царна чохь дуккха а нах… ТӀаккха кӀайн четарш хӀуьтту оцу кеманаш тӀе… Цхьанхьа-м дӀадоьлху тхо…
Іазим, Іазим. Мича вахна хьо, Іазим?..
Д и к т о р а н а з. «…Террористы объявили: если в ближайшие часы не выполнят их требования в полном объеме, то они начнут расстреливать заложников группами…»
Ч І о г І а а з. Майра бӀаьхой! Массо хӀуманна а кийча хила, шайн-шайн меттиг дӀалаца!
Н и н а. Джоник, нагахь со яла а елла, хьуо тӀаьхьависахь, сан йоӀ ю хьуна итт шо кхаьчна, ас сайн ненаца йитина…
Д ж о н. ЙоӀ? Ахь соьга аьлла а ма дац…
Н и н а. Хьуна и ца тарна кхоьруш, цӀахь йитира ас…
ТӀаьхьуо и дӀайига дагахь…
Д ж о н. Суна хӀунда ца тов иза? Мелхуо а суна дика хета-кх йоӀ хьан йолуш…
Н и н а. Со йоцуш, хьо тӀаьхьависахь, оцу йоьӀан дола делахь…
Д ж о н. Ас хӀинцца кехат яздо-кх, сайн счета тӀера дерриг а ахча цунна лоруш…

Ч I о г I а а з. Йийсархой… Шух меттах ваьлларг ша волччохь дIакарчор ву шуна…
Аьзнаш, шабарш даьржа…
Б э л а. Цхьаъ хила-м доллу хьуна…Даго хьоьху суна…
Н и н а. Бэла, нагахь тхойшиъ дIа а даьлла, хьо дийна йисахь… Сан йоI йолчу гIолахь… Адрес хIара ду хьуна.
ДIааьллахь цуьнга, хьан нана хьо езаш яра алий.
Б э л а. Дика ду… нагахь со йисахь. Хьуо йисахь, ахь а делахь ас аьлларг…
Н и н а. Дера дийр ду, цунна са ма гатде ахь…
2 - г I а а з. Де ду вайна я буьйса ю?
1 - г I а а з. ХIара хIун хан ю алийша. И хиънехь, вала а хала дацара… Алийша, хIун хан ю? Алийша, хIун хан ю?
Ч I о г I а а з. Хан ян а яц, хан елла!
1 - г I а а з. Муха? Муха елла?!
Ч I о г I а а з. ДIасаца! Ас йийна хан! ХIинца хьо а вуьйр ву, кхин гIовгIа яхь…
2 - г I а а з. Делахь гуттар а буьйса ю-кх вайна? Я де ду? Я ший а цхьаьний ду?
Ч I о г I а а з. Цхьа а дац!..
Цхьана юкъана тийналла хIутту. Юха аьзнаша, шабарша хьалаюзучоь.
А ь з н а ш:
– ДIаалахь…
– Ахь алахь…
– Сан садукълуш ду…
– Кораш дIаделлийша…
– Схьалахалахь сан йоI!..
– Дохк!..
– Сан къеначу дега хьажалахь…
– Дохк мичара даьлла кху чохь?!
– ДIаалалахь…
– ХIара сан адрес ду хьуна…
– Сан нана…
– Сан ваша…
– Сан йиша…
– Сан дада…

– ДIаалалаш адамашка…
– Сан кIант…
– КъинтIера ваьллахь…
– Везандела, орцах валахь…
– Орца дала…
– Дохк дац иза… Газ ю…
– Вай дерриш леш ду…
– Довда деза…
– Штурм йолийна…
– Вай хIун до?..
– Хи!.. Хи лойша…
– ДIаалалаш адамашка…
– Са дукъделла…
– Са ца даккхало-кх…
– Кораш!.. ХIаваъ!..
– КъинтIера довлалаш…
– Везандела…
– Iа-а, суна вала ца лаьа…
– Везандела…
Аьзнаш, гIовгIанаш, герзийн лелхарш.
Серло йов. Серло летча, четар долу кIайн хIорда-кема сирла-сийначу хи чохь. Мелчу мохо хи тIера уьйучу тулгIенийн гIовгIа а, геннара хезаш тамашийна гIийла мукъам а…
ХIорда-кеман чохь Iазим, Айзан, Джон, Бэла…
А й з а н. Ма хаза а ду вайна!
I а з и м. ХIара хIун ду…
Д ж о н. Нина мичахь ю, Нина?
Б э л а. Нина яц вайца…
I а з и м. Вуьйш адамаш мичахь ду?
А й з а н. ХIара гIан ду-кх, вайна гуш дерг… Суна дукха хан йоццуш гина долу гIан ду-кх хIара…Цул хьалха оцу Нинина гинера иза… Мичахь ю иза…
Б э л а. Вайна массарна а цхьа гIан муха го?..
Д ж о н. ХIан-хIа, хIара гIан дац… Вай массо а велла…Нина цигахь, дуьненахь йисна…
А й з а н. Делахь вай эхартахь ду-кх…

Б э л а. Мичахь ду сол хьалха кхуза схьадеъна сан да, сан нана?..
I а з и м. Вайшиъ цхьаьна ду кхузахь а, Айзан…
А й з а н. Вайшиннан барт иштта бацара… Вайл хьалха кхуза схьавеъна ву сан майра…
Д ж о н
(Iазиме). Хьо кхузахь мохь бетташ а ма вац…
I а з и м. Ас стенна бетта мохь?.. Кхузахь мохь бетта а ца оьшу…
Б э л а. Вайн дан йиш ерг вай дуьненахь дина…
I а з и м. ХIинца хIун хир ду… Мича доьду хIара хIорда-кема…
А й з а н. ДIо малх кхеттачу анайисте… доьдуш ду-кх хIара хIорда-кема…
Б э л а. Цигахь тIе хьаннаш евлла лаьмнаш а ду, шовданаш ду… КIайн кир тоьхна цIа а… Цу цIенна хьалха кхуьуш дитт а…
Д ж о н. Суна-м ца го цигахь уьш…Суна лекха, лекха, кIайчу мархех йича санна, гIаланаш а го… Цу гIаланаш юккъехула схьакхета малх а…
А й з а н. Суна цигахь цхьа сирла де го… Баьццара бай…
I а з и м. Суна-м ца го цигахь хIумма а…
Б э л а. Сох хIун хир ду техьа?
Д ж о н. Сох хIун хир ду техьа?
I а з и м. Сох хIун хир ду техьа?
А й з а н. Сох хIун хир ду техьа?
Тайп-тайпанчу аьзнаша и цхьа хаттар до.
Хеза генара аз.
Г е н а р а а з. Хир ду баьхнарг дерриге а хир ду: Кхиэл еш йолу де а хир ду, цигахь шун къай, меллий мизан терзан тIехь оза а узур бу, аш дуьненахь дина мел жима дика а, мел дина вуон а тидаме оьцур ду; шуна доггIург хир ду - я совгIат, я таIзар…
Серло йов. СоцунгIа. Тийналла йохайо телевизор чухула бечу хаамо.
Д и к т о р а н а з. «…Срочное сообщение из места события. Только что закончилась операция по обезвреживанию террористов, захвативших около тысячи заложников в Театральном центре. Все террористы уничтожены. К сожалению, не обошлось без жертв среди заложников…»

## ЭПИЛОГ

Малх кхетта Iуьйренан де. Нина ю зезагашца йогIуш.

Цхьанхьара гучуоьккху телекорреспондент.
К о р р е с п о н д е н т. Бехк ма биллалахь. Масех хаттар: хьан гергара стаг кхелхина кху чохь?
Н и н а. Сан цIийнда кхелхина.
К о р р е с п о н д е н т. Хьо мичахь яра?
Н и н а. Со цу чохь яра. Иза кхелхина, со дийна йисна.
К о р р е с п о н д е н т. ХIара зезагаш цунна дохьуш хир ду ахь?..
Н и н а. ХIахI, хIун бохура ахь?
К о р р е с п о н д е н т. Цунна дохьуш хир ду ахь хIорш, хьайн майрачунна…
Н и н а. Цунна а… цу чохь мел беллачарна а…
К о р р е с п о н д е н т. Нохчашна а цхьаьний…
Н и н а. Царна а…
К о р р е с п о н д е н т. ХIара сенсаци ю!..
Н и н а. Массарна а… Уьш массо а вара хIокху къизачу хьелийн йийсархо… Церан массеран а сатийсамаш а бара, церан массеран а гIенаш а дара, церан массеран а берахьлера суьрташ а дара…

К и р х ь а.

# ПСИХОЛОГИЧЕСКИ ДИФФУЗИ

**Психологически диффузии**[20]

Комеди
Д а к ъ а л о ц у р ш:
Н а ж а – х ь е х а р х о
Т а п а – с т у д е н т
М а р е м – с т у д е н т
Аудитори. Чохь ши студент – Тапий, Маремий.
НеIарх чухьожухьехархоНажа.
Н а ж а (хIара шиъ а ца гуш).
Цхьа а ца веъна. Мича богIура уьш, арахь иштта хаза де хилча. Бита ахь, думий, галий даарш, экзаменехь ас дан деззарг дийр ду царна!
ДIаваха тохало
Т а п а. Тхойшиъ ма ду кху чохь!

Н а ж а. Ватталхьан! Дан а ма ду – шиъ. Шуьшиъ муха кхаьчна кхуза?
М а р е м. Муха кхаьчна?! Занятешка деана-кх.
Н а ж а. ХIан, деана … дера, шу цкъа а цхьа а ца хуьлу дера бохура ас-м.
Т а п а. Тхойшиъ-м хуьлура гуттар а.
Н а ж а. Суна-м ма ца гина шуьшиъ хIинццалц.
Марем. Хьо чу а хьожий, дIавоьдура.
Н а ж а. Вайъ, дистхир дар-кха, шаьшшиъ дуйла хоуьйтуш.
М а р е м. Тхуна эхь хетара.
Н а ж а. Эхь… О-о, иза доккха хIума ду… Эхь ийманах ду аьлла… Шуьшиъ дика ши бер долчух тера ду. Шуьца къамел дан деза. Девзаш хир ду вай. Со – Къахьаштоев
Нажа Попович ву. Суна го шуьшинна яххьаш тIехь цецдалар. Шун бехк а бац, хийла да волу цец сан цIе а, памили а, денцIе а дIахезча. Хьалха, язычески хенахь, вайнах тайптайпанчу хIуманашна корта бетташ хилла. Тхан тайпана болу нах дитташна, коьллашна, доьвзашна сужд деш хилла. Цундела оха тоxкуш йолу цIераш цаьрца йоьзна хила езаш ю. Шуна ма гарра сан ден цIа Поп хилла. И гIиллакх хIинца а лардеш схьадогIу тхо, сан кIентан цIе Хьамц ю, йоьIан цIе – Куока. Так шуьшиннан цIерш хIун ю?
Т а п а. Сан цIе Герзелиев Тапа ю…
Н а ж а. Так… так... Хьан дай герзан пхьераш хилла хьуна… Герзелиев – герз… Хьан цIе Тапа. «Топ» бохучу дашах хилла ю. Ден цIе Тур я Тапча хир ю хьан?
Т а п а. Тур ю. Хьуна муха хиира.
Н а ж а. Хьа-хьа-хьа…Психологически диффузи Iилма девзачарна хала хIума дац иза-м…
М а р е м. И хIун ю «Психологически диффузи».
Н а ж а. Вайн предметан цIе ю-кх. Иза а ца хаьа шуна хIинца а…
Т а п а. И хIун ю ян мукъане?
Н а ж а. Кхета-аш кхетар ду шу цунах-м… Сих ма луо. ХIинца вайн къамел дIадийр ду вай… Цхьа жимстаг хилла арме ваха хан йолуш. Цо шайн старе аьлла…
Марем. Стара хIун ю?
Н а ж а. Стара яц иза сту бу… бежана… доккха бежана… Бык!
М а р е м. ХIа-а, хIинца кхеташ ду.

Н а ж а. ХIаъ, цхьамма шайн старе, аьлча а шуна кхеташ хилийта бежана эр ду вай… ХIаъ оцу бежане аьлла цо: бежана хьо доьду арме, я со воьду аьлла… Цунна а дайна, сесси тIекхаччалц кхерсташ а лелий…СхьахIуьтту студенташ… аьлча а шайн бежнашна коча боьлху…Шайн дайн-наношна коча боьлху… Церан ахчанна… Вай долчохь-м и хир ду аьлла ца хета суна…
Мацах цхьана хьехархочо, вайн университетан хьехархочо цхьана студенте аьлла боху-кх: «Хьох студент а, Бакараевх профессор а винарг ахча ду» – аьлла.
Иштта ду-кх вайн гIиллакхаш. Шуьшиъ-м иштта хир дац.
Т а п а. Тхан эвлахь цхьа стаг ву бежнаш лелош. ТIом баьлча а, и гIуллакх ца дуьтуш… Юьрта тIе бомбанаш етташ а, бежанашна юккъехь вара. Божал чохь.
Н а ж а. Доьзал боккха хир бу цуьнан.
Т а п а. Зуда ялийна а вац…
Н а ж а. Ткъа кхуо хIун леладо, цу кхелли юкъа а вахана.
Т а п а. Бежнийн хIу ца хадийта, бежнашна, тIе хIоттийна эвлаяъ ву ша боху…
Н а ж а. И доккха хIума ду.
(Мареме)
Шу эвлахь хIун ду?
Марем. Со эвлахь Iаш яц, со гIалахь Iаш ю микрорайонехь.
Н а ж а. ХIун ду шун микрорайонехь…
М а р е м. И юьртара нах бу-кх… Мамас-м царах колхозникаш олу… И суна хIун ду а ца хаьа… Корах ара нехаш кхуьйсуш. И тхан цIийна тIехье ерриге бехйина бевлла уьш… И колхозникаш…
Н а ж а. Колхоз хIун ю-м ас дуьйцур ду шуна… Иза чолхе дош ду… Чолхе даццдина… Даццдар дIа а даьккхина, дIадаржийча: «коллективное хозяйство» бохург ду.
Юкъара бахам. Шун дагайогIу хир яц колхозаш. Шуна мича дагайогIу уьш, шу дуьнен чу девлла ши-кхо шо даьлча уьш йохийна хилча. Цхьана юьртахь Iачу нехан юкъара ю олий хьаьжкIаш дIайоьра, уьш массара а лечкъайора, лачкъоза йиснарш дайчу юххура, уьш дехкаша юура… вуо пал бара хьуна колхоз а…
Собар, собар… йоI, хIун ю хьан цIе…
М а р е м. Марем ю-кх… Мааева Марем.

Н а ж а. Так, так… Мааев… МаIа… Боьрша хилар…
Марем… Мари яхар… Хьан кхетаман кIоргенехь – цIера ялар… маре яхар…
М а р е м. ХIинца дIа ма волалолахь… Со хьуна моьттург яц хьуна…
Н а ж а. ЦIе… амал яьлла цIе санна ю… коч цIен…
Т а п а. «Психологически дифуззи» йийца вай…
Н а ж а. ЛадогIал Тапа… Хьан цIе «Топ» бохучу дашах яьлла хила а тарло. Иштта делахь-м кхеташ ду, хьан кест-кеста юкъалелхар. Топ а йолуш хIума ю, лелхаш хIума ю… Цундела хьо а наггахь юкъа лелха тарло къамелана.
Амма хьан цIе «Тап» бохучу дашах яьлла хила а тарло.
Олуш хезний хьуна «тапъаьлла тийна» дара. Нагахь хьан цIе цунах яьллехь, хьо тийна-таьIна Iиэ веза. Билггал хьайн цIе стенах яьлла а ца хууш, хьо лела валахь, хьан дахар галдала тарло. Нагахь хьан цIе «топ» бохучу дашах яьлла а йоцуш, хьо топ санна лелха волалахь, хьо хьайн хила езачу амална муьтIахь ца вуьсу, ахь гIаттам бо хьайн Iаламаллина дуьхьал…
М а р е м. И хIун ду?
Н а ж а. Партикумус партоколос мобилиум – латински маттахь аьлча.
Т а п а. Латински мотт муха хаьа тхуна, мегарг нохчийн мотт хууш а ца хилча.
Н а ж а. Делахь хIун мотт хаьа шун.
М а р е м. Более-менее оьрсийн.
Н а ж а. Оьрсийн маттахь аьлча, восстание против своего естества…
ДIо котам нIаьнех кхайкхар санна хIума ду… НIаьнех кхойкхучу котамна хIун до хаьа-кх шуна.
Корта схьа а боккхий, цIийна тIехула дIай-схьай кхуссу.
М а р е м. И… и! И ма къиза триллер ю.
Н а ж а. Иштта ду-кх вайн къоман гIиллакхаш.
Т а п а. Суна-м мелхо а, вайнаха зуда лоруш хилла бохуш хезна.
Масала, леташ воллуш ши стаг хилча, зудчо даьккхина коьртара йовлакх тесча, и шиъ летачуьра саца а соций, ши доттагI а хуьлий, дIавоьдуш хилла.
Н а ж а. Хьажал хьо, дукха вахарг, хьалхалера гIиллакх тахана юкъадало мегар дац. Психологически диффузи йийр ю вай оцу хьан предложенина. Цкъа делахь, леташ воллучу шинна юкъатаса йовлакх

хила деза йоьIан я зудчун коьртахь. И долуш наггахь бен ца нисло хIинца. Хуьлуьйтур вай леташшиъ, коьртахь йовлакх а долуш схьайогIуш йоI.

Цо и йовлакх схьа а даьккхина, леташ волчу шинна юккъе кхоьссича, хIун хир ду?

М а р е м. ТIе когаш а тоьхна, бехдийр ду-кх.

Н а ж а. Бехдина уьш IадIийча-м хIун дара хьуна?…

Йовлакх-м, диттича, цIанлур ду. Царах цхьаммо, и йовлакх схьа а эцна, оцу йовлакхца шех летачуьн легаш

Iовдахь хIун хир ду? Иштта цо и легаш а Iевдда, и кайоьхнарг вехь? ХIахI?!

М а р е м. Виэ ма вейтахьа…

Н а ж а. Ас воьйтуш вац иза… Нагахь цо и вехь, и йовлакх юкъатесна йолу хьо зуламан декъашхо хуьлу, суьдехь хьо таIзаре озо а тарло.

М а р е м. Цхьадика ас йовлакх лела а ца до. И бахьанехь суд яйта йиш яц сан-м.

Т а п а. Суна кхехка а бина, юха кхерзича мерза хета…

Ахьаран галнашца…

М а р е м. Хьо хIун дуьйцуш ву?

Т а п а. Хьонка буьйцура аса-м. ХIинца схьа ма баьлла хьонка. У-у, ма дукха беза суна хьонка. Тхан вархIе да а хилла хьонка безаш… Тхох цундела хьонкийн некъий ма олу.

Тхан да Тур хьонка боккхучу, шен яй а оьций, дIавоьду…

Шен говра тIе а хуий, таьлсаш чу хьокхам а тосий… Циггахь дуьххьара схьабаьккхина хьонка, шовданан хица била а буьлитий тхоьга, ша цIе а латайой, цу тIе яй а уллий, кхехкабо… У-у, ма мерза хуьлу!

Н а ж а. Вот! Вот! Психологически диффузи йолаелла!

Ура! Сий хуьлда психологически Iилманан!

М а р е м. Тхан нана а йоьду…

Т а п а. Шун нана а йоьду хьонке… Хьонка мерза бу!..

М а р е м. Фу-у… И боьха хьожа йогIу хьонка тхан нанас мича буу… Тхан нана Турце йоьду кест-кеста хIумнаш ян. Ша автобус санна хоьхку цо кема дIай-схьай…

КIиранах шозза. Цигахь цхьа кIуж болу цIен пес тиллина турко тIаьхьа велира боху шена: «Наташа, наташа!» – бохуш. «Со Наташа а яц. Со

чичен ю!» – аьлла тхан нанас курра: гордо! Юха кхин а чIогIа тIаьхьаваьлла-кх иза:
«Шашен вуомэн, шашен вуомэн» – бохуш».
«Хьо ву-кх вуомар а, вуо мел дерг, ва боьха хIума а!» – аьлла, тхан нанас тIоьрмиг тоьхна вожийна и турко. Цуьнан кIужболу пес Босфор чу а йоьжна, Босфоро Тихи океанчу дIаяьхьира бохура нанас… ХIи… ХIи… ма хаза а ду!
Н а ж а. Так, так, так! Хьуна тIера цIен коч! ДелахьхIета, ахьа йийцина туркойн цIен пес…ЦIен бос – ЦIеран бос! Гуттар а цхьаъ дан, девзаш доцург довза, туркойн махка, кхин дIа а яха болу лаам.
М а р е м. Суна-м ца лаьа цхьанхьа а яха.
Н а ж а. Лаьа, лаьа, и хьан лаам, хьуна хьайна а ца хууш, хьан кхетаман кIоргенехь бу. Подсознательное олу цунах.
Тапина тIевоьрзу
Так, так, хьуна тIехь Iаьржа пиджак ю, чухула кIайн коч. КIайн бос – иза самукъадаккха лаар, амма и лаам къарбо дуьненах чам баларо – иза иштта хилар гойту
Iаьржачу басо.
Т а п а. ХIара пиджак сан яц, хIара сан накъостан ю.
Цхьана денна хийцинна охьашимма…
Сан пиджак бероза ю.
Н а ж а. Иза биэн а дац, цуьнца и хийца а дагадогIур дацара хьуна хьан кхетаман кIоргехь депресси яцахьара…
Чамбалар!
М а р е м. Цкъа диффузи яра, хIинца депресси…
Н а ж а. И ши кхетам иэбан мегар дац. «Психологически диффузи» вайн предметан цIе ю. Иза кхаа стеран маIаш тIехь лаьтташ Iилма дара хIинццалц. Зигмунд
Фрейд, Альфред Ницше, Рон Хаббард.
«Дуьненчохь мел хуьлуш дерг стечун боьршачуьнга, я боьршачун стечуьнга болу лаам тIехь лаьтташ ду»,
– боху Фрейда.
«Охьавужучунна гIо-м муххале а дан мегар дацара, мелхо тIе а теттина, бердах вахийта веза», – боху Ницшес.
«Хьуна коьртах цхьамма тIулг тоьхнехь, и дIатоха гIерташ цунна тIаьхьа а ца уьдуш, и тIулг схьа а эций, хьайн лазийнчу меттигна

тIебилла, гIоле хир ю хьуна»,
– боху Хаббарда, цунах цо
«ассист» олу.
И Iилма хIинццалц астагI дара, ког лазийна говр санна.
Кхо чкъург хиларх дIаяхалур яц Iилманан ворда, йоьалгIа чкъург ца хилча. И Iилма йоьалгIачу агIор ондда хьалалаца шен маIашца боьалгIа сту оьшура. И сту хилла дIахIоьттира шун хьехархо – Къахьаштоев Нажа Попович. Иза мила ву?
Т а п а, М а р е м. Хьо! Хьо ву-кх!
Н а ж а. Нийса боху! Со ву! Ас хIун боху, ас дера боху:
«Дерриге а хIума доьзна ду адаман цIарах! Шен цIаре хьаьжжина хуьлу адам!»
Сан Iилман цIею «цIералоги» Вай дахар нисдан гIерташ делахь, цIераш нийса тахка еза. ХIун ю а ца хуу цIе тиллича, адаман дахар а хир ду хIун ю а ца хуург. ГIучIа!
Эццахь горгали бека.
ЭхI вайн урок а чекхъели.
Т а п а. Тхайн накъосташка хIун олу охьашимма?
М а р е м. Занятешка дуьйла олий?
Н а ж а. Ма ала! Туьха деанчо мер ду хи! – ала. Эсех шинарш хуьлу а, ала. Оцушина кицанан маьIна а дай схьадуьйла ала экзамене.
Т а п а. Ткъа охашимма хIун де?
Н а ж а. Тапа, ахьа хIокху байтана диффузни анализ е.
ХIокху байтан цIе ю «Цивилизаци».
Йилбазалле дирзи дуьне,
Дуьлол хьеший ховшал шуьне.
Пхьор ма хуьлда шуна уьне,
Маршал лолаш аш ЖаIуьне.
Цуьнан сакральни, философски, психологически маьIна гучудаккха.
М а р е м. Ткъа ас хIун де?
Н а ж а. ЭйтI, маржа цIен бос! ЦIен бос яI! ЦIен басо ца юьту хьо паргIат! Сих ма ло. Хьуна а ю задани. ХIьокху байтана диффузни анализ йиэ. Байтан цIе ю «Парабола».
Кхеккина хьонка бу жахар.
Хала ду шу девлла дахар.
Буц юуш кхийсало Iахар.

Иштта ду Іаламан дахар.
ХІан, шу Іодика йойла. Со вахара.
М а р е м. Ма тамашийна Іилма хилла – «Психологически диффузи»!
Т а п а. Хилла. ХІинца хІокху заданина хІун дийр дара?
М а р е м. Хьажий вайша диффузни анализ ян.
Т а п а. Цкъа сан байт талла вайшимма.
М а р е м. Мегар ду.
«Йилбазалле» дирзи дуьне…
Хетарехь иза адамаш галдевлла бохург ду.
Т а п а. И хила а тарло…
Амма суна схьахетарехь йилбазалла бохург иза «цивилизаци» бохучу маьІнехь ду.
М а р е м. Хир а ду хьуна! Оцу байтан цІе а ма ю
Цивилизаци. Ткъа цІерашна тІе боккха тидам ма бохуьйту Нажа Поповича. ЦІеролог ма ву и!
Т а п а. Делахь «йилбазалла» бохург «цивилизаци» делахь…Нажа Попович реза вац цивилизацина. Цо адамашна бохьург бала бу боху цо.
М а р е м. Цу могІанан маьІна ди вайшимма. ХІинца шолгІа могІа:
Дуьлол хьеший ховшал шуьне…
Т а п а. Иза вайн хьехархо хьеший а, цаьрца цхьаьна шуьне хийшар а дукха дезаш хилар билгало ю.
М а р е м. Суна-м оцу могІанан маьІна шуьйра го, «хьеший» бохург «халкъаш» бохучу маьІнехь кхето тарло. И иштта хилча, Нажа Поповича шуьне, барте кхойкхурш дуьненан дерриге а къаьмнаш ду.
Иштта глобальни маьІна го суна хІокху могІанехь.
Т а п а. Иштта хила а тарло. Хьо дика кхетта цунах.
ХІинца схьаоьцур вай кхоалгІа могІа:
Пхьор ма хуьлда шуна уьне.
М а р е м. Иза-м кхеташ ду. «Приятного аппетита»! – бохург ду иза.
Т а п а. И хилла ца Іа хьуна. Кхин къайлах маьІна а ду цуьнан. Ца хила йиш яц.
Цундела сан тидам тІебахна цхьа ши дош толлур вай:
«Пхьор» – иза яахІума, «пхьар» – иза говза стаг,
«пхьарс». – пхьарс бу, «пхора» – берах хилар… пхьарцерг…
М а р е м. Ахь ма яккхий чалхаш текхайо… Хьо-м

Нажел а гена ма вели…
Т а п а. Юкъа ма гIерта сан ойла йохайо ахь! «Уьне» дош ду хIинца таллам бан дезарг.
Ун – яьржаш йолу цамгар. У – дечган коьчал. Класса чохь пена тIе тоьхнарг – у. ХIаъ, хIинца тIаьхьа кхии: и могIа Нажа Поповича вайшинна язбина.
«Пхьор» – уьш вайшиннан хаарш ду. Вайшиъ «уьне» (доски тIе) кхайкхича вайн хаарш дика хуьлда боху цо.
М а р е м. Iалелай! Ма дика гучудаьккхи ахь цуьнан маьIна.
Т а п а. Цхьана поэта ма аллара: айда Пушкин!ЖIаьлин кIеза!
М а р е м. ХIинца хIара тIаьххьара могIа толлур вай…
Маршал лолаш аш жаIуьне.
И мила жаIу ву цо вуьйцург?
Т а п а. Иза суна, схьахетарехь, кхузахь доьшучу студентан да ву.. Цо хьехархочунна совгIатна баийтина уьстагI хила тарло цара бохург… Цундела жаIуьне маршалла дохьуьйту хIусамдас.
М а р е м. И хIусамда ша Нажа хила а тарло… И уьстагI жаIуьно цунна баийтина аьлла ца хета суна. Иза ламчу сакъера а бахана, охьабогIучу студенташа, дежаш доллучу жа юккъера лачкъийна, уьстагI бу машенан багажник чу а биллина охьа беана… бегашийна…
Т а п а. Хьай, даьдиса, оцу бегашан! Кхарна бегаш белахь а, жаIуьнна-м вуо бегаш бу уьш…
М а р е м. Студентийн а бехк бац. Вайн цхьана паччахьо хIун элира? Шен де долчо катоха, доцчо – сатоха! И кхайкхам кхочуш беш студенташа катоьхна, шайн де долу дела.
Т а п а. Ахь тидам биний, Марем, хьуна еллачу байта тIехь а бай тIехь бежаш лела Iахар буьйцу.. Сан байта тIехь жаIу ву, шун хьехадо.
И лаа дуй техьа?
М а р е м. И хьаха ду вайн Нажа Попович Iахаран шашлык а, Iалам а дезаш ву бохург.
Т а п а. Даьдиса, Марем! Хьох-м боккъал а психологически диффузист хилла.
М а р е м. Кхин тIаьхьависна-м хьо а вац – ахь кхоалгIа могIа таллар – суперкласс!
Т а п а. Делахь кху чуьра арадала вайша …. Дукха кIорге ойланаш йина корта хьийза сан.

М а р е м. Ткъа суна елла байт маца толлу вайшимма…
Т а п а. Иза кхана таллийтахьа. Корта мегар бац. ЧIогIа кIорге Iилма хилла психологически диффузи.
М а р е м. Иза а бакъду! Цхьана занятехь оццул пайда баьлча, кхидIа хIун хир ду?! Къаьхьа къематде хир ду-кх!
Ший а дIадоьду.

К и р х ь а.

# МОНОЛОГАШ

**Монологаш**[21]

### Антарктиде дIавахча хIун дара-техьа?

Со мухIажар ву, махкахваьлларг. Нохчий боцу меттиг лоьхуш кхаьчна со кхуза, Австрале. Цхьа хаза ахшо даьккхи ас, кхузахь океан юххехь. Кхузарчу аборигенех тарлуш духар а дуьйхина, наг-наггахь бумеранг а кхуссуш, страус санна вада а Iемаш, кенгуру санна кхоссавала а гIерташ.

ХIаъ, ах шо дIадаьлла пхоьалгIачу дийнахь, Iуьйрана океан йистехула волавелла схьавогIура со, багахь сайн дукхаезачу эшаран мукъам а беш:

«Тхан юьртахь тийна ду…»

Эццахь суна юххехула, ши турист тIехвели. Цхьаъ страусан санна еха ворта йолуш ву, важа, кенгуру санна лоха а волуш, пингвинчух болар а долуш.

«Уой, цо лоькхург нохчийн йиш яцара», – боху лохачо.

«ДIавалахьа, кхузахь мича хуьлу нохчо», – боху вехачо.

«Нохчо вацахь а, вайн маттахь йиш локхуш-м ву иза…

Кхузарчу аборигенийн мотт вайчух тера хила а ма тарло»,

– боху пингвино. Кенгуру санна, цкъа шозза кхоссавелла, суна хьалха ваьлла: «Хьо нохчо вуй?» – хотту цо. «Вун,

Вуа, Мамбу, Малибу», – аьлла, мохь а тоьхна дIаиккхина со, кхин саца ца соцуш, малхо еттина нана-йоккха аре а хадийна, Австралин дехьа маьIIе вели Мельбурнера ведда… Дарвине кхаччалц. Доккха хIума ду-кх иза, нохчий боцуш цхьа а меттиг яц бохург! Ма дукха а хилла вай. Китайцел хила а тарло. Китайцаш а бу массанхьа а, иштта

– нохчий а. Со санна шаьш бовзарна кхоьруш, левчкъина лелаш мел дукха бу хаьий шуна. Германехь – немцойх тарбелла, Францехь – французаш бу моьттуьйтуш, Африкехь – Іаьржа басар а дина лелаш. Антарктиде дІавахча, хІун дара-техьа? Кхузара дІа гена а яц. Цигахь-м хир бацара нохчий, хетарехь. Амма шийла ю-кх.
Цхьана хенахь, вай Сибреха дигча, цигахь нохчо хилчахьана, вевзаш велахь а, вацахь а, ваша а хеташ, баьхна, бах, вайн дай. Нохчийн мотт хезча, белха а боьлхуш, вовшийн мар-мара а бетталуш. ХІинца-м вовшех бІаьрг кхетча, ца го моттуьйтуш, бІостанехьа а воьрзий, дІасаводу.
Иштта хийцаелла-кх заманаш. Цивилизаци.
Со стенна уьду бохий аш нохчех? Сайн къинхетам бахьанехь. Сайн къинхетаме дог бахьанехь. Бехк-м сан сайн бу-кхи. Айса-сайна баьхна боху-кх шайтІано, бетах цІийбина дума кхетча. Цунна дайна, айса-сайна бина бала бу-кх.
ХІара дог ца Іий-кх! Дакъаза ма даларг. ХІара-м, дилхан а доцуш, тІулган хила, хьаха дезара. Сан хІун гІуллакх дара дуьххьара сайн юьртахойх къахета.
ТІом гІелбелча, цхьана ханна Несарахь вехаш волу со,
Москохахь вехаш волчу нохчийн бизнесмено Къурмахьмас делла ткъа гали дама а эцна, юьрта ваха. Дала-м дуккха а делира цо, тхан юьрта хьалакхачале дІасаделира.
Ярташ дукха ма ю аренца, тхайниг лам чохь ю. Дика гІуллакх хилира цунах-м: хІоранна а пхиппа кана дама кхечира.
Юха юьртахоша боху соьга, нехан ярташкарчу нахана кест-кеста дама а, шекар а, даьтта а, тІеюху хІума а, паршок-саба а ло, шайна луш хІума а яц, шайна орцахвала стаг а вац. «Муха вац? Со ма ву!» Сайн ручка хьала а яьккхина охьахии со, церан исписка хІотто. ХІоттийна ваьлча, нахе схьа а кхайкхина, эли ас: «ХІара исписка кийча ю, амма хІара хІоттаярх ца тоьа, хІара дІаяла а еза, дІаваха а деза, машен лаца а, гІуллакх дийца а, шуна ма-хаъара, хІокху заманахь мах боцуш хІумма а ца до, цундела хІора а доьзало шовзткъе итт -итт туьма вовшахтоха. Вовшахтуьйхи, массара а. Цхьа кхо йоккха стаг ца лерича. Царах цхьаъ еа, кара лаьцна, когаш дІабихкина котам а яхьаш, ахча дацара шен, хІара дІаэцахьара аьлла. Шовзткъе итт туьма хир ду хьан

котамах? Оцу хаттаро холчахIоттийна йоккха стаг елха хIоьтти, шен мел велларг а дагалоьцуш.
Къинхетам би ас цунах а. Дог ца Iий-кх! Дог дилхан ма ду! ТIулган хиллехь, бакъахь-м дара хIара. Котам, урс хьакхийтий цIан а яй, схьая эли ас, хIун дийр ду хьуна, кхин аьтто ца хилча, котам а оьшур ю новкъахь… Цул тIаьхьа кхин шиъ а еа: цхьаъ шун дуьззина чIепалгаш дахьаш, важа – кхеккийна итт хIоа дахьаш. ЧIепалгаш, хIоаш чубаьхкинчу (цигахь ишколан гIишлош чохь Iаш вара со) сан нийсархошца дIа а диъна, и кхо миска а исписки тIе дIа а язйина, новкъавели со. Воьддушехь, Несаре а вахана, Датски советан офис ларъечу хехошка дIаели ас и исписка ш, царна бан беза там а бин, йоккхачу стеган котам а цаьрца дIа а йии, Данин паччахье маршалла дахьийти, вайн къомах сел чIогIа къахетарна баркалла олуш. ЧIогIа хазахетта бохура паччахьна суна ша дагавар.
ХIара цхьа гIуллакх-м чекхделира аьлла, жимма сапаргIатдели сан. Амма мел бу уьш, гIо оьшуш нах аьлла, Соьлжа-ГIала таьIи со. Цигахь цхьана цIенна хьалха лаьтташ адамийн йоккха рагI ги суна. Цхьа а низам дац, массо а хьалха гIерта, маьхьарий хьоькху, чучча гIерта, цхьана зудчун дог гIелдели, важа – индийски эшарш лекха йолаели… ХIун ю техьа йоькъург аьлла, дIа улло ваха со.
Йоькъуш хIумма а яц, кечдеш кехаташ ду боху. Хьан бохийначу бахамна луш ахча ду, амма цкъа хьалха кехаташ кечдан деза. Кечдаран мах – кхо бIе туьма ду. Хьаьжи со кехаташка. Атта кечлур долуш ду. Печать далур ду. И хIумнаш дика хууш накъост ву сан – Джек Сергеевич…
Иза цо ша-шена тиллина цIе ю, шена керла паспорт доккхуш, дукха хан йоццуш. США-н президент хила дагахь ву иза. Суна вевзаш-м Жалавди вара иза. Сайн кантор схьайилли ас. Кехаташ кечдеш – шина бIе туьманах. ГIуллак дац ас царна динарг. Нахачул цхьа бIе туьма дорах кехаташ кечдича? ЧIогIа дика дIайоьдуш яра сан бизнес. Со тIетаьIIина нехан гIуллакх а деш, сайн хьанал каракхаьчна соьмаш долларшца хуьйцуш, хIора эзарна тIехула пха боьхкуш (иза суьйранна буьйса яккха чувирзича дора ас, чIурам а латабой)… хIаъ, дуьйцуш ма ву со… Иштта катоьхна сайн а, нехан а гIуллакх деш со воллуш, чIичI аьлла еана схьакхечи-кх и тхан юьртара ши йоккха стаг: чIепалгаш деанарггий, итт хIоа деанарггий. Котам елларг ца еанера, иза оьзда

стаг хиллера. Важа шиъ хиллера гучуяла кийчча, кхо бутт дIа а баьлла, шайга кхаьчна цхьа а хIума а яц, я гуманитарни схьаян, я шайн рицкъа схьало боху, ца лахь, шаьш сардам буллур бу хьуна. Дала ларвойла церан сардамах! Цхьацца бIе туьма дели ас цу шинна!
Пхеа-ялх чIепалгаххий, итт хIоах-ши бIе туьма! Оццул дукха стенна делирий? ГIовгIа а ца еш, и шиъ сихха сайн кочара яккха. Цхьацца бIе туьма каракхаьчча, къайлаели шиъ. Далла хастам бу, шух кIелхьара со ваьккхинчу Далла хастам бу-кх, аьлла, со, доккха са а даьккхина, охьахуъушехь, еъна схьакхечи-кх ший а. Юьртахойн массеран а ахча шайга схьало боху. Цара шаьшшиъ векал йина.
«Маржа яI, тхан Хьонки-юрт! ХIара шиъ бен кхин вала верас воцуш йисинехь, ма дакъаза даьлла хьан гIуллакхаш!» – мохь бели соьга! ТIаккха дукха сиха эккхий ас и шиъ, мохь бетташ, оьгIазаллин стелахаьштигаш детташ, яьлча а, йоьлча а ца юьтуш, хIара тIамо тIекIелтоьхна гIала гатйина. Кхин гучу ца ели.
Амма и шиъ дIаяханчу шолгIачу дийнахь дуьйна, (хетарехь шина ешапо сардам боьллинера), схьахIитта буьйлабели-кх тIамо кортош галдаьхна нохчий. Ахь кехаташ нийса ца кечдина, шайн ахча юхадерзаде боху. Оцу сан офис хьалхара майда ах хьалаюзуш, адам схьагулдели…
Уой, со кхузахь кхин дIа хьелахь-м, хIара майда а тоьар яц царна. ХIун дича бакъахьа дара... Ойланаш хьераевлча санна хьийзара сан коьртехь, кIелхьара вала гечо лоьхуш. ЦIеххьана, цхьаъ дага а деана, араиккхира со. ТIекIел йинчу яьшканаш тIе а ваьлла, мохь туххуш къамел ди ас, мацах Ленина санна, сайн хураьшка кара а лаьцна: «Накъостий! Нохчий! Кехаташ нийса кечдина! Цара кечде мааллара. Шун цIенош дохош, цхьа а кехаташ а ца кечдойтуш, хIораннан керта цхьацца-шишша снаряд, я бомба тоха а хиъна царна.
Шуна ахча дала лууш белахьара, иштта хIораннан а керта а богIуш, куьг таIадойтуш, и ахча дIадала а хуур дара. Цундела цара лелориг питана ду, вай вовшашна чучча дахийта гIерташ. ХIокху балхана вайна орцахваьлла
Ингалс-махкара кхуза вогIуш лорд ЖаIдал ву. Селхана иза
Несаре кхаьчна. Кхана кхуза схьавогIур волуш а ву. Цуьнга дийр ду вай вешан арз, аьлча а, яз а дина, дIалур ду-кх, массара а буха куьйгаш а таIийна – уггар хьалха ас таIор ду шуна и куьг. Иштта дуьне а орцах

ца даккхахь, вайн ахча лур долуш дац шуна. ХӀара къиза Іедал...
ПАСЕ-га,
ООН-е орца деха деза!»
Суо-сайх цец а вуьйлуш, шовкъе а оьхуш, къамел ди ас, боккъал а айса дуьйцучух суо а тешаш! Тамашийна делахь а, нах а тийшира. Шайн бӀаьргаш схьабелларна баркалла а аьлла, дӀасабахара. Іуьйранна юхабогӀур бу шаьш аьлла, кехата тӀе куьг таІо.
Уьш къайла ма-бевлли, вовшахкхетта шай-кай тӀоьрмиг чу а тесна, юм йи ас Нохчийчуьра. Брестехула тебаш, лечкъаш, хи чухула вуьйлуш, воьлхуш, мохь хьоькхуш, чувуллуш, дӀахоьцуш – эххар а айса сатийсинчу Франце кхечи со. ДӀакхаьчначу шолгӀачу дийнахь цхьа нохчи вевзи суна.
Цуьнга бийци сайн бала. ДӀавала, хьуна тӀекхаьчнарг хӀумма а дац, шена тӀекхаьчначуьнга хьаьжча боху цо.
Уой, хӀун ду иза? Шен ши бер а эцна, зуда африканхочуьнга маре а яхана, царна тӀаьхьаваьлла лелаш ву ша боху, зудчух-м дог диллинера ша, ши бер мукъана а схьадаккхалур дацара-техьа бохуш, веддий-хьаьддий лелаш ву пхеа-ялх баттахь.
Къахийти суна цунах. Дика ду-кх со зуда ялийна воцуш, ойлайира ас. ХӀинца сайн цхьана дегӀах жоп делчахьана волу.
Цул тӀаьхьа кхин цхьа нохчо а вевзи суна, шен доьзал
Нальчикехь а битина, ведда веана. Ахь хӀун леладо, боху ас? Ша санаторехь Іаш вара, боху кхуо. Цигахь сени чохь горгам хьокхуш цхьа метишка яра, ша гича, шега гуттар а цхьа вуо хьоьжура боху иза: «шун хан а кхочур ю», олуш.
Дукха ойланаш йира ша боху, хӀун бахьана ду-те, цу метишканна ша оццул ца веза. Эххар а тӀаьхькхии ша боху, и мечиг нехан ойланаш ешалушю, цунна сан ойланаш гучуевлла! И иштта делахь, цо КГБ-е дӀаалахь, со хьур ма вуй!.. Зудчуьнга ялх берана хьайга далург дийр ду ахь,
КГБ-га суо хьийзавайтта могашалла яц сан аьлла, ведда веана со кхузахь Іаш волу кхоалгӀа шо а ду боху. Шена лучу пособих ах сов цӀа а тосу ша.
«И хӀун ойланаш ю ахь йийраш, КГБ-на сел ца езаш йолу?» – хаьттира ас, КГБ дӀа а яьлла, цуьнан метта цкъа

ФСК хилла, хIинцца – ФСБ йолу а дуккха а хан ю аьлла, и юьхIаьржа а ца хIоттош.
«ДIавала, чIогIа кхераме ойланашю, дIалелхо гIоьртича а, дIа а йоьлхий уьш-м, коьрта чу гIерташ, уьш ас хьоьга дIайиййцича-м, цара тIепаза войъур ву со. Кху дуьненчохь цхьа а меттиг яц церан лергаш доцуш», – гIа санна вегавора миска.
Цхьа кIира а делира, ас Парижах бIаьрг бетта. Культурни стаг хиларе терра, Монмарт йолчу, Пигаль ураме,
Эйфелан бIов лаьттачу вахара со, Наполеонан коша тIе а хIоьтти, Сени тIехула гила-кема а хаьхки… Амма сан самалхадалар дуьйхи ши кIира а далале. Елисейн кхаш тIехь зуда маре яханарг кхийти суна дуьхьал.
«Хьо лоьхуш нах бу хьуна Нохчийчуьра баьхкина. ЧIогIа оьгIазе а, дера а бу. Хьан цIейоккхуш, цергаш хьакхайой, суйнаштуьйсуьйту, шаьш тIекхачахь-м, охьаотур вара иза бохуш».
Iодика йойла, Париж! Со кхузахь кхин дIа хьелахь, «Париж а гина, кхалхар» хила мегаш ду суна аьлла, айрапорте а вахана, гена мел вели а дика ду аьлла, кхуза, Австрале схьавеъънера со.
Кхин Нохчийчу вахар стенна дуьйцу, цу агIор дIа а хьожур вац аьлла, дерриге а нохчийн къомана а оьгIаз а вахана вара со. Хьажахьа, шайна тIе бомбанаш еттийтина министраш лохуш бац, шаьш бердах кхийсина биргадни инарлаш лохуш бац, дуьненан ялхалгIачу декъа тIехь Iиллинчу пачхьалкхан бахам лачкъийнарш сакъоьруш бу, лохуш верг со ву…Мискачу нахана гIо дан гIерташ, цаьрца къинхетаме хилла волу со ву лохуш. Бехк-м хIара сан дог дара, сел къинхетаме долу. ХIара тIулган делахьара бакъахьа ма дара, дилхан а доцуш.
Цхьа ах шо даьккхи ас кхузахь, океан чохь луьйчуш, бумеранг кхуьйсуш, страусех воккхавеш, кенгуру санна кхоссавала Iемаш, массо а хIуманна вицвелла. ТIаккха сахьийза доладелла, гIенах тхайн Хьонки-юрт а, сайн меца юьртахой а го суна, багахь гуттар а нохчийн ширчу иллийн мукъамаш бо ас. Къаьсттина суна дагаоьху илли «Тхан юьртахь тийна ду!» Ши де хьалха, океан юххехула схьавогIуш и йиш локхуш вара со. Цкъа, и шиъ нохчо вуйла хиъча, суо вовзийта дог а хилира сан… Амма и шиъ со лоьхуш хилахь? Церан дагахь хIун ду хьанна хаьа? ХIокху заманахь хIуъа а ма до. Суна ма чIогIа тIаьхьабевлла хIорш. Ас вийна стаг а ма вацара. Стаг вийнарг а ма

вуьтура нохчаша. Со тайпа къинхетаме, хьекъал долу стаг цIахь а ма оьшура.
Шаьш къинтIера девлла, цIа вола аьлла, цара хаам бича… Интернет чухула бина а цхьа хаам бича… цIа гIур вара со, цIахь сайн фирма схьа а йиллина, болх бан. Со тайпа къинхетаме нах дукха ма бац. Амма нохчий вовшашца къиза бу. Вовшашна нехан нахана дуьтуш дерг а ца дуьту. Со а вуьтур вац. Антарктиде дIавахча хIун даратехьа со. Бакъду, шийла-м ю цигахь. Я кхузахь аборигенех дIа а кхетий, Iиэ со? Кхеран мотт а Iамош: «Вуи, вуи,
Малибу! Я – Марабу!»

«Алло, со мича кхаьчна?»

ХIара хIун ду? Буьйсана кхо сахьт даьллачу хенахь тилпо еттарг мила ву? ХIун хилла- техьа? Цхьа сингаттам баьлла- теша? Тамаша бу хIара лаа-м делахь… ХIара ека-м дуккха а хан ма ю…Со хIара гIенах ду моьттуш Iилли…
Алло! ЛадугIуш ву… «Хьо мича кхаьчна?».. Хьуо мича етташ ю дийцахьа… «Охьа ма йилла?» ХIун охьа ма йилла? Тилпой? Со-м вац хIара охьайилла гIерташ, хьуо мила ю дийцахьа. Со мила ву? Хьо яц соьга тилпо етташ ерг?..
ЙоIа хьалха юьйцуш ца хуьлу боху ахь цIе. КIанта йийца еза? Ткъа «кIентан» мас шо ду хаьий хьуна? Муха кIентан?
Сох ца боху ахь кIант? Сан мас шо ду хаа лаьий хьуна?
Шовзткъа шо ду-кх! Со къанвелла боху ахь?
«Къонахчунна хан ян а яц» бохуш кица ду хьуна. Нохчийн кицанаш девзаш яц хьо? Довза деза. Нохчий яц хьо?
Къена къамелаш ца хаьа тов. Цунах гIуллакх хир дац. Iамо деза кицанаш. Сан цIе хIун ю? ХIун до ахь сан цIарах? Со зуда а, бераш а долуш стаг ву. Маса ду? Диъ ду-кх. Ши йоI, ши кIант. Даккхий ду.
Воккханиг хьан хеннара хила тарло. Хьан маса шо ду-м ца хаьара суна. Хьан озе ладоьгIча, ткъа шо ду-кх хьан. Баркалла? Стенна? Комплимент ярна? Со-м вац хьуна комплимент ян гIерташ.
Хьайн ткъе цхьаъ ду боху ахь? Ткъе цхьаъ а дукха дац.
Сан йоI хила тарлуш ю-кх хьо. Тарлуш делахь а, йоI яц бохий ахь?!
Дика-м ду хьо сан йоI йоцуш! Хьуна хета и дика? Дика ду-кх, хьуна а и дика хеташ. Собардехьа цкъа, сан номер мичара яьлла хьуна? ХIаъ,

хIаъ, хьан елла хьуна сан номер? Цхьамма а ца елча, хьуна муха хаьа иза?
Иштта дагаеара, тов! ГIенах гина? Сан номер ца гича, кхин ган хIума дац хьуна? Кхоллам бу боху ахь?... Хьо тIаьхьайисина моьтту суна кхолламца. «Жена не стена».
Нохчийнаш ца хаахь, оьрсийн кицанаш-м хаьа хьуна. Марехь юй хьо? Яц…Хилла а юй?.. Хьуо ядийнчохь Iен езаш хиллера… Дас ца юьтуш схьяьккхира? Хьаштдоцург дина-кх цо.
Хьуна цхьа дийцар хезний, халкъан дийцар. Хьуьнхахь хенакIуьро дечигах зIок тоьхча, …хIоъ… диг детташ стаг ву бохуш зударий хьуьнха уьдур бу бохуш… И хан тIекхаьчна моьтту суна. ТIе ца кхаьчнехь а, тIекхача герга-м яхана. Хьо ца кхета боху ахь ас дуьйцучух. Со-м вацара дечигах диг детташ… ГIенах гира дечиг доккхуш?
Сой? Хьуна гинарг кину ю хьуна…Челентанос дечиг доккхуш… Сан дог дара боху ахь, деттачу дагарал а чIогIа детталуш…Хьоьга кхойкхуш? Хьоьга стенна кхойкху сан дог, мила ю а ца хуучу. Хьоьга ца кхойкхуш, кхин кхайкха стаг ца хилча, сайн хIусамнене кхойкхур варий со-м. Хьуна хIун хаьа и соьца ю-яц? ХIа-а, иза а бакъду… И хилча хьоьца оццул дукха къамелдан йиш а хир яцара. Хьекъал-м ду хьан, хазаллийца мухха а елахь а…Хезна ….. И кица ца хууш цхьа а ма вац.
Хазалла – сарралц, хIаъ-хIаъ, дикалла – яллалц…Хьуна нохчийн мотт Iемар бу хьуна. Хьуо дика ю бохург ду-кх хьан иза… Хьан дикалла евзар ю?.. Хьо-м сох къаста дагахь а ма яц… Ас хIинцца хIокху тилпуон тIе пIелг матаIIий, дIаxедаш яц вайн юккъера хIара зIе… Хаьа, суна-м ахь соьга схьатоьхний, сан ахча довш доций. Ахча стенна дуьйцу ахь?... Къинхетам дIабаьлла боху ахь? Бакъду иза а. Нах вайга нислур бац. Соьга нисло боху ахь. И ду хаза, стенна тIехь нисвала веза со. Хьуна мичара хаьа со къинхетаме ву вац? Реза ву, со йовхачохь вижна Iуьллучу хенахь, чубаха меттиг йоцуш нах буй а хаьа, меца нах буй а хьаь. Соьга хIун де боху ахь царна? Суна мел лиъча а, сан царна дан гIо дац. Къелматде а дуьйцуш, со кхеро ма гIертахьа. Соьга къематдийнахь оцу нахах лаьцна хоттур дац хьуна. Со сайх, сайн доьзалх, сайн даьхнех жоп делчахьана волу.

Суна керла кира тӀедилла а ца гӀерташ, ӀадӀелахь. Оьрсашна а дайна: «Не грузи!» Сайн кира тоьаш ву хьуна со.
ХӀинца хан яьлла хан а ю, дӀайижа. Со а ву садаӀа дезаш.
Кхана балха ваха деза. ЭхӀ, юха а оьрсийн кица далий-кх цо. Нохчийн мотт ледара хаахь а, оьрсийниг-м дика хуучух тера ду хьуна. «Болх – борз яц, хьуьнха дӀагӀур бац».
Борз яцахь а, болх ца хилча, барзах угӀучу хьал тӀе-м волу.
Хьо хӀинца а угӀуш ю. Маца? Беттаса дуьзчий? Стенна?
ХӀа-а, хьайн сингаттамна гӀоле хилахь-м, угӀа мегар ду.
Жинашца тайна-м яц хьо? Яра? Ткъа хӀинца? ИйгӀина?
Жинашца а, адамашца а, массаьрца а ийгӀина хьо? Уой!
Хьо цхьаьнца а тарлуш ма яц! Уой! Адмашца ийгӀича, жинашца мукъана таръяла ма езара хьо! Сой? Со-м ца
Ӏийна жинашца! Бакъду иза, суна хаа йиш яц цаьрца муха хуьлу. Хала хуьлий? Уой, дӀаяла. И доккха Ӏазап ду!
КӀелхьара яьллий хьо царах? Яла гӀерташ ю? Дала аьтто бойла хьан. Цаьрга хьаьжча, адамашца-м атта хир ду хьуна. Дикачу адамашца дика хир ду… Вуонаш жинел а оьшуш ду боху ахь. Реза ву.Темий? Дера хийца-кх. Со-м вац и тема юкъаяьккхинарг. Ландышаш дагадаьхкина боху ахь… «Ландыши, ландыши…» боху йишюьйций ахь? Зезагаш дуьйцу? Нохчийн маттахь цу зезагах хӀун олу хаьий хьуна.
«ЧӀегӀардиган кӀа» олу хьуна. Еха елахь а нохчийн цӀе ю-кх иза.
Ландышаш лам чохь хуьлу боху ахь? Бердашкаххьий? Бердашкахула лела сан йиш-м яц. ХӀинца-м муххале а, буьйса а ю, хӀумма а гур а дац, тӀе минанаш хила а тарло… Иза а бакъ ма ду… Экха хила а тарло… Вайна тӀом хиллехь а, берзалой-м алсамъевллачух тера ду… Кху аренца дӀалаьллина бежана ца дуьту цара… Ма алахьа. Иштта дог а ма дилла ахь сох… Хийла йоӀана зезагаш делла борз ю хьуна со-м… Зудчунна делла а ца
Ӏа… Цунна и ялаяле делла, цул тӀаьхьа ца делла… Хьо ишколехь доьшуш йолушший…ландышаш делира хьуна?..
Хьан? Селимсултанов мила ву? Суна мича вевза иза, шуьца доьшуш хилла кӀант? Ша даха а даьхний?.. Уьш даха берда буьххье ваьллера… Альпинист хилла хьуна иза…
Къонах вара? ХӀинца волуш вац иза? Зуда а, бераш а хилча, къонах волчуьра дӀаволуш-м вац? Кхета со-м, ахь иштта ца бохий. Со-м бегаш

беш вара. Зезагаш стенна дагадаьхкина хьуна буса Iуьйккъехь?.. Хьайн дахарехь кхин дагалаца хIумма а дац боху ахь? ХIун дара иза? ХIаа, Селимсултановс зезагаш далар.
ЧIогIа тIаьхьаваьллера хIара? Реза хила езаш хиллера-кх. Кура яра хьо хIетахь. Дерриг дуьне хьайн ду моьттуш. Куралла дика яц. Кураллех пайда ца болу. Делахь а
Делан диканах дог ма дилла ахь. Ткъе цхьаъ шо дукха хан яц. Хьан дахар хIинцца бен дIадолалуш а дац хьуна. Со велара хьан хенара. Сан ткъе пхиъ шо кхаьчча бен самукъадала а ца доладелира кху дуьненах. ХIеттахь бен чам а ца кхийтира! Цул хьалха айса хIун леладо а ца хууш, хьаьддий-веддий лийлира. ЧIогIа мерза хIума ю дуьне хьан хенахь! Сан делара, ткъе цхьаъ шаре-м са а ца туьйсура ас, цхьа ткъе пхиъ шо!
ХIетахь хуьлу сингаттам цхьа таме хуьлура, цхьана илли тIехь мадийццара:
Мел йогIу буьйса кхоьлина йогIу,
Стиглара мархаш елхаеш.
Цхьа Iаьржа марха къилбехьа йолу,
Дуьненан гIийла ойла еш.
ХIетахь безаман сингаттам сатийсаме болура, ткъа и сатийсамаш дагна там беш хуьлура, марзо кхуллуш:
Хьо йолчу агIор мархаш зарзйина,
Кхета лаьар-кха беттаса,
Маржа яI, тховса, хьан дагара хиъна,
ЦIа верза йиш елара сан.
Иштта мукъамаш беш дог долуш, хаза хан яра сан ткъе пхиъ шо-м. Алло? Хьо ма дIасеци? Со юкъахваккха ца лууш яра. Иштта хаза дара сан къамел. ХIара тайпа къамел оьшуш дуккха а бу? Ма дика ду иза, сан къамелах хьуна дарба хиллехь. Иштта дуккха а ду боху тIамо дегнаш дохийна, дарба оьшуш адамаш. Со цхьаъ лара-м вийр вац… Хьан цIе хIун ю? Ца юьйцу ахь? Уой, айхьа цIеюьйцуш ца хилча, стенна тоьхна ахь? Со самаваккха? Стенна? Къинхетам оьшу нахана орцахвала аьлла! Тасий ма дита? ХIун? Вайн къам? ХIаъ! Цуьнан лазамаш а гур бу, дала мукъалахь, дарба дан а хьожур ву. Собарде. Iодика
Дала йойла! Охьайилли-кх цо. Номер муьлха ю цуьнан.

ДIаязъян еза. Номер а къайлаяьккхина хилла. И ма тамашийна стаг яра. Ойланаш карзахъехи цо сан! Доккха хIума ма ду иза! Оцу зудчо бехк баккхал, хьалкъана хьалхара сайн декхарш диццина лелаш хилла-техьа со?
Уой, юха а екаш ма ю хIара тилпу. ХIара мила ву- техьа? ХIа-а, хIара-м чуьрниг ю. Алло? ХIумма а деш вац.
Вижина ву. Дика ду. Ахь стенна еттара, сингаттаме хIума-м дац? Иштта дIатоьхнера. ГIенаш гинера? Даго цхьаъ хьоьхура? Дала диканна дойла. Аяташ деший, дIайижа.
Уой! Ма доккха хIума а ду хIара?! Цхьа синхьехам хилла-кх цунна сел генахь йоллушехь. Тосаделла-кх цунна соьга кхечу зудчо тилпо тохар. Ма чIогIа хIума тосалуш психика ю зударийн! ХIара доккха хIума ду - наб кхетачуьра-м яьллера. ХIун дийр дара-а? Нохчийн поэтийн стихаш еша еза. Цара наб дика кхоьтуьйту.
Юха а екаш ю! ХIинца хIун хилла-техьа? ЛадугIуш ву.
Хьо мича кхаьчна? Хьо мича етташ ву дийцахьа? Районан хьаькаме?! Хан йоццучу хенахь етташ хуьлу хьаькаме тилпо? Вуьшта лаца ца ло? Делахь со хьаькам вац. Гергара а вац. Аз тера делахь а, вевзаш а вац. Ас хIун дийр ду хьан компенсацина. Со а хьо верг ву-кх, цIенош дохийна волавелла лелаш. Бакъду-кх иза. ВорхI доьзалхо кхаба хала ма ду, чохь Iиэн меттиг а ца хилча. Массо инвалид ву боху ахь? Хьо - хьалхара группа, вуьйш – шолгIа группа.
Шайна пенсеш, схьаэца хилла хир дара шу-м заьIапхой.
ДIавала, хала ма хетахьа. Иштта наха уьш лeладо дела бохура ас. Вас ян мегар дац. Боккъал а инвалидаш бу боху ахь шаьш. Дала маршалла де шуна. Дала къинхетам бе шух.
ХIара ма тамашийна буьйса ю. Уой, юха а екаш яц хIара тилпо. Алло! ЛадугIуш ву! Хьо мича кхаьчна?! ТIурнене кхаьчна. ТIурнана хIун ю? Космос ю-кх. Со космонавт вац!
Мила вуй? Астронавт. Армстронг. Саксофон локхуш верг вац. Батта тIе охьавоьссинарг. ХIинца со вне зоны доступа ву. ХIаъ, Зонахал лакхахь ву, Ваьрдехь. Iодика йойла.
ХIара тилпо дIаяйъа еза. Къамел дан хьага а хьаьгна ву-кх кху Нохчийчохь мел верг. ДIа ца яйъахь, наб кхетар хир дац. И хьалххехь дага ца догIуш, ма вуо Iий со. ХIахI, дIаяйъи-кх ас. ХIинца мукъана а сина тем хир бацара теша, набаран тар тосуш. Дага-м деанера суна и

дIаяйа. ХIетте а даго ца вуьтура. Цхьа чIогIа со хьашт хилла вевзачо, везачо тохахь а бохуш латтайора… ХIинца дIа ца яйича йиш-м яц. Наб а ю цхьадика тIегIерташ. Харр. Харр. Харр.
Алло! ЛадугIуш ву. Хьо мича кхаьчна?! Уой, дIаяйича екаш ю хIара? ХIара-м яц. Делахь сан коьрта чохь хилла-кх и екар. ХIара тилпо бахьанехь галволуш лаьтта-кх со.
Кхунна хIун дийр дара?! Суна хаьа хьуна кхунна хIун дан деза. Корах араласто еза. ХIинццалц а Iийна со хIара йоцуш, шовзткъа шарахь. Тилпо-м ластор яра корах ара, хIокху сан коьртана хIун дийр ду ас?

# КИНОСЦЕНАРИ ЗИНГАТИЙН БАРЗА МА БОХАБЕЛАХЬ

**Зингатийн барза ма бохабелахь**[22]

Гузуев Хьусайнан безамна

Лаьмнаш. Лаьмнийн некъ. Суьйре. Гуьйре.

Оцу суьрташ тIехь фильман титраш язйо.

Гуьйре. Дитташ тIехь охьаэгаза дисна можа гIаш. Генна лахахь говрашкахь а, гIаш а догIучу кIадделлачу адамийн могIа. Уьш, цкъа совцуш, юха дуьйлалуш, меллаша схьагIерта хьийзачу тIулган новкъахь. Царах цхьа дошло, цкъа хьалхаволуш, тIаккха тIаьхьахIуттуш, синтем байна хьийза, тIаьхьабисначаьрга цхьаъ дуьйцуш. Уьш сихбеш волчух тера ду иза. Дешнаш ца къаьста. Генахь ву. Гергахь хилча а хезар дацара – чIожахь хьаьдда догIучу чехкачу хин гIовгIа лаьтта. Лаьмнийн кIайн баххьаш курра а, цеце а хьоьжу шайн когашкахь адамаша лелочуьнга. Лаьмнел лахъахь, анайистехь гулло еза, Iаьржа мархаш.

МогIанан чаккхенехь йолчу цхьана говрворданахь, цергашюккъехь бецахелиг а Iуьйшуш, аркъал а воьжна Iуьллу цхьа ламанхо. Цуьнан ницкъ хиллачу, яьллачуюьхьа тIехь бIаьргаш къеста. Церан хьажар деса а, бендоцуш а ду.

Цунна тIе а тевжина, цхьаъ – аьтту, важа – аьрру агIор, тийна набъеш Iуьллу пхийтта шаре ваьлла ши кIант.

ТIулгаш тIехь етталучу ворданан эшарехь дIасатехка и шиъ. ЦIеххьана ворда соцу. Оцу минотехь тембоцу бере хIутту царна тIе. Куьйгаш а лестош, мохь хьоькху цо кхуьнга, охьа а воссий, ворда татта бохуш. ХIара охьавуссу.

ТIаккха шен доккха дегI гIортадой, меттахйоккху цо ворда. Ши кIант, меттах а ца хьовш, набъеш ву.

Лаьмнаш. Некъан тача. Суьйре. Гуьйре. Шовда.

Ирчу бердаш тIехула догIучу тачанахь, стовн коьллаш юккъехула, кхийса а луш, дайчу боларехь шовдан тIе йогIу

Лайса. Шен кIудал жимчу чахчар буха хIоттайо цо. Иза тIахъаьлла а, самукъне а ю. Цо дIакхевдий, кагдой, тIехь цIен стеш долу га доккху. Иза, туьтех тардеш, шен некха хьалха а лоций, елакъажарца хи чуьрчу суьрте хьоьжуш льаьтта. ЦIеххьана цхьана хIумнах кхералой, шен карара га охьа а кхуссий, хих юьзна, тIехъоьхучу кIудална тIейоьду иза… ДIаяха тохаелла иза сацало, оцу тамашийначу адамийн могIанан юьхь а хаалой.
Уьш цIеххьана дитташ, коьллаш юккъера гучубовлу, шовданан хи чу когаш а бетташ, кхидIа а боьлху, бистхилар доцуш, Iаьржа, Лайса схьаеъначу юьртана го тосуш.
Шовданан хи, цIуна санна, даьржина догIу, болар лагIдина, гIаш, генаш теккхош. Адамаш тайп-тайпана кечделла ду: цхьанна тIехь тIемалойн, вукхарна тIехь ахархойн духарш ду. Цхьаболчаьргахь герз ду, вукхаьргахь дац. Уьш массо а сингаттаме а, беснаш даьхьна а бу. Уьш халла боьлху, когаш теккхош, набарх болуш санна. Цхьамма шен карара топ охьайожайо. Дикка цуьнга хьоьжуша льаьттий, топ хьала ца оьцуш дIавоьду иза.
ТIаьххьара гучуволу вайна вевзина волу ламанхо. Иза
Жахарбек ву. Цхьанхьара, коьллашюккъера схьахеза кхойкху аз: «Жаха, Жаха-а…». Жахарбек, саца а соций, вухахьожу. Дукха хан ялале, тIоьрмигаш, ларчанаш теккхош, кIадваларна вехьа а вехьаш, цуьнан ши кIант – Махьарбек, Шахьарбек – гучуволу. Царах цхьамма боху: «Говр гIоттуш яц…»
– ХIун ю ахь юьйцург? Хьокха тоха! ТIаккха гIоттур ю хьуна! – Жахарбек вухахьоду. Ши кIант цунна тIаьхьа воьду.
Лаьмнаш. Некъа йистехь евлла стовн коьллаш. Гуьйре.
Суьйре.
Шен кIенташка дIа а ца хьожуш, Жахарбека боху:
– Вай тIаьхьадисахь, оцу наха вайга хIумма а кхочуьйтур яц. Цул тIаьхьа, дала ца дала, сагIа деха дезар ду вайн.
– ХIун кхочуьйтур яц, Жаха? – хоьтту цунна тIаьхьахIоьттина вогIучу Махьарбека.
– Цхьа а хIума а кхочуьйтур яц! Цхьа а хIума а!
– Хьажахьа, хьала ца гIотту-кх хIара, – боху Шахарбека, йоьжна Iуьллучу говра уллохь а соцуш.

– ХІинцца гІоттур ю…ХІинцца, – олуш, вогІуш лаьтташехь говрана чоьже мийра туху Жахарбека. Юха а, юха а туху.
– Иза елла, Жаха!
Жахарбек, еттачуьра саца а лой, говран бІаьргаш чу хьожу:
– Боккъал а елла, шен ден докъа тІехь еттарг!
Юьхьа тІера хьацар дІа а доккхий, еллачу говрана юххе охьахуу иза. Тийналла хІутту. Геннара схьахеза дІабоьдучу бІон гІовгІанаш: ворданан чкъургийн цІийзар, говрийн мерах шок еттар.
Лаьмнаш. Шовда.
Лайса, шен кІудал схьа а оьций, дІаяха тохало, амма эццахь Жахарбекан кІентех цхьаннах бІаьрг а кхетий, ша йолччохь соцу.
Махьарбек, шена хьалха йоІ а гой, цуьнга хьаьжжинчохь вуьсу, юха ша хІун дийр ду а ца хууш, Іовдал велакъежа.
Лайса сихха дІайолало. Некъо голатухучохь къайлаялале, юха а хьожий, шен белша тІехь кІудал а тойой, дІайоьду.
– Стенна къежа хьо? – Жаха ву дов деш.
– Вало! – Шахарбек, шегара цхьа ларча Махьарбеке дІа а лой, декъа генаш текхош, да волчу лаха чу вуссу.
Махьарбек, шен ларча ги а тосий, вехха лаьтта, Лайса дІаяхначу агІор а хьоьжуш.
Юрт. Банун керт. Суьйре. Гуьйре.
Цхьалха йоккха стаг Бану кхо ког болчу гІанта хиъна
Іа, дечган кедахь газанна кхача а луш. Лайса, керта а йогІий, бІаьрса дика доцчу Бануна тІейоьду:
– Суьйре дика хуьлда хьан, Бану!
– А, Лайса, хьо ю и?.. Далла езийла! Хи деъна ахь?
– Хи деъна, Бану…
– Сан-м селханлера хи а дІа ца даьлла. Къахьега ма ца оьшура, Дашо корта!
– ХІумма а дац, керла хи новкъа хир дац хьуна.
– Дела реза хуьлда! Мила ву техьа хьо йоьгІна ирсе кІант?! Тпу, тпу, бІаьрг ма хила Дашо коьртана!
Бануца къамел дешшехь, ша деъна хи кхийра кхаби чу дутту Лайсас.
– Іодика йойла, Бану!
– Іодика Дала йойла! ХІинца хІун до ахь, Дашо корта?
– Яхна, кхин цхьанна а хи дахьар ду ас.

Бану ехха лаьтта, юьйцинчу керта йисте а хIуттий, Лайсина тIаьхьа а хьоьжуш.
Ломан басе. Гуьйре. Суьйре.
Юькъа буц хьокхуш воллу Керим. Генахь воццуш хиъна Iа ЗухIайра. Ойлане лахахь Iуьллучу юьрте а хьоьжуш, суьлхьанаш а хьийзош, Далла хастам а беш, Къинхетамечу, Собаречу Далла. Эххар а вирд даьккхина а волий, доIа а дой, юьхь тIе куьйгаш хьокху цо:
– Зингатийн баьрзнаш ларделахь, кIант. Мангал ма тохалахь… Тохахь, мангал артлур бу, зингаташна боккха бохам а хир бу. Зингатийн барз дукха лерина цIанбе бецах, сих а ца луш.
– Дика ду, Дада, иштта дийр ду ас…
– Дукха хье а ца луш, цIа вола.
– Дика ду.
– АлхьамдулиллахI, Далла бу хастам! – ЗухIайра, гIоттий, меллаша ког а боккхуш, юрт йолчу агIор дIавоьду.
Дукха хан ялале басах къайлаволу.
Сарралц баьгна малх, баьццарчу лома тIе а лахлой, сихха чубузу, дуьне буьйсане кховдош. Керим, шен мангал цхьана диттах хьала а уллий, юьртехьа волало. Дукха гена валале соций, аьтту агIор, шовданехьа дIавоьду иза.
Лаьмнаш. Шовда. Гуьйре. Суьйре.
Керим охьалахло шовдана хьалха. Канашца оьций, хи туху шен юьхьа тIе – цкъа, шозза. ТIаккха хи тIе охьа а таьIий, дехха хи молу. Хин куьзган чохь Керимна тосало
Лайсин сурт.
– Суьйре дика хуьлда хьан! – боху цо.
– Далла езийла, хьан а хуьлда суьйре дика!
Лайсас шен кIудал хи буха хIоттайо.
– Хьо ма дукха оьху хитIа?
– Ас тхайна а, тхайн луларчу баккхийчу нахана а хьо хи. Царна хала ду шайна хи дан. Цундела ас хьо…
– Иза дика ду. Дала диканца бекхам бийр бу…
– Дала бекхам массарна а бийр бу.
– Кхуза стенна оьху хьо хитIа? Шовданаш уллохь а ма ду.
– ХIара хи дарбане ду боху.
– Хьан?

– Нанас.
– Делахь со а оьхур ву-кх кхуза, хьо реза елахь, – Керим велакъежа, йоIана эхь хета.
Лайса, юхий, хIумма а ца олуш, шен кIудал белш тIе а юьллий, дIайолало.
– Лайса! – Керим, юха а вела а къежаш, йоIе хьожу.
Лайса, шен цIе хезча, соций, ша йолччохь цхьана маьIаргонна дIатуьй.
Цунна тов Керима шен тидам бар.
– Дукха хитIа кхехьна кIудал хитIахь йисна хьуна.
– Сайниг юьсур яц, – елакъежа Лайса, тIаккха, юха а йоьрзий, дайчу боларца дIайоьду.
Керимна таме ду Лайсица цхьаьнакхетар. Цо юха а хи туху шен юьхьах. ТIаккха, тем беш, шовдана йисте охьа а лахлой, ламаз эца хIутту.
Лаьмнаш. Стовн коьллаш. Гуьйре. Суьйре.
Керим самукъадаьлла юьрта вогIу. Цо тергал а ца до шен юьхьа тIе деттало коьллийн генаш. ЦIеххьана иза тIеIотталоЖахарбекна а, цуьнан шина кIантана а. Ши кIант декъа дечиг лахьош лела, Жахарбек латийначу цIара хьалха
Iа, меттах а ца хьовш, чхар санна. Керим Жахарбекан кIенташна го, Жахарбека тидаме а ца оьцу иза.
– Суьйре дика хуьлда шун! – боху Керима.
– ХIун? ХIун элира ахь? – ша волччохь тохало
Жахарбек.
– Ас: «Суьйре дика хуьлда хьан» – бохура…
– ХIа-а, хуьлда иза…
Жахарбек а, цуьнан кIентий а цхьа вуон, шеконе хьуьйсу Кериме.
Керим, царах цецволий, дIавоьду. Некъо голатухучохь къайлавалале вухахьожу Керим. ЦIеххьана хьаькхначу мохо, дакъаделла гIаш хIаваэ а дохий, бердах чукхуьйсу, лахахь хьаьдда доьдуш ахк долчу.
Юрт. Майда. Гуьйре. Суьйре.
Юьрта юккъера майда. ХIара юрт йилличхьана, кхуза пхьоьхана гулло нах. Пхьоьхане нах бовлар дукха хьалха дуьйна схьадогIу Нохчийчохь.
Наггахь пхьуьйра-ламазан хан хиллалц лаьтта нах пхьоьханахь.
– Вайн юьрта юххехула тIехбаьлла, цхьа бIо бахна боху…
– И хIун бIо бу? Кхуза стенна кхаьчна?

– Хьанна хаьа иза…Тамашийна эскар дара боху, цхьаберш – говрашкахь, вуьйш – гIаш…
– ХIун мотт буьйцуш адамаш хилла уьш?
– Адамаш а, цара дуьйцу меттанаш а тайп-тайпана хиллачух тера ду.
– Иза Iаьж-мIаьжг бIо-м ца хилла техьа?
– ХIан-хIа, пхьаьж-межирган бIо хилла, – доггах воьлу воккха стаг Колла. Цунна тIаьхьа вуьйш а буьйлу.
– Нохчех стаг хиллий теша цаьрца?
– Хиллачух тера дац.
– Хилла дера. ДIо эвла йистехь, шовда долчохь буьйса яккха сецна цхьа вайнехан стаг ву боху, шен шина кIантаца.
Говрворданахь хиллачух тера ду уьш, говр яла а елла, эскарал тIаьхьабисна. Вайн мотт буьйцу-м боху цара.
– Цаьрга хьовса деза. ГIо оьшуш я цомгаш хила ма тарло уьш.
– Ун дара хьуна вайна тIеоьшург…
Керим, и къамел дечу нахе маршалла а хоттий, тIех а волий, юьртан цхьана урамехула дIавоьду.
Юрт. Урам. Суьйре.
Керим юьртан урамехула, цIенойн керташ юккъехула вогIу. Оцу хIора кертахь адамаш цхьацца деш дохку: йоккха стаг Бану шен газа узуш ю, кхечу кертахь йол дIанисъеш бохку…Цхьана кертахь къаналле лестина стаг мукх оруш ву, мекхан кхаьнчанаш тIехула бIогIамах дIабихкина ши сту а лоьллуш.
– Болх ирс долуш хуьлда хьан!
– Далла везийла, Керим!
– ГIо дей аса?
– Баркалла, ца оьшу, Керим. Со болх дIаберзош ву…
ДIо эвлайистехь цIе латийнарг мила ву техьа?..
Керим вухавоьрзу, дIогахь, лакхахь, эвлайистехь латийнчу цIеран суйнаш хаало цунна. Стиглахь дуьххьарлера седарчий лепа дуьйлало.
Юрт. ЗухIайрин керт. МаьркIаже. Гуьйре.
ЗухIайра уьйтIа ваьлла лаьтта, суьлхьанаш а хьийзош.
Цо чубуьзначу маьлхан тIаьххьарлера серло тергалйо.
Керим уьйтIа волу.
– Хьо ву и?
– Со вара иза, Дада.

– Кхана Іуьйранна гІатта деза. Дукха ца Іаш, дІавижалахь.
– Дада, суна адамаш гира, цхьа тамашийна…
– Муха «тамашийна»?
– Ас суьйре дика йича, «хІун хилла-а» боху-кх. Дай, ши кІанттий ву моьтту суна цигахь, шовдана йистехь. Циггахь Іуьллуш церан елла говр а ю. ЦІе а латийна Іаш бу.
– Ткъа ахьа чу дуьйла а ца эли?
– ХІан-хІа. Уьш кхин соьца къамел дан лууш а бацара, цундела со кхин тІекара а ца велира.
– Царна къамел дан ца лиъча хІун ду? Чу кхайкха безаш хиллера. Эвлайистехь нахе буьйса яккхийтар эхь ма ду…
ЗухІайра дІатоь, тІаккха дІавоьрзий, синтем боцуш суьлхьанаш хьийзо волало.
– Вало, кІант, къа ду нах, чу а ца кхойкхуш, арахь битар, – боху рагІу кІелхьарчу пеша уллохь Іачу Кериман нанас. – Вало, чу кхайкха цаьрга.
Керим араволу, оццу урамехула, шайн-шайн керташкахь цхьацца дечу нахана юххехула вухавоьду.
Лайса Іачу цІийнан керт. МаькрІаже. Гуьйре.
Керим, Лайса Іачу цІийна уллохь а соций, цхьана ханна уьйтІа хьоьжуш лаьтта. УьйтІахь Лайсин кІудал ю, хьайбанан диттах дІатесна газа а лаьтта. ДІаваха тохавеллачу Керимна цІеххьана го юьйцинчу керта юккъехула шега хьоьжу Лайсин ши бІаьрг. Иза дІавоьду, вела а къежаш.
Юрт. ЗухІайрин керт. Пхьуьйре лестина зама. Гуьйре.
ЗухІайра ву уьйтІахь хьеший тІеоьцуш.
– Ассалам Іалайкум!
– ВаІалайкум салам!Марша а догІийла шу! Муха кхаьчна шу кху тхан махка? Эвлайистехь стенна соьцу шу, чу ца догІуш?
– Тхо сингаттамо арадаьхна лела… Стаг велла сан карах, ца хууш. Цундела чІирхойх ведда лела…Цу тІе хІокху шиннан нана а ели дукха хан йоццуш, цІеххьана кхеттачу цамгарх. Иштта дуьйладелла лела-кх, декъаза пал текхош, цхьана а юьрто тІе ца лоцу техьа бохуш.
– Дала гечдойла беллачарна… Бохамаш бу-кх, дуьне даькkхина… Ткъа эскарца стенна дара шу?
– Эцца дІа тІаьхьахІиттинера-кх, хирг дІа хир аьлла,

Дала диннарг.
– Дела къинхетаме ву. Мичара ду шу?
– ХIуьчIанчIуьлгара…
ЗухIайрий, Кериммий ойлане вужу, и цIе йолуюрт дагалаца гIерташ, амма дага ца йогIу, юьйцу а ца хезна.
– Ткъа муьлхачу тайпанах ду шу?
– Оццу хIуьчIанчIуьлгахойн тайпанах ду.
ЗухIайра юха а ойлане волу: ца хезна цунна, и тайпа цхьамма а цхьанххьа а хьахош.
– Чу дуьйла, паргIатдовла. Шайн цIахь санна хила, –
ЗухIайра, хьеший а оьций, цIа чу воьду.
Лаьмнаш. Седарчийн стигал. Буьйса.
Буьйса юлу. Iалам дIатоь. ГIийлла шабарш деш, шен хоршахь хьаьдда доьду шовда. Стовн коьллашна уллохь латийна цIе дIайов. Ахкан гIовгIа а къаръелла. Эвлаюккъера пхьоьха хIутту майда а яссаелла. Геннахь екхначу стиглахь къеста тIехь ло Iуьллу лекхачу лаьмнийн кура баххьаш.
ЗухIайрин цIахь. Буьйса. Гуьйре.
Горгачу, лохачу стоьла гонах, кегий гIенташ хIиттийна, хевшина Iа Жахарбек а, цуьнан ши кIант а. ЗухIайрин зудчо Бахус стоьла тIе яахIума охьаюьллу: тIоберам, межарг, дечган зоканаш чу шура а ютту. Дас, шина кIанта, «хуртIур» деш, оцу стоьла тIехь мел йолу хIума дIаюу. Бист а ца хуьлуш, шура а дIамолу. Юьстахо лаьтта Керим, дехьачохь пешан серлонехь хиъна Iа Баху. ХIума йиъна бевлча, массо а хьалагIоттий, кхача сагIа бина а бист ца хуьлуш, уьйтIарчу хьешан оти чу дIабоьлху. Корехь лаьттачу
Бахуна го уьш цхьана маьIаргонна, къуьданца волу Керим хьалхаволуьйтуш, оти хьалхахь совцуш а, тIаккха цIа чу боьлхуш а.
Корах чу кхета стиглара седарчий.
УьйтIара хьешан оти. Буьйса. Гуьйре.
ХIоьттинчу тийналлехь шерра хеза цхьанхьа угIуш жIаьла а, адамаша доху кIоргга синош а, «хар-хир» а. Уьш
Жахарбек а, цуьнан кIентий а бу набарш еш. Уьш шайна тIера барзакъ а, мачаш а дIа а ца йохуш, Бахус кIайн шаршуш а йоххуш дехкинчу меттанаш тIехь дIакхеттачохь
Iохку.

ЗухIайрин керт. Буьйса. Гуьйре.
Буьйса юккъе йоьдуш гучудолу доккха беттаса. Цуьнан серлонехь къеста лаьмнаш, даточу басца лепа хьаьдда догIу ахк, ламанийн басешца Iохку ярташ.
Хьешийн отин кора кIел, рагIу кIелахь, бIогIамах дIа а тевжина лаьтта Керим, лома тIехьара гIотту беттаса а тергалдеш. Бийшинчу хьешех цхьамма чIоггIа «гIам-гIим» до, и хезий лиэта долало кертара жIаьла.
– Гоци, Гоци. Хьо стенна карзахдаьлла? ГIовгIа ма е.
ХIун хааелла хьуна? Эрна ма лета, хьеший…– Керим цхьана юкъана ладугIуш соцу, цIа чуьрчу гIовгIанашка ладоьгIуш, – …хьеший самабохур бу ахь.
ЖIаьла дIасоцу. Керим, жимма лаьттий, чувоьду.
ЗухIайрин керт. Сатесна хан. Гуьйре.
Керим меттара хьалаэккха, шен кор детташ а хезий.
Арахь, корехь, ЗухIайра ву, кхуьнга сихха аравала бохуш куьг лестош.
– Мила ву цигахь?
– Схьааравалал цу чуьра!
Керим сихха шена тIе хIума а озайой, арахьоду.
ЗухIайрин керт. Сатесна хан. Гуьйре.
ЗухIайра хьешийн оти долчу агIор дIаволало, Кериме вист а хуьлуш:
– Чоин нуьйдарчий дIатаса, мох бу…
– Iуьйре дика хуьлда хьан, Дада…
– Дика муха хуьлу… Хьеший бахна вайн… – цо отин неI схьайоьллу.
– Цхьа хIума лачкъийна хир ю.
– ХIан-хIа, со хьаьжна, хIумма а ца лачкъийна.
– Делахь дика ду-кх, сецон оьшуш хьеший бацара уьш.
– Стенна?
– Цхьа даго тIе ца оьцура суна уьш. Тамашийна бара уьш…
– Сингаттамо хьаьшна адамаш дара уьш. Сингаттамо хуьйцу адаман сурт-сибат…
– ХIетте а… Реза вац со царна.
– Хьаша цIентIера вадар эхь ма ду. Уьш бухаберзо беза.
Кхетий хьо, бухаберзо беза.
Лаьмнаш. Ахкан тогIи чубуссу некъ. Iуьйре. Гуьйре.
Жахарбек, цуьнан ши кIант тIаьхьий-хьалхий хIоьттина воьду ламанан новкъа. Иштта йоьлху ломахь хьакхарчий.

Керим говрахь гучуэккха некъо голатухучохь. Цунна го дикка генахь сихха ког а боккхуш бовлху шайн хьеший.
Керим, говр хохкий хьалха а волий, царна дуьхьал воьрзу:
– Духадерза!
Жахарбек дикка лаьтта Кериман бIаьргаш чу хьоьжуш.
Керим къарлур воций хаьий, вухавоьрзу. Цунна тIаьхьахIуьтту Махьарбеккий, Шахьарбеккий. Некъан йистошца евллачу коьллех леташ, мох ахка чу буссу.
Юрт. Урам. Iуьйре. Гуьйре.
ГIийлачу гуьйренан мохехь хьийза охьаэгна гIаш. Юьйцинчу керташюххехула, шен ойланаш а еш, вогIу ЗухIайра.
– Iуьйре дика йойла хьан, ЗухIайра!
– Далла везийла… Гуламе дIавола… – боху ЗухIайрас, корта хьала а ца ойуш.
– Iуьйре дика йойла хьан, ЗухIайра…
– Хьан а йойла…Гуламе дIавола, – юха а олу ЗухIайрас.
– ЦIенна эвлаяан бос бу-кх цуьнан… Дала дика дина стаг ву, – олу цхьана зудчо, цунна тIаьхьа а хьоьжуш.
Йоьхначу керта уллохь хиъна Iа ГIубаш. ЗухIайра гучуваьлча, ГIубаш хьалагIотту.
– Де дика дойла…
– Далла везийла… Ма гIатта хьала. Муха Iа хьо? Iа а ду кестта тIекхочуш.
– Хала воллу, ЗухIайра… Къелло хорам бина.
– Ойла Далла тIеерзае, Дела къинхетаме ву. ГIуой, ас
Колле гуламе дIавола боху ала, – ЗухIайра дIавоьду,
ГIубаш, астагI а теIаш, Коллин цIа долчу ваха новкъа волу.
Юьрта юккъера майда. Гулам. Де. Гуьйре.
Юьртана гуобинна лаьтта лаьмнаш. Царах цхьанна тIера дIахьаьжча, массо цIа а, керт а, цу кертахь дерг а – дерриге а шерра схьаго. Юьртан урамаш а го. Майда юьрта юккъехь ю. Цигахь адамаш гуллуш а го. Керим а, цуьнан «хьеший» а майдана схьакхаьчна.
– Хьаша вистхилийта, хьаша, – адамаш дIатоь.
– ЗухIайра, Дала диканца бекхам бойла хьуна ахь тхуна динчу хьошаллина… Дела ву-кх теш, ахь тхо дика тIе а ийцира, лела а дира. Тахана сан хьуна дуьхьал дан дика цахиларна, со бехкала вахна а ву.

Хьо иштта гIиллакхе волу дела, ала хIоьттинера со хьоьга, суо кхуза юьрта тIеэца аьлла. Амма нехан стаг тIелацар а, цунна латта а делла охьахаор а атта хIума а дац… Цундела хьуна цунах сингаттам ца бан, дIа новкъа ваьллера со, сайн декъаза пал кхидIа а текхо… ЗухIайра, хьан Iодика ца еш, тхо новкъа довларна ахь бехк а ма билла… Тийналла хIутту. Цхьа мох бу гIовгIа еш. Цхьа хан яьлча, нахана юккъера схьаволий, шен Iасанна тIе а тийжаш, шен хьажар Жахарбекна тIе а дугIий, къамел дан волало
Колла:
– Вевзаш воцу хьаша! Хьо дуьххьара вац, гIо-накъосталла оьшуш, тхуна тIевеънарг. Уьш дуккха а бу. Тхо варшахой, мигIа[23] борзахошца а, игIа[24] мартанхошца а доза долуш, доккха латта долуш, мацвеллачунна сискал а луш, бен боьхна веъначунна гIо а деш, даьхна кхузахь дукха хьалха дуьйна. Нагахь хьуна а, хьан тIаьхьенна а шайна динчу гIуллакхан сий дан хуур делахь…
Коллас дуьйцучуьнга ладоьгIуш лаьтта лаьмнаш.
Лаьмнаш. Шовда. Iуьйре. Гуьйре.
Гуьйренан Iуьйре. Керим, пхьуьйшаш хьала а дина, шовда тодеш воллу. Дечиг тIера яьккхина ковст юьллу цо, шовданах жима чахчари еш, кIудал хи буха хIотто аьтту хилийта. ХIара болх бина волуш, йогIий, схьакхочу Лайса.
Лайса:
– Iуьйре дика йойла хьан!
– Далла езийла!
Лайсина го Керима хIоттийна ковст.
– Иштта атта хир ду хьуна хи схьаэца, – боху Керима.
– Хир ду. Дала меле яздойла!
– Дела реза хуьлда!
Лайсас кIудал хи буха хIоттайо. Иза цхьа тамашийна, цхьа сирла шовдане хьожу, Керим – цуьнга.
Коьллаш юккъера схьа и шиъ тергалдеш ву Махьарбек, Шахьарбек. Уллохь тIе дечиг доьттина лаьтта вир.
Лайсас шен кIудал белша тIе хIоттайо. Изий, Кериммий цхьаьна дIадоьду, шаьш тергалдийраш а, гонахара дуьне а ца гуш…

Махьарбек цхьа вуон тIаьхьа хьоьжу царна. ХьогIах, цабезамах кхехкаш ву иза. Цо, схьаоьций, цхьа дечиг тухий, йохайо ковст. Хин некъ буху. ЦултIаьхьа Керима нисдина шовданан хьорса дохадо. Махьарбека оьгIазе сара бетта вирана:
– ДIадолало, хьайн да велла дисарг! ДIадолало!
Юрт. ГIубашан керт. Белхи. Буьйса. Гуьйре.
Гуьйренан беттаса кхетта буьйса. ГIубашан кертахь тховса белхи бу. Кегийрхоша, шайн самукъа а доккхуш, хьоьгу къа. Цхьана агIор хевшина кегий нах бу, вукху агIор
– мехкарий. Кегийчу наха, дакккхийчу тускаршца схьа а кхоьхьуш, хьаьжкIийн кенаш охьадассадо мехкаршна хьалха. ХIора кIанта шен безам болчу йоIана хьалха йохку хьаьжкIаш, цаьрца цхьацца забарш ян гIерташ.
– ГIийла бо ахь болх, тIахъалий хила…
– Сайна беш йоцу дела бо гIийла!
– Вайшиннан хьаьжкIаш тилош хилча, ма тIахъаьлла хир яра хьо!
– Э-э, диканиг, вайшиннан хьаьжкIаш цкъа дIаен еза, юха асар дан деза
– шозза, тIаккха кан буьзна яьлча тилон еза.
– Э-э, хазниг, соьга оццул сатуьйсуьйтучул, тоьхна вер гIоли ю хьуна.
Кегийрхой буьйлу. Мехкарех цхьамма пондар локху.
Ерриг юрт екайо мехкарша айинчу эшаро:
Меттахь Iилла цомгаш йоцуш,
Ирахь лела могаш йоцуш,
Хьо дуьххьара вевзичхьана
Кхетта лазар дIа ца долу.
Ас Iуьйренаш чIогIа ларйо,
Ас суьйренаш чIогIа ларйо,
Хьо кхачаре со ма хьоьжу,
Ма дарра хьоь дагардийца.
Безам хала цамгар ма ю,
Цунах ваьлларг ваха ца ло.
Со лойла хьан, йина нана,
Со везначух йоккху елахь.
Эшаро шовкъе бинчу кIенташа юкъа-кара маьхьарий детта:
– ЭйтI, горлера йиш яI! Маржа дуьне! БIешарахь ловр яр-кха аса и безам-цамгар!

И маьхьарий тергал а ца деш, йоIа кхидIа а йиш локху:
Суьйре йоцуш Iуьйре хир яц,
Iуьйре йоцуш суьйре хир яц,
Безам боцуш дуьне хир дац,
Ма яйта соь гIийла ойла.
Iуьйре хир яц бохучара,
Суьйре хир яц бохучара,
Со хьан хир яц бохучара
Хи юханехьа дерзо деза.
Меттахь Iилла цомгаш йоцуш,
Ирахь лела могаш йоцуш,
Хьо дуьххьара вевзичхьана
Кхетта цамгар дIа ца йолу.
– ЭйтI, Дала яхье и цамгар! – мохь бетта цхьамма.
– Йиш дика яра! – боху кхечо.
Синкъерам юккъе кегийрхойн хабарш дIасакхоьхьуш хьийза цхьа зуда.
Кегийчу нахана юккъехь Керим а, Махьарбек а ву.
ЦIеххьана мехкарша, тIараш а детташ, хелхаран йиш локху:
Куьйгаш хаза леладо,
Когаш хаза лелабо,
Хелха ма хаза волу хьо,
Декъала, хьомениг, хуьлда хьо.
Цхьана жимчу стага дечиг-пондар локху, багахь дешнаш а далош:
Ламанан леча, ла-ла-ла,
Аренан кхокха, ла-ла-ла,
Хьовзаеш вала, ла-ла-ла,
Хьан нанас ца йина, ла-ла-ла.
Юкъаволу Керим. Хелхарехь го а боккхий, Лайсина хьалха соцу иза.
Лайса юкъайолу. Цу шиннан хелхар хаза а, оьзда а ду. И шиъ шаьшшиъ а ду иштта.
Ва шуьшиъ дададе чехкачу мохо,
Ва шуьшиъ кхосса ламанал дехьа, – хеза эшаран аьзнаш.
Керим, Лайсий дIадаьлла а далале гонна юкъаэккха
Махьарбек. Лайсина хьалха а хIуттий, шовкъе вахна, разпурх когаш бетта цо, чан гIаттош, хьаьжкIийн кенаш дIасак хуьйсуш. Амма Лайса

меттах а ца йолу. И хелха ца яьлча, кхечу йоIана тIехIутту Махьмарбек. Амма иза а юкъа ца йолу. Цхьа а ца йолу Махьарбекца хелха.
– ХьалагIатта цхьаъ, хелхаяла цуьнца, – олу Керима.
Амма цхьа а йоI меттах ца йолу. Махьарбек воьхна, цхьана меттехь хIоьттина лаьтта иза.
– ДIавала юккъера! Iада-м ца вина хьо?! Кхиверг валийта!
– Коган пха-м ца озийна хьан! – кегий нах буьйлу.
Махьарбек оьгIазаллех кхехкаш хьоьжу буьйлучаьрга. ТIаккха цуьнан хьажар Керимна тIехь соцу. И шиъ вовшашка дикка хьоьжу. Эххар а, Кериман хьажар кхидIа ца лалуш, Махьарбек, юккъера араэккхий, буьйсанехь вов.
Иза генаволуш го. ОьгIазе, шена хьалха нислург тергал а ца деш, тIаьхьа детта маьхьарий а ца хезаш.
– Цунна хIун хилла?
– ШайтIа доьссинчух тера ду цуьнан кийра.
– ДIавахийтийша иза, – олу илланчас, дечиг-пондарх пIелг а тосуш:
Хи тIехь йина хьера ю сан,
ЛамтIехь бежаш бажа бу сан,
Банкехь Iуьллуш ахча ду сан,
Йола, хазниг, соьга маре.
Цунна дуьхьал мехкарех цхьамма локху:
Хи тIехь йина хьера хилча, ЛамтIехь бежаш бажа хилча,
Банкехь Iуьллуш ахча хилча,
Суна кхочур вацара хьо.
– И ю хьуна йиш! И ду хьуна жоп! – боху цхьамма.
– ЙоI хьекъал долуш ю, – боху кхечо.
Юьртан урам. Буьйса. Гуьйре.
Юьртан Iаьржачу урамехула вогIу Асхьаб. Цунна тIехь китал а, галпеш йолу хеча а, салтийн батенгаш а ю, коьртахь – холхазан куй. ЦIеххьана иза тIеIоттало хьаьдда вогIучу Махьарбекна. Иза цхьана юкъана сацало.
– Ассалам Iалайкум! – олу Асхьаба. Амма Махьарбек, цунна дуьхьал жоп ца луш, водий, къайлаволу.
Юрт. ГIубашан керт. Буьйса. Гуьйре.
– Ассалам Iалайкум, кIентий! Буьйса дика хуьлда шун, мехкарий! – Асхьаб, вогIий, тIехIутту синкъерамна.

– ВаIалайкум салам, хьаша, – массо кегий нах а, мехкарий а хьалагIовтту.
– Марша вогIийла, хьаша, – боху мехкарийн тхьамдас.
– Схьавола, схьавола, – боху кIенташа, – сехьавала, баьрчехьа вала.
– Хьо лаа лелий? – массо а дIатуьй, хьеше ладугIуш.
– Лаа а лела. Шуна хезний «комсомол» юьйцуш? Со шун эвлахь комсомол вовшахтоха веъна.
Цо дуьйцучух ца кхеташ, цхьана юкъана дIатуьй кегий нах, мехкарий.
– ЛадогIахьа, хьаша… Тхан цхьа молла волуш ву, ахь вуьйцург мила кемсимолла ву? Дийцахьа… – синкъерамехь беларш довлу.
– Кемсимолла вац иза, комсомол ю. Иза кегийрхойн цхьаьнакхетаралла ю, массо а цхьа буй хилла цхьаьнакхетар…
– Цхьа буй стенна хуьлуш бу?..
– Иштта… Дика гIуллакхаш дан… Массо а цхьаъ санна, цхьаъ массо санна, массо а цхьаъ санна.
– Дика гIуллакхаш дан нах, царах буй ца бича а, вовшаххкхета. Масала, тхо ГIубашан хьаьжкIаш тилон вовшаххкхетта.
– И дац ас дуьйцург… ХIинца массанхьа а вовшахтухуш ю комсомол… Иза керла хIума ду… Шуна паччахь дIаваьккхинийла хаьий? Ши шо ду шуна паччахь дIаваьккхина.
– И мила паччахь ву ахь вуьйцург?
– Москох-гIалара паччахь.
– И дIаваьккхича хIун ду?
–Муха? Шу ца кхета? Керла Iедал ма ду массанхьа а… Комсомол ю массанхьа а кхуллуш…
Цхьана юкъана тийналла лаьтта. Мехкарша хьаьжкIаш тилор а сацадо.
– Суна хьан цIе а ца хаьа, хьаша, амма сан дехар ду хьоьга, миччахь хIуъу хиллехь а, кху юьрта цхьа а ун ма далахь. Тхо хIинццалц а даьхна, мичахь мила паччахь ву а ца хууш.
– Сан цIе Асхьаб ю. Со цхьа а ун дохьуш а ца веъна кхуза.
– Иза дика ду… ХIей, вотанча, наб-м ца кхетта хьуна?
Пондарча, дIасаозабе пондар!!!
– Хьаша ваккха! Хьаша ваккха!
– Гайтал, хьаша, хьайн болар!
Пондар локху, тIараш детта, хьаша хелхаволу.
Эвлайист. Буьйса. Гуьйре.

Эвлайистехь цхьана хьаьмцан кулла бухахь къилаваххана воьлхуш ву Махьарбек. Дерриге дегI а дегош воьлху иза. Иза вехха воьлху, цкъа дIатуьйш, юха волалуш. Сатаса гергадахна, седарчий довш ду. Белхера дIасабоьлхучу кегийчу нехан гIовгIанаш.
Эвлайистера некъ. Де. Iа.
Iаьнан шийлачу мохо, ийззош схьадохуш, лаьттах детта гIаш. Ло догIу. Тийналла лаьтта юьртахь. ЦIенойн туьнкалгашкахула кIур гIуьтту. ТIехьшабина ахк, хьалха санна, гIовгIане дац. Юьрта боьдучу новкъахь кхо стаг вогIу тIе дечиг доьттина вир лаьллина. Иза Жахарбек ву шен шина кIантаца. Хьалхаваьлла – да, тIаьхьахIоьттина – ши кIант.
Ши кIант реза вац дена, къаьсттина Махьарбек:
– Делла дIадовллалц даца дезаш-м дац вай? Доккха хIума ду цо динарг?… ТIеэцна… ТIеэцнера бохуш, вай цуьнан лай хила дезаш-м дац?
Жахарбек, вист а ца хуьлуш, дIавоьду. Лахахь Iуьллучу юьртан цIенойн тхевнаш тIера кIур гIуьтту. Геннахь леташ жIаьла хеза.
Юрт. ЗухIайрин керт. Де. Iа.
Жахарбек шина кIантаца, вир лоллий, ЗухIайрин керта вогIу. Дечиг охьадуьллий, ши кIант вирца цIа хьажаво
Жахарбека:
– ЦIа гIо, дIаса а ца хьийзаш. Чохь цIе латае.
– Ткъа хьо?
– Со тIаьхьа дIавогIу.
Ши кIант дIавоьду. Жахарбек, рагIу кIелара диг схьа а оьций, шаьш схьадеъна дечиг даккха хIутту. Диг детташ а хезий, чуьра араволу ЗухIайра:
– Жахарбек, къахьега ма ца оьшура, хIокху кIанта схьадохьур ма дара иза.
– ХIара-м доккха хIума дацара, ЗухIайра, – боху Жахарбека, ЗухIайре дIа а ца хьожуш.
– Делахь хIинца мукъна а дита, хIокху кIанта доккхур ду иза.
Такхор тIера йол охьакхуссуш волу Керим тидамца хьоьжу Жахарбеке. Жахарбекна тосало иза, амма шена ца гинчуха къамел до цо:
– ХIумма а дац, ЗIухIайра, ас даккха а мегар ду хIара…

– Делахь хIун дер хьуна. Ламмазна кечам бан воллу со, – ЗухIайра чувоьду. Жахарбека, шен гIори-гIоддах диг детташ, кхидIа а дечиг доккху.
Дечиг даькkхина ваьлча, диг кара а лоций, цуьнан диттах пIелг а хьокхий, Жахарбек ураме волу.
Юрт. Урам. Де. Iа.
Самарт лайно ерриг а кIаййина.
– А-а, хьо а ву цунна вецаш?..
– Эцца, дечиг дохьуш веънера.
– Дечиг деъна ца Iаш, даккха а даьккхи ахьа-м.
– ХIаъ, даьккхи.
– ЧIогIа лору аш и къанвелла стаг, и боккъал эвлаяъ волуш санна… Гота а оху, ялта дIа а дуьй, чу а дерзадо, дечиг дохьу… Iовдалш! Цунах воцург тарвелла лела. И
Iаьрбийн гома элпаш хаьа бохуш, цунна массо а, лай хилла, вецаш ву, – Самарт гIийла елало. Цунна дуьхьал дош ца олуш, Жахарбек шен цIа воьду. Самарт, цунна юххе а яьлла, къежаш, цхьацца Iиттарш еш йогIу. Ло цIеххьана соцу, когаш кIел цIийза.
– Суна ца хууш хIума дац: пал тасий, стаг марзван а, къахьван а, цхьана а стага дохор доцу дарбанаш лелон а.
ХIетте а суна-м ца дохьу цхьамма а дечиг.
– Хьуна а дохьур ду, – Жахарбек, саца а соций, Самартан бIаьргаш чу хьожу. И бIаьргаш хьарамчу темийн цIарца догуш ду, ца Iебачу, къизачу цIарца.
– Со хьоьжуш ю-кх, – цуьнан аз таме-кIеда дека. Жахарбек, и шел хьалха а йолуьйтий, гонах дIаса а хьоьжуш, цунна тIаьхьавоьду.
Юрт. Самартан цIа. Керт. Де. Iа.
Юцуш йина керт. Хаза дина зIар. Самартан цIийнадас
– Сотас дина иза.
– Со схьакхаьчна. ЧувогIий хьо? – цуьнан аз кхин а чIогIа кIадделла.
Жахарбек шина даггахь лаьтта. Эххар а олу цо:
– ТIаккхахула. Iодика йойла…
– Iодика йойла, – Самарт керта йолу, шен мачаш тIера ло охьа а дегош, къайллах Жахарбек тергал а веш. Жахарбек, иза чуяххалц, тергалъеш лаьтта.
Юрт. Самартан керт. ГIодмийн такхор. Iа.

Такхор тIехьа лаьтта Сота – Самартан майра. Иза тергалдеш вара Жахарбеккий, Самарттий. Зудчун харцахьа леларо гIелвина, гIаддайна цуьнан. БIаьргех хиш оьху цуьнан, узарш до цо:
– Боьха хIума, сан дерриг дуьне, дахар хIаллакди-кх ахь, боьха хIума… – юха а доладеллачу лайн чимаш цуьнан юьхьа тIехь деша.
Ло догIу. Сота, кхитIе а букар а вахна, цIийна тIехьа волу. Лай тIе охьа а вужий, воьлху. Лакхахь, эвлайистерчу гу тIехь Лайса ю лаьтташ, Самартан цIийне бIаьрг бетташ, цул а лакхахь – лаьмнаш, стигал, стиглахь хьийза аьрзу.
Ламанан басе. Суьйре. БIаьсте.
БIаьсте. Лаьмнаш сенделла. Ламанан басешкахь Iохку ардаш цхьадерш аьхна. Латта охуш, кхелли дIасаяржош, бIаьстенан дезарш деш хьийза нах. Ягочу хьаьрдийн кIур лаьтта.
Керим шен лулахочуьнца Куьйрица урд охуш ву. Андийчу стерчаша нох текхадо. ТIекIелтоьхна тIуьна латта малхехь лепа. Нох дечган ду, дитт эчиг тухуш кечдина а долуш.
– ХIей, Буто, хорша бала! Хорша! – мохь бетта Куьйрас цхьана старна тIе. Керим нахаран баьлчаш лаьцна ву.
Малх чубуза лахбелла. Стерчий кIадделла. – Таханенна тоуьйтур вайшимма. Стерчий дажа лахка. Ткъа кхана, са ма тесси, схьа а даладай, дIадожа. Кхийтирий хьо?
– Кхетта. Са ма тесси, – Керима, Куьйрас гIо а деш, дукъ схьа а оьций, паргIатболуьйту ши сту.
– Хьойц, хьойц, – ши сту а лоллий, эвлайисте воьду
Керим.
Ахазчу уьрда юккъе а хиъна Iа Жахарбек а, цуьнан ши кIант а. Юьстахо дежаш лела церан вир.
– Ассалам Iалайкум! Суьйре дика хуьлда! – саламмаршалла хотту цаьрга Керима. Кхуьа а, вист ца хуьлуш, хьалагIотту. – Де дIаделин?
– Далла бу хастам, дIадели. ЗухIайра муха Iаш ву?
– Дика Iаш ву иза-м, – Керим дIавоьду, стерчий а лохкий.
Махьарбекна го геннахь шен кIудалца гучуяьлла Лайса.
Лайса кIедачу боларца хьуьна юккъера шовда долчу агIор йоьду. Махьарбек, цхьаьнгга а хIумма а ца олуш, хьала а эккхий, и йолчу агIор дIаволало аьхначу уьрда тIехула.

– ХIей! Ахь хIун до?! Мича воьду хьо?! – цунна тIаьхьа мохь бетта Шахьарбека.
– Мохь ма хьекхахьа, хIинцца схьавогIу со.
Ламанан шовда. Суьйре. БIаьсте.
Керима дIанисйо чоргIи. ТIаккха цу чухула схьахьаьдда хи, канашца схьа а оьцуш, шен юьхьа тIе детта цо. Оцу хенахь цига, йогIий, схьакхочу Лайса. Цхьана юкъана дист ца хуьлуш лаьтта и шиъ. ТIаьххьар а Керим вистхуьлу.
– Ма дика хии хьуна кхуза хьуо ян езийла.
– Даго хьоьху, – олий, Лайса дIасоцу.
Цуьнга ма хьаьжжи, гуш ду иза цхьа халахетар хилла юйла.
– Хьо ма кхоьлина ю? Кхин хIумма-м ца хилла?
– ХIан-хIа, хIумма а ца хилла.
– Хьо цхьа хIума лечкъош ю…
– Яц… Делахь а ас маме аьллера…
– ХIун?
– Вайн юкъаметтигех.
– ХIун боху цо?
– Со хьоьга мах кхочуш яц боху… Хьан да массара а лоруш, массарна а вевзаш, везаш стаг ву боху. Тхо гIийла нах ду. Бакъду, цхьана хенахь тхан нах а хилла ларош а, наха лоруш а. ХIинца уьш бац… Белла, дIабевллла.
– Лайса, суна хьан нахаца, я церан хьал-бахамца а бала бац, суна массо хIумнал деза ду хьан оьзда гIиллакххаш, хьан дика гIуллакххаш…
– Ца хаьа суна-м… Хьан дас а ялийна боху лахенцара зуда, шеца йогIург кхузахь кара а ца йина…
– Иза Делан йоза ду… Са ма гатде ала хьайн нене…
Со сайн дашах вухур вац…
КIудал, хих юьзна, тIехъоьху. Лайсас, схьаоьций, белша тIе хIоттайо кIудал. И шиъ цхьаьна дIадоьду.
И шиъ къайлададьлла далале Махьарбек гучуволу шовдана йистехь. Коьллаш юккъера Керим, Лайсий тергалдеш хилла иза. Цхьана ханна, ша волччохь вогIалой, лаьтта иза. ТIаккха, схьаоьций, цхьа боккха тIулг туху цо шовдан чу.
Лаьмнаш. Ахк. ДогIа. Де. БIаьсте.

Ахк, дистина, саьрмиках тарделла, йоккхачу гIовгIанца догIу. ДогIанехь лаьтта Жахарбекан вир. Самарт а ю, ерриге а тIада а йина, догIанехь лаьтташ, цуьнан когаш а, белшаш а ерзина ю. Жахарбека шен чуьра дIа неIаран херонехула тергалйо иза. ДогIанехула, йодий, берийн тоба тIехъэккха. Лайсин кIудал, догIанан хих юьзна, тIехъоьху.РагIу кIелахь ламаз деш ву ГIубаш. Иза синтеме а, сецна а ву.
Юрт. Майда. МаьркIаже. БIаьсте.
Малх чубуьзна. Майданахь, пхьоьханахь Асхьаб ву юьртахошца къамел деш.
– Седарчий, малх санна, даккхий ду боху ахь? – хоьтту Коллас.
– Бакъдерг ду-кх иза, – жоп ло Асхьаба.
– И иштта делахь, цара малхо санна серло а, йовхо а хIунда ца ло?
– Уьш малхал дуккха а генахь долу дела.
– Хуьлуьйтур вай иштта. Ткъа латта хьийзаш ду боху ахь малхана гонаха?
– ХIаъ, хьийзаш ду.
– КIант, хIокху лаьттах дерг-м ца хаьа суна, иза хьийзаш ду бохучу хьан корта-м хьаьвзина хьуна, – боху Коллас. Беларш довлу.
Беларш а къардеш, цхьанхьара, буьйсанера схьахеза аз:
– ХIей нах, ладогIалаш! Дикка ладогIалаш! Хаьий шуна Басин йоI Лайса хьуьна юккъерчу шовдан тIе сел дукха стенна оьху?! ЗухIайрин кIант Керим оьху дела! Сацаде и шиъ, кху юьрта тIе цара цхьа бохам балабале. ЛадогIа, сацам бе!
Нах, оцу озе ла а дугIуш, бист а ца хуьлуш лаьтта.
Мел чIогIа и аз схьадогIучу агIор хьежарх, царна цхьа буьйса а, лаьмнийн кIайн баххьаш а бен, хIумма а ца го.
– Я АллахI, ма доккха къа ду-кх цо шех латош дерг! – олу ГIубаша.
– Эхь ду-кх иза, эхь…
– И хила йиш яц…
– Иза бохам тIекхойкхуш ву…
Къеначу Банун керт. Iуьйре. БIаьсте.
Лайсас, Банун керта а йогIий, хин кIудал охьахIоттайо.
Иза гIелъелла ю. БIаьргаш чуккхетта. Бану газа узуш ю.
– Iуьйре дика хуьлда хьан, Бану…
– А-а, хьо ю и… Хи-м ас айса деъна…

– Муха… Ахь айххьа…
– Ас айсса… Со гIолехь ю… Кхин ца оьшу хьуна хи дан. Ас айсса дохьур ду… – Бану шийла елакъежа. Лайса, Iадийча санна, шен кIудале хьоьжуш лаьтта. БIаьрхиша хорам бо цунна.
– ХIинца схьадеъна ма яьллий хьо хи, охьадотта дIо кхийра кхаби чу. Стенна лаьтта хьо?
Ша деъна хи кхийра кхаби чу охьа а дуттий, Лайса дIайоьду. Некъо голатухучу кхаьчча юхахьожу.
Лайсас хи чу доьттина кхаба дитта юххе дIа а такхайой, Банус охьаIанайо.
Юьртан урам. Iуьйре. БIаьсте.
Елхаран къурдаш деш, урамехула йогIу Лайса. И гича, юьртара зударий тIегоргло, шабарш деш. Лайсина тIаьхьа хьоьжу бехха. Ловзуш дохку бераш, Лайса гича, дIасадовду, шайн уьйтIера юцуш йинчу керташ юккъехула хьуьйсу… Лайсас сихдо шен болар.
Лаьмнаш. Шовда. Де. БIаьсте.
Лайса шовдана уллохь лаьтта. Цуьнан даккхий бIаьрхиш цу чу оьгу. ЦIеххьана Махьарбекан чIогIачу веларо йохайо тийналла. Иза говра тIехь ву, нуьйрахь тIекIел а ваьлла – Хьо тахана хьуо ма ю? Мича вахна хьан тIехьийза кура кIант? ХIаа, хIаа…Кхеташ ду. Хьуна хийисте а оьхуш, цо шен сий дойур дац. Иза дикчу стеган, эвлаяан кIант ма ву… Делахь а, ахь са ма гатде, хьуо цхьамма а маре а ца юьгуш, къанлур ю бохуш. Ас юьгур ю хьо. Суна хьо иштта а мегар ю…
Лайсас оьгIазе мохь туху:
– Сенчу цIарах йогур ю со, хьоьга маре ца йогIуш.
– Ахь иштта дийцахь-м, ас хьоьга хоьттур а дац, – боху Махьарбека, шен говр Лайсина тIе а ерзош.
Лайса, дIаэккхий, дитта тIехьа лечкъа.
Говро кIудал харцайо. Говран бергаша яьхна цIунаш
Лайсин юьхьа тIе кхета.
Лайса коьллаш юккъехула новкъа йолу. Махьарбека тIаьхьа говр хохку цунна, и схьалаца гIерташ. Лайса юьстах а таьIий, цунна уллохула говраца тIехъэккха Махьарбек.
Юха а новкъа йолу Лайса, шена орцахвала стаг лоьхуш. Юьрта боьдучу новкъахь богIу зударий а гой, царна тIе йолало иза. Цунна

тІаьхьа гучуиккхинчу Махьарбека, ца оьшу тешаш а гой, шен говр сацайо.
Махьарбек, цхьа къиза вела а лой, говр юха а ерзайой, къайлаволу.
Юрт. Лайса Іачу цІийнан керт. Делкъе.
Йоккха стаг Баса шен хесахь болх беш йоллу. Лергана онда елахь а, шен йоІ керта яр хаало цунна. КІудал а йоцуш, хаттах а юьзна керта еъна йоІ гича, Басин карара гам ша-шах охьабужу.
– Хьуна хІун хилла? ХІун хилла, йоІ? – шен йоІ мара а юллий, елха йолало Баса. – Йистхила!
– Со ядо гІерташ… Суна тІаьхьа говр хихкира…
– Хьан? Мила ю боьха хІума! Мила ву иза, сан мискачу буоберана тІе куьг даххьал сийдоцу стаг?
– Суна цуьнан цІе а ца хаьа…ДагадогІий хьуна, ас хьоьга дийцина, вайн юьрта керла нах тІебаьхкина бохуш? Дай, ши кІанттий…Царах воккханиг…
– АхІи, ахІи, – мохь тоьхнна йоьлху Баса. – Делан наьІалт хуьлда царна, соьца-м и бегаш ца бенбелахь! Сан йоІ, кху кертара ара ма ялалахь. Со хІокху минотехь
ЗухІайра волчу а яхна, юхайогІу хьуна… Цо тІеэцна ма бу уьш… Цундела цунна хаа деза-кх, хІун дан деза… – шен коч охьа а егайой, Баса ураме йолу.
Лаьмнаш. Юрт. Де.
Баса урамехула дІайоьду, куьйгаш а лестош, ша-шеца хабарш а дуьйцуш. Некъ ломах хьалабоьду, хьийзаш, буьххьехь Іаьржачу мархашлахь бов. Мархел лакххахь го лекхчу лаьмнийн кІайн баххьаш. Лайса шайн кертарчу Іожан диттах дІа а тевжина лаьтта. Іожан генаш, гІаш мохо техкадо.
ЗухІайрин керт. Де. БІаьсте.
– Де дика дойла хьан, ЗухІайра. Хьо кхойкхурий соьга.
– ХІаъ, кхойкхура, Жахарбек, – ЗухІайра рагІу кІел дІавоьду. – Баса еънера со волчу. Миска цхьалха стаг ю иза. ТІера да велла йисна, шен йоІ кхиош, халла тасаелла йоллуш. Вай массо а юьртахо цунна гІо дан декхар а вара…ХІетте а хьан кІанта хьаштдоцург лелийна, цуьнан йоІ ядо гІерташ, тІаьхьа говр хоьхкуш… Хьайн кІантана хьехар а де… И тайпа хІумнаш лелийча, мегар цахилар дІа а хаийта. Ткъа Басина тІенах а бахийтий, иза къинтІера а яккха.

Жахарбека, вела а къежаш, корта лестабо…
– И ду хаза. Хьан кIанта хIуъу лело мегар ду, сан кIантана хIумма а мегар дац… Хьан кIантана и товш ю аьлла, сан кIант вухавала веза-кх?
– Жахарбека бIаьргаш къегадо, цхьамма къовзийча санна хьалаоьккхий, вуханехьа а воьдуш. – Тоьар ду! Суна кIордийна хьан хьехарш.
Сан кIантана а, суна а хаьа хьуна хIун лело деза. Ахь тхо кхуюьрта тIеэцнера бохуш, тхох хьуна лай а хир бац хьуна.
ЗухIайра чIогIа цецваьлла Жахарбек хийцаваларх.
– Со ца кхета хьох, Жахарбек…ШайтIа хьаьвзина хьан кийрахь…Ма гIуо шайтIанан кара. Кхин цхьаъ ду хьуна,
Жахарбек. Хьайна динчу диканан хама цабар – и хьан гIуллакх ду. Амма дIахаалахь: хьоьгий, хьан шина кIантей луъ-луъург леладойтур дац хьуна кху юьртахоша.
– ХIун де боху ахь соьга?! ХIун де боху? – мохь болу
Жахарбеке. – Iадда витахьа со. Хьуо коьшкала хаийча, сан лаг ма Iийдахьа! Витахьа со, ЗухIайра, витахьа! Iа-аа… – хьере мохь а хьоькхуш, урамехула дIахьоду Жахарбек. ЗухIайра халахетаро Iадийна лаьтта.
ЗухIайрин керт. Юьртан цIенош, урамаш. Дерриге а дуьне. ЗухIайра шен кертахь лаьтта, жимвелла, лакхара леча хьийзачу стиглара чухьаьжча халла къаьсташ.
Жахарбекан, Самартан цIеношна юккъера керт. Суьйре.
Жахарбека тIе дечиг доьттина ворда харцайо вирца цхьаьна. Иза верриге а кхеххаш ву.
– Тахана суна тов хьо, – боху эццахь гучуяьллачу Самарта. – Кхузза, легашка кхачийна цо сан са, и шаьш елла лаьттан коржам бахьнехь. Ма кIордийна-кх суна иза, –
Самарт, керта тIе а таьIий, дIахIутту. Жахарбека тидам бо цуьнан кIайчу вортанан, некхан. Жахарбека, мекхех куьг а хьоккхий, юха а бIаьрг туху Самартах.
– ХIумма а дац… Сан легаш цара Iовдур дац-кха хьуна… – Жахарбек дIасахьожу.
– Со дIо ахкал дехьа пхьажаш лахьо йоьду, поппарх тоха…
– Суна хаьа дика меттигаш… яло!

– Суна а хаьа, дIо яккхий яраш йолчохь… – Самарт, шен дегI саттош хьалха а йолий, дIайолало. Жахарбек цунна тIаьхьа воьду.
Эвлайист.
Хьалха йоьду Самарт кест-кеста юхахьожу, шен дахарх кхехка дегI а сеттош. Цунна тIаьхьа – Жахарбек.
Эвлах даьлча, и шиъ лекхчу яраш юккъехь къайладолу.
Юьртан маьждиг. Суьйре.
– ОллохIу Акбар! ОллохIу Акбар! – хеза кхойкхучу моллин аз.
Пхьуйра-ламазан хан. ДIатийна адам а, Iалам а. Маьждиган наьIарехь нехан мачаш ю.
Маьждиг.
Ламазна тIаьхьа доIа деш бу нах, куьйгаш хьала а лаьцна. Оцу хенахь геннара аз хеза царна:
– ЛадогIалаш! ЛадогIалаш! Сотин зуда Самарт Жахарбекца сакъоьруш ю шуна, – и мохь беттачо шен мара дIакъевлинехь а, нахана девза Жахарбекан аз. – Шаьш ца тешарг кхана эвлайисте яккхий яраш йолчу дIавола, –
Жахарбекан велар йилбазмохь хуьлий даьржа лаьмнаш тIехула.
ТIаккха тийналла хIутту.
– ОстопируллахI! ОстопируллахI! – цецбевлла нах бос баьхьначу ЗухIайре хьуьйсу.
ЗухIайрас хIумма а ца олу, цо хьалха а волий, ламаз дойту нахе.
Жахарбекан цIа. Iуьйре.
ДIабаьллачу масех баттахь Жахарбека шена дика цIа а, цунна гонаха йоккха керт а йина. РагIу кIелахь лаьтта вир а, ши говр а.
Жахарбек тIетаьIIина топ цIанъеш воллу. Чохь хIусамнана цахилар гуш ду: массо хIума, шен меттехь доцуш, даржийна, дIасакхоьссина ду. ЦIанъечуьра соций, топ хьала а лоций, цуьнан биргIанах чекх хьожу. Тоьпан гIопа тIехь яздина ду: «Революцин тешамечу бIаьхочунна.
Н. Гикало». Цу йозане хьоьжуш а Iай, Жахарбека оьгIазе олу:
– БIо бухаберзийта аш, вай хьовсур ду мила тулу… – топ гуш воцчу мостагIчунна тIе а лоций, дIатуьй.
Дуьхьал долчу цIийнан корехь хиъна Iа Самарт.
Меллаша чу а вогIий, Жахарбекна хьалха дIахIутту
Сота. Жахарбека иза тергал а ца во.

– Хьуна хезний? – хоьтту Сотас.
– ХIун?
– Сийсара хьер кхайкхош?
– Хезна. Иза бакъ а ду. ТIаккха? – Жахарбека тоьпан чаппах дIасатуху.
Сота меллаша араволу.
Самартан хIусам. Буьйса. БIаьсте.
Пешахь дечиг догу.
– Самарт, хьуна ма хаьа… Хьуна ма хаьа, суна хьуо мел еза. Хьо бахьнехь сайн юрт а, гергара нах а битина, кхуза схьа ма веъна со… Сий а дайна, нехан цабашарш а,
Iиттарш а ловш…
– Стенна? Ца оьшур-кх лан… – Самарт цIара хьалха хиъна Iа, шен месех даьтта а хьаькхна, царах ехк а хьоькхуш. ЦIеран серлонаш еттало цуьнан юьхьа тIе.
–Ала атта ду, хьо даг чуьра дIаяккха хала ду.
– Соьга хIун де боху ахь?
– ДIадахийтахьа вайша.
– Мича?
– ДIо гIалийтIа, кериста нах болчу. Хала ду кху нахана юккъехь Iен…
– Суна-м атта ду…
– Вай паргIат даха дуьтур дац кхузахь.
– Со-м юьтур ю…
Сотас къила ваххана доьху:
– Хьайн веллачу дена дуьхьал юьхьIаьржа гIойла хьо, соьца дIа ца йогIу елахь.
– Хьо гIохьа хьайна луъучу, со Iадда а йитий… – Самарт йоьлу, Соте а хьоьжуш. ЦIеран серлонаш еттало цу шиннан а яххьаш тIе.
Сотас, воьдий, сонехь латтта шен ларча схьаоьцу. Араволуш вухахьожу иза:
– Дала бекхам бойла хьуна!
Самарт, гIад а оьхуш, йоьлу.
Урам. Беттасин буьйса.
Сота, цкъа цIенойн IидагIашлахь къайлаволуш, юха гучуволуш, урамашкахула юьрта йистехьа воьду, тIаккха когашца тхи а дожош, бай тIехула басах ирх.
Басен бохь. Буьйса.

Сотас тӀаьххьара бӀаьрг туху лахахь Ӏуьллучу юьрте.
ТӀаккха гуттаренна а къайлаволу.
Буьйсанехь даьржа Самартан, гӀадъоьхуш, елар.
Лаьмнаш. Юрт. Сатосухан.
Сатосуш ду. Беса некъ. Юрт набарна етта. Гобаьккхина лаьтта лекха лаьмнаш. Ахк ду шен болар деш. ЦӀенойн кораш Ӏаьржа ду. Тийналла.
Оцу тийналлехь хеза доӀанан дешнаш:
– ХӀай, Веза Дела, тхуна дахар луш верг а, и дӀаоьцуш верг а Хьо ву, тхан доӀина жоп луш, тхох къинхетам беш верг а Хьо ву, Хьоьга кхойкху со…
Лайса еха чоь. Сатосу хан.
Лайса, корах ара а хьоьжуш, паднара тӀехь хиъна Ӏа.
Дешнаш хеза:
– Доьху Хьоьга, ларъехьа хӀара юрт а, кху юьртахь деха адамаш а оха тӀеэцначу стеган а, цуьнан берийн а зуламах. Тхуна ца хаьара, уьш хӀун адамаш ду…
Керим веха чоь. Сатосухан.
– Церан зулам царна шайна дуьхьал даккхахьа, кӀелхьарадахахьа тхо церан вуонах… – дешнаш, тӀадамаш санна, оьгу тийналлехь. Керим, бӀаьргаш а диллина, паднара тӀехь аркъал Ӏуьллу.
Корехула учахь ламазна тӀаьхьа доӀа деш ЗухӀайра го:
– ХӀай, Сийлахьниг, Къинхетамениг, Хьайн возаллин дуьхьа, воккхаллин дуьхьа…
ЗухӀайрин цӀа. РагӀу. Сатосу хан.
– …Тхо, Хьайн миска лайш, лардехьа хила тарлучу зуламах а, жоьжахатин цӀарах а… – ЗухӀайрас, юьхьа тӀе ши куьг а хьоккхий, олу:
– Амин…
ГӀийлла догӀа долало ЗухӀайрин доӀа чекхдаларца.
БӀаьрхих тера догӀа…
Жахарбек, Самарт вовшахтоьхна керташ. ДогӀа. Делкъал тӀаьхье.
ЧӀогӀа догӀа. Стигал къекъа. Стелахаьштигаш детта.
Жахарбек, Самарт оцу догӀанехь вовшийн цӀеношна юккъера керташ йохош доллу. Жахарбекан ши кӀант Самартан, шайн ши меттиг цхьаьна чулоцуш керта ян хьоккхий детташ воллу. Жахарбек Самартан цӀа чу воьду. Корехула

Самарте, цхьаъ дуьйцуш, мохь бетта. ТIаккха, цIа чуьра ара а йоккхий, Сотин гIовтал, лаьттах гIаж а югIий, цу тIе уллу, буьххье кхийран кхаба а юьллуш, – мунда йо.
Ший а доьлу. Самарт йилбазан хелхаран уьшарш еш хьийза шина кертахула.
Лайса Iаш йолучоь. ДогIа. Делкъал тIаьхье.
Лайса чуьра дIайиллинчу неIара хьалха хиъна Iа, догIа тергал а деш, халла хезаш мукъам а беш:
Йоккха йогуш цIе хиларх,
ЦIарах йогуш со хиларх,
Ягийталахь, йина нана,
Ирс дайна йоI йогу алий.
Юьртан урам. ДогIа. Делкъал тIаьхье.
Хатта баьллачу урамехула вогIу Керим. Иза тIадийна верриге а. Амма цо и тергал а ца до. Иза меллаша вогIу.
Хеза Лайсин эшаран дешнаш:
Доккха догIуш хи хиларх,
Цу хиэ дIахьош со хиларх,
Яхьийталахь, йина нана,
Ирс дайна йоI хьош ю алий.
Лайса чохь Iен цIа. Уче. ДогIа.
Лайса, ша лоькху йиш а сацайой, учен бIогIамах дIатевжий, гIийлла йоьлху.
– Лайса… – хеза цунна аз.
Шега кхойкху Керим гича, цкъа екхало и, юха сихха кхулу.
– Лайса, со ву и, – кхин а чIогIа боху Керима. Иза керта уллохь догIанехь лаьтта.
Лайса, кортали а туьллий, кога мачаш а юхий, учара лаьтта юссу.
– Марша вогIийла…
– Маршалла хуьлда…
Ткъес детта. ДогIа гIелло.
– Керим, къинтIера вала суна…
– Стенна вала веза со къинтIера?
– Со бахьнехь хьуна а хилла халахетар… Хьер кхайкхочо хьох лаьцна аьлла…
– Хьан хIун бехк бу? Хьо яла суна къинтIера.

Лайсас, корта а оллабой, олу:
– Керим, кхин ма волахьа со йолчу…Вайшиннан цхьаьнакхетарш бахьнехь хьох эладиташ дийцийта ца лаьа суна.
Юрт. Некъ. Жахарбекан кертан. ЗухӀайрин керт. ДогӀа догӀу.
Наг-наггахь оьгу догӀанан тӀадамаш. Ӏовраш уьду.
Аз:
– Ма ала иштта, Лайса…Я со ирсе ву, хьо евзина. Суна оьшу хьо…
Аз:
– Нахана кхин сан хи а ца оьшу…
Лайса йоьлху.
Самарт а, Жахарбек а, цуьнан ши кӀант а кертахула уьду, боьлуш.
Сотин а, Жахарбекан а ши цӀа, цхьа керт еш, чуерзийна.
Аз:
– Хьаъа хӀуъу аларх, хьан сий довр дац.
Аз:
– Дуьненчохь дукха ю харцо, ткъа со цхьалха ю.
Аз:
– Ас цхьанна а могуьйтур дац хьан сий дайа гӀертар!
Цхьанна а!
ЗухӀайра шен цӀийнан учахь Ӏа. Иза тӀаьхьарчу хенахь кхитӀе а къеж а велла, къан а велла. Чохь боданехь пеша хьалха хиъна Ӏа цуьнан хӀусамнана.
ЦӀеран серлонаш еттало цуьнан юьхьа тӀе. Иза цӀаре хьоьжу леррина.
Аз:
– Иштта яздина хир ду-кх…Суна ца лаьа сайх цхьанна а бала хуьлийла…Сой, наний дӀагӀур ю…
Аз:
– Мича яха йоллу шуьшиъ?…
Аз:
– Дуьне мел ду дӀагӀур ю…
И шиъ хӀинца а догӀанехь лаьтта.
– Лайса, ма гӀолаш дӀа.
– Тхо оьшуш кхузахь цхьа а вац, – Лайса стигал хьожу, соцучу догӀанан нилха тӀадамаш оьгу цуьнан юьхьа тӀе; уьш бӀаьрхих а оьй, лаьтта оьгу. – Тхо цхьанна а ца оьшу, – юха а олу цо. ТӀаккха чуяха дӀайолало.

– Хьо мичча йодахь а, хьо суна карор ю. Ас бекхам боцуш дуьтур дац хьох аьлла цхьа а вуон дош…
Лайса чуйоьду. Ткъес детта, стелахаьштиг къега.
Лаьмнаш. Юрт. ДогІа. Суьйре.
ДогІа юха а чІагІло. Яккхий Іовраш хьовду басешкара.
Цара тайп-тайпана чалх йохьу, наггахь дитт а нисло царна юккъехь. Адамел лакхаевлла яраш а, бецаш а техка мохехь. Стигал лаьттана тІеязъелла.
Яккхий яраш евлла эвлайист. ДогІа. Суьйре.
Яраш евллачу арахула, маьхьарий хьоькхуш, чІоггІа дуьйлуш, тІаьхьий-хьалхий уьдуш лела Жахарбеккий, Самарттий, дерриге хаттех а дуьзна. ТІаьххьара а Жахарбека схьалоцу Самарт, тІедачу бацала йожайо. ДогІа.
Лайсин кІудал, разъяьлла, догІанан хихюьзна, тІехъоьху; и хи, урамашкахула йогІучу Іоврех а кхетий, дІадоьду…
ЗухІайрин цІа. РагІу. Де. ДогІа.
Баккхий нах гулбелла рагІу кІелахь. ДогІа.
– Доккха хІума ду-кх хІара ца совцу догІанаш…
– Стиглара хІорд лаьтта босса гІерташ санна оьху.
– Хетарехь, стиглан тхевнах Іуьрг даьллачух тера ду, – бегаш бан гІерта ГІубаш.
– Іуьрг цигахь ца даьлла, – стигал пІелг хьажабо Коллас. – Іуьрг кху юьртах даьлла, къинойх юьззинчу кху юьртах.
– Иштта хІара догІанаш эхахь, юрт лаьтта буха яхарна кхерам бу. Вай цІийн сагІа а даккха деза, гуттар а Деле къинхетам боьхуш, Іамалш ян а еза, – боху ЗухІайрас.
– Массо а хІуманна бехке Жахарбек а, Самарт а, цара летадо къинош а ду, – боху Коллас.
– И шиъ хила а тарло. Вайна билггала хаа йиш яц бахьна, Делан къайленаш яккхий ю. Ас, вахна, мах бийр бу цу шинна.
– Дукха хан яра и зуда осалъяла меттиг лоьхуш лела.
ХІинца хІара Жахарбек а карийна…
– Цуьнан майра ву боху Сота стаг цахилар ду дерриге а. Шен гергарчу наха и зуда йита аьлча, цу хІун аьлла боху хаьий шуна? «Йитийша иза, буьйса яккха иза чуеъча а тоьа-кх суна…» – БІагас юьстахуо туй кхуссу.

– Сотин хIун бехк бу? Оцу зудчун бозбуанчаллаша галваьkkхина, ша хIун леладо а ца хууш, лелаш цхьа миска вара, наха масийтта юьртах а ваьkkхина, – гIийлла олу
ЗухIайрас.
–Ткъа хьенан бу бехк? Дика нах-м хилла вай тIеэцнарш,
– Iоттаре олу Ковранакъас.
Ехха тийналла льтта, хезаш цхьана догIанан гIовгIа бен хIумма а доцуш.
– Ковранакъа, Нохчийчохь дукха ярташ ю тIебаьхкина нах баха тIе ца оьцуш. И нийса делахь а, дацахь а, и церан гIиллакх ду, церан гIиллакх ду. Вайн дайша дукха хьалхе дуьйна гIаддайна, мацвелла, чуваха хIусам йоцуш виснарг тIеоьцуш хилла, шайн и тIеэца латта долу дела. Цуьнан дикане сатуьйсуш, я вуонах кхоьруш тIеоьцуш ца хилла… Цундела, вайн дайша санна, тахана а вай жоп дала кийча хила деза ваьш тIеэцначу стагах…
– ЗухIайра, Дела ву гуш, хьуна халахетийта аьлла ма дацара ас иза. КъинтIера ваьллахь суна…
– Дитахьа иза, Ковранакъа, дукха даз а ца деш…
– Колла бакълуьй… Ткъа хIинца со а, Колла а, БIага а
Жахарбек волчу гIур ву, цунна мах бан… – боху ЗухIайрас.
Юрт. Жахарбекан цIа. Суьйре. БIаьсте.
Паднара тIехь хиъна Iа ЗухIайрий, Коллий, БIагий. Царна хьалха лохчу гIантахь хиъна Iа Жахарбек.
– Со мел веха, сан цIийнан неIсагIа а хадийна, сан хIусаме веъна стаг вацара… Шу дуьххьара ду, ладугIуш ву со, – иза чIогIа ша-шех тоам бина а, сонта а ву. Ондачу цунна и кхо воккха стаг дукха жима а, гIорасиз а хета.
– Жахарбек, массарна а хаьа хьан, Самартан хIун юкъаметтигаш ю…
– Тхан-м дац кхин лачкъийна хIумма а. Стенна лечкъадо иза.
Баккхий нах оьгIазбоьлху, вовшашка хьовсу.
– И иштта делахь, Дала тхуна тIедеххкина декхарш ду…
– ХIун декхарш ду уьш?
– Боьршачу стеган а, зудчун а юкъаметтигаш мах бина хила еза.
– Ца бича, хIун хир ду?
– И ца бича, тIаьхье вуон хир ю, цхьа а эхь-има а доцуш… – боху
ЗухIайрас.

– Сацар доцуш, догIанаш а оьхур ду, – тIетуху Коллас.
– Схьакхайкха Самарте, – хаддош олу ЗухIайрас.
– ХIей, Ешап, схьадоьл кхуза, – кхойкху Жахарбек.
Дехьачуьра схьайогIий, эхь хета кеп хIиттош, льтта бIаьра а хьоьжуш, дIахIутту Самарт.
– Жахарбек, муха яра хьан ден цIе? – хоьтту ЗухIайрас.
– Хьанна дагайогIу иза, йицъелла…
– Муха? Хьайн ден цIе а ца хаьа хьуна?
– Хаа-м хаьара, йицъелла-кх… ХIа-а, дагаеа: БаьIаш!
БаьIаш яра.
– Хьайн ден цIе йийцал, Самарт.
– Бикату…
– Ас хьоьга ден цIе йийца боху, ненан цIе йийца ца боху.
– Сан ден цIе яра-кх Бикату… Церан исс йоI хилла.
ИтталгIа кIант вича, цунна зударийн цIе тиллина, иза шайтIанех, вуочу бIаьргех ларван…
– БаьIашан кIант Жахарбек, хьо реза вуй Бикатун йоьIан Самартан майра хила?
– ХIаъ… Дукха хан ю со цунна реза волу.
– Бикатун йоI Самарт, хьо реза юй БаьIашан кIентан Жахарбекан зуда хила?
Самарт, боккъал чIогIа нускалан кеп хIиттош, жоп дала сих ца луш, хьалха коган буьхьиг а хьоькхуш льтта.
– Реза юй хьо?
– Деллахь, ца хаьа суна-м. Сан хенара зуда цхьаьннан цIартIехь хилча бакъахьа дара. Ца хилча, нах цхьацца ца олуш ца Iа… Ца хаьа суна-м… Аш бахахь, реза ца хилча ца йолу-кх со.
Корал арахь догIа а, мох а чIагIло.
Жахарбекан цIийнан кор. ДогIа.
Вовшашна дуьхь-дуьхьал хиъна Iа Самарттий, Жахарбеккий. Корах арахьаьжча, стелахаьштиган серлонехь го халла кех араваьлла воьду кхо воккха стаг.
ДогIа. Хатт. Мох. Ткъес.
Юьртан урам. Буьйса. ДогIа.
Вовшашна гIо а деш, хотталахь когаш шершаш воьду ЗухIайрий, Коллий, БIагий.

Бода. Гонаха евлла тамашийна лекха яраш ю. Мох.
– Тпу! Делан наьIалт хуьлда царна! Хьажахьа цаьрга, боккъал чIогIа нускал, кIантстаг хилла. Тпу! Вай лелориг ду хаза, ешап, иблис вовшахтухуш… Хьовсур-кха вай цунах хIун хуьлу… – Колла халла когаш текхош вогIу.
Юрт. ГIубашан урд. Де. ДогIа.
Махьарбек, Шахьарбек, догIа тергал ца деш, ГIубашан керт йохош, цуьнан урд шайн керта юкъалоцуш ву, лаьттах хьокхий а детташ. Верриге тIадавой, вехьа а вехьаш, схьакхочу ГIубаш.
– ХIей, шу хIун деш ду? Аш хIун леладо? – ГIубаш сихха тIевоьду цу шинна.
Махьарбек, Шахьарбек, болх а буьтий, ца вешаш
ГIубаше хьожу.
– ХIун ду аш лелориг? Сан латта чу стенна лоцу аш?
– ХIей, Iовдал, хIун хилла боху ахь? – цхьа вуон тIе мохь туху цунна Махьарбека.
– ХIара сан латта ду боху!
– Хьан стенна ду хIара?
– ХIара, шуна шайниг санна, юьрто делла дела.
– СагIадоьхурган латта хуьлу ткъа? – гежа Шахьарбек.
– СагIа дехнехь а, ца дехнехь а, нехан хIуманна тIе а ца кхевдина со, я нехан зудчунна хьарам а ца ваьлла.
– Цо мила вуьйцу хаьий хьуна? – хоьтту Махьарбека веше.
– Хаьа дера!
– IуьйтI, боьха хIума! Мезех юьзна тIуьйлиг! Ас дийр ду хьуна дан деззарг! – Махьарбек, боккха хьокха а оьций, тIаьхьаволу ГIубашна. ГIубаш коьллаш юккъе эккха. Махьарбек, Шахьарбек, и лоьхуш, коьллашюккъехула хьийза, цунна луьйш, шаьш вуьйр ву и бохуш. ЦIеххьана Махьарбек ша волччохь сацало, ижунах хьожа кхетта экха санна. Изза до Шахьарбека а, вела а къежаш.
Шерачу новкъахула схьайогIу Лайса. ХIумма а дагахь доцу иза, догIанехь Махьарбек, Шахьарбек ца гуш, нийсса царна тIейогIу. ЦIеххьана царах бIаьрг кхетий, юхий, хьаьвза.
– ДIакхечи хьо, хазниг! – ший а цхьа вуон воьлу, ятIо санна, багош а гIаттош.

– ДӀаяхийта со…Тхан цӀийнан тхов чубоьжна, со орца даккха йоьдуш ю… Цигахь нана ша ю…
– Оха хӀинцца гӀо дийр ду хьуна, – Махьарбека, Лайсина улло а воьдий, Ӏам чу хьокха туху, ерриге а цӀунаш цунна тӀе а тухуш.
Изза дой, яда гӀоьртина Лайса сацайо Шахьарбека.
Лайсин ерриге коч а, юьхь а цӀунех хьалаюзу.
– Нана, нана, ва-а нана, – мохь болу Лайсе.
Махьарбек, Шахьарбек гонаха хьийза, цунна тӀе цӀунаш етташ, маьхьарий хьоькхуш.
– ХӀан, дӀаэца, хазниг… ХӀан, дӀаэца, эхь а ца хеташ…
ХӀан, кхин а!
ЦӀеххьана гонна юкъаиккхинчу ГӀубаша шена тӀехьа лоцу Лайса, хьере мохь а хьокхуш:
– Совца! ХӀун дан гӀерта шу?! ХӀей, нах! Орца дала!
Орца дала!
Махьарбека, шен карара хьокха тухий, вожаво ГӀубаш.
Ког шершина йоьжна Лайса, гӀалехий, мохь а ца хьакхалуш юьсу.
Эццахь новкъахь ведда вогӀуш масех стаг гучуволу.
– ХӀей, нах! Орцах довла! Орцах довла! – воьжна
Ӏуьллушехь мохь хьоькху ГӀубаша.
Орцах девлла адамаш цӀуналахь Ӏуьллучу Лайсина тӀехӀуьтту.
– Вай, вай, декъаза йоӀ…Декъазчу ненан йоӀ… – цхьана зудчо, тӀе а йогӀий, хьалагӀаттайо Лайса. – Ванах, хӀара боьха хӀумнаш совцо стаг вац техьа?.. Кху эвлахь къонахий биса а ца бисна техьа?! – зудчо шен кортали туьллу
Лайсина.
– ХӀун хилла кхузахь, нах? – цӀеххьана вогӀий, цига кхочу ЗухӀайра.
Наха кортош охкадо. Цхьанна а ца лаьа ЗухӀайрин бӀаьра хьажа. Шина стага белшах тесна кхозу ГӀубаш.
– Хьоьга хатта деза-кх, кхузахь хӀун хилла… Ахь тӀеэцна яц и боьха хӀумнаш кху юьрта? – цхьамма а ца сацайо оьгӀазъяхна зуда. – Хьо вац уьш коьшкала ховшийнарг? Схьаала кху нахана хьалххахь!
Нахана тӀехьа лаьттачу Коллас гӀийлла олу:
– Зударех кхелахой хиллехь, вайн гӀуллакхаш гуттар а телхина шуна… Кхин цхьамма а дош ца олуш, нах дӀасабоьлху. Цхьа
ЗухӀайра вуьсу некъа юккъехь латта.

Юьртан маьждиг. Керла де.
Маьждиг чу веънчу ЗухIайрина го ламаза веъна… масех стаг бен цахилар.
ЗухIайра ламазна хIутту, ткъа корал арахьа – догIа.
Юрт. Урам. Делкъе. БIаьсте.
ХIокху тIаьххьарчу деноша кхолийна ЗухIайра меллаша вогIу урамехула. Цо тидам бо, ша вогIуш гича, адамаша шена петухуш хиларан, лаьтташ берш дIасабовлу, шайн чу боьлху, кевнаш, неIарш дIа а къовлуш.
ГIубаш ву, лазарна чIиччIашка а вахна, шен тишчу цIийнан сонехь лаьтташ…
Иза а гой, ЗухIайра соцу…
ГIубаш, дIа а воьрзий, цIийна тIехьа волу…
Кхечара а до изза.
Жахарбекан керт. Де.
Жахарбек, ГIубашан латта чулоцуш, тIетаьIIина керт еш воллу. Иза чIогIа верстина тIаьхьарчу хенахь, нелах тарвелла. «Хур-хур» деш, лаьттах хьокхий детта цо, шена тIе цIунаш а етташ. РагIу кIелахь, иза тергал а веш, бIогIамах дIатевжина лаьтта Самарт. ЦIеххьана шена хьалха ЗухIайра а гой, хьалайина хьокха охьа а ца тухуш, соцу иза.
– Ас Делан цIарца дехар до хьоьга: дIагIуо кху юьртара…
– Муха? Ахь ма валийна со дIавоьдучуьра вуха…
– Аш маьрша стаг лазийна, цхьалхачу йоIана тIекхевдина…
– Иза-м хIун стаг яра! Шен бага дIа а къевлина,
IаддаIийнехь, хIумма а хир дацара. Сан херсешна хаьа хьуна, хьанна кIомсарш тоха еза…
– Шу бахьнехь оьхучуьра догIанаш а ца севцца, хIара юрт хи буха а яхна, кхузахь яккхий яраш евр ю…Ас доьху хьоьга: дIагIахьара хьо кху эвлара…
– Мича гIуо боху ахь?
– Хьуо схьавеъначу…
– Хьо гIуо хьо цига, хьайна лаахь! – Жахарбека гIоригIоддах лаьттах туху хьокха…
ЗухIайрин юьхьа тIе цIунаш кхета. РагIу кIел лаьтта
Самарт, гIадъоьхуш, йоьлу. Жахарбек а воьлу. ДогIа чIагIло.
Юьртан урам. Де. ДогIа.

ЗухIайра урамехула вогIу. Дуьхьал вогIу ши стаг,
ЗухIайрина петухуш, вист ца хуьлуш, уллохула тIехволу.
Соций, царна тIаьхьахьожу ЗухIайра. Цунна го и ши юьртахо, соций, шега цабезамца хьоьжуш.
ЗухIайра шен керта кхочу, рагIу кIел воьду. Даге ка а тухуш, пенах дIа а тевжаш, охьалахло…
ЗухIайрин бIаьргаш чохь – боккха сингаттам а, лазам а. ЦIеххьана цуьнан куьг охьадужу, хьажар синтеме сецна хуьлу. ЗухIайра дIакхелха. ЦIеххьана догIучуьра догIа а соцу. Мохо мархаш дIасалохку. Юьртана гонахара лаьмнийн баххьаш а гучудовлу чубузучу маьлхан серлонехь.
ЗухIайрин са юьртал, ахкал, хьаннел лакхадолий, малхбалехьа, лекхчу лаьмнийн баххьаш долчухула хьаьвзий, лакхадолу.
Юрт. ЗухIайрин тезет. Делкъал тIаьхье.
Нах. Дуккха а нах. Уьш кху юьртара хилла ца Iа, уьш луларчу а, генарчу а шахьаршкара баьхкина. Уьш сел дукха хиларна, цара шайн когашца дакъадо юьртан урамаш.
Нах, доккха хи санна, меллаша кешнашкахьа дIагIерта.
ТIе верта тесна, барми тIехь Iуьллу ЗухIайрин дакъа оцу адамийн хиэ меллаша хьо.
Хеза аз:
– БисмиллахIиррохьманиррохьиймм…
Адамаш. ЗухIайрин дакъа эцна доьлху адамаш. Гонахара массо хIума Iадийна, дIатийна: лаьмнаш, хьаннаш, хиш, тIулгаш… Цхьа моххий, малххий бу, Iалам дендеш, къахьоьгуш.
Хеза Коллин аз:
– …ХIокху къонахчун дикаллий, цIеналлий бахьнехь,
Дала къинхетам беш лаьттинера хIара юрт хIинццалц схьа, нахана юккъера барт ца эгIаш, вер-ваккхарш а, зуламаш а доцуш.
Нах. ЗухIайрин дакъа эцна богIу нах. Иза тIаьххьарчу новкъа воккхуш.
– …Вай тахана цхьа стаг дIавоьллина ца Iа, вай тахана дIаюллуш дийнна юрт ю. Вай дерриш а тахана байлахь диси, вайн доладен Iу дIа а ваьлла… ТIехь Iу воцу бажа буа вай тахана… Суна ца хаьа и воцуш вай муха дехар ду а? Вайна хьакъ вацара и тайпа стаг, цундела Дала вайна юккъера дIа а ийци иза. Вай бIаьрзе дара, цуьнан серло ца гуш; вай къора а дара, цо дуьйцу бакъдерг ца хезаш…

Делха шу, адамаш, делха… Дуьненан мехха волу къонах ву шуна тахана лаьттан кийра воьдург… – нах, ЗухIайрин дакъа а оьций, кешнийн керта бовлу.
Юьртан кешнаш. Делкъал тIаьхье. Малх.
– Тахана шуна хьалха а, кхана Далла хьалха а дан тоьшалла ду сан, – боху Коллас, ЗухIайрин докъа тIе а хIуттий,
– хIара къонах шеца оьздангалла, хьекъал, ийман долуш, эвлаяъ санна цIена стаг вара. Цундела Дала дIа а виги иза, хIокху харцдуьненчохь даха диснaчу вайна мел эшахь а… Тхо санна, Дела къинтIера волийла хьуна, ЗухIайра…
Дала гечдойла хьуна…
– Амин! Дала гечдойла, – боху наха а.
ЗухIайрин дакъа коша чу кховдадо. Чуьрчушимма схьаоьций, дIаIалашдо.
Керла хIоьттинчу кошан борзан еа маьIIехь хиъна Iа виъ воккха стаг, царна тIехь лаьтта адамаш. Чурт хIоттадо.
Коллас заIам доьшу. Дешна ваьлча, гIуммагI чуьра хи дутту коша тIе.
Юрт. Сатесна хан. ЗухIайрин керт.
Тийналла. Керим, ши сту кетIа а боккхий, новкъа вала кечло. ГIоттучу маьлхан серлоно алун басахь къагийна керт.
Корехь хIоьттина лаьтта кхитIе а къанъелла, букаръяхна Баху, шен кIентан тидам а беш. Цуьнан ах юьхь маьлхан серлоно къагийна.
Ломахь. Некъ. Iуьйре.
Малх кхетта Iуьйре. Керим вогIу, стерчий а лаьхкина.
Стовн коьллашюккъехула, шовдана юххехула ирзу тIе волу.
Цунна тIаьхьакхуьу Махьарбек, Шахьарбек.
– ХIун доьху ахь оцу шина старах? – хоьтту Махьарбека. Керим, дуьхьал жоп ца луш, дIавоьду.
– Ахь сту цIога а цхьаьна бухку, я цIога ша духку? – иза Шахьарбек ву.
Махьарбека, веше бIаьца а йой, и шиъ юьстахволу.
– Иза тогIи чу ма воьсси дIакарчор ву вайшимма.
Дика дуй?
– ХIан-хIа, иза юха цIа вогIуш…Жимма хьийза а вина…
Стерчий дохкийта, тIаккха цуьнгахь ахча а хир ду…
ГIадъоьхуш воьлуш, и шиъ юха а Керимна гонаха хьийза. Цо, и шиъ тергал ца веш, шен некъ бо.

Шуьйта. Базар. Де.
Керим, шен ши сту а оьций, базара юкъавоьду. Кхузахь дуккха а адамаш ду. Цара тайп-тайпана хIумнаш юхку.
Дукха хан ялале Керим гучуволу, шен стерчий а далош.
Цхьа ламаро ву цуьнца къамел деш. Цо цхьанхьа вуьгу Керим. Керим сингаттаме хиларца къаьсташ ву кху нахах.
Жимма хан яьлча Керим а, и ламаро а базаран кхечу маьIIехь гучуволу.
Керимехь топ ю, иза коча а оьллина, иза цIа ваха новкъа волу.
Ломахь некъ. Делкъал тIаьхье.
Керима, межарг а, нехча а юуш, хIума кхоллу. Хи молу.
Бехчалга юккъера схьаоьций, патармаш пхоьазза йолучу тоьпа чу дохку цо. ТIаккха топ кара а лоций, цхьана хIуманан-м ойланаш еш, цIехьа волало.
Керим некъо голатухучухула къайлаваьлча, коьллаш юккъера гучуэккха Махьарбек, Шахьарбек.
– Хьовсийша, цо эцнарг! – воьлуш, карахь тапча ловзош, говрахь Керимна гонаха хьийза Махьарбек.
– Бежнаш лахка эцна-кх ахь иза, – Шахьарбек, кIажъоьхуш, воьлу.
Керима тIе топ лоцу цу шинна, амма вукху шимма тергал а ца до иза.
ДIаьндарг Махьарбекна бага кхета. Иза, цIий а Iеттош, говра тIера тIулгаш тIе вужу.
– Iа-а-а! – дуьне Iадо санна мохь хьокхий, дукха кхераваларна бIаьргаш къарзабой, Шахьарбека шен говр тIехохку Керимна.
Керима, меттах ца волуш, юха а тоьпан лаг озадо.
…Шахьарбек, хадийча санна, шен вешина улло охьавужу. ХIоъ цунна дагах кхетта, чоьин кийсиг а йоккхуш, букъа тIехула тIебаьлла.
Керим шина вешин декъаш тIе хIоьттина льатта жимма, тIаккха топ коьллашюккъе кхуссий цIехьа волало, кхин вуха а ца хьожуш. Геннахь го маьждиган момсар.
Лайса Iаш йолчу цIийнан керт. Суьйре.
Чубузучу маьлхан зIаьнарша серлаяьккхина керт. Керим уьйтIахь льатта, йоьжна Iуьллу Лайсин кIудал тергал а еш. ЦIийнан кораш а, неI а, раз гIожмаш а етташ, дIакъевлина ду.
– ДIабахна уьш, кIант. ХIара юрт а йитина, – боху и тергалвеш хиллачу лулахочо.
– Маца? – хотту Керима, цуьнга дIа а ца хьожуш.

– Селхана.
– Мича бахна техьа уьш?
– Цара ала-м ца элира… Цхьанна а ца хоуьйтуш, къайллах дIабахна уьш…
ЗухIайрин керт. Суьйре.
Керим, хиъна Iачу шен нанна юххехула тIех а волий, чувоьду. Иза сихха схьа араволу, карахь ЗухIайрин суьлхьанаш а, жайнаш а долуш.
– ХIун хилла, кIант? ХIун дина ахь?
– Айса дан дезарг дина, нана…
– ХIун дара ахь дан дезаш?
– Нана, ма дийцийтахьа соьга, наха дуьйцур ду хьуна… Цул вайшинна новкъадала кечам бехьа, – Керима, ненан куьг схьа а лоций, шен дагтIе дуьллу. Баху кхерамца кIентан бIаьра хьожу.
– Ас сайн декхар кхочушдина-кх, нана…
Баху, йист ца хуьлуш, дикка хан йолу. ТIаккха гIийлла елха йолало:
– Мича гIур ду вайша?
– Цхьанхьа гIур ду-кх. Дуьненчохь меттигаш дукха ю.
Жахарбекан цIа. Уче. Суьйре.
Жахарбек, Самарт, бегаш беш, доьлуш ду. Оцу хенахь, юьртахой керта а бовлий, хIумма а ца олуш, хIуьттий лаьтта.
– Шу хIунда даьхкина? – Жахарбек учара лаха вуссу, хаьнтIе ши куьг а дуьллий дIахIутту.
Нах бист а ца хуьлу. Эххар а Коллас йохайо тийналла:
– Жахарбек, вай массо а Далла дуьхьал дIаваха везаш ву, Цунна дуьхьал хIитта…
– Велахь, соьга хIун де боху ахь? Я шух цхьа а-м вац цига дIаваха лууш? Велахь, ас гIо дийр ду шуна… – цIеххьана Жахарбек соцу, шега ца хьовсуш, наха лаьтта хьежочу бIаьргийн тидам а хуьлий. – ХIун… ХIун хилла?
– хIоранга хьожуш чекхволу иза.
– Жахарбек, собар хила деза. Хьуна дуьххьара тIекхаьчна а дац хIара…
– Схьаала! ХIун хилла?!
– Хьан кIентий… Делан кхиэл хилла… Бац уьш…
ЗухIайрин кIентан карах…
– Муха? Сан Махьарбеккий, Шахьарбеккий? Оцу

ЗухIайрин кIиллочун караххий? Мичахь бу уьш? Мичахь бу?.. – мохь хьоькху Жахарбека.
– Маьждига хьалхахь, – олу Коллас.
Нах дIаса а тоьттуш, Жахарбек маьждиге хьоду.
Юьртан маьждиг. Суьйре. Чубузу малх.
Жахарбек, тIе вертанаш тесна Iохкучу шен кIентийн декъашна тIе а хIуттий, цхьана юкъана вист ца хуьлуш лаьтта.
– ХIаъ, ший а вийна…ХIей, кIиллой…Ас оцу ЗухIайрин къутIане вейта кхиийнера шуьшиъ? КIиллой! – Жахарбека, чу а уьдуш, мийра бетта декъашна. Наха такхавой юьстахвоккху иза.
– Кхеран гергарчаьрга хилларг хаийтича бакъахьа хир дара, – боху Коллас. – Мичахь ю ХIуьчIанчIуьлга? Хьанна хаьа?
– И хууш стаг ву моьттуш ма вац со, – боху цхьамма.
– Жахарбеке хаттийша, – боху кхечо.
Колла Жахарбекна тIевоьду:
– ХIара хьан гергарчу нахе дIахаийтича бакъахьа дара.
Мичахь ю шун юрт?
Жахарбек вист а ца хуьлу.
– Ас шун юрт мичахь ю боху!
– Iинчохь… – халла олу Жахарбека.
Нах, ца кхеташ, вовшашка хьуьйсу.
– ХIокху нохчийн махкахь и юрт елахь, схьа а лахий, цуьнан нахе дIаала кхузахь хилларг, – олу Коллас.
Кхо стаг говрашкахь маьждиг долчуьра кхаа агIор дIасавоьду.
Лаьмнаш. Стиглахь Iаьржа мархаш гулло, малхбузено цIийн бос оьцу.
Юрт. Аре. Некъ. Юьртан майда. Чоь. Буьйса. Де.
Буьйса. Iалам дIатийна. Беттаса Iаьржачу мархаш юккъехула юьрте хьоьжу. Буьйсанан тийналла йохош, хеза
Жахарбекан узарш, юкъа-кара хьокху мохь а.
– О-о-о… – хеза новкъа вогIучу цхьалхачу стагана…
Де. Асар деш бохкучу зударша, шайн болх а буьтий, ладоьгIуЖахарбекан Iехаре.
Суьйре.
– Iа-а-а… Собарде аш, бIо бухаберзийта аш… Ас бекхам бийр бу шуна…
– Iа-а-а… – хеза наб ца кхеташ, арахь Iачу Куьйрина а.

Юрт. Жахарбекан цIа. Буьйса. БIаьсте.
Ши кIант вийначул тIаьхьа чIогIа хийцавелла Жахарбек. Цуьнан балано эрчаяьккхинчу юьхьа тIехь акхаралла го.
Самарт, бен ца хеташ, кора хьалха лаьтта.
– Ахь суна кIант ван веза хьуна… Кху шарахь…Хезий хьуна, ешап! Ца вахь, ас юьйр ю хьо, ткъа дакъа жIаьлешна кхуссур ду.
– Ас муха вийр ву хьуна кIант, хьо хIуманна пайде а ца хилча, ва къанделла гужам! – олу Самарта, неIарехьа а теIаш.
– Ас дуьйр ду хьо, зуд!..
– Хьо санначара со юьйш хиллехь, суна оццул боьрша нах а бевзар бацара, ва къуккъуз…
Жахарбек тIехьоду Самартана, амма иза дIаэккха кхиайо. Цуьнан чIогIа елар даьржа буьйсанехь.
Тоьпах ка а тоьхна, араиккхинчу Жахарбека, цунна тIаьхьа топ кхуссу.
Оцу хенахь Жахарбекан керта улло вогIу Колла.
– Жахарбек, во-о Жахарбек, сатоха, собарде… Собар деха хьайна Деле…Иштта хилла Делан кхиэл…Реза хила веза Делан кхиэлана, Жахарбек…
– ХIун? Делан кхиэл ю боху ахь? Делахь, цо вийна-кх сан ши кIант а. Мичахь ву хьо? Схьагучувала, – Жахарбек, багах чопаш а йина, кертахула дIасауьду, стигал хьежош топ а кхуьйсуш.
Колла воду цигара: «ОстопируллахI, остопируллахI!» – бохуш.
Буьйсанан тийналлехь юха а геннара схьахеза Самартан елар. Юьртан йистерчу губуьххьехь цкъа гучу а оьккхий, гуттаренна а йов иза.
Колла юьртан урамехула ведда вогIу. Цо хIун леладо хаа гIерташ, нах хьовду цунна тIаьхьа. И гена мел вели, нах алсамбовлу. Маьждигна хьалха соцу иза.
– Иза Далла дуьхьал ваьлла, стигал топ кхуьйсуш ву. И бахьнехь Дала оьгIазло а йина, хIара юрт хи буха яха тарло. Везандела, Хьайн къинхетам бехьа! ДIаэцахьа и адамйилбаз тхуна юккъера… – боху Коллас, вехьа а вехьаш.
Нах цецбуьйлу, оьгIазъоьху, кхерамаш туьйсу. Эццахь маьждиг хьалха соцу ХIуьчIанчIуьлга лаха вахна кхо дошло. Уьш чIогIа кIадбелла а, дог ца догIуш а бу:
– Оха хIара ерриге а Нохчийчоь телли, амма тхуна цхьа а стаг-м ца хаавели и ХIуьчIанчIуьлга мичахь ю а, я юьйцу хезна а. Мел лехарх ца

карий тхуна и…
– Кара а йийр яц и цхьанна а. ХIунда аьлча, и тайпа юрт йоцу дела. И стаг иблисан тIаьхье ю… – олу Коллас.
Нах дIасабоьлху маьждигна хьалхара. Цхьа Куьйра вуьсу латта. Цо кIорггера ойланаш йо, сица гуллуш.
Куьйрин цIа. РагIу. Сатасар.
Куьйра шен рагIу кIел хиъна Iа, леррина шен топ а цIанъеш. ТIаккха патармаш дуза волало и. Дуьххьарлера маьлхан зIаьнарш кхета рагIу кIел.
Юрт. Урам. Iуьйре. БIаьсте.
Бесачу урамехула Куьйра вогIу, карахь топ а йолуш.
Цхьана тишчу конканахь вогIу Асхьаб тIаьхьакхуьу цунна. Машен саца а ца еш, Асхьаба мохь бетта:
– Ахь хIун до сел Iуьйрре?
– Дика гIуллакхаш Iуьйрре деш хуьлу.
– ЛадогIахьа, оцу Жахарбекна хIун дича бакъхьа дара техьа? Селхана асара яхна цхьа зуда а лазийна цо, когах топ а тоьхна. Иза дIавига воллу со…
– Иза суна вита ахь…
– ХIан-хIа, и мегар дац. ХIинца кхин зама ю.
– ХIун зама?
– Ас иза, дIа а вигна, суьде дIалур ву…
– Иза а алий, цигахьа дIа ма гIорталахь, и чIогIа тешнабехке ву.
– ХIумма а дац. И тайпа нах суна дукха гина. Дагчохь стешха нах бу уьш, шаьш майра хетийта моттаргIанаш лелаяхь а, – Асхьаба машен сихха дIахохку, ченийн кIур а боккхуш.
Иза тергалвеш, юьртахой шайн кертех арахьуьйсу: шен лозучу агIонна тIе куьг а диллина ГIубаш; чохь хи доцуш, якъаеллачу кхаби юххехь хиъна Iа Бану; бер карахь зуда; воккха стаг.
Жахарбекан керт. Iуьйре.
Жахарбек ву шен кхакханан куйна тIе цIен аса тоьгуш.
ТIаьххьара маха а боккхий, тай цергашца хададо Жахарбека.
ЦIеххьана цунна хеза:
– Жахарбек! Охьадилла герз! Iедал хийцаделла. Паччахь дIаваьккхина! ХIинца керла Iедал ду – советан Iедал!
– ЖIаьлин кIеза! Iедал ду боху ахь шайгахь… Дац.

Тхоьгахь ду Iедал, – куй дIа а туьллий, Асхьабана тIе топ хьажайо цо.
Асхьаб кевна йистехь лаьтта, хаьнтIехь кхозучу хумпIарна тIе куьг
дуьллий, Жахарбеке мохь а бетташ:
– Халкъан Iедал ду хIоьттинарг. Со оцу Iедалан белхало ву. Хьо кхера
оьшуш хIумма а дац. Ас Шуьйта-гIопе дIа а вигна, Iедалан кара дIалур
ву хьо… Схьааравала.
Асхьаб тIеволало.
ТIаьхьаведда вогIу Куьйра кхойкху цуьнга,, Асхьаб вухахьожу…
…Цу хенахь топ йолу. Асхьаб, цеце бIаьргаш шуьйра доьллуш, лома
тIехьара гIоттучу малхе хьовсош, аркъал вужу.
ХIара дуьне Iадо санна мохь болу Куьйре. Воьжначу
Асхьабна тIеводу иза.
Жахарбек, вогIуш лаьтташехь топа юлуш, Куьйрина тIехьоду.
Асхьабан докъа уллохь вовшашна дуьхь-дуьхьал хIутту и шиъ.
– Делан наьIалт хуьлда хьуна, – олуш, Куьйрас, тоьпан бух тухий,
вожаво Жахарбек. ТIаккха, цхьа ког вуха а эккхаш, топ туху цо
лаьттахь керчачу Жахарбекна.
…Куьйрин топ яларца цхьаьна Жахарбекан цIийнах цIе лета.
Массо а агIор адамаш догIу хьаьвдда…
Куьйра адамаша го бина лаьтта. Жимма хIуьттий лаьттий, тIаккха шен
топ Жахарбекан докъа тIе охьа а кхуссий, Куьйра дIавоьду цигара, вуха
а ца хьожуш. Цунна тIаьхьа цхьаъ-м дуьйцуш маьхьарий детта наха,
амма
Жахарбекан цIийнах яьллачу цIеран гIовгIано хIумма а ца хозуьйту.
Жахарбекан цIа хилла меттиг. Овкъарш. Де. БIаьсте.
Адамаш. Дуккха а адамаш. Уьш Жахарбекан цIа лаьттинчу меттехула
тIехдуьйлу, хIорамма а цхьацца тIулг кхуссу.
НаьIалтан барз – кIарлагIа хIутту. Иза йоккха хуьлу.
Иза денна йоккха хир ю, кхузахь адамаш мел деха.
Ткъа гонаха тайп-тайпанчу зазашца йогу бIаьсте.
Керима йиллинчу чоргIи чухула шовданан хи охьаоьху… Хеза аз:
– Хастам бу-кх Хьуна, Сийлахь-Воккханиг, эшча латта
Iабош догIа доуьйтуш, эшча йовхо а, серло а лун малх кхоьтуьйтуш,
хIара дуьне-Iалам кхоьллинчу Хьуна бу-кх хастам, адам кхуллучу, юха
иза лаьтте дерзочу!
Кешнаш. ЗухIайрин каш, кхидерш. Чарташ.

– …Хазахетарш, халахетарш, марзонаш, къестарш даларна, лакхалле кхийдачунна хьалахьажа тIехь седарчий долу доза доцу стигал а, лахе йовза луучунна чухьажа бух боцу Iаннаш а кхолларна…
Маьждиган момсар сийначу стиглахь.
– …Аьхка довхачу лаьттахула когаш а багош, бердах чукхуьйсучу хих хиллачу чахчари буха лийча а оьхуш, Iай сарралц салазаш хоьхкуш а лелий, сарахь чуверча шелделла куьйгаш йовхонах лаза а дуьйлуш, дIаяхна жималла яларна а – Хьуна хастам!
Лайша хьулдина лаьмнаш. Сиха хьаьдда догIу ахк, лаьмнашкара хиш арене довдийна. Хьуна хастам, аз хийцалуш, хийистехь малх санна йогучу йоIаца лаьтташ, дерриге хIума лекха а, сийлахь а…
Кертахь буц яьлла, тесна йитина ЗухIайрин цIийнан керт.
ЗухIайрин суьлхьанаш. Кхо ког болу гIант. Урчакх. Цаца.
…Гуттаренна а хеташ…
Керим, Лайсий шовдана йистехь.
…ТIаккха цу йоIаца захало дуьйцуш, юха иза ялийна ловзар деш, бартах, безамах буьззина доьзал кхуллуш, бераш хьалахIиттош, марзонаш, хазахетарш, юха къестаран къахьонаш, тIаккха коьрта тIехь къоьжа чо алсамболуш, лаьтта букар воьдуш…
ЗухIайра а, Колла а юьртахошна юккъехь.
…Дуьненах самукъадалар цхьана кхерчахь йогучу цIарах, шен чкъурах болчу нахах а долуш, дIадоьду дахар даларна Хьуна хастам, Везандела!
Маьлхан догIа догIу. Цо Лайса яьхна керт а, церан кораш, неIарш дIачIагIдина цIа а дуьлу. Уче хьалха лаьттачу Лайсин кIудал тIе а догIу иза, цунна тIекхетта хилла хатташ дIа а цIанбеш. ЦIанъелла кIудал лепа йолало…
– …Хьо ю и, дадин борз? Хьо ма Iуьйрре гIеттина хьала?! Вало, хьайн хеча тIеюха. Кьонах, мел жима велахь а, къонах ма ву… ХIаа, хIинца дика хир ду… Дала дукха вахавойла хьо маьлхан дуьненахь… Амма дика ладогIалахь, сан жима Асхьаб, дедас хьайна дечу хьехаре. Лаьтта тIехь цхьа а вуон хIума ма делахь, зингатийн барз бохабай а. ХIаъ, зингатийн барз а ма бохабелахь…
Иза доккха вуон ду хьуна, цхьаболчарна кIезиг хетахь а.
Яккхий хиллачу яраш юккъера гучуволу 3-4 шо кхаьчна жима кIант – Асхьаб. Ша тилавелла моьттуш, чIогIа кхеравелла иза. Эццахь ВАЙ а

гой, шуьйра велакъежа.
Лакхара охьа го бIаьстенца хазделла латта: лаьмнаш, хьаннаш, хиш, некъаш, эвла…

Ч а к к х е.

# БИЛГАЛДАХАРШ

Авторан драматургин хIара гулар араяккха кечйина яра I993 шарехь. Нохчийн пачхьалкхан киншкаш арахоьцийлехь. Амма керла баьхкинчу хьаькимаша сацийра иза, ара ца хоьцуьйтуш. Цу гуларна лерина дешхьалхе язйира вевзаш волчу режиссера Гузуев Хьусайна
I993 шеран бIаьста. ЦултIаьхьа цхьа шо сов хан яьлча, иза дIакхелхира, шу марша. Нохчийчохь хиллачу карзахаллин Iоттабаккхамашкахь дуьххьара хIаллакъхиллачу нахах цхьаъ вара иза – Iаьржачу ницкъийн даьндарго иза вайна юккъера дIаваьккхира
I994 шеран ноябрь беттан 26 дийнахь. Цуьннан дешхьалхе кхузахь ялайо вай.
Стеган сийн лакхалле
Дуккха а шерашкахь шен Iалашонах ца вухуш схьаван, къаьсттина вайн заманахь, алссам собар а, доьналла а оьшу, хIунда аьлча, хийла бахьана хIутту стеган некъ лоций, иза юьстах тоттуш, шен ойланах къастош, некъах вохош…Амма цхьана а новкъарлоноюха воккхур вац шен Iалашонах цхьа а, нагахь санна и новкъа ваькхина дог-ойла иза дуьнена волушДала цунах йоьзна елахь.
ТIаккха иза стеган кхоллам хуьлу, цуьнан дахаран некъ хуьлий дIахIутту. Иштточарах ву аьлла хета суна шун карахь йолчу гуларан автор, вайна массарна а вевзаш волу яздархо а, драматург а
Ахмадов Муса.
Дукхахболчу ешархошна Мусан кхолларалла евзаш хила тарло цуьнан повесташца, романашца, амма цо шен прозин а, поэзин а лехамашца цхьаьна дIаболийна драматургехь болу талламаш а. Вайн къоман театран искусство евзачу хьовсархошна гина
Мусанпьесашна тIехь хIиттийна цхьайолуспектаклаш. Иштта, I987 шарахьНохчийн тайнигийн театрехьхIоттийра «Сагалан леламаш» цIе йолу спектакль; Нохчийн драматически театрехь кхоллаелира
«Мохк бегийча» аьллачуцуьнан драми тIехь хIоттийна спектакль; цоша кхоьллинчу «Аз» цIе йолчутеатр-студехь хIоттийначу«Заза

даьккхинчубешахь кIайн цIа» спектаклан фрагменташ гира вайн мехкан телехьовсархошна Театрехь болх беш хиларе терра, суна дика евза вайн къоман драматурги, къаьсттина тIаьхьарчушерашкахь оцужанрехь болу лехамаш. Вайнеханмасийтта авторийн пьесаша хIиттийна асНохчийн театран сцени тIехь. Иштта, М. Ахмадовн пьеса хIоттор а нисделира сан I989 шарахь. Цул совнаха, Муса-яздархо вовзале хьалха суна довзар нисделира Муса-адам, цуьнан ойланаш, цуьнан лехамаш, лазамаш. Цундела суна лаьара Мусан кхоллараллех масех дош ала.

ХIокху гуларехь йолчу пьесех къаьсттина лерина а, лазамца а язйина ю аьлла хета суна «Мохк бегийча». Дика а, кIоргера чулацам болуш а язйина вуьйш а ю, – делахь а, суна хетарехь, «Мохк бегийча» язъечу хенахь Мусана шен сица, иэсаца хааделла хилла вайна тIедогIу къемат. Вайн тахана чухаьрцина иэхь-бехкамийн а, оьздангаллин а «бIов», тахана вай цецдуьйлу, вайн дегнаш дохош, тешам бойъуш даьржина ун, вайна ца моьттучу агIор дирзина вайн дахаран хьал, иштта кхидерш а 80-гIа шераш дуьйлалушшен пьеси тIехь Iорадаха долийра Мусас. Цуьнан пьеси тIехь хилла волуБеслан вайндахаран эла а хилла дIалелашвутахана, иза цхьаъ хилла а ца Iа – уьшдуккха а бу, ког баькх-баьккхинчохь, церан кара дирзина тахана массо хIума. Эрна ца хIоттийна автора шен пьесехь бIов – сийлаллин а, оьздангаллин а символ, эрна ца валийтира шен коьрта турпалхо оцу бIаьвна кIелахь. Мусана хаьара дахаран терзи тIехь воних мелла а алсамдаьллий, хаьара дийнна халкъо гIайгIа ца бича, хIума хийцалур доций а, цхьана стаге, и милла велахь а, хийцалуш кIезиг хIума дуй а.

ОцуохьахаьрцинчубIаьвна кIелахь автора цхьа турпалхокхалхийна ца Iа – иштточу кепаца цо кхалхайо дийнна зама, оцу заманан чкъуран цIена дог-ойланаш, гIиллакхаш, Iалашонаш. Керлачу заманан, тахана вайна тIехIоьттина йолчу заманан гIиллакхийн амалМ. Ахмадовс билгалйоккхубухгалтеран Махьмин дешнашца: «Мила вухьо, ахча ца хилча? Ура-атталла хьайн чуьрчарна а ца оьшухьо, ахча хьоьхь дацахь!» – олий. Ипьеса язйина гIеххьа шераш ду, оцу хенахь таханлера къемат аьттехьа а дацара. Таханлера чолхенан хьу вайн дахаран неIсагIехь, эсала, яйн бен хаалуш а яцара. «Мохк бегийча» пьесо гайтира Муса кIорггера ойла а, дахарна сема са а долуш автор вуйла.

М. Ахмадовн кхолларалин лехамаш-некъаш, повесть и елахь а, роман и елахь а, цхьана я шина декъехь пьеса и елахь а, – дерриге а цхьана ирхене хьажийна ду: стеган син лакхалле. Амма цо кхуллучу вастийн шера а, атта а ца хуьлу оцу некъан болар.
ХIораннан я къаста, я охьадилла дезаш хуьлушена ца моьттинарг, шена уггаре тешаме хеттарг, уггаре хьоме хилларг. Цхьаболчеран иза дахар хуьлу, вукхеран – безам, кхозлагIчеран – дегIан паргIато…
Цхьа цIеххьана даьлла дарц санна, лестий, керчий, эккхий дIайоьду «Дарц даьллачу буса» цIе йолчу пьесин тийналла, дагахь доццург хуьлий, телха цуьнан декъашхойн юкъаметтигаш.
Хьалха-хьалха хилларш а, дерша, моьттинарш а – дерриге а, луьра дарц хуьлий, вовшахъуьйпьесин хиламехь. Иштта, цIеххьана чекх а долу дерриге а. Амма кIорггера синкхетам болчу ешархочунна ца ган йиш яц хIумма а чекх ца даьллий. Мелхо а уггаре кхерамечу тIегIан тIе даьллий – иштта хIуманаш мух-мухха а дIа ца доьрзу, ишттачухIуманан шен къаьсттина йист хила еза!
Дарц даьллачу буса некъах тилларшнисбеллачу хIусаман нана а, оцу чубаьхкинчухьешех цхьаъ а вовшашна девза – хьалха, жималлехь, вовшийн дезна, тIаккха мухха делахь а къаьстина, вовшийн лар а яйна, даьхна долу и шиъ цIеххьана вовшахкхета кху буса хIокхухIусамехь.
Цу тIера дIадолалопьесин декъашхойн дегнаш чохь иккхина «дарц». Оццу бахьанина марса а долу. Оццу бахьанина дерза а доьрзу дерриге, ца хеттачу агIор.
Мусас говза ютту шен пьесин гIишло: дIайолалуш арахь – карзахдаьлла хьийза дарц, чохь – эсала, тийна, бертахь хIусам; пьесинюккъехь – арара чIагIделла дарц а, чуьрчунехан карзахъевлла дог-ойланаш а, вовшашца къуьйсуш санна, вовшийн эшо гIерташ санна дIайоьлху; ткъа пьесин чаккхе – тийна, дарц сецна Iуьйре, лепа Iалам а, адамийн кийрахь хьийзон, дижа ца туьгу дарц а.
ХIусамдас тIаьхьара тIадам хIоттабо оцу карзахечу буьйсанна хиллачунна: шен хIусамнана юьту цо. Цунна хаьа, мел собаре ша хиларх, мел ша гечдарх, шен кийрара «дарц» шега дижалур доций, де дийне мел дели, шо шаре мел дели иза чIагIлур дуй а.
ХIинцачул тхо кегий долуш хийла къамел хилла тхойшиннан театральни теорих лаьцна а, театран искусствон къайленаш толлуш а. Мусас олура: «Шекспир воцург, кхин а ма бу дуьненахь драматургаш,

хIумма а цул оьшуш а боцуш…Царах ву Г. Ибсен а, А. Чехов а. Церан кхолларалллин билгалоюмелла а кIорге кхевдаш, дешан маьIна дуккха а деза долуш, сцени тIехь гуш дерг тийна а, собаре а долуш, ткъа гуш доцург, амма хаалуш дерг иккхинчу дуьненан барамехь а долуш…».
Мусан оцу агIор лехамаш хилар гойту цуьнан «Берзалой» цIе йолчу пьесо. Цуьнан декъашхой, кхин гуш, вай цецдохуш хIума деш бацахь а, вайна го, хаало, вайн сих хьакхало церан лазам а, бала а, церан доьхна де а, церан дегнаш чохь яьлла цIе – «дарц» а.
«Нохчийн халкъ махках хIунда даьккхина?Мила ву бехке?» – боху хаттарш; акхарой хилла, НКВД-н талорхойх церанидар; церан вовшашна тIегIертар, марзонех а, дегайовхонах а хьаьгна болудела; хIуъа дина а, баха, деба, халкъ цIа дерзон лаар; иштта кхидIа а – хIан–хIа, и дерриге лан, халкъан бала а, мехкан цхьаалла а тIеэца уьш экама адамаш ду. ТIех доккха вуон ду тIехIоьттинарг, цундела оцу вуочу мохо, цхьацца воккхуш, дIабоху уьш, тIебогIучарна меттиг «шаръеш».
Пьесин чаккхенехь гойтуМусас и тIебогIурш.
Уьш кхин адамаш ду, кхин амалш ю церан, тIейогIург кхин зама ю…
Шо шаре мел делиАхмадовн-драматурган ойланийн а, лехамийн а гуо шорлуш схьабогIу. Иштта, вайн къоман геннарчу исторе кхевда иза «Алдара Ушурма» пьесица. Ала деза Муса Шайх
Мансуран васт цхьа шатайпа кхолла гIоьртина хилар.
Дукхахболчунехан кхетамехь а, лаамехь а Мансур тIеман баьчча хилла веха.
Ткъа автора цуьнан тIеман толамаш ца толлу, цо шен тидам тIебохуьйту цуьнан адамаллина, цуьнан боламан юьхьана. Мансуран ойланаш, собар, оьздангалла, ша дийриг а, олург а дустуш долу адам, – иштта цIена васт кхуллуМусас вайн халкъан турпалхочун. И пьеса йоьшуш, цу тIехь дуьйцург таханлера де долуш санна хетара; авторо говза гойтуи зама а, оцу заманан гIиллакхаш а. Цхьа Тилла-тоба тоьар яра, таханлераниг и хиларх тешо – оццул тера а, говза а язйоМусас цхьаццайолу сценаш.
ХIокхуденошкахь Нохчийн драматически театрехь хила езаш юМ. Ахмадовн рогIерчупьеси тIехь хIоттийначу спектаклан премьера. Иза ю «Марчо эца ваханарг». Оцу пьеси тIехь трагикомедин маттаца автора говза гойту таханлерчу дийнан чолхаллаш: шен доьзал а, хIусам

а дӀатосий, «революционер» а хуьлий, дӀахӀутту пьесин коьрта турпалхо Барза. Амма цуьнан кхетам а,
Ӏалашо а кхетамчуьра ваьллачу стеган амалехь гойтуМусас, хӀунда аьлча, муьлхха а революци а, муьлхха а керланиг а адамо шена тӀера, шен доьзална тӀера дӀадолон деза дела – тӀаккха хуьлуцунах дахар дикачу агӀор дерзо хьанала гӀуллакх а, болам а.
«Марчо эца ваханарг», гӀалахь «революцин мурд» а хуьлий, шена а кхочур яцара те цхьана дикачударжехь меттиг, бохушлела.
Илеллашехь, цуьнан доьзал, Дала ша цунна елла меттиг, шел лекха кхин хир йоцу даржан локхалла – хӀусам юху. Арабовлий, мила мичахь ву а ца хууш, дӀасабаьржа цуьнан доьзалхой. Я шена а, я нахана а пайде доцуш чекхдолу цуьнан аравалар.
ТӀаьххьарчухенахьМ. Ахмадовсшен ойла тӀеерзийра кинона.
Иштта кхоллаелира «Зингатийн барз а ма бохабелахь» цӀе йолчу цуьнан повестан а, кхечупроизведенийн а буха тӀехь язйина киносценари. КӀорга а, философски маьӀница а язйина ю иза.
Оцу сценари тӀехь а шен лехамийн хоршара ца волу Муса.
Мелхо а, ша кхуллучу вастийн зер чӀагӀдо цо, дагахь доцчохь шен куьйга кӀелхьара бохий, «дӀахоьцу» сценарин турпалхой, тӀаккха шайн амалшка хьожжий доьрзу церан лелар: цхьаберш бухабовлу, вуьйш хӀаллакьхуьлу, кхозлагӀнашмахках бовлу. Массо заманан а хуьлу хир ву-кх шен Жахарбек, адамийн дикалла а, собар а, доьналла а зен Дала воуьйтуш. Цуьнца дӀабехьначукъовсаме хьаьжжина, ЖахарбекагӀарах долу зулам эшоре хьаьжжина мах хадабо-кх адамаша мехкан а, халкъан а. Зулам адамоша долуьйтушен сих, ша дӀа а доккху– иштта маьӀна ду аьлла хийтира суна Мусан киносценарин. Амма и зулам сих долар атта хуьлуш делахь а, дӀадаккха Ӏаламат хала ду, – боху ойла ю оцу произведенехь коьрта. Оцукъовсаман мах – велла ЗухӀайра, вийна Асхьаб, ЗухӀайрин кӀентан а, Лайсин а безамна йина чов, уьш дӀасакъастар… Зулам хӀаллакдан атта цахиларан хьесап, цоша эшале дик-диканиг, оьздаоьзданиг, сийлахь мел дерг дохор а, бехдар а…
ХӀокху гуларна юкъарчу массо а пьесин мах хадийна вер вац, цул совнаха, царах лаьцна ас дуьйцучул, ашшаьш уьш ешар дуккха а гӀолехь хир ду. Къамел дерзош, суна ала лаьара вайн махкахь иштта гулар дуьххьара арайолуш хиларх. Драматургица йолчу къоьлле

хьаьжча, театран кхолларалла езачарна а, вуьшта книгашъешархошна а доккха совгӀат а ду хӀара гулар.

ГУЗУЕВ Хьусайн, режиссер.

I993 шеран бӀаьсте.

ХӀара гулар хӀетахьлерачуьнца юьстича, мелла а тӀеюьзна цул тӀаьхьа язйинчу цхьана актан пьесашца: «Ненаца къамел», «БӀов йоттар», «Дахаран урчакх», «Харжамхошца цхьаьнакхетар», «Буьйсанехь адамаш», «Хийистехь», «Сатийсамийн, гӀенийн чим», «Психологически диффузи», ткъа иштта монологашца а.

# Заметки

[←1]

Пьесин дуьххьарлера вариант язйина I992 шарахь. хIетахь иза Нохчийн пачхьалкхан театран режиссер Гузуев Хьусайн хIотто дагахь а вара. ПьесиншолгIа редакции йира автаро I998 шарахь, режиссера
Хакишев Русланан дехарца. (ХIетахь нохчийн театрехь и пьеса
хIотто кечамаш беш вара Руслан, амма цунах гIуллакх ца хилира.) Оццухенахь иза ша книга санна, арахеца кечъйина а яра. Цунна суьрташ дехкира Амирханов Борхас. Оцу суьрташна а, пьесина а дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№7-8, 2003шо.).

[←2]

Язйина I990 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№I, I99I). 2002шарахь франкийнматтахь араяьлла Парижехь (гочдархой Абубакар Абаев, Камилла Сирота). ХIоттийна 2006 шарахь мартехь Парижехь йолчу «Европан а, Малхбузен а цIийнан театрехь» (реж. Доменик Долмье).

[←3]

Оцу пьесин дуьххьарлера вариант (цхьа акт) язйина I980 шарахь. Цуьнан дакъа автороша хIоттийра I98I шарахьша болх бечу Лаха-Варандарчуюккъерчу ишколан дешархойн гIоьнца. Оцу пьесин буха тIехь авторо повесть а язйира. Иза дуьххьара зорбатоьхна араелира «Орга» журналехь (№2, I985 шо). Цуповестан дуьххьарлера цIе «Стагана анайист оьшу» аьлла яра. Пьесин шолгIа редакции йира авторо I987 шарахь, режиссеран Гузуев Хьусайнан хьехамаш тидаме а оьцуш. Иза оццурежиссеро хIотта а йира I989 шарахь. Х. Нурадиловн цIарахчу Нохчийн драматически театрехь. Сурташ дехкинарг – Амирханов Борха, мукъам язбинарг – Даудов Рамзан. Ролаш ловзийра: Гайтукаев Ахъяда (Орца), Радуева Зурас (Заза), Вахидов БайIелас (Махьма), Докаев Султана (Маккхал), Багалова Зулайс (Нана), Хаджиева Неллис (Зезаг), Азаев Хьамида (Къиг), Идаев Рамзеса (Сурхо). Спектаклан премьера хилира I989 шеран 29 январехь ЦултIаьхьа иза Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхьан телевидинехула а гайтира цкъа. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№5-6, 2004 шо.)

[←4]

Пьесин дуьххьарлера вариант язйина I977 шарахь. ХIетахь иза цхьана декъах лаьттара. I98I шарахь авторо иза кхин дIа а шорйира, шолгIа дакъа тIе а яздеш. I992 шарахь и пьеса араелира «Орга» журналехь (№3), авторо цхьацца хийцамаш а бина. Кху гулара юккъе йоьдуш йолу текст оцу тIера схьаэцна ю.

[←5]

Демис Руссос - Грецин иллиалархо.

[←6]

Язйина I992 шеранюьххьехь, оццушарахь «Орга» журналехь (№5) зорбатоьхна, «Барзанакъин Барзий, кхибершший» цIе а йолуш. И пьеса Нохчийн драматически театрехь шозза хIоттийна режиссера Хакишев Руслана (I993 шеран май; I994 шеран апрель). Амма шозза а, хьовсархошна гайта аьтту боцуш, юкъахйисира иза, хIетахьлерчуIедалан бехкамаш бахьанехь. Спектаклехь коьрта ролашловзош бара: Вахидов БайIела (Барза), Радуева Зура (Курпату), Хаджиева Нелли (Забурхан), Джамаев Iимран (Революционер), Давлетмирзаев МутIелип (Воккха стаг), кхиберш.

[←7]

Язйина I993шарахь, аьхка. ХIетахь иза нохчийн театрехьхIотто дагахь вара режиссер Гузуев Хьусайн. Актерашна ролаш дIаса а екъна ша болийна болх чекхбаккха аьтто ца хилира цуьнан. Ипьеса дуьххьара хIоттийра 200IшарахьИ. БазоркинанцIарахчу ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театро (Назрань-гIала). Спектаклан премьера хилира 200I шеран 6,7,8 апрелехь. Режиссер – Вахидов БайIела; суьрташ дехкинарг – Дворяк Нелля; сценографи – Хадашев Бауди. Ролаш ловзош бара: Евлоев Ахьмад (Исрапил), Кукурхоева Зульфия (Санет), Костоев Башир (Вазраил), Озиев Мурад (Махьа), Дзейтова Рукъехьат (Бекехьат), БулгучевХьажбекар (БIагIор), Кодзоева Iайшат (Жарман), Нальгиев Махьмуд (Завалу), Хачукаев Руслан (Бакъи), Абадиев Алихан (Вевзашвоцург). 2007 шеран 2 июлехь цупьеси тIехь хIоттийна спектакль хилира Нохчийн пачхьалкхан университетехь. Иза оцу шарахь дешна бовлучу театран отделенин студентийн дипломан болх бара. Режиссер – Джамаев Iимран. Пьеса дуьххьара зорбатоьхна «Орга»журналехь (№4, 2002ш.) ХIокху гулара юккъаяхана текст цу тIера схьаэцна ю. Оьрсийн маттахь и пьеса араелира «Вайнах» журналехь (№6, 2004 ш.). Гочдархо – Э. Минкаилов.

[←8]

Язйина 2008 шеран аьхка. Оццушарахь зорбатоьхна «Орга» а (№11), «Вайнах» а (№11) журналашкахь.

[←9]

Язйина I993 шеран январь баттахь. Оццушарахь Нохчийн Республикин Культурин Министерствон Дешаран методически центрехь автора ша хIоттийра. Ролашловзийра Батаева Хедас а (Нана), Вагаев Лазиза а (КIант). I996шеран февралехь «Vканалехь» телестудехь (Соьлжа-гIала) цупьеси тIехь видеофильм а хIоттийра автора ша. Ролаш ловзийра Батаева Сацитас (Нана), Солтукиев Алимбека (КIант). Ролаш аьзнашца денйира Куразова Зояс (Нана), Хадашев Iийсас (КIант). 2002 шеран февралехь оццу пьеси тIехь спектакль хIоттийра Назранехь Нохчийн культуран, дешаран кхерчахь. Режиссер – Ахмадова Хьава, Нана – нохчийн респупликин хьакьйолу артист Эльмурзаева Мадина, КIант – нохчийн республикин халкъан артист Ясаев Мохьмад. Сурташ дехкинарг – Эльмирзаев Сайд-Эмин. И пьеса дуьххьара зорбатоьхна араяьлла «БIе эзар дика гIуллакх» цIе йолчу гуларехь (Назрань, 2002 шо)

[←10]

И диалог язйина I980 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№I, I992шо). I993 шарахь цу тIехь радиоспектакль хIоттийра Нохчийн пачхьалкхан радиохь кхоьллинчу «Аз» студис. Ролаш ловзийра Багалова Зулайс (Самани), Гайтукаева Банас (Забани).

[←11]

Язйина I980 шарахь. Дуьххьара авторо и хIоттийра Нохчийн пачхьалкхан университета студенташца I987 шарахь. Меттигерчу телевиденехула гайта а гайтира иза хIетахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№5, I992 шо).

[←12]

И пьеса язйина I987шарахь. Цул тIаьхьа оццусюжетах пайда а оьцуш, авторо дийцар яздира. Иза арааделира «МаьркIажехь дитташ» (I989 ш.) цIе йолчу авторан прозин гуларехь. I990шарахь и пьеса авторо хIоттийра ша вовшахтоьхначу«Аз» цIе йолчу театральни студехь (Вахидов БайIелин гIоьнца). Цуьнан дакъошоццушарахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан телевиденихула а гайтира. Коьрта ролаш ловзийра: Сайдулаева Раисас (Нана), Марисултанов Iелас (Ахьмдукъа), Аюбов Мусас (Адам), АлхановШамила (Салахь), Шамхалова Хьавас (Падам). Сценографии йинарг вара Амирханов Борха.

[←13]

И пьеса язйина I998 шарахь. Дуьххьара цу тIехь спектакль хIоттийра Назрань гIалахь Нохчийн Культуран, дешаран кхерчахь. Режиссер – Ахмадова Хьава. Художник – Тукаев Рамзан. Ролаш ловзошбара: Баширов Супъян (Iеламсолта), Хачукаев Iела (Адам), Вагаев Лазиз (Бахьарча), Бечуркаев Iаьрби (БIовта), Ахмадова Хьава (Хьавраъ). Спектаклан премьера хилира 2002 шеран январь беттан 22 дийнахь. Дуьххьара зорбатоьхна араяьлла «БIе эзар дика гIуллакх» цIе йолчу гуларехь. Цигара схьаэцна кху гулара юккъе яхна текст.

[←14]

Язйина 2003 шарахь «Буьйсанехь бераш» цIе йолчу пьеси буха тIехь. Зорбатоьхна «Нана» журналехь (№8-9, 2004 шо). «Буьйсанехь бераш» Язйина 2002шарахь. дуьххьара хIоттийна Назранерчу«Нохчийн культурин дешаран кхерчахьо». Режиссер – Ахмадова Хьава. Ролаш ловзош бара: Таипов Мурад (Довт), Бисултанов Хизир (Дени), Лабазанова Айма (Iайшат), Ахмадова Iайшат (Хеда), Хасимиков Апти (Шама), Таипов Адам (Мамед). 2003 шеранмайхь и спектакльшозза гайтира Воронежехь йолчу шина театрехь, «Диканан некъ» цIе йолчу Ерригсоюзни берийн кхолламаллин фестивалехь. Цигахь и хIоттийна «Аз» студин коллектив лауреат а хилира. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№3, 2003 шо.). И текст кхузахь ялайооха. Оцу пьесин юьхь (хьалхара ши сурт) «Буьйсанехь адамаш» пьеси тIехь санна ду. КхоалгIа сурт хийцаделла, цундела и сурт даладооха кхузахь.

[←15]

Пьесин хьалхара вариант язйина I99I шарахь. Иза зорбатоьхна «Орга» журналехь (№I, I992 шо). ХIоккхугулара юкъаяхана вариант язйина 2004шарахь. Иза дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№9, 2005 шо.), «Шийиша» аьлла цIе а йолуш. Хьалхарчуьнца юьстича дуккха а хийцамаш бина авторо хIокху вариантехь: хилам дIабоьдухан хийцина, иза вайн деношна гергаялийна, Нохчийчохь хилла, шолгIа тIом дIабаьлла зама ю, цуьнга хьаьжна дуккха а керла сюжетан голато-хийлашюкъаялийна авторо, тIеюьзна турпалхойн керлачу синлазамашца, синхьийзамашца. Пьесин дуьххьарлера вариант а оха кхузахь ялайо.

[←16]

Пьеса язйина 200I шеран январь баттахь. Иза автора хIоттийра «Барт» (Карабулак-гIала) мухIажарийн четарийн юьртахь 200I шеран апрель баттахь, «Машаран лоьраш» (Франци) цIе йолчу къинхетаман организацехь ша болх бечу хенахь. Анзоран роль ловзийра оцу организацин психолога Арсамерзаев Рамзана. Кхечу ролашкахь бара: Ахмаров Рахьман (Героин), Ахмадов Муса (Да), Чутаев Рамзан (Ваша), Садулаева Лариса (Нана), Садулаева Камета (Йиша), Исмаилов Iабдулла (Жима кIант). Дуьххьара зорбатоьхна «БIе эзар дика гIуллакх» гулара тIехь.

[←17]

Язйина 2002 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Вайнах» журналехь (№3, 2004шо). Пьесин шолгIа (шорйина) вариант араяьлла «Нана» журналехь (№I, 2004шо). Дуьххьара хIоттийна 2005 шарахь Нохчийн пачхьалкхан университетан театран декъан студенташа. Режиссер – I. Джамаев. ШозлагIа хIоттийна 2007 шарахь. Премьера хилира 11 декабрехь Нохчийн пачхьалкхан университетан актови залехь. Режиссер – Ахмадова Хьава.

[←18]

Язйина 2003 шарахь. дуьххьара зорбатоьхна «Вайнах» журналехь (№3, 2004 шо.). Пьесин шолгIа (шорйина) вариант араяьлла «Нана» журналехь (№I0-II, 2004шо), «Орга»журналехь (№4, 2005 шо).

[←19]

Язйина 2003 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Вайнах» журналехь (№II, 2005шо).

[←20]

Язйина 2005 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Нана» журналехь (№3, 2006шо).

[←21]

«Антарктиде дIавахча хIун дара техьа?», «Алло! Со мича кхаьчна?» монологаш язйина 2007 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№4, 2007шо).

[←22]

И сценари авторо язйина I990 шарахь, Гузуев Хьусайнан дехарца. Цу тIехь фильм хIотто дагахь а вара и режиссер. Цо иза оьрсийн матте а яьккхира. Сценари язйина ю иштта цIе йолчуавторан повестан буха тIехь. Оьрсийнматтахь араяьлла «Вайнах» (№4, 2004 ш.) журналехь. Нохчийн маттахь дуьххьара зорбатухушю.

[←23]

мигIа – лакха

[←24]

игIа – лаха